# KAMUS
# BAHASA INDONESIA – BAHASA SUNDA II

DEPARTEMEN PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN

32

TIDAK DIPERDAGANGKAN UNTUK UMUM

# KAMUS
# BAHASA INDONESIA – BAHASA SUNDA II


Oyon Sofyan Umsari
H. Maman Sumantri
Maryati Sastrawijaya



PERPUSTAKAAN
PUSAT PEMBINAAN DAN
PENGEMBANGAN BAHASA
DEPARTEMEN PENDIDIKAN
DAN KEBUDAYAAN



DEPARTEMEN PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN
JAKARTA
1993

Perpustakaan Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa
No Klasifikasi R 499.213 99232 KAM k
No. Induk : 7013
Tgl : 11-01-94
Ttd. :

# KAMUS
# BAHASA INDONESIA–BAHASA SUNDA II

Tim Penyusun Pembina Proyek
Drs. Oyon Sofyan Umsari
H. Maman Sumantri
Dra. Maryati Sastrawijaya

ISBN 979–459–378–8

Pembina Proyek
Dr. Hasan Alwi

Pemimpin Proyek
Dr. Edwar Djamaris

Penyunting
Dra. Atidjah Hamid

Pewajah Kulit
Drs. A. Murad

Pembantu Teknis
Radiyo
Sartiman

Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa
Jalan Daksinapati Barat IV
Rawamangun
Jakarta 13220

Hak cipta dilindungi undang-undang.
Sebagian atau seluruh isi buku ini dilarang diperbanyak
dalam bentuk apa pun tanpa izin tertulis
dari penerbit, kecuali dalam hal pengutipan
untuk keperluan penulisan artikel
atau karya ilmiah.

MENTERI
PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN
REPUBLIK INDONESIA

## SAMBUTAN MENTERI PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN PADA PENERBITAN KAMUS ISTILAH ILMU DASAR

Menyusun kamus bukanlah hal yang mudah; apalagi kamus yang menghimpun istilah berbagai disiplin dan bidang ilmiah yang baku pengertiannya dalam teori maupun penerapannya dalam praktek. Maka terbitnya Kamus Istilah Ilmu Dasar ini kiranya dapat dimanfaatkan oleh kalangan akademik di perguruan tinggi serta para ilmuwan pada umumnya.

Kamus ini merupakan hasil kerjasama dalam bidang kebahasaan yang sejak tahun 1972 berlangsung antara Indonesia dan Malaysia dengan Majelis Bahasa Indonesia-Malaysia (MABIM) sebagai wahananya. Dengan keikutsertaan Brunei Darussalam sebagai anggota resmi dalam kerjasama ini maka Majelis tersebut berkembang menjadi Majelis Bahasa Brunei Darussalam-Indonesia-Malaysia (MABBIM).

Sejak tahun 1985 MABBIM terutama memusatkan perhatian pada hal-ihwal peristilahan yang berkenaan dengan berbagai ilmu dasar. Seiring dengan kegiatan tersebut, Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa Departemen Pendidikan dan Kebudayaan telah menyebarkan berbagai hasil persidangan MABBIM, antara lain berupa Daftar Kumulatif Istilah serta sejumlah Kamus Istilah.

Selama kini telah dihasilkan sekitar 140.000 istilah yang berlaku dalam berbagai disiplin ilmu. Kita semua maklum bahwa usaha alih-bahasa mengenai peristilahan bukanlah sekedar usaha penerjemahan, karena sesuatu istilah ilmiah pada hakikatnya adalah konsepsi yang kandungannya ditera dan lingkupnya dibatasi. Maka sesuatu istilah dapat dijabarkan melalui perumusan dengan nuansa yang berlainan, namun arti intinya tidak berbeda.

Kamus ini adalah hasil kerjasama antara para pakar bahasa dan ilmuwan yang menekuni bidang masing-masing; maka peristilahan yang dihimpun dalam Kamus Istilah Ilmu Dasar ini tidak melulu didasarkan atas pertimbangan kebahasaan, melainkan juga memperhatikan matra ilmiah mengenai arti inti yang dikandungnya. Pemanfaatan kamus ini sebagai sumber acuan niscaya dapat membantu ikhtiar untuk menjadikan bahasa kita siap berkembang sebagai medium dalam dunia ilmiah.

Menteri Pendidikan dan Kebudayaan

Fuad Hassan

# KATA PENGANTAR
# KEPALA PUSAT
# PEMBINAAN DAN PENGEMBANGAN BAHASA

Proyek Pembinaan Bahasa dan Sastra Indonesia — Jakarta yang bernaung di bawah Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa, Departemen Pendidikan dan Kebudayaan, sejak tahun 1974 mempunyai tugas pokok melaksanakan kegiatan kebahasaan dan kesastraan yang bertujuan meningkatkan mutu pemakaian bahasa Indonesia yang baik dan benar, menyempurnakan sandi (kode) bahasa Indonesia, mendorong pertumbuhan sastra Indonesia, dan meningkatkan apresiasi sastra Indonesia. Dalam rangka penyediaan sarana kerja dan buku acuan bagi mahasiswa, guru, dosen, dan tenaga peneliti, tenaga ahli, dan masyarakat umum, naskah hasil penelitian dan penyusunan para ahli diterbitkan dengan biaya proyek ini.

Kamus dwibahasa yang diterbitkan mencakupi kamus bahasa Indonesia-bahasa daerah dan kamus bahasa daerah-bahasa Indonesia.

Terbitan ini, *Kamus Bahasa Indonesia-Bahasa Sunda II*, merupakan salah satu dari seri itu yang naskahnya berhasil disusun berkat bantuan tenaga dan pikiran Drs. Oyon Sofyan Umsari, H. Maman Sumantri, dan Dra. Maryati Sastrawijaya. Untuk itu, kepada ketiga pakar ini saya sampaikan terima kasih dan penghargaan yang setinggi-tingginya.

Ucapan terima kasih juga ingin saya sampaikan kepada Dr. Edwar Djamaris (Pemimpin Proyek 1992/1993), Drs. A. Murad (Sekretaris Proyek) Sdr. Suhadi (Bendaharawan Proyek), Sdr. Sartiman, Sdr. Radiyo, dan Sdr. Sunarko (Staf Proyek) yang telah mengelola penerbitan buku ini.

Jakarta, Januari 1993

Dr. Hasan Alwi

## F. Label dan Singkatan Kata

### 1. *Label Kelas Kata*

| | |
|---|---|
| *a* | Adjektiva |
| *adv* | adverbia |
| *n* | nomina |
| *num* | numeralia |
| *p* | partikel |
| *pron* | pronomina |

### 2. *Label Lain-lain*

| | |
|---|---|
| *akr* | akronim |
| *cak* | ragam percakapan |
| *hi* | harti injeuman 'arti kiasan, kiasan' |
| *hor* | ragam hormat |
| *kas* | ragam kasar |
| *ki* | kiasan |
| *lem* | *lemes* 'halus, ragam hormat' |
| *pb* | *paribasa* 'peribahasa' |

### 3. *Singkatan Kata*

| | |
|---|---|
| *at* | *atawa* 'atau' |
| *dl* | dalam |
| *dng* | dengan |

| | |
|---|---|
| *dp* | daripada |
| *dr* | dari |
| *dsb* | dan sebagainya |
| *jsb* | *jeung sajabana* 'dan sebagainya' |
| *jst* | *jeung saterusna* 'dan seterusnya' |
| *kp* | kependekan |
| *kpd* | kepada |
| *krn* | karena |
| *msl* | *misalna* 'misalnya' |
| *ng* | *ngeunaan* 'tentang' |
| *pd* | pada |
| *sbg* | sebagai |
| *spt* | *saperti* 'seperti' |
| *thd* | terhadap |
| *tsb* | tersebut |
| *tt* | tentang |
| *yg* | yang |

# L

**la. ba** *n* **1** kauntungan (beubeunangan tina ngajual barang anu leuwih luhur batan pameulianana, bunga duit, jsb) *dr modal Rp 5.000,00 diperolehnya -- Rp 500,00* tina modal 5.000,00 meunang kauntungan Rp 500,00;modal Rp 10.000,00 *--nya 2% sebulan* modal Rp 10.000,00 bungana 2% sebulan **2** paédah, guna, mangpaat: *apa--nya kita bertengkar spt ini*? naon paédahna (gunana, mangpaatna) urang papaséaan kawas kieu?; -- **bersih** sésa antara jumlah sagemblengan beubeunangan dikurangan ku jumlah sagembelengan béaya dina dangka waktu nu tangtu; -- **kotor** hasil harga jual bersih dikurangan béaya produksi; -- **rugi** untung rugi: *belum tahu -- rugi* tacan nyaho untung rugi;

**berlaba** *vi* meunang kauntungan (tina dagang): *jika tidak ==, apa gunanya berjualan*? lamun henteu meunang kauntungan, naon gunana ngajual (dagang)?

**la.bah-la.bah** *n* serangga anu sukuna dalapan anu biasa nyieun sabangsa jaring tina benang kawas sutra anu kaluar tina beuteungna anu gunana pikeun ngajiret mangsa; lancah; *Araneida: masuk ke sarang --*, ki asup ka pangjiret (sayang) musuh

**la.bel** /labél/ *n* **1** sacewir kertas (kaén, logam, kai, jsb) anu ditempelkeun dina barang anu ngajelaskeun ngaran barang, ngaran nu bogana, tujuan, alamat, jsb; **2** étiket; mérek dagang; **3** pituduh singget ngeunaan zat-zat anu dikandung dina ubar jsb; **4** pituduh kelas kecap,

sumber kecap, jsb dina kamus; **5** catetan analisis pangajén fisik, fisiologik, jeung génetik tina binih jsb

**la,bi. al** *n* sada anu timbul ku lantaran padeukeutna biwir luhur eung biwir handap, upamana *[* p *]*, *[* b *]*, *[* v *]*

**la. bil** *a* **1** oyag; henteu panceg (hal wangunan, pamadegan, jsb); **2** goyang; henteu cicing (kandaraan, kapal, pesawat ngapung, jsb); **3** henteu tetep; babari robah; turun naék (ngeunaan harga barang, ajén duit, jsb)' **4** henteu setabil, sok barobah

**la.bi. um** *n* biwir

**la.bo. ran** *n* jalma (ahli kimia jsb) anu digawé di laboratorium

**la.bo. ra to. ri. um** *n* tempat at kamar anu dilengkepan ku parabot pikeun ngayakeun percobaan (panalungtikan, jsb)

**lab. rak** *vt*, **melabrak** *vt* **1** neunggeulan; **2** nyarékan (nyela, ngejek, jsb) kalawan keras; **3** nyerang; ngagempur musuh pohara

**la.bu** *n* **1** buah dagingan anu bagian luar kulitna teuas, asalna tina bakal buah diruang, daun buahna tilu, tapi satuluyna rohanganana hiji serta sikina loba, spt kawas dina sabangsa bobonténgan;waluh gedé; *Cucurbitaceae* (loba rupana, spt -- **air**, -- **putih**, *Lagenaria leucantha*; -- **ambon**, -- **merah**, *Cucurbita moschata*); **2** botol nu gedé beuteungna, rupa-rupa gunana macemna; **3** botol nu biasana dijieun tina kaca, digunakeun keur neundeun naon-naon di laboratorium, sarta diwangun maké beuheung keur nyekel atawa nyicikeun

**la.buh** *a* dina kaayaan turun atawa ngagantung ka handap spt kulambu, tali jangkar, pipinding, atawa layar panggung: *kapal -- jangkar* kapal labuh jangkar;
**berlabuh** *vi* **1** ngagantung ka handap; turun (ngeunaan kulambu, pipinding, layar panggung, jsb): *layar panggung* == layar panggung turun; **2** eureun; nurunkeun jangkar (kapal, parahu); balabuh: kapal-*kapal besar pun dapat -- di pelabuhan Cirebon* kapal-kapal gedé ogé bisa balabuh di palabuhan Cirebon; **3** ngiuhan, cicing, sarta ngeureunan sagala kagiatan: *rumah adalah tempat* == dr berbagai kagiatan imah téh tempat cicing, sarta ngeureunan tina segala kagiatan;
**pelahuhan** *n* palabuan;

**labuhan** *n* upacara tradisional nu dilaksanakeun di sisi laut ku pamayang; labuhan: *upacara =di Palabuan Ratu dilaksanakan oleh para nelayan bersama-sama dgn dinas pariwisata* upacara tradisional labuhan di Palabuhan Ratu dilaksanakeun ku para pamayang gawé bareng jeung dinas pariwisata

**la.cak**, **melacak** *vt* néangan atawa mapay lacak; nyukcruk; nalungtik; mariksa kalawan taliti: == *rute perang gerilya Jenderal Sudirman* nyukcruk tapak lacak perang gurila Jenderal Sudirman; **pelacakan** *n* prosés, cara pagawéan mapay tapak lacak

**la. ci** *n* kotak keutik (dina méja jsb) anu bisa disorong, tempat neundeun barang laleutik; laci

**la. cur, melacur** *vi* ngajual diri (jadi ungkluk atawa tunasusila):
**pelacur** *n* awéwé palacuran anu ngajual diri jadi ungkluk; wanita tunasusila;
**pelacuran** *n* hal ngajual diri jadi palacur

**la. da** *n* **1** sisikian anu rasana lada biasana sok dijieun samara; pedes; **2** cabé

**la. dang** *n 1* tanah anu digarap jeung dipelakan (hui, jagong, jsb) sarta henteu dicaian; kebon; **2** *ki* sumber ilham, panghasilan, jsb: *sebagai pengacara, ia mempunyai -- tersendiri dr urusan di pengadilan* salaku pangacara, manéhna boga panghasilan sorangan tina urusan di pangadilan;
**berladang** *vi* ngabogaan (ngusahakeun, ngagarap) tanah: *di sini tdk banyak orang* == di dieu henteu loba jalma nu ngagarap tanah;
**peladang** *n* jalma anu ngusahakeun (nggarap) tanah anu di pelakan;
patani nu ngagarap tanah (reuma, huma)

**la. fal** *n* cara hiji jalma atawa sakumpulan jalma di hiji masarakat basa ngucapkeun sada basa;
**melafakan** *vt* ngucapkeun (kecap, doa, jsb): *ia belajar == kata-kata Arab dgn baik dan benar* manéhna diajar ngucapkeun kecap-kecap Arab kalawan hadé jeung bener

**la. ga** *n* hal diadu (gelut) sasatoan;
**berlaga** *vi* **1** diadu (ngeunaan hayam, domba, jsb); **2** paadu pateumbrag (hal ombak, parahu, jsb): *gemuruh bunyi ombak* == ngaguruh

sada ombak paadu; **3** patepung dina permaénan pertandingan olah raga: *Indonesia akan == di lapangan tenis dgn Korea Selatan utk memperebutkan tempat pertama* Indonesia arék patepung dina permaénan tenis jéung Korea Kidul pikeun merebutkeun tempat kahiji

**la. gak** *n* tingkah laku jeung tata cara nyarita (nu nuduhkeun kaadigungan, kagagahan, kaalusan, jsb) -- *nya spt anak orang kaya* tingkah laku jeung tata cara nyaritana kawas anak nu beunghar;
**berlagak** *vi* **1** nyombongkeun diri: *baru jadi jurutulis desa, ia sudah ==, apalagi jadi lurah* kakara jadi jurutulis désa, manéhna geus nyombongkeun diri, komo jadi lurah; **2** ngalakukeun kawas (nu wanian, nu pinter, jsb): *ketika ditanya polisi, ia* -- tdk tahu menahu basa ditanya ku pulisi, manehna ngalakukeun kawas anu henteu nyaho nanaon

**la. gam** *n* lagu; cara; langgam; lagam: -- *bicaranya spt orang yg berasal dr Banten* lagu nyaritana kawas jalma nu asal ti Banten

**la. gi** *adv* **1** eukeur (dina kaayaan ngalakukeun jsb) nuju; masih: *jangan berisik, ayah -- tidur* ulah garandéng, bapa nuju kulem; **2** tambahan sakitu (sakieu) deui: *tunggu sebentar* -- dagoan sakeudeung deui; **3** balik deui (migawe jsb) kawas mimiti: *kemarin sudah menonton, sekarang menonton* -- kamari geus lalajo, ayeuna lalajo deui; **4** jeung; sarta; ogé: *anak itu rajin -- pandai* budak téh rajin sarta pinter; **5** partikel nu dipaké pikeun ngantebkeun kecap at kalimah saméméhna (nu hartina: sama sekali, bener-bener: kacida pisan, jsb): *penderitaan rakyat terjajah itu sudah tidak tertahankan* -- kasangsaraan rayat nu dijajah teh geus henteu katahan deui;
-- **pula** leuwih-leuwih; jeung deui;
**lagi-lagi** *adv* balik deui; deui-deui: -- *mau pinjam uang* deui-deui arék nginjeum duit

**la. gu** *n* **1** ragam sora anu maké wirahma (dina nyarita, tembang, maca, jsb); lagu *bacaannya lancar, tapi kurang baik--nya* bacaanana lancar, tapi kurang hadé laguna; **2** tembang; kawih: -- *perjuangan* tembang perjoangan; **3** ragam tembang (musik, gamelan, jsb): -- *keroncong asli* ragam (langgam) koroncong asli; **4** tingkah laku; cara; laga: -- *nya spt* orang *asing saja* tingkah lakuna kawas bangsa deungeun bae; *menyanyikan -- lama* (kuno), *pb* nepikeun pamadegan anu geus biasa dicaritakeun jalma;

**berlagu** *vi* **1** make (kalawan, ku) lagu; **2** nembang; ngawih;
**melagukan** *vt* nembangkeun; ngawinhkeun; ngadéklamasikeun (sajak, sair) maké lagu; ngalagukeun: *penyanyi itu — iklan di televisi* jurutembang téh ngalagukeun (mawakeun lagu) iklan di televisi

**la. had** *n* lombang dina kuburan tempat nunda mayit; lahad

**la. han** *n* tanah ngablag; tanah garapan: lahan: == *itu disediakan untuk pemukiman transmigran* éta lahan téh disadiakeun keur pamukiman transmigran

**la. hap** *a* **1** beuki barang dahar loba jeung henteu pipilih dahareunana;**2** napsu pisan keur barangdahar; ponyo;
**melahap** vt ngadahar naon naon kalawan loba

**la.har** *n* leutak batu anu kaluar tina jero gunung api;
-- **dingin** endapan bahan lepas (keusik, karihkil, lapili beubeulahan batu, jsb) di sakurilingeun liang kapundan dingin gunung api nu pacampur jeung cihujan anu ngaluncur nungturun asup ka lebak jeung walungan;
-- **panas** endapan bahan lepas (keusik, karihkil, beubeulahan batu,jsb) di sakurilingeun kapundan kawah gunung api anu pacampur jeung cipanas tina jero kawah, malahan masih seuneuan kénéh

**la.hir** *v* **1** kaluar tina kandungan; lahir: *ia -- di Majalaya pd tanggal 6 Desember 1934* manéhna lahir di Malajaya dina tanggal 6 Desember 1934; **2** muncul di dunya (masarakat); *setelah itu, -- lah organisasi politik yg lain* sanggeus éta, muncul organisasi pulitik séjénna; **3** anu katénjo ti luar: *--nya amat peramah, tetapi batinnya siapa tahu* lahirna anu katénjo ti luar marahmay pisan, tapi ari batinna mah saha anu nyaho; 4 naon-naon anu katénjo; kadunyaan; jasmani: *kemuliaan* -- kamulyaan lahir; *pengetahuan* -- pangaweruh kadunyaan;
-- **batin** *ki* kalawan ihlas haté
**melahirkan** *vt* **1** ngaluarkeun anak (tina kandungan); boga anak: *isterinya == anak yg sehat* pamajikanana ngalahirkeun anak anu séhat: **2** ngaluarkeun (parasaan, pamadegan, pikiran, jsb): *di alam demokrasi, orang bebas -- pendapat* di alam demokrasi, jalma bébas ngaluarkeun pamadegan; **3** ngayakeun, ngajadikeun, nimbulkeun: *tindakan untuk mengatasi kesulitan kerapkali ==kesukaran baru* tindakan keur ngungkulan kasulitan mindeng nimbulkeun kasulitan anyar;

**kelahiran** *n* **1** perihal lahir; kelahiran: *lebih mengutamakan -- dp kebatinan* Leuwih ngutamakeun kalahiran ti batan kabatinan **2** hal anu aya patalina jeung lahir: *hari* -- poé kelahiran; *tanah* -- tanah kelahiran

**la. hi, ri. ah** *a* lahirna; katénjona; lahiriahna

**la.in** *a* **1** béda, henteu sarua (halna, rupana, jsb): *ia memperhatikan pendapat orang* -- manéhna merhatikeun pamendak nu sején nu teu sarua; **2** iwal; henteu kasup (itungan, golongan, jsb) *harga Rp 5.000,00 -- ongkos kirim* harga Rp 5.000,00 henteu kaasup ongkos kirim; **3** aya bédana: mangga golék -- rasanya dng *mangga arumanis* buah golék aya bédana rasana jeung buah arumanis;
-- ***dulu***, -- *sekarang* adat béda hal baheula jeung ayeuna, unggal waktu aya adat kabiasaan anu mandiri; *a* salian éta;
**kelainan** *n* **1** perbedaan; **2** hal (kaayaan) anu salah (atawa anu nyimpang tina kabiasaan)

**la. jang** *adv* sorangan (acan kawin); bujang (keur lalaki); lanjang (keur awéwé)

**la. ju** *a* gancang (hal bagerak, lumpat, ngapung, jsb): -- *benar lari kuda pacuan itu* gancang (tarik) pisan lumpat kuda balap téh; ***melaju*** *vi* jadi laju; maju; ningkat: *perahu layar itu* == parahu layar téh jadi laju (maju)

**la.jur** *n* **1** dérétan sawatara barang (jalma jsb) anu mangrupa barisan (jajaran): *dua-- buku-buku baru disusunnya dl rak itu* dua jajaran buku-buku anyar disusunna dina erak; **2** kolom (dina surat kabar jsb): *halaman surat kabar itu terbagi atas sembilan* -- kaca surat kabar téh dibagi ku salapan kolom; **3** gurat kandel manjang (dina kaén jsb): *kain putih dgn -- hijau* kaén bodas maké gurat kandel héjo; **4** barisan (gurat) pertahanan: -- *pertahanan terdepan telah dihujani tembakan artileri* barisan pertahanan panghareupna geus di hujanan témbakan artileri

**la. ki.la.ki** (le.la.ki) *n* **1** pria. lalaki (keur jelema); jalu (keur sato): *temannya yg datang 5* == dan *3 perempuan* babaturanana anu datang 5 lalaki jeung 3 awéwé; **2** *ki* wanian; kawani: ia *bertindak sbg* == manéhna ngalakukeun éta kalawan kawani

**lak. nat** *n* **1** kutuk; sapa; **2** jalma anu disapa

**la. kon** *n* **1** carita anu dimaénkeun dina wayang (sandiwara, filem, jsb); lalakon: pertunjukkan wayang golek dng -- Gatotgaca Lahir pintonan wayang golék lalakon Gatotgaca Lahir; **2** peran utama; nu boga lalakon; **3** karangan anu mangrupa carita sandiwara (nu make paguneman langsung): *cerita itu sudah dijadikan -- utk dipentaskan* éta carita téh geus dijadikeun lalakon keur dipanggungkeun; **4** *ki* pagawean; kejadian; peristiwa: *demikianlah kesudahannya — seorang petualang politik* kitu pamustunganana peristiwa *petualangan* pulitik

[1]**lak. sa.na melaksanakan** *vt* **1** ngabandingkeun; nyaruakeun jeung: *ia == lukisannya dgn lukisan gurunya* manehna ngabanbandingkaeun lukisanana jeung lukisan guruna; **2** ngalakukeun; ngajalankeun; migawe (rancangan, kaputusan,jsb): *ia telah berhasil == tugasnya dgn baik* manehna geus hasil ngajalankeun pancénna kalawan hade;

**pelaksana** *n* jelema (panitia, organisasi, jsb) anu migawé atawa ngalaksanakeun (rancangan jsb)

[2]**lak. sa.na** *p* saperti:

kawas: -- *pinang dibelah dua*, pb dua jelema anu sarupa beungeutna (sarua jeung paribasa basa Sunda) kawas beubeulah jambé.

**lak.to. sa** *n* gula anu aya dina susu; $C_{12}H_{22}O_{11}$

**la.ku. melakukan** *vt* **1** migawé (ngajalankeun jsb): *ia gugur dl == tugasnya* manéhna gugur dina ngajalankeun tugasna;

**2** ngayakeun (hiji pangawéan, tindakan, jsb): = = *demostrasi* ngayakeun demostrasi; **3** ngalaksanakeun; meraktékkeun: *Pemerintah akan == tindakan tegas thd penyelewengan itu* Pameréntah arék ngalaksanakeun tindakan tegas kana eta panyaléwéngan teh: 4 ngalajimkeun (kabiasaan, cara, jsb): *Kepala Sekolah == senam pagi di sekolah itu* Kepala Sakola ngabiasakeun senam isuk-isuk di éta sakola; **5** ngajadikeun (migawé jsb) jadi laku: = *uang palsu adalah sesuatu yg melanggar hukum* magawé (jadi laku) duit palsu hiji anu ngalangar hukum; **6** migawé naon-naon kana hiji hal (jalma jsb): *ia = anak yatim itu sbg anaknya sendiri* manéhna migawé naon-naon ka budak yatim téh kawas ka anakna sorangan;

**memperlakukan** *vt* **1** ngajadikeun berlaku: *bangsa Indonesia = bahasa Indonesia sbg bahasa persatuan dan bahasa negara* bangsa Indonesia ngajadikeun basa Indonesia jadi basa persatuan jeung basa nagara; **2** nganggap: *ia = saya sbg anak kandungnya sendiri* manéhna nganggap ka kuring kawas ka anak sorangan;

**pelaku** *n* **1** jalma anu ngalakukeun pagawéan (naon-naon); **2** pamaén; anu ngalalakon (dina sandiwara jsb); **3** anu ngalakukeun naon-naon (anu utama) dina hiji situasi (dina hiji kalimah jsb)

**perlakuan** *n* pangawasan anu dilakukeun ka jalma at naon-naon; perlakuan: *tidak benar bahwa ia mendapat = yg tidak adil* henteu bener yén manéhna meunang perlakuan anu teu adil

**la.lai** *a* 1 kurang ati-ati; henteu merhatikeun (kawajiban, pagawéan, jsb); balangah; lalawora: *krn -- dompetnya hilang disambar copet* ku lantaran balangah, dompétna leungit disamber copét; **2** henteu ingat ku lantaran jongjon kana naon-naon; kapopohokeun: semuannya-- bermain kartu seréréa kapopohokeun ku maén kartu;

**melalaikan** *vt* mopohokeun;ngalalaworakeun:== hati (sedih) ngahibur (mopohokeun) haté (sedih);

**kelalaian** *n* sipat (kaayaan, pagawéan, jsb) lalawora (balangah): *kesalahan itu bukanlah krn ==, tetapi krn kesalahan teknis semata-mata* éta kesalahan téh lain ku lantaran (hal) lalawora, tapi ku lantaran kasalahan teknis wungkul

**la.lang** *n* jukut anu jangkung sarta gedé; *eurih, Imperata cylindrica: tanam -- tak akan tumbuh padi, pb* ngalakukeun kajahatan, meunang waweles kajahatan deui

**la.lap** *n* dangdaunan ngora, pupucukan anu sok didahar; lalab;

**melalap** *vt* **1** ngadahar lalab; **2** méakeun: *Kebakaran itu == 20 rumah* kahuruan téh méakkeun 20 imah; **3** ngéléhkeun kalawan babari (euweuh perlawanan): *regu voli itu ==lawannya dgn skor 5=0* regu voli téh ngéléhkeun lawanna kalawan babari 5-0; **4** ngag̃adabah: *ia di tangkap krn == anak gadis di bawah umur* manéhna ditéwak ku lantaran ngagadabah budak parawan di bawah umur;

**lalapan** *n* naon-naon nu dilalap (bonténg, kacang panjang, dangdaun-an, (jsb)

**la.lat** *n* sato leutik nu bisa hiber, nu asalna tina hileud; laleur

**la.lim** *a* henteu boga rasrasan; henteu adil; bengis; kejem;
**kelaliman** *n* kahenteuadilan; kabengisan; kakejeman

**la.lu** *v* **1** leumpang ngaliwat: *dilarang -- di jalan ini* di larang ngiliwat di jalan ieu; **2** asal ngomong wungkul: *ia berkata seénaknya saja, asal -- saja kata-katanya* manéhna nyarita sangeunahna baé, asal ngomong baé kekecapanana: **3** geus kaliwat: *tahun yg --* taun anu geus kaliwat; **4** béak; anggeus: *pertunjukan sudah --* pintonan geus béak; **5** lulus; bisa asup terus: *ia - dr ujian itu* manehna lulus tina éta ujian; **6** tuluy; terus: *setelah dia menulis -- mengetik* sanggeus manehna nulis tuluy ngetik; **7** henteu beunang di tebus deui (barang gadéan): lapur: *setelah sebulan gadaianku --* sanggeus sabulan gadean kuring lapur; **8** langsung : *pertunjukan tak dapat — krn hujan* pintonan henteu bisa langsung ku lantaran hujan;
**berlalu** *vi* **1** ngaliwat: *kesempatan baik itu jangan dibiarkan ==* kasempetan hadé téh ulah diantep sina ngaliwat baé; **2** indit ; maot: *demikian katanya sambil ==* kitu omonganana bari indit; *tadi malam ia telah ==* peuting tadi manéhna geus maot; **3** henteu dahar saur (waktu puasa): *dl bulan puasa ini kami dua kali ==* dina bulan puasa ieu kuring saréréa dua kali henteu saur
**terlalu** *adv* **1** ngaliwatan wates; kaleuleuwihi; **2** kacida pisan;
**keterlaluan** *n* hal (naon-naon) anu ngaliwatan wates; kacida teuing: *perbuatannya itu ==* pagawéanana kaliwatan kacida

**la.lu-la.lang** *v* **1** sababaraha kali ngaliwat (leumpang jsb); kaluar asup (ka imah, panto, jsb); lalar liwat: *jangan suka == di rumah orang* ulah sok lalar liwat ka imah batur; **2** henteu puguh; henteu aya aturan: *susunlah baik-baik buku itu, jangan == begitu* susun sing hadé éta buku-buku téh ulah henteu puguh aturan kitu;
**berlalu-lalang** *vi* leuleumpangan ka ditu ka dieu; lalar liwat: *banyak yg == di depan toko itu* loba anu lalar liwat ka ditu ka dieu di hareupeun toko teh

**la.ma** *a* **1** lila antarana (ngeunaan waktu): *sudah -- saya menunggu di sini* geus lila waktuna kuring nungguan di dieu; **2** panjangna waktu (antara waktu); lilana: *lima bulan -- nya* lima bulan lilana; **3** kuna; geus ti baheula: *saya senang mempelajari kesusastraan --* kuring resep ngulik kasusastraan kuna: **4** kolot (henteu anyar); heubeul: *diberikannya baju-baju -- nya* dibikeun ka manehna baju-baju nu heubeulna;

**lama-kelamaan** *adv* beuki lila beuki ...; saléngkah-saléngkah ...; ahir-ahirna;
**selamanya** *adv* salawasna: *pekerjaannya tidak == sempurna* pagawéanana henteu salawasna sampurna

**la.mar, melamar** vt **1** nanyaan (ngalamar): == *anak perawan* nanyaan budak parawan; **2** ménta pagawéan (dikantor jsb);
**ngalamar:** == *pekerjaan* ngalamar pagawean
**pelamar** *n* jalma anu ngalamar;
**lamaran** *n* **1** hal ngalamar; paménta; lamaran: *ia sedih krn==nya ditolak* manehna sedih ku lantara lamaranana ditolak;
**2** hal ménta pagawéan: *ia mengajukan == sbg pegawai di kantor itu* manéhna ngajukeun lamaran jadi pagawé di éta kantor

**la.mat-la.mat** *a* **1** henteu nyata (pati) katénjo: *kafilah itu sudah* kelihatan -- kafilah téh geus henteu pati katénjo (lamat-lamat); **2** hawar-hawar: *dr jauh terdengar -- suara anjing melolong* ti kajauhan kadéngé hawar-hawar sora anjing babaung

**lam.bai, berlambai-lambai** *vi* **1** ayun-ayunan turun naék (kawas dangdaunan katiup angin); **2** ngagerakkeun leungeun turun naék (ulang-ulangan) dina keur ngageroan: *tangannya == dr tangga pesawat* leungeuna ulang-ulangan tina tangga pesawat; melambai (-lambai) vi ayun-ayunan turun naék (dangdaunan, bandéra,jsb): pohon nyiur == tangkal kalapa ayun-ayunan;
**melambai (-lambai)kan** *vt* ngagerak-gerakkeun naon-naon (saputangan, bandéra, jsb) turun naék; ngulang-ngulangkeun: *ia == bendera kecil* manehna ngulang-ngulangkeun bandera leutik;
*lambaian n* **1** gerakan leungeun turun naék; **2** *ki* panggero; ajakan; panggupay

**lam.ban** *a* henteu gancang; henteu rancingeus; hararésé gerak ( dina baranggawé jsb); kendor: *tdk semua orang gemuk -- bekerja* henteu kabéh anu lintuh kendor digawé;
**kelambanan** *n* hal, cara, pegawéan anu kendor

**lam.bang** *n* **1** naon-naon nu kawas tanda (lukisan, lencana, jsb) anu nerangkeun naon-naon at ngandung maksud nu tangtu; lambang: *gambar tunas kelapa -- Pramuka* gambar kitri lambang Pramuka; **2** tanda pangenal anu tetep (nu nerangkeun sipat, kaayaan, jsb):

*peci putih dan serban adalah -- haji* péci bodas jeung sorban lambang haji;
**melambangkan** *vt* ngajadikeun (mangrupa) lambang: gambar *neraca == keadilan* gambar timbangan ngalambangkeun kaadilan

**lam.bat** *a* **1** lalaunan (gerakna, leumpangna, jsb); henteu gancang: *orang tua itu -- jalannya* éta kolot lalaunan leumpangna; **2** lila waktuna: *ia bekerja sangat --* manéhna digawé lila pisan waktuna; **3** henteu tepat dina waktuna ; katinggaleun: *arlojiku -- dua menit* arloji kuring kurang dua menit tina waktu nu bener; *ia pulang --* manéhna balik telat (katinggaleun);
**terlambat** *adv* liwat tina wahtu nu ditangtukeun: *kareta itu tiba == setengah jam* éta karéta téh telat datang satengah jam

**lam.bung** *n* bagian igana (badan, kapal, imah, jsb); beuteung: *-- nya terluka kena tusukan pisau* beuteungna tatu keuna ku péso;
*melambungkan vt* **1** ngajungjungkeun (ngangkat) ka luhur; **2** muji (bari aya pangharepan naon-naon): *ia == pekerjaannya dgn harapan dpt imbalan uang* manéhna muji pagaweanana kalawan harepan meunang duit

**lam.pau** *a* **1** katukang; nu geus kaliwat; *masa yg --* waktu nu geus kaliwat; **2** leuwih (loba, beurat, jsb); kacida: *ia -- keras bekerja* manéhna leuwih giat digawé;
**melampaui** *vt* **1** ngaliwatan; ngaleuwihi: *ia berhasil == tiga pelari cepat lainnya* menéhna geus hasil ngaliwatan tilu nu lumpat gancang séjénna; **2** ngaleuwihan (wates, katangtuan, jsb): *tindakannya == batas* tindakanana ngaleuwihan wates; **3** ngungkulan (kasulitann, percobaan, jsb); *ia telah == berbagai rintangan* manéhna geus ngungkulan rupa-rupa rintangan; **4** ngalanggar (adat), aturan, jsb): *perkawinan di antara warga yg semarga dianggap == adat* perkawinan di antara warga anu samarga dianggap ngalanggar adat;
**terlampau** *a* **1** kacida; pisan; kaleuleuwihi: *harganya == tinggi* hargana luhur pisan; **2** geus kaliwat: *terowongan telah ==* terowongan téh geus kaliwat;
**terlampaui** *a* kaliwatan; kasorang

**lam.pi..as** *a* **1** lancar sarta tarik ngocor (kaluar, mancer, jsb); **2** gancang; lancar (teu katahan);

**melampiaskan** *vt* **1** ngajadikeun lancar: *obat utk == air seni* ubar keur ngalancarkeun cikiih; **2** henteu ditahan-tahan; ngabudalkeun: *==amarah* ngabudalkeun amarah; *== hawa nafsu* ngumbar hawa nafsu

**lam.pik** *n* samak leutik anu dipaké dina upacara kawin (di Lampung)

**lam.ping** *n* lamping (gunung)

**lam.pi..on** *n* lampu at lantéra anu dijieun tina keretas, anu dipaké dina pésta; lampion; tanglung

**lam.pir, melampiri** *vt* marengan (ku surat, daptar, jsb): *kita harus == formulir pendaftaran itu dgn salinan ijasah* urang kudu marengan formulir pendaptaran ku salinan ijasah;
**melampirkan** *vt* méré lampiran; marengkeun ka nu séjén; *ngalampirkeun: ia harus == salinan ijasah, foto, surat keterangan dokter pd surat lamarannya* manehna kudu ngalampirkeun salinan ijasah, foto, surat katerangan dokter kana surat lamarannya

**lam.pit** *n* samak tina hoé jsb; lampit

**lam. por** *n* bangsa lelembut anu ngaleut

**lam.pu** *n* alat keur nyaangan; cempor; palita; daman; lampau

**lan.cang** *a* **1** kurang sopan ka kolot jsb; henteu nyaho di adat; lancang: *dgn--nya anak itu mengucapkan kata-kata kasar kpd ibunya* kalawan lancang éta budak ngucapkeun omongan kasar ka indungna; **2** wani teuing mutuskeun sorangan di luar sakumah anu geus disatujuan: lancang: *dgn -- ia telah berani menyampaikan berita yang belum pasti kebenarannya itu* kalawan lancang, manéhna nepikeun béja nu can pasti benerna;
**kelancangan** *n* sikep (pagawéan) anu lancang: *maafkan dia atas ==nya* hampura manéhna ku kalancanganana

**lan.car** *a* **1** henteu pegat-pegat; henteu kahalangan; lancar: *roda itu berputar dgn --nya* éta roda téh muter kalawan lancar; **2** henteu agaeugeu; paséh; lancar; : *anak sekecil itu sudah dapat membaca dgn--* budak nu leutik téh geus bisa maca kalawan lancar; **3** henteu katunda-tunda (lumangsung) mulus: *acara itu berlangsung dng --* eta acara téh lumangsung kalawan lancar;

**melancarkan** *vt* **1** nyieun supaya lancar; ngajalankeun (majukeun) sangkan gancang; *ia tidak dapat== kendaraannya karena jalan rusak* menéhna henteu bisa ngagancangkeun kendaraanana lantaran jalan ruksak; **2** nujukeun; ngalakukeun (serangan, kiritik, protés, propaganda, jsb); *pasukan gerilya == serangan mendadak* pasukan gerlya ngalakukeun serangan ngadadak;

**kelancaran** *n* kaayaan (hal) lancarna naon-naon: == *pembangunan sangat bergantung kpd sarana, tenaga, dan biaya yang bersedia* kalancaran pangwangunan gumantung pisan kana sarana, tanaga, jeung waragad anu disadiakeun

**lan.cong, melancong** *vi* indit bari senang-senang; ulin ka tempat séjén nyenengkeun haté; darmawisata; piknik: == *ke luar negeri* darmawisata ka luar nagri

**pelancong** *n* jalma anu ngalakukeun damarwisata; wisatawan turis

**lan.cip** *a* **1** beuki ka tungtung beuki leutik; lancip; 2 seukeut

**lan.cung** *a* **1** henteu tulén; henteu murni; palsu; titiron; imitasi; *uang* -- duit palsu **2** henteu jujur; curang: *perbuatan yg* -- pagawéan anu curang

**lan.da, melanda** *vt* ngeunaan; nimpah; nembus; norobos: *banjir == daerah itu sehingga banyak sawah yg rusak* banjir nimpah éta daérah nepi ka loba sawah anu ruksak;

**terlanda** *vi* kakeunaan ku; katimpah; katembus: *desa itu == lahar Gunung Galunggung* éta désa katimpah ku lahar Gunung Galunggung

**lan.dai** *a* tanah anu kaayaanana nungturun saeutik-saeutik; mayat; teu mudun pisan; henteu gurawés: *pantai utara Jawa Barat* -- basisir kalér Jawa Barat mayat

**lan.das** *n* alas; dadasar;

**berlandaskan** *vt* maké dadasar; dumasar: *dia mengemukakan pembelaannya == pasal-pasal dr buku undang-undang* manéhna ngasongkeun pembelaanana dumasar pasal-pasal tina undang-undang;

**landasan** *n* **1** alas; babantal; dadasar; **2** *ki* dasar: == *hukum negara kita ialah Pancasila dan UUD 45* dasar hukum negara urang nya éta Pancasila jeung UUD 45

**lang.gan, berlanggan** *vt* jual beuli sacara tetep: *saya == makanan rantang* kuring ngalanggan dahar rantangan;
**berlangganan** *vt* ngayakeun jual beuli sacara tetep; *saya== beras dr bandar besar di pasar itu* kuring langganan béas ka bandar gedé di éta pasar

[1]**lang.gar, melanggar** *vt* **1** nubruk; nabrak; neunggar; *mobilnya rusak == pohon* mobilna ruksak neunggar tangkal; **2** (ngalanggar;) ngalawan; nyalahan: *korupsi adalah perbuatan yg == hukum* korupsi pagawéan anu ngalanggar hukum; **3** ngaliwatan (henteu sah); ngalanggar: *dia dihukum krn == tapal batas negara lain* manehna dihukum ku lantaran ngaliwatan henteu sah tapel wates nagara séjén;
**pelanggar** *n* jalma anu ngalanggar

[2]**lang.gar** *n* masjid leutik tempat ngaji at tempat salat; langgar

**lang. geng** *a* euweuh beakna; abadi; langgeng: *tdk ada sesuatu yg -- di dunia ini* euweuh anu langgeng di dunya mah

**la.ngit** *n* rohangan lega anu aya di saluhureun bumi, tempat ayana bulan, bentang, panonpoé, jeung planét séjén; langit: *beratapkan ---* dihateupan ku langit, *ki* hateupna loba anu bocorna; *di kolong --, ki* di bumi;
**melangit** *vi* **1** nuju (ngapung)ka langit; **2** *ki* kaleuwihan pisan; muluk-muluk (cita-cita); ngawang-ngawang: *sejak ia main filem itu, namanya ==* sanggeus maéna éta filem, ngaranna ngawang-ngawang; **3** hargana jadi mahal pisan: *harga kebutuhan pokok di kota besar ==* harga kaperluan poko di kota gedé mahal pisan

**langka** *a* carang aya; carang kapanggih; carang kajadian; langka;
**kelangkaan** *n* hal (kaayaan) anu langka

**lang. kah** *n* **1** gerakan suku (ka hareup, ka tukang, ka -- kenca, ka katuhu) waktu leumpang; lengkah: *(tentara berbaris dgn -- tegap)* tentara baris kalawan léngkah ajeg; **2** jauhna antara dua suku waktu ngaléngkah ka hareup (waktu leumpang): *jalannya cepat dan --nya panjang*
leumpangna gancang jeung lengkahna panjang; **3** sikep; tindak-tanduk; perbuatan: *kita harus mengambil -- tegas menghadapi masalah ini* urang kudu nyokot sikep tegas nyanghareupan masalah ieu:
**4** tahap; bagéan: *marilah kita telusuri -- demi -- cara bertanam padi*

*yang baik* hayu urang tuturkeun tahap demi tahap cara melak paré anu hadé;

**melangkah** *vt* **1** ngalengkahkeun suku ka hareup; **2** mimiti ngajalankeun parahu jsb

**lang. ku. as** *n* tutuwuhan sabangsa jajahéan; laja; (sok dipaké sambara); *Alpina galanga*

**lang. sing** *a* ramping; jangjing: badannya -- awakna langsing;
**kelangsingan** *n* hal, cara, pagawéan langsing;
**pelangsing** *n* ubar ngarah langsing: obat == ubar ngarah langsing

**lang. sir, melangsir** *vi* **1** ngatur bari ngagandéngkeun gerbong keréta api; **2** *cak* leumpang mundar-mandir; bulak-balik

**lang.sung** *a* **1** terus; langsung (henteu ku perantaraan, henteu eureun , jsb): *tindakan yg* -- tindakan anu langsung; *keréta api-- Bandung ke Jakarta* kereta api langsung Bandung ka Jakarta; **2** tuluy--tuluy (nepi ka sawatara lilana, nepi ka jauh, jsb): pertikaian itu -- hingga kini pacéngkadan téh tuluy-tuluy nepi ka ayeuna; **3** jadi (henteu burung): *pertandingan itu tdk — krn hujan* éta pertandingan henteu jadi ku lantaran hujan;

**berlangsung** *vi* **1** terus-terusan: *pertempuran == hingga pagi* pertempuran terus-terusan nepi ka isuk-isuk; **2** keur lumaku (diayakeun, dijieun, jsb) kajadian; lumangsung: *upacara pelantikan == baik* upacara istrénah lumangsung alus; *perundingan sedang ==* perundingan keur diayakeun;

**kelangsungan** *n* **1** hal lumangsungna hiji kajadian: *demi ==* pesta, *saudaranya bersedia menyumbang* demi lumangsungna pésta, daluma sadia nyumbang; **2** lumangsungna; katahananana: *kita harus memelihara == serta kelestarian alam* urang kudu miara lumangsungna (katahananana) sarta kalanggengan alam; **3** katerus-terangan; keterbukaan: *sikap -- mu akan menjauhkan salah paham* sikep keterbukaan manéh bakal ngajauhkeun salah paham

**lan. jur, terlanjur** *adv* kalepasan migawe (ngucapkeun) naon-naon kalawan teu kahaja: *krn== berbuat salah, ia memohon maaf* ku lantara kalepasan migawé kesalahan manéhna ménta pangampura

**lan.jut** *a 1* lila: panjang (perundingan; babarempugan, jsb): *saya jemu mengikuti pembicaraan yang— spt itu* kuring bosan milu riungan ca

rita panjang kawas kitu; **2** henteu tanggung; terus: *dia berusaha agar sekolah anaknya* -- manehna usaha sangkan sakola anakna terus; lila; loba; luhur: *usianya sudah* -- umurna geus (kolot)' **4** jero; luhur: *ilmunya sudah* -- élmuna geus luhur;

**berlanjut** *vi* **1** henteu anggeus ngan nepi ka dinya aya tuluyna; aya sambunganana; nyambung: peristiwa *pertengkaran itu == dgn perkelahian* peristiwa papaséaan téh dituluykeun ku gelut; **2** katutuluyan: *penderitaan yg ==* kasusahna katutuluyan;

**melanjutkan** *vt* **1** neruskeun; nyambungkeun: *mereka akan == perundingan di Jakarta* maranéhna arék neruskeun perundingan di Jakarta; **2** neruskeun ka nu leuwih luhur; ningkatkeun: *krn tdk ada biaya, ia tdk mampu == pendidikan anaknya* ku lantaran euweuh waragad, manéhna teu mampuh neruskeun pendidikan anakna;

**kelanjutan** *n* hal saterusna (satuluyna); *bagaimana == peristiwa itu, marilah kita nantikan bersama* kumaha saterusna éta peristiwa, hayu urang dagoan babarengan

**lan.tai** *n* **1** bagian handap (alas, dasar) hiji rohangan (dijieun ku papan, semen, ubin, jsb); **2** tingkatan di gedong susun (sababaraha tingkat): *kantornya terletak di -- sepuluh di gedung itu* kantorna aya di tingkat sapuluh di éta gedong; **3** galadag parahu;

**melantai** *vi* **1** masang alas (ubin jsb): *sebelum == bangunan harus diberi atap lebih dahulu* seméméh masang alas (ubin, papan, jsb), wangunan kudu dihateupan heula; **2** ngalakukeun dangsa: *pd acara itu para tamu ==* dina éta acara para tamu darangsa; **3** rata jeung datar (kawas alas): *ada bentuk karang yg == krn kikisan air laut* aya bangun karang anu rata jeung datar ku geburna cai laut

[1]**lan.tak, melantak** *vt* **1** nakolan tarik sangkan teuas at padet; **2** nakol sangkan asup ka jero taneuh: *== pancang* nakol tihang pancang; 3 meakkeun: *mereka ==* hidangan itu maranéhna meakkeun éta idangan

[2]**lan.tak** *n* rucuk kai nu dipaké nahan tanah longsor: *pasanglah -- pd tebing* itu rucuk pasang kai dina éta lamping

**lan. tang** *a* **1** jelas jeung tarik kadéngéna: *komandan memberi aba-aba dgn suara* -- komandan méré aba-aba kalawan sora -- jelas jeung`I tarik; 2 jelas jeung bébas katénjo: *taman itu membuat pamandangan*

*yg -- ke laut* éta taman téh ngajadikeun pamandangan nu jelas bébas ka laut

[1]**lan.tar, terlantar** *a* nyebabkeun susah (ripuh, sangsara, jsb); *kalantaran krn kehabisanbekal, dia -- di ratau* ku lantara béakeun bekel, manéhna kalantaran di pangumbaran

[2]**lan.tar, melantarkan** *vt* **1** nyababkeun (paséa, karugian, jsb): *perlu diselidiki hal-hal yg == penderitaan rakyat* perlu ditaliti hal-hal nu nyababkeun kasusah rayat; **2** nepikeun (usul, pamenta, jsb): *tugas kami hanya == usul Sdr* tugas kuring sarerea ngan nepikeun usul Saderek

**lan.tas** *adv* **1** langsung; terus tuluy; *begitu dia datang, dia -- masuk* harita menéhna datang, harita tuluy asup; **2** tuluyna; saterusna: *setelah dipukul, -- bagaimana Saudara* sanggeus diteunggeul, saterusna kumaha Saderek

**lan.tik, melantik** *vt* ngangkat; ngaresmikeun (biasana make upacara jeung sumpah); ngistrenan: *Gubernur == pejabat baru* gubernur ngistrenan pajabat anyar;
**pelantikan** *n* acara (upacara) ngalantik

**lan. tur, melantur** *vi* nyimpang; sasab; pindah (caritaan, angen-angen, jsb): *kita telah cukup banyak == marilah kembali ke pokok persoalan* urang geus loba nyimpang, hayu balik deui ka poko pasualan

**la.pang** *a* **1** lega; lebar (ngeunaan rohangan, kamar, jsb);
**2** senang; henteu sumpeg: *hatinya --* haténa senang;
**3** senggang; henteu sibuk; henteu répot: *waktu --* waktu senggang; **4** longgar; henteu sempit: *baju anak itu dibuat -- krn dia cepat besar* baju budak dijieun longgar lantaran manéhna gancang gedé;
**melapangkan** *vt* **1** ngajadikeun lega; ngalebarkeun; **2** nyenangkeun (haté); **3** ngalongggarkeun; **4** méré tempat sangkan lega;
**lapangan** *n* **1** tempat at tanah anu lega (biasana rata); alun-alun; tegal; lapang; medan: *== bola* lapang maén bal; *== hijau* tempat diadu (olah raga); *== terbang* lapang terbang(pesawat); *== perang* médan perang; **2** widang (pagawéan, pangaweruh, jsb): *dia bekerja di == pendidikan* manéhna digawé di widang pendidikan

**la.par** *a* ngarasa hayang barangdahar (lantaran beuteung kosong); lapar: *gerak-geraknya spt harimau --* gerak-gerakna kawas maung lapar;
**kelaparan** *a* **1** kakurangan dahar: *pd musim == banyak manusia yg*

*mati* dina usum kalaparan loba jalma nu maot; **2** gering babareuhan ku lantaran kurang dahar; **3** hal lapar

**la. por, melapor** *vi* méré nyaho; ngadu; ngalapor; *dia sudah == kpd yg berwajib tentang pencurian itu* manéhna geus ngalapor ka nu wajib ngeunaan kabangsatan téh;
**melaporkan** *vt* méré nyaho; ngalaporkeun; ngabéjaan: *jangan takut== penyelewengan kpd pemerintah* ulah sieun ngalaporkeun panyaléwéngan ka pamaréntah;
**laporan** naon-naon anu dilaporkeun; warta; béja

**la. puk** *a* **1** aya supaan (jamuran) ku lantaran geus lila: *roti ini sudah--* roti téh geus supaan; **2** buruk, ruksak (lantaran geus kolot); lapuk: *rumah ini roboh krn tiang-tiangnya sudah --* imah teh rubuh ku lantaran tihang-tihangna geus lapuk;
**3** *ki* tinggaleun jaman; kolot (kuno); usang; belél; kelang: *orang tua itu masih menganut paham yg sudah --* éta kolot téh masih nganut paham anu geus tinggaleun jaman; **4** aya hubungannana jeung ancurna bahan-bahan anu asalna tina tutuwuhan jéung sasatoan ku aktivitas jamur jeung jasad renik sejénna;
**melapuk** *vi* jadi lapuk (buruk, ruksak,jsb): *hati-hati lantai jembatan itu sudah ==* ati-ati dasar éta jambatan téh geus ropoh

**la. rai, melarai** *vi* **1** misah; nyapih: *ia berusaha== orang yg berkelahi itu* manéhna usaha misah anu gelut; **2** ngahindarkeun; miceun; nyamplangkeun (ubar, racun, jsb): **obat ini dapat** == *penyakit malaria* ieu ubar bisa ngahindarkeun kasakit malaria

**la.rang, melarang** *vt* maréntahkeun sangkan ulah migawé naon-naon; henteu meunang migawé naon-naon; ngalarang: *ayah == aku pergi ke sana* bapa ngalarang kuring indit ka dinya;
**terlarang** *vi* henteu meunang dipigawé (dilakukan jsb); terlarang: *krn melakukan perbuatan ==, dia dihukum* ku lantaran ngalakukeun pagawéan terlarang, manéhna dihukum

**la. rap** *a* payu; laris

**la. ras** *n 1* (luhur handapna) nada (swara, sada musik, jsb); laras: *kecapi ini agak rendah -- nya* ieu kacapi téh rada handap nadana; **2** kasaluyuan; sasaruaan: *bentuk dan isi sajak itu menunjukkan --* wangun

jeung eusi éta sajak nuduhkeun sasaruaan
**selaras** *a* sarua larasna; saluyu; sapadan; cocog; sarua kaayaanana;
**penyelarasan** *n* prosés, cara, pagawéan, ngalaraskeun; panyaluyuan

**la.ri** *vi* **1** leumpang gancang; lumpat: *setelah ketahuan, pecuri itu -- pontang-panting* sanggeus kanyahoan, bangsat téh lumpat purat-pérot; **2** leungit; ilang: *semangatnya -- menghadapi musuh itu* sumangetna leungit nyanghareupan musuh téh; **3** indit (kaluar) kalawan henteu bener (sah); kabur; minggat: *banyak tahanan yg -- dr penjara* loba sakitan anu kabur ti panjara; *4* indit (pindah) nyalametkeun diri: *krn takut ditangkap, buronan itu -- ke tempat lain* ku lantaran sieun ditéwak, buronan teh indit pindah tempat; **5** arah; tujuan: *polisi mengikuti ke mana -- nya penjahat itu* polisi nuturkeun ka mana tujuanana éta penjahat; **6** *cak* panjangna hiji widang: *ruang itu -- nya empat meter* éta rohangan panjangna opat méter;
**berlari** *vi* leumpang gancang; lumpat: *ia == mengejar anak itu* manéhna lumpat ngudag éta budak;
**melarikan** *vt* **1** mawa lumpat (gancang): *ia == anak yg celaka itu ke rumah sakit manehna gancang mawa budak nu cilaka ka rumah sakit* ; **2** ngajalankeun kalawan gancang: *sopir itu == kendaraannya dgn kecepatan 100km/jam* éta supir ngajalankeun kendaraanana ku kacepetan 100km/jam; **3** mawa kabur: *ia ditangkap krn == gadis dibawah umur* manéhna ditéwak lantaran mawa kabur lanjang di bawah umur

**la.rik** *n* **1** jajaran; dérétan barisan; **2** jajaran (dina sajak); padalisan; pada: *dgn teliti dia membaca -- demi -- sajak* kalawan taliti manéhna maca padalisan demi padalisan éta sajak

**la.ris** *a* payu pisan; gancang payu (hal barang-barang anu dijual); laris; *dagangannya --* daganganana laris

**la.ron** *n* rinyuh nu geus jangjangan; siraru

**la.rut** *a* **1** palid beuki jauh; **2** (beuki) lila; (beuki) jauh: *sementara waktu bertambah --* harita waktu beuki lila;
**3** beuki tambah: *kian hari penyakitnya kian --* beuki lila kasakitna beuki tambah; **4** ancur; jadi cair; larut: *garam cepat -- dl air* uyah gancang ancur dina cai; **5** gumulung rasa (pipikiran): *krn sepi mencekam, kami -- dl pikiran masing-masing* ku lantaran sepi

kacida, kuring saréréa ngaheneng gumulung rasa dina pipikiran masing-masing;
**berlarut-larut** *vi* dilila-lila; diambay-ambay (euweuh pamustunganana): *perundingan itu == sehingga banyak waktu* éta perundingan téh ambay-ambayan nepi ka loba waktu kapiceun;
**melarutkan** *vt* ngajadikeun ancur (larut): *ibu == gula pasir itu dl adonan kue* **ibu ngalarutkeun gula pasir dina adonan kuéh;**
**larutan** *n* **1** larutan (barang cair); cairan; **2** campuran homogen tina zat nu dilarutkeun jeung anu ngalarutkeun

**lar.va** *n* serangga (mangrupa hileud) anu can déwasa anu kakara megar tina endogna; bilatung: -- *nyamuk malaria* bilatung reungit malaria

**las** *n* sambungan (beusi jsb) anu dipanaskeun dina seuneu (nu temperaturna nu tangtu); elas

**la.ser** n berkas sinar anu dikutkeun ku pangaruh tanaga atom nepi ka kakuatnana sababaraha juta kali lipet tina kakuatanana anu biasa

**las.kar** *n* tentara; kelompok soldadu; pasukan laskar;
**kelaskaran** *n* ngeunaan urusan laskar;

**la.so** *n* eurad nu mangrupa tali panjang anu dicangreud mulang at cangreud anu bisa ngésér, biasana dipaké keur ngeurad sasatoan ku cara dialungkeun talina

**la.ta** *v* usik at leumpang ku beuteung; melata: *ular termasuk binatang melata* oray kaasup sato melata

**la.tah** *a* **1** ngarandapan kasakit sarap anu niru-niru kalakuan at omongan nu séjén; géhgéran; **2** kalakuan kawas nu gélo (up ku lantaran kapapaténan ku nu dipikaasih); **3** niru-niru sikep, kalakuan, at kabiasaan jalma at bangsa deungeun (asing): *kita jangan -- thd kebudayaan asing* urang ulah géhgéran kana kabudayaan deungeun

**la.tar** *n* **1** beungeut (bagian luhur); **2** kaca (lambaran buku jsb);
**3** rata; datar; **4** dasar warna (dina kaén jsb); **5** katerangan ngeunaan waktu, rohangan, jeung suasana kajadian kalakuan dina karya sastra
**melatari** *vt* jadi latar: *suasana perang kemerdekaan== novel itu* suasana perang kamerdikaan jadi latar éta novél;
**pelataran** *n* **1** pakarangan imah; buruan; tanah anu geus diratakeun; **2** bagian hareup (tepas) distasion karéta api jsb): **3** dasar warna (dina

lukisan jsb): *lukisan itu dibuat pd== biru* éta lukisan teh dijieun dasar warna biru; **4** hal méré latar

**la.tar.be.la.kang** *n* **1** hiasan (mangrupa pamandangan at musik); kasang-tukang: *drama Sangkuriang itu dipentaskan dgn -- lagu-lagu degung* drama Sangkuriang téh dipéntaskeun maké kasang-tukang lagu-lagu degung; **2** dasar (alesan) hiji tindakan (kalakuan, pagawéan); motif: *-- kejahatan itu masih sedang diusut* motif kejahatan téh masih keneh di usut; **3** katerangan ngeunaan hiji peristiwa pikeun ngalengkepkeun informasi anu geus nyebar saméméhna;
**melantarbelakangi** *vt* nu jadi sababna; ngadorong: *tindakan sewenang-wenang pengusahalah yg == pemogokan buruh* tindakan sewenang-wenang pangusaha anu jadi sababna mogokna buruh

**la.ten**/latén/ *a* nyamuni; kapendem; henteu katénjo: *kita harus waspada thd bahaya -- komunis* urang kudu waspada kana bahaya komunis anu henteu katénjo

**la. tih, berlatih** *vi* **1**diajar jeung ngabiasakeun manéh sangkan mampuh (bisa) migawé naon-naon: *dia menjadi seorang ahli setelah -- bertahun-tahun* manéhna jadi ahli sanggeus diajar enya-enya mangtaun-taun; **2** migawé naon-naon sangkan jadi biasa: *kuda pacu itu sedang == di gelanggang* kuda balap téh keur ngabiasakeun lumpat di pangbalapan;
**melatih** *vt* ngajar jalma jsb sangkan jadi biasa (mampu) migawaé naon-naon; ngabiasakeun diri (diajar); ngalatih;
**terlatih** *vi* bisa (pinter, mampuh) ku lantaran dilatih;
**latihan** *n* **1** hasil dilatih; latihan: *== yg diikutinya sudah bagus* latihan anu diiluanana geus alus; **2** hal latihan; *utk mencapai hasil yg baik == perlu diperbanyak* pikeun ngahontal hasil anu hadé hal latihan perlu dilobaan; **3** atikan keur ngudag kamahéran at kabisa: *== tanpa teori kurang bermanfaat* kamahéran tanpa tiori kurang aya mangpaatna
**pelatihan** *n* **1** proses ngalatih; kegiatan at pagawéan ngalatih: *== yg diberikan belum cukup* pagawéan latihan tacan cukup; **2** tempat ngalatih: *Pusat Pendidikan dan ==* Pusat Pendidikan dan latihan

**la.uk** *n* **1** daging, lauk, jsb (salian ti sayur) anu didahar jadi deungeun sangu; **2** daging at lauk

**la.ut** *n* kumpulan cai asin (dina jumlah anu loba tur lega)anu ngeueuman jeung ngabagi daratan jadi banua at pulo-pulo; laut: *perahu itu berlayar ke* -- éta parahu téh balayar ka laut;

**melaut** *vi* **1** nyarupaan (kawas) laut: *akibat banjir besar sawah-sawah di daerah itu==* akibat banjir gedé sawah-sawah di daérah éta kawas laut; **2** indit ka laut; balayar; *pada musim barat nelayan enggan ==* dina musim barat pamayang horéam indit ka laut;

**lautan** *n* **1** laut anu lega pisan; samudera == *Indonesia Samudera Indonesia*; ==*Pasifik* Samudera Pasifik; **2** *ki* naon-naon anu gédé (loba) pisan: *lautan -- api* lautan seuneu; == *manusia* lautan manusa;

**pelaut** *n* **1** jalma anu digawé balayar di laut; **2** pamayang

**la.va** *n* bahan vulkanis dina kaayaan cair anu kaluar tina kapundan (liang kawah) gunung seuneu; lahar

**la.wak** *a* lucu; jenaka;

**melawak** *vi***1** ngalakukeun anu lucu; ngabojeg;

**pelawak** *n* **1** jalma anu sok ngabojég; **2** jalma anu pagawéanana ngabojég; badut; tukang ngabodor,;' bodor

**la.wan** *n* **1** imbangan; bandingana; tandingan: *permata seindah ini susah --nya* permata sakieu alusna hésé bandinganana; **2** pasangan;babaturan: *wanita —nya mengibing terus beberapa lagu* wanita pasanganana ngibing terus sababaraha lagu; **3** musuh; sateru: -- *tdk dicari, tapi bila bertemu pantang lari* musuh teu ditéangan, tapi lamun panggih pantang lumpat; **4 sabalikna**; nu patukang tonggong; -- kata kaya ialah miskin sabalikna kecap beunghar nyaitu miskin

==manehna jagoan anu euweuh bandinganana; **2** tanding; bertempur: *mereka tdk berani == dgn musuhnya* maranéhna teu wani tanding jeung musuhna;

**berlawanan** *vi* **1** lalawanan; mumusuhan: *dia selalu ==* pendapat manéhna salawasna lalawanan pamendakna; **2** (silih) patukang tonggong; (silih) sanghareup: *mobil yg bertabrakan itu datang dr arah yg ==* mobil anu diadu téh datang ti arah anu lalawanan;

**melawan** *vt* **1** nyanghareupan (perang; gelut, jsb); ngalawan: ***mereka tdk sanggup == musuh sebanyak itu*** manéhna teu sanggup ngalawan musuh nu sakitu lobana; **2** nangtang: *siapa yg berani == dia* saha nu wani nangtang manéhna; **3** saingan harga leuwih murah ti nu séjén

*harga-harga di toko itu* == harga-harga di éta toko saingan ti nu séjén; **4** ngalayanan; ngajak: *saya kurang suka berbicara == dia* kuring teu pati resep nyarita ngalayanan manéhna; **5** nyegah; ngaleungitkeun; *tugas kita == kebodohan dan kemiskinan* tugas urang nyegah sangkan ulah bodo jeung miskin;

**perlawanan** *n* **1** perjoangan; usaha nyegah (nangkis, nahan, jsb): *dia mengadakan == dgn gigih* manéhna ngayakeun perjoangan kalawan daria; **2** pacéngkadan

**la.wat, melawat** *vi* **1** indit-inditan ngadongdon nagri séjén: *== ke negeri lain akan menambah pengetahuan dan pengalaman* ngadongdon ka nagri séjén bakal nambah pangaweruh jeung pangalaman; **2** datang ngalongok (nu gering; nu maot jsb); néang (ngalayad): *dia == tetangga yg sakit* manéhna néang tatangga anu gering;

**lawatan** *n* dongdonan ka nagri séjén: *dl == ke Saudi Arabia Menteri itu singgah di Pakistan* dina dongdonan ka Saudi Arabia Menteri téh sindang di Pakistan

**la.yak** *a* **1** wajar; pantes; layak: *para pegawai ingin hidup* --para pegawé hayang hirup layak; 2 mulya; dihormat: *krn jasanya, dia mendapat kedudukan yg* -- ku lantaran jasana, manéhna meunang kalungguhan anu mulya;

**kalayakan** *n* **1** hal layak (wajar, pantes); kalayakan; **2** hal anu bisa (wajar, pantes) dipigawé;

**selayaknya** *adv* sawajarna; sapantesna; salayakna: *== kita membantu orang yg kena musibah* sapantesna urang ngabantu jalma anu keur musibah

**la.yan, melayani** *vt* **1** ngabantu nyayagikeun (ngurus) naon-naon anu diperlukeun ku nu séjén; ngaladénan; ngalalayanan: ***para pembantu*** *sibuk ==* para tamu para bujang sibuk ngaladénan para tamu; **2** narima ajakan (tangtangan, serangan, jsb): *kita tidak perlu == surat kaleng* urang teu perlu narima surat kaléng; 3 ngadalian; ngalaksanakeun ngagunakeun (mesin, senjata, jsb); *lulusan STM dpt == mesin diesel* lulusan STM bisa ngagunakeun mesin diesel;

**pelayanan** *n* **1** hal at cara ngalayanan; panglayanan: *tamu kita harus mendapat ==* ***yg baik*** tamu urang kudu meunang panglayanan anu hade

**2** servis; jasa: *biro itu bergerak dl == surat-surat kendaraan* éta biro téh bagerak dina jasa surat-surat kendaraan; **3** kalancaran anu dilayanan nu aya patalina jeung jual beuli barang at jasa

**la.yang, melayang** *vi 1* ngapung (jangjangna henteu gerak); ngalayang: *pesawat terbang == rendah* pesawat terbang ngalayang handap; **2** ngapung katiup angin: *atap rumah banyak yg == tertiup angin ribut* hateup imah loba anu ngarapung katiup angin puyuh: **3** *ki* henteu tangtu; henteu puguh (hal pipikiran, perhatian, témbakan, jsb); kakalayangan; *dgn tdk disadari, pikirannya — entah ke mana* kalawan henteu sadar, pikiranana kakalayangan henteu puguh teuing ka mana

**la.yar** *n* **1** kaén kandel anu dibébérkeun keur nadah angin sangkan parahu (kapal) bisa laju; **2** pipinding panutup jandéla (panto jsb); **3** kelir; layar (nu dipaké dina sandiwara, wayang kulit, gambar idup, jsb);

**berlayar** *vi* **1** maké (ngagunakeun) layar: **2** meuntas lautan; indit-inditan maké parahu (kapal); balayar: *pelaut itu sudah == ke mana-mana* éta palaut téh geus balayar ka mana-mana; **3** *ki* maot;

**pelayaran** *n* **1** perjalanan ngaliwatan laut; **2** naon-naon anu aya patalina jeung balayar; seperti: *ilmu ==* élmu palayaran; dinas== dines palayaran; *sekolah ==* sakola palayaran

**la.yat, melayat** *vt* néang, ngalayad kulawarga anu kapapaténan maksudna ngabeberah jeung nyabarkeun haténa: *Ibu sedang == ke rumah tetangga* Ibu keur ngalayad nu kapapaténan ka imah tatangga;

**pelayat** *n* jalma nu datang ngalayad

**la.yu** *a* **1** henteu seger deui (tutuwuhan, daun, kembang, jsb); layu; lusuh: *krn kemarau panjang banyak tumbuh-tumbuhan yg* -- ku lantaran halodo panjang loba tutuwuhan anu layu; **2** pucet Jeung leuleus ku lantaran geus kolot, henteu séhat, jsb: *badannya yang dulu menggairahkan sekarang sudah* -- awakna nu bareto narik ati ayeuna geus pucet jeung laleuleus;

**melayu** *vi* jadi layu: *krn tidak diberi air bunga itu ==* ku lantaran teu dicaian éta kembang téh jadi layu

**la.zim** *a* geus biasa; geus umum (kajadian, dilakukeun, kapanggih, jsb); lajim: *sekarang sudah -- wanita berambut pendek* ayeuna geus umum wanita buukna pondok;

**kelaziman** *n* kabiasaan (anu geus umum): *sudah menjadi == baginya setiap pagi berolahraga ringan* geus jadi kabiasaan keur manéhna unggal isuk olah raga énténg

**le.ak/** léak/*n* bangsa lelembut kajajadén di Bali cenah mangurupa sasatoan (monyét, bueuk, jsb) anu diciptakeun ku jalan mantra

**le.bah** *n* serangga buluan, jangjangna opat anu hirupna tina madu kembang (loba macemna spt — *lalat* nyiruan laleur); nyiruan; tawon

**le.bar/**lébar/ *a* **1** lega; henteu heurin, lébar: *jalan yg dibangun itu --* éta jalan anu dibangun téh lega; **2** rentang hiji widang; lébar: *panjang kavling itu 40 m, —nya 30 m* panjang kavling téh 40 m, lébarna 30 m; **3** lega: *padang pasir itu -- sekali* sagara keusik éta lega pisan;
**pelebaran** *n* prosés, cara pagawéan ngalébarkeun: == *jalan* **menggusur ratusan rumah penduduk** pagawéan ngalébarkeun jalan éta ngagusur ratusan imah padumuk

**Le.ba.ran** *n* poé anu diagungkeun ku umat Islam sanggeus ngalakonan ibadah puasa sabulan dina bulan Ramadan (tanggal 1 Sawal): Idulfitri;
-- **besar** Lebaran Haji; -- **Haji** poé agung panutup upacara ibadah haji (dina tanggal 10 Rayagung); Idul Adha;
**berlebaran** *vi* ngagungkeun (lebaran): *tahun ini dia akan == di kampungnya* taun ieu manéhna arék ngangungkeun (lebaran) di lemburna

**le.bat** *a* **1** loba buahna; leubeut: *pohon mangga itu buahnya --* tangkal buah (manggah) téh buahna leubeut; **2** kandel jeung rapet pisan (rambut, daun, leuweung, jsb); gomplok: *rambutnya hitam dan --* buukna hideung jeung gomplok; *hutan --* leuweung gerot;
**melebat** *vi* jadi (tambah leubeut: *ia membiarkan rambutanana ==* manéhna ngantep tangkal rambutanana tambah leubeut;

**le.bih** *a* **1** liwat ti samistina (dina ukuran,lobana, gedena, jsb); leuwih: *dia merasa -- dr kawan-kawannya* manéhna ngarasa leuwih ti babaturanana; **2** aya sésana; sésa: *kalau dibayar seribu rupiah--nya dua ratus rupiah* lamun dibayar sarébu pérak sésana dua ratus pérak; **3** (dina babandingan nganyatakeun) pisan (ti batan ....): *di sini saya -- senang* di dieu kuring senang pisan; -- *baik membaca dp*

*mengobrol* alus pisan maca tibatan ngobrol; **4** kira-kira sakitu tambah saeutik: *dia pergi seminggu -- lamanya* manéhna indit saminggu leuwih lilana; **5** beuki tambah, beuki .... *kesehatannya sudah -- baik* kaséhatanana geus tambah alus;

**melebihi** *vt* **1** ngungkulan; ngaleuwihan: *ia tidak dapat == kekayaan saudagar itu* manéhna teu bisa ngungkulan kakayaan éta saudagar; **2** nambahan sangkan jadi leuwih: *saya telah == uang permintaannya sebanyak lima ratus rupiah* kuring geus nambahan duit paméntana lobana lima ratus pérak;

**kelebihan** *b* **1** leuwihna; sésana: *== hasil panen di daerah itu menggembirakan petani* leuwihna hasil panén di daérah éta ngagumbirakeun patani; 2 kaleuwihan kaayaanana ti nu biasa; kaunggulan: *segala == murid itu menarik perhatian kepala sekolah* sagala kaunggulan éta murid téh narik perhatian kepala sakola; **3** kaayaan anu loba teuing

**le.bur** *a* **1** ancur; lebur; jadi cair (logam anu dipanaskeun): *baja itu -- bila dipanaskan dlm temperatur tinggi* waja téh ancur (lebur) lamun dipanaskeun dina témperatur luhur; **2** ki ruksak; binasa; punah pisan: *seluruh kampung itu -- oleh gempa yg kuat* sakabeh kampung téh ruksak ku lini anu kuat pisan;

**melebur** *vt* **1** ngajadikeun lebur (ancur); ngajadikeun cair ngalebur (logam jsb): *== timah pd 332°C* ngalebur timah dina *332°C;* **2** ngabubarkeun manéh tuluy ngagabung jeung nu séjén: *beberapa partai politik telah == ke dalam satu wadah baru* sawatara partéy pulitik geus bubar tuluy ngagabung kana hiji wadah anyar;

**peleburan** *n* **1** prosés, cara, pegawéan ngalebur; **2** tempat ngalebur

**le.cet**/lécét/ *a* **1** baseuh (caian); **2** (raheut) boléksék kulitna; **3** raheut geutah bontengan; lécét

**le.ci** *n* buah sebangsa buah léngkéng asalna ti nagri Cina; léci

**le.dak, meledak** *vi* **1** pecah sarta ngabeledug; ngabeledug: *bom yg dilemparkannya == di sasarannya* bom anu dibaledogkeunana ngabeledug disasaranana; **2** timbul perang (revolusi, huru hara, jsb): *perang itu == setelah perundingan gagal* éta perang téh timbul sanggeus perundingan gagal; **3** gumuruh; handaruan (hal keprok, susurakan; panarimaan, jsb): *sambutan hadirin == ketika ia tampil dng lagu yg populer itu* panarimaan hadirin gumuruh handaruan

waktu manéhna tampil ngawihkeun lagu nu keur populer téh; 4 seuseurian ngagakgak: *tawa hadirin pun == melihat tingkah pelawak itu* para hadirin seuri ngagakgak nenjo tingkah bodor téh;
**meledakkan** *vt* **1** ngancurkeun ku barang anu bisa ngabeludug; *mereka telah == gudang itu dgn dinamit* maranehna geus ngancurkeun éta gudang ku dinamit; **2** ngabeledugkeun: *percobaan == bom nuklir* percobaan ngabeledugkeun bom nuklir;
**peledak** *n* naon-naon nu bisa ngabeledug (spt mesiu);
**ledakan** *n* **letusan;**
**peledakan** *n* **1** proses, cara, pegawéan ngaletuskeun: *mereka bertanggung jawab atas == gedung itu* maranéhna tanggung jawab kana pagawéan ngancurkeun éta gedong téh; **2** hal ningkatna jumlah (naon-naon) nu gancang pisan: *== penduduk bisa dikurangi dgn program KB* ningkatna jumlah padumuk bisa dikurangan ku program KB

**le.ga** *a* **1** lega; henteu heurin: *halaman rumahnya cukup --* pakarangan imahna meujeuhna lega; 2 henteu sesek; *kosong: mari kita pindah ke gerbong yg --* hayu urang pindah ka gerbong nu kosong; **3** ngarasa senang (tengtrem); henteu guligah (hawatir) deui: *saya merasa -- mendengar keluarga saya selamat* kuring ngarasa senang ngadéngé kulawarga kuring salamet; *4* senggang; henteu sibuk: *minggu ini saya agak --* minggu ieu kuring rada senggang;
**melegakan** *vt* **1** ngalegakeun; **2** nengtremkeun (nyenangkeun) perasaan

**le.gal** /légal/ *a* saluyu jeung undang-undang at hukum: *perusahaan yg --lah yg mempunyai hak hidup di sini* pausahaan anu saluyu jeung undang-undang anu boga hak hirup di dieu

**le.ga.li.sa.si** / légalisasi/ *n* pangesahan (nurutkeun undang-undang): *keterangan itu di -- oleh yg berwajib* éta katerangan téh disahkeun ku nu wajib

**le.ga.li.tas** / légalisasi/ *n* hal (kaayaan) sah

**le.genda** /legénda/ *n* carita rayat jaman baheula nu aya hubunganana jeung peristiwa sajarah

**le.gen.da.ris** /legéndaris/*a* nurutkeun at saperti legénda; miboga sipat legénda: *Hang Tuah seorang tokoh -- dl sastra lama* Hang Tuah salasaurang tokoh legendaris dina sastra kuna

**le.gis.la.tif** /législatif/ *a* boga wewenang nyieun undang-undang

**le.git** *a* amis pisan; *lapis --* lapis amis pisan

**le.gi.ti.ma.si** /légitimasi/ *n* **1** katerangan anu ngesahkeun at ngabenerkeun yén nu nyekel katerangan bener-bener jalma anu dimaksud; hal sahna; sabenerna; identitas; **2** pernyataan nu salah (nurutkeun undang-undang at saluyu jeung undang-undang; pangesahan

**le.gi.un** *n* pasukan bala tentara

**le.go** /légo/, **melego** *vt cak* ngoperkeun (barang jsb): ngajual jaar: *dia telah == barang-barangnya untuk membayar utang-utangnya* manéhna ngajual jaar barang-barangna keur mayar hutang-hutangna; — **jangkar** *vt* nurunkeun jangkar; labuh jangkar: *kapal itu telah — jangkar di Palabuanratu* éta kapal téh labuh jangkar di Palabuanratu

**le.her** lehér/ *n* **1** bagian badan nu ngahubungkeun sirah jeung awak; beuheung; **2** barang nu bangunna nyarupaan beuheung: — *botol* beuheung botol

**le.jit**, melejit *vi* lumpat (kaluar jsb) kalawan gancang; luncat kalawan gancang: *dia lari == dgn cepatnya* manéhna lumpat kalawan gancang

**le.kang** *a* **1** beulah (kawas tanah kapanasan); reng (h) at: *musim kemarau panjang menyebabkan tanah menjadi --* usum halado panjang nyababkeun éta tanah bareulah; **2** coplok; lepot (kawas cét ku panas); pisah (tina): *pakaian yg satu itu tdk -- dr badannya* papakéan nu ngan hiji téh teu pisah tina awakna

**le.kas** *a* gancang ; buru-buru; henteu dilila-lila; dina waktu singget; anggeus: *pekerjaan itu -- selesai* éta pagawéan téh gancang anggeus; *pergilah --* indit buru-buru

**le.kat (lekat-lekat)** *a* karasa kawas napel lamun dirampa (spt kanji, leuleueur);
**melekat** némpél pisan (nepi ka teu babari lésot): némpél: *daki ini*

*sudah == benar sehingga sukar dibersihkan* daki téh geus némpél pisan nepi ha hésé dibersihkeun; **2** *ki* dalit;
medok; kentel: *persahabatan mereka == benar* sosobatan maranéhna dalit pisan;

**le.kuk** *a* **1** aya elukna; henteu rata tapi aya nu melengkungna (kawas tanah nu dikali); **2** legok kawas topi nu diteken; **3** ngelok ka jero (kawas lensa);
**berlekuk** *vi* ngalombang (kawas tanah); ngelok (kawas topi)

**le.lah** a capé; lesu; leuleus; euweuh tanaga: *ia berbaring utk melepaskan* -- manéhna ngagéléhé keur ngareureuhkeun capé; **melelahkan (memperlelah)** *vi* nyababkeun capé; nyapékeun:
*pekerjaan itu == nya* éta pagawéan téh nyapékeun manéhna; **kelalahan** *n* kacapéan: *krn lari jauh dia ==* ku lantaran lumpat jauh manéhna kacapéan

**le.la.ki** *n* lalaki

**le.lang/** lélang/ *n* cara ngajual di hareupeun urang réa (kalawan tawaran paunggul-unggul) dipingpin ku jurulélang;
**melelang** *vt* ngajual ku cara lélang: *dia telah == perabot rumah tangganya krn akan pidah* manéhna ngalélang parabot rumah tanggana ku lantaran arék pindah;
**pelelangan** *n* proses, cara, pagawéan ngalélang (ngalélangkeun)

**le.lap** *a* **1** leungit; ilang: *semuanya -- dr pandangan* kabéhanana leungit tina panénjo; **2** tibra; henteu sadar diri: *dia tidur --* manéhna saré tibra; **3** lapur (teu beunang di tebus tina gadéan): *cincinnya -- pd akhir bulan ini* cingcinna lapur dina ahir bulan ieu; *4* beku; héés (hal minyak kalapa): *minyak kelapa -- kedinginan* minyak kalapa beku (héés) katiisan;
**terlelap** *vi* kasaréan: *dia == di atas kursi itu* manéhna ka saréan dina korsi éta

**le.le** /lélé/ *n* lauk walungan (cai tawar) sungutna kumisan warna tonggongna hideung (kulawu), beuteungna warnana bodas rada hawuk; lélé, *Clarius melanoderma*

**le.leh** /léléh/ *a* kaayaan nyuruluk lalaunan;

**meleleh/meléléh/** *vi* nyuruluk lalaunan (spt cimata, geutah): *air mata-nya ==* dipipinya cimatana nyuruluk lalunan dipipina

**le.lu.a.sa** *a* lega; bebas; teu kawatesan (kalarang jsb); meunang migawé sakadaék; sakarepna; laluasa: *ia tdk -- lagi menggunakan pengaruhnya* manéhna henteu laluasa deui ngagunakeun pangaruhna

**le.lu.con** *n* caritaan (paguneman jsb) anu pikalucueun; lulucon; guguyon;

**le.lu.hur** *n* nini aki; luluhur; karuhun

**le.mah** *a* **1** henteu kuat; euweuh tanagaan; leuleus: *badannya -- krn baru sembuh dr sakit* badanna laleuleus lantaran kakara cageur tina gering; **2** henteu keras haté; henteu tegas; lemu : *sikap --* teu tegas dina mutuskeun naon-naon; **3** kurang dasarna: *alasan yg --* alesan anu kurng dasarna;
**melemahkan (memperlemah)** *vt* nyababkeun teu kuat: *hal itu == semangatnya* hal éta ngurangan sumangetna (nyababkeun teu kuat sumangetna);
**kelemahan** *n* kaayaan (pasipatan) nu kurang kuat

**le.mak** *n* **1** zat minyak anu aya dina daging; gemuk; gajih: *minyak samin terbuat dr -- unta* minyak samin dijieun tina gajih onta; **2** ngeunah (rasana jsb): *kue itu -- rasanya* éta kuéh téh ngeunah rasana; *perkataannya -- manis* omonganana manis kadéngéna;
**berlemak** *vi* ngandung minyak; ngandung gajih; aya gajihna; *daging yg ==* daging anu gajihan

**le.mang** *n* kadaharan tina ketan nu dicipatian, dipasak dina bung-bung awi; leumeung

**le.ma.ri** *n* peti gede tempat neundeun barang (spt papakean, buku, wawadahan pecah belah, jsb); lomari

**le.mas** *a* **1** babari dielukkeun; lentur (teu kaku): *tongkat rotan yg --* iteuk hoe nu lentur; **2** lemah lembut (tina tingkah laku jsb): *gerak tariannya --* gerak ibinganana lemah lembut; **3** henteu bisa ngambekan (ku gas, titeuleum, jsb): *pekerja itu mati -- dl sumur* éta pagawe téh maot hese ngambekan di sumur;
**melemaskan** *vt* **;** ngaleuleuskeun; ngalembekkeun; **2** ngalemeskeun; migawe sangkan teu kaku: *bersenam pagi == otot* senam isuk-isuk ngalemeskeun urat

**lem.ba.ga** *n* **1** asal mula (nu bakal jadi naon-naon): bakal (sato, manusa, at tutuwuhan); mata holang; **2** wangun (rupa, wujud) anu asli; **3** iketan; ranggeuman (mata ali jsb): **4** badan (organisasi ) nu tujuanana ngalakukeun panalungtikan elmu at ngalakukeun usaha (naon-naon): *Lembaga Basa Jeung Sastra Sunda* Lembaga Basa Jeung Sastra Sunda (LBSS); **5** kapala seler bangsa (di Negeri Sembilan): **6** pola kalakuan manusa nu mapan, diwengku ku interaksi sosial nu tangtu dina ajen anu relevan;
**melembaga** *vi* ngawangun (ngarupaan) lembaga;
**kelambagaan** *n* hal (kaayaan) lembaga;
**perlembagaan** *n* naon-naon nu aya patalina jeung kalembagaan

**le.mbah** *n* tanah handap (di kénca katuhueun walungan, di suku gunung); landeuh; lebak; lémbang

**lem.bap** *a* **1** henteu garing pisan (hal bako jsb): ngandung cai (hal hawa jsb); baseuh; lembék; lembab: *krn hujan kemarin, tanah masih --* ku lantaran hujan kamari, tanah baseuh kénéh; *hawanya sangat —* hawana lembab pisan; **2** henteu tarik sorana, sadana (spt kendang anu kendor); atawa ngageplék: *-- benar gendang itu, jemur dan kuatkan tali pengikatnya* ngageplép pisan sora kendang téh; poékeun jeung tarikan talina;
**melembap** *vi* jadi lembab; jadi besem: *kayu bakar ==* suluh besem;
**melembapkan** *vt* ngajadikeun (nyababkeun) lembab (besem);
**kelembapan** *n* sipat lembab (besem); kaayaan (hawa) nu lembab;
*== udara* réana uap cai anu dikandung ku hawa (udara), bisa di ukur ku higrometer

**lem.bar** *n* **1** benang; tali: *ibarat menyambung -- yg telah putus* ibarat nyambungkeun benang anu geus pegat; **2** kecap bantu (panuduh) wilangan keur barang anu lébar atawa ipis, panjang (papan, keretas, séng, buuk,jsb); lambar: *dua-- daun (kertas, kain, layar, dsb);* dua lambar daun (keretas, kaén, layar, jsb);
**lembaran** *n* **1** lambaran (daun, keretas; jsb): *dituliskan pd == kertas* dituliskeun dina lembaran keretas; **2** bagian penting, hareup (kénca, bagian dina koran jsb) *peristiwa itu dicatat dl == sejarah* éta peristiwa téh dicatet dina lambaran (bagian penting) sejarah; *kabar itu termuat dl == pertama* éta béja téh dimuat dina kaca (bagian) kahiji

**lem.ba.yung** *n* **1** tutuwuhan anu ngareuy, kembangna wungu. *Basella rubra;* **2** sinar layung anu hurung konéng; lumayung

**lem.bek** /lembék/ *a* **1** kaayaan leuleus (spt sangu, bubur, jsb); lembek: *ia sudah boleh makan nasi yg --* manéhna geus meunang ngadahar sangu leuleus; **2** kurang teuas; rada hipu spt bantal jsb) : *bantalnya -- sekali* bantalna hipu pisan; **3** kendor; kurang heuras, henteu jegjreg (spt tali, per, jsb); lembek: *per mobil itu sudah --* per mobil téh geus lembék; **4** kurang (henteu) sumanget: *ia bermain sangat --* manéhna maén kurang sumanget;
**kelembekan** *n* hal (kaayaan) lembék

**lem.bing** *n* **1** tumbak pondok; tohok; **2** tumbak kayu at awi leutik panjang anu congona maké logam seukeut pikeun olah raga atletik (ku cara dilempagkeun sing jauh); lembing

**lem.bu** *n* sapi

**lem.bur** *n* pagawéan dines anu dilkasanakeun di saluareun jam (waktu) dines; lembur: *hari ini tidak ada --, semua karyawan pulang* poe ieu euweuh lembur, kabéh karyawan balik;
**melembur** *vi* migawe pagawéan di saluareun jam (waktu) dines; ngalembur: *kadang-kadang ia == di tempat kerjanya* sakapeung manéhna ngalembur di tempat pagawéanana

**lem.but** *a* **1** hipu jeung lemes( henteu teuas); leuleus (henteu kaku, babari dilentukkeun); *kulit bayi --* kulit orok lemes; **2** *ki* lemes jeung ngeunah kadéngéna; henteu kasar: tutur katanya lemes omonganana; **3** henteu tarik at henteu melengking (hal sora, sada); halimpu: *penyanyi itu suaranya --* éta nu ngawih teh sorana halimpu; **4** hadé haté (alus budi basana); henteu bengis; teu gedé ambek; lemes haté;
**melembutkan** *vt* ngajadikeun lemes (lembut); ngalembutkeun;
**kelembutan** *n* kalemesan (budi pakarti jsb)

**lem.par** /lémpar/*v* piceun sing jauh;
-- *batu sembunyi tangan, pb* migawé kurang hadé ka batur, tuluy api-api henteu nyaho;
**melempar** *vt* **1** miceun nepi ka jauh; ngalungkeun; malédog (ku): == *buah mangga dgn batu* malédog buah manggah ku batu; == *burung dgn kerikil* maledag manuk ku karihkil;

**melemparkan** *vt* **1** malédogkeun : *ia == batu ke kolam* manéhna malédogkeun batu ka balong; **2** nuduh, ngaluarkeun (tuduhan, kritik, jsb): *ia == tuduhan yg bukan-bukan* manehna ngaluarkeun tuduhan nu lain-lain;

**lemparan** *n* hasil malédog *== cakram atlet itu 25 meter* hasil malédog cakram éta atlit téh 25 méter

**pelempar** *n* **1** jalma anu malédog; pamalédog: *siapa == nya hingga kaca-kaca ini pecah belum diketahui* saha pamalédogna nepi ka ieu kaca-kaca pareupeus acan kanyahoan

**lem.peng** /lémpéng/ *a* **1** mébér kawas bata ipis; lémpéng: *tembakau --* bako lémpéng; **2** ngaran kadaharan (dijieun tina tipung béas, ipis jeung gépéng bangunna); **3** lémpéng (beusi, kaca, jsb) anu ipis; **4** bagian kulit bumi (dina antara 50 - 250 km kandelna anu ampir tegar, tapi masih bisa bagerak; **5** bagian awak sisi kénca katuhu antara kélék jeung bujur

**lem.peng** *a* **1** cepet pisan; lempeng (henteu bengkok): *jalan ini -- tidak berbelok-belok* jalan ieu lempeng, henteu pungkal-péngkol; **2** cak buleud (dina jumlah duit)

**lemper** *n* kadaharan tina béas ketan anu disangu di jerona dieusian ku daging cincang (biasana dibungkus ku daun cau) lemper: *-- abon* lemper abon

**le. na** /léna/ *a* **1** tibra; **2** henteu sadar; balangah; lalawora; **3** lila" *tidak -- antaranya* henteu lila antarana; **4** lalaunan: *meminta agar berjalan --* ménta sangkan leumpang lalaunan;

**terlena** *vi* **1** kasaréan; nundutan tuluy saré: *krn kecapaian, dia == di atas kursi panjang itu* ku lantaran kacapean, manéhna kasaréan dina korsi panjang éta; **2** kalalaworakeun: *jagalah adikmu baik-baik jangan sampai ==* jaga adi manéh sing bener ulah nepi kalalaworakeun; **3** senang-senang; kangeungseunahan: *ia == mendengar alunan musik itu* manéhna senang-senang ngadéngé alunan éta musik téh

**len.ca.na.** *n* tanda anu winangun medali ( bandera leutik, pita dicakrakeun, jsb) anu dipasang dina papakéan (bagian dada) minangka tanda pakumpulan, panitia, jsb; lencana: *di dada setiap anggota panitia tersemat -- pita merah* di dada unggal anggota panitia diseumatkeun lencana pita beureum

**len.dir** *n* barang cair anu matak rapet jeung leueur (kawas lého, reuhak); leuleueur;
**berlendir** *vi* aya (ngaluarkeun) leuleueur: *hidung kera itu ==* irung monyét téh ngalurkeun leuleueur

**lengah** /léngah/ *a* **1** kurang perhatian; teu ati-ati; lalawora;kurang awas: *jangan -- bila berjalan di tempat ramai* ulah lalawora lamun leumpang di tempat ramé; **2** malés (barang gawe jsb): -- *belajar* males diajar;
**terlengah** *vi* **1 kapopohokeun; kalalaworaken; henteu merhatikeun;** *ketika ia == barangnya hilang* basa manéhna henteu merhatikeun, barangna leungit; **2** jongjon ngalakukeun naon-naon nepi ka poho kana naon-naon; kajongjonan: *krn == bermain catur, pisang yg digoreng itu gosong* ku lantaran kajongjonan maén catur, cau anu digoréng téh tutung;
**kelengahan** *n* **1** kaalpaan: *kebakaran itu akibat == penjaga malam* kahuruan éta téh akibat kaalpaan nu jaga malem; **2** kaayaan nganggur (henteu migawé naon-naon): *== merupakan pangkal segala kejahatan* kaayaan nganggur mangrupa poko sagala kajahatan

**le.ngan** *n* **1** anggota badan tina pigeulang nepi kana taktak; leungeun; **2** suku hareup (sasatoan nu sukuna opat): -- kuda leungeun kuda; **3** *ki* bagian barang anu nyurupaan **leungeun**: -- *kursi* leungeun korsi

**le.ngang** *a* **1** tiiseun; sepi; henteu ramé; henteu réa jalma (di kampung, pésta, jsb): -- *rasanya bila anak-anak tdk di rumah* tiiseun karasana lamun barudak henteu di imah; **2** henteu sibuk; coréngcang: *sehari setelah lebaran di kantor masih* -- sapoé sanggeus lebaran di kantor coréngcang kenéh; 3 karasa sepi (ku lantaran euweuh batur, auweuh pagawean, jsb): *di rumah ini terasa -- krn ia sendirian dan tdk ada kesibukan* di ieu imah karasa sepi lantaran manéhna sorangan jeung euweuh kasibukan;
**kelengangan** *n* hal (kaayaan) sepi, tiiseun

**leng.gang.** /lénggang/ *n* **1** gerakan ayunan leungeun (dina keur leumpang); **2** gerakan angkleung-angkleungan (kapal jsb): *elok -- di tempat datar, pb* ngarasa senang haté kudu di tempat nu samistina (nu layak);
**melenggang** *vi* **1** ngayunkeun leungeun dina keur leumpang; **2** *ki* henteu mawa barang naon-naon: *ia datang ke perjamuan itu == saja*

menéhna datang ka éta riungan dahar téh henteu barang bawa nanaon, ngalénggang baé

**leng.kap** *a* **1** lengkep (euweuh kakuranganana);' kumplit: *tuliskan nama -- di sini* tuliskeun ngaran lengkep di dieu; **2** sagala-sagalana geus sayagi; maké alat senjata nu sampurna: *di toko itu dijual barang serba* -- di éta toko dijual barang sagala aya; *persenjataannya sudah* -- hal senjatana geus sampurna;
**melengkapi** *vt* nambah naon-naon sangkan lengkep: *meja sudut itu utk == ruang tamu* méja juru téh keur ngalengkepan rohangan tamu;
**pelengkap** *n* naon-naon anu dipaké pikeun ngalengkepan anu kurang at keur ngalengkepan;
**kelengkapan** *n* 1 lengkep; kalengkepan; kakumplitan; **2** naon-naon anu geus disayagikeun (dilengkepkeun) pikeun balayar (perang jsb); **3** *ki* armada

**leng.ket** /léngkét/ *a* napel; nempel pageuh: *oli itu -- pd bajunya* éta oli téh napel kana bajuna

**leng.king** *n* sora (sada) bedas jeung tarik, biasana sora jeritan manusa at sasatoan, at sora barang paéh dina gaya basa personifikasi; jeritan: -- *binatang itu menakutkan* jeritan éta sato téh pikasieuneun;
**melengking** *vi* ngajerit bedas jeung tarik: == *spt ringkik kuda lepas kendali* ngajerit kawas sora kuda lésot kadali

**leng.kung** a eluk at naon-naon anu melengkung kawas gondewa: -- *jembatan* lengkung jambatan; -- *langit* pelengkung langit
**melengkung** *vi* melengkung kawas gondéwa;
**lengkungan** *n* b widang (sisi, gujarat) anu melengkung: *bagian atas pintu itu berbentuk* == bagian luhur panto téh winangun lengkungan; **2** hasil melengkungkeun; naon-naon anu dipelengkungkeun

**len.sa** / lénsa/*n* kaca buleud melengkung (kawas kaca potrét, kaca kéker; lénsa

**len.so** /lénso/ *n* ibingan ti daérah Maluku anu maké saputangan

**len.té.ra** /lentera/ *n* lampu anu ditutup ku kaca (lampu sepedah, lampu délman, jsb); lantéra

**len.tik** *a* **1** melengkung ka luhur at ka tukang (kawas imah Minangkabau); centik: *bulu matanya panjang dan* -- bulu panonna panjang jeung centik

**len.tur** *a* eluk (dina barang nu diperlengkungkungkeun); 2 biasan sinar (spt anu asup ka cai);
**kelenturan** *n* hal (kaayaan) elukan

**le.nyap** *a* **1** leungit; musnah -- *dr pandangan* leungit tina panénjo; **2** tibra: -- *tidurnya* tibra saréna;

**melenyapkan** *vt* ngaleungitkeun; ngamusnahkeun

**le.pas** *a* **1** henteu dicangcang; leupas: *kuda itu -- sehingga dapat lari ke mana-mana* kuda téh leupas nepi ka bisa lumpat ka mana-mana; **2** henteu ditalian: *anjingnya* -- anjingna henteu ditalian; **3** kabur tina kandang (kurung jsb): *burung perkututnya -- entah terbang ke mana* manuk tikukurna kabur teuing hiber ka mana; **4** ngaloloskeun diri; kabur: *tahanan yg -- itu sudah tertangkap lagi* sakitan anu ngaloloskeun manéh téh geus katéwak deui; **5** bébas tina hukuman: *ia baru saja -- dr penjara* manéhna kakara bébas tina penjara; **6** euweuh sangkut pautna deui; euweuh iketan deui: ia sudah --, *kontrak kerjanya sudah habis* manéhna geus euweuh iketan deui, kontrak gawena geus béak; **7** copot *sekrupnya* -- sekrupna copot; **8** *punglak:* giginya -- huntuna punglak; **9** bebas; mandiri: *anaknya sudah dewasa, dia sudah* -- dr orang tuanya anakna geus bébas (mandiri) ti kolotna; **10** henteu napel deui; leungit: *peristiwa itu tdk pernah -- dr ingatannya* éta peristiwa téh teu perenah leungit tina ingetanana; **11** sanggeus; sabada: -- *sembahyang subuh, dia berangkat ke tempat kerja* sabada salat subuh manéhna indit ka tempat gawé;
**melepas** *vt* **1** ngajadikeun (nyababkeun) leupas; ngantep (indit, balayar, dibeuli, jsb): *berat hatinya == dia pulang* beurat haténa ngantep manéhna balik; **2** nganteurkeun jalma (indit, balayar, nyaba, jsb); == *dia kepelabuhan udara* nganteurkeun manéhna ka palabuan udara; **3** mecat; ngeureunkeun (tina pagawéan): **mandor itu akan ==** *pekerja yg malas* mandor téh arék mecat pagawé anu maales;
**melepaskan** *vt* **1** ngajadikeun leupas (teu kaiket, kaluar tina kurung, jsb): *dia == merpati itu dr kandangnya* manéhna ngaleupaskeun éta japati tina kandangna; **2** *ki* ngedalkeun, ngaluarkeun (eusi haté, cinta, kaasih, kasono, jsb); **3** *ki* males (kanyeri haté, dengdem); *ia berbuat kejam sekedar* == sakit hatinya manéhna migawé kejem sakadar males kanyeri haténa; **4** *ki* ngaluarkeun (kritik, tuduhan, se

rangan, jsb): *ia selalu == kritik membangun kpd yg berwajib* menéhna salawasna ngaluarkeun kritik ngawangun ka nu berwajib; **5** *ki* miceun, ngaleungitkeun , at ninggalkeun (tina harepan, maksud, tujuan): *berusaha == niat yg kurang baik usaha* ninggalkeun niat nu kurang; hadé; **6** *ki* nyalametkeun at ngahindarkeun (tina bahaya): *kita harus berusaha == diri dr bahaya narkotik* urang kudu usaha nyalametkeun diri tina bahaya narkotika; **7** *ki* nyugemakeun haté; ngabudalkeun (kakeuheul jsb): *ia menjerit dan memukul dinding utk == kekesalan hatinya* manéhna ngajerit jeung neunggeul dinding keur ngabudalkeun kakesel hatena;

***terlepas*** *vi* **1** geus leupas; geus dilepas (tina iketan jsb); copot: *ikatannya ==* beungkeutanana lesot; **2** *ki* kasinglar (tina bahaya jsb): *ia bersyukur krn == dr bahaya* manehna misukur ku lantaran kasinglar tina bahaya; **3** leungit; musanah; jadi poho (ingatan): *hal itu tdk akan == dr ingatannya* hal éta moal leungit tina ingetanana; **4** *ki* lésot tina pamuntangan (iketan): *dia == dr pegangannya sehingga jatuh* manéhna lésot tina pamuntanganana nepi ka labuh: **5** bébas (tina kawajiban); euweuh tanggung jawab deui: *dia == dr kewajiban membayar pajak* manehna bébas tina kawajiban mayar pajeg

**le.pot** /lepot/, **berlepotan** *vi* bobolokot (ku leutak jsb): *pekerja di sawah itu == dng lumpur* pagawé di sawah téh bobolokot ku leutak

**lep.ra** /lépra/ *n* kasakit kusta

**le.puh** *a* bareuh ngandung cai (up dina kulit nu kaduruk jsb);

**melepuh** vi bareuh, melendung ngandung cairan: *kakinya == krn menginjak* bara sukuna bareuh, melendung ngandung cairan lantaran nincak ruhak

**le.rai** *a* pisah; sapih

**melerai** *vt* **1** misah, nyapih (tina papaséaan); **2** nengtremkeun (perasaan haté, katugenahan)

**le.reng** /léréng/ *n* **1** bagian sisi dina buleudan barang nu gépéng (spt duit, gilinding, jsb): -- *uang ratusan logam bergambar garuda* sisi duit ratusan logam gambaran garuda; **2** sisi (widang, tanah) anu mayat at miring; lamping: -- *gunung* lamping gunung

**le.sap** *v* leungit; jadi euweuh: *air itu -- diisap tanah* éta cai leungit diisep tanah;

**melesap** *vi* ngaleungit saeutik-saeutik (sora, gambar);
**terlesap** *vi* jadi ngaleungit (euweuh);
**pelesapan** *n* hal (kaayaan) leungit

**les.bian** /lesbian/ *n* wanita anu birahi ka sasama jinisna (ka wanita deui); wanita homoséks

**les.ta.ri** *a* tetep spt kaayaan mimiti; henteu barobah; langgeng;
**melestarikan** *vt* ngajadikeun (ngantep) sangkan tetep henteu barobah, ngantep spt kawas mimiti; mertahankeun kalangsunganana: *kita harus pandai == peninggalan sejarah* urang kudu bisa mertahankeun kalanggengan titinggal sajarah;
**pelestarian** *n* ngajaga tina karusakan at kamusnahan; pangawétan; konservasi: == ***sumber-sumber alam*** ngajaga tina karuksakan *sumber-sumber alam;*
**kelestarian** *n* hal (kaayaan) nu tetep kawas mimiti; kaayaan anu henteu robah-robah: *kita harus menjaga == alam* urang kudu ngajaga kalanggengan alam

**le.su** *a* **1** ngarasa leuleus jeung capé; lesu; **2** ki lemah jeung sepi (dina perdagangan); **3** henteu sumanget (dina pertandingan);
**kelesuan** *n* kakurangan tanaga; kalesuan
**le.sung** *n* kai panjang legok paranti nutu; lisung

**le.tak** *n* **1** tempat ayana naon-naon: *di mana -- rumahnya* di mana tempat imahna; **2 duduk perkarana;** ***coba jelaskan bagaimana -- perkaranya*** cing jelaskeun kumaha duduk perkarana;
**meletakkan** *vt* **1** nempatkeun; neundeun: *ia == bukunya di atas meja* manéhna neundeun bukuna dina luhur méja; **2** ninggalkeun; henteu ngalaksanakeun deui: *krn gagal, ia == jabatannya* ku lantaran gagal manéhna ninggalkeun jabatanana; 3 netepkeun; Pemerintah telah== *undang-undang perpajakan thd barang-barang mewah* Pameréntah geus netepkeun undang-undang perpajegan keur barang-barang mewah;
**terletak** *vi* aya (di); tempatna (aya di); kapanggih (di):*Indonesia == di daerah khatulistiwa* Indonesia tempatna aya di daérah hatulistiwa;
**peletakan** *n* hal nunda (neundeun, nempatkeun == *batu pertama dilakukan Bapak Gubernur* hal nempatkeun batu munggaran dilakukeun ku Bapa Gubernur

**le.tih** *a* euweuh tanaga (lantaran kakara anggeus digawé beurat jsb); capé; leuleus: *sehabis mendaki gunung badan kami terasa* -- sekali sanggeus unggah gunung awak kuring saréréa karasa capé pisan; **keletihan** *n* dina kaayaan capé, leuleus, euweuh tanaga; kacapéan; kapayahan

**le.tup, meletup** *vi* ngabeletuk; pecah sarta ngaluarkeun sada; ***letupan*** *n* letusan; ledakan

**le.tus, meletus** *vi* **1** pecah ngadadak ku lantaran aya kakuatan at tanaga anu kuat nepi ka ngaluarkeun sada nu tarik; ngabeledug: *gunung itu* == gunung teh ngabeledug bitu; **2** *ki* pecah (peperangan, papaseaan, jsb): *pd waktu itu perang* == dina waktu éta perang pecah; **letusan** *n* hal, cara ngabeledug; beledugna

**le.u.ke.mi.a** /léukemia/ *n* kasakit nahun lantaran hiji tipe léukosit henteu matang anu mekar galak pisan dina sumsum tulang at kelenjar limpa, anu tuluy nyebar ka bagian badan séjénna; kanker darah

**le.u.ko.sit** /léukosit. *n* sél darah putih; sél-sél darah tanpa warna (fungsina ngabinasakeun bakteri)

**le.vel** /lével/n tingkat (an); lapisan: *harga rumah murah itu masih jauh dr jangkauan masyarakat -- menengah harga* éta imah murah téh jauh kénéh tina udagan masarakat tingkat panengah

**le.ver** /léver/ *n* ati: *penderitaan sakit -- tidak boleh makan yg berlemak* nu gering ati (léver) teu meunang ngadahar anu gajihan

**le.ve.ran.sir** /léveransir/ *n* jalma at pausahaan anu pancénna nyadiakeun bahan-bahan kaperluan, boh mangrupa kadaharan boh bahan ba ngunan at nu séjénna

**le.wat** /léwat/ *v* **1** liwat; via: *kereta api Jakarta Surabaya -- Semarang* karéta api Jakarta Surabaya liwat Semarang; **2** (nu geus) kaliwat: *waktu yg* -- waktu nu geus kaliwat; **3** leuwih: *pukul satu -- lima menit* tabuh satu leuwih lima menit; **4** saenggeus: -- *tengah malam* saenggeus tengah peuting; **5** kacida; pisan: -- *jenuh* kacida jenuhna; **melewati** *vt* **1** ngaliwatan: *jangan bekerja == kemampuan* ulah di-gawé ngaliwatan kamampuhan; **2** nempuh: == *jalan yg berliku-liku* nempuh jalan pungkal-pengkol;

**kelewatan** *n* kacida teuing; kaliwatan; kaleuwihan: *anak itu nakalnya sudah* == éta budak téh bangorna geus kaleuwihan teuing

**le.zat** *a* ngeunah; nimat (dina rasa kadaharan at inuman);
**kelezatan** *n 1* kangeunahan; kanimatan; 2 kalangenan; kacida resepna;
== **hidup** kagumbiraan hirup; kabagjaan

**li.ang** *n* liang leutik

**li.ar** *a* **1** euweuh nu miara; henteu dipiara (sato); liar: *binatang -- tidak ada yg memilikinya* sato liar euweuh nu ngabogaan; **2** henteu (acan) lindeuk: *burung ini masih --* ieu manuk téh acan lindeuk; **3** henteu tenang (panénjo matana); galak; *matanya -- memandang ke kiri kanan* panonna galak nénjo ka kénca katuhu; **4** henteu teratur; henteu nurutkeun aturan: *sikap dan tingkahnya --* sikep jeung tingkahna teu nurutkeun aturan; **5** acan beradab: *orang --* jalma acan beradab; **6** henteu resmi ditunjuk at diaku ku nu boga wewenang; tanpa ijin resmi ti nu boga wewenang; teu boga ijin usaha, ngadegkeun, at ngawangun, jsb): *pedagang --* padagang liar; *rumah --* imah nu euweuh ijinna;

**li.at** *a* **1** henteu kaku, tapi teu bobari potong at pegat; liat: *daging yg --* daging nu liat; **2** cepel; kentel pisan: *adonan ini -- sekali* ieu adonan téh kentel pisan; *tanah yg --* tanah nu cepel; **3** *ki* teu babari éléh; **4** *ki* hésé at embung mayar hutang

**li.bat, melibatkan** *vt* ngajadikeun milu kasangkut (kabawa, kalibet) dina hiji masalah: *dia == diri ke dl kegiatan pemuda karang taruna* manéhna ngalibetkeun diri kana kagiatan pamuda karang taruna;
**terlibat** *vi* **1** kasangkut; milu kababawa dina hiji masalah: *ia == perkara pencurian itu* manéhna kasangkut perkara kamalingan; **2** kabeulit: *lehernya == kain putih* beuheungna kabeulit kaén bodas
**keterlibatan** *n* hal (kaayaan) kalibet, kasangkut

**li.be.ral** *a* **1** boga sipat bébas; **2** boga wawasan bébas (lega jeung terbuka)

**li.bur** *a* bébas tina digawé at asup sakola; peré; libur;
**berlibur** *vi* **1** ngalaman bébas tina digawé (sakola); **2** indit (senang-senang, ngarinéhkeun manéh, jsb) meakkeun waktu libur, nga-

lakonan peré (pakansi, libur): *kami sekelas == ke Puncak selama tiga hari* kuring sakelas ngadon libur ka Puncak salila tilu poé

**li.cik** *a* **1** loba akal nu goréng; pinter nipu; curang; licik; **2** *ki* leueur;

**kelicikan** *n* kapinteran muter balikkeun omongan; kacurangan; kalicikan: *ia terpaksa menggunakan ==nya utk menjebak lawannya* manéhna kapaksa ngagunakeun kalicikanana keur ngajebak lawanna

**li.cin** *a* **1** henteu kasar; lemes; minyakan at leueur (kawas belut): *ia tergelincir krn jalan --* manéhna tisolédot lantaran jalan leueur; **2** henteu jadi nanaon (bitis teu buluan, kumis dikurud); **3** henteu karejut (papakéan): *pakaiannya -- krn diseterika* pakéanana teu karejut (ledeng) sabab diistrik; **4** *ki* beak pisan (harata jsb); **5** pinter nipu (muter balikkeun omongan jsb); licik; **6** teu babari katéwak: *pencuri yang --* bangsat nu teu gampang katéwak;

**melicinkan** *vt* gaminyakan (ngalemeskeun, ngaistrika, jsb) sangkan licin;

**pelicin** *n* **1** naon-naoun nu dipaké keur ngalicinkeun; **2** *ki* duit at barang nu dibikeun saméméhna sangkan urusan jadi lancar: *ia terpaksa memberi uang == agar urusannya cepat selesai* manéhna kapaksa méré duit panglancar sangkan urusanana gancang anggeus

**li.dah** *n* **1** alat anu aya dina sungut nu bisa gerak kalawan gampang, gunana keur ngalétak, ngarasa, jeung nyarita; létah; **2** naon-naon at bagian barang anu nyarupaan (boga sipat jsb) kawas létah (panjang, rada ipis, bagerak kawas létah, jsb): *-- api* létah seuneu; *-- kain* létah kaén; **3** *ki* omongan; caritaan: *manis dan fasih -- nya* manis jeung paséh omonganana

**li.di** *n* gagang (tulang) daun kalapa (kawung jsb); nyéré

**li.ga** *n* perserikatan (beungkeutan, permusawarahan) antara sababaraha nagara ( up Liga Bangsa-bangsa)

**li.hai** *a* **1** pinter; parigel; bisa (nipu): *dia sangat -- memperdayakan lawannya* manéhna pinter pisan ngécoh lawanna; **2** seukeut (dina senjata);

**kelihaian** *n* kapinteran; kaparigelan: *memerlukan == khusus bagi sopir yg melalui jalan curam itu* merlukeun kaparigelan husus keur supir anu ngaliwat jalan gurawes téh

**li.hat, melihat** *vt* **1** ngagunakeun panon keur nénjo (merhatikeun): *saya == dia berjalan bersama temannya* kuring nénjo manéhna leumpang jeung baturna; **2** lalajo: *ayah == sepak bola itu di stadion* bapa lalajo maén ba; di stadion; **3** nganyahokeun; ngabuktikeun: *saya ingin == kemampuannya mengemudi mobil* kuring hayang ngabuktikeun kamampuhanana ngamudi mobil; **4** nilik: *== gelagatnya, saya tdk berani meminjam uang* nilik galagatna, kuring henteu wani nginjeum duit; **5** ngaramal: *ahli nujum itu sedang == peruntungannya* éta ahli nujum téh keur ngaramal peruntunganana; **6** ngalongok (nu gering); néang: *saya == anak yang sakit itu di rumah* sakit kuring ngalongok budak anu gering téh di rumah sakit; rumah sakit;

**memperlihatkan** *vt* nitah nénjo; némbongkeun;

**penglihatan** *n* **1** prosés, cara, pegawéan nénjo; **2** naon-naon anu diténjo; pamandangan; panénjoan; **3** *cak* indra pikeun nénjo: *==nya masih baik* indra panénjona hadé kénéh;

**kelihatan** *n* **1** katénjo; bisa diténjo; **2** kabuktian

**li.ku** *n* péngkolan; eluk; liku: *jalan di pegunungan banyak -- nya* jalan di pagunungan loba pengkolanana;

**berliku-liku** *vi* **1** loba tikungan; pungkal-pengkol: *balapan motor itu menempuh jalan yg ==* balapan motor téh nempuh jalan nu pungkal-péngkol; **2** *ki* bulat-beulit: *urusan itu jadi panjang dan == sukar penyelesaiannya* éta urusan téh jadi panjang jeung bulat-beulit, hésé nganggeuskeunana

**li.kui.da.si** *n* prosés ngabubarkeun pausahan sabagi badan hukum nu ngawengku mayar kawajiban ka para kriditor jeung pembagian harta nu nyésa ka nu nyekel saham (persero)

**li.lin** *n* **1** bahan nu dijieun tina parafin, babari lééh lamun dipanaskeun, bisa dijieun palita jeung/ atawa pikeun ngabatik; lilin; **2** bahan nu ngandung gajih, cepel, jadi kentel, lééh lamun kapanasan, dicitak jadi rupa-rupa bangunna pikeun alat ngarah caang (lamun diseungeut, maké sumbu) atawa bisa dijieun cocooan; **3** ngaran satuan kuat cahaya (hiji lilin = 12. 56 lumen); **4** hidrokarbon padet nu boga titik cair handap jeung babari larut

**li.lit , melilit** *vt* **1** meulit; ngabeulit; *ular == di dahan kayu* oray ngabeulit kana dahan kai; **2** ngabalut; ngabébér; ngalilit; *== luka dgn kain*

ngabébér raheut ku kaén; **3** ngarasa mules (beuteung): *perutnya* == beuteungna murilit;
**melilitkan** *vt* meulitkeun; ngabébérkeun; murilitkeun
**lilitan** *n* naon-naon anu dililitkeun; lilitan

**li.ma** *num* **1** ngaran bilangan keur lambang bilangan asli 5 (angka Arab) kaopat saméméh kegenep; **3** urutan langsung sanggeus opat saméméh genep'
**berlima** *vi* babarengan limaan: *rumah itu didiami* == éta imah dicicingan ku limaan babarengan

**li.man** *n* gajah

**lim.bah** *n* **1** sésa prosés produksi; **2** cai pamiceunan pabrik; limbah: -- *pabrik mencemarkan air di daerah sekitarnya* limbah pabrik nyemarkeun (ngotoran, ngaruksak) daérah sabudeureunana;
**pelimbahan** *n* tempat handap at liang (lombang) nu ngahaja dijieun pikeun miceun cai kotor jsb.

**lim.bang** *v*, **melimbang** *vt* ngumbah (emas, inten, beas, jsb) ku cara ngayak dina nyiru: *banyak orang == intan disungai* réa jalma ngayak intek (maké nyiru) di walungan

**lim.bur** *v*, **melimbur** *vt* ngeueuman, ngabanjiran: *pantai ini rusak krn pasang selalu == nya* ieu basisir ruksak lantaran pasang salawasna ngabanjiran baé

**lim. fa** *n* **1** organ badan ayana dina rongga beuteung beulah kénca rada luhur, anu ngahasilkeun cairan nu ngabantu pencernaan kadaharan jeung ngaberesihan getih; limpa; 2 cairan (geutah) hérang anu aya dina jaringan jeung saluran limfa; geutah bening (hérang)

**li.mit** *n* wates (saréa-réana at sakurang-kurangna); limit (waktu)

**li.mitasi** *n* pangawetésan, watesna)

**lim.pah** *n* kahadéan (kamurahan) haté: *dia memohon belas kasihan dan -- kepadamu* manéhna ménta sih piwelas jeung kahadéan haté manéh;
**berlimpah** (**-limpah**) *a* loba pisan; leuwih ti kaperluan: *rezekinya* ==rejekina loba pisan (leuwih ti kaperluan);

**melimpah** *vi* **1** lébér nepi ka bahé ku lantaran pinuh pisan; mudal: *pd musim hujan air sungai == menggenangi daerah itu dina usum hujan pisah: makanan dl pesta itu ==* kadaharan dina éta pesta kaleuwihan (loba pisan; datang kacida réana (hal paméré, cinta, kasih, jsb): *kebaikan Saudara yang == tidak akan kami lupakan kasaéan Sadérék anu sakitu seueuma moal matak hilap;*
anu sakitu seueuma moal matak hilap;
***limpahan*** ***n*** naon-naon anu dibikeun jsb; barang (hal) anu dilimpahkeun

**li.nang, berlinang (-linang)** *vi* **1** nyuruluk (cipanon); ngembeng: *air matanya ==* cipanonna ngembeng (nyuruluk) **2** hérang gugurilapan: *rambutnya == krn digosok dng minyak* buukna hérang gugurilapan lantaran dikosok ku minyak

**lin.cah** *a* **1** salawasna bagerak; henteu daék cicing; gélényé: *anak yg sehat biasanya --* budak anu séhat biasana salawasna bagerak; 2 henteu tetep (tempat matuh, pikiran, jsb); mindeng pindah pagawéan jsb; benclang-benclung: *dia benar-benar orang --, baru bekerja seminggu sudah pindah kerja lagi* manéhna enyaan jalma nu mindeng pindah gawé, kakara digawé saminggu geus pindah pagawéan deui;
**kelincahan** *n* sipat (kaayaan, hal) anu henteu cicing (teu tetep jsb)

**lin.dung, berlindung** *vi* **1** nempatkeun dirina di handapeun (sabalikna, satukangeun) naon-naon sangkan henteu katénjo at henteu kaanginan (kapanasan, kahujanan, jsb); nyalindung: *perahu nelayan itu == di balik pulau* parahu pamayang téh nyalindung di satukangeun pulo; **2** nyumput (cicing aya di tempat nu aman sangkan kasalindungan; **3** ménta tulung ka Nu Kawasa (pingpinan jsb) sangkan salamet jauh tina balai jsb; nyaluuh: *melainkan Allah jualah tempat kita ==* ang-ing ka Allah tempat urang nyaluuh;
**melindungi** *vt* **1** nutupan sangkan henteu katénjo (kapanasan, kahujanan, jsb); mayungan: *anak itu == dirinya dari kahujanan dgn daun pisang* éta budak téh mayungan dirina tina kahujanan ku daun cau; **2** ngajaga; ngarawat; miara: *pemerintah == binatang-binatang yg hampir punah* pameréntah ngajaga sasatoan anu ampir musnah; **3** nyalametkeun (méré pertulungan jsb) sangkan kasinglar tina bahaya *induk ayam itu == anaknya dr serangan burung elang* indung hayam

téh nyalametkeun anakna tina serangan manuk heulang;
**perlindungan** *n* **1** tempat panyalindungan; **2** hal (pagawéan) nyalindung

**li.near** *a* anu aya hubungan jeung gurat-gurat lempeng; aya guratan; linear: -- panjang linéar *panjang*

**ling.gis** *n* gagang beusi panjang nu tungtungna seukeut (keur ngali tanah, nugar batu, jsb); panugar; linggis]

**ling.kar** *n* **1** eluk anu meulit mangrupa bunderan; **2** wengku (dina gilinding jsb); simpai (dina tong jsb); **3** kurilingan buleudan;
**melingkar** *vi* **1** mangrupa buleudan: *stadion itu berbentuk* -- éta stadion téh bangunan mangrupa buleudan; **2** ngagulung meulit (kawas jsb);
**melingkari** *vt* 1 nguriling (meulit) kana (dina): *kalung mutiara ==lehernya* kongkorong mutiara meulit dina beuheungna; **2** muter; ngurilingan: *pelangi == matahari* katumbiri ngurilingan panonpoé;
**lingkaran** *n* gurat melengkung anu tungtungna patepung; buleudan; bunderan (anu jari-jarna sarua pangjangna

**ling.kung**, **lingkungan** *n* **1** daérah (kawasan jsb) anu aya dina kakawasaanana; **2** bagian wilayah anu aya dina administrasi pamaréntahan désa; **3** golongan; kalangan: *ia berasal dr == pesantren* manéhna asalna ti kalangan pasantrén; **4** sakumna anu mangaruhan tumuwuhna manusa at sasatoan; lingkungan: *kita harus mencegah kerusakan ==* urang kudu nyegah **karuksakan lingkungan**

**ling.kup** *n*, **melingkupi** *vt* 1 nutupan; ngalindungan, nayungan: *tenda itu == perkemahan pramuka* éta ténda téh nutupan kémah pramuka; **2** ngawengku; nyakup: *bantuan pemerintah == seluruh kebutuhan pokok yg kena bencana alam* bantuan pameréntah ngawengku sagala kabutuh poko nu kakeunaan ku bancana alam

**ling.lung** *a* poho kana sagala rupa (lantaran bingung at mikirkeun naonnaon); linglung: *orang tua yg sudah -- hendaknya diberikan pertolongan seperlunya* kolot anu geus linglung kudu ditulungan saperluna

**lin.tah** *n* sato nu hirupna di cai at nu baseuh, awakna gepéng ngagurat kawas geulang, rupana coklat at hideung, dina hulu jeung tungtung awakna aya pangisep getih; léntah, *Hirudinae*

**lin.tang** *n* **1** lébar (hiji widang); lintang: *panjang lapangan itu 100 m, -- nya 50 m* panjang éta lapang téh 100m, lebarna 50 m; **2** nurutkeun lébar hiji widang ( rohangan, bumi, jsb); lintang: *garis -- utara* gurat lintang kalér; *3* gurat hayal anu sajajar jeung hatulistiwa at kuriling anu dijieun ti wétan ka kulon dina peta bumi minangka hiji ordinat pikeun nangtukeun hiji tempat di bumi; **melintang** *vi* **1** ayana nurutkeun lintang hiji widang; malang: *truk yg* mogok itu *== di tengah jalan* truk nu mogok téh malang di tengah jalan; **2** *ki* ngahalangan: *semoga jangan ada aral ==* muga-muga ulah aya halangan harungan

**lin.tas, melintas** *vt* **1** ngaliwat kalawan gancang: *tiba-tiba seekor ular == dgn cepat di hadapannya* ujug-ujug ngaliwat kalawan gancang oray di hereupeunana; **2** nempuh jalan singget; motong jalan; **3** meuntas (jalan, walungan, jsb); **4** kainget; kaimpleng (sakeudeung); *terkadang bayangan wajah ibunya == dl ingatannya* terkadang paroman idungan kaimpleng sakolébat dina ingetanana;
**melintasi** *vt* **1** ngaliwatan (sawah, kebon, leuweung, jsb); **2** meuntas (jalan, walungan, jsb); **3** ngungkulan (kasulitan jsb);
**lintasan** *n* **1** gerakan ngaliwat (meuntas); **2** jalan anu diliwatan at dipeuntasan; **3** pameuntasan

**li.nu** *a* karasa nyeri dina huntu (tulang jsb); linu

**li.on.tin** *n* perhiasan anu digantungkeun dina kongkorong (spt berlian, batu permata); gagantél; liontin

**li.pan** *n* sato ravun, awakna gépéng, ségménan kawas cacing, sukuna loba, aya bukuan, bagian hareupna racunan; sabangsa babakaur, *Chilopodia*

**li.pas** *n* serangga nu jangjangna lempeng, bisa ngapung, kumisan panjang, rupana coklat, sok aya di jero imah, pangpangna di nu kotor, di jamban, jsb; **cucunguk,** ***Blataria***

**li.pat** *a* **1** bisa dilipat at dirangkepkeun; lipet: *pisau --* péso lipet; **2** rangkep (kali): -- ***dua (tiga, empat)*** rangkap (kali) dua (tilu, opat); **3** dua kali: *harga barang naik dua kali* -- barang naék dua kali lipet; **melipat** *vt* **1** ngalipet jadi rangkep: *ia == pakaiannya yg telah disetrika* manehna ngalipet papakéanana nu geus disetrika; **2** *ki* ngaringkus; ngagulung (rampog, penjahat, jsb): *polisi telah == komplo-*

*tan penjahat itu* pulisi geus ngagulung komplotan éta penjahat; cak jadi sababaraha tikel: *harga barang naik == dua* harga barang naék tikel dua;

***melipatkan*** *vt* **1** ngalipetkeun: == *koran yg telah dibaca* ngalipet keun koran nu geus dibaca; **2** ngajadikeun réa: *perusahaan itu == produksinya* éta pausahaan téh nambahan produksina;

**terlipat** *vi* kalipet: *suratnya == rapih dl sampul* suratna dilipet rapih dina anplop

***kelipatan*** *n* bilangan hasil lipetan bilangan séjén: *18 ialah == 3* 18 nya éta kalipetan 3

**li.pit** *n* lipetan leutik; kelim; lepitan; wiru;

**melipit** *vt* ngalipet (maké lipetan leutik) dina sisi samping jsb

***lip.stik*** *n* alat keur ngabeureuman biwir, dijieun tina sabangsa lilin,

**li.pur** *v* **1** leungit: pupus: *lama-kelamaan nama itu -- dr ingatannya* lila-lila éta ngaran teh leungit tina ingetanana; **2** leungit sedihna; kahibur hatena; lipur (tina kasedih jsb);

**melipur** *vt* **1** ngaleungitkeun; mupuskeun: == *lara* ngaleungitkeun kasedih == *jejak* mupuskeun tapak; **2** ngalilipur: == *hati yang gundah* ngalilipur haté nu sedih

**pelipur** *n* panghibur; panglipur

**li.put, meliput** *vt* nyieun laporan at warta hiji masalah at peristiwa; ngalaporkeun: *wartawan TV == upacara 17 Agustus di Istana Negara* wartawan TV ngalaporkeun upacara 17Agustus di Istana Negara;

**liputan** *n* hasil laporan masalah at peristiwa

**li.rik** *v*, **melirik** *vt* nenjo kalawan seukeut ka sisi (ka kénca at ka katuhu); ngarérét; ngerling: *pemuda itu == gadis yg ada disampingnya* éta pamuda téh ngarérét ka lanjang nu aya di gigireunana;

**lirikan** *n* tatapan seukeut (ka katuhu at ka kénca); kelétan

**li.san** *a* ku omongan (kecap-kecap) nu diucapkeun; lisan: *undangan itu disampaikan secara --* éta ondangan téh ditepikeun sacara lisan;

**melisankan** *vt* **1** ngedalkeun (ngucapkeun) ku omongan (lisan);**2** ngalafalkeun

**li.sen.si** /lisénsi/ *n* **1** surat idin keur ngangkut barang dagangan; **2** surat idin usaha

**lis.trik** *n* daya at kakuatan nu ditimbulkeun ku ayana gésékan at prosés kimia, nu bisa digunakeun pikeun ngahasilkeun panas, cahaya, at tanaga keur ngajalankeun mesin; listrik

**li.ter** *n* satuan ukuran eusi, sarua jeung 1 $dm^3$; léter

**li.uk** *n* gerakan elukan ka sisi

**li.uk-li.uk** *n* kaulinan nu disada nu ditiup, nu tina jarami; empét-empétan; olé-oléan

**li.ur** *n* ciduh anu kaluar (dina keur saré jsb); ciduh

**lo.ak** *n* karanjang tempat runtah, barang urut, jsb; loak;

**meloak** *vt* n barang urut anu didagangkeun: *harga barang == lebih murah dr yg baru* harga barang loakan leuwih murah ti batan nu anyar

**lo.ba** *a* salawasna hayang meunang (ngamilik) leuwih réa; sarakah; hawek: *meskipun dia kaya, tetapi tidak* -- senajan menéhna beunghar, tapi henteu hawek;
**kelobaan** *n* kasarakahan; kahawekan

**lo.bak** *n* sayuran anu beutina bodas rupana, beuti jeung daunna sok di sayur; lobak, *Raphanus sativus*

**lo.bi** *n* rohangan téras nu ayana di deukeut panto asup ka hotel (bioskop jsb), nu dilengkepan sawatara méja korsi, nu fungsina keur tempat nungguan at dariuk; lobi: *dia duduk di -- hotél sambil minum kopi* manéhna diuk di lobi hotél bari nginum kopi

**lo.bi-lo.bi** *n* ngaran tangkal jeung buahna, jangkung tangkalna antara 5-15 méter, henteu cucukan, daunna lonjong endog, daun anu ngorana warnana beureum ngora, buahna leutik rada buleud, warna buahna nu asak beureum kolot, rasana amis haseum, sikina loba, sok dipaké campuran sirop, rujak, sele, asinan; lobi-lobi, *Flacourtia inermis*

**lo.gam** *n* mineral anu henteu tembus pandang; bisa jadi panganteur panas (spt beusi, timah, timbal, waja, emas, pérak, tambaga, almunium, nékel); metal; logam

**lo.ga.rit.ma** *n* eksponén pangkat anu diperlukan pikeun mangkatkeun bilangan dasar sangkan meunang bilangan nu tangtu (lamuna bilangan dasarna 10, jadi log 100 = 2, hartina 10 pangkat 2 = 100); sabalikna tina itungan pangkat; logaritma

**lo.gat** *n* **1** kecap (dina harti sabenerna): *terjemahan menurut* -- tarjamahan nurutkeun kecap: **2** dialék: -- *Jakarta banyak dipakai sbg ragam santai* dialék Jakarta loba dipaké jadi ragam santéy; **3** cara ngucapkeun kecap-kecap (aksén): *menilik -- nya, dia berasal dr daerah Priangan* nilik akséncna, manéhna asal ti daérah Priangan; **4** kabeungharan kecap: *kata ini terdapat dl -- Melayu* ieu kecap kapanggih dina (kabeungharan) kecap Malayu

**lo.gi.ka** *n* **1** pangaweruh dina kaidah mikir; **2** jalan pikiran anu asup akal: *keterangan saksi tidak ada -- nya* keterangan saksi euweuh logikana (anu asup akal)

**lo.gis** *a* saluyu jeung logika; bener nurutkeun akal; asup akal

**lo.gis.tik** *n* **1** hal ngayakeun, cara perawatan, distribusi, jeung sadiaan (keur ngaganti) kalengkepan, bekel, jeung katanagaan; **2** jihat élmu kamilitéran ngeunaan cara ngayakeun, ngarawat, transportasi peralatan, bekel, jeung pasukan; **3** sagala persiapan jeung tindakan anu diperlukeun keur ngalengkepan pasukan ku alat-alat jeung bekel sangkan bisa perang dina kondisi anu pangalusna sarta nguntungkeun; 4 ngurus sagala rupa dina operasi melitér

**lo.go.** *n* aksara at lambang anu ngandung hiji mana, diwangun ku sakecap at leuwih (lambang) minangka ngaran at lambang pausahaan jsb; logo

**lo.ka.kar.ya** *n* gempungan antara para ahli nu ngabarempungkeun (ngadadarkeun jsb) hiji masalah dina widang kaahlianana; lokakarya

**lo.kal** *n* **1** rohangan anu lega; lokal; *sekolah itu terdiri atas tujuh* -- éta sakola téh diwangun ku tujuh lokal; **2** setempat; kajadian (saya, berlaku, jsb) di hiji tempat wungkul, henteu rata: *menurut prakiraan cuaca besok akan turun hujan* -- nurutkeun prakiraan cuaca isuk bakal turun hujan satempat; **3** dijieun (diproduksi, tumuwuh, hirup, kapanggih, jsb) di hiji tempat: *kualitas tekstil produksi -- sudah tdk kalah dgn produksi luar negeri* kualitas tekstil produksi di tempat urang geus teu éléh ku produksi luar negeri

**lo.ka.li.sa.si** *n* wawatesan dina hiji tempat at lingkungan; lokalisasi: -- *perindustrian tekstil di daerah Majalaya dan sekitarnya* lokalisasi perindustrian tekstil di daérah Majalaya jeung sabudeureunana

**lo.ka.si** *n* **1** tempat cicingna (ayana); tempatna: -- *nya kurang memenuhi* syarat tempatna kurang nyumponan sarat; **2** tempat; lokasi: *pembangunan kampus baru itu merupakan pemusatan semua sarana di satu* -- pangwangunan kampus anyar téh mangrupa pemuseuran sarana di hiji okasi (tempat)

**lo.ket** / lokét/ *n* jendéla leutik tempat ngajual karcis, mayar pajeg, meuli prangko, jsb, lokét

**lo.yal** *a* satia; taat

**lo.ya.li.tas** *n* kasatiaan; kataatan

**lu.ang** *a* **1** kosong; lowong (henteu keur dieusian, ditempatan, jsb): *di sana ada tempat* -- di ditu aya tempat kosong; **2** senggang; henteu sibuk: *dikerjakan pd waktu* -- dipigawé dina waktu senggang

**lu.ap, meluap** *vi* **1** jadi loba jeung ngampul, lébér ku lantaran ngagolak; mudal: *santan yg direbus itu telah* == santen anu digodog téh geus ngagoplak mudal; **2** (pinuh teuing) nepi ka mudal: *air sungai == krn hujan terus menerus* cai walungan mudal lantaran hujan teterusan; **3** *ki* jadi pohara; jadi ngagedur: *amarahnya* == amarahna jadi pohara; *semangatnya* == samangetna jadi ngagedur;
**luapan** *n* cairan anu mudal (ku lantaran pinuh teuing)

**lu.ar** *n* **1** daérah, tempat, jsb anu henteu mangrupa bagian tina tempatna sorangan: *ia berdiri di -- rumah* manéhna nangtung di luar imah : *saya pernah pergi ke -- negeri* kuring kungsi ka luar nagri; **2** lain tina lingkungan (kulawarga, nagri daérah, jsb) sorangan; deungeun: *meskipun ia orang --, tetapi sudah spt keluarga sendiri* sanajan manéhna urang lingkungan séjén, tapi geus kawas kulawarga sorangan; **3** bagian (sisi, beungeut, jsb) anu lain di bagian jero: ***merk kecap itu tertempel di -- botol*** mérek kécap téh némpél di luar botol; *obat* -- ubar pikeun ngubaran bagian luar awak (kulit jsb), nu lain didahar/diinum

**lu.as** *a* 1 lega; lébar: *kamarnya -- sekali* kamarna lega pisan; **2** umum (hal masarakat jsb): *masyarakat* --masarakat umum; **3** rata (geus nepi ka

saréréa): *berita itu sudah tersebar* -- éta béja téh geus nyebar ka saréréa; **4** ukuran panjang lebarna hiji widang (rohangan,lapang, jsb) legana: -- *kebun itu satu hektar* lega kebon téh sahektar; *5 ki* henteu sumpeg; loba jeung rupa-rupa (pangaweruh): *orang yg -- penge tahuannya* jalma anu loba jeung rupa-rupa pangaweruhna; **6** bisa nénjo bébas jeung plungplong: -- *pemandangannya* bébas jeung plungplong pamandanganana; **7** gedé atawa loba (hal usaha, pagawéan, jsb): -- *usahanya* loba at gedé usahana:

**meluas** *vi* beuki tambah loba (lega jsb): nyebar: *pesawat radio telah == ke segala pelosok* pesawat radio geus nyebar ka suklakna ka siklukna;

**memperluas** *vt* ngalegaan: *dia == usahanya ke bidang pertanian* manéhna ngalegaan usahana kana widang pertanian;

**perluasan** *n* **1** hal ngalegaan: == *kota* hal ngalegaan kota; **2** nambahan aktiva nu tetep ka nu geus aya di pausahaan:

**keluasan** *n* **1** hal legana: ***banyaknya murid tdk seimbang dgn == ruang belajar*** reana murid teu saimbang jeung legana rohangan diajar; **2** kalonggaran; kasempetan: kalaluasaan: *seluruh anggota diberi == utk menunjukkan keterampilannya* sakabéh anggota dibéré kasempatan keur némbongkeun kaparigelanana

**lu.bang** *n* **1** liang; **2** lombang dina taneuh jsb: *paman menggali == utk menanam pisang* paman ngali lombang keur melak cau;

**melubangi** *vt* nyieun liang (lombang) dina; ngali nyieun lombang: *tukang kayu == pintu untuk lubang kunci* tukang kai ngaliangan panto keur liang konci

**lu.ber** / lubér/ *v* lébér; mudal; pinuh pisan nepi ka mudal

**lu.buk** *n* **1** bagian walungan (dano, laut, jsb) anu jero; leuwi: *menangkap ikan di ==* ngala lauk di leuwi; **2** nu ngelok jero; léngkéh: *piring ==* piring kewung; *pinggang ==* cangkéng léngkéh; **3** daérah hidrosfer nu jerona 6. 000 kaki at leuwih di laut jeung 1000 kaki at leuwih di dano sarta .anu henteu ketembus ku cahaya panonpoé

**lu.cu** *a* matak pikaseurieun; lucu;

**melucu** *vi* ngucapkeun (migawé) naon-naon nu pakalucuen, pikaseurieun; ngalucu; ngabojég ngabanyol;

**kelucuan** *n* hal Anu lucu

**lu.cut, melucuti** *vt* **1** ngalaanan (papakéan, perhiasan, jsb); muka (kedok, solobong, jsb): == *pakaian* ngalaanan (muka) papakéan; **2** ngarampas senjata ( anu dicekel): == *senjata tawanan perang* ngarampas senjata tawanan perang

**lu.dah** *n* cai Anu kaluar tina sungut;
ciduh: *tempat* -- tempat ciduh (tampolong);
*menjilat* --, pb ngalétak ciduh, narik deui nu geus diucapkeun;
**meludah** *vi* miceun ciduh; nyemprotkeun ciduh: *jangan == di - sembarang tempat* ulah nyiduh di sambarangan tempat;
**meludahi** *vt* nyiduhan ka: *orang tadi == muka anak itu* jalma tadi nyiduhan éta budak

**lu.des** *a* beak pisan; ruksak pisan; ludes: *dl tempo sekejap saja toko itu -- dimakan api* dina waktu sakedét pisan éta toko ludes dihakan seuneu

**lu.gas** *a* **1** sipatna sakumaha ayana; ngeunaan anu poko-poko wungkul (anu perluna baé): *pembicaraannya selalu* -- caritaanana salawasna anu poko-pokona wungkul;**2** sarwa saderhana; polos: *cara berdandannya --, tidak ada yg mencolok* cara dangdanna sarwa sa derhana, henteu nyolok; **3** henteu bulat-beulit: *kalimatnya selalu -- tidak berbelit-belit* kalimahna salawasna lugas, henteu bulat-beulit;
**kelugasan** *n* **1** kasaderhanaan; kapolosan -- *dl sikap dan dl berpakaian merupakan daya tarik tersendiri* kasaderhanaan dina sikep jeung dina cara maké mangrupa daya tarik mandiri; **2** hal anu poko (anu penting, anu perelu): *pembicaraan dilakukan dgn == dan keefisienan* hal nu dicaritakeun di lakukeun kalawan anu poko (penting) wungkul jeung kaéfisiénan **3** hal anu teu bulat-beulit (dina basa, omongan): == *kalimat yg diucapkannya memudahkan bagi yg mendengarnya* henteu bulat-beulitna kalimah ngababarikeun keur anu ngadéngékeunana

**lu.gu** a henteu loba tingkah; sawajarna; saayana: *orang desa pd umumnya masih banyak yg* -- urang desa dina umumna loba anu sawajarna;
**keluguan** *n* hal kawajaran

**lu.hur** *a* mulya, luhur: *demi cita-cita yg -- kita harus berkorban utk kepentingan bersama* demi cita-cita anu luhur urang kudu berkurban keur kapentingan saréréa;

**keluhuran** *n* kamulyaan; kaluhuran

**lu.ka** *n 1* beulah (pecah, lécét, jsb)_ dina kulit ku lantaran barang seukeut jsb; raheut: *jarinya -- teriris pisau* ramona raheut kakeureut péso; **2** tatu: *kakinya -- terkena peluru nyasar* sukuna tatu kakeunaan ku pélor nyasar;
**melukai** *vt* **1** ngaraheutan: *dia == tangannya sendiri* manéhna ngaraheutan leungeuna sorangan; **2** *ki* nganyerikeun (haté): *perbuatan itu == hatinya* éta pagawéan téh nganyerikeun haténa

**luks** *a* éndah, alus, jeung mahal hargana; méwah; leuks: *pesawat telivisi dan komputer bukan lagi merupakan barang --* telivisi jeung komputer geus lain barang leuks deui

**lu.luh** *a 1* remuk sama sekali; ancur jadi laleutik (kawas tipung jsb); **2** sedih pisan (dina haté): *-- hatinya melihat kenekatan anaknya* sedih pisan haténa nénjo kanékadan anakna;
**meluluhkan** *vt* **1** ngancurkeun nepi ka bubuk; **2** *ki* nyababkeun sedih pisan: *jawaban temannya itu -- hatinya* jawaban baturna téh matak pikasediheun haténa

**lu.lus** *v* **1** bisa asup at ngaliwat (kana at liang jsb): *benang sebesar itu tdk dapat -- ke dl lubang jarum sekecil itu* benang sagedé éta moal bisa asup kana liang jarum nu leutik éta; **2** bisa lésot (kawas geulang tina leungeun at ali tina ramo): *setelah dibasahi dgn sabun, cicin itu dapat -- dari jarinya* sanggeus dibaseuhan ku sabun, éta ali téh bisa lésot tina ramona; *3* tiporos asuk kana (kawas suku kana lolongkrang palupuh); **4** hasil (dina ujian); bisa ngaliwatan kalawan hadé (dina nyanghareupan cobaan): *dlm ujian itu dua orang dinyatakan --* dina ujian téh duaan dinyatakeun lulus; **5** leungit, musnah: *rumahnya -- tertimbun tanah longsor* imahna musnah karuang tanah longsor; **6** lapur; henteu beunang ditebus deui (gadéan): *cincin yg digadaikannya sudah --* ali nu digadékeunana geus lapur;
**meluluskan** *vt* **1** ngaluluskeun; migawé sangkan asup; **2** ngalésotkeun (geulang, ali, jsb); **3** ngijinkeun: ngabulkeun: *== permintaannya* ngabulkeun paméntana; **4** ngajadikeun lulus (dina ujian); **5** ngaleupaskeun (tina kurungan, tahanan, jsb); ngaloloskeun; mawa kabur: *mereka telah berhasil == teman-temannya dri kepungan musuh* maranéhna geus hasil ngaloloskeun babaturanana tina kepungan musuh;

**lulusan** *n* anu geus lulus tina ujian; lulusan: -- *Unpad* lulusan Unpad;

**kelulusan** *n* **1** hal lulusna; **2** kaguguran (ngajuru saméméh waktuna); kaluron

**lu.mas, melumasi** *vt* ngolés, ngulas (ku minyak jsb): *ia == tubuhnya dgn minyak* manéhna ngolés awakna ku minyak; méré (nambahan) oli kana mesin jsb;

**pelumas** *n* minyak kentel nu digunakeun pikeun ngalancarkeun (ngaleueurkeun) jalanna mesin (mobil jsb); oli

**lu.mat** *a* lemes pisan (kawas tipung jsb);

**melumatkan** *vt* **1** nutu (ngarieus) nepi ka lembut: *ia == beras hingga menjadi tepung utk kue* manéhna ngalembutkeun béas nepi ka jadi tipung keur kuéh; **2** *ki* ngancurkeun: *== musuh* ngancurkeun musuh; pelumat n alat nu digunakeun keur ngalembutkeun (ngancurkeun)

**lu.ma.yan** *a* **1** rada loba; sedeng; meujeuhna; lumayan: *tidak banyak, tapi* -- henteu loba, tapi lumayan; **2** rada hadé (pinter, kasép, jsb); cukup: *tubuhnya tinggi semampai, parasnya* -- awakna jangkung lenjang, beungeutna cukup

**lum.ba-lum.ba** *n* satu mamalia laut sabangsa lauk hiu, huntuan laleutik, bangusna panjang; lumba-lumba, *delpi nidae*

**lum.bung** *n* tempat neundeun hasil tatanén (umumna paré); bangunna imah panggung, bilikna awi; leuit; lumbung

**lum.puh** *a* **1** leuleus jeung euweuh tanaga at teu bisa bagerak deui (anggota badan spt leungeun, suku); lumpuh: *kakinya -- krn penyakit darah tinggi* sukuna lumpuh ku lantaran kasakit darah tinggi; **2** *ki* henteu jalan sakumaha mistina: *perekonomian negara menjadi -- krn perang saudara* perékonomian negara lumpuh lantaran perang saudara; **kelumpuhan** *n* hal lumpuhna

**lum.pur** *n* **1** taneuh lembek caian; taneuh bécék; leutak **2** *ki* kanistaan; kahinaan: *kehidupannya jatuh ke dl* -- kahirupanana ragrag kana kahinaan

**lu.mur, berlumur(an)** *vt* kabalur (bobolokot) ku (leutak, getih, minyak, jsb): *jatuh == darah* labuh bobolokot getih;

**melumuri** *vt* ngolésan, maluran: *ia == badanna dgn param* manéhna maluran awakna ku parem

**lu.mut** *n* tutuwuhan héjo at konéng lalembut anu jadi ngagunduk kawas buludru (biasana dina kai, batu, témbok nu baseuh, teneuh, jsb); lumut, *Bryophyta;*
**berlumut** *vi* aya lumutan; lumutna tumuwuh: *dinding yg lembab itu ==* témbok nu baseuh téh lumutan

**lu.nak** *a* **1** hipu; empuk: *yg sakit itu makanannya harus yg* -- nu gering téh **kadaharanana** kudu nu hipu; **2** *ki* henteu gancang ambek; sabar;teu keras teuing mertahankeun **pamadengan jsb**: *dl diskusi itu, ia termasuk yg berpendirian ==* dina éta diskusi téh, manéhna kaasup nu pamadeganana teu keras mertahankeun kahayangna;
**melunakkan** *vt* **1** ngaleuleuskeun, ngahipukeun (kadaharan jsb); **2** *ki* ngaleuleuykeun (haté); negtremkeun (perasaan)

**lu.nas** *v* bérés jeung geus dibayar (hal hutang); kabayar; lunas: *hutangnya sudah* -- hutangna geus lunas;
**melunasi** *vt* **1** mayar hutang nepi ka lunas; **2** ngalakonan, nohonan (kawajiban jsb); **3** nebus (rék ngoméan) kasalahan jsb: *ia berusaha == dosanya dgn berbuat baik* manéhna usaha nebus dosana ku migawé kahadéan

**lun.cur, meluncur** *vi* **1** nyorodot (di tempat leueur) kalawan gancang; ngagolosor: *anak itu == dr gendongan ibunya* éta budak téh ngagolosor tina aisan indungna; **2** lésot (tina genggeman jsb); **3** lapur (barang gadéan); *barang yg digadaikannya telah ==* barang nu di gadékeunana geus lapur; **4** bagerak (maju) gancang pisan (karéta, mobil, jsb); **5** *ki* kaluar kalawan lancar (omongan);
**meluncurkan** *vt* **1** ngagolosorkeun turun: *mereka == perahu itu ke laut* maranéhna ngagolosorkeun turun éta parahu ka laut; **2** ngajalankeun (mobil,karéta, jsb) kalawan gancang;
**peluncur** *n* **1** modél pesawat terbang nu teu maké mesin; **2** alat keur ngagolosorkeun

**lung.lai** *a* leuleus pisan; *== rasanya mendengar musibah itu* leuleus pisan ngadéngé éta musibah téh

**lun.tur** *a* **1** robah at leungit warna (dina cét, papakéan, sipuhan emas, jsb); luntur: *kain sarung ini tidak* -- ieu kaen sarung téh henteu

luntur; **2** *ki* oyag, robah (pipikiran, pamadegan, jsb): *sbg pemimpin yg teguh, pendiriannya tidak* -- sabagé pamingpin nu tangguh, pamadeganana henteu roboh; **3** jadi kurang at leungit (hal kapercayaan, kaasih, jsb): *cinta kasih tunangannya mulai* -- cinta asih tunanganna mimiti ngurangan; **4** ki turun (kamegahan, ngaran hadé, jsb): *setelah tidak jadi kepala bagian lagi, pamornya jadi* -- sanggeus teu jadi kapala bagian deui, pamorna jadi turun; **5** *ki* henteu manjur deui (hal jampé, kasaktén, jsb); cambal: *jangankan jampi-jampi, mantra sakti pun dapat* -- ulahpon jampe-jampe, mantra sakti oge bisa cambal;

**melunturi** *vt* luntur warna jeung ngeunaan (papakéan, kaén, jsb) nu séjén; ngalunturan: *mencuci kain ini jangan disatukan dgn yg lain krn dapat == yg lain itu* nyeuseuh ieu kaen ulah dihijikeun jeung nu sejen lantaran bisa ngalunturan nu sejen tea;

**kelunturan** *n* **1** kakeunaan warna barang sejen nu luntur; kalunturan; **2** hal luntur; lunturan n hasil (proses) luntur

**lu.pa** *a* **1** leungit tina ingétan; henteu aya dina pikiran deui; poho: *krn sudah lama, ia sudah -- peristiwa itu* ku lantaran geus lila, manehna geus poho kana éta paristiwa téh; 2 henteu kainget: *dia-- mengembalikan buku itu* manehna teu kainget mulangkeun éta buku; **3** henteu sadar (kana kaayaan dirina jeung sakurilingna, jsb); *semenjak jatuh dia seakan-akan -- thd sekelilingnya* sanggeus labuh, manéhna saolah-saolah henteu sadar kana sakurilingeunana; **4** lalawora; wéya; euweuh perhatian: *jangan -- akan kewajibanmu* ulah lalawora kana kawajiban manéh;

**melupakan** *vt* **1** poho kana; henteu inget kana: *tidak boleh == nasihat orang tua* ulah poho kana naséhat kolot; **2** ngajadikeun (nyababkeun) poho; mupus tina ingétan: *dia sudah == peristiwa itu* manéhna geus mopohokeun éta peristiwa;**3** ngalalaworakeun: *dia dipecat krn == kewajibannya* manéhna di pecat ku lantaran ngalalaworakeun kawajibanana;

**terlupa** *vi* henteu kainget; ujug-ujug poho; geus dina kaayaan poho; henteu kahaja poho;

**pelupa** *n* jalma anu gancang (mindeng) poho; jalma pohoan

**lu.put** *a* **1** leungit; lesot tina; luput: -- *dr mata* henteu katénjo deui; -- *dr hati* henteu kainget deui; **2** henteu katalingakeun: *kelakuanna -- dr*

*perhatiannya* kalakuanana teu katalingakeun tina perhatianna; **3** ka singlar tina; kahindar: -- *dr sergapan musuh* kahindar tina sergapan musuh; **4** henteu keuna; mélését; salah: *tembakannya* -- témbakanana mélését;

**meluputkan** *vt* **1** ngaleungitkeun (tina ingétan, haté, jsb); **2** ngalésotkeun (diri); ngahindarkeun (diri); nyinglarkeun (serangan, tuduhan, teunggeulan, jsb); **3** ngajadikeun teu keuna (mélését): *dgn sengaja ia == tembakannya* kalawan ngahaja manéhna mélésétkeun témbakanana;

**terluput** *vi* kahindar (tina); lésot (tina); bebas (tina); luput: *baru saja dia == dr bahaya kebakaran* kakara pisan manéhna luput tina bahaya kahuruan

**lu.rah** *n* **1** kapala pamaréntahan daérah tingkat kalurahan; kapala; lurah; kuwu; **2** kapala at pamingpin dina hiji bagian pagawéan;

**kelurahan** *n* **1** daérah pamaréntahan nu panghandapna nu dipingpin ku lurah; **2** kantor lurah

**lu.rik** *n* **1** kaén tinun nu corakna nyalur; **2** totol-totol hideung bodas (dina hayam jsb); carambang

**lu.ruh** *v* ragrag at muguran ku lantaran geus nepi kana mangsana (dina bubuahan, dangdaunan, buuk, jsb): *daun pétai -- sekali sétahun* daun peuteuy muguran sakali sataun;

**meluruh** *vi* **1 ganti** bulu (dina hayam jsb); **2** muguran; rontok (dina dangdaunan jsb)

**lu.rus** *a* **1** manjang ka hiji arah tanpa péngkolan at lengkungan (dina gurat, jalan, jsb); lempeng: *batang pohon pinang* -- tangkal jambé lempeng; **2** lempeng ajeg: *berdiri* -- nangtung ajeg; *garis tegak* -- gurat lempeng ajeg (juruna masékon); **3** *ki* jujur; polos: hatinya -- haténa jujur; **4** alus, hadé (budi jsb): *anak itu cantik dan -- budi* éta budak geulis jeung hadé budi; **5** bener pisan; **6** harfiah, *saban* kecap ditarjamahkeun; **7** lempeng, henteu galing (buuk): *rambutnya hitam dan* -- buukna hideung jeung lempeng; **8** sajajar (dina gurat): *buatlah garis yg -- dgn garis A—B* jieun garis nu sajajar jeung garis A—B

**meluruskan** *v* **1** migawé sangkan lempeng; **2** ngoméan (menerkeun) sangkan balik deui kana keayaan sabenerna: *== pelaksanaan hukum* menerkeun pelaksanaan hukum; **3** ngalonjorkeun

(suku): *dia duduk sambil == kakinya* manéhna diuk bari ngalonjorkeun (ngalempengkeun) sukuna

**lu.sa** *n* poé sanggeus isukan; pagéto

**lu.sin** *n* satuan jumlah bilangan nu réana dua welas; losin: *dia membeli piring satu* -- manéhna meuli piring salosin

**lu.suh** *a* **1** kariput jeung kotor (hal papakéan); kumel; lusuh; **2** teu jelas deui warnana (dina kaén, papakéan, jsb); ; pudar; luntur

**lu.tung** *n* monyét hideung nu buntutna panjang; lutung (kaasup jinis Presbytio), *Pythecus pyrrahus*

**lu.tut** *n* (bagian suku) anu aya antara pingping jeung bitis nu jadi tempat tulang sandi sangkan suku bisa dielukkeun; tuur;
*berlutut vi* **1** ngalipetkeun tuur pikeun adeg-adeg; nangtung ku tuur; **2** *ki* nilepkeun tuur tanda taluk; nyerah, ngaku éléh: *akhirnya Jepang == kpd Sekutu pd Perang Dunia II* ahirna Jepang taluk ka Sekutu dina Perang Dunya II;
**melutut** *vi* **1** nangtung ku tuur; **2** *ki* taluk

**lu.wes** *a* 1 pantes jeung matak narik: *para penari yg -- itu mampu memukau penonton* para juru ibing nu pantes jeung matak narik téh matak moho nu nongton; **2** *ki* henteu kaku, henteu canggung; babari disaluyukeun; fléksibel; luwes;
**keluwesan** *n* hal luwes

# M

**ma*af*** *n* **1** hal bébasna jalma tina hukuman (dengda,perkara, jsb) lantaran kasalahan; ampun; hampura; maap: *minta* -- ménta hampura; **2** paménta ampun; ulah ambek; pangampura:, *saya datang terlambat* ménta pangampura, kuring datang leuir; **3** (paménta keur ngalakukeun naon-naon) béré idin; ==, *bolehkan saya bertanya* ménta idin, meunang kuring nanya;
**bermaaf-maafan** *vi* silih hampura; silih ampunan: *pd hari Lebaran kami* == dina poé Lebaran kuring saréréa silih hampura;
**memaafkan** *vt* méré ampun (hampura) kana kasalahan jsb; henteu nganggap salah jsb deui: *dia telah == semua kesalahanku* manéhna geus ngahampura kana kabéh kasalahan kuring

**ma.buk** *v* **1** ngarasa lieur at leungit kasadaran (lantaran loba teuing nginum inuman keras, weureu gadung, jsb); mabok; **2** ngalakukeun naon-naon di luar kasadaran; poho ka diri: *rupa-rupanya dia sudah --, tergoda rayuan hingga lupa bahwa dia sudah berkeluarga* sigasigana mah manéhna ngalakukeun di luar kasadaran, kagoda kecapkecap manis nepi ka poho yén manéhna geus boga kulawarga; *ki* resep pisan: *dia sedang -- berhias* manéhna keur resep pisan mapaéas diri; **4** *ki* kagégéloan; birahi pisan: *bentuk wajah yg mungil dgn sinar mata yg lembut itulah yg membuat aku -- kepadanya* keureutan beungeut nu lembut jeung sinar mata nu leuleuy nu matak kuring kagégéloann ka manéhna téh
**memabukkan** *vt* **1** ngajadikeun (nyababkeun) mabok: *minuman arak*

*itu* == *dia* inuman arak téh nyababkeun mabok manéhna; **2** *ki* ngajadikeun jalma kagégéloan (kapéngpéongan)ku cinta;
**pemabuk** *n* (jalma) anu sok at biasa mabok; pamabokan

**ma.cet** *a* henteu jalan sakumaha mistina (hal mesin, erém, jsb); macét: *rem mobilnya* -- erém mobilna macét; 3 ki eureun; henteu lancar; *usahanya sedang* -- usahana keur teu lancar;
**kemacetan** *n* hal (kaayaan) macét: *pawai itu mengakibatkan == lalu lintas* éta pawéy téh ngaakibatkeun macétna lalu lintas

**ma.dat** *n* **1** candu; madat (nu geus diasakan tinggal nyedot): *mukanya pucat krn mengeisap* -- beungeutna pucet lantaran nyedot madat (ngamadat); **2** *cak* ngamadat; nyedot madat: *kesukaannya minum dan* -- kasukana nginum jeung ngamadat;
**pemadat** *n* jalma anu osok at biasa nyedot madat (ngamadat; pamadatan

**madu** *n* **1** cairan anu réa ngadung zat gula **anu aya** dina sayang nyiruan at kembang (rasana amis); madu; *sarang lebah ini jika diperas keluar --nya* sayang nyiruan (tawon) téh lamun dipeureut kaluar maduna; **2** *ki* amis pisan: *senyumnya manis bagai* -- imutna manis kawas madu (nu amis pisan)

**ma.fi.a** *n* **1** pakumpulan rasiah nu bagerak dina widang kajahatan (kriminal); **2** pakumpulan rasia téroris pulitik

**ma.gang** *n* calon pagawé (nu can diangkat sacara tetep sarta can meunang gajih at buruhan sabab masih dianggap diajar keneh; ngamagang: *ia sudah lama -- di kantor itu* manéhna geus lila ngamagang di éta kantor

**ma.gis** a miboga sipat magi (naon-naon at cara nu dipercaya bisa nimbulkeun kakuatan gaib nepi ka bisa ngawasa alam sakurilingna kaasup alam pikiran jeung tingkah laku manuso)

**mag.ma** *n* babatuan nu lééh dina kerak bumi nu panas pisan; magma

**magnet** /magnét/ *n* **1** barang (naon-naon) nu ngahasilkeun médan mangnit di rohangan sabudeureunana; **2** beusi nu eusian daya tarik (spt listrik); magnit

**ma.ha.gu.ru** *n* guru besar; profésor; mahaguru (di paguron luhur)

**Ma.ha.ku.a.sa** *adv* kacida kawasana; Anu Mahakawasa (Allah)

**ma.hal** *a* **1** luhur hargana; mahal: *krn senangnya pd barang itu, biarpun -- dibelinya juga* ku lantaran resep kana éta barang, sanajan mahal dibeuli baé; **2** carang ayana; hésé beunangna: *barang itu -- dibeli sukar dicari* éta barang mahal dibeulina hésé ditéanganana;
**kemahalan** *n* **1** *cak* luhur teuing hargana; mahal teuing; kamahalan: *dia membeli barang itu ==, harganya melebihi harga pasar* manéhna meuli barang téh kamahalan, hargana ngaleuwihan harga pasar; **2** témpo barang-barang mahal (langka)

**ma.ha.sis.wa** *n* jalma nu diajar paguron luhur; mahasiswa;
**kemahasiswaan** *n* hal (naon-naon) nu aya pakaitna jeung mahasiswa; seluk-beluk mahasiswa; kamahasiswaan: *perpustakaan tidak bisa dipisahkan dr kegiatan ==* perpustakaan teu bisa dipisahkeun tina kagiatan kamahasiswaan

**ma.hir** *a* pinter jeung parigel; mahér: *dia sudah == mengemudi mobil* manéhna geus mahér nyupiran mobil;
**kemahiran** *n* kamampuhan; kapinteran (dina migawé naon-naon); kamahéran: *mahasiswa asing sedang mempraktikan == berbahasa Sunda dgn cara berwawancara di pasar* mahasiswa asing keur mraktékkeun kamahéran maké basa Sunda ku cara wawancara di pasar

**mah.ka.mah** *n* badan tempat mutuskeun hukum kana perkara at palanggaran; pangadilan; mahkamah

**mah.ko.ta** *n* **1** hiasan sirah at kerepus kabesaran (keur raja at ratu); makuta: *Sri Ratu mengenakan -- emas bertatahkan berlian* Sri Ratu ngaggo makuta emas nu ditarétés berlian; **2** *ki* anu ngawasa; raja; **3** kakawasaan (di karajaan): *raja menyerahkan -- kpd putranya raja* nyérénkeun kakawasaan ka putrana; **4** gelar para pangagung: Raja *Datuk Raja -- Datuk Raja Mahkota;* **5** anu dihargaan at dipusti-pusti: *rambut adalah -- wanita* rambut (nya éta) mangrupa makuta wanita; **6** anu dipikacinta: *-- jiwa* makuta (nu dipikacinta) jiwa;
**bermahkota** *vi* **1** maké makuta; jadi raja; **2** *ki* anu boga kakawasaan at anu maréntah: *dewasa ini banyak raja yg tidak ==* waktu ayeuna loba raja nu teu boga kakawasaan

**mah.li.gai** *n* (rohangan) tempat cicing raja-raja at putri-putri raja (di lingkungan karaton); maligé karaton

**ma.in** *v* **1** migawé naon-naon keur nyenangkeun haté (boh maké alat boh henteu); maén: -- *bola* maén bal; -- *kelereng* maén kaléci; **2** migawé kaulinan (boh maké alat boh henteu); ulin: *anak-akan sedang -- di halaman* barudak keur ulin di buruan; **3** maén; ngadu: *dia sedang -- kartu domino* manéhna keur maén (ngadu) kartu domino; **4** *cak* migawé asal baé; sakarepna soranggan baé: *jangan -- pinjam saja* ulah ngan nginjeum baé: *kalau marah, ia suka -- pukul saja* lamun ambek, manéhna sok asal maén gaplok baé; **5** nu jadi palaku dina sandiwara (filem, jsb); maén: *dia ikut -- musik disekolah*; manéhna milu maén musik di sakola; **6** ngalakukeun sérong: *dia membenci kpd orang yg suka -- perempuan* manéhna ngewa ka jalma nu sok sérong jeung awéwé; **7** bagerak, muter,jalan, jsb sakumaha kuduna (hal mesin jsb); *jalan; jarum jam itu sudah tidak -- lagi* jarum jam téh geus teu jalan deui; **8** dina kaayaan keur lumangsung at keur pintonan: *filmnya baru saja --* filemna kakara pisan maén (lumangsung); **9** *cak* mencari nafkah dgn: *--becak* ngabéca; **10** *cak* salawasna maké (ngagunakeun): *sekarang dia sudah tdk mau naik bus, -- taksi melulu* ayeuna manéhna geus teu daék tumpak bus, salawasna maké taksi baé;

**bermain** *vi* **1** migawe naon-naon keur senang-senang; nabeuh: == *gitar* nabeuh gitar;

**memainkan** *vt* **1** maké (migawé jsb) naon-naon keur maén (ulin): *pesilat itu == golok* tukang penca téh ngamaénkeun bedog; **2** nyadakeun alat musik jsb ku nabeuh (ngését, niup, jsb): ==gamelan nabeuh ***gamelan;*** **3** ngalagukeun musik jsb maké tatabeuhan: == *lagu jali-jali;* **4** nyandiwarakeun; ngamaénkeun (dina sandiwara jsb): *mereka telah == lakon itu dgn baik* maranéhna geus ngamaénkeun éta lalakon kalawan alus; **5** mintonkeun: *semua bioskop harus == film Indonesia* kabéh bioskop kudu mintonkeun filem Indonesia; **6** ngalakukeun peranan(dina sandiwara, filem,jsb): *ia sering == tokoh penjahat* manéhna mindeng merankeun tokoh penjahat;

***pemain*** *n* jalma nu maén (bal, kacapi, drama, jsb); pamaén

**permainan** *n* **1** hal (naon-naon) anu digunakeun keur maén; barang at naon-naon anu dimaénkeun (diulinkeun); permaénan; kaulinan: *ia asyik dgn ==nya yg baru* manéhna jongjon dina kaulinanana nu

anyar; **2** hal (pagawéan) maén (maén bal, ténis, jsb): == *bulu tangkis sangat digemari rakyat* permaénan badminton dipikaresep pisan ku rayat; **3** pegawéan anu dilakukeun bari jeung henteu enya-enya; ngan sakadar kaulinan wungkul: *ia melakukan olah raga itu hanya sebagai == saja* menéhna ngalakukeun éta olah raga téh ngan sakadar kaulinan wungkul; **4** pintonan: == *tukang sulap itu memukau penonton* pintonan tukang sulap téh matak moho nu lalajo; **5** perhiasan anu digantungkeun jsb spt medalion jsb; **6** *cak* awéwé anu dipaké keur senang-senang (henteu dijadikeun pamajikan anu sah)

**ma.ja.lah** *n* kalawarta anu eusina ngawengku rupa-rupa liputan jurnalistik, wawasan ngeunaan topik aktual anu patut kanyahokeun ku nu maca at balaréa, artikel, sastra, jsb anu umumna dibédakeun nurutkeun medalna, aya majalan bulanan, tengah bulanan, mingguan, jsb sarta nurutkeun kahususan eusina dibédakeun aya majalah umum, wanita, olah raga, sastra, élmu pangaweruh nu tangtu, jsb; kalawarta; majalah

**ma.je.lis** *n* **1** déwan at rapat anu mancén tugas kanagaraan jsb nu tangtu jeung nu diwatesan: -- *Permusyawaratan Rakyat* Majelis Permusawarahan Rayat; -- *hakim* majelis hakim; **2** pajemuhan (pakumpulan) urang réa; rapat;sidang; *ketua -- sesepuh majelis; ber kumpulah semuanya dl -- yg besar* saréréa kumpul dina pajemuhan gedé; **3** wangunan tempat sidang: gedung: *gedung -- tinggi dan rendah* gedong majelis luhur jeung handap

**ma.je.muk** *a* **1** diwangun ku sababaraha bagian nu mangrupa kasatuan; majemuk: *masyarakat Indonesia merupakan masyarakat -- yg terdiri atas berbagai suku bangsa* masarakat Indonesia mangrupa masarakat majemuk nu diwangun ku rupa-rupa sélér bangsa; **2** tambahna bunga kana poko dumasar interval waktu kalawan tujuan meunang dasar anyar pikeun ngitung bunga anu kadua jst

**ma.ji.kan** *n* **1** jalma at organisasi nu nyadiakeun pagawaéan ka nu séjén dumasar ikétan kontrak; **2** jalma nu jadi dunungan (nu kawasa maréntah bawahan); dunungan

**ma.ju** *v* **1** bagerak (leumpang) ka hareup; maju; tampil ka hareup: *ia -- melangkah menuju ruang depan* manéhna maju ngalengkah nuju rohangan hareup; **2** ngadesek ka hareup (dina pasukan); indit ka

médan pérang: -- *ke medan perang* indit ka médan pérang; **3** jadi leuwih hadé (payu, pinter,jsb); mekar: *perusahaannya -- dgn pesat* pausahaanna maju kalawan gancang; sekolahnya -- sakolana maju (leuwih hadé); **4** geus nepi at aya di tingkat nu luhur peradabanana: *bangsa yg telah -- kebudayaannya* bangsa nu geus luhur tingkat kabudayaanana; **5** pinter; maju pikiranana; mikir kalawan hadé: *pria itu berpikiran* -- éta pria téh maju pikiranana; *6* lulus (dina ujian): *ia telah -- dl ujian akhirnya* manehna geus lulus dina ujian akhirna;

**memajukan** *vt* **1** ngagerakkeun (ngamajukeun, ngajalankeun, mindahkeun) ka hareup: *ia ==kursi itu sedikit* maneh ngamajukeun éta korsi ka hareup; **2** mawa kana kaayaan anu leuwih alus (sampurna jsb): ngamajukeun: == *perekonomian rakyat* ngamajukeun perekonomian rayat; **3** nepikeun (usul, pamadegan, saran, jsb); **4** ngajadikeun lulus (dina ujian): *mereka == calon yg mendapat nilai rata-rata* 7 maranéhna ngaluluskeun calon anu meunang peunteun rata-rata 7; **kamajuan** *n* hal (kaayaan) maju (dina kapinteran, pa ngaweruh, jsb); kamajuan

**ma.ka.** *p* **1** kecap panghubung intrakalimah anu manana tuluy, sanggeus kitu: -- *terjadilah pertemuan antara kedua negara itu* sanggeus kitu kajadian pajemuhan antar éta dua nagara; **2** -- **itu**, -- **dari itu** ku lantaran éta; ku sabab kitu: *saya tidak punya mesin ketik, maka surat itu saya tulis saja* kuring henteu boga mesin ketik, ku lantaran kitu éta surat téh ditulis baé; **3** nepi ka (kajadian, berlaku): apa *sebab -- mukamu bengkak* naon sababna nepi ka beungeut manéh bareuh

**ma.ka.lah** *n* **1** tulisan resmi tina hiji masalah anu dibacakeun di hareupeun umum jeung mindeng disusun pikeun dicitak sarta disebarkeun; makalah; **2** karangan tulisan anu jadi pancén murid at mahasiswa di sakola

**ma.kam** *n* **1** kuburan: *mengantarkan jenazah ke* -- nganteurkeun janasah ka kuburan; **2** pakuburan; pajaratan; makam

**pemakaman** *n* **1** tempat kuburan; pakuburan: == *yg baru itu terletak di pinggir kota* pakuburan nu anyar téh ayana di sisi kota; **2** prosés pagawéan. cara ngamakamkeun

**ma.kan** *n* **1** ngasupkeun sangu (at kadaharaan poko sejenna) kana sungut, nyapék sarta neureuyna; dahar: *saya — tiga kali sehari* kuring dahar

tilu kali sapoé; **2** ngasupkeun naon-naon kana sungut, nyapék sarta neleg éta barang: *ia* -- pisang, manéhna dahar cau;**3** ngasupkeun naon-naon kana sungut tuluy diseupah; nyeupah: *ibu -- sirih ibu* nyeupah (seureuh); **4** ngasupkeun naon-naon kana sungut tuluy neleg éta barang: *pasien itu harus -- pil* éta pasien téh kudu ngadahar neleg pél; **5** ngisep; nyedot: -- *candu* nyedot candu; **6** maké; merlukeun; méakeun (waktu, béaya, jsb): *pembuatan jembatan ini — waktu lama* nyieun éta jambatan téh merlukeun waktu lila; *pesta itu -- ongkos besar* éta pésta téh méakeun ongkos gedé; **7** nyerang, maéhan, nyokot (dina permaénan catur): *gajah — kuda hitam* gajah ngadahar kuda hideung; **8** ngaruksak; ngaraheutan: *air raksa itu -- kulit* érraksa téh ngaruksak kulit; **9** ngeunaan; nembus; *dibacokannya golok itu tapi tidak* -- dikadékeun ku manéhna éta bedog téh tapi henteu teurak; **10** meunangkeun naon-naon: *layarnya tidak --, tidak mendapat angin* layarna henteu meunang angin; **11** nyokot, maké, jsb kalawan henteu sah (milik batur at nagara): ia telah — *uang milik perusahaan* manéhna maké duit pausahaan; **12** campur jeung awéwé (biasana dina hubungan gelap): *dia dituduh telah — perempuan desa itu* manéhna geus dituduh campur jeung awéwé kampung éta;

**makanan** *n* **1** sagala rupa anu beunang didahar (spt kuah-kuah,lauk, bubuahan, jsb); **2** *ki* rejeki; sagala rupa anu ku urang didahar anu asup kana badan anu ngawangun at ngaganti jaringan badan, méré tanaga, at ngatur kabéh prosés dina badan

**ma.kar** *n* **1** tipu muslihat: *segala -- ya telah diketahui lawannya* sagala tipu muslihatna geus dikanyahokeun ku lawanna; **2** pagawéan (usaha) anu maksudna arék nyerang, (maéhan) jalma jsb: -- *menghilangkan nyawa seseorang dihukum selama 15 tahun* maéhan jalma dihukum salila 15 taun; **3** pagawean (usaha) ngaragragkeun pamarentah nu sah; makar: *mereka dituduh melakukan -- kpd negara* maranéhna dituduh ngalakukeun makar ka nagara

**ma.ke.lar.** *n* **1** perantara perdangangan (antara nu meuli jeung nu ngajual): makélar; **2** jalma at badan hukum anu jual beuli sekuritas at barang keur nu lian dumasar komisi

**ma.ket** / makét/ *n* wangun titiron (gedong, komplek wangunan, kapal, jsb) dina tilu diménsi jeung skala leutik, biasana dijieun tina kai, kerétas, taneuh, jsb; makét: -- *rumah sakit itu dipamerkan di sana*

makét rumah sakit téh dipamérkeun di dinya

**mak.hluk** *n* anu dijadikeun at diciptakeun ku Allah (spt jalma, sasatoan, tutuwuhan); makhluk: *manusia itu -- yg tdk bisa hidup sendiri* manusa téh mahluk nu teu bisa hirup sorangan baé

**ma.ki** *v cak* ngucapkeun omongan kotor, henteu pantes,kasar, jsb minangka ngalampiaskeun kakeuheul at kaambek, kajéngkél, jsb; carékan: *krn sikapnya yg kurang sopan dia saya --* ku lantaran sikepna nu kurang sopan manéhna ku kuring dicarékan;
**memaki** *vt* ngedalkeun omongan (kecap) kotor, henteu pantes, kurang sopan minangka ngalampiaskeun kakeuheul at kaambek; nyarékan: *pejabat itu == bawahannya padahal dia tdk bersalah* éta pejabat téh nyarékan bawahanana padahal manéhna teu salah;
**makian** *n* kecap (omongan) kotor, kasar, teu sopan ku lantaran ambek jsb

**ma.kin** *adv* beuki tambah (loba): *pesawaat itu terbang -- tinggi* éta pesawat téh ngapung beuki luhur;

**mak.lum** *v* **1** paham; ngarti; nyaho: *saya -- akan hal itu* kuring ngarti kana éta hal; **2** bisa kaharti; malum: *-- orang desa belum mengerti adat kota* malum urang désa can ngarti kana adat kota;
**memaklumi** *vt* ngayahokeun; ngarti: *hanya ibunya yg == kekecewaannya* ngan indungna anu nganyahokeun kana kakaciwaanana

**mak.lu.mat** *n* **1** pengumuman; bewara malumat: *rakyat menerima -- dengan gembira* rayat narima éta pangumuman kalawan gumbira; **2** pangaweruh: *dia tidak mempunyai -- yg cukup atas segala yg berkaitan dengan masalah itu* manéhna teu boga pangaweruh nu cukup nu aya kaitanana jeung éta masalah

**mak.mum** *n* **1** jalma (-jalma) nu dipingpin (dina salat) ku imam; nu milu salat di tukangeun imam; nu jadi pamilon; mamum: *ia salat dl saf — yg pertama* manéhna salat dina saf mamum nu kahiji; **2** *cak* nurutkeun; nurutkeun : *apa katanya kita -- saja* naon omonganana urang turutkeun baé

**mak.mur** *a* 1 loba hasil; mamur: *Cianjur merupakan salah satu daerah -- beras* Cianjur mangrupa salah sahiji daérah mamur béas; **2** loba padumuk jeung sejahtera (di daérah, nagara, jsb); mamur: *pem-*

*bangunan menuju masyarakat yg adil dan* -- pangwangunan nuju masarakat nu adil jeung mamur, **3** sagala cukup; henteu kakurangan: *hidupnya sudah* -- hirupna geus sagala cukup;
**kemakmuran** *n* kaayaan makmur: == *sangat didambakan semua* kamakmuran diarep-arep pisan ku saréréa

**mak.na** *n* **1** *harti*; maksud: *ia menerangkan -- setiap kata dr naskah kuno itu* manéhna nerangkeun mana unggal kecap tina naskah heubeul; **2** maksud nu nyarita at nu nulis; mana nu dihartikeun dina wangun basa;
**bermakna** *vi* ngabogaan (ngandung) harti penting; aya hartina: *kalimat itu == rangkap* éta kalimah téh ngabogaan dua harti (ngandung dua mana)

**mak.ro** (morfem kaiket): **1** gede: **makrospora** spora gedé; **2** panjang: *makrodiagonal* diagonal panjang

**mak.si.at** *n* pagawean nu ngalanggar parentah Allah; perbuatan dosa cela, goreng, jsb); masiat: *salat itu mencegah* -- salat téh nyegah perbuatan masiat;
**kemaksiatan** *n* hal-hal nu sipatna masiat (nu pinuh ku dosa jsb); kamasiatan: *segala bentuk == harus diberantas* sagala wangun kamasiatan kudu ditumpes

**mak.si.mal** *a* saloba-lobana; saluhur-saluhurna; wates pangpangna (pangluhurna jsb); maksimal: *kita telah bekerja secara* — urang geus digawé sacara maksimal

**mak.si.mum** *a* saloba-lobana; pangréana (pangluhurna); maksimum: *muatan barang --150 kilogram* muatan barang maksimum (pangreana ) 150 kilogram

**mak.sud** *n* **1** nu dipikahayang; tujuan; maksud: *telah tercapai -- nya* geus kahontal maksudna; **2** niat; kahayang: *saya datang dgn -- baik* kuring datang kalawan niat hade; **3** harti mana (tina pagawean, omongan, peristiwa, jsb): -- *kalimat itu sudah jelas* éta mana kalimat téh geus jelas;
**bermaksud** *vi* **1** boga maksud (tujuan, kahayang): *ia == pergi ke Bandung* manéhna boga maksud indit ka Bandung; **2** boga niat (arék): *setelah selesai tugasnya, ia == pulang ke kampungnya*

sanggeus bérés tugasna, manéhna arék balik ka kampungna; **3** ngandung harti (mana): *jangan disangka pujian yang muluk-muluk itu tidak == lain* ulah disangka pujian nu muluk-muluk téh henteu ngandung harti nu séjén

**ma.lah (malahan)** ***p*** **1** malah (malahan); beuki tambah: *setelah minum obat itu, ia tidak menjadi sembuh -- bertambah sakitnya* sanggeus nginum éta ubar, manéhna henteu jadi cageur malah jadi beuki ripuh; **2** jadi sabalikna; kalahka: *disuruh duduk, -- berdiri* dititah diuk, kalahka nangtung; **3** justru: -- *kamu yg harus datang, bukan orang tuamu* justru manéh nu kudu datang, lain kolot manéh

**ma.lam** *n* waktu sanggeus panonpoé surup nepi ka panonpoe bijil; peuting (tipeuting);
**kemalaman** *a* nepi ka waktu peuting datang; kapeutingan: *saya == di tengah jalan* kuring kapeutingan di tengan jalan

**ma.lang** ***a*** **1** ayana ngajungjang; malang: *pohon kayu yg tumbang itu -- di tengah jalan* tangkal kai nu runtuh téh malang di tengah jalan; **2** goréng nasib; cilaka; sial; sué: *ia menerima nasibnya yg -- itu dgn penuh kesabaran* manéhna narima nasibna nu goréng kalawan kasabaran;
**kemalangan** *n* **1** kasusahan; kacilakaan: *kita harus dgn sabar menerima == itu* urang kudu sabar narima éta kasusah; **2** karugian : ia *tertimpa == yg tak terduga sebelumnya* manéhna meunang karugian anu teu kaduga saméméhna

**ma.la.pe.ta.ka** ***n*** kacilakaan; kasangsaraan: *siapa pun tidak mengharapkan -- menimpa kepadanya* sing saha baé henteu ngaharep kacilakaan keuna ka dirina

**ma.la.ria** *n* kasakit inféksi nu mindeng kapanggih di daérah tropis, nu dibarengan ku gajala panas tiris fluktuasi suhu nu teratur, nu ditularkeun ku reungit *Anopheles;* malaria

**ma.las** *a* **1** henteu daék digawé at teu migawé nanaon; males: *orang yg -- itu lebih senang mengemis dp bekerja* jalma nu males leuwih senang jajaluk ti batan digawé; **2** henteu daék; henteu hayang (teu napsu); -- horéam: *jangan -- bertanya* ulah henteu daék nanya;
**kemalasan** *n* **1** hal males; sipat (kaayaan) males; *jika datang ==*

*nya, ia tidak bergerak dr tempat tidurnya* lamun datang malesna, manehna teu daék incah ti tempat saréna; **2** kacida malesna; males kaleuleuwihi;

**pemalas** *n* (jalma) nu resep males; nu sipatna males; pamalesan

**ma.lu.** *a* **1** ngarasa henteu senang (teu ngeunah haté, hina, rendah diri, jsb) lantaran migawé nu kurang hadé (kurang bener, béda tina kabiasaan, jsb), boga cacad at kakurangan, jsb; éra: *ia -- krn kedapatan sedang mengambil buah jambu tetangganya* manehna éra ku lantaran kapanggih keur ngala buah jambu tatanggana; **2** sungkan migawé nanaon ku lantaran aya rasa hormat, rada sieun, jsb: *tidak usah -- utk menanyakan hal itu kpd ulama* ulah sungkan nanyakeun hal éta ka ulama; **3** perasaan kurang senang (hina, rendah, jsb): ia berasa -- *berada di tengah-tengah orang penting itu* manéhna ngarasa rendah aya di tengah-tengah jalma penting téh;

**pemalu** *n* (jalma) nu babari ngarasa (nu boga sipat) éra; *gadis = itu selalu menunduk jika diajak bicara* mojang éraan téh salawasna tungkul lamun diajak nyarita

**ma.ma.lia** *n* golongan sasatoan nu aya dina kelas *Vertebrata* nu indungna nyusuan anakna; sasatoan nu nyusuan anakna

**mam.pat** *a* **1** henteu aya bagian nu kosongna; padet; pejel: *tanah itu sudah --* éta tanah geus padet; **2** buntu; eureun (henteu ngocor deui jsb); mengpet: *saluran air sawah --* solokan cai sawah mendet;

**memampatkan** *vt* madetkeun; ngajejelkeun (nekenkeun jsb) sangkan padet

**mam.pu** *a* **1** bisa, sanggup ngalakukeun naon-naon; bisa: *ia tidak -- membayar biaya yg tinggi itu* manéhna teu sanggup mayar béaya nu luhur; **2** beunghar; kaya; loba harta: *mereka cukup -- utk menyekolahkan anaknya ke luar negeri* maranéhna cukup harta keur nyakolakeun anakna ka luar nagri;

**kemampuan** *n* **1** kasanggupan; kakuatan: *kita harus mencoba bekerja dgn == kita sendiri* urang kudu nyoba digawe ku kamampuhan urang sorangan; **2** kakayaan: *krn == nya sudah memadai, dia membeli rumah baru* ku lantaran kakayaanana geus cukup, manehna meuli imah anyar

**ma.na** *p* **1** kecap pananya keur barang dina kelompok at golongan; mana:

-- *yg kaupilih, yg ini at yg itu* mana nu ku manéh dipilih, nu ieu at nu éta; **2** (lamun teu nanya) nuduhkeun pilihan at misahkeun: ***memilih* --*yg baik dan* -- *yg buruk*** milih mana nu alus jeung mana nu goréng; **3** (sanggeus **di, dari, ke**) kecap pananya nu nuduhkeun tempat: ***di*** -- *buku saya* di mana buku kuring; *engkau dari* -- manéh ti mana; *mau pergi ke* -- arék indit ka mana; **4** kecap keur nanyakeun kaayaan at cara naon-naon: *macam* --kawas kumaha (naon); kumaha; **5** nuduhkeun tempat nu teu tangtu: *di* -- *mungkin* (perlu) di mana mungkin (perelu); lamun mungkin (parelu); **6** (**mana lagi; mana pula**) tambahan deui; leuwih-leuwih deui; komo deui: -- *harga-harga sudah naik* jeung deui harga-harga geus naék; -- *panas,* -- *berdesak-desak* mana panas, mana pasedek-sedek deui

**ma.na.je.men** /manajemén/ *n* **1** prosés ngagunakeun sumber daya sacara efektif keur ngudag sasaran (tujuan); **2** pingpinan nu boga tanggung jawab kana jalanna pausahaan jeung organisasi

**ma.na.jer** *n* **1** jalma nu ngatur pagawéan at gawé bareng nu hadé ku ngagunakeun jalma keur ngudag tujuan (sasaran); **2** jalma nu boga wewenang jeung tanggung jawab nyieun rencana, ngatur, mingpim, jeung ngadalian cara ngalaksanakeunana pikeun ngahontal sasaran nu tangtu; manajer

**ma.na.ka.la** *p* lamun; saupama; mana-mana: -- *pengendaraan mobil mematuhi rambu-rambu lalu lintas, kecelakaan akan berkurang* saupama nu tumpak kendaraan taat kana rambu-rambu lalu lintas, kacilakaan bakal kurang

**man.cung** *a* beuki ka tungtung beuki leutik; mancung; lancip; mancrit; mancung: *hidungnya* -- irungna mancung

**man.cur** *v* ———> pancur

**man.dat** *n* **1** paréntah nu dititahkeun ku urang réa (rayat, pakumpulan, jsb) ka jalma (saurang at leuwih) pikeun dilaksanakeun, saluyu jeung kahayang urang réa téa; mandat; *kongres memberikan* -- *kpd pengurus lama utk meneruskan tugasnya* kongres méré mandat ka pangurus heubeul pikeun neruskeun pancéna; **2** jalma nu dibaréré kakawasaan pikeun ngalakukeun kawenangan kakawasan ti hiji badan at organ kakawasaan kalawan asmana badan at organ eta kakawasaan; mandat: *MPR memberikan* -- *kpd Presiden utk menjalankan kekua-*

*saan tertinggi negara* MPR méré mandat ka Presidén pikeun ngajalakeun kakawasaan pangluhurna nagara; **3** instruksi at wewenang nu dibikeun ku organisasi (pakumpulan jsb) ka wakilna pikeun ngalakukeun naon-naon dina perundingan, déwan, jsb: *organisasi itu telah memberikan -- kpd ketua cabang utk ikut berunding* organisasi éta geus méré wewenang ka ketua cabang milu berunding; **4** surat paréntah bayar: *pegawai belum dapat menerima gaji krn --nya belum ditandatangani oleh pejabat yg berwenang* pagawé can bisa narima gajih lantaran surat paréntah bayarna can ditanda tangan ku pejabat nu boga wewenang; **5** perwakilan ka hiji wilayah nu dibikeun ku Perserikatan Bangsa-Bangsa; hal méréna kakawasaan: *Jepang diberi -- utk mengurus kepulauan-kepulauan bekas jajahan Jerman di Pasifik* Jepang dibéré kakawasaan pikeun ngurus pulo-pulo urut jajahan Jerman di Pasifik

**man.da.ta.ris** *n* jalma nu narima (disérénan, ngajalankeun) mandat: *Presiden adalah -- MPR* Presidén mandataris (jalma nu disérénan mandat) ku MPR

**man.dau** *n* pedang (asal Kalimantan); mandau

**man.di** *v* **1** meresihan awak ku cai (ku cara nyiram, ngeueum maneh dina cai, jsb); mandi: *hari libur banyak orang -- di laut* poe pere loba jalma mandi di laut; **2** (**bermandi**) loba beubeunangan: *harga saham naik, banyak yg -- uang* harga saham naék, loba anu beubeunangan duit; **3** (**bermandi**) pinuh ku; lamokot: *-- darah* lamokot ku getih; **4** *ki* (**bermandi**) pinuh ku : *-- keringat* pinuh ku késang; **5** hurung gumebyar (ku cahaya): *kota yg -- cahaya* kota nu hurung gumebyar ku cahaya;

**memandikan** *vt* **1** meresihkeun awak (jalma, sato, jsb) ku cai sakumah biasana jalma mandi: *== kerbau di sungai* ngamandian munding di walungan; **2** ngamandian (hal mayit): *Pak Lebai sedang == jenasah* Pa Lebé keur ngamandian janasah; **3** ngasupkeun kana cai; neuleumkeun kana cai (cairan); *sambil == keris itu mulutnya membacakan mantra* bari ngamandian keris éta sungutna maca mantra;

**pemandian** *n* **1** tempat pangojayan; **2** tempat mandi di walungan; tampian; pamandian; **3** prosés, cara pagawéan mandi

**man.di.ri** *a* dina kaayaan bisa nangtung sorangan; henteu gumantung ka nu séjén; mandiri: *sejak kecil ia sudah biasa* -- ti leuleutik manehna geus biasa mandiri;
**kemandirian** *n* hal (kaayaan) mandiri, bisa sorangan teu gumantung ka nu séjén

**man.dor** *n* **1** jalma nu ngapalaan sababaraha urang at kelompok sarta tugasna ngawas pagawéanana; **2** pagawé biasa nu tugasna sarua jeung pagawé séjén jeung di sagigireun éta ditugaskeun bari ngawas ka babaturan sapagawéanana; mandor

**man.dul** *a* henteu bisa boga anak; mandul; banjir; hapa; gabug; manjir

**man.fa.at** *n* **1** guna; paédah; mangpaat: *sumbangan itu banyak -- nya bagi orang miskin* éta sumbangan téh loba mangpaatna keur jalma miskin; **2** untung: -- *penjualan ternaknya berlipat ganda* untung pangjualan ingon-ingonna manglipet-lipet;
**bermanfaat** *vi* aya mangpaatna; aya gunana; aya paédahna;
**pemanfaatan** *n* prosés, cara pagawéan ngamangpaatkeun

**mang.kuk** *n* **1** cangkir; pinggan; **2** wadah kadaharan nu aya caian, henteu ceulian, buleud, legok, bagian luhurna leuwih lega ti batan bagian handapna (alasna), dijieunna tina poslén at bahan séjén; mangkok; pinggan; **3** komponén alat ngali keur ngali at wadah material hasil galian anu arék dipindahkeun kana alat angkut at tempat séjén
**mang.kus** *a* **1** mustajab; mujarab; manjur; **2** aya hasil gunana

**mang.sa** *n* **1** (daging) sato nu jadi kahakanan sato galak; mangsa: *anak ayam sering jadi -- burung elang* anak hayam mindeng jadi mangsa manuk heulang; **2** organisme nu ditéwak jeung dihakan ku sato predator; **3** *ki* sasaran nu jahat (pagawean jahat): *sepeda itu jadi -- pencuri* éta sepéda téh jadi sasaran bangsat;
**pemangsa** *n* **1** nu ngahakan; **2** ngajadikeun naon-naon jadi mangsa: *burung == hama* manuk nu ngamangsa hama; *ular == tikus* oray nu ngamangsa beurit

**ma.ni.fes.ta.si** /manifestasi/ *n* **1** perwujudan minangka pernyataan perasaan at pamadengan: *tindakannya itu sbg suatu -- kemarahan hatinya* tindakanana téh minangka perwujudan kaambek haténa: **2** perwujudan at wangun tina naon-naon nu teu katénjo; manifestasi: *negara kesatuan Republik Indonesia merupakan -- cita-cita bangsa*

negara kesatuan Republik Indonesia mangrupa manifestasi cita-cita bangsa

**ma.nik-ma.nik** *n* barang laleutik (tina marjan, karang, jsb) nu diliangan jeung ditiir keur perhiasan, kongkorong, jsb; manik-manik: *bagai -- putus talinya, pb* cimata nu nyuluruk

**ma.ni.pu.la.si** *n* **1** tindakan keur migawé naon-naon ku leungeun at alat mékanis secara parigel; 2 ki upaya kelompok at jalma keur mangaruhan perilaku, sikep, jeung pamadegan jalma séjen tanpa nu séjén ngayahokeun; manipulasi
**memanipulasi(kan)** *vt* **1** migawé naon-naon ku leungeun; **2** ngatur (migawé) ku cara nu pinter keur ngahontal tujuan anu dipikahayang; 3 migawé curang (malsu surat-surat, ngagelapkeun barang, jsb); ngamanipulasikeun: ia dihukum krn = cek manéhna dihukum lantaran ngamanipulasikeun cék

**ma.ri** *p* kecap panyeluk nu nuduhkeun ajakan; hayu

**ma.ri.nir** *n* tentara (pasukan) nu jadi bagian ti angkatan laut; marinir

**mar.kas** *n* tempat kadudukan pamingpin tentara (pandu, badan perjuangan, jsb); markas

**mar.ko.nis** *n* jalma nu migawé hal telekomunikasi di kapal; markonis

**Mars** *n* **1** planet panonpoé nu kaopat dina tatasurya, rupana beureum; **2** déwa perang Romawi

**mar.ta.bat** *n* tingkatan harkat kamanusaan; harga diri; martabat

**ma.sa** *n* **1** waktu: -- *tanam padi telah tiba* waktu melak paré geus usum; *bila -- saja* sewaktu-waktu; *ada -- nya* aya kalana; *dapat--nya* a kajadian; b meunang kesempetan hadé; **2** dangka waktu nu rada lila kajadianana hiji peristiwa penting; jaman: --*penjajahan* jaman penjajahan; -- *pembangunan* jaman pangwangunan; **3** dangka waktu nu aya mimitina jeung aya watesna:
-- *kanak-kanak* waktu budak

**ma.sak** *a* *1* geus kolot jeung nepi kana waktuna diala, didahar, jsb (dina buah-buahan); asak: *jeruk ini belum -- krn itu rasanya masam* ieu jeruk acan asak ku sabab éta rasana haseum; **2** geus asak (empuk,

jadi) jeung geus waktuna dicokot, diangkat, jsb (dina kadaharan); asak: *nasinya sudah* -- sanguna geus asak; **3** *ki* geus anggeus dipigawé ( dididik jsb) geus dipikir kalawan asak; geus diputuskeun babarengan; geus sampurna; geus aya dina tingkatan nu ahir (pangalusna): *perkara yg sudah -- jangan diulang-ulang lagi* perkara geus di pikir kalawan asak babarengan ulah dibalikan deui; **4** asak (dina mikir); **5** *cak* masak;

**memasak** *vt* nyieun (ngolah) kadaharan, angeun, jsb: *ibu == di dapur* ibu masak di dapur

**masakan** *n* **1** hasil masak: *—nya terkenal enak* masakanana kasohor ngeunah; **2** (kadaharan, lauk) anu dipasak; asakan: *== padang pedas, == jawa manis* asakan padang lada, asakan jawa amis; **3** *ki* lain saenyana; jijieunan: *kabar itu == manusia iseng saja* éta béja téh jijieunan nu iseng baé

**ma.sa.lah** *n* naon-naon nu kudu di pecahkeun (dianggeuskeun); soal; masalah: -- *keluarga harus diselesaikan oleh keluarga itu sendiri* masalah kulawarga kudu dianggeuskeun ku éta kulawarga sorangan; permasalahan *n* nu ngajadikeun masalah; hal anu dimasalahkeun; persoalan

**ma.sam** *a* **1** haseum (rasa spt asem at cuka): *buah ini -- rasanya* ieu buah haseum rasana; **2** *ki* merengut; henteu marahmay (ku lantaran ambek jsb): *mukanya -- terus krn diolok-olok* beungeutna merengut terus lantaran diheureuyan

**ma.sa.se** *n* hal mijet (ngurus jsb) bagian-bagian badan ku leungeun at alat nu tangtu (husus) pikeun ngalancarkeun perédaran getih sabagé cara ngubaran at keur ngaleungitkeun rasa capé

**Ma.se.hi** *n* /maséhi/ **1** Kristen; nasrani: *agama* -- agama Kristen; **2** perhitungan waktu nu dimimitian ti lahir Yesus Kristus (Nabi Isa)

**ma.sih** *p* **1** keur dina kaayaan can anggeus at keur lumangsung: *toko itu -- buka* éta toko buka kénéh; 2 aya; tinggal (kari); sesa: *uangnya -- seribu rupiah* duitna tinggal sarébu rupiah

**ma.sin** *a* rasa asin (kawas uyah): *tambahkan garam agar lebih* -- tambahkeun uyah sangkan leuwih asin

**ma.sing-ma.sing** *adv* saurang-saurang; sorangan-sorangan; unggal-

unggal; masing-masing; *setelah upacara, murid-mirid kembali ke rumah* -- sanggeus upacara, murid-murid balik imahna masing-masing

**ma.si.nis** *n* jalma nu ngajalankeun mesin (lokomotif, kapal, jsb); juru mesin; masinis (masmis)

**ma.sir** *a* barubuk kawas keusik; sikian: *salak* -- salak nu sikina aya lumudan

**mas.jid** *n* imah wangunan tempat salat (nu agamana Islam); masjid

**mas.ka.pai** *n* perseoran dagang; pausahaan; -- *palayaran* maskapai pelayaran

**mas.ka.win** *n* paméré ti pihak pangantén lalaki (mangrupa duit, perhiasan, barang-barang, jsb) ka panganten awéwé dina waktu akad nikah, bisa dibikeun kontan at dihutang; mahar; maskawin

**mas.ker** *n* 1 alat penutup beungeut; topéng; masker; **2** kaén panutup sungut jeung irung (spt nu dipake ku dokter, juru rawat di rumah sakit): -- *yg menutup mulut dan hidungnya bertali ke talinga* masker nu nutup sungut jeung irungna ditalian kana ceuli; **3** *(—gas)* penutup beungeut nu dipake keur nutupan beungeut jeung bayah tina gas racun; **4** (**-- kecantikan**) bahan cairan nu dioléskeun kana kulit at beungeut pikeun meresihan jeung ngencengkeun kulit

**mas.ter** *n* **1** jalma nu mingpin nu séjén; 2 anu utama,anu pangluhurna (pinter, parigel, jsb) di antara nu séjén; juara (dina olah raga catur); master: -- *catur itu sekaligus melawan dua puluh pemain secara simultan* éta master catur téh sakaligus ngalawan dua puluh pamaén sacara simultan

**mas.tur.ba.si** *n* prosés, cara migawé sangkan napsu sahwatna kahontal tanpa hubungan séks; onani; masturbasi, biasana di lakukeun ka diri sorangan

**masuk** *v* **1** datang (indit) ka jero (rohangan, kamar, lingkungan, liang, jsb); asup: *ia -- ke dl kamarnya* manéhna asup ka jero kamarna; **2** datang (indit) ka tempat digawé (sakola jsb): *ia tidak -- sekolah hari ini* manéhna henteu indit sakola poé ieu; **3** kagolong; kaitung; kaasup: *hal itu sudah -- ke dl acara rapat* hal éta geus kaasup kana

acara rapat; **4** jadi (anggota pakumpulan, prajurit, warga nagara, -- panganut agama, jsb): -- *Islam* jadi panganut Islam; -- *tentara* jadi tentara; **5** milu; milu campur; ilubiung: -- *perang* milu perang -- *ujian* milu ujian; **6** anu ditarima; anu ditampa: *surat yg -- harus diarsipkan* surat nu ditampa kudu diarsipkeun;

**pemasukan** *n* **1** prosés, cara, pagawéan ngasupkeun: == *barang bulan ini tdk lancar* prosés asupna barang bulan eiu teu lancar; **2** panghasilan: == *daerah tdk dr pajak saja* panghasilan daérah lain tina pajeg wungkul;

**kemasukan** *vi* **1** kaasupan roh lelembut jsb; *matanya tampak merah spt orang yg* == matana bereum kawas jalma nu kaasupan; **2** diasupan ku: aya nu asup: *rumahnya* == pencuri imahna kaasupan bangsat

**ma.sya.ra.kat** *n* sajumlah manusa dina harti nu sajembar-jembarna sarta kabeungkeut ku hiji kabudayaan nu dianggap sarua;

masarakat: -- *terpelajar* masarakat terpalajar;

**bermasyarakat** *vi* **1** mangrupa masarakat: *makhluk yg* == mahluk nu mangrupa masarakat; **2** ngahiji ngawangun masarakat: *hidup == secara rukun* hirup ngawangun hiji masarakat sacara rukun;

**memasyarakatkan** *vt* **1** ngajadikeun sabagé anggota masarakat: *mereka berusaha == kembali narapidana* maranéhna usaha ngejadikeun deui sabagé anggota masarakat narapidana; **2** ngajadikeun dikenal ku masarakat: *Pemerintah berusaha == olah raga di segala lapisan* Pameréntah usaha ngajadikeun olah raga dikenal masarakat di sagala lapisan

**masy.hur (termasyhur)** *a* dikenal ku balaréa; mashur; sohor; terkenal: *karangan itu yg membuat namanya* -- éta karangan nu ngajadikeun ngaranna mashur;

**kemasyhuran** *n* hal (kaayaan) mashur (sohor, terkenal); seungitna ngaran: == *komponis itu meluas ke seluruh dunia* kasohorna komponis éta téh nyambuang ka sakuliah dunya

**ma.ta** *n* **1** indtra keur nénjo; indra panénjo; mata; panon; **2** *ki* naon-naon nu jadi puseur; anu di tengah-tengah pisan: -- *alamat* puseur alamat; **3** naon-naon nu nyarupaan mata (spt liang leutik, jaring): *ia memasukkan benang ke -- jarum* manéhna ngasupkeun bola kana liang jarum; **4** bagian nu seukeut dina pamotong (peso, kampak, jsb) -- *pisau itu perlu dikikir supaya tajam* seuseukeut péso téh perelu

dikihkir supaya seukeut; **5** sesela di antara dua gurat (di na jidar, darjah, jsb); **6** pupil hideung tempat jadina sirung (dina dahan, beuti, jsb); **7** nu pangpentingna (sumber, poko, jsb): -- *pencaharian penduduk di desa itu bertani* sumber kahidupan urang désa éta tani

**ma.ta.dor** *n* jalma nu diadu jeung banténg (di Spanyol dina pertandingan aréna husus maké alat kaén jeung pedang) anu tuluy bantengna dipaéhan ku pedang, matador

**ma.ta.ha.ri** *n* barang angkasa, titik puseur tata surya mangrupa buleudan bal nu eusina gas nu ngadatangkeun caang jeung panas di bumi waktu tibeurang; panonpoé: -- *terbit di timur tenggelam di barat* panonpoé medal di wétan surup di kulon

**ma.ta-ma.ta** *n* jalma nu di papancénan nalungtik bari ngelemet teu dikanyahokeun ku nu lian (musuh); pulisi rahasia; mata-mata; spion: -- *barat tertangkap di negara timur* mata-mata barat katéwak di nagara wétan

**ma.tang** *a* **1** geus kolot jeung geus waktuna diala, didahar, jsb (dina bubuahan); asak: *mangganya dibiarkan -- di pohon* buah manggahna diantep sina asak na tangkal; **2** geus hipu (garing jsb) jeung waktuna diangkat (di cokot) jsb (ngeunaan kadaharan nu dipasak); asak: *ubi yg -- direbus itu sudah --* hui nu dikulub téh geus asak; **3** *ki* geus anggeus dipigawé (diatik, disayagikeun, jsb); **4** geus dipikirkeun (ditimbang-timbang) enya-enya; geus disatujuan ku saréréa; geus sampurna at geus aya dina tingkatan ahir: *rencana yg --* rencana nu geus dipikirkeun enya-enya; **5** proses mekarna jalma nu nuju kadéwasaan nu aya hubunganana jeung mekarna fisik sarta psikologis; matang; asak

**mematangkan** *vt* ngajadikeun asak; ngasakkeun: *rencana itu sudah selesai dirundingkan, tinggal == kan saja* éta rencana téh geus anggeus dirundingkeun, tinggal ngasakkeun baé:

**kematangan** *n* **1** hal (kaayaan) asak: *penelitian tentang == anak utk bersekolah* panalungtikan ngeunaan budak nu meujeuhna keur sakola; **2** asak teuing: *durian itu jatuh krn ==* éta kadu téh ragrag ku lantaran asak teuing; 3 kaasakan

**ma.te.ma.ti.ka** /matématika/ *n* élmu hal bilangan, hubungan antara bi-

langan, jeung prosedur operasional nu digunakeun dina nganggeuskeun masalah ngeunaan bilangan; matématika

**ma.te.rai** *n* materai

**ma.te.ri** /matéri/ *n* **1** barang; bahan;sagala rupa anu katénjo;

matéri: *bantuan berupa* -- bantuan mangrupa barang (bahan, matéri); **2** naon-naon anu dijadikeun bahan (keur diujikeun, dipikirkeun, dirundingkeun, jsb); matéri: *orang yg menyusun ujian harus tahu --nya* jalma nu nyusun ujian kudu nyaho matérina

**ma.te.ri.al** / matérial/\n bakal anu dipaké pikeun bahan jieuneun bahan séjén; bahan atah pikeun wangunan (spt keusik, batu, kai, kapur, jsb); matérial: *pembangunan rumah itu berhenti sementara menunggu* -- pangwangunan imah téh eureun samentara nungguan bahan

**ma.ti** *v* **1** geus euweuh nyawaan; henteu hirup deui; paéh: *pohon jeruk itu -- krn hama* tangkal jeruk téh paéh ku hama; **2** naon-naon anu henteu nyawaan; anu teu pernah hirup: batu adalah barang -- batu barang paéh; **3** *ki* enuweuh gerak at kagiatan, spt bubar (dina pakumpulan jsb); cicing at eureun (spt angin jsb); henteu ramé (di pasar, perdagangan, jsb); henteu jalan (spt mesin, érloji jsb); **4** henteu caian (cinyusu, sumur, jsb); **5** henteu karasa deui (kulit baal jsb); **6** pareum, henteu caang (dina lampu, seuneu, jsb); **7** henteu terus; buntu (hal jalan,pikiran, jsb): *krn pikirannya sudah -- ia tdk dapat berbuat apa-apa* ku lantaran pikiranana geus buntu, manéhna henteu bisa migawé naon-naon; **8** henteu bisa robah deui (hal harga, tali, jsb): *harga* -- harga teu bisa robah deui; tali (simpul) -- tali (cangreud) paeh; **9** geus henteu dipaké deui (spt dina basa jsb): *bahasa Kawi sudah* -- basa Kawi geus henteu dipaké deui;
**kematian** *n* **1** hal paéh: == *nya disebabkan penyakit jantung* maotna disababkeun ku kasakit jantung; **2** ngarandapan di tinggal maot (ku kulawarga jsb): *ia belum lama ini == ibunya* manéhna acan lila ditinggal maot ku indungna; **3** *ki* ngarandapan susah ku naon-naon nu paéh: *perahu == angin* parahu henteu meunang angin (henteu maju)

**mat.ra** *n* **1** ukuran dina luhur,panjang , at lébar; diménsi; **2** ukuran réana tekenan irama (dina musik); **3** bagan nu dipaké dina susunan jajaran

sajak nu aya hubungan jeung jumlah, panjang at tekenan engang; matra

**mat.ras** *n* kasur kandel jeung padet nu dieusi kapuk, tapas, karét busa, jsb, nu digunakeun keur alas tempat saré, alas olah raga luncat, jsb; matras

**mat.riks** *n***1** raraga; bagan; matriks; **2** rekaman babon (dina piringan hitam); **3** matris; **4** pola acuan keur ragam hias reliéf at arca; **5** tabel nu disusun dina lajur jeung jajaran nepi ka hal-hal nu dieusikeun bisa dibaca ti kénca ka katahu jeung ti luhur ka handap; **matriks**

**ma.u** *adv* **1** enya-enya hayang; daék *ia -- datang asal dijemput* manéhna daék datang asal dipapagkeun; **2** arék : *ibu -- ke pasar* ibu arék ka pasar; **3** kahayang; maksud: -- *nya begini* kahayangna kieu; **kemauan** *n* naon anu dipikahayang; kahayang: *ia menurut saja akan == temannya* manéhna nurut baé kana kahayang baturna

**ma.ut** *n* **1** pati: hal paéh, maot (pangpangna keur jalma): *semua mahluk hidup pasti kedatangan* -- sakabéh mahluk hirup pasti maot; **2** *cak* hébat; luar biasa; matak hookeun: *permainan biolanya* -- permainan piulna hébat

**ma.war** *n* tutuwuhan perdu golongan *Rosaceae,* nu ngawengku ratusan jinisna, tangkalna lempeng, ngayang, watangna cucukan, kembangna anéka warna, aya nu beureum, bodas, konéng, jsb, ambeuna seungit; kembang eros; (ér) mawar

**ma.was** n orang utan; monyét gedé; mawas, *Symia satyrus*

**ma.was di.ri** ——> **mawas diri**
diri sacara jujur; introspeksi; mawas diri

**ma.ya** *a* sigana baé aya, tapi ari nyatana mah euweuh, ngan aya dina angen-angen wungkul; hayalan

**ma.yang** *n* gagang l=kembang palem (kalapa,kawung, jambé, jsb) anu dibungkus ku palapah; (kembang) mayang
-- *menolak seludang, pb* mopohokeun jalma anu miara ti leuleutik;
-- *mengurai* buuk panjang nu ngarumbay galing muntang

**ma.yat** *n* badan at awak jalma anu geus maot; janasah; mayit: *anak yg*

*terseret arus deras itu akhirnya ditemukan sudah jadi* -- budak nu kaséréd cai tarik téh akhirna kapanggih geus jadi mayit

**ma.yor** *n* **1** ngaran pangkat perwira tengah, di saluhureun kaptén sahandapeun létnan kolonél; mayor; **2** anu utama; anu gedé

**mayo.ritas** *n* jumlah jalma nu panglobana nu nembongkeun ciri nu tangtu nurutkeun hiji patokan dibandingkan jeung jumlah séjén anu henteu némbongkeun éta ciri kasebut; mayoritas: *usul itu disetujui oleh -- anggota majlis* éta usul téh disatujuan ku mayoritas anggota majlis

**me.bel** /mébel/ *n* parabot imah spt méja, korsi, jsb; mébel

**me.da.li** *n* tanda (tanda panghargaan, tanda paringetan) nu dijieun ku logam (emas, pérak, parunggu), anu bangunna buleud, lonjong, jsb sakapeung ditalian kawas kongkorong; medali: *Indonesia mendapat tiga -- emas di Asian games XI* Indonesia meunang tilu medali emas di Asia Games XI

**me.dan** / médan/ *n* **1** tanah nu lega (keur ngadu kuda jsb); alun-alun; **2** *ki* lingkungan; rohang lingkup: -- *pembangunan luas sekali* rohang lingkup pangwangunan lega pisan; **3** lokasi; daérah: -- *nya berat, menanjak dan penuh hutan* lokasina beurat, nanjak jeung rembet ku leuweung; **4** wates di antara dua massa udara nu béda kaayaanana: -- *magnet* médan mangnét

**me.di.a** / média/ *n* **1** alat; parabot; **2** sarana komunikasi spt koran, majalah, radio, televisi, filem, poster, jeung spanduk; **3** anu aya di antara dua pihak (jalma, golongan, jsb); média: *wayang bisa dipakai sbg -- pendidikan* wayang bisa dipaké jadi média atikan; **4** perantara panghubung; **5** zat hara nu ngandung protéin,karbohidrat,uyah, cai, jsb boh nu mangrupa cairan boh nu dipadetkeun kalawan di tambah ku gelatin pikeun nuwuhkeun baktéri, sél, at jaringan tutuwuhan

**me.di.ta.si** /méditasi/ *n* pamuseuran pikiran jeung perasaan keur ngahontal naon-naon; tapakur; meditasi;

**bermeditasi** *vi* museurkeun pikiran jeung perasaan keur ngahontal naon-naon

**me.di.um** /medium/ *n* **1** pertengahan; **2** ukuran sedeng; medium; **3** alat keur ngahontal naon-naon; **4** media; **5** jalma nu jadi panghubung antara roh nu geus maot jeung nu hirup ku cara kasarumahan ka diri

perantara tea; **6** zat perantara pikeun ngarambatna sada; **7** zat nu digunakeun pikeun ngareakeun bakteri, jsb

**me.dok** *a* **1** rada kentel lantaran rea bungbuna (kuah, gado-gado); **2** kaciri aksen daerahna; medok: *ucapan bahasa Jawanya masih -- sekali* ucapan basa Jawana kaciri medok pisan

**me.ga** /méga/ *n* haseup di langit; mega: *angin bertiup, -- berarak* angin niup, mega iring-iringan

**me.ga.fon** /mégafon/ *n* alat keur nguatkeun sora jeung ngatur arah sora (sada) nu bangunna kawas corong; megafon

**me.gah** *a* **1** katenjo matak pikahelokeun (lantaran ku gedena, endahna, jsb); gagah perkasa; mulya, mashur: *monumen itu berdiri dgn -- nya* éta monumen teh nangtung kalawan gagah perkasa jeung endah; **2** reueus: *ia merasa -- duduk dl mobilnya yg baru* manehna ngarasa reueus diuk dina mobilna nu anyar: megah;
**bermega-megah** *vi* ngareueuskeun (nyombongkeun, ngagungkeun) diri; hayang ngarasa leuwih ti nu sejen: *ia membeli perhiasan itu utk == saja* manehna meuli perhiasan teh keur ngagungkeun dirina bae;
**kemegahan** *n* hal (kaayaan) megah; kamulyaan; kamashuran; kabesaran: *bekerja utk == negeri* di gawe keur kamegahan nagri

**me.galit** /mégalit/ *n* batu gedé titinggal jaman prasejarah; mégalit

**Me.ga.li.ti.kum** / mégalitikum/ *n* jaman batu gedé (nya eta salah sahiji periode jaman prasejarah)

**me.gaton** / mégaton/ *n* satuan ukuran daya ledak nu gadéna saton dinamit (1 megaton = 1. 000.000 din TNT)

**me.ga.watt** / mégawatt/ *n* satuan ukuran arus listrik (1 mégawatt= 1.000.000 watt)

**Me.i** / méi/ *n* bulan kalima taun Masehi (réana tilu puluh hiji poé)

**me.ja** /méja/ *n* parabot imah nu ngabogaan widang datar nu jadi daun méjana, jeung sukuan nu jadi panahanna (rupa-rupa banguna jeung macemna); méja

**me.jan** *n* kasakit ngising getih nu pacampur budur; diséntri; kasakit mejen

**me.ka.nik** /mékanik/ *n* ahli mesin; mékanik

**me.kar, memekar** *vi* **1** (mimiti) mekar; jadi muka; ngembang: *mawar itu == disinari matahari* kembang eros mekar kasinaran panonpoé; **2** jadi gedé jeung kembung; jadi loba: *adonan roti ini telah ==* ieu roti geu ngembang; **3** jadi tambah lega (gedé, ramé, alus, jsb): *kota Bandung tambah ==* kota Bandung tambah lega **4** *ki* (mimiti) timbul jeung mekar: *dl hatinya mulai == perasaan cinta* dina haténa mimiti timbul jeung mekar perasaan cinta;
**pemekaran** *n* prosés ngajadikeun tambah lega (gedé, lébar, loba, jsb): *desa ini merupakan == dr desa lama* ieu désa mangrupa pamekaran ti désa heubeul

**me.la.min** /mélamin/ *n* **1** bahan kristal tanpa warna, bisa larut dina cai, digunakeun jadi bahan panglapis jeung plastik; mélamin; **2** barang anu dijieun tina bahan mélamin

**me.la.rat** *a* **1** miskin; sangsara; malarat: *orang kaya itu krn kebakaran jadi ==* nu beunghar téh ku lantaran kahuruan jadi malarat; **2** rugi: *harus difikirkan -- dan manfaatnya* kudu dipikirkeun rugi jeung mangpaatna;
**kemelaratan** *n* hal malarat; kemiskinan; kasangsaraan

**me.la.ta** *v* ———> **lata**

**me.la.ti** *n* tutuwuhan perdu golongan *Rubiaceae*, sok dipelak di buruan imah, warna kembangna bodas, kawas bibintangan jadina dina gagangna, seungit kaambeuna, sok dipaké dina gelung (awéwé), dina upacara kawin; melati, *Jasminum sambac*

**me.le.sat** *v* ———> **pelesat**

**me.lo.di** /mélodi/ n susunan paréléan nada dina musik; mélodi: *terdengar suatu -- gitar melagukan sebuah lagu kenangan* kadéngé mélodi gitar ngalagukeun lagu nu dipikaéling

**me.lu.lu** *p* euweuh deui ngan; ngan (wungkul): *kamar ini -- utk menerima tamu* ieu kamar ngan (wungkul) keur narima sémah: **kerjanya tidur** -- gawéna euweuh deui ngan saré

**me.mang** /mémang/ *p* sabenerna; enya-enya; bener-bener; mémang: -- *engkau yg salah bukan dia* sabenerna manéh nu salah lain manéhna

**me.mar** *a* ruksak at remuk bagian jerona, tapi ti luar teu kaciri; eumeur: *mangga itu -- krn jatuh* buah téh eumeur lantaran ragrag

**me.mo** /mémo/ *n kp* **memorandum** **1** nota at surat paringetan teu resmi; **2** surat pernyataan dina hubungan diplomasi; **3** wangun komunikasi nu eusina saran, arahan, at panerangan

**mem.pan** *v* **1** bisa keuna ( ku senjata jsb); teurak; bisa kahuru (ku seuneu): *golok itu dibacokkan kpdnya tapi tidak --* bedog téh dikadekkeun ka manéhna tapi teu teurak; *coba bakar, -- atau tidak* cing duruk hurung at henteu; **2** bisa nyageurkeun kasakit (hal ubar): *segala macam obat telah diminumnya tetapi tidak -- juga* sagala ubar geus diinum ku manéhna tapi teu cageur baé

**mem.pe.lai** *n* jalma anu keur ngalakukeun perkawinan; pangantén: *setelah dinikahkan oleh penghulu resmilah kedua -- menjadi suami istri* sanggeus ditikahkeun ku panghulu resmi baé pangantén sakalih jadi salaki pamajikan

**me.nang** *v* **1** bisa ngéléhkeun (musuh,lawan, saingan); unggul; meunang: *dl perang selalu ada yg -- dan ada yg kalah* dina perang salawasna aya nu meunang jeung aya nu éléh; **2** ngahontal (beubeunangan) hasil (naon-naon) lantaran bisa ngéléhkeun lawan (saingan); *berapa rupiah -- mu semalam* sabaraha pérak beubeunangan manéhna sapeuting; **3** lulus (dina ujian): *dl ujian susulan itu dia --* dina ujian susulan téh manéhna lulus; **4** meunang hadiah (dina saémbara, undian, lotré, jsb): *dl pertandingan sepak bola itu yg -- undian mendapatkan hadiah kaos putih* dina éta pertandingan maén bal anu meunang undian dibéré hadiah kaos bodas; **5** bisa ngaleuwihan; leuwih ti: *ia bukan -- kaya, melainkan -- pangkat* manéhna lain leuwih ti beunghar, tapi leuwih ti pangkat; **6** dinyatakan bener (meunang dina perkara): *terdakwa itu -- perkara* terdakwa teh meunang perkara;

**memenangkan** *vt* **1** nyababkeun (ngajadikeun) meunang; *tim bola voli kita == pertandingan antara sekolah* tim bola voli urang jadi meunang dina pertandingan antarsakola; **2** ngajadikeun diri nu meunang: *dia == dasalomba itu* manéhna meunang dina dasalomba

éta; **3** nganggap (mutuskeun) hiji pihak meunang; mihak ka : *protes timbul setelah wasit == kesebelasan tamu* protés timbul sanggeus wasit mangmeunangkeun kasawelasan sémah;

**pemenang** *n* jalma (pihak) anu meunang: == *pertama mendapat hadiah medali emas* jalma anu meunang kahiji meunang hadiah madali emas;

**kemenangan** *n* **1** hal meunang: == *itu diperoleh dgn perjuangan berat* hal meunangna dihontal kalawan perjoangan beurat; **2** kaunggulan; kaleuwihan: *kakalahan dl harta ditebus dgn == dl ilmu dan beramal* hal éléhna dina harta ditebus ku kaunggulan dina élmu jeung amal

**me.nan.tu** *n* pamajikan at salaki ti anak urang; minantu

**me.na.ra** *n* **1** wangunan nu luhur (spt di masjid jsb); munara; **2** wangunan luhur pikeun ngawaskeun daérah sakurilingeunana at jadi pituduh keur kapal jsb anu keur balayar

**men.da.dak** ——> **dadak**

**men.di.ang** *n* anu geus maot; suargi; almarhum: *dia ziarah ke makam -- ibunya* manéhna jarah ka makam almarhum indungna

**men.dung** *n* **1** méga anu ngandung pihujaneun: -- *hitam sudah merata di langit* méga hideung geus rata di langit; **2** kaayaan langit nu rada poék; euweuh sinar panonpoé (ku lantaran katutup méga); mendung: *udara hari ini -- saja* hawa poé ieu mendung baé

**me.nga.pa** ——> **apa**

**meng.kal** *a* **1** kakara asak di jero (can asak kabéh); satengah asak (dina bubuahan): *buah mangga yg masih -- enak dirujak* buah anu satengah asak ngeunah dirujak; **2** karasa teuas dina beuteung; ngabagegeg: -- *rasa perutku* ngabagegeg teuas karasa dina beuteung; **3** ambek (kesel) dina haté; ngarasa mangkel: *hatinya sangat -- krn yg ditunggu tidak datang* haténa karasa mangkel lantaran nu ditungguan teu datang

**me.ni** / méni/ *n* cét beureum nu dipaké dasar dina kai, beusi, jsb saméméh dicet: -- *kayu* meni kai; -- *besi* meni beusi

**me.nit** *n* **1** ukuran waktu nu lilana 1/60 jam; genep puluh detik; menit; **2**

sapergenep puluh bagian tina hiji darjah (simbul); 1 darjah= 60 menit (1° = 60')

**me.nor** /ménor/ *a* nyolok dangdanna at hiasanana (maké papakéan warna-warni nu nyolok)

**me.no.pa.u.se** / ménopause/ *n* awéwé anu geus eureun haidna ku lantaran umur; mémopause

**men.tah** *a* **1** acan asak; can waktuna diala at dicokot hasilna; atah (dina bubuahan); **2** acan anggeus diolah keur didahar; acan asak (dina kadaharan nu diasakan): *nasinya masih* -- sanguna atah kénéh; **3** acan matang pisan; can sampurna; acan putus: *perundingan itu masih --, perlu dilanjutkan lagi* éta perundingan téh acan putus, masih perlu diteruskeun deui

**mén.tal** /méntal/ *n* hal anu nyangkut batin at watek manusa, anu sipatna lain tanaga at badan; méntal: *pembangunan fisik dan -- harus dilakukan dgn seimbang* pangwangunan fisik jeung méntal kudu dilakukeun saimbang

**men.té.ga** / mentéga/ *n* gajih nu kentel, hipu, dijieun tina susu (biasa dipaké keur nyieun kuéh, masak, at didahar jeung roti); mantéga

**men.té.réng** /mentéréng/ *a* (sarwa) alus; méwah; hébat; kaayaan nu nimbulkeun rasa hélok (lantaran alus, éndah, jsb); méntéréng: *dulu ia tinggal di rumah kontrakan, sekarang rumahnya* -- baréto manehna cicing di imah kontrakan, ayeuna imahna méwah

**men.te.ri** *n* **1** kapala hiji departemén (anggota kabinét), nu mangrupa pembantu utama kapala nagara dina ngalaksanakeun urusan (pancén, pagawéan) nagara; menteri; **2** pagawé patinggi (jadi panaséhat raja jsb): *para hulubalang dan -- tumenggung sedang berada di balairung menghadap raja* para hulubalang jeung mantri tumenggung keur aya di balairung ngahadep raja

**men.ti.mun** *n* tutuwuhan ngarambat, bangun buahna buleud panjang rupana héjo, héjo ngora, at konéng, didahar atah dijieun lalab, dijieun acar, jsb; bonténg; *Cucumis sativus*

**me.nu** /ménu/ *n* daptar at sajumlah kadaharan jeung inuman nu sayagi

jeung bisa diambengkeun; ménu: --*nya sesuai dgn seleraku* ménuna saluyu jeung kahayang kuring

**me.nung, bermenung(-menung)** *vi* cicing bari mikir asak-asak; tapakur

**me.rah** /mérah/ *a* warna dasar nu rupa kawas getih; beureum: *kesukaannya warna* -- karesepna kana warna beureum

**memerahkan** *vt* ngajadikeun (nyababkeun) warna beureum; ngabeureumkeun;

**pemerah** *n* bahan keur ngajadikeun warna beureum: *gincu di pakai == bibir* gincu dipaké keur ngabeureuman biwir

**me.rak** *n* manuk nu huluna leutik, kukuncungan, beuheungna panjang jangjangna pondok, nu jalu buntutna éndah aya hiasan baruleud héjo dina buntutna nu panjang, lamun di bébérkeun bangunna kipas (satengah buleudan);merak, *Pavo muticus*

**me.ra.na** *a* **1** lila ngarandapan gering: *sakit* -- gering lila; **2** mindeng geringan; beuki lila beuki begang: badannya -- awakna geringan, beuki lila beuki begang; **3** salawasna ngarandapan kasedih (kasusah jsb): *hati* -- haté ngarandapan kasedih; *pikiran* -- pikiran ngarandapan susah

**mer.de.ka** /merdéka/ *a* **1** bébas mérdika (tina penjajahan,perbudakan, jsb); mandiri: *bangsa Indonesia -- sejak 17 Agustus 1945* bangsa Indonesia merdika ti tanggal 17 Agustus 1945; **2** henteu keuna at lésot tina tuduhan (tungtutan): -- *dr tuntutan pengadilan*; **3** teu kabeungkeut, teu gumantung ka pihak séjén; laluasa: *boleh berbuat dgn* -- meunang migawé kalawan laluasa (teu kaiket ku naon-naon); **kemerdekaan** *n* kaayaan (hal) bébas (merdika, mandiri, teu dijajah deui, jsb); kamerdikaan

**mer.du** *a* hadé jeung ngeunah kadéngéna (hal sora jsb); halimpu: *ia bernyanyi dgn suara yg* -- manéhna tembang sorana halimpu. hadé jeung ngeunah kadéngéna;

**kemerduan** *n* hal (kaayaan) halimpu (dina sora jsb): *ia jarang menikmati == yg ditimbulkan oleh bunyi burung* manehna arang ngarasakeun nimatna halimpuna nu ditimbulkeun ku sora manuk

**me.rek** /mérek/ *n* **1** tanda nu diterapkeun ku pabrik (pangusaha, produsén, jsb) dina barang-barang nu dihasilkeunana nu jadi tanda

pangenal; cap (tanda) nu jadi pangenal nu nerangkeun ngaran jsb; mérek: *pisau ini ada —nya* ieu péso aya mérekna; **2** *ki* kagagahan; kaunggulan; kualitas

**me.ri.ang** *a* ngarasa henteu ngareunah awak lantaran kurang séhat; karasa panas tiris (up ku lantaran asup angin at salésma); muriang: *badannya meriang; lidahnya terasa pahit* awakna muriang, letahna karasa pait

**me.rin.ding** *a* muringkak (murinding) bulu punduk ku lantaran sieun jsb: -- *rasanya melihat mayat terpotong-potong itu* muringkak (murinding) karasana nénjo mayit nu pararotong téh

**merpati** *n* **1** manuk, nu kaasup bangsa *Columbiformes*, spt tikukur, titiran, dina kapercayaan jeung kabudayaan ngalambangkeun perdaméyan; japati; **2** *ki* jajaka jeung mojang nu keur mangsana hahadéan: *sepasang -- sedang duduk-duduk di taman* sapasang jajaka jeung mojang keur dariuk di taman

**mer.tu.a** *n* kolot salaki (pamajikan); mitoha; mertua

**me.sin** *n* pakakas keur ngagerakkeun, at nyieun naon-naon nu dijalankeun ku roda-roda, digerakkeun ku tanaga manusa at motor

**me.si.u** *n* **1** bahan kimia anu babari ngabeledug, biasana mangrupa bubuk, nu dipaké keur ngeusian pélor; **2** pélor-pélor senjata api

**mes.ki (pun)** *p* kecap panghubung antara dua kalimah ngantét nu nuduhkeun lalawanan; sanajan: *--hujan lebat, ia pergi juga* sanajan hujan gedé, manéhna indit ogé

**mes.ra** *a* **1** raket (dalit) pisan; deudeuh: *hal itu telah -- di hati* éta hal geus raket dina haté; 2 dalit pisan (dina sosobatan jsb): *hubungan cintanya sudah terlalu* --hubungan cintana geus kacida deudeuhna; **kemesraan** *n* hal anu sipatna deudeuh (dalit)

**mes.ti** *adv* 1 pasti; tangtu: *kalau dituruti nasihatnya -- tercapai maksudnya* lamun diturutkeun naséhatna, tangtu kahontal maksudna; **2** teu meunang henteu; kudu; musti: *engkau -- berangkat sekarang kalau engkau tidak ingin ketinggalan kereta api* manéh kudu indit ayeuna lamun henteu hayang katinggaleun karéta api

**semestinya** *adv* **1** sakuduna; sakumaha kuduna: *tdk diperlakukan sbg*

== henteu diperlakukeun sakumaha kuduna; **2** sabenerna; samémangna: == *lah engkau berikan uang itu kpd ibumu* sebenerna mah éta duit bikeun ka indung manéh ku manéh

**me.sum** *a* **1** kotor (hal papakean, badan, jsb)): *pakaiannya telah* -- papakéanana geus kotor; **2** *ki* henteu sanonoh; teu patut (hal pagawéan, kalakuan, jsb); cabul: *bacaan yg isinya sangat* -- bacaan nu eusina kotor pisan;perbuatan -- perbuatan cabul;
**kemesuman** *n* **1** hal (kaayaan) mesum; kakotoran; kacabulan; 2 pagawéan anu henteu sanonoh (keji, cabul, goréng)

**me.ta.bo.lis.me** /métabolisme/ *n* **1** patukeurna zat dina organisme anu ngawengku prosés fisika jeung kimia, pangwangunan jeung pangrucatan zat dina badan nu ngamungkinkeun lumangsungna hirup; **2** prosés hal muterna naon-naon; gerak muter; métabolisme: *terjadinya -- mikrobiologis di dl tanah menghasilakan zat lemas* aya jadina métabolisme di jero taneuh ngahasilkeun zat lemas

**me.ta.fi.si.ka** /métafisika/ *n* élmu pangaweruh nu aya hubungan jeung hal-hal anu nonfisik at nu teu katénjo; métafisika

**me.ta.fo.ra** /métafora/ *n* cara makéna kecap at kelompok kecap lain kuharti nu sabenerna, tapi dumasar kana pertandingan at sasaruaanana msl *pemuda adalah tulang punggung negara* pemuda nyaéta tulang tonggong nagara

**me.ta.mor.fo.sa** /métamorfosa/ *n* parobahan bangun at susunan; peralihan bangun (up hileud jadi kukupu); métamorfosa: *batu tulis terjadi dr tanah liat yg mengalami* -- batu tulis jadina tina taneuh porang nu ngalaman métamorfosa

**me.ta.nol** /métanol/ *n* bahan bakar nu asalna tina gas alam at tina salah sahiji komponén tambang minyak bumi jeung bahan baku komposisi karbon jeung hidrogén; métanol

**me.te.or** /météor/ *n* barang angkasa nu nyirorot di angkasa luar asup ka atmosfér sarta hurung ku lantaran pagésék jeung udara, dina umumna mah béak kaduruk samémméh datang ka bumi,jeung lamun nyésa éta barang ragrag jadi météorit; météor

**me.te.o.ro.lo.gi** / météorologi/ *n* élmu pangaweruh ngeunaan ciri-ciri fisik jeung kimia atmosfér (pikeun ngaramal cuaca); météorologi

**me.ter/méter/** *n* satuan ukuran panjang (1méter = 39, 37 inci at ± 5 jeungkal jalma déwasa); **métér**

**me.to.de** /métode/ *n* cara nu teratur sarta dipikir asak-asak pikeun ngahontal maksud (dina élmu pangaweruh jsb); cara digawé nu maké sistem pikeun ngababarikeun palaksanaan hiji kagiatan keur ngahontal tujuan nu di tangtukeun; métode

**met.ro.po.lis** /métropolis/ *n* kota nu jadi puseur kagiatan nu tangtu, boh pamaréntahan boh industri jeung perdagangan; métropolitan

**met.ro.po.li.sa.si** /métropilisasi/ *n* hal (cara nyieun at ningkatkeun kota jadi métropolis; métropilisasi

**met.ro.po.li.tan** /métropilitan/ *n* **1** métropolis; **2** padumuk métropilis; **3** jalma maké tata cara hirup **métropolisasi**

**me.wah** /méwah./ *a* sarwa loba; sarwa éndah; sarwa leuwih (biasana dina hal cara hirup pikasenangeun sarta barang-barang nu pohara mahal jeung réa); méwah: *hidup* -- hirup kalawan kadaharan, papakéan jeung barang-barang nu loba, marahal,jeung aréndah; *barang* -- barang nu éndah jeung mahal hargana;
**kemewahan** *n* hal (kaayaan) anu méwah

**mig.rain** *n* kasakit dina sirah nu dibarengan ku nyeri enyut-enyutan di sisi sabeulah baé jeung sok timbul mangrupa serangan-serangan, biasana di wanita; nyeri sirah sabeulah; migrain

**mig.ra.si** *n* **1** perpindahan padumuk ti hiji tempat (nagara jsb)

ka tempat (nagara jsb) séjén pikeun netep; migrasi; 2 perpindahan ti hiji tempat ka tempat séjén keur manuk jsb ku lantaran gantina musim;
**bermigrasi** *vi* ngalakukeun migrasi

**mi.ka** *n* mineral nu mangrupa kaca anu (sacara kimiawi) kompléks, digunakeun keur isolasi listrik; enteung batu; abrak; mika

**mik.ro** *a* bangunan kaiket: **1** leutik pisan; lembut: *mikrofilm* mikropilem; *mikrokosmos* mikrokosmos; *mikroorganisme* mikroorganisme; **2** ngajadikeun (nyababkeun) barang leutik jadi katénjo jsb gedé: ***mikroskop*** mikroskop; *mikrofon* mikrofon; **3** sapersajuta unit: *mikrogram* mikrogram; *mikrofarad* mikrofarad

**mik.ros.kop** *n* alat keur nénjo barang-barang nu teu bisa diténjo ku panon biasa (spt kuman-kuman); mikroskop

**mik.ser** *n* alat pangocok at pangaduk (adonan jsb); mikser

**mil** *n* satuan ukuran, jauhna aya sababaraha rupa (macem), spt -- *Belanda* mil Belanda = 1.000 méter; -- *Jerman* mil Jerman =7.420 méter; -- *Inggris* mil Inggris = 1.609 méter; batu; pal; mil; -- ***laut*** satuan ukuran jauhna sarua jeung 1 detik busur darajat lintang (1/60 menit) ±1.852 meter at ± 6.076 kaki

**mi.li.ar** num sarebu juta

**mi.li.gram** *n* ukuran beurat anu sarua jeung 0,001 gram; *kp* mg

**mi.lik** *n* **1** nu boga; hak; milik; **2** peruntungan; nasib hadé; *dasar* -- dasar nasib hadé

**memiliki** *vt* **1** ngabogaan; ngamiliki: *ia sudah tidak == orang tua lagi* manéhna geus teu boga kolot deui; **2** nyokot bari teu sacara sah dijadikeun milikna: *ia dipersalahkan == senjata api* manehna disalahkan miboga sacara teu sah senjata api;

**pemilik** *n* nu boga; nu ngamilik; *dialah yg jadi == kebun itu* manéhna nu jadi ngamilik (bu boga) éta kebon;

**pemilikan** *n* prosés, cara pagawéan ngamilik: *== tanah oleh negara merupakan pilihan yg baik bagi perencanaan kota* cara (prosés) ngamilik tanah ku nagara mangrupa pilihan nu hade pikeun parencanaan kota

**mi.li.me.ter** /milimetér/ *n* ukuran panjang nu sarua jeung 0,0001m

**mi.li.o.ner** /milionér./ *n* jalma nu kaya raya; jutawan; milionér; miliunér

**mi.lisi** *n* **1** kawajiban asup tentara dina waktu nu tangtu; **2** jalma nu jadi tentara ku lantaran nyumponan wajib militer

**mi.nat** *a* condong (cenderungna) haté nu pohara kana naon-naon; kahayang; perhatian; minat: *saya tidak ada -- belajar melukis* kuring euweuh minat diajar ngalukis;

**berminat** *vi* ngabogaan perhatian (minat); kahayang kana: *ia belum == utk menikah* manéhna can aya kahayang (perhatian,minat) kana kawin

**peminat** *n* jalma nu ngabogaan minat (perhatian) kana naon-naon

**min.der** *a* rendah diri; minder: *kita jangan merasa -- bila berhadapan dgn orang asing* urang ulah ngarasa rendah diri lamun nyanghareupan urang asing;

**mi.ne.ral** *n* **1** barang padet homogen nu sipatna teu organis anu jadi sacara alamiah jeung boga komposisi kimia nu tangtu, jumlahna réa pisan, spt tambaga, emas, inten; barang tambang; pelikan; **2** zat organik anu dina jumlah nu tangtu diperlukeun ku badan pikeun prosés métabolisme normal nu dicopot tina kadaharan sapopoé

**ming.gu** *n* **1** poé ka-1; Ahad; *pada hari -- ini dia tidak libur* dina poé Minggu ieu manéhna teu peré; **2** waktu anu lilana tujuh poé: *setiap tahun pegawai negeri mendapat cuti dua --* unggal taun pagawé nagri meunang cuti dua minggu

**mingguan** *n* **1** unggal minggu;; sakali saminggu: *gajinya ==* gajihna mingguan (unggal minggu, saminggu sakali); majalah at koran anu medal saminggu sakali: *ia sedang membaca majalah ==* manéhna keur maca majalah mingguan

**mi.ni.a.tur** *n* **1** titiron naon-naon dina ukuran anu dileutikkeun; naon-naon anu lauleutik; **2** bangun (lukisan jsb) tironan anu ukuranana leuwih leutik ti batan nu ditiru; **3** lukisan jsb anu alus dina wangun leutik; miniatur

**mi.ni.bus** *n* kendaraan bus anu ukuran henteu sagedé bus dina umumna, jadi panumpangna ogé leuwih saeutik ti nu biasa; minibus

**mi.ni.mal** *n* saeutik-eutikna; sakurang-kurangna; minimal: *panjangna makalah -- 10 halaman* panjang makalah minimal 10 kaca

**mi.ni.mum** *a* anu pangleutikna (pangsaeutikna, pangkurangna); anu panghandapna (hal ajén, harga, buruhan, jsb); minimum: *upah -- buruh harian sudah dinaikan lagi* upah minimum buruh poéan geus ditaékeun deui

[1]**mi.nor** *a* **1** leutik; kurang penting: *ia membawakan peran --* manéhna ngamaénkeun peran kurang penting; 2 nada minor

[2]**mi.nor** *n* **1** jalma anu acan déwasa; **2** palajaran tambahan

**mi.no.ri.tas** *n* golongan sosial anu jumlah wargana saeutik pisan lamun dibandingkeun jeung golongan séjén di hiji masarakat, ku lantaran kitu didiskriminasi ku golongan nu gedéna; minoritas

**min.ta** *v*, **meminta** *vt* **1** ngaharep sangkan dibéré at meunang naon-naon; ménta: *anak itu == uang* éta budak menta duit; **2** nyumanggakeun: *panitia == para tamu mengisi daftar hadir* panitia nyumanggakuen ka para tamu ngeusian daptar hadir; **3** *cak* meuli: *-- dua porsi nasi rames*; **4** nanyaan: *sudah banyak pemuda yg -- gadis itu tapi selalu ditolaknya* geus réa pamuda nu nanyaan éta mojang tapi salawasna ditampik; **5** merlukeun: *-- perhatian* merlukeun perhatian *n;* **6** mawa; nimbulkeun: *bencana alam itu == banyak korban* éta bencana alam téh nimbulkeun réa korban;

**peminta** *n* **1** jalma anu ménta; **2** paménta: *demikianlah == Tuan Putri* kitu pamundut Putri; **3** nasib (nu ditangtukeun Allah): ***memang** beginilah == kita* mémang kieu nasib urang;
**permintaan** *n* hal anu dipénta

**mi.num** (**meminum**) *vt* **1** ngasupkeun cai (cairan) kana sungut jeung tuluy diteleg; nginum: *tiap hari -- susu* unggal poé nginum susu; **2** *nyedot*; nyeuseup: *-- rokok* nyeuseup roko; ngaroko;
*-- madat* nyeuseup (nyedot) madat;
**minuman** *n* barang anu diinum; inuman: *di toko itu dijual berbagai macam ==* di éta toko dijual rupa-rupa inuman;
**peminum** *n* jalma anu resep (osok) nginum inuman keras (bir, anggur, arak, tuak)

**mi.nus** *n* **1** kurang; dikurangan; **2** jumlah anu kurang tina O: *-- sepuluh derajat Celcius* (-10°C) kurang tina sapuluh darajat Celcius; **3** anu kurang; anu kakurangan (dina hal ngahasilkeun bahan pangan): *daerah --* daerah nu kurang pangan

**mi.nyak** *n* zat cair nu ngandung lemak, biasana kentel, teu larut dina cai, larut dina éter jeung alkohol, babari hurung, gumantung kana asalna dikelompokkeun jadi minyak nabati, héwani, at mineral, jeung gumantung kana sipatna dina hal manaskeun bisa dikelompokkeun kana asiri at tetep; minyak; *sbg -- dgn air, pb* teu bisa ngahiji (lantaran musuh);
**perminyakan** *n* sagala rupa nu aya hubunganana jeung minyak

**mi.ring** *a* **1** (ngeunaan gurat at widang) sisi nu hiji leuwih luhur ti batan nu séjén; handap sabeulah; henteu datar;
miring : *lantai ini -- sedikit* lanté téh miring saeutik; **2** henteu ajeg

lempeng; condong: *cerobong kapal -- ke belakang* solobong kapal condong ka tukang; **3** déngdék ka sisi: *kapal yg bocor itu -- ke kanan* éta kapal nu bocor téh déngdék ka katuhu; ki rada gélo; kurang waras; sinting; *orang itu sudah* -- (otaknya) éta jalma geus rada gélo (uteukna); **5** *ki* rada murah hargana: *harga barang di kaki lima agak -- dp di toko* harga barang di sisi jalan rada murah ti batan di toko;

**kemiringan** *n* **1** hal (kaayaan) miring; **2** sudut nu aya ku potongan antara widang lapisan batuan widang datar nu diitung dumasar widang vértikal ku ngagunakeun kilométer

**mi.rip** *a* **1** ampir sarua at sarupa (jeung): *mukanya -- muka ibunya* beungeutna sarupa jeung beungeut indungna; **2** sarua halna jeung: *bunga plastik itu -- aslinya* éta kembang plastik téh sarua halna (sarimbag) jeung aslina;

**kemiripan** *n* hal (kaayaan) mirip

**mi.sai** *n* bulu nu aya di handapeun irung jeung saluhureun biwir; kumis; *spt -- pulang ke bibir*; *pb* geus dina tempatna; balik ka asalna

**mi.sal** *n* **1** naon-naon nu ngagambarkeun sabagian tina sagemblengna; conto: *banyak binatang yg harus dilindungi sbg -- banteng, badak bercula satu, orang utan* réa sato nu kudu ditangtayungan contona, banténg, badak cula hiji, orang utan; 2 naon-naon nu dianggap lain sabenerna (peristiwa jsb); misal: *jangan marah, itu hanya sbg -- saja* ulah ambek. éta mah ngan saukur misal baé;

**memisalkan** *vt* ngupamakeun; nyontokeun; nganggap naon-naon kawas saenyana: *dl latihan ini, engkau harus == saya sbg lawanmu yg sesungguhnya* dina ieu latihan, manéh kudu ngupamakeun kuring jadi lawan manéh nu saenyana

**mi.san** *n* **1** dulur sabrayna; katurunan kadua ti nini nu sarua; misan (di masarakat Sunda); **2** katurunan hatilu ti nini nu sarua; misan (dimasarakat Jawa)

**mi.si** *n* **1** utusan nu dikirim ku nagara ka luar nagri pikeun ngalakukeun tugas husus dina widang diplomatik, politik, perdagangan, kasenian, jsb, misi; -- *kesenian itu akan mewakili Indonesia di luar negeri* éta misi kasenian téh bakal ngawakilan Indonesia di luar nagri; **2** tugas nu dirasakeun jadi kawajiban migawé demi agama, ideologi, pa

triotisme, jsb; **3** kagiatan nu nyebarkeun agama Kristen (di Indonesia dilakukeun ku Geréja Katolik)

**mi.si.o.na.ris** *n* **1** jalma nu migawé panyebaran Injil ka nu séjén nu can ngenal Kristus; **2** imam Kristen Katolik anu ngalakukeun kagiatan misi

**mis.kin** *a* henteu boga harta banda; sarwa kakurangan (panghasilan saeutik); miskin: *kita harus membantu orang* -- urang kudu ngabantu nu miskin;

**kemiskinan** *n* hal (kaayaan) miskin; kamiskinan

**mis.kram** *n cak* (ngalaman) kaguguran kandungan; kaluron; udul: *wanita yg -- itu hamilnya baru dua bulan* wanita nu kaluron téh kakandunganana kakara dua bulan

**mis.tar** *n* **1** kai panggurat; jidar; mistar; **2** kai lempeng bagian luhur gawang (dina maén bal jsb); **3** kai palang nu dipasang malang di antara dua tihang nu jadi wates pangluncatan (dina luncat tinggi); mistar; *dia gagal meloncat di atas --1,55* manéhna gagal luncat dina mistar 1,55 méter; 4 gurat; jajaran

**mis.te.ri** *n* **1** naon-naon anu masih acan jelas( masih jadi teka-teki, masih can kabuka rasiahna); misteri: *peristiwa pembunuhan itu masih merupakan* -- peristiwa nu dipaéhan téh masih mangrupa misteri; **2** kanyataan nu kacida luhungna anu ngaleuwihan daya tangkep manusia, anu bisa dihartikeun jeung dirasakeun, tapi henteu kabéh kaungkapkeun rasiahna, up kakawasan Allah

**mis.tik** *n* **1** subsistim nu aya ampir di sakabéh agama jeung sistim religi pikeun nyumponan kahayang manusa ngalaman jeung ngarasakeun emosi deukeutna jeung Allah; tasawuf; mistik; **2** hal-hal gaib nu henteu kahontal ku akal manusa nu biasa

**mo.bil** *n* kendaraan darat nu digerakkeun ku tanaga mesin nu aya di éta kendaraan, rodana opat at leuwih (biasana jangkep), nu biasana ngagunakeun bahan bakar minyak (bensin)keur ngahirupkeun mesinna; oto; automobil; mobil

**mo.bi.li.sa.si** *n* **1** nyadiakeun jalma-jalma piekun dijadikeun tentara; mobilisasi: *dl keadaan perang pemerintah dapat mengadakan -- bagi pemuda-pemudinya* dina kaayaan perang pamaréntah bisa ngayakeun

mobilisasi pikeun pemuda-pemudina; **2** gerak anu babari (gancang); hal (cara) muterna (modal jsb): *kecilnya modal perusahaan itu membatasi -- dana dan kemampuan pemasaran* leutikna modal pausahaan ngawatesan perputeran dana jeung kamampuhan pamasaran

**mo.dal** *n* **1** duit anu dipaké jadi poko pikeun dagang, usaha, jsb; harta banda (duit, barang, jsb) nu bisa dipaké sangkan ngahasilkeun naon-naon nu nambah kakayaan; **2** *ki* barang nu dipaké jadi dasar at bekel keur digawé (bajoang jsb); *kepercayaan diri merupakan -- dl ujian* kapercayaan diri mangrupa bekel dina ujian;
**bermodal** *vi* ngabogaan modal; ngagunakeun modal;
**pemodal** *n* jalma nu boga modal; jalma nu biasa ngamodalkeun (duit, barang)

**mo.da.li.tas** *n* **1** klasifikasi pernyataan nurutkeun hal nu ngaenyakeun at nu ngingkar kamungkinan at anu sakuduna; modalitas; **2** cara nu nyarita nganyatakeun sikep kana hiji situasi dina komunikasi pribadi; **3** harti kamungkinan, sakuduna, kanyataan, jsb nu dinyatakeun dina kalimah (dina basa Indonesia dinyatakeun ku kecap *barangkali* meureun, *harus* kudu, jsb)

**mo.de** *n* cara (bangun) nu panganyarna dina waktu nu tangtu (up. papakéan, potongan buuk, corak hiasan, jsb); mode: *dia selalu berpakaian mengikuti --* manéhna salawasna maké papakéan nurutkeun modé (pangahirna)

**mo.del** /modél/ *n* **1** pola (conto jsb) tina naon-naon nu arék dijieun at dihasilkeun; modél: *rumahnya dibuat spt -- rumah adat* imahna dijieun kawas pola imah adat; **2** jalma nu dipaké jadi conto keur dilukis (dipotrét); model: *dia pernah jadi -- lukisan* manehna pernah jadi modél lukisan; **3** jalma pagawéanana maké conto papakéan nu bakal dipasarkeun: *gadis -- yg cantik itu memperagakan pakaian batik* mojang geulis téh ngaragakeun maké papakéan batik; peragawati; **4** barang titiron leutik nu bangun (rupa) na kawas anu ditiru: *-- pesawat terbang* modél pesawat terbang

**mo.de.rat** *a* **1** salawasna ngahindarkeun perilaku at pernyataan anu ékstrim; **2** cenderung ka arah dimensi at jalan tengah; moderat: *pandangannya cukup --, mau mempertimbangkan pandangan pihak lain* pamadeganana cukup moderat, daék mertimbangkeun pamadegan nu séjén

**mo.de.ra.tor** *n* **1** jalma anu jadi panengah (hakim, wasit, jsb); **2** pamingpin sidang (rapat, diskusi) anu jadi pangarah dina acara babarempugan at diskusi masalah; moderator

**mo.dern** /modérn/ *a* **1** panganyarna; mutahir: *pasukan yg dilengkapi dgn persenjataan* -- pasukan anu dilengkepan ku persenjataan mutahir; **2** sikep at cara mikir sarta perilaku saluyu jeung kaayaan jaman; modérn;

**memodernkan** *vt* ngajadikeun (nyababkeun) modérn: *gubernur itu berjasa dl == kotanya* éta gubernur téh boga jasa di na ngamodérnkeun kotana;

**pemoderenan** *n* prosés (tindakan) ngamodérenkeun: proses == *masyarakat banyak di pengaruhi oleh faktor bimbingan dan penyuluhan* prosés ngamodérenkeun masarakat loba di pangaruhan ku faktor bingbingan jeung panyuluhan

**mo.der.ni.sa.si** /modérnisasi/ *n* prosés ngagésérna sikep jeung méntalitas sabagi warga masarakat sangkan bisa hirup saluyu jeung kaayaan jaman kiwari; prosés ngamoderenkeun

**mo.di.fi.ka.si** *n* **1** robahan: *ia setuju utk mengadakan beberapa -- pd karangannya* manéhna satuju ngayakeun sawatara modifikasi (robahan) dina karanganana; **2** hal (kaayaan) ngarobah: *rencana itu telah mengalami -- dr keputusan sebelumnya* éta rencana téh geus ngalaman parobahan tina kaputusan saméméhna

**mo.dis.te** *n* wanita anu ahli dina nyieun papakéan awéwé; modiste: *ia sudah biasa membuatkan pakaiannya pada -- itu* manéhna geus biasa nyieun papakéanana ka éta modiste (tukang ngaput)

**mo.dul** *n* **1** standar at satuan pangukuran; **2** satuan standar nu sacara babarengan dipaké jeung nu séjén; **3** satuan bebas nu mangrupa bagian tina sagemblengna struktur; **4** komponén tina hiji sistim anu mandiri, tapi nunjang kana program éta sistim; **5** unit leutik tina hiji palajaran anu bisa operasi sorangan; modul

**mo.dus** *n* **1** cara; **2** bangun vérba anu nuduhkeun suasana kajiwaan nu aya kaitanana jeung perbuatan nurutkeun tapsiran nu nyarita tina hal naon nu diucapkeunana; **3** harga nu panggedéna frekuensina tina dérétan harga; **4** angka statistik anu pangseringna muncul dina populasi at sampel

**mor.fin** *n* zat anu diékstraksi tina opium ku prosés maserasi opium dina cai tuluy diendapkeun maké amonia, digunakeun pikeun ngaleungitkeun rasa nyeri jeung supaya tenang, digunakeun dina takaran gedé pikeun obat bius, jeung lamun mindeng digunakeun takaranana beuki lila kapaksa jadi leuwih loba nepi ka ngaakibatkeun nyandu; morfin

**mor.fi.nis** *n* jalma anu nyandu kana morfin; morfinis

**mo.saik** *n* **1** seni dekorasi widang ku potongan-potongan bahan teuas warnaan nu disusun ditémpélkeun maké pangrapet; mosaik; **2** pa nyakit virus dina pepelakan nu ditularkeun ku serangga sarta nyababkeun bararecok rada konéng dina daun; **3** susunan foto udara anu geus disambungkeun bagian-bagianana nepi ka ngawengku gambar hiji daérah nu tangtu

**mo.tel** /motél/ *n* panginepan nu dilengkepan ku tempat parkir kandaraan nu ayana deukeut kamar; motél

**mo.ti.va.si** *n* **1** dorongan nu timbul ti diri hiji jalma sadar at teu sadar pikeun ngalakukeun naon-naon kalawan tujuan nu tangtu; motivasi; **2** usaha-usaha nu bisa nyababkeun jalma at kelompok jalma nu tangtu hayang ngalakukeun naon-naon lantaran hayang ngahontal tujuan nu dipikahayang at meunang kasenangan tina pagawéanana

**mo.tor** *n* **1** mesin anu jadi tanaga panggerak; **2** (sepeda motor) sapédah anu dijalankeun ku motor,**3** *ki* jalma nu nyekel peranan penting dina jalanna organisasi jsb: *dialah yg menjadi -- perkumpulan itu* manéhna nu jadi peranan penting dina éta pakumpulan

**mot.to** *n* **1** kalimah, frase, at kecap nu digunakeun jadi semboyan, padoman, at prinsip spt *"berani karena benar"* wani lantara bener; **2** kalimah, frase, at kecap anu aya dina saméméh judul karangan, anu sacara singget nuduhkeun pamadegan at tujuan pangarang

**mo.yang** *n* luluhur (indung, bapa, nini, aki,buyut, jsb); karuhun; nini aki

**mu.ai (memuai)** *vi* **1** jadi ngagedéan (barang nu dipanaskeun; di godog, digoréng, dikeueum, jsb); ngembang; beukah; **2** jadi beukah (adonan jsb)

**mu.ak** *a* **1** geus bosen (lantaran geus mindeng ngadahar jsb): *tiap hari*

*diberi makan tempe, -- sudah* unggal poé dibéré dahar témpé, geus bosen; **2** ngarasa jiji (sebel) nepi ka arék utah: -- *aku melihat kotoran di rumah sakit itu* sebel (hayang utah) kuring nénjo kotoran di éta rumah sakit; ngarasa bosen at geuleuh ngadénge at nénjo: *aku merasa -- melihat tingkah lakunya* kuring ngarasa bosen jeung geuleuh nénjo tingkah lakuna;

**memuakkan** *vi* ngajadikeun (nyababkeun) bosen jeung geuleuh

**mu.al** *a* **1** hayang utah; murel; sebel: *jika perut terasa --, minumlah obat ini, supaya tidak muntah* lamun beuteung karasa ngurel inum ieu ubar, sangkan henteu utah; **2** *ki* geus ngarasa bosen pisan; ngarasa geuleuh: *kita -- mendengar ucapannya yg bombastis dan sinis itu* urang ngarasa bosen ngadéngé omongananana nu bombastis jeung sinis téh

**memualkan** *vi* nyababkeun (ngajadikeun) ngurel;

**kemualan** *n* perihal ngurel

**mu.a.lim** *n* **1** (jalma) ahli agama; guru agama (Islam); **2** pituduh jalan; **3** perwira kapal nu boga ijasah palayaran niaga nautika; mualim

**mu.a.ra** *n* tempat ahkir ngocorna walungan di laut, dano, at walungan séjén; muara; walungan nu deukeut ka laut

**bermuara** *vi* panungtungna (hal lajuna cai walungan); ngamuara: *Sungai Citarum == di Laut Jawa* Walungan Citarum ngamuara di Laut Jawa

**mu.at** *v* bisa dieusian (ditempatan, diasupan, dipaké, jsb): *kamar itu -- empat orang* éta kamar téh muat opat urang;

**bermuatan** *vt* dieusi ku; dimomotan ku; ngangkut; ngamuat: *truk == sayuran* treuk ngamuat sayuran;

**memuat** *vt* ngamuat; ngandung: *majalah itu == cerpen* éta majalah ngamuat carpon;

**muatan** *n* **1** barang anu diangkut ku kandaraan; **2** eusi (kapal jsb); **3** jumlah listrik positif (negatif) nu aya dina barang (naon-naon)

**pemuatan** *n* hal, cara pagawéan ngamuat

**mu.ba.lig** *n* **1** panganteur dina salat berjamaah, nya éta maca takbir ditarikeun sangkan kadéngé ku mamum; **2** jalma nu nyiarkeun (nepikeun) ajaran agama Islam; mubaleg; juru dawah: *peringatan maulid Nabi Muhammad s.a.w. disampaikan oleh -- terkenal* pangéling-

ngéling maulid Nabi Muhammad s.a.w. ditepikeun ku mubalég terkenal

**mu.ba.zir** *a* **1** jadi percumah at henteu aya gunana; kapiceun (ku lantaran kaleuwihan); mubadir; *mereka khawatir gedung yg dibangun itu akan -- saja* maranéhna hawatir gedong nu dibangun téh bakal mubadir baé; **2** kaleuwihan: *bentuk ulang spt itu merupakan hal yg --* bangun rajékan nu kawas kitu mangrupa hal nu kaleuwihan; **3** royal; boros; kaleuleuwihi: *hal yg berlebihan yg mengarah pd sifat -- merupakan perbuatan tercela dl agama* hal anu kaleuleuwihi nu deukeut kana boros mangrupa pagawéan cela dina agama

**mu.da** *a* **1** acan nepi ka satengah umur; ngora: *istrinya masih --* pamajikanana ngora kénéh; **2** acan nepi ka asak (bubuahan); **3** acan cukup umur (dina tutuwuhan, sasatoan); **4** can mangsana diala (dipanen jsb); ngora; atah: *buah nangka ini terlalu — utk dipetik* ieu nangka teh ngora (atah) keneh lamun diala; **5** can lila ayana (organisasi jsb); **6** kurang poék; rada pucet (dina warna); ngora: *warnanya biru --* warnana biru ngora; **7** anu kadua (nurutkeun tingkat kadudukanana): *istri --* pamajikan nu ngora; *laksamana --* laksamana muda;

**pemuda** *n* jalma anu ngora kénéh; pamuda;

**kemudaan** *n* **1** kaayaan umur ngora: *== selalu mempunyai daya tarik* hal umur sok boga daya tarik; **2** *cak* ngora teuing

**mu.dah** *a* **1** teu réa maké tanaga at pikiran; babari; teu hésé; teu beurat; gampang: *soal ujian itu --* éta soal ujian teh gampang; **2** gancang pisan (jadi, ngarandapan, jsb): *pensil ini -- patah* ieu patlot gancang potong; **3** *cak* teu teguh imanna; babari kabawa kana goréng

**kemudahan** *n* **1** hal (sipat) gampang; kaayaan babari: *dl mengerjakan sesuatu ada == dan ada kesulitannya* dina migawé nanaon aya kamudahanana jeung aya kasulitanana; **2** naon-naon anu bisa ngagampangkeun at ngalancarkeun usaha: *padagang kecil memperoleh == utk mendapatkan modal* padagang leutik meunang naon-naon nu ngagampangkeun keur boga modal

**mu.hi.bah** *n* **1** cinta asih; mahabah; **2** perasaan persahabatan jeung kaasih: *misi --* misi muhibah

**mu.ja.rab** *a* manjur; mustajab; mujarab: *obat yg --* ubar nu manjur;

**kemujaraban** *n* kamanjuran; kamustajaban; kamujaraban

**mu.jur** *a* **1** untung; **2** alus nasib; mujur; bagja;
**kemujuran** *n* kauntungan; kamujuran; kabagjaan

**mu.ka** *n* **1** bagian hareup tina sirah ti mimiti tarang nepi kana gado jeung di antara ceuli jeung ceuli; beungeut; **2** paroman; rupa beungeut: di sambut dgn -- *yg manis* dipapag ku paroman manis; **3** jalma: *ada -- baru* aya jalma anyar; *4* bagian luar nu dihareup; hareup: *di -- kantor* di hareupeun kantor; **5** sisi bagian (beulah hareup): *bagian -- rumah itu bergaya Spanyol* bagian hareup imah téh maké gaya Spanyol; **7** widang rata dina hiji barang (cai, laut, bumi, jsb): *segala yg ada di -- bumi* sagala naon nu aya diluhureun bumi; **8** anu tiheula: *di -- telah saya uraikan tentang hal itu* ti heula geus didadarkeun ku kuring ngeunaan éta hal; **9** nu bakal datang: *minggu* -- minggu nu bakal datang;
**ke muka** ka hareup; maju: *sekarang* ==ti ayeunaka hareup ti ayeuna jeung saterusna;
**mengemukakan** *vt* **1** mawa ka hareup; ngamajukeun; ngajukeun: *ia == kursinya ke meja agar lebih mudah menulis* manehna majukeun korsina kana méja sangkan leuwih gampang nulis; **2** ngajukeun, ngaluarkeun (pikiran, pamadegan, jsb) kahareupeun (jalma, nu nyarita, nu ngadengekeun) pikeun dipertimbangkeun; nyaritakeun; ngutarakeun; nepikeun: *ia == usul yg baik* manéhna ngajukeun usul nu alus

**mu.kim** *n* **1** jalma anu tetep cicing di Mekah (leuwih ti musim haji); padumuk tetep; **2** tempat cicing; padumukan; **3** daérah (di lingkungan hiji masjid); **4** kawasan;
**bermukim** *vi* cicing di; dumuk di: *banyak juga yg == di situ* réa ogé anu cicing di dinya;
**pemukiman** *n* **1** daérah (tempat) keur ngamukim; nempatkeun sangkan cicing netep; tempat keur netep; pamukiman; **2** hal at prosés pikeun ngamukim (netep)

**muk.ji.zat** *n* kajadian (peristiwa) ajaib nu hésé katepi ku kamampuhan akal manusa; mujijat: *dgn -- nya Nabi Musa* dapat *membelah laut dgn pukulan tongkatnya* kalayan mujijatna Nabi Musa tiasa meulah laut ku teunggeulan iteukna

**muk.min** *n* jalma nu mumin (percaya) ka Allah; mumin: *orang -- selalu akan taat ajaran agamanya* jalma mumin salawasna bakal taat ajaran agamana

**muk.ta.mar** *n* konferénsi; kongrés; rapat; perundingan; babadamian; mutamar

**mu.la** *n* **1** asal; awal; poko asal: *bagaimana -- nya hingga ditemukan barang itu* kumaha asalna nepi ka kapanggih éta barang; **2** anu pangawalna; nu tiheula pisan; waktu (tempat, kaayaan, jsb) anu jadi asal (poko): *sejak kecil --* ti mimiti leutik; *pada -- nya bukan kota* dina asalna lain kota; **3** lantaran; sebab: *apa -- nya sehingga engkau begini* naon sababna nepi ka manéhna kieu;

**mula-mula** *adv* **1** mimitina: *== berupa biji selanjutnya berupa lembaga dan akhirnya tumbuh akar dan batang* mimitina mangrupa siki tuluy mangrupa mataholang jeung ahirna jadi akar jeung tangkal; **2** ti mimiti: *== tinggal di daerah itu belum pernah bertemu dgn dia* ti mimiti cicing di daérah éta acan papanggih jeung manéhna;

**permulaan** *n* **1** awal; anu mimiti pisan; anu pangheulana; **2** bubuka: *hal itu merupakan tindakan ==* éta hal mangrupa tindakan bubuka; **3** asas dasar

**mu.lai** v **1** ngamimitian migawé (nindak, ngalakukeun, jsb): *orang lain sudah selesai kita baru --* batur geus anggeus urang kakara ngamimitian migawé; **2** ti (mimiti): *penataran berlangsung -- tanggal 2 sampai 10 Januari* penataran lumangsung ti (mimiti) tanggal 2 nepi ka 10 Januari

**mu.las** *a* nyeri kawas dirames-rames (dina beuteung); mules

**mu.lia** *a* **1** luhur (dina kadudukan, pangkat, martabat); pangluhurna; panghormatna; mulya: *yg -- para duta besar negara sahabat* anu mulya para duta besar nagara sobat; **2** luhur (budi jsb); hadé budi (haté jsb): *sangat -- hatinya* hadé pisan haténa; **3** luhur ajenna; berharga (dina logam, up emas, platina): *logam --* logam mulya

**memuliakan** *vt* nganggap (mandang) mulya; ngahormat (pisan): ngajungjung luhur: *kita wajib == nama orang tua kita* urang wajib ngamulyakeun ngaran kolot urang;

**kemuliaan** *n* hal (kaayaan) mulya; kaagungan kamulyaan

**mu.luk** *a* **1** luhur (hal cita-cita, rencana, jsb); muluk (-muluk): *cita-*

*citanya sangat* -- cita-citana muluk pisan; **2** sombong; adigung (dina omongan, tabeat, jsb): *selalu -- perkataannya* salawasna sombong omonganana; **3** luhur jeung halimpu (hal sora): *suaranya* -- sorana luhur jeung halimpu; **4** hiber muluk (luhur): *layang-layang terbang* - - - langlayangan ngapung muluk

**mu.lus** *a* **1** (bodas) beresih: *ayam putih* -- hayam bodas baresih (ngeplak); **2** lemes; tanpa cacat; mulus : *tangannya -- dgn jari-jari-nya yg lancip* leungeunna mulus kalawan ramona anu laléncop; **3** lancar; teu aya halangan: *hubungannya berlangsung* -- hubunganana lumangsung lancar; **4** alus jalanna (mesin jsb): *mobil tua itu masih dl keadaan* -- mobil kolot téh kaayaanana masih mulus (alus jalanna); **5** *ki* jujur; suci haténa; bersih haténa: *orangnya jujur, hatinya* -- jalmana jujur, haténa beresih;
**kemulusan** *n* kaayaan mulus (lancar, lemes)

**mu.lut** *n* **1** rohangan (rongga) di hareup, tempat huntu jeung letah, pikeun ngasupkeun kadaharan, inuman (di manusa jeung sasatoan); sungut; **2** *ki* liang, rohangan, at naon baé nu bangun jeung rupana kawas sungut; bagian tina naon-naon at barang tempat ngasupkeun naon baé: -- *sumur* liang sumur; -- *bedil* (meriam, senapan) sungut bedil (mariem, senapan); -- *gua* lawang guha; **3** *ki* omongan: *jangan per-caya kpd -- orang* ulah percayaan kana omongan jalma

**mu.mi** *n* mayit anu diawétkeun ku cara dibalsem (spt mayit di Mesir kuno); mumi

**mu.na.fik** *a* api-api percaya at anut (satia) kana agama jsb tapi ari haténa mah sabenerna henteu; sok nyarita teu saluyu jeung anu dipigawena; midua; munapek: *ia tidak pernah berpura-pura, selalu jujur dan tidak* -- manehna teu pernah api-api, salawasna jujur jeung henteu munapék

**mun.cul** *v* **1** nyembul ka luar; kaluar némbongkeun manéh; timbul; muncul: *matahari -- dr balik awan* panonpoé muncul ti satukangeun mega; **2** medal; kaluar; timbul: *dia selalu menjawab pertanyaan yg -- kemudian* manéhna salawasna ngajawab pertanyaan anu timbul saenggeusna;
**bermunculan** *vi* muncul dina waktu nu ampir bareng; muncul nungtutan *banyak warung == di tepi jalan itu* réa warung muncul nungtutan di sisi jalan téh;

**kemunculan** *n* hal (kaayaan) muncul

**mun.dur** *v* **1** leumpang (gerak) ka tukang; mundur: melangkah -- ngaléngkah mundur; **2** *ki* ngurangan (ajén, kapinteran, jsb); jadi goréng (kurang séhat, kurang hadé, jsb): *hasil panen tahun ini -- hasil* panén taun ieu jadi kurang; **3** kurang maju (payu, ramé, jsb): *usahanya menjadi* -- usahana jadi kurang payu;
**kemunduran** *n* hal (kaayaan) mundur: == *koperasi itu dibicarakan dl rapat anggota* hal mundurna koperasi téh disawalakeun dina rapat anggota

**mu.ngil** *a* **1** leutik alus; camperenik; éndah lembut: *rumahnya --, sangat serasi dgn pemiliknya* imahna camperenik saluyu jeung nu bogana; **2** lucu sarta narik ati éndahna

**mung.kin** *p* henteu atawa acan tangtu; meureun; bisa jadi; teu mustahil: *dia tidak datang, -- ada halangan* manehna teu datang, meureun aya halangan;
**memungkinkan** *vt* **1** ngajadikeun mungkin; ngajadikeun bisa kajadian (teu mustahil); **2** méré kesempatan; nyababkeun bisa (migawé, meunang, jsb): *adanya cicilan rumah == pegawai mendapatkan tempat tinggal* ayana cicilan imah nyababkeun pagawé bisa boga tempat cicing; **3** nganggap (mendatang) mungkin (bisa kajadian): *pendapat itu == usulnya bisa diterima* éta pamadegan téh mandang bisa jadi usulna ditarima;
**kemungkinan** *n* **1** kaayaan anu mungkin; kaayaan anu bisa jadi bakal kajadian naon-naon; **2** naon-naon anu mungkin kajadian; kamungkinan: *masih banyak == untuk bertemu dgn dia* masih rea kamungkinan pikeun papanggih jeung manehna

**mun.tah** *v* **1** kaluar deui kadaharan (inuman jsb) anu geus asup kana sungut at beuteung; utah: *krn mabuk laut, dia* -- ku lantaran mabok laut, manéhna utah; **2** barang (naon-naon) anu diutahkeun: *setelah diperiksa, -- itu mangandung alkohol* sanggeus dipariksa, éta utah ngandung alkohol; **3** *cak* luntur (hal warna); muntah: *baju ini sekali dicuci sudah* -- ieu baju sakali diseuseuh geus muntah; **4** *ki* lésot tina: *tendangan bola yg keras itu -- dr penjaga gawang* sépakan bal nu tarik téh lésot tina nu ngajaga gawang;
**memuntahkan** *vt* **1** *ngaluarkeun naon-naon anu geus asup kana* sungut (beuteung); ngutahkeun: *ia == lagi buah yg pahit itu*

manéhna ngutahkeun deui buah anu pait téa; **2** *ki* ngaluarkeun réa pisan: *musuh == peluru meriamnya* musuh ngaluarkeun (némbakkeun) réa pisan pélor mariem; **3** *ki* ngaluarkeun sagala rupa anu dikandung dina haténa; mudalkeun (ngalampiaskeun) nu dikemu dina haté: *dia == kemarahannya kpd pembantu rumah* manéhna ngabudalkeun kambekna ka bujang

**mu.rah** *a* **1** leuwih handap tina harga anu aya di pasaran; murah: *harga barang dl negeri jauh lebih -- dp harga barang impor* harga barang jero nagri jauh leuwih murah ti batan harga barang impor; **2** sok barangbéré at nulungan (dina kahadéan): -- *hati* murah haté; hadé haté; **3** réa pisan; leuwih: *--rezeki* loba rejeki; **4** gampang (babari): -- *senyum* murah imut; marahmay;

**pemurah** *n* jalma anu resep barangbéré; jalma anu teu medit; jalma nu murah haté; béréhan: *ia sangat baik hati dan ==* manéhna jalma hadé haté jeung béréhan

**mu.rai** *n* **1** manuk bacéo nu warnana hideung, aya nu bodasan saeutik; sabangsa manuk haur; **2** rupa-rupa macem **manuk** baceó, spt -- *air* manuk cai, -- *batu* manuk batu, -- *padi* manuk paré

**mu.ram** *a* **1** teu caang cahayana; surem; kurang sinarna: *bulan pun mulai* -- bulan oge mimiti surem; **2** henteu marahmay; teu keténjo gumbira; sedih: *hari ini mukanya — saja* poé ieu paromanna sedih baé;

**kemuraman** *n* kaayaan surem: *binatang itu hilang di == langit* éta sato téh leungit dina kasureman langit

**mu.rid** *n* jalma (budak) anu keur guguru (diajar, sakola); murid

**mur.ni** *a* **1** teu campur jeung unsur séjén; tulén; asli; murni: *cincin itu terbuat dr emas* -- éta ali teh dijieun ku emas tulén; 2 acan meunang pangaruh luar; polos: *sikap anak itu masih -- belum dipengaruhi kabudayaan kota besar* sikep éta budak téh polos can kapangaruhan kabudayaan kota gedé; **3** suci; sajati (dina hal cinta): *cinta orang tua kpd anaknya adalah cinta* -- cinta kolot ka anakna mah cinta suci (sajati); **4** *ki* acan kapangaruhan ku dunya luar; asli: *kebudayaan masyarakat terasing itu masih* -- kabudayaan masyarakat mencil téh masih kénéh asli; **5** *ki* masih kénéh suci (parawan); acan pernah nikah: *dia masih gadis* -- manéhna masih kénéh parawan suci;

**memurnikan** *vt* ngajadikeun murni; ngabaresihkeun; ngaluruskeun;

menerkeun (pandangan, pikiran, jsb): == *ajaran yg keliru* menerkeun ajaran anu kaliru;
**pemurnian** *n* prosés, pagawéan ngamurnikeun: == *cita-cita perjuangan* prosés ngamurnikeun cita-cita perjoangan;
**kemurnian** *n* **1** hal (kaayaan) murni; kaaslian: == *hutan tropis itu harus dilestarikan* kaaslian leuweung tropis téh kudu dilanggengkeun; **2** kasucian; kaberesihan

**mu.sang** *n* sato nyusuan anu spt ucing, tapi awakna leuwih gedé, buntutna pangjang, warna buluna abu-abu semu hideung, sok kaluar tipeuting néangan kadaharan, spt bubuahan, jeung sok ngadahar hayam deuih; careuh, golongan *Viverrividae, Paradoxurus hermaphroditus* (rupa-rupa macemna spt -- *bulan* careuh bulan; -- *luak* careuh luwak; -- *kesturi* careuh kasturi)

**mu.se.um** /muséum/ *n* gedung anu dipaké tempat pikeun paméran tetep barang-barang anu patut meunang perhatian umum, spt titinggal sajarah, seni jeung elmu pangaweruh; tempat nyimpen barang kuno; musieum

**mu.si.bah** *n* **1** kajadian (peristiwa) pikasediheun nu karandapan; musibah: *dia mendapat -- krn kematian saudaranya* manéhna meunang musibah ku lantaran kapapaténan duluma; **2** bancana; kacilakaan; bahaya; rurubed: -- *banjir itu datang dgn tiba-tiba* bahaya banjir teh datangna ujug-ujug baé

**mu.sik** *n* 1 élmu at seni nyusun nada at swara dina urutan, kombinasi, jeung hubungan témporal anu ngahasilkeun komposisi (swara) nu boga kasatuan jeung kasinambungan; musik; **2** nada at sora anu disusun nepi ka ngandung irama, lagu, jeung kaharmonisan (pangpangna nu ngagunakeun alat musik nu ngahasilkeun sada/ swara)

**mu.sim** *n* **1** waktu nu tangtu nu aya patalina jeung kaayaan iklim; usum; musim: -- *hujan dan* -- *kemarau* usum hujan jeung usum katiga; **2** bilangan waktu nu tangtu (tilu bulan, opat bulan, jsb waktu bubuahan at hasil bumi cukul): -- *panen di mana-mana* waktu panén di manamana; -- *rambutan* usum rambutan; **3** usum; waktu (dina aya peristiwa jsb): -- *cacar* usum cacar; -- *gerombolan pengacau* waktu jaman gorombolan pangacow; **4** usum; waktu (kagiatan, permaenan, jsb)

mindeng kajadian: -- *layang-layang* usum langlayangan;
**musiman** *n* ngabogaan musim; dina waktu-waktu nu tangtu: *buruh == hanya bekerja pd musim-musim tertentu (msl setelah selesai menanam padi)* buruh musiman ngan digawé dina usum-usum nu tangtu (up sanggeus bérés melak paré)

**muslim** *n* nu nganut agama Islam; muslim: -- *yg baik selalu menjalankan syariat Islam* muslim nu alus (taat) salawasna ngajalankeun sareat Islam

**mus.nah** *v* **1** leungit; binasa; musna: *segala hartanya -- dimakan api* sakabéh hartana musna kaduruk seuneu; **2** ngaleungit: *uap alkohol itu -- ke udara uap* alkohol téh ngaleungit ka luhur;
**memusnahkan** *vt* ngajadikeun (nyababkeun, ngalantarankeun) musna; ngabinasakeun; ngaleungitkeun: == *dokumen utk menghilangkan jejak* ngamusnakeun dokumén keur ngaleungitkeun tapak;
**kemusnahan** *n* hal (kaayaan) musna;
**pemusnahan** *n* prosés, cara, pagawéan ngamusnakeun

**mus.ta.hil.** *a* henteu bisa jadi; henteu mungkin kajadian; mustahil: *pembangunan itu -- tanpa kerja keras dr pelaksananya dapat berhasil* pangwangunan téh mustahil tanpa gawé enya-enya ti nu ngalaksanakeunana bisa hasil

**mu.suh** *n* **1** lawan gelut (perang, tanding, paséa, ngadu, jsb); satru; musuh: *dahulu --, sekarang menjadi kawan* baheula musuh, ayeuna jadi babaturan; **2** bandingan; imbangan; tandingan: *barang ini tiada -- nya* ieu barang téh euweuh bandinganana; **3** naon-naon anu ngancam (kaséhatan, kasalametan); anu ngaruksak: *hama wereng merupakan -- padi* hama wereng anu ngaruksak paré;
**memusuhi** *vt* ngamusuhan ka; jadi musuh; ngalawan; ngéwa: *karena baik tidak ada yg ==nya* ku lantaran alus euweuh anu ngamusuhan ka manéhna;
**permusuhan** *n* hal (kaayaan) mumusuhan; sasatruan

**mu.syawa.rah** *n* hal sawala babarengan kalawan maksud ngahontal putusan mémérés masalah babarengan, mangrupa corak démokrasi nu geus lawas digunakeun di Indonesia, jeung dimuat dina Mukadimah Undang-undang Dasar Republik Indonesia 1945; musawarah

**musya.wa.rat** *n* babarempungan; rundingan; musawarah;
**permusyawaratan** *n* perundingan; permusawarahan

**musy.rik** *n* **1** jalma anu nyakutukeun Allah; musrik; **2** jalma anu nyembah (muja) berhala

**mu.ta.si** *n* **1** hal pindahna pagawé ti hiji jabatan kana jabatan séjén, boh horisontal boh vértikal; **2** parobahan nu kajadian ngadadak dina katurunan; **3** parobahan material génetis anu bisa diturunkeun, biasana dina hiji gén; **4** parobahan dina génerasi nu bakal datang

**mut.lak** *a* **1** ngeunaan sagala-galana; sakabéhna; mutlak: *menyerah secara* -- nyerah sacara mutlak; **2** euweuh watesna; tanpa wates: *ia diberi kuasa -- utk menangani masalah itu* manéhna dibéré kakawasaan tanpa wates keur nguruskeun hal éta; **3** teu meunang henteu; kudu aya: *hal itu merupakan syarat* -- éta hal mangrupa sarat nu kudu aya

**mu.tu** *n* **1** ukuran tulénna emas (1 mutu = 2,4 karat): *emas sepuluh -- emas tulen* emas sapuluh mutu, emas tulén; **2** (ukuran) hadé goréngna hiji barang; kadar; taraf at darajat (kapinteran jsb); kualitas; ajén: *kain yg -- nya rendah* kaén anu kualitas handap; *meningkatkan -- pendidikan* ningkatkeun ajén atikan;
**bermutu** *a* **1** alus (hadé, luhur) ajenna (kadar, derajat, taraf, kualitasna): *karangannya selalu* == karanganana luhur ajénna; **2** ngabogaan kualitas (ajén): *karya yg == tinggi* karya anu luhur (ngabogaan ajén, luhur); **3** miboga taraf: *dia pemain bulutangkis == internasional* manéhna pamaén bulutangkis nu tarafna inter nasional

# N

**na.ba.ti** *a* ngeunaan (asal tina) tutuwuhan; nabati: *lemak* -- lemak nabati; *minyak* -- minyak nabati (tina tutuwuhan); *protein* -- protéin (tina tutuwuhan)

**na.bi** *n* jalma anu jadi pilihan Allah at utusan Allah pikeun narima wahyu-Na sarta diwajibkeun nepikeun éta firman Allah ka nu séjén (manusa); nabi: *Muhammad s.a.w adalah -- dan rasul terakhir* Muhammad s.a.w. nya éta nabi jeung rasul pamungkas

**na.da.** *n* **1** sada nu tangtu luhur handapna (dina lagu, musik, jsb): *suaranya cocok dl -- dasar C* sorana cocog dina nada dasar C; **2** *ki* hal (kaayaan) at suasana jiwa (haté); mana nu kasidem anu katénjo tina sikep, ucapan jsb: *dia berkata dgn -- mengejek* manéhna nyarita kalawan suasana ngéjék

**na.di** *n* **1** urat getih nu aya dina pigeulang (karasa enyut-enyutan lamun dicekel); urat nadi: *dokter memegang -- pasien* dokter nyekel urat nadi pasien; **2** urat getih nu gédé; watang nadi; aorta

**naf.kah** *n* **1** balanja keur hirup; (duit) panghasilan; duit balanja nu dibikeun ka pamajikan; napkah: *suami wajib memberi -- kpd istrinya* salaki wajib méré napkah ka pamajikanana; **2** rejeki; bekel hirup sapopoé: *terasa sulit mencari -- utk bekal hidup sehari-hari* karasa hésé néangan rejeki keur bekel hirup sapopoé;
**menafkahi** *vt* méré napkah

**menafkahkan** *vt* ngabalanjakeun (duit); ngagunakeun (duit, harta) keur kaperluan hirup

**nafsu** *n* **1** kahayang (dorongan) haté anu kuat; napsu: *karena kecewa, --nya utk belajar mulai berkurang* ku lantaran kuciwa, napsuna keur diajar mimiti kurang; **2** dorongan haté nu kuat pikeun migawé anu kurang hadé; hawa napsu: *tdk mungkin hal baik itu dilakukan tanpa melawan -- pribadi* henteu mungkin hal nu alus téh dilakukeun tanpa ngalawan hawa napsu pribadi; **3** kahayang (kaponyo) kana kadaharan; uruy: *ikan asin dan sambal menambah -- makan* lauk asin jeung sambel nambah napsu (kahayang) kana dahar;

**bernafsu** *vi* ngabogaan kahayang (dorongan at gairah haté); aya napsu; kalawan napsu: *saya jadi == utk mengusutnya* kuring jadi aya napsu keur ngajujutna

**na.ga** *n* **1** oray anu gedé (dina carita jeung dina sawatara kecap kantetan) spt -- *berapi* naga seuneuan, -- *bura* naga bura, -- *gentala* naga gentala, -- *umbang* naga umbang; **2** oray gedé (nurutkeun kapercayaan) anu nungguan mata angin (aya nu pipindahan unggal poé, aya nu unggal taun, spt -- *hari* naga poé, -- *tahun* naga taun)

**na.ik** *v* **1** bagerak ti handap ka luhur; naék: *layang-layang ini tidak dapat --* ieu langlayangan téh teu bisa naék; **2** timbul; muncul (hal panonpoe): *matahari --* panonpoé muncul; **3** nanjak; ngunggahan (gunung); naék (kana tangkal): *olah raga -- gunung* olah raga naék gunung: *jalan ini -- terus* ieu jalan nanjak; -- *pohon jambu* naék tangkal jambu; **4** asup ka imah (nu maké tangga); asup kana kendaraan (mobil, angkuta, jsb) *dia mempersilahkan saya -- ke dl mobilnya* manéhna ngamanggakeun ka kuring asup kana mobilna; **5** tumpak; tunggang; numpang kana (kapal, pesawat, jsb): *ia -- sepeda* manéhna tumpak sapédah; -- *unta* tunggang onta; **6** tambah luhur (mahal, gede. loba, jsb)ningkat: *harga barang-barang terus --* harga barang-barang terus ningkat; **7** jadi :*tdk seorang pun mau --* saksi euweuh saurang ogé nu daek jadi saksi;

**menaikkan** *vt* **1** ngajadikeun naék (ningkat, tambah réa, tambah gedé, jsb); naékkeun; ngaluhurkeun: == *kecerdasan masyarakat* ningkatkeun kapinteran masarakat; **2** ngibarkeun (hal bandéra jsb): == *bendera* ngibarkeun (ngérék) bandéra; **3** ngajadikeun

(nyababkeun) naon-naon (harga, pajeg, pangkat, gajih, jsb) tambah naék (luhur)

**na.jis** *a* **1** kotor nu jadi sabab halangan sing saha baé ngalakukeun ibadah ka Allah, spt kalétak anjing; najis: *tempat yg* -- tempat anu najis; *makanan yg* -- kadaharan nu najis; **2** kokotor (tai, cikiih); **3** *cak* geuleuh; jiji: *aku -- mendengar perkataan itu* kuring geuleuh ngadéngé éta omongan;
*membasuh -- dgn mala.* pb miceun ku nu leuwih hina

**na.kal** *a* **1** sok migawé nu kurang hadé (henteu nurut, ngaganggu,jsb, pangpangna ka barudak); bangor; nakal : *anak ini — benar* ieu budak bangor pisan; **2** goréng kalakuan (lacur jsb) : *perempuan* — awéwé lacur; *suaminya* -- salakina bangor;
**kenakalan** *n* **1** sipat nakal; pagawéan nakal; **2** tingkah laku nu teu sakumaha nyimpang (salah) tina norma jeung hukum nu aya di hiji masarakat: == *remaja menjadi masalah kita semua* kanakalan rumaja jadi masalah urang saréréa

**na.kho.da** *n* **1** juragan (pamingpin) parahu (kapal); **2** perwira laut nu jadi pamingpin pangluhurna dina kapal niaga (dagang); na (ng) koda; kapten kapal

**na.lar** *n* **1** pertimbangan hal hadé goréng jsb; budi akal: *setiap keputusan harus didasarkan -- yg sehat* unggal kaputusan kudu dumasar kana budi akal nu séhat; **2** aktivitas nu ngamungkinkeun urang mikir logis; kakuatan pikiran;
**penalaran** *n* **1** cara (hal) ngagaunakeun pikiran; cara mikir anu logis; **2** hal mekarkeun at ngadalian naon-naon ku pikiran anu lain ku perasaan jeung pangalaman; **3** prosés méntal dina mekarkeun pikiran tina sawatara fakta at prinsip

**na.lu.ri** *n* **1** dorongan haté at napsu nu dibawa ti mimiti lahir; pembawaan alami anu teu kalawan sadar ngadorong migawé naon-naon; insting; naluri: *semua binatang mempunyai -- utk menjaga diri* sakabéh sato boga naluri keur ngajaga diri; **2** tingkah laku at réaksi anu komplék jeung anu teu diajarkeun heula anu dipaké dina mertahankeun hirup, anu aya disakabéh mahluk hirup

**na.ma** *n* **1** kecap anu dipaké nyebut jalma, (tempat, barang,sato, jsb); ngaran: -- *kucing itu Si Manis* ngaran ucing téh Si Manis; **2** gelar

sesebutan: -- *nya saja perwira tinggi, tetapi kekuasaannya tidak ada* gelarna baé perwira luhur, tapi kakawasaanana euweuh; **3** kamashuran; kaunggulan (kahadéan); kahormatan; *Ia beroleh* -- manéhna meunang kamashuran; *menodai* -- *nya* ngotoran kahormatanana; *telah rusak* -- *nya* geus ruksak kahadéanana

**na.mun** *p* partikel keur nuduhkeun lalawanan; **1** sanajan kitu; lamun kitu: --, *dia tetap tabah* sanajan kitu, manéhna tetep tabah; **2** tapi: *walaupun dia marah,* -- *bibirnya tetap tersenyum* sanajan manéhna ambek, tapi biwirna tetep imut

**na.nah** *n* cairan nu bau nu kaluar tina raheut, budug, bisul, jsb biasana rupana semu héjo; nanah

**nan.ti** *adv* **1** waktu nu moal lila deui bakal datang; waktu sapandeurieunana; engké: *hal itu akan dibicarakan* -- éta hal bakal disawalakeun engké; *sampai bertemu lagi* -- *sore* nepi ka papanggih deui engké soré; **2** lamun kitu; lamun henteu: *dengarkan nasihatku baik-baik.,-- menyesal engkau* déngékeun naséhat kuring sing bener, lamun henteu kaduhung manéh; **3** *cak* arék: -- *menurut perintahmu* arék nurut parentah manéh;
**menanti** *vt* nungguan: *telah lama saya == mu di sini* geus lila kuring nungguan manéh di dieu;
**penantian** *n* tempat nungguan

**na.pas** *n* hawa anu diseuseup ku irung at sungut jeung dikalurkeun deui ngaliwatan bayah; napas: -- *nya sesak* napasna sesek (eungap):
**pernapasan** *n* **1** hal napas: *alat* = alat keur nyeuseup hawa; **2** hal ngagunakeun énergi dina karbohidrat kumahluk hirup

**na.ra.pi.da.na** *n* jalma nu keur ngajalankeun hukuman lantaran tindak pidana; jalma hukuman; sakitan; narapidana

**na.ra.si** *n* **1** paparan hiji carita at kajadian; **2** carita at déskripsi tina hiji kajadian at peristiwa; narasi; **3** téma hiji karya seni: — *menyajikan sebuah kejadian yg disusun berdasarkan urutan waktu* narasi nyajikeun hiji kajadian nu disusun dumasar kana urutan waktu

**nar.ko.tik** *n* ubar nengtremkeun (nenangkeun) saraf, ngaleungitkeun rasa nyeri, nimbulkeun rasa tunduh, atawa ngarangsang (opium, ganja, jsb); narkotik

**na.sa.bah** *n* **1** babandingan; pertalian; **2** jalma nu biasa aya hubungan at jadi langganan bank (dina kauangan); nasabah: *bank itu -- nya dr berbagai kalangan masyarakat* éta bank nasabahna ti rupa-rupa kalangan masarakat; **3** jalma anu jadi tanggungan asuransi; nasabah: *dia menjadi -- perusahaan asuransi itu dgn mengambil asuransi pendidikan* manéhna jadi nasabah éta pausahaan asuransi ku nyokot asuransi atikan

**na.si** *n* **1** béas anu geus diasakan (disangu at diliwet); sangu; **2** *ki* rejeki: *mencari sesuap* -- néangan rejeki

**na.sib** *n* naon-naon anu geus ditakdirkeun ku Allah ka jalma; nasib; takdir: — *membawanya ke Jakarta* nasib mawa manéhna ka Jakarta

**na.si.hat** *n* **1** ajaran at palajaran nu hadé; anjuran (pituduh, paringetan, tegoran) nu alus, naséhat: -- *orang tua harus diperhatikan* naséhat kolot kudu diperhatikeun; **2** ibarat nu dikandung dina hiji carita jsb; moral: *cerita itu mengandung -- bagi kita sekalian* éta carita téh ngandung naséhat keur urang saréréa;

**menasihati** *vt* mere naséhat (ka); nganaséhatan: *guru == murid yg tdk mengerjakan pekerjaan rumah* guru nganaséhatan murid nu teu migawé pagawéan di imah

**na.si.o.nal** *n* **1** kabangsaan; **2** boga sipat bangsa sorangan; nu asalna ti bangsa sorangan; nasional; ngawengku sagemlengna bangsa: *cita-cita -- cita-cita* nasional, cita-cita bangsa sorangan; *perusahaan--* pausahaan nasional

**na.si.o.na.li.sa.si** *n* **1** hal, prosés, pagawéan nganasionalkeun, ngajadikeun naon-naon jadi milik bangsa at nagara (pangpangna nu milik asing),biasana nu dituluykeun ku panggantian nu mangrupa kompensasi: *Pemerintah melakukan tindakan -- thd perusahaan asing* Pameréntah ngalakukeun tindakan nganasionalkeun pausahaan asing; **2** hal ngajadikeun sabagé warga nagara; nasionalisasi

**menasionalisasi** *vt* ngalakukeun tindakan nasionalisasi; ngajadikeun naon-naon jadi milik bangsa jeung nagara: == *bank-bank asing* nganasionalisasikeun bank-bank asing

**na.si.o.nal.is.me** *n* **1** paham (ajaran) sangkan cinta ka bangsa sorangan; pulitik pikeun ngabéla pamarentahan sorangan; sipat kanasionalan; **2** kasadaran kaanggotaan dina hiji bangsa nu

sacara poténsial at aktual babarengan ngahantol, mertahankeun, jeung ngalanggengkeun idéntitas; integritas, kamamuran, sarta kakuatan éta bangsa; sumanget kabangsaan; nasionalisme

**nas.kah** *n* **1** karangan nu masih kénéh ditulis ku leungeun; naskah; **2** karangan asli; **3** bahan warta anu siap disét; **4** rancangan

**Nasrani** *n* Kristen

**na.tal** *n* **1** kalahiran hiji jalma; **2** ngeunaan kalahiran Isa Almasih: *hari* -- poé agung pangéling-ngéling kalahiran Isa Almasih (dina unggal tanggal 25 Desémber)

**na.tu .ral** *a* **1** alamiah; anu sifatna alam: *dgn demikian bahasa diucapkan secara* -- ku kituna basa diucapkeun sacara alamiah; **2** bébas tina pangaruh; lain jieunan; asli

**na.tu.ral.isme** *n* **1** aliran dina seni ngagambarkeun naon-naon sakumaha ayana; naturalisme; **2** karya seni rupa nu miboga sipat bebeneran fisik ti alam; **3** ajaran nu henteu ngaku ayana kakuatan séjén salian ti alam; **4** teknik at cara nembongkeun pandangan objéktif ngeunaan manusa sacara taliti jeung jujur (hadé at goréng)

**na.ung, bernaung** *vi* aya di sahandapeun naon-naon (pikeun nadah panas, hujan, jsb); nyalindung: *pohon tempat* == tangkal tempat nyalindung; **2** aya disahandapeun naon-naon anu gedé (suci, kawasa, jsb); menta panyalindungan (pertulungan jsb): *kita == di bawah Undang-undang Dasar 1945 dan Pancasila* urang aya dina panyalindungan Undang-undang Dasar 1945 jeung Pancasila;
**naungan** *n* **1** panyalindungan; **2** tempat nyalindung: *ia duduk di bawah == pohon yg rindang* manéhna diuk di handapeun panyalindungan tangkal nu ngarandakah

**na.vi.ga.si** *n* **1** élmu ngeunaan cara ngajalankeun kapal laut at kapal terbang; navigasi; **2** cara (pagawéan) ngalempengkeun tujuan at arah kapal laut at kapal terbang: *kecelakaan pesawat itu oleh krn kesalahan* -- kacilakaan éta pesawat téh ku lantara kasalahan **navigasi**; **3** palayaran; penerbangan: *salah satu unsur keselamatan pelayaran adalah sarana -- yg baik* salah sahiji unsur kasalamaten palayaran nya éta sarana palayaran nu alus

**ne.ga.ra** *n* **1** organisasi di hiji wilayah nu ngabogaan kakawasaan pangluhurna anu sah jeung ditaatan ku rayat; nagara; **2** kelompok sosial nu nyicingan wilayah at daérah nu tangtu nu diorganisasi ku lembaga pulitik jeung pamaréntah anu éféktif, ngabogaan kasatuan pulitik, berdaolat nepi ka boga hak nangtukeun tujuan nasional; nagara: *kepentingan -- lebih didahulukan dp kepentingan perseorangan* kapentingan nagara leuwih diheulakeun ti batan kapentingan urang saurang

**ne.ga.tif** /négatif/ *a* **1** henteu pasti; henteu tangtu; tanpa pernyataan enya; négatif: *jawabannya masih -- belum positif* jawabanana masih can tangtu acan positif; **2** kurang hadé; ingkar; nyimpang tina ukuran umum: *lingkungan dapat mengakibatkan pengaruh -- thd kesejahteraan kita* lingkungan bisa ngaakibatkeun kurang hadé kana kasajahteraan urang;
**kenegatifan** *n* kaayaan négatif (kurang hadé, kurang pasti, jsb); kenégatipan: *berbagai == dapat disebabkan oleh politik* rupa-rupa kanégatifan bisa disababkeun ku pulitik

**ne.kat** /nékat/ *a* **1** kalawan kuat atawa keras haté (kahayang); nékad: *meskipun dilarang, mereka -- masuk* sanajan dilarang, maranéhna nékad asup; **2** wani teuing (kalawan teu dipikir panjang deui): *tukang todong itu -- menodong di tempat ramai* éta tukang todong téh wani teuing nodong di tempat ramé; **3** henteu paduli deui kana naon-naon (lantaran pegat harepan, ilang akal, éra pisan, jsb): *krn malu, ia -- meninggalkan kampung halamannya* ku lantaran éra, manéhna henteu paduli deui kana naon-naon ninggalkeun lemburna; **4** tetep henteu daék (ngéléhan, nurut, nyerah,jsb); ngotot; bandel: *sebenarnya ia sudah kalah, tetapi masih -- saja* sabenerna manéhna geus éléh, tapi henteu daék nyerah baé;
**kenekatan** *n* pagawéan (hal) nékad

**ne.la.yan** *n* jalma nu kahirupan utamana tina ngala lauk ( di laut); pamayang

**ne.nek** / nénék/ n 1 sesebutan ti incu ka indung ti kolot; nini; **2** sesebutan ka awéwé anu geus kolot pisan (meujeuhna jadi nini-nini); nini: *mereka merawat tiga orang -- yg sudah jompo* maranéhna ngarawatan tilu nini-nini nu geus jompo

**ne.ner** / nénér/ *n* binih lauk bandeng anu kakara dipegarkeun, anu panjangna 10-30mm; anak lauk bandeng nu leutik kénéh

**ne.on** /néon/ *n* **1** unsur spt gas, teu bagerak, teu warnaan, di cokot tina udara nu bisa méré panas jeung sinar dina tabung vakum, dipaké jadi lampu listrik; néon; **2** lampu listrik nu bangunna tabung nu eusian gas néon;

**peneonan** *n* pemasangan lampu néon: == *di jalan protokol sudah selesai* pemasangan neon di jalan protokol geus anggeus

**ne.ra.ca** *n* **1** alat pangukur beurat (pangpangna nu timbanganna saeutik) biasana mangrupa watang lempeng nu maké mamangkokan ngagantung di dua tungtungna tempat batu timbangan jeung barang nu di timbang, spt alat nu dipaké nimbang emas; timbangan; taraju; neraca; **2** catetan perbandingan untung rugi, hutang-piutang, asup jeung kaluarna duit, jsb: naraca; **3** perimbangan (pulitik, kakuatan, jsb)

**ne.ra.ka** *n* **1** alam ahérat tempat (seuneu) panyiksaan keur jalma nu baroga dosa; naraka; **2** cak kaayaan matak pisangsaraeun (kamiskinan; kasakit nu kacida: *kesengsaraan akibat peperangan itu merupakan -- bagi rakyat kecil* kasangsaraan akibat peperangan téh mangrupa naraka pikeun rayat leutik; **3** sial; cilaka: *--, nyah dari sini* sial, indit ti dieu

**ne.to** /néto/ *a* beresih (dina hal gajih, panghasilan, timbangan, jsb): *keuntungan -- seratus ribu rupiah sehari* kauntungan beresih saratus rebu rupiah sapoé

**ne.tral** / nétral/ *a* **1** henteu mihak (teu milu at teu ngabantu salahsahiji pihak); nétral: *saya tetap -- dl menghadapi persengketaan antara saudara itu* kuring tetep nétral dina nyanghareupan éta papaséaan antara dulur téh; **2** henteu aya warnaan (bisa dipaké pikeun warna naon baé): *semir sepatu ada yg berwarna hitam, coklat, putih, dan --* semir sapatu aya nu warnana hideung, coklat, bodas, jeung nétral; 3 *cak* bebas; henteu kabeungkeut (ku pagawéan, perjanjian, jsb): *saya sudah -- sekarang* kuring geus bébas ayeuna; **4** henteu di kelompok feminin (awéwé) at maskulin (lalaki) dina hal kecap; neutrum; **5** nu nuduhkeun sipat sacara kimia lain asam jeung lain basa;

**menetralkan** *vt* ngajadikeun nétral (teu mihak): ==*Terusan Suez utk*

*pelayaran internasional* nganétralkeun Terusan Suéz pikeun palayaran internasional; **2** ngajadikeun cambal at tawar (racun, jsb); ngaleungitkeun pangaruh atawa akibat anu ngabahayakeun: == *racun* nganetralkeun racun; == *propaganda musuh* ngaleungitkeun pangaruh propaganda musuh;
**kenetralan** *n* kaayaan at sikep nétral

**nga.rai** *n* lebak (jurang) anu jero jeung lega di antara dua lamping nu luhur gurawés; tanah sisi walungan anu luhur, gurawes, nu jadi ku lantaran érosi sisi dina batuan nu babari urug; jungkrang nu lungkawing

**ngeri** *a* ngarasa sieun at ketir (ku lantara nénjo nu pikasieuneun at ngalaman kaayaan nu ngabahayakeun): -- *rasanya saya melihat perkelahian itu* sieun kuring nénjo éta nu gelut téh;
**mengerikan** *vi* nimbulkeun rasa sieun (matak muringkak bulu punduk); pikasieuneun: *tabrakan kereta api itu dgn kereta api lagi sangat* == tubrukan keréta api jeung karéta api deui matak pikasieuneun pisan;
**kengerian** *n* perasaan sieun (ketir); hal (kaayaan) sieun

**ngi.lu** *a* ngarasa nyeri kawas kagésrék (dina huntu, tulang, jsb); linu; ngarasa henteu ngeunah keur pangreungeu (spt ngadéngé anu ngihkir, ngaragaji beusi, jsb)

**ni.a.ga** *n* kagiatan jual beuli jsb pikeun meunang kauntungan; dagang;
**perniagaan** *n* perdagangan: *ia bekerja di kantor == besar* manéhna digawé di kantor perdagangan gedé

**ni.at** *n* **1** maksud at tujuan hiji pagawéan; niat: *mudah-mudahan -- baik engkau terwujud* mudah-mudahan niat hadé anjeun ngawujud; **2** kahayang ( niat dina jero hate) arék ngalakukeun naon-naon: -- *nya ke Tanah Suci tahun ini, kalau cukup syarat-syaratnya* kahayangna ka Tanah Suci taun ieu lamun cukup sarat-saratna; **3** jangji migawé (ngalakukeun naon-naon lamun cita-citana (harepanana) di kabul; kaul; nadar: *janji harus ditepati, -- harus dibayar* jangji kudu dijadikeun, kaul kudu dilaksanakeun; *memasang* -- ngalakukeun kaul (nadar); **berniat** *vi* boga niat (maksud) arék : *ia == melanjutkan usahanya berdagang* manéhna boga maksud arék neruskeun usaha dagang

**ni.hil** *a* **1** euweuh pisan; kosong pisan; euweuh nanaon; nihil: *hasilnya --* hasilna euweuh pisan; **2** *cak* taya nu hadir: *dl daftar hadir utk hari ini tertulis --* dina daptar hadir keur poé ieu ditulis nihil

**ni.kah** *n* perjanjian antara lalaki jeung awéwé pikeun laki rabi; jadi salaki pamajikan kalawan resmi: perkawinan; nikah: *kalau tidak bersaksi, tidak sah -- nya* lamun henteu aya saksi, henteu sah nikahna;

**menikah** *vi* ngalakukeun nikah; kawin; nikah: *dia akan == dgn seorang guru* manéhna arék kawin ka guru;

**menikahkan** *vt* **1** ngajadikeun boga salaki (pamajikan);ngawinkeun; nikahkeun: *ia == anak perempuannya dgn seorang dokter* manéhna ngawinkeun anakna nu awéwé ka dokter; **2** ngayakeun upacara pernikahan keur: *saya akan == keponakan saya pertengahan bulan Februari* kuring arék ngayakeun upacara pernikahan keur alo kuring dina pertengahan bulan Februari;

**menikahi** *vt* ngajadikeun pamajikan; kawin ka: *dia mau == nya* manéhna arék kawin ka dinya;

**pernikahan** *n* **1** hal (pagawéan) nikah; pernikahan; **2** upacara nikah: *dia akan menghadiri == saudaranya* manéhna arék ngahadiran upacara nikah dulurna

**ni.kel** *n* **1** logam keretas nu warnana bodas kawas pérak, anu sipatna lentur, henteu karatan; nékel; **2** unsur kimia kalawan nomer atom 28, nu lambangna *Ni*

**nik.mat** *a* **1** ngeunah; lazat: *masakannya memang --* masakanana mémang lazat; **2** ngarasa sugema; senang: *-- rasanya tidur di kamar yg besar ini* senang karasana saré di ieu kamar nu gedé téh; **3** *cak* paméré at kurnia (ti Allah): *Allah telah memberikan -- kpd manusia* Allah tos maparin kurnia (nimat) ka manusa

**ni.ko.tin** *n* zat racun nu aya dina bako, digunakeun dina ubar jeung keur inséktisida; nikotin

**ni.la** *n* **1** bahan cét (pawarna) biru nu dijieun tina daun tarum; **2** biru: *berwarna --* warnana biru

**ni.lai** *n* **1** harga (dina harti taksiran harga): *tdk ada ukuran pasti untuk menentukan -- intan* euweuh ukuran pasti keur nangtukeun harga inten; **2** harga duit (dibandingkeun jeung harga duit séjén): *-- dolar*

*terus naik* harga dolar terus naék; **3** angka kapinteran; peunteun: *rata-rata -- mata pelajarannya adalah sembilan* rata-rata peunteun mata palajaranana salapan, **4** réa saeutikna eusina; kadar; ajén: *suatu karya sastra yang tinggi -- nya* hiji karya sastra nu luhur ajénna; **5** sipat-sipat (hal-hal) nu penting at berguna keur kamanusaan: -- *tradisional yg dapat mendorong pembangunan perlu dikembangkan* ajén tradisional anu bisa ngadorong pangwangunan perlu dimekarkeun;

**menilai** *vt* **1** ngira-ngira at nangtukeun ajénna; ngahargaan: *ia == harga intan itu* manéhna ngira-ngira harga inten éta;

**penilaian** *n* proses, cara, pagawéan ngajén (nganiléy); hal méré ajén (harga, niléy, kadar): *penelaahan dan == yg lengkap* panalaahan jeung pangajén nu lengkep

**ni.na.bo.bo** *vt* **1** kakawihan keur nyarekeun budak, spt ayun ambing; **2** *ki* anu mareumkeun sumanget;

**meninabobokan** *vt* **1** ngawihkeun lalaguan keur budak sangkan saré; nyarékeun (budak) ku kakawihan; **2** *ki* nyenangkeun haté nu séjén ku omongan nu muluk-muluk; ngalemahkeun sumanget: *kakayaan alam == bangsa kita* kakayaan alam ngalemahkeun sumanget bangsa urang

**ning.rat** *n* golongan jalma mulya; bangsawan; ménak; ningrat; borjuis

**ni.ra** *n* cai anu amis rasana, sadapan tina kawung, kalapa, jsb, lahang

**nir.wa.na** *n* **1** kaayaan jeung katengtreman nu lugina keur tiap wujud éksisténsi ku lantaran béakna kalahiran deui ka dunya; **2** tempat kabébasan (kasampurnaan; kalaluginaan); sawarga; nirwana

**ni.sab** *n* jumlah harta banda minimum nu wajib dizakatan; nisab

**ni.san** *n* tetengger pondok jsb nu ditancepkeun dina luhureun kuburan minangka tanda; tutunggul; tetengger; paésan

**nis.bi** *a* ngan katenjo (pasti, kaukur) lamun dibandingkeun jeung nu séjén; bisa kieu bisa kitu, gumantung ka nu nénjo ti jihad mana; henteu mutlak; rélatif; nisbi: *cantik itu -- bergantung kpd siapa yg melihat* geulis mah nisbi, gumantung kana saha nu nénjo

**nis.ca.ya** *adv* teu meunang henteu; tangtu; pasti; niscaya: *bila orang*

*tuanya yg menyuruh -- dia datang* lamun kolotna anu nitah pasti manéhna datang

**nis.ta** *a* **1** hina; handap; rendah: *perbuatan itu sangat* -- éta pagawéan téh hina pisan; **2** henteu ngeunah kadéngéna: *kata-kata* -- omongan teu ngeunah kadéngéna; **3** aéb; cela; noda: -- *yg tidak terhapuskan lagi* aéb nu teu leungit deui;

**menistakan** *vt* ngajadikeun (nganggap) nista; ngahinakeun; ngarendahkeun (derajat jsb): *janganlah suka == orang lain* ulah sok ngahinakeun nu séjén;

**kenistaan** *n* kaayaan (hal) nista; kanistaan; kahinaan

**nit.ro.gen** /nitrogén/ *n* gas teu warnaan, teu aya rasana, teu bau, jeung teu racunan, bébas di udara (dilambangkeun dina lambang kimia ku *N*); nitrogén

**no.da** *n* **1** titik hideung (nu jadi kotor); noda: *terdapat -- darah pd bajunya* aya titik (tapak) getih dina bajuna; **2** *ki* aéb; cela; cacad: *sifat manusia ada saja -- dan dosa* sipat manusa aya baé cacad jeung dosa;

**menodai** *vt* **1** nganodaan (nepi ka kotor jsb); ngotoran: *percikan tinta hitam itu == taplak meja* kecretan mangsi hideung téh ngotoran taplak méja; **2** ngaruksak (kasucian, kaluhuran, kahormatan, jsb): *pemuda itu == gadis di bawah umur* éta pamuda téh ngaruksak kasucian mojang di bawah umur; **3** ngagoréngkeun ; nyemarkeun (ngaran hadé):*== nama keluarga kita* ngagoréngkeun ngaran kulawarga urang;

**ternoda** *vi* keuna ku noda; dikotoran; dicemarkeun: *ia merasa == oleh perbuatan saudaranya* manéhna ngarasa kakotoran ku pagawéan dulurna

**nol** ***num*** **1** ngaran lambang bilangan pikeun bilangan kosong O; **2** bilangan kosong nu nuduhkeun tingkat mimiti dina saméméh asup ka tingkat kahiji dina urutan kelas; **3** *ki* teu aya kanyataanana;omong kosong: *semua yg dikatakannya adalah* -- sakur nu diomongkeunana kosong wungkul; **4** *ki* euweuh hasilna: *ia sudah berusaha, tetapi hasilnya* -- manéhna geus usaha, tapi euweuh hasilna

**no.men.kla.tur** /noménklatur/ *n* **1** cara méré ngaran dina widang élmu nu tangtu; ngaran; nomenklatur; **2** pangwangunan (mindeng dumasar-

kana kamupakatan internasional) tata susunan jeung aturan cara méré ngaran obyék studi pikeun cabang élmu pangaweruh (kimia jsb)

**no.mi.na** *n* kelas kecap dina basa Indonesia (Sunda) nu ditandaan ku teu bisana ngagabung jeung kecap *tidak* (henteu), up kecap *rumah* (imah) disebut nomina kulantaran teu bisa digabung jeung *tidak* (henteu) jadi *tidak rumah* (henteu imah), biasana bisa jadi fungsi obyék at obyék tina klausa

**no.mi.nal** *a* **1** ngan ngaranna wungkul; nomina: *ia hanya secara -- sbg pimpinan, sedangkan yg menentukan apa-apa adalah orang lain* manéhna ngan ngaranna wungkul sabagé pingpinan, sedengkeun nu nangtukeun naon-naon nu séjén; **2** nurutkeun nu kacatet at nu ditulis baé; nominal: harga -- harga nominal; *nilai* -- ajén nominal (nu ditulis)

**no.mi.na.si** *n* pangusulan at pangangkatan jadi calon; hal calon; nominasi: -- *aktor terbaik akan diumumkan nanti malam* nominasi aktor pangalusna rék diumumkeun peuting angké

**no.mor** *n* **1** angka sabagé tanda at lambang bilangan; nomer: *benda yg jumlahnya lima ditulis dgn -- 5* barang nu jumlahna lima di tulis ku angka 5; **2** angka nu nuduhkeun kadudukan dina tungturutan, kumpulan,jsb: *setiap majalah diberi -- urut* unggul majalah dibéré angka urutan; **3** jenis lomba: *utk lari -- 100 meter putra* keur lumpat lomba lumpat 100 méter putra

**bernomor** *vi* ngabogaan nomer; aya nomeran; maké nomer: *pd waktu perlombaan nyanyi dia == 10* dina waktu pasanggiri manéhna maké nomer 10;

**menomori** *vt* méré nomer; nganomeran: *dia == kendaraan yg ikut berlomba slalom* manéhna nganomeran kandaraan anu milu lomba slalom;

**penomoran** *n* prosés, cara pagawéan nganomeran at méré angka: == *kendaraan bermotor diatur oleh polisi lalu lintas* cara nganomeran kandaraan (motor. mobil) dia atur ku pulisi lalu lintas

**no.na** *n* sesebutan ka mojang at wanita anu acan kawin

**non.a.gre.si** /nonagrési/ *a* henteu (moal) silihserang jeung moal perang (dina perjanjian sawatara nagara); nonagrési

**non.ak.tif** *a* henteu ngajalankeun pagawéan (tugas ) deui (jadi pagawé, tentara, jsb); nonaktif: *dia adalah anggota ABRI yg sudah --* manéhna anggota ABRI anu geus nonaktif

**non.blok** *a* henteu ngagabung kana hiji blok nu tangtu (dina hal nagara, partéy pulitik, jsb); nétral; nonblok: *negara-negara akan mengadakan Konferensi tahun ini* nagara-nagara nonblok arék ngayakeun konferensi taun ieu

**non.sens** /nonséns/ *a cak* omong kosong; henteu aya hartina: *segala yg dikatakannya itu -- belaka* sagala nu diomongkeunana téh omong kosong wungkul

**no.rak** *a cak* **1** kaleuleuwihi pisan;kurang saluyu (dina dangdanan jsb); kampungan: *pakaianmu--, pantas saja banyak yg tertawa* papakéan manéh kaleuleuwihi, pantes baé loba anu sareuri

**no.rit** *n* bubuk lemes areng murni, henteu bau jeung henteu aya rasana, dipaké keur ubar nyeri beuteung (dina karacunan, beuteung kembung, jsb); norit

**nor.ma** *n* **1** aturan at katangtuan anu meungkeut warga kelompok di masarakat, dipaké jadi padoman, tatanan, jeung kadali tingkah laku nu saluyu jeung ditarima ku masarakatna; norma: *setiap warga masyarakat harus menaati -- yg berlaku* unggal warga masarakat kudu naatan norma nu berlaku; **2** aturan, ukuran, at naon-naon nu jadi kaidah minangka takaran pikeun ngajén at ngabandingkeun naon-naon

**nor.mal** *a* **1** nurutkeun aturan at pola umum; saluyu jeung teu nyimpang tina norma; saluyu jeung kaayaan nu biasa; tanpa cacad; henteu mahiwal; normal: *bayi itu lahir dl keadaan --* orok téh lahir dina kaayaan normal; **2** bébas tina gangguan jiwa

**nos.tal.gi.a** *n* **1** kasono (sakapeung kaleuleuwihi) kana naon-naon nu jauh tempatna at nu geus euweuh ayeuna; ingetan (kenangan) manis nu geus lila kasorang

**not** *n* tanda nada nu tangtu dina musik; titi nada; not: *pemain musik harus bisa membaca --* pamaén musik kudu bisa maca not

**no.ta** *n* **1** surat paringetan (panuduhan, catetan): *dia datang dgn mem-*

*bawa -- dr kepala kantor* manéhna datang bari mawa catetan ti kapala kantor; **2** surat katerangan resmi (ti duta ka pamerentah hiji nagara at sabalikna): nota: *Pemerintah Arab telah menyampaikan -- kpd Duta Besar Indonesia* Pamerentah Arab geus nepikeun nota ka Duta Besar Indonesia

**no.ta.ris** *n* jalma nu meunang kawasa ti pamaréntah dumasar kana panunjukan (di dieu Departemen Kehakiman) pikeun ngesahkeun jeung nyaksian rupa-rupa surat perjangjian, surat wasiat, akte, jsb: *pendirian yayasan itu disahkan oleh akte --* ayana yayasan téh disahkeun ku akte notaris

**no.tu.la** *n* catatan singget ngeunaan jalanna rapat sarta hal nu dicaritakeun jeung diputuskeun; notula: *-- rapat merupakan dokumen penting* notula rapat mangrupa dokumén penting

**no.vel** /novél/ *n* karangan prosa nu panjang ngandung runtuyan carita kahirupan hiji jalma jeung jalma-jalma sakurilingeunana kalawan nonjolkeun watak jeung sipat para palakuna

**No.vem.ber** /novémber/ *n* bulan kasawelas dina taun Maséhi

**nu.an.sa** *n* **1** variasi at perbédaan nu lembut at lemes (dina warna, sora, kualitas, jsb); **2** kawaspadaan kana, kapekaan kana, at kamampuhan nganyatakeun ayana géséran nu leutik pisan (dina manah, perasaan, at ajén)

**nu.jum** *n* **1** béntang-béntang; **2** perbentangan pikeun ngaramalkeun (mikanyaho) nasib jalma;nujum: *masih banyak orang yg menan nyakan ke tukang --* réa kénéh jalma nu nanyakakeun nasibna katukang nujum

**nu.kil, menukil** *vt* nyutat; nuliskeun deui naon-naon nu geus ditulis (diucapkeun) ku nu séjén; nulad; nukil: dia== perkataan itu dr syair tua manéhna nukil éta omongan tina sair kahot;
**nukilan** *n* cutatan; tulisan nu diterapkeun dina hiji barang

**nu.me.ra.li.a** *n* kecap at frase nu nuduhkeun bilangan at kuantitas; kecap bilangan; numeralia

**nu.ra.ni** *a* caang; cahayaan: *hati --* perasaan haté nu murni

**nu.sa** *n* **1** pulo: -- *Jawa* Pulo Jawa; Nusa jawa; **2** lemah cai; nagara: *mem-*

*pertahankan kemerdekaan -- dan bangsa* mertahankeun kamerdikaan lemah cai jeung bangsa

**Nu.san.ta.ra** *n* sesebutan (ngaran) keur sagemblengna wilayah kapuloan (kaasup basa) Indonesia; Nusantara

**nut.ri.si** *n* **1** prosés asupna jeung pangolahan zat kadaharan ku badan; **2** kadaharan nu gizian; **3** élmu ngeunaan gizi

**nya.i** *n* **1** sesebutan ka awéwé nu geus kawin at geus kolot; **2** sesebutan ka awéwé nu leuwih ngora umurna ti batan awéwé nu nyebut; **3** gundik (selir) urang asing (pangpangna urang Eropah); nyai-nyai

**nya.la** *n* **1** gas nu kaduruk: *-- api itu masih terus berlangsung* gas seuneu téh masih kénéh hurung; **2** cahaya nu kaluar tina seuneu: *dr jauh kelihatan -- lampu di rumah itu* ti kajauhan katénjo cahaya lampu di éta imah;
**bernyala** *vi* **1** nu hurung: *kayu bakar itu tdk ==* éta suluh téh teu hurung; **2** *ki* gedé pisan: *semangatnya ==* sumangetna gedé pisan;
**menyala** *vi* **1** katénjo at kaluar hurungna: *lampu-lampu ==* lampu-lampu harurung; **2** katénjo caang pisan; cahayaan: *merah ==* beureum caang pisan; **3** katénjo sinaran hurung: *cat baru kendaraan itu ==* cét anyar éta kandaraan téh katénjo sinaran hurung; **4** sinaran nyorot seukeut (panénjo): *dia melihat dgn mata yg ==* manéhna nénjo ku mata nu sinaran seukeut;
**menyalakan** *vt* **1** ngajadikeun hurung; ngahurungkeun **2** *ki* ngobarkeun (sumanget)

**nya.li** *n* **1** hamperu; **2** *ki* perasaan: *tdk punya -- orang yg menyiksa anak kecil itu* teu boga perasaan jalma nu nyiksa budak leutik téh; 3 kawani: *pecah -- nya* leungit kawanina

**nya.man** *a* **1** seger; séhat; *badannya berasa -- disinari matahari pagi* badanna ngarasa seger disinaran panonpoé isuk-isuk; **2** tiis; ngeunah; senang: *suaranya merdu, -- didengar* sorana halimpu, ngeunah kadéngéna;
**kenyamanan** *n* kaayaan seger (ngeunah, séhat, tiis)

**nya.muk** *n* serangga leutik jangjangan, bikangna boga panyongcong panyeuseup getih (manusa jeung sato), ngendog dina cai ngeyembeng; reungit

**nya.nyi, bernyanyi** *vi* ngaluarkeun sora nu nadaan; ngalagu; ngawih; nembang (boh maké rumpaka boh henteu): *dia bekerja sambil == perlahan-lahan* manéhna digawé bari ngawih lalaunan;
**menyanyikan** *vt* ngalagukeun; ngawihkeun; nembangkeun: *ia -- lagu lama* manéhna nembangkeun lagu heubeul;
**nyanyian** *n* **1** hasil ngawih (nembang, ngalagu); nu ditembangkeun (dikawihkeun, dilagukeun); lagu; kawih; tembang; **2** komponén musik pondok diwangun ku rumpaka jeung lagu;
**penyanyi** *n* jalma nu (pagawéana) nembang (ngalagu, ngawih) panembang; pangawih; juru tembang; juru kawih

**nya.ring** *a* tarik, luhur, jeung jelas (dina sora, sada)

**nya.ris** *adv* ampir waé kajadian (pangpangna nu ngabahayakeun): *gedung itu -- terbakar* éta gedong teh ampir baé kaduruk

**nya.ta** *a* **1** jelas (katénjo, kadéngé, jsb); kaciri pisan: *huruf itu tidak -- sehingga sukar dibaca* éta huruf téh teu jelas nepi ka hésé dibaca; 2 bener-bener (enya-enya) ayana; aya buktina; ngawujud: *tunjukkan kata-katanya itu dgn per buatan yang -- agar saya yakin akan kehendaknya* tunjukkeun omonganana ku perbuatan nu ngawujud sangkan kuring yakin kana kahayangna; 3 kabuktian: *makin lama makin -- kecurangannya* beuki lila beuki kabuktian kacuranganana

**nya.wa** *n* **1** nu ngajadikeun hirupna raga (organisme fisik) (di manusa, sasatoan, jsb): *darah tertumpah -- melayang* getih kaluar nyawa ngalayang; 2 jiwa; roh; sumanget: *-- nya sudah pergi* rohna geus indit (euweuh); 3 hirup huripna: *--nya ada di tangan saya* hirup huripna aya dina leungeun kuring;
**bernyawa** *vi* aya nyawana; ngabogaan nyawa; hirup; nyawaan: *ditemuinya tubuh itu sudah tdk == lagi* kapanggihna éta badan teh geus teu nyawaan;
**senyawa** *n* **1** ngahiji pisan; geus jadi hiji harti (dina kecap kantétan); geus jadi hiji zat (dina unsur kimia); *minyak dan air tidak dapat ==* minyak jeung cai teu bisa ngahiji; 2 sanyawaaan;
**bersenyawa** *vi* jadi pacampur (sanyawa); jadi ngahiji pisan (teu bisa dipisahkeun deui): *campuran kimia itu ==benar* campuran kimia téh geus ngahiji pisan;
**persenyawaan** *n* **1** hal nu aya hubunganana jeung sanyawa; pacampurna dua zat nu geus ngahiji pisan: *== zat cair dgn bahan itu di-*

*anggap sempurna* pacampurn éta zat cair jeung bahan téh dianggap sampurna; 2 ngagabungkeun dua kecap nepi ka miboga harti mandiri (kecap kantétan): *hubungan kata yang erat sekali, seperti kata matahari, menjelmakan satu pengertian yang disebut* == hubungan kecap nu raket pisan, saperti kecap panonpoé, ngajadikeun hiji harti nu disebut kecap kantétan

**nye.nyak** *a* henteu inget kana nanaon deui (keur saré); hésé dihudangkeun: tibra; pules: *jika makan cukup kenyang, tidur pun dapat* -- lamun dahar seubeuh, saré ogé tibra

**nye.pi** *n* poé nu diagungkeun ku umat Hindu Bali keur pangéling-ngéling taun baru Syaka; nyepi

**nye.ri** *a* ngarasa nyeri (spt dicocog ku jarum at diciwit bagian badan); rasa nu nimbulkeun sangsara: *pasien itu mulai meringis-ringis menahan* -- pasien téh mimiti nyengir nahan nyeri

**nyi.nyir** *a* nyebut sababaraha kali paréntah at paménta; céréwéd; **kenyinyiran** *n* hal (kaayaan, sipat) céréwéd

**nyi.ru** *n* alat rumah tangga, bangunna beleud, dijieunna tina awi nu dianyam, gunana keur napi beas; nyiru

**nyi.ur** *n* kalapa, *Cocos nucifera*

**nyo.nya** *n* **1** sesebutan ka awéwé nu geus boga salaki: *Tuan dan -- yang saya hormati* Tuan sareng Nyonya nu dipihormat ku sing kuring; 2 pamajikan (istri): Bapak Lurah beserta -- Bapa Lurah jalér istri

# O

**o.a.sis** *n* **1** daérah di sagara keusik nu ngandung cai cukup pikeun hirupna tutuwuhan jeung manusa; wahah; oasis; **2** *ki* tempat, pangalaman, jsb nu pikasenangeun di tengah-tengah suasana sarwa kalut jeung teu pikaresepeun

**o.bat** *n* **1** bahan nu dipaké keur ngurangan, ngaleungitkeun kasakit, at nyageurkeun jalma (sato jsb) tina panyakit; ubar; **2** bahan kimia (keur rupa-rupa kaperluan); obat: *hendak mencuci potret, tetapi tdk ada --nya* rek nyuci potrét, tapi euweuh obatna; **3** *ki* mesiu; pelor: *membuang --* némbak ka luhur (ngan keur nyingsieunan jsb); **4** *ki* wisaya; parabun: *dia jadi penurut spt orang kena --* manéhna jadi nurut kawas jalma keuna ku wisaya;
**berobat** *vi* **1** ngagunakeun (maké) ubar: *jika badan tdk nyaman lebih baik ==* lamun awak teu ngareunah leuwih hadé diubar; **2** ménta at néangan ubar ka: *jangan mencari dukun == lah ke dokter* ulah néangan dukun, ménta ubar ka dokter; **3** geus diubaran at geus meunang ubar; **4** *ki* meunang balesan (pamulang) nu hadé: *jerih payahnya sudah ==* hésé bélékéna geus kaubaran ku balesan nu hadé
**mengobati** *vt* méré ubar (ka); nyageurkeun ku ubar: *siapa yg == lukamu* saha nu ngubaran raheut manéhna;
**pengobatan** *n* prosés, cara pagawéan ngubaran;
**perobatan** *n* hal nu aya hubunganana jeung ubar

**ob.jek** /objék/ *n* **1** hal. perkara, at jalma nu jadi poko caritaan; **2** barang,

hal jsb nu dijadikeun sasaran pikeun ditaliti, diperhatikeun, jsb; objék: — *penelitian ini adalah pemakaian tingkat tutur bahasa Sunda* objék panalungtikan ieu nya éta hal makéna undak-undak basa Sunda; **3** panglengkep dina kalimah; **4** hal at barang nu jadi sasaran usaha sambilan: *berdagang kain menjadi salah satu — orang-orang di sana* dagang kaén jadi salahsahiji usaha sambilan urang dinya; **5** kalangkang tina hiji sistem lénsa

**ob.jek.tif** /*a* objéktif/a ngeunaan kaayaan nu sabenerna tanpa dipangaruhan ku pamendak at pandangan pribadi; objéktif;
**keobjektifan** *n* hal, cara pagawéan nu objéktif

**ob.li.ga.si** *n* **1** surat bukti injeuman ti pamaréntah kalawan bunga nu tangtu, éta obligasi bisa dijual beulikeun; **2** surat hutang nu boga dangka (waktu) nu leuwih ti sataun jeung boga suku bunga nu tangtu, nu dikaluarkeun ku pausahaan pikeun narik dana ti masarakat guna nutup béaya pausahaan

**ob.long** *n* baju kaos leungeunan nu henteu maké kerah

**o.bor** *n* **1** suluh nu dijieun tina daun kalapa garing at ruas awi nu dieusian minyak (tanah, kalapa, jsb), tungtungna didumpel ku lamak (at tapas); obor; **2** *ki* nu méré panerangan, pituduh, panungtun, jsb

**ob.ral** *v* **1** ngajual barang nu jumlahna réa kalawan harga murah (maksudna méakkeun barang, ngosongkeun gudang, jsb; obral: *pd akhir tahun biasanya barang-barang itu dijual* -- dina ahir taun biasana éta barang-barang téh dijual obral; **2** *ki* ngaluarkeun (maké) loba pisan: *kau tdk perlu -- tenaga* manéh teu perlu obral; tanaga (ngahambur tanaga);
**obralan** *n* barang nu dijual sacara obral: *saya membeli == di kaki lima* kuring meuli obralan di émpér toko;
**pengobralan** *n* prosés, cara, pagawéan **ngobral**

**ob.rol, mengobrol** *vi* gunem catur at cacarita tanpa poko nu tangtu bari salsé; ngobrol; *setiap sore mereka == di warung* unggal soré maranéhna ngobrol di warung

**ob.ser.va.si** /observasi/ *n* merhatikeun sacara taliti (ati-ati); observasi: *sebelum praktek mengajar, para calon guru itu mengadakan -- dulu ke sekolah-sekolah* saméméh prakték, ngajar, para calon guru téh

ngayakeun observasi heula ka sakola-sakola;
**mengobservasi** *vt* ningalian (merhatikeun) kalawan taliti; ngayakeun observasi

**ob.se.si** /obsesi/ *n* gangguan jiwa mangrupa pikiran nu salawasna ngagoda ka jalma jeung hésé dileungitkeunana; obsesi: *mencari jalan ke Kepulauan Nusantara merupakan -- bagi orang Eropa pd abad ke-15* neangan jalan ka Kapuloan Nusantara mangrupa obsesi keur urang Eropa dina abad ka-15

**o.dim** *n* bareuh dina bagian badan ku lantaran kumpulan zat cair nu kaleuwihan dina jaringan badan; odim

**o.di.tur** *n* jaksa anu ngadakwa méré tuduhan sacara umum (biasana dina pangadilan militer); oditur

**o.fen.sif** /ofensif/ *n* serangan: *negara dl keadaan siaga menghadapi -- musuh* nagara dina kaayaan sayaga nyanghareupan serangan musuh

**o.fi.si.al** *n* jalma lain pamaén nu aya hubunganana langsung dina hiji pertandingan spt wasit, manajer tim, palatih; ofisial: *para -- setuju untuk mengadakan pemeriksaan terhadap kesehatan setiap pemain sebelum pertandingan berlangsung* para ofisial satuju rék ngayakeun pamariksaan kasehatan unggal pamaen saméméh pertandingan lumangsung

**o.jek** /ojék/ *n* sapédah at sapédah motor anu dipaké ojég (ditambangkeun) ku cara ngaboncéng panumpang at nu nyéwana keur néangan (tambahan) napkah: ojég;
**mengojek** *vi* néangan napkah ku ojég; jadi tukang ojég; ngojég

**ok.num** *n* **1** sesebutan diri dina agama Katolik; pribadi; oknum: *Kesatuan antara Bapak, Anak, dan Roh Kudus sbg tiga — keesaanTuhan* kasatuan antara Bapa, Anak jeung Roh Kudus sabage tilu oknum kaesaan Tuhan; **2** jalma saurang; soranganana; **3** jalma at anasir (dina harti kurang hadé): -- *yg bertindak sewenang-wenang itu sudah ditindak* jalma nu sawenang-wenang tindakanana téh geus ditindak

**ok.si.da** *n* sanyawaan zat asam jeung unsur-unsur séjén (spt tai beusi); oksida

**ok.si.da.si** *n* **1** panggabungan jeung oksigén; **2** prosés panguréyan mi-

neral nu ngandung logam ku $O^2$ jeung nimbulkeun karat nu mangrupa hiji wangun hal lapukna sacara kimia; oksidasi

**ok.si.gen** /oksigén/ *n* **1** zat hampang nu aya di atmosfer, teu warnaan jeung teu bau, sarta teu aya rasana, anu diperlukeun pikeun sagala wangun kahirupan; zat asam; oksigén; **2** zat nu nyababkeun karat

**ok.taf** *n* **1** nada kadalapan dina dérétan nada diatonik nu boga geteran dua kali lipet; **2** kumpulan dalapan nada nungturutan; **3** selang antara dua sada nu rasio frekuénsi dasarna sarua jeung dua

**ok.to.ber** *n* bulan kasapuluh taun Masehi (tilu puluh hiji poé)

**o.ku.la.si** *n* cara ningkatkeun ajén tutuwuhan, ku jalan némpélkeun sapotong kulit tangkal nu aya mata holangna tina watang bagian luhurna dina keureutan kana kulit tangkal séjén tina watang bagian handapna nepi ka tuwuh ngahiji jadi tangkal nu tuwuh anyar; okulasi

**o.lah, mengolah** *vt* ngolah (migawé, ngusahakeun, masak) naon-naon (barang jsb) sangkan jadi nu séjén at leuwih sampurna , jadi leuwih alus;
**olahan** *n* **1** hasil ngolah; olahan *cerita pendek ini merupakan == dr cerita lama* carita pondok ieu mangrupa olahan tina carita heubeul; **2** tanan ngolah siaran warta (radio, jsb);
**pengolahan** *n* alat (jalma) nu ngolah;
**pengolahan** *n* prosés cara, pagawéan ngolah

**o.lah.ra.ga** *n* gerak badan keur nguatkeun sarta nyéhatkeun awak (spt maén bal, ngojay, atletik, jsb); olahraga

**o.lah.ra.ga.wan** *n* jalma nu resep olahraga (anu réa icikibung dina olahraga); olahragawan

**o.leh** /oléh/ *p* **1** partikel, ciri palaku dina kalimah pasif; ku: *rumah ini dibeli -- ayah* ieu imah dibeuli ku bapa; **2** sabab; lantaran: *binasa -- perbutannya sendiri* binasa lantaran perbuatanana; **3** akibat: -- *kurang hati-hatinya maka ia jatuh* akibat kurang ati-ati manéhna labuh; 4 ka (nu nuduhkeun pancakaki): *ia pun kemenakan juga — Engku* Guru manéhna ogé (kapi) alo ka Bapa Guru; **5** eukeur; pikeun: *persoalan itu menjadi pikiran --ku* éta persoalan téh jadi pikiran keur kuring; 6 ku: *pohon itu sarat -- buah* éta tangkal téh pinuh ku buah

**o.leh-o.leh** /oléh-oléh/ *n* naon-naon nu dibawa ti panyabaan; oléh-oléh: *ini -- dr ayahnya yg baru pulang dr Bandung* ieu oléh-oléh ti bapana nu kakara balik ti Bandung

**o.leng** /oléng/ a galuang-galéong ka kénca ka katuhu (dina parahu): *kapalnya -- krn ombak* kapalna galuang-goléng ku lantaran ombak

**o.les** /olés/, **mengoles** *vt* ngulas; ngabalur; mulas: *dia == kakinya dgn minyak kayu putih* manéhna ngabalur sukuna ku minyak kayu putih; **mengoleskan** *vt* ngulaskeun; mulaskeun; ngoléskeun: *ibu == obat itu pd bagian yg sakit* ibu ngoléskeun ubar kana nu nyeri;
**olesan** *n* hasil ngolés; olésan: *bekas -- minyak wangi itu di tanganku terasa gatal* urut olésan minyak seungit téh karasa ateul dina leungeun kuring

**o.lim.pi.a.de** *n* pertandingan olahraga antara bangsa nu diayakeun unggal opat taun sakali di nagara nu béda-béda jeung ngan meunag dipiluan ku olahragawan amatir; Olimpiade

**om.bak** *n* gerakan cai laut nu naek turun at ngagulung; ombak; galura: *-- memecah di pantai* ombak pecah di basisir

**o.mel** /omel/, **mengomel** *vi* ambek bari jeung ngedalkeun omongan; ngomél; kukulutus: ***dia berbalik kebelakang sambil*** == manehna balik deui ka tukang bari kukulutus

**om.pong** *a* **1** euweuh huntuan ku lantaran aya nu punglak, dicabut, henteu jadi, at henteu tuwuh (di jelema, sato, jsb): *nenekku --, giginya tinggal dua* nini kuring ompong, huntuna tinggal dua

**om.preng** /ompréng/, **mengompreng** *vi* **1** néangan panghasilan tambahan nu cara nambangan maké mobil (beus jsb); ngompréng: *sopir mobil dinas yg ketahuan == akan ditindak* supir mobil dines nu kanyahoan ngompréng arék ditindak; **2** numpang kandaraan nu diompréngkeun: *kalau dr Jakarta ke Bogor lebih murah == dp naik taksi* lamun ti Jakarta ka Bogor leuwih murah ngompréng ti batan numpak taksi
**omprengan** *n* kandaraan nu dipake nambangan pikeun panghasilan tambahan; ompréngan: *kalau bus penuh, kita naik == saja* lamin beus pinuh, urang tumpak ompréngan baé

**om.zet** / **omzét**/ ***n*** jumlah duit hasil ngajual barang (dagangan) nu tangtu salila waktu ngajual nu tangtu; omsét: *para pedagang*

*mengeluh krn -- semakin menurun* para padagang rumahuh ku lantaran omsét beuki turun

**ong.kos** *n* **1** béaya; waragad: — *kirim barang ini seribu rupiah* ongkos kirim ieu barang sarébu rupiah; **2** buruh: *berapa -- pekerja sehari* sabaraha buruh pagawé sapoé;
**perongkosan** *n* naon-naon nu aya hubungnana jeung ongkos (béaya, balanja)

**ons** *n* satuan ukuran beurat nu réana sapersepuluh kilogram; on (s)

**o.pen** /opén/ *a* **1** sok merhatikeun hal-hal laleutik; opénan; **2** tulatén jeung ati-ati
**mengopeni** *vt* ngarawat (miara) kalawan tulatén jeung ati-ati

**o.pen** *n cak* dapur, pangbakaran (kueh jsb); ov(p)en

**o.pe.ra.si** *n* **1** bedah; bedél (keur ngubaran kasakit); operasi: *penyakit ginjal itu dpt disembuhkan tanpa --* éta kasakit ginjel téh bisa dicageurkeun tanpa operasi; **2** tindakan atawa gerakan militér: *perwira itu memimpin -- panumpasan pemberontakan* éta perwira téh mingpin gerakan panumpesan nu barontak; **3** palaksanaan rancana nu geus dimekarkeun;
**mengoperasi** *vt* ngabedah; ngabedél (keur ngubaran); ngoperasi: *dokter itu sedang == pasien usus buntu* éta dokter téh keur ngoperasi pasien usus (peujit) buntu;
**mengoperasikan** *vt* **1** ngabedahkeun; ngabedélkeun (keur nyageurkeun); **2** ngaryakeun; ngagawékeun: *perusahaan itu == lima buah truk* éta pausahaan téh ngaryakeun lima treuk;
**pengoperasian** *n* prosés ngaryakeun; hal (pagawéan) ngoperasi

**o.pe.ra.tor** *n* jalma nu boga tugas ngajaga, ngalayanan, jeung ngajalankeun hiji peralatan, mesin, telepon, radio, jsb;
operator: *dia bekerja sbg -- telepon* manéhna digawé jadi operator telepon

**o.pi.ni** *n* pamendak; pikiran; pamadegan; opini

**o.pi.um** *n* geutah buah *Papaver somniferum* anu acan asak nu digaringkeun (boga daya matak mabok jeung ngabius, biasana didahar at diudud maké padud); candu, madat, opium

**op.na.me** *n* parawatan bari jeung nginep di rumah sakit; opname: *krn sakitnya berat, dia harus di — di rumah sakit umum* ku lantaran geringna ripuh, manéhna kudu diopname di rumah sakit umum

**o.po.si.si** *n* **1** partéy (golongan) nu jadi panentang di déwan perwakilan jsb nu nentang jeung ngiritik pamadegan at kawijaksanaan pulitik golongan mayoritas nu boga kawasa; oposisi; **2** pertentangan antara dua unsur basa merhatikeun perbédaan harti

**op.sir** *n* perwira (pangkat di kamiliteran); opsir

**op.tik** *n* **1** hal nu aya hubunganana jeung panenjo (cahaya,lensa mata, jsb); optik; **2** toko peralatan optik (kaca mata jsb)

**op.ti.mal** a pangalusna; pangluhurna; panguntungkeunana; optimal: *dgn kondisi fisik yg -- kami yakin akan menang dl pertandingan* kalawan kondisi fisik nu optimal kuring sarerea yakin bakal meunang dina pertandingan

**op.ti.mis** *n* jalma nu salawasna boga harepan (pandangan) hade dina nyanghareupan sagala hal; optimis

**o.rang** *n* **1** manusa (dina harti husus, lain dina harti umum); 2 jelema (gaganti diri jalma katilu nu teu tangtu): *jangan percaya pd mulut -- ulah* percaya kana omongan jalma; **3** diri sorangan; manusa pribadi: *saya tdk bertemu dgn -- nya* kuring teu papanggih jeung dirina; **4** kecap bantu bilangan keur jalma: *tujuh -- yg datang*, tujuh jelema nu datang; **5** anak buah (bawahan): *mereka itu -- nya Pak Camat* maranehna teh bawahan Pa Camat; **6** rayat (ti hiji nagara): *-- Arab* rayat (urang) Arab; **7** jalma nu asalna ti atawa cicing di hiji daerah (desa, kota, nagara, jsb): *dia -- Bandung* manehna asal (urang) Bandung; *suaminya -- Spanyol salakina* urang spanyol; **8** seler bangsa: *-- Sunda* seler bangsa Sunda; **9** nu lisan; lain diri sorangan; lain kaum (golongan, kulawarga) sorangan: *dia diam di negeri --* manehna cicing di nagri deungeun; **10** *cak* lantaran (sabenerna): *mana dapat membayar, -- belum gajian* kumaha bisa mayar. lantaran acan gajihan;

**perorangan** *n* perihal urang saurang; hal jalma sorangan;

**perseorangan** *n* aya kaitan jeung jalma sacara pribadi

**seorang** *n* **1** hiji jelema: *yg datang hanya == pegawai* nu datang ngan saurang pagawé; **2** sorangan: *tinggal dia == yg belum makan* ngan manéhna sorangan nu acan dahar

**or.bit** *n* jalan nu diliwatan ku benda langit dina perédaranana ngurilingan benda langit séjénna nu leuwih gedé gaya gravitasina; orbit: -- *bumi mengelilingi matahari* orbit bumi ngurilingan panonpoé;

**mengorbit** *vi* **1** bagerak ngurilingan dina orbitna (hal barang); **2** *ki* naék ka luhur (hal ngaran, aktivitas) nepi ka terkenal; muncak: *namanya == dgn cepat krn lagu pop dangdut* ngaranna ngorbit (muncak) kalawan gancang ku lantaran lagu pop dangdut

**or.der** *n* **1** paréntah keur ngalakukeun naon-naon: *ia mendapat -- dr atasannya utk pergi ke Bandung* manéhna meunang paréntah ti atasanana sangkan indit ka Bandung; **2** pesenan (barang): *barang-barang itu dibuat atas* -- éta barang-barang téh dijieun dumasar pesenan (order)

**or.di.nat** *n* gurat nu antarana di paké keur nangtukeun titik (tempat) dina hiji rohang; ordinat

**or.ga.ni.sa.si** *n* **1** kasatuan (susunan jsb) nu di wangun ku jalma-jalma (bagian) dina pakumpulan jsb nu boga tujuan nu tangtu; **2** kelompok gawé bareng di antara jalma nu diayakeun pikeun ngahontal tujuan babarengan; organisasi

**berorganisasi** *vi* ngabogaan organisasi; disusun kalawan hade jeung teratur dina hiji kasatuan;

**mengorganisasi** *vt* ngatur sarta nyusun bagian-bagian (jalma jsb) nepi ka sakabehna jadi hiji kasatuan nu teratur; ngaorganisasi: == *kaum petani* ngaorganisasi kaom patani

**or.ga.nis.me** *n* sagala jenis mahluk hirup (tutuwuhan, sato, jsb); susunan nu boga sistim tina rupa-rupa bagian jasad hirup pikeun tujuan nu tangtu; organisme: -- *dr manusia dan hewan* organisme ti manusa jeung sato

**or.gas.me** *n* puncak kanimatan séksual, hususna nu kaalaman dina ahir saresmi (sapatemon, sanggama): orgasme

**or.gel** *n* alat musik tiup (hembus), biasana diwangun ku saparangkat pipah nu dikontrol ku papan tombol nu ngahasilkeun sora musik nu rupa-rupa; orgél (biasana dipaké di gereja)

**o.ri.en.ta.si** /oriéntasi/ *n* panénjoan pikeun nangtukeun sikep (arah, tempat, jsb) nu panceg jeung bener; orientasi;
**berorientasi** *vi* **1** ngilik-ngilik at nénjo (sangkan leuwih wawuh jeung nyaho); **2** ngabogaan condongna pandangan at nujukeun pandangan; ngiblat ka: *mereka orang-orang yg == ke Barat* maranéhna jalma-jalma nu condong pandanganana ka Barat

**or.kes** /orkés/ *n* **1** sakelompok pamaén musik nu maén babarengan maké saparangkat alat musikna; orkés; **2** musik nu dimaénkeun babarengan

**or.na.men** /ornamén/ *n* **1** hiasan dina arsitektur, karajinan, jsb; lukisan; perhiasan; 2 hiasan nu dijieun (digambar, dipahat) dina candi (garéja, at gedong séjén); ornamén

**or.to.doks** *a* **1** nyekel pageuh kana papagon agama; **2** kolot, boga pandangan kuno; ortodok

**or.to.pe.di** /ortopédi/ *n* élmu ngeunaan cara nyageurkeun tulang, buku-buku tulang sandi, jsb nu teu lempeng at salah wangunna (tulang tonggong, suku jeung leungeun husus di barudak)

**o.se.a.na.ri.um** /oséanarium/ *n* akuarium gedé

**o.se.a.no.gra.fi** /oséanografi/ *n* élmu ngeunaan sagala aspék nu aya hubunganana jeung laut sarta lautan( spt cai, tutuwuhan, sasatoan laut); oséanologi

**o.tak** *n* **1** barang nu rupana bodas nu hipu, ayana dina rongga tangkorak nu jadi puseurna saraf; uteuk; **2** *ki* alat mikir, pikiran: *tajam --nya* seukeut pikiranana; pinter; *miring -- nya* rada gélo; *memeras (memutar)* -- mikir kalawan hésé béléké; **3** *ki* ulon-ulon; gegedug; jadug: -- *kejahatan* nu mingpin (ngapalaan) kajahatan;
**berotak** *vi* **1** boga akal; boga pikiran; boga kapinteran nu alus: *anak nakal itu tidak ==* budak bangor téh teu boga pikiran; **2** ngabogaan uteuk: *apakah udang ada yg ==?* naha hurang aya uteukan

**o.to.mat** *n* alat at mesin nu bisa gerak at jalan sorangan

**o.to.ma.tis** *a* kalawan digawé at jalan sorangan; sacara otomat

**o.to.nom** *a* **1** kalawan pamaréntahan sorangan; nangtung mandiri: daerah -- daérah kalawan pamaréntahan mandiri; daérah otonom; **2** kelom-

pok sosial nu boga hak jeung kakawasaan nangtukeun arah tindakanana sorangan

**o.to.no.mi** *n* pamaréntahan sorangan; otonomi

**o.top.si** ——— > autopsi

**o.to.ri.sa.si** *n* hal méré kakawasan; méré kuasa

**o.to.ri.tas** *n* **1** hak pikeun bertindak; **2** kakawasaan; wewenang; **3** kakawasan nu sah nu dibikeun ka lembaga masarakat nu ngamungkinkeun para pajabatna ngajalankeun fungsina; **4** hak ngalakukeun tindakan at hak nyieun aturan pikeun maréntah nu séjén

**o.to.ri.ter** /otoritér/ a kawasa sorangan; sawenang-wenang: *tindakan yg* -- tindakan nu sawenang-wenang

**o.tot** *n* **1** urat anu teuas; otot; **2** jaringan peungkeur dina badan jalma jeung sato anu fungsina keur ngagerakkeun organ badan; sepir; **mengotot** *vi* keras haté; teu daék ngéléhan; teger haté: *berbicaralah baik-baik, jangan == spt itu* nyarita sing alus, ulah teu daék ngéléhan kawas kitu

**o.val** *a* (bangun) lonjong; beuleud panjang; beuleud endog; oval

**o.vum** *n* sél telor sel réproduksi di wanita; ovum

**o.zon** *n* **1** gan nu aya di atmosfér asalna tina oksigén nu ngalaman parobahan akibat ayana aliran listrik sanggeus gelap at guludug silih ganti disada at ku lantaran pangaruh sinar ultraviolét panonpoé; **2** udara murni

# P

**pa.be.an** /pabéan/ *n* instansi (jawatan, kantor) anu ngurus asupna (import) at kaluarna (eksport) barang, ngaliwatan darat, laut jeung udara; pabeyan:

**pab.rik** *n* wangun gedé anu dilengkepan mesin-mesin tempat nyieun barang-barang anu kawilang loba jumlahna pikeun didagangkeun; pabrik: -- *tenun* pabrik tinun

**pab.ri.ka.si** *n* prosés nyien barang anu rongkah (di pabrik)

**pa.cai** *n* bubuk cendana (setangi jsb) anu sok diawurkeun kana boéh

[1]**pa.cak.** *a* anu geus mahér dina migawé salah sahiji pagawéan; biasa; mantep: *kita perlu tenaga yang — memimpin organisasi* urang perlu tanaga anu bisa mingpin organisasi

[2]**pa.cak** *n* **1** cocolok pikeun nyolok saté jsb anu rék dipanggang; sujén; **2** tongkat anu seukeut tungtungna

**memacak** *vt* nyolok (saté jsb); nyieun saté: *besok kita == sate* isukan urang nyieun saté

**memacakkan** *vt* nancebkeun; ngasupkeun tongkat jsb kana taneuh: *ia == tiang jemuran* manéhna nancebkeun tihang pamoéan

**terpacak** *vi* nanceb: *panah itu == di punggungnya* panah téh nanceb dina tonggongna

[3]**pa.cak** *n* cai anu mancawura

**mamacak-macak** *vi* cai anu nyewur ka luhur: *air mancur itu == ke atas* cai mancur téh nyewur ka luhur

[4]**pa.cak** *vt* pacék

**pa.ca.ngan** *n* tunangan

[1]**pacar** *n* ngaran tutuwuhan, aya sababaraha rupa; -- *keling* at -- *mekah* pacar anu sok dipaké ngabeureuman kuku awéwé, *Lawsonia inermis;* -- *tere* ngaran sarupa kembang anu warnana rupa-rupa

[2]**pa.car** *n* kabogoh; bébéné; beubeureuh
**berpacaran** *vi* bobogohan

**pa.cat** *n* sab léntah nu hirup di darat (dina tangkal jsb); pacét, *Haemadipsa javenica*

**pa.cek** *v*, **memacek** *vt* ngahiji at campur (sato jalu jeung bikang); macék

**pa.cek.lik** *a* kurang dahareun; tigerat; paila

**pa.cu** *n* sarupa barang anu dipaké dina sapatu ( anu tunggang kuda) keur ngagebrag kuda supaya lumpat tarik;
**pacuan** *n* **1** perlombaan lumpat; balap lumpat; **2** tempat at lapang paranti balap; == **kuda** balap kuda; tempat at lapang paranti balap kuda

[1]**pa.da** *p* kecap panyambung anu saharti jeung dina at di: -- *hari ini* dina poé ieu; *buku itu ada -- nya* buku téh aya di manéhna

[2]**pa.da** *a* **1** cukup (henteu kurang henteu leuwih); lumayan: *asal ada kecil pun* -- asal aya leutik ogé lumayan; **2** sugema: *belum merasa -- hatinya* can ngarasa sugema haténa;
**berpada-pada** *a* **1** meujeuhna; ukur sakadarna; saaya-aya; **2** ngalakukeun hiji hal kalawan henteu kaleuleuwihi;
**memadai** *vi* nyumponan (sarat, kahayang, jsb): *syarat-syarat permohonan itu belum* == sarat-sarat permohonan téh acan nyumponan;
**memadai-madai** *a* ngalakukeun hal kalawan sakadarna pisan
**memadakan** *vt* **1** nganggap cukup (lumayan jsb); *ia == diri dengan penghasilannya yg sedikit itu* manéhna nganggap cukup kana pangasilan anu ngan saeutik téh
**berpada** *vi* aya nu nyaruan: *kemegahan rumahnya tidak ==* keagréngan imahna moal aya nu nyaruaan

[3]**pa.da** *adv, cak* babarengan (anu ngalakukeunana loba); pada: -- *pergi* arindit; pada indit: *rombongan itu belum -- pergi* rombongan téh can arindit

**pada** *n* pada (dina tembang macapat): *puisi itu terdiri dari beberapa --* - puisi éta diwangun kusababaraha pada

**pa.da.han** *n* akibat (anu kurang hadé tina hiji perbuatan); imbangan; taruhan: *kalau bapak tidak percaya, nyawalah sebagai* -- nya bisi bapa henteu percanten, nyawa anu jadi taruhanana

**pa.dak** *n* tambahan di sisi laut paranti nyieun uyah; émpang uyah

**pa.dam** *a* **1** pareum (ngeunaan cahaya at seuneu); henteu hurung: *pelita itu -- ditiup angin* damar téh pareum ku angin; **2** leler (ngeunaan hawa nafsu); tenang: *kalau marahnya sudah -- baru ditanya* lamun ambekna geus leler kakara ditanya; **3** raat (hujan): *tunggu saja sampai hujan* -- dagoan baé nepi ka raat hujan; **4** aman; tenang (huruhara; perang): *keadaan negara itu masih juga belum* -- kaayaan éta nagara masih can aman; **5** henteu ngagedur hurung (ngeunaan sumanget): *semangat pemuda tak pernah* -- sumangetna pamuda tetep ngagedur hurung;
**memadamkan** *vt* mareuman: *dialah yg == kebakaran itu* manéhna pisan anu mareuman kahuruan téh;
**pemadam** *n* **1** alat paranti mareuman kahuruan; **2** anu mareuman kahuruan
**pemadaman** *n* prosés, cara mareuman

[1]**pa.dan** *a* **1** banding; imbang: *dia yg paling jagoan tiada -- nya* manéhna anu pangjagona euweuh bandinganana; **2** cocog; saluyu; pantes: *badan yg ramping -- menjadi penari* badan anu jangjing pantes jadi pangigel
**berpadan** *vi* saimbang; sabanding: *pekerjaannya tidak — dengan upahnya* pagawéanana henteu sabandng jeung buruhna;
**memadan** *vt* ngabanding-banding mana anu leuwih: *juri == nilai peserta* juri ngabanding-banding peunteun patandang;
**memadan-madan** *vt* nimbang-nimbang: *ia tidak pandai == perasaan orang* manéhna teu bisa nimbang-nimbang parasaan batur;
**memadankan** *vt* ngabandingkeun: *jangan suka == kekayaan den ngan orang lain* ulah sok ngabandingkeun kabeungharan jeung batur;

**padanan** *n* kaayaan anu saimbang; sasaruanana: *idiom itu tak ada == nya dl bahasa Indonesia* éta idiom euweuh sasaruanana dina bahasa Indonesia; **sepadan** *n* saimbang; sabanding: *hukuman itu == dgn kesalahannya* éta hukuman téh sabanding jeung kasalahanana

[2]**pa.dan** *n* **1** wates; **2** gurat at titik anu dijadikeun wates at tempat minangka ciri (dina kaulinan barudak, balap lumpat, jsb)

[3]**pa.dan** *n* jangji; *tidak menepati* -- jalir jangji

[4]**pa.dan** *a* curang; henteu jujur; licik (dina kaulinan)

**pa.dang** *n* tanah anu datar tur lega (henteu aya kai-kai anu ngaledé); lapangan; *tegalan; lain padang lain belalang lain lubuk lain ikannya* pb beda leuwi beda laukna beda tegalan beda simeutna (pb pindah cai pindah tampian) lamun pindah tempat kudut nurutkeun kabiasaan di dinya
== **mahsyar** *n* tempat anu kacida legana pikeun ngumpulna jalma anu geus maot jaga di poé kiamah;
== **minyak** *n* tanah lega anu ngandung minyak
== **pasir** *n* tanah keusik anu kacida legana;
== **rumput** *n* tanah anu kacida legana sarta jukut wungkul;

**pa.dat** *a* **1** pinuh pisan; padet: *lumbung padi diisi sampai* -- leuit téh dieusian nepi ka pinuh pisan;
== **hati** *a* geus tetep haténa; wani; gilig; **2** sesek bakat ku pinuh: *bis itu -- dengan penumpang* beus téh sesek ku panumpang; **3** gegek; loba padumukna: *kota Bandung sangat -- penduduknya* kota Bandung kacida gegekna ku padumuk; **4** teuas; lain barang éncér; *kayu termasuk benda* -- kai kaasup barang teuas;
== **karya** *n* **1** pagawéan anu dumasar kana ngamangpaatkeun tanaga pagawé anu geus aya; **2** kagiatan pangwangunan proyék anu leuwih loba ngagunakeun tanaga manusa;
== **penebaran** *n* lobana lauk anu bisa dipelak dina unggal balong at wadah pamiaraan lauk jsb;
**memadat** *vi* nincakan taneuh at ngaluluh supaya teuas
== **kasur** *vt* mengisi kasur supaya keras;
**memadati** *vt* minuhan nepi ka padet;
**memadatkan** *vi* ngajadikeun padet; ngajejel nepi ka teuas;
**kepadatan** *n* *1* hal (kaayaan) padet; **2** jumlah lauk jsb dina tempat anu geus ditangtukeun legana

**pa.de.po.kan** /padépokan/ *n* -- padépokan; patapaan; pakampungan

[1]**pa.de.ri** *n* pandeta Katolik; pandéta Keristen; pastur; padri

[2]**pa.de.ri**, **perang paderi** *n* perang antara kaum Islam jeung kaum adat (anu dibantuan ku Walanda) di Sumatra Barat dina taun 1821 - 1837)

**pad.ma** *n* kembang taraté; kembang tunjung

**pad.mi** *n* praméswari; pawarang

**pa.du** *a* **1** padet; ngahiji; **2** geus pacampur jadi hiji;
**bersatu** -- *a* bener-bener ngahiji; **3** gembleng jeung kuat; kompak;
**berpadu-paduan** *vi* nyaluyukeun pamadegan; musawarah
**memadu** *vt* **1** ngalebur (emas); ngalebur jeung nyampurkeun jadi hiji (ngeunaan logam); ngadukkeun; ngagalokeun supaya nyampur) (ngeunaan semén, keusik jsb);
**2** ngahijikeun; ngagabungkeun jadi hiji;
== **hati** *vt* ngahijikeun hate;
== **janji** maheutkeun jangji;
== **kasih** bobogohan; silih asih;
== **pakaian** ngajaran pakéan (baju) diakurkeun jeung badan;
== **pendapat** *vi* nyaluyukeun at ngabuleudkeun pamadegan;
**terpadu** *a* geus jadi hiji (geus dilebur jadi hiji);
**paduan** *n* anu geus dihijikeun;
== **suara** *n* rampak sekar;
**perpaduan** *n* **1** perihal (kaayaan); **2** kasaluyuan;
**kepaduan** *n* kagiligan pikiran

**pa.du.ka** *n* **1** sapatu; **2** sesebutan kahormatan ka jalma-jalma anu mulya (ménak, raja jsb)

**pa.du.ku.han** *n* padésaan; pakampungan

**pa.es** /paés/ *v*, **memaes** *vi* mapaés; ngageulis; maké bahan-bahan kosmetik;
**paesan** *n* hasil mapaés

**pa.gan** *a* kukuh; kuat; teguh

**pa.ga.nis.me** *n* hal (kaayaan) henteu ngagem agama; paham dina mangsa saméméh datang agama

**pa.gar** *n* barang anu digunakeun pikeun ngawatesan pakarangan (tanah,imah, kebon, jsb) biasana dijieun tina awi, beusi, at kawat jsb; -- ***makan tanaman*** *pb* mihapé hayam ka heulang; jalma anu ngaruksak kana barang at naon-naon anu diamanatkeun; -- **adat** n katangtuan adat; hukum adat; adat-istiadat;
-- **betis** *ki* jelema réa nu dikeprak ngajaga lembur supaya gorombolan ulah bisa asup ka lembur-lembur;
-- **duri** *n* pager anu dijieun tina kawat cucuk;
-- **hidup** n pager tina tutuwuhan laleutik saperti wéra, baluntas, jsb
**memagari** *vt* 1 masang pager; mageran: *ia == halaman rumahnya dgn bambu* manéhna mageran imahna ku awi; **2** masangkeun pager: *anak-anak sedang == kebun sayur* barudak keur masangkeun pager kebon sayur; **3** *ki* nyalindungan (sangkan ulah diganggu, diserang, jsb): *pasukan keamanan == tamu agung* pasukan kaamanan nyalindungan tamu agung

**pa.gi** *n* **1** bagian awal tina poé; isuk-isuk: *ia pergi ke kantor -- tadi* manéhna indit ka kantor isuk-isuk tadi; **2** waktu sanggeus meleték panonpoé nepi ka beurang: *dia bekerja keras dr -- hingga petang* manéhna digawé ti isuk jedur nepi ka soré; **3** *ki* awal; gancang: *terlalu -- utk memberikan komentar tentang itu* awal teuing keur méré koméntar ngeunaan hal éta;
*sebentar --, sebentar malam pb* babari robah pamadegan (sarua bae jeung paribahasa basa Sunda) *kawas awi sumaer di pasir, ka mana niupna angin ka dinya condongna*

**pa.go.da** *n* munara nu tingkat-tingkat, nu aya hateupan dina unggal tingkat, biasana dibangun pikeun kuil at tugu paringetan (spt nu kapanggih di India, Srilangka, Birma, Cina, Jepang); Pagoda

**pa.gut, memagut** *vt* macok; ngégél (ku oray, manuk, hayam, jsb): *ular itu == kakinya* éta oray téh macok sukuna

**pa.gu.yu.ban** *n* pakumpulan nu diadegkeun ku jalma-jalma nu sapaham pikeun ngaheuyeuk persatuan (karukunan jsb) di antara para anggota; paguyuban: -- *Pasundan* Paguyuban Pasundan

**pa.ha** *n* **1** suku bagian luhur; pingping; **2** (**sepaha**) *a* satengah rupia; b saperopat;
*diberi betis hendak --, pb* dibéré saeutik hayang loba

**pa.ha.la** *n* ganjaran Pangeran kana kalakuan anu hade;
**berpahala** *vi* **1** nyieun kahadean; nyieun jasa; **2** aya ganjaranana; ngabogaan ganjaran

**pa.ham** *n* **1** pengertian; kanyaho nu jembar; 2 pamadegan; pikiran: -- *nya tidak sesuai dengan orang lain* pamadeganana teu saluyu jeung batur; 3 aliran; pandangan: *ia mempunyai -- yang bertolak belakang dengan kita* manehna boga pamadegan patukang tonggong jeung urang; 4 ngarti pisan (kana); nyaho pisan (kana); nyaho: *sebetulnya ia tidak ada -- tentang masalah itu* sabenarna manehna teu pati nyaho kana éta masalah; 5 pinter jeung nyaho bener-bener (ngeunaan hiji hal): *hanya dialah yg -- benar akan bahasa Sansekerta* ngan manehna anu nyaho bener-bener ngeunaan basa Sansekerta;
**berpaham** *vt* ngabogaan pamadegan: *biarlah kalau ia == lain* keun bae lamun manehna ngabogaan pamadegan sejen;
**memahami** *vt* ngarti pisan (kana); nyaho pisan: *ia sangat == bahasa Arab* manehna ngarti pisan kana basa Arab;
**memahamkan** *vt* ngahartikeun; diajar bener-bener supaya ngarti pisan; bisa pisan: *ia rajin memahamkan bahasa Jepang* manehna rajin diajar basa Jepang;
**terpahami** *vi* bisa kaharti; babari; kaharti: *ceramahnya dapat == oleh orang awam* ceramahna bisa kaharti ku jalma awam;
**pemahaman** *n* cara proses mahamkeun: == *bahasa asing perlu untuk menambah ilmu pengetahuan* ngarti kana basa deungeun parelu keur nambahan ilmu pangaweruh;
**sepaham** *vi* sapaham; sapamadegan: *saya == dengan dia* kuring sapamadegan jeung manéhna

**pa.hit** *a* **1** rasa teu ngeunah saperti rasa hamperu, paria, jsb; **2** *ki* rasa anu matak teu ngeunah kana haté; matak sedih; matak susah; pait: *pengalaman -- itu tidak terlupakan* pangalaman pait teu bisa dipopohokeun;
-- **darah** *ki* panjang umur;
-- **maung** pait pisan; pait ngelél; *ki* sagala rupa kasusah, kasedih jsb;
**berpahit-pahit** *vi* prihatin; ngalakonan susah; **2** pait-pait ngajelaskeun sagalana kalawan terus terang (henteu nu hadéna wungkul);
**duit** -- *ki* duit nu teu meunang digasab;

**kepahitan 1** pait teuing; **2** hal pait; rasa pait; *ki* kasulitan; kasusahan

**pah.la.wan** *n* jalma nu luar biasa wawanénna, toh pati jiwa raga dina ngabéla nagara, bangsa jeung agama (beneran); pahlawan; -- **bakiak** *ki* salaki nu tungkul pisan (sieun) ka pamajikan; -- **kesiangan 1** jalma nu kakara rék digawé (bajuang) sanggeus réngsé pagawéan (perang); **2** jalma anu teu milu bajuang, sanggeusna perang ngakukeun dirina jadi pahlawan
**kepahlawanan** *n* perihal sifat pahlawan; ngabogaan sifat pahlawan

**pa.i.lit** *a* bangkrut (ngeunaan perusahaan)

**pa.jak** *n* pungutan wajib, biasana mangrupa duit nu kudu dibayar ku padumuk sabage sumbangan wajib ka nagara at pamarentah sahubungan jeung panghasilan, hak milik, jsb; pajeg;
-- **gelap** *n* pajeg anu teu resmi;
-- **langsung** *n* pajeg anu ditibankeun sacara langsung ka anu wajib mayar pajeg;
-- **pendapatan** *n* pajeg panghasilan unggal taun bati tina pausahaan)

**pa.jang** *v*, **memajang** *vi* **1** majang; mapaésan at netebahan imah dina waktu rék pésta; **2** nempatkeun (ngatur) kalawan rapih keur paméran at étalaseu; **3** mamérkeun diri: *jangan suka == di tepi jalan* ulah sok mamerkeun diri di sisi jalan;
**memajangkan** *vt* majangkeun; nempatkeun kalawan rapih barang dagangan; karya seni jsb keur didagangkeun at dipamerkun: *ia == buku buat pameran* manéhna majangkeun buku keur paméran;
**pajangan** *n* tempat nu dipapaésan keur pangantén at budak sunat;
**pemajang** *n* **1** jalma anu bisa majang; **2** alat paranti majang

**pa.kai** *vt* maké pakaéan: *anak sekolah harus -- seragam* budak sakola kudu maké seragam;
**berpakaian** *vi* dangdan: *ia sedang == dulu* manehna keur dangdan heula;
**memakai** *vt* make pakean; maké: *ia pergi ke undangan; == kebaya panjang* manéhna ka ondangan maké baju kabaya panjang
**memakaikan** *vt* makékeun pakéan; ngabajuan; *ia == baju pada anaknya* manéha ngabajuan anakna;
**terpakai** *vi* kapaké dipaké bari teu dihaja: *simpan uang itu di lemari biar tidak ==* teundeun duit téh dina lomari ambéh teu kapaké;

**pakaian** *n* pakéan; barang anu biasa dipaké (baju, kaén ,tiung jsb);
== **adat** *n* pakéan resmi daérah; pakéan ciri kadaérahan;
== **dalam** pakéan anu di paké jeroeun baju spt singlét, kutang jsb;
== **dunia** adat kabiasaan dunya;
== **hamil** pakéan anu biasa dipaké ku istri nu keur kakandungan;
== **hidup** adat kabiasaan hirup;
== **ihrom** pakéan anu husus dipaké dina waktu ibadah haji anu dijieun tina lawon bodas:
== **kebesaran** pakéan anu husus dipaké dina upacara resmi kanagaraan;
== **renang** pakéan husus paranti ngojay;
== **seragam** pakéan anu warna jeung potonganana sarua;
== **sipil** pakéan biasa lain pakéan seragam militér;
== **tidur** pakéan anu husus paranti saré:
**pemakai** *n* jalma anu ngagunakeunana;
**pemakaian** *n* carana maké

**pa.kar** *n* **1** ahli; **2** jalma pinter; intelék; **3** jalma anu ngabogaan sikep anu terus-terusan ngaronjatkeun pangaweruh kamampuhna enggoning neuleuman élmu ngeunaan hiji hal

[1]**pa.kem** *a* kuat; pakem (ngeunaan rém): *rem sepeda itu sangat* -- rém sepéda téh pakem pisan

[2]**pa.kem** *n* carita wayang anu asli

[1]**paket** /pakét/ ***n 1*** barang anu dikirimkeun mangrupa bungkusan ngaliwatan titipan kilat; pakét; **2** sajumlah buku anu dibungkus dihijikeun keur dijual at dikirimkeun; -- *pos* paket anu dikirimkeun ngaliwatan pos; -- **udara** pakét anu dikirimkeun ngaliwatan pos udara

[2]**pa.ket** /pakét/ *n* jatah at bagian tugas; -- *Jurusan Daerah dl pameran itu mengisi -- kerajinan* jatah Jurusan Daérah dina paméran téh dieusi ku karajinan

**pa.kis** *n* tutuwuhan anu ngarekahanana ku spora, siki at sirung tina puhu tangkalna; paku: -- **pohon** paku tangkal **Cythea** jeung Alsophila; -- ***haji*** paku haji, *Cyras rumphii;* --***hias*** paku hias, *Cyras revoluta;* -- air tutuwuhan anu ngapung dina cai, *Acolla pinnata*

[1]**pak.sa** *v* **1** migawé hiji hal anu dikudukeun sanajan embung: **kawin --** kawin anu dipaksa; **2** kakerasan; perkosaan: *mendidik anak tidak boleh dengan* -- ngatik anak teu meunang ngagunakeun kakerasan;
**memaksa** *vi* **1** nitah, ménta kalawan maksa: *perampok itu == menghentikan mobil* rampog téh maksa ngeureunkeun mobil; **2** ngalakukeun kekerasan; maksa: *mereka sudah dilarang masuk tapi mereka == juga* maranéhna geus dicaram asup tapi maranéhna maksa baé;
**memaksa-maksa** *vi* ménta jsb kalawan maksa; ngadesek: *anak itu == orang tuanya agar dibelikan motor* budak téh ngadesek ka kolotna supaya dipangmeulikeun motor;
**memaksakan** *vi* **1** maksakeun; nguat-nguatkeun manéh sanajan sabenerna mah teu kaduga: *ia == pergi ke kantor walaupun ia sakiit* manéhna maksakeun indit ka kantor sanajan manéhna gering; **2** maksa batur supaya daék narima: *kita tidak boleh == kehendak kita kepada orang lain* urang teu meunang maksa batur keur narima kahayang urang;
**terpaksa** *vi* daék teu daék kudu daék; teu meunang henteu; kapaksa: *== ia menerima putusan itu* kapaksa manéhna narima éta putusan;
**paksaan** *n* meunang maksa; hasil maksa; desekan; paksaan: *tidak ada == dl agama* teu aya paksaan dina agama mah

[2]**pak.sa** *n* waktu (kasempetan) anu hadé: *menantikan -- yg baik* ngadagoan waktu anu hadé

[1]**pa.ku** *n* ngaran sarupa paseuk tina beusi anu tungtungna seukeut; **-- janur** paku payung;
**berpaku** *vi* **1** aya pakuan; ditapelkeun ku paku: *gambar itu lepas karena tidak == lagi* gambar téh lesot lantaran euweuh pakuna; **2** *ki* tetep pageuh (dina pamadegan): *ia tetap == pada pendiriannya* manéhna tetep pageuh dina pamadeganana;
**memaku** *vt* **1** napelkeun ku paku; maku: *ia sedang == peti* manéhna keur maku peti; **2** *ki* meungkeut haté: *pemuda itu berhasil == perasaan gadis cantik itu* éta pamuda laksana bisa meungkeut haté mojang geulis;
**terpaku** *vi* **1** geus dipaku: *peti barang itu sudah == kuat* peti barang téh geus dipaku pageuh; **2** *ki* ngajeten; kaayaan nangtung bari cicing; teu bisa at teu sempet gerak (ngalawan): *ketika perampok itu masuk*

*ke rumah ia == tak dapat melawan* basa rampog asup ka imah manéhna ngajengjen baé teu bisa ngalawan; **3** cicing henteu gerak henteu ngomong; cicing baé; *ketika ia ditanya ia duduk ==* waktu ditanya manéhna cicing baé teu nembalan; **4** napel dina haténa teu bisa dipopohokeun: *pesan istrinya == dl hati suaminya* amanat pamajikanana geus napel dina haté salakina; **5** museur (kana): *perhatiannya == pada film* perhatianana museur kana filem

[2]**pa.ku** *n* ngaran tutuwuhan; pakis

**pa.lang** *n* watang kai (awi, beusi, jsb) nu dipasang malang di jalan, panto, jsb; palang

**pa.la.pa** *n* satelit doméstik Indonesia nu fungsina jadi sarana telekomunikasi nu ngawengku wilayah Indonesia

**pa.let** /palét/ *n* **1** alat nu dipaké palukis pikeun nunda cét, mangrupa lémpéng nu bangunna kawas taméng; **2** alat nu dipaké keur ngawarnaan biwir, kening, jsb

[1]**pa.ling** *adv* (anu) pangpangna: *anaknya yg -- besar sudah menikah* anakna nu panggedéna geus kawin

[2]**pa.ling** *v*, **berpaling** *vi* **1** ngalieuk ka (kénca, ka katuhu, ka tukang): *ia berjalan sambil == ke kiri dan ke kanan* manéhna leumpang bari ngalieuk ka kénca ka katuhu; **2** *ki* pindah at tukeur (perhatian jsb): *kita harus == ke barang produksi dalam negeri* urang kudu pindah perhatian kana barang produksi jero nagri; **3** *ki* ninggalkeun agama; murtad: *ia telah == dr agama yg dianutnya* manéhna geus ninggalkeun agama nu dianutna

**pal.su** *a* **1** henteu tulén; henteu sah; palsu; **2** tiruan (huntu, konci, jsb); gadungan (wartawan, pulisi,jsb); **3** henteu jujur; curang (hal paménta jsb); **4** sumbang (hal sora jsb);
**memalsu (kan)** *vt* nyieun naon-naon nu palsu; malsukeun: *== ijazah* malsukeun ijasah; *== tanda tangan* malsukeun tanda tangan;
**pemalsuan** *n* prosés, cara, pagawéan malsukeun: *== uang* cara malsukeun duit

**pa.lu** *n* **1** parabot keur nakol paku; palu; martil; **2** alat nu ditakolkeun kana méja pikeun nandakeun dibuka at ditutupna hiji pertemuan (sidang di pangadilan jsb)

**pa.lung** *n* **1** tanah nu legok ka jero jeung eusi cai; **2** (**palungan**) wadah tempat kadaharan jeung inuman ingon-ingon (kuda jsb): **3** jurang anu jero di dasar lautan; **4** daérah nu aya di antara dua daerah tekenan luhur jeung boga tekenan udara nu leuwih handap ti batan tekenan udara disakurilingeunana

**pa.man** *n* **1** adi lalaki ti bapa at ti indung; emang; paman;
2 sesebutan ka lalaki nu acan wawuh at nu pantes dipihormat; emang; paman

**pa.mer** /pamér/ *v* nuduhkeun (ngadémontrasikeun) naon-naon nu dipi milik ka nu séjén kalawan maksud némbongkeun kaleuwihan at kaunggulan keur nyombongkeun diri; pamér: *pembangunan tugu peringatan itu bukan untuk* -- pangwangunan tugu peringatan téh lain keur pamér;
**memamerkan** *vt* **1** némbongkeun jeung ngagulkeun (kakayaan, kahébatan, jsb); mamérkeun: *jangan suka == kekayaan di masyarakat* ulah sok mamerkeun kakayaan di masarakat; **2** mintonkeun (hasil karya seni, hasil produksi,jsb): *pelukis itu == lukisan-lukisan hasil karyanya* éta palukis téh mamérkeun (mintonkeun) lukisan-lukisan hasil karyana; **3** ngaragakeun: *peragawati itu == bahan pakaian produksi dalam negeri* éta peragawati téh ngaragakeun bahan papakéan produksi jero nagri;
**pameran** *n* pintonan (hasil karya seni, barang hasil produksi, jsb); paméran: *di gedung itu diadakan == produksi dalam negeri dan luar negeri* di éta gedong téh diayakeun paméran produksi jero jeung luar nagri

**pam.flet** /pamflét/ *n* surat selebaran; pamflet

**pa.mong** *n* **1** pangasuh; pamong; **2** pangatik (guru);**3** pangurus: -- **desa** pangurus pamaréntahan désa; -- **praja** pagawé nagri nu ngurus pamaréntahan nagara

**pa.mor** *n* **1** waja bodas nu ditempatkeun dina keris jsb; pamor; **2** lukisan waja dina keris; **3** *ki* sumirat; marakbak (kaéndahan, kamulyaan, jsb): *sekalipun tdk berkuasa lagi ia tdk kehilangan -- nya* sanajan geus teu kawas deui manéhna henteu leungiteun pamorna

**pam.rih** *n* maksud nu nyumput dina nyumponan kahayang pikeun meu-

nang kauntungan pribadi; pamrih: *berjuang tanpa* -- bajoang tanpa pamrih;

**kepamrihan** *n* kapentingan husus nu diudag pikeun diri pribadi dina hiji lembaga, pausahaan, jsb

**pa.nah** *n* **1** **(anak panah)** senjata nu mangrupa gagang leutik nu seukeut, panjang, tungtungna léncop, anu dibelesatkeun ku gondéwa; panah; jamparing; **2** **(ibu** --) gondéwa; **3** **(tanda** --) tanda panunjuk (panuduh) (—->);

**memanah** *vt* ngabelesatkeun jamparing (tina gondéwana) ka;manah: *pemburu itu == kijang* paninggaran téh manah kidang;

**pamanah** *n* jalma nu manah; pamanah

**panahan** *n* **1** hasil pagawean manah; **2** olahraga manah; papanahan;

**pa.nas** *a* **1** karasa kawas kaduruk at deukeut seuneu; suhuna rélatif leuwih luhur; panas: *udara sangat -- hari ini* hawa panas pisan poé ieu; **2** hareudang: *badan terasa -- di kamar ini* awak karasa hareudang di ieu kamar; **3** katiga (hal usum): *pd musim -- tanah di sini belah-belah* dina usum katiga tanah di dieu bareulah; **4** panas awakna leuwih ti biasa: *ia sakit* -- manéhna gering panas; **5** nyeri (panas) haté: *hatinya -- mendengar saudaranya mendapat warisan lebih banyak* itu haténa nyeri (panas) ngadéngé dulurna meunang warisan leuwih loba téh; **6** genting (bahaya) pisan (pecah perang jsb): *keadaan di Teluk Parsi semakin -- krn pecah perang* kaayaan di Teluk Persi beuki genting (bahaya, harénghéng) ku lantara pecah perang;**7** pangaruhna goréng (hal duit nu babari diarahna, tapi babari deui méakkeunana; duit injeuman nu bungana gedé, jsb)

**pan.cang** *n* kai at awi nu tungtungna seukeut nu ditancepkeun kana taneuh (keur tanda wates, panguat sisir gawir, pancuh, jsb); pancuh: *menambatkan perahu pd* -- nalian parahu kana pancuh;

**terpancang** *vi* **1** geus dipancuh (tihang jsb); dipancang; **2** *ki* geus dipasang (pangumuman jsb di surat kabar jsb): *pengumuman yg diterima == di papan tulis* pangumuman nu ditarima geus dipasang dina bor; **3** geus dipajang: *di ruang tamu == lukisan pegunungan* di ruang tamu geus dipajang lukisan pagunungan; **4** nangtung ajeg; ngajengjen: *== orang asing itu menyaksikan Candi Borobudur* nangtung ajeg urang asing téh nyaksikeun Candi Borobudur; **5** *ki*

geus nyangkrem pageuh: *ajaran agama yg == dl kalbu umat Islam* ajaran agama nu geus nyangkrem pageuh dina kalbu umat Islam

**pan.car** *v*, **memancarkan** *vt* **1** mancerkeun (nyemburkeun (cai jsb kalawan tarik: *di Palabuanratu ada sumber air panas yg == belerang* di Palabuhanratu aya sumber cipanas nu mancerkeun walirang; **2** ngaluarkeun sinar (panonpoé ngaluarkeun cahaya) **3** nyiarkeun (radio): *RRI == siarannya ke seluruh pelosok tanah air* RRI nyiarkeun siaranana ka suklakna kasiklukna lemah cai; **4** ngalahirkeun; nurunkeun: ***Brawijaya*** *== raja-raja Majapahit* Brawijaya nurunkeun raja-raja Majapahit;

**pancaran** *n* **1** nu dipancerkeun (disemburkeun, dikaluarkeun): *te--rang oleh == sinar bulan* caang ku pancaran sinar bulan; **2** siaran (radio, televisi); **3** turunan; rundayan (anak incu); **4** hasil (cara) mancer (nyebur, muncrat): *== air dr pipa keluar dgn deras* mancerna cai tina pipah kaluar tarik

**pan.ca.ro.ba** *n* **1** gantina (peralihan) musim (salah sahiji cirina kaayaan hawa (udara) henteu tangtu, loba angin gedé jsb); peralihan antara usum katiga jeung usum hujan; **2** *ki* kaayaan anu henteu tangtu (sarwa kalut jsb)

**pan.ci** *n* wawadahan tina almunium at beusi nu dilapis nikel at émail, biasana maké tutup; panci

**pan.cing** *n* alat keur ngala lauk nu dijieun tina kawat nu dielukkeun maké ruruhit, ditalian jeung digagangan ku awi jsb (jeujeur); useup; pancing;

**memancing** *vt* **1** ngala lauk ku useup; nguseup; mancing; **2** *ki* méré nanaon pikeun mikat nu séjén nepi ka bisa meunangkeun naon nu dipikahayangna: *kupon berhadiah itu diberikan utk == pembeli* kupon hadiah téh dibikeun keur mikat nu meuli; **3** *ki* ngayakeun provokasi sangkan kajadian pertempuran (gelut jsb): *== pertempuran darat* mancing pertempuran darat; **4** *ki* nyicikeun cai (bengsin jsb) kana kompa sangkan cai (béngsin) bisa kaluar: *== pompa supaya keluar airnya* ngeusian kompa ku cai sangkan kaluar caina; **5** *ki* ngajukeun pertanyaan-pertanyaan jsb pikeun meunangkeun katerangan at data nu diperlukeun: *polisi == tertuduh dgn pertanyaan-pertanyaan* pulisi mancing nu dituduh ku pertanyaan-pertanyaan; **6**

*ki* ngajebak ku eupan ngarah meunang kauntungan keur pihakna: *dl permainan catur itu ia == lawannya dgn mengorbankan kudanya agar mendapatkan posisi yg lebih baik* dina éta permaénan catur manéhna ngajebak lawanna ku ngorbankeun kuda sangkan meunang posisi nu leuwih hadé;

**pancingan** *n* **1** naon-naon nu dipaké mancing (mikat, narik ati, jsb); **2** gerakan (témbakan jsb) keur mancing musuh; **3** omongan (pagawean jsb) pikeun néangan sabab papaséaan

**pan.cung** *v*, **memancung** *vt* neukteuk (munggel) beuheung (puncak hulu jsb): == *kepala* neukteuk (munggel) sirah

**pan.cur** *v*, **memancur** *vt* mancer ka handap at ka mana-mana rata; mancur: *air == dr pipa air* cai muncur tina pipah cai;

**pancuran** *n* **1** cai anu mancur; pancuran; **2** saluran pancuran; **3** tempat cai mancur

[1]**pan.dai** *a* **1** gancang nyangkrem palajaran jeung ngarti; pinter; calakan: *anak itu --, rajin dan jujur* éta budak pinter, rajin jeung jujur; **2** mahér;perigel: *karyawan itu -- dan trampil* éta karyawan téh mahér jeung parigel; **3** bisa; sangup: *anak itu sudah -- membaca* éta budak geus bisa jeung sanggup maca; **4** boga élmu: *berapa banyak orang -- di sini* sabaraha urang jalma nu berélmu di dieu;

**kepandaian** *n* kapinteran: kamahéran; kabisa; kaparigelan: *dr mana dia mendapat == itu* ti mana manéhna meunang éta kabisa

[2]**pan. dai** *n* **1** tukang neupa; panday: -- **besi** panday beusi; **2** juru (tukang) nyampur (ngaracik): -- **obat** tukang ngaracik ubar

**pan.dan** *n* tutuwuhan nu daunna winangun pita, rada heuras kawas daun ganas, ambeuna seungit sok dipaké nyampuran kuéh, *Pandanus*

**pan.dang** *n* **1** panénjo anu tetep jeung lila; paneuteup: *membuang (melayangkan)* -- miceun panénjo; *selayang* -- sajorélat panénjo; *sekali* -- sakali (saliwat) panénjo; **2** *cak* neuteup; mencrong; mandang;

**memandang** *vt* nénjo jeung merhatikeun (biasana arah jeung jauhna tetep); neuteup; mencrong: *jika engkau == nya lebih lama, makin jelas kecantikannya* lamun manéh neuteupna leuwih lila, beuki jelas kageulisanana; **2** nganggap; mandang; merlakukeun (sabagé): *kami == nya sbg anggota keluarga sendiri* kuring saréréa nganggap ka

manéhna sabagé anggota kulawarga sorangan; == *enteng* (*ringan, gampang*) mandang énténg (hampang, gampang); **3** merhatikeun; madulikeun; ngingetkeun (kana): *tidak* == *bangsa* (*bulu, orang*) henteu merhatikeun bangsa (bulu, jelema); henteu mandang bangsa (bulu,jelema); **4** ngahargaan; ngahormat; *masyarakat* == *dia krn budi, amal. dan jasanya* masarakat ngahargaan ka manéhna ku lantaran budi, amal, jeung jasana;

**pandangan** *n* **1** barang at jalma nu dipandang (dihargaan, dipihormat, jsb): *hanya dialah==* *orang di kampungku* ngan manéhna jalma nu dipandang di kampung kuring; **2** hasil perbuatan mandang (merhatikeun, nénjo,jsb): *laporan* == *mata* laporan pandangan mata; **3** *ki* pangaweruh: *meluaskan* == *nya* ngalegaan pangaweruhna; **4** *ki* pamadegan; pamendak: *menurut* == *saya* nurutkeun pamadegan kuring

[1]**pan.du** *n* **1** pituduh jalan; perintis jalan; **2** mualim (di kapal); **3** kapal panungtun jalan (di palabuhan); **4** anggota pakumpulan pamuda nu maké papakéan saragem husus (tujuan éta pakumpulan nya éta ngadidik anggotana sangkan jadi jalma nu berjiwa satria, gagah jeung wanian, jeung resep nulung ka sasama mahluk); pandu; praja muda karana (pramuka);

**memandu** *vt* mingpin, nungtun (kapal, masyarakat, jsb): *kapal kecil itu* == *kapal tangker yg besar* éta kapal leutik nungtun kapal tangker nu gedé (asup ka palabuhan)

**2 pan.du** *v*, **memandu** *vt* nyoba; nguji

[1]**pa.nel** /panél/ *n* **1** bagian beungeutna tina panto (lalangit, dingding, jsb) nu mangrupa papan ipis jsb, biasana bangunna pasagi panjang, nu dipasang dina wengku, ieu bagian tempatna leuwih handap at leuwih luhur ti batan bagian beungeutna nu séjén; **2** potongan-potongan bahan tina jenis at warna béda nu diseselkeun kana pakéan

[2]**pa.nel** /panél/ *n* sakelompok jalma nu dipilih, aya nu nyarita, nanyakeun, aya nu ngajawab pertanyaan di hareupeun hadirin (nu nongton, nu ngadéngékeun)

**pa.nen** /panén/ *n* hal ngala hasil sawah at kebon; panén: *hasil* -- *tahun ini banyak* hasil panén taun ieu mucekil

**pa.ngan** *n* kadaharan; pangan: *cukup sandang* -- cukup sandang pangan

**pang.gang** *v* dipanaskeun (dimasak) dina seuneu: *ikan* -- lauk beuleum; lauk panggang

**memanggang** *vt* masak (manaskeun) dina areng seuneu: ==roti meuleum roti

**pang.gil** *v*, **memanggil** *vt* **1** ngajak (ménta) datang (balik, deukeut, jsb) bari nyebut ngaran jsb; ngajak; ngageroan: *saya* — *dia* kuring ngageroan manéhna; **2** ngondang; nyumanggakeun datang (kana riungan jsb): *dia hanya == 20 orang utk perjamuan itu* manéhna ngan ngondang 20 urang kana éta hajat téh; **3** *cak* nyebut: *Ibu == dia Si Bungsu* Ibu nyebut manéhna Si Bungsu

**panggilan** *n* **1** ajakan; ondangan: *azan merupakan == utk salat* azan mangrupa ajakan salat; **2** hal, perbuatan, cara nyebut; **3** (jalma) nu ditéang (dipanggil) keur digawé jsb;
*montir* == montir panggilan; **4** sesebutan ngaran: == *sehari-harinya Asep* sesebutan ngaran sapopoéna Asép

**pang.gul** *v*, **memanggul** *vt* mawa naon-naon dina taktak; manggul: == *bedil* manggul bedil; == *senjata* manggul senjata

**pang.gung** *n* **1** lanté (dijieun ku awi, papan, jsb) nu ditihangan; panggung; **2** wangunan nu rada luhur, lanténa tihangan; **3** lanté nu rada luhur tempat maén sandiwara jsb; pentas; panggung: *biduan itu sudah biasa bermain di* -- juru kawih mah geus biasa maén di panggung; **4** tempat nu rada luhur ( distadion, tempat ngadu kuda, jsb) keur nu lalajo; tribuné; balkon: *mereka berjejal memenuhi* — maranéhna pasedek-sedek minuhan panggung (tribun);

**memanggungkan** *vt* ngamaénkeun di panggung; manggungkeun; mentaskeun (sandiwara jsb): *sanggar itu == Sangkuriang* éta sanggar téh manggungkeun Sangkuriang

**pang.kal** *n* **1** bagian mimiti at bagian nu dianggap dasar (pangpangna dina barang nu panjang spt tangkal, iteuk, tihang): -- *pohon* puhu tangkal; 2 awal: -- *perselisihan itu soal sepele* awal papaséaan téh soal sapélé; **3** poko; bagian (eusi) nu utama: *kita kembali kpd -- pembicaraan* urang balik deui kana poko caritaan; 4 asal; sabab utama: *hemat -- kaya* rikrik (gemi) sabab utama beunghar; **5** modal; kapital: -- *usahanya diperloleh dr bank* modal usahana meunang ti bank

**pang.kas** *v*, **memangkas** *vt* **1** motong tungtung (tutuwuhan jsb): == *pagar hidup* mangkas pager jadi; **2** ngagunting buuk; nyukur: *ia sedang belajar == rambut* manéhna keur diajar nyukur buuk

**pang.kat** *n* **1** tingkatan dina jabatan pagawéan (katentaraan jsb): *ia sudah naik -- dr kapten menjadi mayor* manéhna geus naék pangkat tina kaptén jadi mayor; **2** kadudukan at darajat kabangsawanan di masarakat; martabat: *dia mempunyai -- yg baik di masyarakat* manéhna boga kadudukan nu hadé di masarakat;
**berpangkat** *vi* **1** ngabogaan pangkat: *ia == kolonel* manéhna ngabogaan pangkat kolonél; **2** boga kadudukan luhur; martabatna luhur: *gadis desa itu bersuami orang ==* éta mojang désa boga salaki ka nu kadudukanana (martabatna) luhur;
**kepangkatan** *n* urusan (hal) ngeunaan pangkat (tingkatan, derajat, jsb); kapangkatan

**pang.ku** *v*, **berpangku** *vi* diuk dina lahunan: *anak itu == di hariban ibunya* éta budak diuk dina lahunan indungna;
**pangkuan** *n* lahunan; pangkuan (dipaké ogé dina harti injeuman): *anak itu duduk di == ibunya* éta budak diuk dina pangkuan indungna; *dia ingin mati di == Ibu Pertiwi* manéhna hayang maot di pangkuan Ibu Pertiwi

**pang.li.ma** *n* **1** pamingpin pasukan; hulubalang; panglima; **2** pamingpin kasatuan tentara; panglima: -- *angkatan darat* (*laut, udara*) panglima angkatan darat (laut, udara)

**pang.sa** *n* pétak-pétak dina buah-buahan (spt dina buah kadu)

**pa.nik** a bingung, gugup; sieun nu ngadadak (nepi ka teu bisa mikir kalawan tenang); *hendaknya dl situasi bagaimana pun kita tidak boleh* -- alusna dina situasi kumaha baé ogé urang ulah gugup;
**kepanikan** *n* kabingungan (kagugupan jeung kasieunan); kariweuhan; kapanikan; *kebakaran itu menimbulkan == di masyarakat* éta kahuruan téh nimbulkeun kapanikan di masarakat

**pa.ni.te.ra** *n* pajabat kantor sékretariat pangadilan nu tugasna dibagian administrasi pangadilan, nyieun acara persidangan, jeung pagawéan administrasi séjénna sékretaris;
**kepaniteraan** *n* **1** hal jabatan panitera; **2** kantor panitera; **3** urusan tulis-tinulis (di pakumpulan jsb)

**pa.ni.ti.a** *n* kelompok jalma nu dipilih at ditunjuk pikeun mertimbangkeun at ngurus hal-hal nu ditugaskeun ka maranéhna; komite; panitia

**pan.jang** *a* **1** jauh antara na (ti tungtung ka tungtung); panjang: *jalan yg -- itu akan ditempuhnya dl waktu satu jam* jalan nu panjang téh bakal ditempuh dina waktu sajam; **2** heuleut (antara, jauh) antara tungtung ka tungtung; panjang: *-- rumah tadi 10 meter dan lebarnya 7 meter* panjang éta imah 10 meter jeung lebarna 7 méter;
**memanjang** *vi* ngajadi panjang: *Bukit Barisan == dr Aceh ke Bengkulu* Bukit Barisan manjang ti Aceh ka Bengkulu

**pan.jar** *n panjer*; persekot; duit nu dibayarkeun tiheula sawaréh; *sebagai tanda jadi, saya membayar -- sejuta rupiah utk rumah itu* minangka pangjadi, kuring mayar panjer sajuta rupia keur imah téh

**pan.jat** *v*, **memanjat** *vt* naék (kana tangkal jsb) maké leungeun jeung suku: *kera == pohon* monyét naék kana tangkal

**pan.ji** *n* **1** gelar bangsawan di Jawa, leuwih luhur ti batan radén, tapi leuwih handap ti batan gelar raden mas; **2** panangtayungan (dilindungan ku): *di bawah -- revolusi* ditangtayungan ku revolusi; (***panji-panji***) bendéra; *spt --, ditiup angin berkibar-kibar, pb* henteu tetep pamadegan, milu ka pihak nu kuat

**pan.tai** *n* **1** sisi laut; basisir; **2** wates antara daratan jeung lautan at massa cai séjénna jeung bagian nu bisa kacaian ku cai laut; **3** daérah pasang surud di basisir antara pasang pangluhurna jeung panghandapna; *jika takut dilimbur —, jangan berumah di tepi —, pb* lamun sieun meunang kasusah, ulah migawe nu pibahayaeun

**pan.ta.lon** *n* calana panjang nu nepi kana mumuncangan; pantalon

**pan.tang** *n* (**pantangan**) **1** hal (pagawéan jsb) nu dilarang nurutkeun adat at kapercayaan: *minum minuman keras adalah — bagi umat Islam* nginum inuman keras pantang keur umat Islam; **2** (**pantangan**) kadaharan (inuman) nu dilarang keur nu gering (kasakit) nu tangtu: *daging kambing dan minuman beralkohol -- bagi penderita penyakit tekanan darah tinggi* daging domba jeung inuman nu aya alkoholna pantang keur nu boga panyakit tekenan darah tinggi; **3** (**berpantang**) keur dina kaayaan henteu meunang dahar nu dilarang ku lantaran bisa ngaganggu kaséhatan dirina jsb: *ia -- makan sambal krn sedang*

*sakit perut* manehna pantang ngadahar sambel lantaran keur nyeri beuteung; **4** (**berpantang**) henteu meunang; henteu bisa (sanajan kumaha baé ogé); *terus maju -- mundur* terus maju pantang mundur; **berpantang** *vi* **1** boga pantangan; 2 (**pantang**) moal arék pernah meunang: *ia == mengubah pendiriannya* manéhna moal pernah ngarobah pamadeganana;

**pantangan** *n* naon-naon (sagala) nu dipantang

**pan.tas** *a* **1** layak; pantes: *ia sudah -- menjadi juara, permainannya mengagumkan* manéhna geus pantes (layak) jadi juara, permaénan pikahélokkeun; **2** salayu;; meujeuhna: *ia -- menjadi pemain voli, badannya tinggi dan kekar* manéhna saluyu jadi pamaén voli, awakna jangkung jeung kekar; 3 cocog; keuna pisan: *gadis itu -- mengenakan kebaya merah* éta mojang cocog maké kabaya beureum; **4** teu matak héran; pantes: -- *anak itu tidak naik kelas krn malas* teu matak héran éta budak teu naék kelas lantaran males; **5** nu katénjona alus (éndah, geulis, kasép): *orang tadi tidak -- memakai kumis dan janggut* jalma tadi teu kasép ari maké kumis jeung janggot mah

**pan.tat** *n 1* dubur; bujur; **2** bagian puhu pingping beulah tukang; bobokong; 3 *ki* bagian handap tina barang (katél, pariuk, sééng, jsb)

**pan.tau** *v*, ***memantau*** *vt* ngalieuk; ngalongok; **2** mariksa kalawan taliti, pangpangna keur tujuan husus; ngilikan kalawan perhatian husus; ngamonitor; ngatur at ngontrol gawé mesin, prosésna, jalanna, jsb; **4** ngecék at ngatur volume sora dina rekaman;

**pemantauan** *n* prosés, cara, pagawéan mariksa (nyatet, ngamonitor, ngontrol)

**pan.ti** *n* imah; tempat cicing; panti: -- *asuhan* panti asuhan

**pan.tik** *v*, **memantik** *vt* **1** ngagésrekkeun batu (jeung batu, logam, jsb) pikeun ngahurungkeun seuneu nékérkeun beusi kana batu panékér; **2** nimbulkeun sora ku cara nekenkeun (ngagésérkeun) indung leungeun kana curuk (jajangkung); nyetrékkeun ramo nepi ka aya soraan (disada)

**pan.to.fel** *n* sapatu nu bagian luhurna nutup (teu maké tali), ngarah babari dipaké jeung dibuka; sapatu modél pantofel

**pan.to.mim** *n* pintonan sandiwara jsb tanpa nyarita, ngan gerak-gerik wungkul (biasana dipirig ku musik); pantomim

**pan.tul** *v*, *memantul vi* gerak balik deui ku lantaran ngabentur kana naon-naon at ku lantaran refleksi, jsb: *sinar bulan == di air kolam yg jernih itu* sinar bulan balik deui sinarna di balong nu caina hérang téh; *peluru == kena tembok dan melukai orang itu* pelor mengkol malik tina témbak jeung keuna ka éta jalma;

**memantulkan** *vt* ngabalikkeun; malikkeun: *dinding stadion == sorak sorai penonton* dingding stadion malikkeun surakna panongton;

**terpantul** *vi* malik: batu *yg dilemparkannya == dr tembok* batu nu dibalédogkeunana malik tina témbok;

**pantulan** *n* **1** gerakan balik deui (arahna); **2** nu dibalikkeun: *== sinar matahari* sinar nu balik deui tina sinar panonpoé

**pan.tun** *n* **1** wangun puisi Melayu (Indonesia), unggal pada (kuplét) biasana diwengku ku opat jajar nu sajakna a-b-a-b, unggal padalisan (jajar) biasana jumlah opat kecap; jajaran kahiji jeung kadua biasana mangrupa cangcangna, jajaran katilu jeung kaopat mangrupa eusina; **2** paribasa sindiran; **3** jawaban (dina tuduhan jsb)

**pa.pa** *a* miskin; sangsara; papa: *jangan menghina orang yg --* ulah nga hina jalma nu sangsara

**pa.pah** *v*, **memapah** *vt* nulung jalma leumpang ku nyekelan leungeunna; mapah: *perawat itu == orang yg sakit ke kamar kecil* éta perawat mapah jalma nu gering ka jamban

**pa.pan** *n* kai (beusi, batu, jsb) nu lébar jeung ipis; papan: *lantai rumah panggung itu dr -- jati* lante imah panggung téh tina papan jati

**pa.par** *a* **1** papak (henteu léncop); **2** rata (hal huntu); **3** pegék; pésék; henteu mancung (irung); **4** bagian tonggongna at tukangna (dina péso, pedang, jsb);

**memaparkan** *vt* **1** ngajadikeun rata; ngaratakeun: *gadis itu == gigi-nya* éta mojang ngaratakeun huntuna; **2** ngadadarkeun kalawan panjang lébar; medar: *kedua pihak == maksud dan tujuan kunju-ngannya* kadua pihakanana medarkeun maksud jeung tujuanana;

**pemaparan** *n* prosés, cara, pagawéan maparkeun (ngadadarkeun, medarkeun)

[1]**pa.pas, memapas** *vt* **1**ngabuka at ngalaanan (papakéan, kemah, gambar-gambar dina bilik, jsb); **2** nyorobot; nyokot (bari di bawa indit); ngaranjah; *perampok itu telah == perhiasan dan barang-barang **korban*** éta rampog teh ngaranjah perhiasan jeung barang-barang korban

[2]**pa.*pas, berpapasan*** *vi* papanggih papaliwat di jalan at ti dua arah nu lalawanan

[1]**pa.ra** *p* partikel nu marengan nu nuduhkeun réa: -- *tamu mulai berdatangan* para tamu ngawitan sarumping

[2]**pa.ra** *n* karét; geutah (karét): *(per)kebun(an)* -- (pa)kebon(an) karét

[3]**pa.ra** *n*, **para-para 1** anyaman awi jsb tempat barangteundeun parabot dapur jsb; pago; **2** paratag tempat moé asin jsb; **3** erak at jaringan tempat neundeun barang (dina karéta api jsb)

**pa.ra.bo.la** *n* **1** gurat melengkung datar nu diwangun lamun hiji widang motong kerucut sajajar jeung gurat titik juru puncak ku salah-sahiji titik dina kuriling luhur; parabola; **2** anténa televisi nu bangunna buleud kawas piring nu bisa nangkep tinu jauh; parabola

**pa.ra.de** *n* pawéy barisan tentara jsb(dina upacara at perayaan)

**pa.ra.dig.ma** *n* **1** daptar sakabéh rundayan tina hiji kecap nu némbongkeun konjugasi jeung déklinasi éta kecap; **2** modél dina élmu pangaweruh; **3** raraga (cara) mikir

**pa.rah** *a* **1** beurat (dina raheut, tatu): *lukanya cukup --, harus segera di bawa ke rumah sakit* raheutna (tatuna) beurat, kudu geuwat dibawa ka rumah sakit; **2** ripuh; payah (kasakit): *sakitnya sudah --, dia sudah tidak bisa apa-apa* geringna geus payah, manéhna geus teu bisa nanaon; **3** dina kaayaan pohara sulitna; ripuh: *akibat kehilangan pekerjaan, kehidupannya sangat* -- akibat leungit pagawéan, kahirupanana ripuh pisan; **4** hésé diungkulanana: *kenakalan remaja semakin* -- kanakalan rumaja beuki hésé diungkulanana:

**pa.ra.lel** /paralél/ *a* **1** sajajar; **2** *cak* mirip

**pa.ram** *n* ubar panglulur (pangbalur) sabangsa wedak baseuh jsb nu dibalurkeun kana bagian awak pikeun ngaleungitkeun pegel, tegang urat, at kasaléo;parem

**pa.ra.me.dis** /paramédis/ *n* jalma digawé di lingkungan kaséhatan jadi pangbantu utama dokter (spt perawat); paramédis

**pa.rang** *n* péso (leuwih gedé batan péso, tapi leuwih pondok batan pedang; parang

[1]**pa.ras** *n* rupa beungeut; paroman; paras: -- *nya tidak secantik kakaknya* rupa beungeutna henteu sageulis lanceukna

[2]**pa.ras** *a* sajajar beungeutna (henteu luhur henteu handap); rata: -- *air* beungeut cai nu dipake dina ngukur luhurna hiji titik;
**memaras** *vt* **1** ngaratakeun (beas jsb) dina takeran; **2** motong (mapas, mangkas) sangkan rata (dina kai, tatangkalan, jsb); **3** nyukur sangkan rapih; maras (buuk, janggot, kumis)

**pa.ra.sit** *n* **1** tutuwuhan nu hirupna nyeuseup kadaharan tina tutuwuhan tempat manehna cicing; mangandeuh; **2** *ki* jalma nu hirupna jadi kabeubeurat jalma nu dicicingan (nu sejen): **3** organisme nu hirup jeung nyeuseup kadaharan tina organisme nu ditempelna

**pa.rau** *a* peura; serak (sora): *akibat flu suaranya jadi* -- akibat flu sorana jadi serak

**par.fum** *n* **1** zat pawangi; **2** minyak seungit; ambeu seuseungitan nu mangrupa cairan; parfum

**pa.ri.pur.na** *a* (pinuh) lengkep; paripurna: *rapat* -- rapat paripurna; *sidang* -- sidang lengkep (paripurna)

**pa.rit** *n* **1** liang panjang dina taneuh tempat saluran cai; solokan; susukan; **2** liang (rohangan) tempat nyalindung, **nyumput** (dina peperangan); **3** solokan gede sakuriling kota (benteng); **4** rohangan di jero pertambangan; **5** legok nu manjang (dina kai, papan, jsb); **6** ranjow darat; **7** terusan (sakuriling benteng)

**pa.ri.wi.sa.ta** *n* nu aya hubunganana jeung perjalanan keur rekreasi; palancongan; turisme; pariwisata
**kepariwisataan** *n* hal nu aya hubunganana jeung pariwisata; cara, prosés, pagawéan, pariwisata

**par.kir** *v memarkir vt* ngeureunkeun jeung nunda (kandaraan bermotor) keur sawatara waktu di tempat nu geus disadiakeun; markir: *dilarang*

== *kendaraan di muka pintu masuk* teu meunang markir kandaraan di hareupeun panto asup

**par.le.men** /parlemén/*n* badan nu diwengku ku wakil-wakil rayat nu dipilih jeung bertangung jawab pikeun nyusun perundang-undangan jeung nguruskeun keuangan nagara; déwan perwakilan rayat; parlemén

**pa.ru.pa.ru** *n* organ badan nu mangrupa sapasang kantong bangunna buleud gépéng, ayana dina rohangan dada, boga fungsi jadi alat pernapasan (keur ngaberesihkeun getih ku oksigén nu diseuseup tina hawa di manusa jeung sato); bayah

**pa.ruh** *n* sungut at moncong (manuk, hayam, meri, jsb) pamatuk; **berparuh** *vi* ngabogaan pamatuk

**pa.rut** *n* **1** alat keur marud kalapa jsb dijieun tina papan nu maké paku kawat réa at kaléng nu diliangan sareukeut; parud; **2** urut raheut dina kulit (ku lantara kakoét jsb)

**pa.sak** *n* **1** paku nu dijieun tina kai; paseuk; **2** poros (as) leutik dina roda gigi érloji jsb

**pa.sal** *n* **1** bab; paragaraf (bagian tina bab); artikel (dina undang-undang): *lima ayat satu* pasal lima ayat hiji pasal **2** poko caritaan (pacengkadan jsb) hal; perkara; pasal: -- *perselisihan itu yg sepele sekali, hanya saling melihat saja* pasal pacengkadan téh nu sapélé pisan, ngan ukur silih ténjo; **3** sabab; lantaran: *itulah -- nya ia menjadi marah* téh sababna manéhna jadi ambek

[1]**pa.sang** *n* **1** dua jalma (sato) lalaki jeung awéwé (jalu jeung bikang); jodo; pasang: *saya membeli dua -- merpati* kuring meuli dua pasang japati; **2** dua barang nu kembar at silih lengkepan; pasang: *Ibu punya lima -- sepatu* Ibu kagungan lima pasang sapatu; **3** dua organ badan nu ayana (munculna) babarengan spt bayah, mata, ceuli; **4** sét; parangkat: *di kantornya ada tiga -- kursi tamu* di kantorna aya tilu pasang (sét, setél) korsi tamu;

**memasangkan** *vt* ngajadikeun sapasang; ngajodokeun'

**pasangan** *n* **1** nu salawasna di paké babarengan nepi ka jadi sapasang; pasangan: *mana == sepatu ini* mana pasangan ieu sapatu; **2** hiji awéwé keur lalaki at hiji bikang keur jalu (atawa sabalikna);

pasangan: *mana == menarimu* mana pasangan ngigel keur manéh; 3 salah sahiji organ badan nu aya papasanganana; 4 nu mangrupa panglengkepna pikeun nu séjénna: *yg mana == baju ini* nu mana palengkepna ieu baju;
**pamasangan** *n* hal. cara, pagawéan masang

[2]**pa.sang** *v* **1** naék (hal cai laut at walungan); pasang; **2** *ki* keur alus (peruntungan jsb); untung: *nasib pedagang ada -- surutnya* nasib padagang aya surudna; **3** *ki* keur mahabu (panyakit); keur kajadian: *penyakit --* kasakit mahabu; -- *masuk muara, pb* ka ditu ka dieu bae (omongan): *adat -- turun naik,* pb kaayaan nu salawasna robah, pangpangna hal kakayaan at kadudukan jalma

[1]**pa.sang** *v* **memasang** *vt* **1** makékeun ; méré (papakéan, baju, jsb): *== baju pd boneka itu* makékeun baju kana éta bonéka; **2** nempatkeun: *== mata-mata* nempatkeun mata-mata; *== iklan di surat kabar* masang iklan dina surat kabar; **3** nyeumatkeun; masangkeun: *== bintang tanda jasa di dada* nyeumatkeun (masangkeun) bintang tanda jasa dina dada; *== kancing* masangkeun kancing; **4** ngibarkeun (bandéra, layar): == bendera masang (ngibarkeun) bendéra; **5** (== mata, telinga) ngawaskeun (ngadédéngékeun)eya-eya; **6** nungtukeun (harga): harga nangtukeun harga; **7** naheun (jiret, pitapak, bubu, jsb): *== jaring* naheun jaring; == **bubu** naheun bubu; **8** nyadiakeun (nyieun, ngatur): *== jembatan* nyien jambatan; *== rambu* nyadiakeun rambu (tanda); **9** ngahurungkeun; meuleum: *== api* ngahurungkeun seuneu; == merecon meuleum (nyeungeut merecon (pepétasan); **10** nyetél (radio, televisi): == radio nyetél radio; **11** narohkeun duit (dina lotré, pamaénan): *== seratus rupiah akan dapat seribu rupiah* narohkeun seratus rupiah bakal meunang sarébu rupia; **12** (== **badan**) ngalaman hukuman di panjara

**pa.sar** *n* **1** tempat jual beuli; pasar: *ibu pergi ke -- utk membeli daging* ibu angkat ka pasar badé ngagaleuh daging; **2** (**pasaran**) dipaké dina pergaulan sapopoé (hal basa nu kurang hade tata basana jsb): *bahasa Melayu --* basa Malayu pasar;
**memasarkan** *vt* **1** ngajual ka tengah-tengah masarakat (ka pasar jsb): *pétani == hasil kebunnya ke kota* patani ngajual hasil kebonna ka kota; **2** nyebarkeun ka masarakat: *dia berusaha == hasil*

*penemuannya* manéhna usaha nyebarkeun hasil papanggihanana;
**pemasaran** *n* 1 prosés, cara, pagawéan masarkeun: == *kerajinan rakyat itu sulit* pamasaran karajinan rayat téh hésé; **2** hal nyebarkeun ka masarakat: == *olahraga ke masyarakat* hal nyebarkeun olahraga ka masarakat

**pa.sir** *n* **1** lubuk batu nu lemes; keusik: *adukan -- dan semen* adukan keusik jeung semén; **2** lapisan tanah at gundukan keusik lemes: *ia bermain-main di --* manéhna ulin dina keusik; *padang --* sagara keusik; **4** laut: *tepi --* sisi laut

**pas.por** *n* surat katerangan nu dikaluarkeun ku pamaréntah keur warga nagara nu rék indit ngalakukeun perjalanan ka luar nagri; paspor

**pas.rah** *v* nyérénkeun diri;pasrah: *dia -- kpd takdir dgn hati yg tabah* manéhna pasrah kana takdir kalawan haté tabah;
**kepasrahan** *n* hal, cara, pagawéan pasrah

**pas.ta** *n* **1** zat pangrapet nu léngkét; **2** bahan farmasi nu mangrupa selep (bubur) satengah padet dina umumna dibungkus ku tabung gepéng, ngandung ubar antiséptik keur ubar luar; **3** bahan racunan keur ngabasmi kutu at beurit; **4** (**-- gigi**) bahan keur ngosok huntu;pasta gigi; odol

**pas.ti** *adv* tangtu; geus tetap; henteu meunang henteu; misti; pasti: *saya -- datang besok bila tak ada halangan* kuring pasti datang isuk lamun euweuh halangan

**pas.tor** *n* paderi (agama Katolik); pastur

**pa.sung (pasungan)** *n* alat keur ngahukum jelema, tina kai panyapit at kai nu diliangan paranti nalikung nu dipasangkeun kana suku, leungeun, at beuheung; cangkalak; pasungan;
**memasung** *vt* **1** nyangkalak jalma ku pasungan; masangkeun pasungan; **2** ngasupkeun kana kurungan (panjara);
**pasungan** *n* **1** pasungan; **2** panjara

**pa.tah** *a* **1** potong hal barang nu teuas at kaku (biasana henteu nepi ka pegat): ***dahan itu*** -- éta dahan potong (peunggas); **2** *ki* eureun; teu bisa terus deui;
**mematahkan** *vt* **1** ngajadikeun (nyababkeun jsb) potong; motong-keun; meunggaskeun; **2** ngaleungitkeun (sumanget, kawani, jsb); **3**

ngagagalkeun; ngéléhkeun (serangan, musuh, jsb): *kita dapat == serangan musuh* urang bisa ngagagalkeun serangan musuh; **4** *ki* nangkis: == *perkataan orang* nangkis omongan jalma

**pa.ten** /patén/ *n* hak nu dibikeun ku pamaréntah ka jalma jsb kana hiji pamanggih nu digunakeun sorangan; patén

**pa.ti** *n* tipung lembut tina saringan bubuk (cairan) sampeu jsb nu diparud; haté watang sagu jsb sanggeus dirames (dibubukkeun) maké cai: — *singkong* aci sampeu; -- *sagu* pati sagu

**pa.tok** *n* **1** ukuran keur legana sawah (kurang leuwih 2.300 m2 ); **2** tihang pondok nu ditancepkeun kana taneuh jsb; patok; pancuh; pancang;
**mematok** *vt* masang patok (pancuh); matok; mancuh

**pat.ri** *n* **1** timah nu diancurkeun ku logam nu dipanaskeun, tuluy dihubungkeun kana sambungan kaleng jsb keur nyambungkeun napelkeun, nambal, jsb; soldér; patri; **2** *ki* teguh; tetep;
**mematri (kan)** *vt* **1** nyoldér; matri jsb ku patri: *ia == panci yg bocor* manéhna matri panci nu bocor; **2** napelkeun; netepkeun; mageuhkeun: *saran-sarannya == ajaran ini dl pikiran* saran-saran mageuhkeun ajaran ieu dina pikiran

**pat.ro.li** *n* **1** hal rondaan; patroli (ku pulisi, tentara, jsb): *pasukan kita melumpuhkan -- musuh* pasukan urang ngalumpuhkeun patroli musuh; **2** pulisi (tentara) nu keur ngaronda -- *berjumpa dgn perampok* pulisi nu keur ngaronda paamprok jeung rampog; **3** (**ber-patroli**) ngaronda

**pa.tuh** *a* sok nurut (paréntah jsb); taat (kana paréntah, aturan,jsb); nurut kana disiplin: *anak itu -- pd agamanya* éta budak taat kana agamana;
**mematuhi** *vt* nurut kana; taat kana: *kuda itu == perintah tuannya* éta kuda téh nurut kana paréntah nu bogana;
**kapatuhan** *n* sipat nurut (taat); kataatan: *pemimpin meminta == bawahannya* pingpinan ménta kataatan bawahanana

**pa.tuk** *n* pamatuk; pamacok
**mematuk** *vt* **1** matuk; macok (ku pamatuk, pamacok): *ayam == biji jagung* hayam macok siki jagong; **2** nakol (picu, wawayang bedil): *beberapa kali dipetiknya picu bedil itu, tetepi tidak == juga* sabaraha kali ditekenna picu bedil téh, tapi henteu nakol (malu) baé

**pa.tung** *n* **1** tiruan bangun jalma, héwan, jsb, dijieun tina (dipahat tina) batu, kai, jsb, arca; 2 golék; bobonékaan: *wayang* -- wayang golék; **mematung (kan)** *vt* **1** nyieun arca; **2** kawas arca: *ibu itu == menatap anaknya yg sakit* éta indungna téh neuteup kawas arca ka anakna nu gering

**pa.tut** *a* **1** layak, alus; pantes; patut: *perbuatan baik -- dipuji* pagawéan alus patut dipuji; **2** saluyu pisan (jeung); sapadan (jeung); saimbang (jeung): *rumahnya kurang -- dgn jabatannya yg tinggi itu* imahna kurang saluyu jeung jabatanana nu luhur; **3** asup akal; wajar: *tuntutannya boleh dikatakan tidak* -- tungtutanana bisa disebutkeun teu wajar: **4** geus sakuduna (sapantesna, salayakna): *yg berjasa -- diberi penghargaan* nu berjasa geus sakuduna dibéré panghargaan; **5** tangtu baé; sabenerna: -- *ia tidak sanggup membayarnya krn uangnya* telah *habis* tangtu baé manéhna teu sanggup mayarna lantara duitna geus baék;

**mematut** *vt* **1** ngatur sangkan alus; ngoméan: *ia == kata yg kurang tepat pemakaiannya* manéhna ngoméan kecap nu kurang merenah makéna; **2** dangdan jsb sangkan hadé rupana: *lama ia == dirinya di depan kaca* lila manéhna dangdan di **hareupeun kaca**

**pa.ut** *v*, **berpaut** *vi* **1** kabeungkeut pageuh (kana); napel: meulit pageuh (kana); nyekelan pageuh (kana): *dia == pd batang kayu yg terbawa arus sungai* manéhna nyekelan pageuh kana catang kai nu kabawa palid di walungan; **2** ngalelep (nutup) deui: *siput* == siput nutup deui;

**terpaut** *vi* **1** nyangsang jeung kabeungkeut: *ujung tambang itu == pd tonggak* tungtung tambang téh katalian dina pancuh; **2** kapikat; kapincut: *hatinya == pd kelembutannya* haténa kapikat ku kelemesan (budina); **3** mohon nénjo: *pandangannya == pada gadis yg berambut panjang itu* panénjona moho ka mojang nu panjang buukna

**pa.vi.li.un** *n* imah (wangunan) tambahan di sagigireun imah nu gedéna (intina); paviliun

**pa.wai** *n* **1** iring-iringan jalma (mobil, kandaraan, jsb); arak-arakkan; pawéy: -- *kendaraan berhias* iring-iringan kandaraan nu dihias; **2** alat-alat karajaan;

**berpawai** *vi* ngayakeun pawéy: *mahasiswa pun turut* == mahasiswa gé milu ngayakeun pawéy (iring-iringan)

**pa.wang** *n* jalma nu boga kaahlian istiméwa nu tumali jeung élmu gaib spt dukun, mualim parahu; mualim buaya; pawang gajah

**pa.ya** *n* rawa; ranca (nu aya pepelakanana): -- *tadi dikeringkan lalu dijadikan sawah* rawa tadi digaringkeun tuluy dijadikeun sawah

**pa.yah** *a* **1** capé; lungsé: *kalau sudah --, boleh mengaso sebentar* lamun geus capé, meunang ngaso sakeudeung; **2** hésé susah: *masalah ini -- juga pemecahannya* ieu masalah hésé oge mecahkeunana; **3** dina kasulitan (bahaya, kasusahan, jsb): *kemajuan perkumpulan itu agak --* kamajuan éta pakumpulan téh rada sulit; **4** beurat; payah (kasakit): *dia sakit --* manéhna gering payah; **5** perelu; kudu: *hal itu diterima dgn baik tidak -- diperiksa lagi* éta hal ditarima kalawan hadé henteu perelu (kudu) dipariksa deui;
**kepayahan** *a* **1** kecapéan; kalungséan; **2** kahéséan; kasusahan; **3** ngarandapan capé (hésé, susah, payah, jsb); béak tanaga: *ia terengah-engah ==* manéhna hah-héh-hoh kacapéan; *== uang* kakurangan duit

**pa.yau** *a* rada asin lantaran pacampurna cai tawar jeung 3,4% uyah, biasa-na cai di muara; hanta: *air -- tidak enak diminum* cai hanta henteu ngeunah diinum

**pa.yu.da.ra** *n* buah dada; susu

**pa.yung** *n* **1** alat palindung badan sangkan ulah keuna ku panas at sinar panonpoé (ku hujan), biasana dijieun ku kaén at kerétas nu digagangan jeung bisa dilipet-lipet, sarta aya ogé nu sok dipaké dina upacara kabesaran (spt -- *bawat* payung bawat, -- *ubur-ubur* payung ubur-ubur); **2** kaén satengah buleudan at pasagi opat nu diwiru gedé nu ditalian di sisina dipaké turun tina pesawat terbang; balon; parasut; payung udara; **3** *ki* naon-naon (barang) nu mayungan (dina sirah); panyalindungan jsb;
**memayungi** *vt* **1** ngalindungan (nangtayungan) ku payung; mayungan; **2** *ki* nangtayungan: *pemerintah selalu harus == rakyatnya* pamaréntah salawasna kudu nangtayungan rayatna

**pe.cah** *v* **1** beulah jadi sababaraha bagian; pecah: *piring yg jatuh itu -- berkeping-keping* piring nu ragrag téh beulah jadi laleutik; **2** rengat at mararekah (hal kulit, tanah, jsb): *krn kemarau panjang, tanah pesawahan banyak yg --* ku lantaran katiga panjang, tanah pasawahan loba nu rarengat; **3** ruksak at beulah kulitna (dingdingna)

nepi ka eusina kaluar (dina endog, ban, bisul, jsb): *bisulnya sudah -- dan nanahnya keluar* bisulna geus bucat jeung nanahna kaluar; **4** jadi cair at ngagibleg sawaréh (dina susu nu digodog, cipati, jsb); pecah: *air susu yg -- kurang baik diminum* cisusu nu pecah kurang hadé diinum; **5** paburencay (teu ngahiji at teu kompak deui); leungit (kapercayaan): *kelompok itu -- menjadi beberapa golongan* éta kelompok téh paburencay jadi sababaraha golongan; **6** nyebar (rasiah, béja): -- *kabar bahwa dia akan mengundurkan diri* nyebar béja yén manéhna rék ngundurkeun diri; **7** mimiti (perang): *Perang Teluk -- pd tanggal 17 Januari 1991* Perang Teluk pecah (mimitina) tanggal 17Januari 1991; **8** éléh (tina perang): *rakyat kalang kabut sbg negeri -- perangnya* rayat kalang kabut sabagé nagri nu éléh perangna; **9** sembér (dina sada, sora): *suaranya tidak baik didengar krn* -- sorana henteu ngeunah didéngé ku lantaran sembér; **10** bubar; enggeusan: *kemudian --lah segala orang yg di dl majlis* tuluy bubar baé sakabéh jalma nu aya di majlis;

**memecah** *vt 1* jadi pecah-pecah (dina ombak jsb): *ombak == di pantai ombak jadi* pecah-pecah di basisir, **2** ngaruksak; ngagangu: *saya tidak berani == suasana yg tenang* itu kuring henteu wani ngaganggu suasana nu tenang téh;

**terpecah** *vi* kabagi; kabeulah: *rombongan itu == jadi dua* éta rombongan téh kabagi jadi dua;

**pemecahan** *n* hal , prosés, pagawéan mecahkeun

**pe.cat** *v*, **memecat(kan)** *vt* **1** ngalésotkeun (tina jabatan); ngeureunkeun (tina kaanggotaan pakumpulan jsb): *bagaimana kita akan == nya, dia tidak bersalah* kumaha urang arék ngeureunkeunana, manéhna henteu salah; **2** ngaluarkeun (ti sakola jsb); **3** ngabébaskeun tina jabatan jsb (dina saheulaanan); **4** ngabaékeun; henteu merhatikeun;

**pemecatan** *n* prosés, cara, pagawéan mecat: *== kepala jawatan itu sesuai dgn kesalahannya* hal mecatna éta kapala jawatan saluyu jeung kasalahanana

**pe.cel** *n* kadaharan tina sayur-sayuran spt kacang panjang, kangkung, togé nu dikuah ku sambara kacang suuk; pecel

**pe.ci** /péci/ *n* panutup sirah lalaki nu dijieun tina kaén jsb nu bangunna mencos dina tungtungna; kopéah; péci; songkok

**pe.cut** *n* kulit kai jsb nu dirara leutik ka tungtung digagangan ku hoé jsb; pecut:
**memecut** vt **1** mecut; ngalecut: *sais itu == kudanya* éta kusir mecut kudana; **2** ngerasan; ngagiatkeun

**pe.dang** *n* parang nu panjang; pedang (réa mecemna spt -- *bentuk* pedang béngkok; -- *lurus* pedang lempeng; -- *ekor pari* pedang buntut pari

**pe.das** *a* **1** rasa spt rasa cabé (céngék jsb); *sambal ini -- sekali* ieu sambel lada pisan; **2** *ki* seukeut at keras (dina kritik jsb); nganyerikeun haté (dina omongan jsb): *tulisan-tulisannya sangat* -- tulisan-tulisanana- keras pisan;
**kepedasan** *n* **1** hal rasa lada; **2** ngarasa lada pisan

**pe.da.ti** *n* gorobag anu ditarik ku kuda, sapi, at munding; padati

**pe.dih** *a* **1** ngarasa nyeri, kawas raheut nu dikumbah ku sublimat;peurih; **2** (-- **hati**) nyeri haté pacampur sedih: -- *hatiku krn kelakuannya yg kejam* nyeri peurih haté kuring ku kalakuanana nu kejem;
**kepedihan** *n* **1** rasa peurih; **2** kanyerian haté; **3** kapeurih nu pohara: *anak itu menangis == bila lukanya dicuci* éta budak ceurik peuriheun lamun raheutna dikumbah

**pe.doman** *n* **1** alat keur nuduhkeun arah angin (kalér, kulon, wétan, kidul), biasana kawas jam nu maké beusi semprani; kompas; padoman; **2** kumpulan katangtuan dasar nu méré pituduh kumaha carana naon-naon kudu dilakukeun; **3** hal (poko) nu jadi dasar (cecekelan, pituduh, jsb) pikeun nangtukeun at ngalaksanakeun naon-naon pamingpin (nu nerangkeun cara ngajalankeun at ngurus pakumpulan): *surat edaran dr -- besar* surat sebaran tina padoman gedé;
**berpedoman** *vt* **1** maké padoman; **2** (== **kepada**) nurutkeun contoh kana ....; nuju, ngarah kana .....; madoman kana .........

**pe.du.li** *v* merhatikeun ; paduli: *mereka tidak -- apakah orang lain senang atu tidak* maranéhna henteu madulikeun naha nu séjén resep atawa henteu
**mempedulikan** *vt* merhatikeun; madulikeun; ngindahkeun

**pe.gal** *a* **1** ngarasa kaku (dina tulang sendi jsb); pegal; linu **2** (-- **hati**)

kesel haté; jéngkél: -- *hatinya krn temannya tdk menepati janjinya* kesel hatena lantaran baturna henteu nedunan jangjina

**pe.gang** *v*, **berpegang (pd)** *vi* nyekel (an) kana; pageuh kana; madoman kana; muntang kana: *tangannya == pd dahan kayu* leungeunna muntang kana dahan kai; == *dp janji semula* nyekel kana jangji mimiti; == *pd aturan yg ada* madoman **kana aturan nu aya;**
**memegang** *vt* **1** nyekel ku leungeun; nyangkem (duit jsb); **2** ngabogaan (duit jsb); **3** nyetir: *dia tdk berani == stir di jalan yg berkelok-kelok* manéhna teu wani nyetir di jalan nu pungkal-péngkol; **4** néwak (bangsat); **5** maké (ngagunakeun, ngabogaan) senjata jsb: *siapa yg == senjata tanpa izin dihukum* saha nu ngagunakeun senjata tanpa idin dihukum; **6** ngawasa; ngurus at mingpin (pausahaan, pamaréntahan, jsb); mangku (jabatan jsb); ngajabat (pangkat, pagawéan, jsb): == *daerah yg luas* mingpin daérah nu lega; **7** ngajalankeun (aturan, paréntah, jsb); tetep mertahankeun (pamadegan, jangji, jsb): *tetap == aturan dan perintah* tetep ngajalankeun aturan jeung paréntah
**pegangan** *n* **1** barang nu dicekel; cecekelan; **2** bagian alat at pakakas nu dicekel; **3** urusan (pagawéan jsb) nu dicekel; daerah (lingkungan) nu dicekel; **4** pagawéan (pacarian jsb) nu tangtu; jabatan; **5** (*buku* --) buku pedoman (pamingpin); *camkanlah peraturan umum itu sbg ==* tengetkeun éta palaturan umum sabagé padoman
**pemegangan** *n* prosés, cara, pagawéan nyekel

**pe.gas** *n* **1** per (waja ipis nu bisa melenting): -- *jam* per jam: **2** hoé jsb pikeun ngagebug (kasur jsb): *Ibu mencari -- utk membersihkan kapuk* Ibu néangan panggebug kasur keur meresihkeun kapuk

**pe.gat** *v*, **memegat** *vt* **1** nahan (ngahadang jsb) di jalan; nyegat: *polisi == mobil di jalan* pulisi nyegat mobil di jalan; **2** mutuskeun megatkeun (hubungan jsb): *dia tidak akan == tali persaudaraan* manéhna moal megatkeun tali duduluran

**pe.jam** *v* nutup; henteu muka; peureum (hal mata): *matanya* — panonna peureum;
**memejamkan** *vt* nutupkeun (meureumkeun) panon;
**terpejam** *vi* nutup (panonna): *matanya* == matana peureum

**pe.kak** *a* **1** rada torek; kurang hadé pangdéngéna lantaran mindeng

ngadéngé nu tarik; **2** ngageplép, teu tarik sorana (gamelan, duit kencring, jsb)

**pe.kan** *n* **1** pasar: *ibu pergi ke -- membeli sayur* ibu angkat kapasar mésér sayur; **2** minggu (7 poe): *dia datang -- ini* manéhna datang minggu ieu;
-- **raya** pasar malem gedé nu aya rupa-rupa paméran (boh hasil jero atawa luar nagri) jeung pintonan

**pe.ka.rang** *n* senjata; pakarang

**pe.kat** *a* liket at kentel (henteu éncér dina barang cair); keras; kentel (dina kopi); henteu hérang (dina cai)

**pe.ker.ti** *n* **1** (**budi** --) parangi; tabéat; ahlak; watek; budi pakarti; **2** perbuatan; pagawéan; kalakuan (nu kurang hadé): *ia pun sangat marah mendengar -- anaknya* manéhna ambek pisan ngadéngé kalakuan (nu kurang hadé) ti anakna

**pe.kik (pekikan)** *n* **1** jeritan; kocéakna: *terdengar -- tangis orang di kapal yg sedang terbakar itu* kadéngé kocéakna ceurik jeung **jeritan** jalma di kapal nu keur kahuruan téh; **2** surak at gorowokna (sabagé semboyan jsb) : *barisan itu disambut dgn -- "merdeka", gemuruh semuanya* éta barisan dipapag ku surak (gorowokna) "merdeka:, gumuruh sakabéhna;
**memekikkan** *vt* **1** ngagorowokkeun: *ia membuka mulutnya hendak == segala kecemasannya* manéhna muka sungutna arék ngagorowokkeun sagala kahariwangna; **2** *ki* ngagembar-gémborkeun

**pel /pél/ *n* kaén nu dipaké nyéka (meresihan) naon-naon;**
**mengepel** *vt* ngaberesihkeun (ngagaringkeun) lanté ku kaén pél

**pelamin (an)** *n* tempat diuk (saré) pangantén: *naik* -- kawin

**pe.lam.pung** *n* barang nu hampang ngambang dina cai (nu bisa nahan sangkan ulah titeuleum): -- *kail* kukumbul useup; -- *renang* kukumbul ngojay

**pe.lan** *a* bagerak lalaunan; lendo: *kerbau berjalan* -- munding leumpang lalaunnan;

**pelan-pelan** *a* **1** cak lambat-lambat; lalaunan; **2** henteu tarik (dina sora, teunggeulan, jsb): *kubisikkan namanya == dan dia membuka*

*matanya* diharéwoskeun ngaranna ku kuring lalaunan, manéhna mukakeun panonna

**pelana** *n* **1** alas dina tonggong kuda; **2** tempat diuk jalma (dina tonggong kuda at sato nu sok ditumpakan); séla;
**berpelana** *vi* maké séla; aya sélana;
**memelanai** *vt* makékeun séla kana: *ia == kudanya* manéhna nyélaan kudana

**pe.lan.duk** *n* kid (j) ang leutik; peucang (aya sababaraha rupa spt -- *anjing* peucang anjing; -- *batu* peucang batu)

**pe.la.ngi** *n* **1** pelengkung warna spéktrum di langit akibat ayana biasan sinar panonpoé ku titik-titik cihujan at ibun; **2** *ki* warna anu anéka ragam; **3** kaén at saléndang (karembong) nu macem-macem warnana; **4** lauk hiasan nu rupa-rupa warna sisitna

**pe.lan.ting** *v*, **berpelanting** *vi* labuh (mental) gugulingan; kababétkeun: *mobil yg bertabrakan itu penumpangnya == ke jalan* mobil nu tabrakan téh panumpangna labuh tinggaruling ka jalan;
**terpelanting** *vi* kapentalkeun jauh

**pe.lat** *n* **1** piringan hitam (piring gramofon); **2** logam nu ipis

**pe.la.tuk** *n* (-- *bedil*) palatuk bedil; bagian bedil nu digunakeun keur ngagerakkeun picu; palatuk

**pel.ba.gai** *num* **1** sawatara; sababaraha; rupa-rupa: *banjir di -- tempat* banjir di sababaraha tempat; **2** anéka ragam: *rangkaian bunga dgn -- warna* manglé kembang nu warna-warni

**pel.bet** /pélbét/ *n* tempat saré nu bisa dilipet nepi ka praktis babari dibawa ke mana-mana; pélbét

**pe.le.kat** /pelékat/ *n* kaén sarung tinun (anu motifna kotak-kotak, balégbag, at coréléng); palékat

**pe.le.sat** *v* mental

**pe.le.ton** *n* pasukan prajurit kurang leuwih 20-40 urang

**pe.li.ha.ra** *v* piara; rawat; jaga;
**memelihara** *vt* **1** miara, ngajaga at rumawat kalawan hadé: — *bahasa Sunda* miara basa Sunda; **2** ngusahakeun jeung ngajaga (supaya

tertib, aman, jsb): *kita harus turut == kemanan komleks* urang kudu milu ngajaga kaamanan kompléks; **3** ngolah tanah, sawah, kebon, jsb: *dengan rajin petani == sawah ladangnya* kalawan soson-soson patani miara sawah jeung kebonna; **4** ngajaga jeung ngadidik kalawan hadé: *== anak-anak yatim piatu* miara at ngajaga jeung ngadidik kalawan hadé barudak pahatu lalis; **5** ngukut; ngingu (kumis, kuku, jsb): *pemuda itu == kumis* pamuda téh ngukut kumis; **6** ngukut; ngingu (bangsa ingon-ingon, hayam, domba jsb): *dia == kambing* manéhna ngingu domba; **7** ngabogaan; miboga; ngukut: *orang kaya itu == gundik* nu beunghar téh bogaeun ungkluk; == **lidah** *ki* ngajaga tina omongan nu kurang hadé at kurang sopan; == **mata** *ki* ngajaga supaya henteu nénjo anu diharamkeun ku agama Islam; == **tangan** *ki* henteu ngalakukeun sakarep déwék;

**terpelihara** *vi* kajaga; kapiara; kaurus kalawan hadé: *taman itu --* taman téh kaurus kalawan hadé

**pemeliharaan** *n* **1** prosés; cara pagawéan miara; **2** pendidikan; peternakan (ngeunaan ingon-ingon); **3** cara sangkan salamet; **4** ngusahakeun sangkan tetep dina kaayaan (kondisi) nu hadé

[1]**pe.lik** *a* **1** langka; carang aya; aneh; henteu biasa: *penelitian itu sedang mencari barang yg --* panalungtik téh keur néangan barang anu langka; **2** kacida éndahna: *saat itulah yg merupakan sesuatu yg -- dl hidupnya* mangsa harita mangrupa mangsa anu kacida éndahna dina hirupna; sulit; hésé: *bahasa Sansekerta adalah bahasa yg cukup --* basa Sansekerta nya éta basa anu cukup sulit

[2]**pe.lik** *n*, **pelikan** barang tambang; barang anu dikali at dihasilkeun ti jero taneuh

[3]**pe.lik** *n* suweng leutik

**pe.lin.tir** *v* purindil; *memelintir vt* murintil; muterkeun nepi ka nguluntung: *ia -- kan daun enau untuk dijadikan rokok* manéhna murintilkeun daun kawung dijieun roko;

**terpelintir** *vt* **1** dipurintilkeun; **2** pupurintilan: *lawannya jatuh ==* musuhna labuh pupurintilan;

**pelintiran** *n* meunang murintilkeun; hasil murintilkeun; rasa mules

[1]**pe.li.ta** *n* damar at lampu anu hurungna ku minyak tanah: *kalau mati listrik lebih baik menyalakan -- daripada petromak* lamun pareum

listrik leuwih hadé ngahurungkeun damar tinimbang patromak; **bagai -- kehabisan minyak,** pb henteu gumbira; nguluwut: *sejak ditinggal mati suaminya ia bagaikan -- kehabisan minyak* ti basa ditinggalkeun maot ku salakina manéhna nguluwut; -- **hati** *ki* kabogoh; bébéné; kikindeuwan; anu dipikacinta

[2]**pe.li.ta** *akr* pembangunan keur lima taun

**pe.li.tur** *n* ngaran sabangsa cét paranti ngahérangkeun; sab sirlak; palitur

**pe.lo.por** *n* **1** anu ngamimitian; anu leuwih ti heula; **2** pamuka jalan: *Dewi Sartika adalah -- wanita Sunda* Déwi Sartika téh pamuka jalan wanita Sunda

**pe.lo.sok** *n* tempat anu jauh jalanna leutik hésé di datangana; tung-tung lembur anu jauh ka jalan gedé: *rumahnya di -- sana* imahna jauh ka jalan di tungtung lembur itu

**pe.luh** *n* cai anu kaluar tina pori-pori kulit; késang; kaalong;
**berpeluh** *vi* késangan; karingétan,1 ; ngaluarkeun késang; == **darah** *ki* kesang getih; digawé badag sakuat tanaga

**pe.lu.it** *n* alat anu sok ditiup sarta ngahasilkeun sora tarik; piliwit

**pe.luk** *v* **1** tangkeup; **2** deupa (ukuran): *pohon itu besarnya dua --* éta tangkal gédena dua tangkeup
**berpelukan** *vi* silih rangkul: *ia menangis sambil ==* manéhna ceurik bari silih rangkul
**memeluk** *vt* ngarangkul: *ketika ia datang == ibunya* waktu manéhna datang ngarangkul indungna;
**pelukan** *n* rangkulan: *anak itu tertidur dalam == ayahnya* budak téh saré dina rangkulan bapana

**pe.lu.puh** *n* awi anu dicacag diremekkeun tuluy dibébérkeun, sok dipaké lanté imah panggung: talupuh; palupuh

**pe.lu.puk** *n* talapok; -- **mata** *n* talapok mata

**pe.lu.ru** *n* pélor; barang anu seukeut dijieun tina (beusi, timah, tembaga) paranti ngeusian bedil keur némbak

**pe.ma.li** *n* pantrangan; teu meunang dilakukeun; pamali

**pe.nal.ti** /pénalti/ *n* sépakan hukuman lantaran ngalanggar aturan maén

**pe.na.sa.ran** *a* **1** hayang nyaho pisan; **2** ngarasa henteu sugema; **3** ngarasa kuciwa lantaran dihina; **4** rasa ambek lantaran teu hasil maksud; panasaran

**pe.nat** *a* ngarasa capé tas digawé beurat; teu ngareunah awak lantaran capé; puyeng: *pulang kerja ia merasa* -- balik digawé téh manehna ngarasa capé;
**kepenatan** *n* rasa capé

**pe.na.tu** *n* tukang nyeuseuh jeung ngalicin pakéan jsb; minatu

**pen.cak** *n* ngaran sarupa seni gerak badan pikeun ngabéla diri; penca

**pen.car** *v*, **berpencaran** *vi* nyebar ka mana-mana; henteu ngumpul: *rakyat Indonesia == di seluruh Nusantar*a ra'yat Indonésia nyebar di sakuliah Nusantara
**memencar** *vt* mencar, liar

**pen.cil, memencilkan** *v* mencilkeun; ngajauhkeun diri ti nu séjén: *ia == diri dari pergaulan yg tidak baik* manéhna mencilkeun manéh tina pergaulan anu kurang hadé

**pen.dam, memendam** *vt* **1** pendem; teuteundeunan nu dibuni-buni (biasana dikubur); **2** barang atawa duit anu dikubur ku jalma baheula; **1** tina ngubur: == *mayat* mendem mayit; **3** *ki* nyumputkeun: *dia yg == rahasia pembunuhan* manéhna nu nyumputkeun rasiah rajapati: **4** == *perasaan* nahan parasaan
**terpendam** *vi* kakubur: katutupan: *ia mencari harta == di gunung* manéhna néangan harta anu kakubur di gunung; **2** *ki* tertahan; henteu mekar sakumaha mistina: *cinta* == cinta anu kapendem at katahan; *bakat* == bakat anu henteu dimekarkeun

**pen.dek** /péndék/ *a* **1** deukeut; **2** pondok, henteu panjang: *ia berbaju lengan* -- manéhna maké baju nu tanganna modél pondok; **3** pendek /péndék/; henteu jangkung; **4** sakeudeung (ngeunaan waktu); **5** ringkes; singget (ngeunaan carita jsb); -- *akal* kurang jembar pikiran, élmu pangaweruh jsb; pondok akal; -- *kata* ringkesna; pondokna;
**kependekan** *n* **1** ringkasan; singkatan; **2** pondok teuing: bajunya == bajuna pondok teuing

**pen.de.kar** /pendékar/ *n* **1** jalma anu pinter penca silat nu biasa métakeun pakarang; **2** jalma anu lemah jsb;pahlawan;pamanggul jurit

**pen.de.ta** / pendéta/ *n* **1** pamuka agama (dina agama Hindu at Protéstan); **2** jalma ahli tapa (dina carita baheula): **3** jalma anu geus ninggalkeun kadunyaan supaya jongjon ibadah (Hindu); pandita

**pen.ding** *n* **1** hiasan dada; **2** beubeur nu dijieun tina emas at pérak dikarancang' bénten

**pe.ngan.tin** *n* **1** anyar kawin (dikawinkeun); pangantén; **2** sesebutan ka buhaya anu keur dikemat ku malimna supaya hanjat ka darat

**pe.ngap** *a* karasa eungap (saperti di kamar leutik anu euweuh jandélaan): *kamar itu -- karena tidak berjendela* kamar téh karasa eungap lantaran euweuh jandélaan;
**kepengepan** *n* kaayaan anu eungap

**pe.nga.ruh** *n* daya anu timbul tina barang at jalma anu bisa ngawangun watek, kapercayaan, at perbuatan hiji jalma;
**berpengaruh** *vi* ngabogaan pangaruh; aya pangaruhna: *kerukunan rumah tangga sangat == kepada anak-anak* karukunan rumah tangga kacida mangaruhanana ka barudak; **2** ngawasa: *ia orang kaya yg == dikampung ini* manéhna jalma beunghar anu ngawasa di ieu kampung;
**mempengaruhi** *vt* mangaruhan: *ia pandai == anak buahnya* manéhna pinter mangaruhan anak buahna;
**terpengaruh** *vi* keuna ku pangaruh; kapangaruhan: *anak itu menjadi nakal karena == teman-temannya* budak téh jadi bangor lantaran kapangaruhan ku babaturunana

**peng.gal** *v* **1** penggel; potong; dipenggal dijadikan sababaraha bagian maké panghalang (bilik, témbok, hordéng jsb); **2** peuncit: -- *saja leher pembunuh itu* peuncit baé tukang maéhan téh
**terpenggal** *vt* kapotong (teu dihaja): kapenggel: *pembicaraannya == oleh suara tembakan* omonganana kapenggel ku sora témbakan

**peng.hu.lu** *n* **1** kapala; sesepuh; pupuhu: -- kampung kapala kampung; **2** kapala adat; **3** kapala urusan agama Islam di kabupatén at dikota madya

**pe.nis** /pénis/ oratna lalaki; kontol

**pe.ni.si.lin** /penisilin/ *n* antibiotik anu dihasilkeun ku sababaraha jinis

jamur; obat anu kawilang majur pikeun ngubaran panyakit nular anu disababkeun ku baktéri

**pe.ni.ti** *n* panitik; orlet; jarum paranti nyeumat pita, kembang jsb

**pen.ja.ra** *n* **1** tempat ngerem jalma hukuman; bui; lembaga pemasyarakatan; **2** tempat ngerem nu gélo; panjara
**memenjarakan** *vt* ngasupkeun ka jero panjara; manjarakeun

**pen.ju.ru** *n* pojok. juru; madhab; jurus

**pen.sil** /pensil/ *n* alat paranti nulis atawa ngagambar anu dijieun tina kai jsb di jerona dieusian ka sabangsa areng (paranti nulis); patlot -- **gambar** patlot gambar (warna-warni, keur ngawarnaan gambar)

**pen.si.un** /pensiun/ *n* **1** pagawé negri anu geus dieureunkeun tina pagaweanana kalawan hormat; **2** bayaran (gajih) pagawé anu geus eureun; pangsiun

**pen.tal, terpental** *vi* kapeclengkeun: *anak itu jatuh == dari mobil* budak téh ragrag kapeclengkun tina mobil

**pen.tas** *n* panggung paranti mintonkeun kasenian sandiwara, jsb; podium;
**mementaskan** *vt* maen di panggung; mintonkeun: *besok mahasisiwa sastra akan == drama* isukan mahasiswa sastra rék mintonkeun drama;
**pementasan** *n* proses cara mintonkeun; pagelaran

**pen.ting** *a* **1** utama; poko; penting: *kita harus mendahulukan hal yang lebih* -- urang kudu ngaheulakeun hal anu leuwih poko; **2** gedé gunana; gedé jajénna at mangpaatna: *pelajaran agama -- bagi anak-anak dan kita semua* pangajaran agama gedé mangpaatna keur barudak boh keur urang saréréa
**mementingkan** *vt* leuwih ngutamakeun; mentingkeun: *ia == sanak saudaranya daripada orang lain* manéhna leuwih mentingkeun babarayaanana tinimbang nu séjén;
**kepentingan** *n* kaperluan; kapentingan: *sebaiknya mendahulukan == umum daripada pribadi* hadéna mah ngaheulakeun kaperluan umum tinimbang pribadi

**pe.nuh** *a* **1** pinuh; henteu kosong; eusian nepi ka euweuh tempat nu lowong; **2** *ki* kebek; eusi; lengkep; sampurna: *pidatonya -- dengan*

*nasihat-nasihat* pidatona kebek ku rupa-rupa naséhat; **3** *ki* henteu kurang tina samistina; gembleng: *gajinya dibayar* -- gajihna dibayar gembleng; **4** loba pisan: *di jalan -- orang menonton pawai* di jalan loba pisan jalma nu lalajo pawai

**memenuhi** *vt* **1** ngeusian nepi ka pinuh; minuhan: *penonton* == ruang nu lalajo minuhan rohangan; **2** nyumponan; nedunan: == *permintaan* nyumponan paménta; **3** nyugemakeun: *hasil bimbingan itu == cita-citanya* hasil bimbingan téh nyugemakeun cita-citana; **4** ngajalankeun tugas at kawajiban; ngalaksanakeun: *sebagai suami harus == kewajiban memberi nafkah* kangaranan salaki kudu ngalaksanakeun kawajiban méré nafkah

**pe.pa.tah** *n* paribahasa anu ngandung naséhat at papatah ti kolot;

*tong kosong nyaring bunyinya pb* lodong kosong ngelentrung jalma nu euweuh kanyaho sok loba bohong, gede omong

**pe.pa.ya** *n* ngaran tutuwuhan anu tangkalna uduh, ti jerona molongo, buahna amis;gedang; Curica papaya

**pe.ra.bot (an)** na parabot dapur; barang-barang pangeusi imah (lomari, méja, jsb)

**pe.ra.ga.wan** *n* lalaki anu nyontokeun rupa-rupa modél pakean;

**pe.ra.ga.wa.ti** *n* awéwé anu nyontokeun rupa-rupa modél pakean;

**pe.rah** *v*, **memerah** *vt* meres supaya kaluar caina: == *kelapa* meres kalapa; **sapi** -- sapi anu sok diperes susuna;

**pemerah** *n* jalma anu pagawéanana tukang meres susu sapi

**pe.ra.hu** *n* ngaran tutumpakan dina cai sabangsa kapal leutik, biasana teu maké dék;

-- **layar** parahu anu maké layar;

-- **motor** parahu anu maké mesin

**pe.rak** /pérak/ **1** ngaran logam mulya warna bodas tara tai hiangan sok dijieun perhiasan jsb; **2** ngaran duit anu pangajina sapérak sarua jeung saratus sén

[1]**pe.ram** *v*, **memeram** *vt* meuyeun bubuahan maké dangdaunan supaya téréh asak

[2]**peram**, **berperam** *vi* cicing bae dijero imah teu kaluar-kaluar: *ia == saja di rumah sepanjang hari* manéhna cicing baé di imah sapopoé;
**memeram** *vi* neundeun at nyumputkeun rahasiah, parasaan, jsb: *ia == perasaannya di dl hati* manéhna nyumputkeun parasaanna di jero haté

[1]**pe.ran** *n* **1** tukang maen sandiwara at filem; tokoh: — *utama* tokoh utama; **2** tukang bobodoran
**berperan** *v* maén (minangka): *ia == sebagai tokoh Juragan* manéhna maen minangka tokoh Juragan;
**memerankan** *vi* maén sandiwara; ngalakukeun permaénan sabagé tokoh: *ia == tokoh seorang ibu* manéhna ngalakukeun permaénan sabagé tokoh indung
**peranan** *n* bagian anu dimaénkeun ku salah sahiji pamaén (filem at sandiwara): *ia berusaha bermain baik dl setiap == yg ditugaskan kepadanya* manéhna ngusahakeun maén kalawan hadé dina unggal bagian anu ditugaskeun ka manéhna;
**pemeranan** *n* prosés, cara perbuatan mahamkeun tingkah laku tokoh

[2]**pe.ran** *n* sagala rupa hal anu perlu kapibanda ku jalma anu boga kalungguhan di masyarakat;
**peranan** *n* bagian tina tugas utama anu kudu dilaksanakeun

[3]**pe.ran** n balok (kai) anu ngahubungkeun tihang-tihang imah dina bagian luhur; pamikul

**pe.rang** *v*, **berperang** *vi* **1** silih musuhan di antara dua nagara (bangsa, agama jsb); perang: *kedua negara itu dl keadaan* -- dua nagara éta téh dina kaayaan perang; **2** pertempuran maké senjata antara dua pasukan (tentara,pemberontak); -- **asabat** perang saraf; -- **asap** latihan perang; -- **otrisi** perang maké siasat méakkeun tanaga lawan; -- **batu** perang ngabaledogan lawan; -- *biologis* perang anu ngagunakeun élmu biologi keur tujuan militer (spt nyebarkeun baktéri pikeun ngamusnakeun musuh ku panyakit) -- **dingin** **1** perang teu make senjata; **2** *ki* silih musuhan lantaran papaséaan; — *tanding* perang saurang lawan saurang; -- **hati** *ki* bingung; susah;
**memerangi** *vt* ngalakukeun perang jeung; merangan: *jangan == negara lain* ulah merangan nagara séjén;
**peperangan** *n* perang; pertempuran: *medan ==* médan pertempuran

**pe.ra.ngai** *n* **1** sifat batin manusa anu mangaruhan sakabéh pikiran jeung perbuatanana; watek: -- *manusia sukar diubah* watek manusa hese dirobah; **2** tingkah laku; kalakuan; sikep; budi parangi: -- *anak muda itu terpuji kalakuan pamuda téh matak kapuji;*
**berperangai** *vi* boga kalakuan: *hanya orang yg == baik yg diterima di masyarakat* ngan jalma anu boga kalakuan hadé nu ditarima di masarakat

**pe.rang.kap** *n* **1** alat pikeun ngala beurit, maung, jsb anu biasana dipasang maké eupan; 2 tipu muslihat pikeun ngabobodo batur, sentég (paranti beurit)
**terperangkap** *vi* tigebrus; katangkep: *ia == karena menerima uang sogok itu* manéhna tigebrus lantaran narima duit sogok

**pe.rang.kat** *n* alat perlengkepan: -- **desa** alat perlengkepan désa di antarana sekertaris désa jeung kapala-kapala kampung
**seperangkat** *n* salengkepna

**pe.ran.jat, terperanjat** *vi* ngoréjat; ngarénjag bakat ku reuwas: *ia == melihat pintu rumahnya sudah terbuka* manéhna ngarénjag nénjo panto imahna geus muka

**pe.ran.ti** *n* **1** alat; pakakas; paranti: -- *untuk membuka peti ini hilang* alat pikeun muka ieu peti leungit; **2** bahan: -- *untuk membuat gula adalah tebu* bahan keur nyieun gula nya éta tiwu

**pe.ras** *v*, **memeras** *vt* **1** meres at mencét supaya kaluar caina; **2** *ki* nyokot kauntungan loba ti nu séjén; **3** *ki* ménta duit kalawan ngancam; meres: *penjahat itu == supir angkot* jalma jahat téh meres supir angkot; **4** *ki* migawé pagawéan beurat; toh-tohan: *ia bekerja == keringat untuk menghidupi keluarganya* manéhna digawé toh-tohan pikeun ngabalanjaan kulawargana
**perasan** *n* hasil meres; meunang meres; peresan;
**pemerasan** *n* hal perbuatan meres; pameresan: *kalau begitu caranya itu sudah termasuk ==* lamun kitu carana mah geus kaasup pameresan

**pe.ra.wan** *n* **1** budak awéwé anu geus balég can boga salaki; cawéné; can kungsi dikedengan ku lalaki;
**hutan** — *ki* leuweung cawéné leuweung anu can aya nu ngaga

dabah; can digarap;

**keperawanan** *n* kaparawanan; kasucian at kaaslian parawan

**per.ban** *n* lawon bodas ipis nu baresih paranti mungkus nu raheut; pereban

**per.ba.wa** *n* **1** kaluhuran (budi); daya anu mancer tina sifat luhur (budi): *karena -- pribadinya ia semakin disegani* lantaran ku kaluhuran budina manéhna beuki dipikaajrih; **2** pangaruh (nafsu); -- *hawa nafsunya ia menjadi celaka* pangaruh hawa nafsu manéhna jadi cilaka

**per.ca.ya** *n* **1** yakin bener; **2** jelas kalawan nyata; **3** ditarima yén éta hal téh memang bener; 4 pasti

**memercayai** *vt* **1** nganggap bener at nyata: **2** nganggap yén éta jalma téh jujur, henteu jahat jsb; mercayakeun:

*dosen itu == asistennya memberi kuliah* dosén téh mercayakeun asisténna méré kuliah

**kepercayaan** *n* **1** anggapan at kayakinan bahwa anu dipercayana téh bener at nyata: *aliran == itu bukan agama* aliran kapercayaan mah lain agama; **2** hal anu dipercaya: *perbuatannya bisa menghilangkan == orang lain* perbuatanana bisa ngaleungitkeun kapercayaan batur; **3** harepan jeung kayakinan (kajujuran jeung kahadéanana): *pemimpin seharusnya menjadi == rakyat* pamingpin sakuduna jadi kapercayaan jeung harepan ra'yat

**per.cik** *n* mancur; sembur; semprot (ngeunaan cai)

**memercik** *vt* mancur; cai anu nyembur ka mana-mana: *air == membasahi dedaunan* cai mancur ngabaseuhan dangdaunan;

**percikan** *n* titik-titik cai anu disemprotkeun

**per.cu.ma** *a* euweuh gunana; percuma; -- mubadir; *sembahyangnya kalau suka mengumpat orang* percuma salatna lamun masih sok ngomongkeun batur mah

[1]**per.da.na** *n* bendahara; nu dipercaya nyekel duit

[2]**per.da.na** *adv* mimiti pisan: **panggung** -- pintonan anu mimiti pisan; kakara sakali harita; -- **mentri** ketua mentri (kabinét)

**per.du** *n* **1** ngaran sarupa tutuwuhan leutik pendék loba dahan-dahanna; **2** rungkun (biasana pendék, contona sadagori, kacapiring, téh-téhan jsb)

**per.gi** *v* **1** leumpang (maju); indit: *ia -- ke dapur* manéhna indit ka dapur; **2** ninggalkeun (tempat, jsb): *ia sudah -- dari sini* manéhna geus indit ti dieu; **3** *ki* maot: *ia telah -- meninggalkan kita* manéhna geus maot ninggalkeun urang;
**berpergian** *vi* indit-inditan; nyanyabaan: *pada hari libur banyak orang yg == ke luar kota* dina poé liburan loba jalma nu nyanyabaan ka luar kota
**kepergian** *n* **1** hal indit; **2** *ki* maot: *ia menangisi == anaknya ke alam baqa* manehna nyeungceurikan anakna nu maot ka kalanggengan

**per.gok, memergoki** *vt* nganyahoankeun (kalawan teu dihaja): *ia yg == orang itu sedang mencuri* manehna anu nganyahoankeun éta jalma keur maling

[1]**pe.ri** *n* **1** hal; sifat; kaayaan; perihal: *-- cerita anak-anak* perihal carita barudak; 2 cara ngalakukeun; laku; tingkah laku: *watak manusa bisa diungkapkan dari -- nya* sifat manusa bisa disawang tina tingkah lakuna; **3** kajadian ; peristiwa: *bila kelak ada sesuatu -- janganlah menyesal* lamun jaga aya kajadian nanaon ulah kaduhung — **kehidupan** kaayaan kahirupan; -- **kemanusiaan** sifat-sifat kamanusiaan

[2]**pe.ri** *n* ucap; omong; ngucapkeun; nyarita: *bukan bêta bijak ==* lain kuring pinter nyarita (teu ngakukeun pinter);
**memerikan** *vt* ngomong; ngucapkeun; ngagambarkeun: *ia senang membaca buku cerita yg == perjuangan* manéhna resep maca buku carita anu ngagambarkeun perjoangan; **2** ngabahas; ngadadarkeun: *skripsi ini == cerpen* ieu skripsi ngabahas carita pondok;
**terperikan** *vi* kaucapkeun; diucapkeun: *sedih hatinya tidak ==* haténa sedih teu bisa diucapkeun;
**pemerian** *n* **1** penjelasan (ngeunaan sifat, kaayaan, hal); gambaran: *laporan penelitian biasanya disertai == masalah* laporan panalungtikan biasana maké penjelasan masalah; bahasan unsur-unsurna; **3** katerangan
**pe.ri.gi** *n* sumur; parigi; sumber cai (cai nyusu), jsb: *— itu airnya jernih sekali* sumur téh caina hérang pisan

**pe.ri.hal** *n* **1** kaayaan; **2** hal; peristiwa; perihal; kajadian; ngeunaan: *ia bermaksud akan menguruskan -- warisan* manéhna boga maksud rék nguruskeun kaayaan warisan

**pe.rik.sa** *v* pariksa; **1** parios: ***hasil ujian belum sempat saya*** -- hasil ujian téh can kabeh dipariksa

**memeriksa** *vt* mariksa; == *skripsi memerlukan kecermatan* mariksa skripsi merlukeun katalitian

**pemeriksa** *n* **1** jalma anu mariksa; **2** hasil mariksa; **3** pamaluruhan; panalungtikan

**pe.ring.kat** *n* tingkat; kelas: -- *pertama kita harus bersiap-bersiap dulu* tingkat ka hiji urang kudu tatahar heula

**pe.rin.tah** *n* **1** paréntah; *rakyat harus menurut akan -- raja* ra'yat kudu nurut kana paréntah raja; **2** aba-aba; komando; **3** aturan anu jolna ti luhur sarta kudu diturut: *ia membacakan surat -- itu dl rapat* manéhna nu maca surat aturan dina rapat téh

**memerintah** *vt* **1** maréntah; nitah ngalakukeun hiji hal: *tak ada seorang pun yg berani == dia* euweuh saurang ogé nu wani nitah ka manéhna; **2** ngawasa; ngurus; ngolah: ***pemimpin yg baik adalah yg pandai ==rakyat*** pamingpin nu hadé nya éta anu bisa ngurus rahayat;

**memerintahkan** *vt* nitah nu séjén ngalakukeun hiji hal; maréntahkan: ***komandan == pasukan mundur*** komandan maréntahkeun supaya pasukan mundur

**pemerintah** *n* **1** sistem ngajalankeun wewenang jeung kakawasan ngatur kahirupan sosial, ékonomi, politik hiji nagara at bagian-bagianna; pamarentah; **2** sakolompok pamingpin nagara anu baba rengan manggul tangung jawab (pikeun ngagunakeun kakawasaan); **3** badan nu pangluhurna nu marentah nagara (kabinét minangka pamaréntah)

**pe.ri.o.de** /periodé/ *n* lilana waktu; mangsa: *novel Sunda lahir pada -- pertama dari awal sastra Sunda modern* novel Sunda medal dina mangsa kahiji tina awal sastra Sunda modéren

**pe.ri.sai** *n* alat pikeun nyalametkeun diri tina sanjata lawan (aya nu dijieun tina kai, kulit, beusi jsb); tameng; **2** beusi at waja ipis (dina mariem (lapisan luar); **3** *ki* jalma (nu sejen) nu dipaké nutupan at ngahalangan diri (tina kasalahan, serangan, tudingan, jsb);

**per.is.ti.wa** *n* **1** kajadian (hal, perkara, jsb):-- *yang luar biasa menarik* perhatian kajadian anu luar biasa, narik perhatian; **2** dina hiji kajadian (biasa dipaké dina ngamimitian ngadongéng); -- sejarah kajadian sajarah anu lumangsung di masarakat

**pe.ri.uk** *n* alat paranti masak (ngaliwet, mindang, jsb)dijieun tina taneuh at logam); kastrol: *besar -- besar kerak pb* beuki tambah gedé panghasilan beuki tambah gedé pangaluaran

**per.ka.kas** *n* sagala rupa alat nu bisa dipaké (rumah tangga, dapur, perang, jsb); pakakas; parabot

**per.ka.ra** *n* **1** masalah; pasualan; problém: *ini hanya -- kecil saja* ieu mah ngan sakadar pasualan leutik; **2** urusan (anu perelu diréngsékeun at diuruskeun): *ia terlibat -- dgn polisi* manehna kabawa urusan jeung polisi; **3** tindak pidana: *ia ditahan karena -- pembunuhan* manéhna ditahan lantaran tindak pidana maténi; **4** ngeunaan hal: *sudahlah -- yg sudah-sudah jangan disebut-sebut lagi* geus baé ngeunaan nu enggeus-enggeus mah ulah disebut-sebut deui
**berperkara** *vt* boga perkara at urusan: *pada waktu ini ia sedang == dgn polisi* dina waktu ieu manéhna keur aya urusan jeung polisi

**per.ka.sa** *a* **1** kuat kalawan wani; gagah tur lébér wawanén: *Sangkuriang pemuda — di tanah Sunda* Sangkuriang pamuda nu gagah tur lébér wawanén di tanah Sunda; **2** kuat kalawan ngawasa; murbawisésá; hebat: *raja-raja jaman dahulu memerintah dgn --* raja-raja jaman baheula maréntah kalawan hébat;
**keperkasaan** *n* **1** perihal gagah perkosa; kagagahan **2** kakuatan; kakawasaan; kakerasan

**per.lu** *adv* **1** kudu; lem kedah; perelu: *kamar ini -- dibersihkan* ieu kamar kudu dibersihan; **2** penting: *ia datang ke sini ada --* manéhna datang ka dieu téh aya penting; **3** butuh: *saya -- uang* kuring butuh duit; **4** pikeun: *ia pergi -- menguruskan barang-barang dagangannya* manehna indit pikeun nguruskeun barang-barang daganganana;
**memerlukan** *vt* **1** nganggap perelu; merelukeun: *ia == datang ke rumahnya* manéhna merelukeun datang ka imahna; **2** mentingkeun; ngutamakeun: *sebelum mengurus orang lain harus == anak istri dulu* saméméh ngurus batur kudu mentingkeun anak pamajikan heula; mikabutuh: *sudah pasti kita selamanya == makanan* geus pasti salawasna urang mikabutuh dahareun;
**keperluan** *n* **1** kapentingan: *kita harus menjaga kebersihan untuk == bersama* urang kudu ngajaga kabersihan pikeun kapentingan saréréa; **2** kabutuh; pangabutuh;*bulan ini banyak sekali == yg mendadak* bulan ieu mah loba pisan kabutuh anu ngadadak

**per.ma.da.ni** *n* alketip; karpét (biasana maké kembang-kembang)

**per.mai** a alus; éndah; lem; saé: *pemandangan yg* -- pamandangan anu éndah

**per.ma.su.ri** *n* istri raja; pawarang

**per.mak** v **memermak** *vi* **1** ngarombak (pakéan) supaya bisa dipake deui: *ia == baju yg kebesaran* manehna ngarobah baju anu kagedéan teuing; 2 ngarobah tina kaayaan nu heubeul jadi model anyar; **3** *ki* nyiksa

**per.mi.si** *n* **1** idin: *saya sudah minta -- dua hari* kuring geus ménta idin dua poé; **2** pamit: *sebelum pulang harus -- dulu* saméméh balik kudu pamit heula; **3** punten: *kalau lewat ke hadapan orang harus menyebut* -- lamun ngaliwat ka hareupeun jelema kudu nyebut punten

[1]**per.nah** *adv* **1** geus ngalaman; kungsi ngalaman: *ia -- pergi ke luar negri* manéhna kungsi ngalaman ka luar negri;**2** sakapeung; kadang-kala: -- *ada juga orang yg tidak bersalah di hukum* kadangkala aya ogé jalma nu teu salah dihukum; **3** henteu baé; teu daék: *yg ditunggu tak -- datang* nu didagoan téh teu daek datang

[2]**per.nah** *n* **1** nuduhkeun lebah-lebahna tempat: -- *nya di mana* di mana lebah-lebahna; **2** hubungan kakulawargaan; pernah: *anak itu -- paman dgn ayah saya* éta budak pernah mamang jeung bapa kuring

**pe.ro.sok, terperosok** *v* **1** labuh tigebrus kana lombang; tiporos; **2** *ki* asup kana kaayaan anu matak hésé

**per.sa.da** *n* **1** lanté anu leuwih luhur paranti calik raja at gegedén; **2** taman paranti senang-senang; 3 lemah cai; ibu pertiwi

**per.se.kot** *n* **1** mayar sawaréh saméméh lunas; panjer; **2** mayar gajih pagawé at komisi saméméh waktuna

[1]**per.sen** / persén/ *n*, **persénan** *n* hadiah; ganjaran

[2]**per.sen** /persén/ *n* perseratus (%): *ia harus membayar bunga 5 -- (5%)* manehna kudu mayar bunga lima persén (5%); **persenan** *n* diitung nurutkeun % (perseratus)

**per.sen.ta.se** /perséntase/ *n* 1 bagian tina sagembengna; angka persén (perseratus)

**per.sep.si** /persépsi/ *n* **1** prosés mikir pikeun kanyaho kana sababaraha hal maké pancaindrana; **2** pandangan at sawangan sacara langsung

**per.se.tan** /persétan/ *n* jahanam; teu paduli kana larangan; mangsa bodo: -- *aku akan pergi* mangsa bodo, kuring rék indit

**per.sis** *a* **1** bener; pas; pasti; **2** sarua sarupa; **3** panceg: *sekarang jam dua belas* — ayeuna jam duabelas panceg

**per.so.na.lia** *n* **1** urusan anu tumali jeung jelema (pagawéan, pangumuman, jsb); **2** hiji bagian di kantor anu nguruskeun kapagawéan

**per.so.ni.fi.ka.si** *n* gaya basa anu mijalma (saperti jalma); perlambang: *suara angin berbisik* -bisik sora angin ngaharéwos

**per.spek.tif** /perspéktif/ *n* cara ngagambar hiji barang sakumaha anu katénjo ku panon (panjang, lebar jeung jangkung)

**per.ta.ma** *num* **1** anu kahiji; **2** anu mimiti; anu pangheulana; **3** anu utama; penting; **4** langkung ti payun: -- *saya mohon maaf* langkung ti payun abdi nyuhunkeun dihapunten

**per.tan.da** *n* **1** tanda-tanda; **nandakeun**: *langit mendung -- hari akan hujan* langit ceudeum tanda-tanda rék hujan; **2** lagojo; tukang maéhan jelema

**pe.rung.gu** *n* gangsa; tambaga dicampur jeung timah bodas

**pe.rut** *n* **1** beuteung; patuangan; **2** *ki* rahim; kandungan; **3** *ki* makanan; rezeki

[1]**per.wi.ra** *n* **1** anggota tentara anu pangkatna saluhureun bintara; **2** pahlawan

[2]**per.wi.ra** *a* **1** gagah tur wani; gedé haté lébér wawanén: -- *muda itu gugur di medan perang* pamuda nu gagah tur wani téh maot di médan perang

**pe.san** *n* **1** naséhat; amanat anu kudu ditepikeun ku nu séjén; paménta (ménta dikirim jsb); 3 omongan anu panungtungan; wasiat;
**berpesan** *vi* nitah nepikeun amanat; ngaamanatan; méré amanat: *sebelum berangkat ia == kepada istrinya* saméméh indit manéhna méré amanat ka pamajikanana; **2** méré naséhat: *ibunya == kepada anaknya* indungna méré naséhat ka anakna;

**memesan** *vt* **1** mesen (barang, nasèhat, jsb); **2** ménta: *ia == kain panjang* manéhna ménta samping kebat;
**pesanan** n barang anu dipesen

**pe.sat** *a* **1** gancang pisan;' tarik pisan: *pesawat itu terbang dgn -- nya* kapal udara téh ngapung kalawan tarikpisan; **2** maju (naker) kalawan gancang: *perusahaan itu bertambah --* éta pausahaan téh tambah maju;
**kepesatan** *n* kamajuan kalawan gancang

**pe.si.mis** /pésimis/ *a* sifat pikiran anu ngandung harepan goréng; leutik haté; salempang; sieun kitu sieun kieu; jalma anu sok ipis harepan: *ia merasa -- mengahadapi ujian sipenmaru* manéhna ngarasa leutik haté nyanghareupan ujian sipenmaru

**pe.so.na** *n* **1** daya tarik: *senyumnya penuh --* imutna matak kairut; **2** jampé pamaké; mantra;
**mempesona** *vi* matak moho anu nénjo: *kecantikan putri itu ==* kageulisan putri téh matak moho anu nénjo

**pes.ta** /pésta/ *n* kariaan; **berpesta** *vt* sukan-sukan bari disuguhan

**pes.ti.si.da** /péstisida/ *n* zat anu ngandung racun pikeun maéhan hama

**pe.ta** /péta/ *n* lukisan at gambar dina kertas ngeunaan tempat (darat, laut. walungan, gunung, pasawahan, jsb)

**pe.tak** /pétak/ *n* **1** bagian rohangan anu dipenggel; kotak; **2** kamar; **3** sawah anu diwatesan ku galengan (sapétak); **4** imah bédéng

**pe.tang** *n* waktu sanggeusna wayah lohor; pasosoré; wayah asar

**pe.ta.san** *n* merecon (lamun diseungeut sok ngabeledug)

**pe.ti** *n* kotak anu maké tutup (tina kai, beusi,jsb); -- **besi** peti anu dijieun tina beusi; -- **jenazah** peti paranti mayit; -- **kemas** peti anu dipaké pikeun ngawadahan barang-barang anu rék dikirimkeun supaya ulah ruksak; -- **uang** peti paranti neundeun duit

**pe.tik** *v* **memetik** *vt* ngala ku cara miteskeun gagangna (kembang, buah, jsb); metik;

**petikan** *n* **1** nukilan (meunang nurun); cutatan; **2** hasil metik; beunang metik; **3** alat pikeun metik

**pe.tir** *n* gelap, sok disada ngabeledug di awang-awang lantaran muatan listrik dina méga (+) diadu jeung méga anu mutan (-)

**pe.tis** *n* kadaharan anu dijieun tina udang seger dikulub ku cai sapu nepi ka kentel, dibungbuan, tuluy dibanjurkeun kana tahu, jsb

**pe.ti.si** *n* (surat)permohonan (paneda) resmi ka pamaréntah

**pet.ro.ki.mi.a** /pétrokimia/ *n* bahan kimia anu dijieun ti na pétroleum at gas alam

**pet.ro.maks** /pétromaks/ *n* lampu patromak anu sumbuna maké kaos, dihurungkeunana maké spértus, bahan bakarna maké minyak tanah

**pe.tu.ah** *n* **1** pamadengan ngeunaan masalah agama Islam; pituah; **2** naséhat para ulama anu ngandung pangajaran anu hadé
**berpetuah** *vt* méré naséhat; méré pituah

**pi.a.gam** *n* **1** surat (tulisan dina batu, tambaga, jsb) resmi anu eusina pernyataan méré hak, tanah jsb at pernyataan ngeunaan hiji hal at ikrar; **2** ijazah; sartifikat; **3** panghargaan; layang pangajén

**pi.a.lang** *n* perantara tina jual beuli; makelar

**pi.a.ma** *n* pakéan parnati saré at di imah (calana panjang) biasana gombrang

**pi.a.ra** *v* piara; **dipiara** diurus
**memiara** *vt* miara; ngurus: *saya -- ayam* kuring miara hayam;
**piaraan** *n* **1** hasil miara; **2** anu dipiara; **3** *ki* awéwé bangor anu dipiara teu dikawin

**pi.as** *n* lajur anyaman dina samak pandan

**pi.a.wai** *a* **1** pinter; mampu; rancagé; **2** bener (ngeunaan timbangan); **3** adil (ngeunaan putusan)

**pi.cik** *a* heureut (ngeunaan pangaweruh, pandangan, pikiran, jsb): *pikirannya sangat --* pikiranana heureut pisan

**pi.cu** *n* ceklékan (dina bedil) anu sok diceklékkeun ku curuk dina waktu némbak

**pi.da.to** *n* **1** nyarita di hareupeun jalma réa, at ngadadar hiji pasualan politik, ékonomi, agama, jsb; biantara;

**berpidato** *vi* ngucapkeun pidato

**pig.men** /pingmén/ *n* zat warna dina badan manusa, héwan jeung tutuwuhan

**pig.men.ta.si** /pigméntasi/ *n* prosés ngawangun pigmén at warna; *sinar matahari dpt menyebabkan -- pd kulit* sinar panonpoé bisa nyababkeun robahna warna kana kulit

**pi.gu.ra** *n* gambar at lukisan anu sok diterapkeun dina bilik at dingding témbok

**pi.hak** *n* **1** sisi (anu sabeulah); bagian: -- *atas* bagian luhur; -- *bawah* bagian handap; **2** jurusan; madhab: *angin datang dari segala* -- angin datang ti unggal madhab; **3** gologan; partéy: **-- *yang mempertahankan pendapat itu*** golongan anu mertahankeun éta pamadegan; **4** dina hal; ngeunaan: *pada -- agama mereka itu bersikap netral* dina hal agama maranéhna téh ngabogaan sikep nétral; **5** jalma anu kaasup dina hiji lingkungan jeung kapentingan; kalangan; lingkungan: *di -- orang-orang pintar umumnya tidak berpikir picik* di **lingkungan** jalma-jalma anu palinter cara mikirna téh henteu heureut; **6** jalma anu ngadorong at mantuan; golongan: *terima kasih kepada semua -- yg telah memberi bantuan* hatur nuhun ka sadayana anu mantuan;

-- **kesatu** *n* jalma pengheulana disebut msl dina perjangjian; jalma anu kahiji;

-- **kadua** *n* jalma anu disebut sanggeusna pikah kahiji (dina perjangjian);

-- **ketiga** *n* jalma séjén anu teu milu (dina perjangjian); jalma luar anu euweuh tumalina jeung éta hal at urusan;

**berpihak** *v*, **memihak** *vt* milu ka salah sahiji pihak; mihak: *saya tidak == kepada mereka* kuring henteu mihak ka maranéhna;

**sepihak** *n* **1** sapihak (sisi); **2** sabeulah pihak: *surat perjanjian itu merugikan ==* surat perjangjian téh ngarugikeun sabeulah pihak

**pi.jak, berpijak** *v* nincak; nangtung dina: *kaki serasa tidak -- di tanah* rarasaan téh asa nincak asa henteu, *pb* satengah teu éling tina bakat ku sedih at susah;

**memijakkan** *vt* nincakkeun: *ia masuk == kakinya di atas permadani yg indah itu* manéhna asup nincakkeun sukuna dina permadani anu kacida alusna

**pi.jar** *n* **1** sinar seuneu anu beureum semu konéng sarta mura ku lantaran panas at kabeuleum; hurung; **2** sinar (logam) anu dipanaskeun;
**berpijar** *vi* mancerkeun cahaya (tina logam anu dipanaskeun) at dibeuleum: *besi yg dibakar lama-kelamaan jadi ==* beusi anu dibeuleum lila-lila jadi mancerkeun cahya beureum semu konéng

**pi.jit** *v* pencét teken: -- *belnya* pencét bélna;
**memijit** *vt* mencét; ngurut; neken: *ia pandai ==* manéhna pinter ngurut

[1]**pi.kat** *n* lalcur gedé anu sok nyeuseup getih kuda at munding: *spt -- kehilangan mata, pb* bingung teu puguh

[2]**pi.kat** *v*, **memikat** *vt* **1** ngeupanan manuk ku manuk deui supaya nyampeurkeun; mikat: *== burung perkutut* mikat manuk tikukur; **2** ngolo; ngabibita (ka nu meuli at nu lalajo): *étalase itu sangat == pembeli* étalase téh matak kabita nu meuli;
**terpikat** *vi* **1** keuna ku pamikat; **2** kapincut; kagémbang; kagoda: *ia == oleh seorang janda kaya* manéhna kagémbang ku randa beunghar

**pi.ket** /pikét/ *n* **1** jaga peuting di kantor; **2** wajib datang kapagawéan (ti (beurang) anu tugasna ngabingbing mahasiswa jsb; **3** anggota tentara anu kabagian ngadaptarkeun tamu nu rék aya perlu ka komandan; **4** jaga at tugas di sekertariat (dharma wanita)

**pi.kir** *n* **1** akal budi; ingétan; angen-angen: ***ahli*** -- tukang mikir; ahli filsafat; **kurang** -- kurang menggunakan akal budi at kurang mertimbangkeun kalawan hadé; **banyak** -- loba pikiran; *tak habis --* teu kaharti ku naon nepi ka kitu; **2** omongan nu teu diucapkeun di jero haté; **3** pamadegan (pertimbangan); sangkaan; sugan: *saya -- dia yg salah* sugan téh manéhna nu salah;
**berpikir** *v* ngagunakeun akal pikeun mertimbangkeun hiji hal; nimbang-nimbang dina ingétan; mikir;
**memikirkan** *vt* **1** néangan akal pikeun ngaréngsékeun hiji hal; mikiran: *ia sakit karena == anaknya yg hilang* manéhna gering lantaran mikiran anakna nu leungit; **2** inget kana: *hatinya sedih bila == kejadian itu* haténa sedih lamun inget kana éta kajadian; **3** mentingkeun (sorangan, jsb); ngutamakeun (sorangan jsb): *jangan suka == diri sendiri* ulah sok mentingkeun keur sorangan; **4**

merhatikeun: *ia tidak == kritik yg ditujukan terhadap dirinya* manéhna teu merhatikeun kritik anu ditujukeun ka dirina;

**pikiran** *n* **1** hasil mikir: *karya itu adalah buah == nya* éta karya téh mangrupa hasil mikir manéhna; **2** akal; ingétan: *manusia diberi == lebih tinggi daripada hewan* manusa dipasihan akal leuwih luhur ti sato; **3** akal (dina harti daya upaya); cara; jalan: *tiba-tiba ia mendapat == untuk menolong anak itu* ngadak-ngadak meunang jalan pikeun nulungan éta budak; **4** angen-angen; unek-unek: *ia ber == ingin ke luar negri* manéhna boga angen-angen hayang ka luar negri; **5** niat; maksud: *saya berkata begitu tidak ada == jahat* kuring ngomong kitu téh henteu ngabogaan maksud jahat;

**pemikir** *n* jalma ahli mikir, pinter sarta hasil pikiranana bisa dimangpaatkeun ku jalma réa; filsuf;

**pemikiran** *n* prosés cara mikir; dipikiran: *masalah itu cukup rumit perlu == yg serius* éta masalah téh kaasup rumit perlu dipikiran kalawan daria

**pik.nik** *v*, **berpiknik** *vi* indit ka hiji tempat pikeun senang-senang, biasana méré bekel kadaharan jsb; piknik; jalan-jalan: *minggu depan kita == ke Taman Mini* minggu hareup urang jalan-jalan ka Taman Mini

**pi.kul** *n* **1** babawaan anu dipanggul dina taktak; **2** tanggung (an): *membawa* barang itu harus di -- mawa barang t´'h kudu di tanggung; 3 ukuran beurat (= 62,5 kg);

**memikul** *vt* nanggung: *ia == kayu bakar* manéhna nanggung suluh;

**pikulan** *n* tanggungan (barang): *berapa pikulan barang yg dimasukkan ke gudang itu?* sabaraha tanggungan barang anu diasupkeun ka gudang téh?; **2** tanggungan; kawajiban: *anak istri menjadi == suami* anak pamajikan téh jadi kawajiban salaki; 3 hasil nanggung; 4 barang anu ditangung

**pi.kun** *a* geus kolot pisan (jelema) pikiranana geus balik deui ka budak, pohoan, jsb; pikun: *pada umumnya orang yg berusia 90 tahun sudah* -- umumna jalma nu umurna 90 taun mah geus pikun

**pi.lah** *v*, **memilah** *vt* ngabagi; misah (keun): *jangan == perhatian kepada perempuan lain* ulah ngabagi perhatian ka awéwé séjén

**pi.lih** *v*, **memilih** *vt* néangan anu cop kana haté ti antara barang leuwih ti

hiji; milih: *murid kelas enam sedang == calon ketua kelas* murid kelas genep keur milih calon ketua kelas;
**terpilih** *v* geus dipilih; kapilih: *adikku == mejadi calon ketua kelas* adi kuring kapilih jadi calon ketua kelas;
**pemilih** *n* **1** jalma anu milih; **2** alat pikeun milih; **3** taliti teuing dina milih (kitu salah kieu salah, teu kapaké); pipilih: *ah, == benar orang itu* ah, pipilih pisan jalma téh;
**pemilihan** *n* cara proses milih; pamilihan: *dua tahun lagi akan dilancarkan == umum* dua taun deui bakal dilaksanakeun pamilihan umum

**pi.lin** *n* puter; gulung; golong (biasana kawat, tali jsb anu panjang): *coba -- dulu kawat itu* cing gulungan heula kawat téh;
**memilin** *vt* **1** ngagulungan; ngagolongan (tali, kawat, jsb); **2** mules; murilit asa diputer (nyeri beuteung); **3** muterkeun; ngajéwér ceuli: *jangan suka == kuping anak* ulah sok ngajéwér ceuli budak

**pi.lu** *a* ngarasa kacida sedihna; sedih pisan: *hatiku -- mendengar kisah itu* haté kuring kacida sedihna ngadéngé éta carita téh;
**memilukan** *vt* matak sedih; pikasediheun; matak nyeri: *penderitaan yg == hati* kasangsaraan anu matak pikasediheun

**pim.pin** *v*, **memimpin** *vt* **1** nungtun; ngabingbing; mingpin: *== rakyat* mingpin ra'yat; **2** ngurus; jadi ketua; nyesepuhan: *ia sedang == rapat* manéhna keur nyesepuhan rapat;
**terpimpin** *vi* bisa dipingpin; diatur: *demokrasi ==* démokrasi nu dipingpin;
**pimpinan** *n* hasil mingpin; bingbingan: *berkat == nya anak itu lulus ujian* berkah hasil bingbingan anjeunna budak téh lulus ujian
**kepemimpinan** *n* hal mingpin; kapamingpinan: *seorang pemimpin harus tahu ==* pamingpin mah kudu nyaho hal mingpin

[1]**pi.nang** *n* ngaran tutuwuhan saperti kalapa, buahna paranti nyeupah; mayangna sok dipaké sarat. Areca Catechu; jambé; jebug
**peminang** *n* wadah seupaheun

[2]**pi.nang** *v*, **meminang** *vt* ngalamar budak awéwé anu rék dijieun pamankan; nanyaan: *jejaka itu == adikku* jajaka téh ngalamar adi kuring;
**pinangan** *n* lamaran: *== itu ditolak* lamaran téh ditolak

**pin.cang** *a* cingked teu bisa leumpang bener lantaran sukuna pondok sabeulah at pateuh;
**kepincangan** *n 1* hal at kaayaan cingked; **2** *ki* henteu sabanding; aya nu kurang

[1]**pin.da** *v*, **meminda** *vt* ngahadéan; mariksa; ngarobah
**pindaan** *n* **1** hasil at cara ngahadéan; **2** anu dihadéan; mariksa: *ibu guru sedang == hasil ulangan* ibu guru keur mariksa ulangan

[2]**pin.da** *v*, **meminda** *vt* nyonto; nurun; nulad: *dilarang == karangan orang lain* teu meunang nurun karangan batur

**pin.dah** *v* ganti tempat matuh at diuk jsb; pindah: *ia sudah -- dari sini* manéhna geus pindah ti dieu;
**berpindah** *vt* pindah; ganti tempat;
**memindahkan** *vt* **1** mindahkeun (tempat jsb): *saya yg -- meja itu* kuring anu mindahkeun méja téh; **2** narjamahkeun: *tidak mudah == bhs daerah ke dl bhs Indonesia* henteu babari narjamahkeun basa daerah kana basa Indonesia téh; **3** nularkeun (panyakit). népakeun: *nyamuk dapat == penyakit* reungit bisa népakeun panyakit

**ping.gan** *n* **1** ngaran wadah saperti mangkok tina beling (paranti kolek jsb); 2 piring alas (paranti dahar)

**ping.gang** *n* **1** bagian awak antara iga jeung bobokong; *buah --ginjal*; -- **biola** *ki* cangkéng anu lenggik at dengkéng; -- **gunung** lamping gunung

**ping.gir** *n* sisi: -- **jalan** sisi jalan; -- **kota** sisi kota;
**pinggiran** *n* **1** wewengkon anu di sisi; pakampungan; padusunan; **2** bagian sisi samping at lawon

**ping.gul** *n* birit; **1** imbit; bagian awak beulah tukang handapeun cangkéng

**pi.ngit** *v*, **berpingit** *vi* cicing at ngurung diri di jero imah teu meunang ka luar (parawan anu rék dikawinkeun); pingit: *calon pangantin itu sedang == di kamar* calon pangantén téh keur dipingit di kamar;
**pingitan** *n* **1** jalma anu dipingit; **2** tempat paranti mingit

**ping.san** *v* teu éling; teu sadar; kapiuhan; kapidara

**pin.jam** *v*, **meminjam** *vi* maké barang anu batur keur saheulaanan; nginjeum: *ia == buku* manéhna nginjeum buku;

**peminjam** *n* jalma anu nginjeum: *semua == buku perpustakaan harus mengembalikan* sakur nu nginjeum buku perpustakaan kudu mulangkeun;

**pinjaman** *n* barang anu diinjeumkan: *uang == itu biasanya memakai bunga* duit diinjeumkeun téh biasana maké rénten

**pin.ta** *n*, **permintaan** *n* paménta; peneneda; panuhun;

**meminta** *vt* nyarita ka batur hayang dibéré barang at pitulung; neda; ménta: *anak itu == uang* budak téh ménta duit;

**peminta** *n* jalma anu sok ménta; tukang ménta; nagih (iuran jsb)

**peminta-minta** *n* jalma anu baramaén; jajaluk;

**permintaan** *n* paménta; peneneda;== *saya dikabulkan* paménta kuring téh dikabul

**pin.tal** *v*, **memintal** *vt* muterkeun (tali, benang jsb); murilit; muntir; mintal: *ia sedang == benang untuk menenun* manéhna mintal benang keur ninun;

**pemintalan** *n* **1** prosés, cara mintal; **2** tempat (alat, jsb) paranti mintal

**pin.tar** *a* **1** pinter; henteu bodo: *mahasiswa yg -- mendapat beasiswa* mahasiswa anu pinter meunang béyasiswa; **2** loba akalna: *kancil lebih -- daripada buaya* peucang leuwih pinter batan buhaya; **3** maher; bisa: *ia sudah -- membuat baju sendiri* manéhna geus bisa nyieun baju sorangan;

**kepintaran** *n* **1** kapinteran; kabisa; **2** kamahéran; kaahlian

**pin.tas, memintas** *vt* **1** maké jalan anu pangdeukeutna; **2** motong at nyela omongan batur: *kalau orang lain sedang bicara jangan ==* lamun batur keun nyarita ulah sok nyela; **jalan** -- jalan motong ngarah deukeut; potong kompas;

**pintasan** *n* jalan motong; jalan anu leuwih deukeut; 2 paranti meuntas: *jalan == ke kampus itu sudah selesai dibangun* jalan motong ka kampus téh geus anggeus;

**sepintas** *adv* **1** saliwat; salangkung *1*; *2* ngan sakeudeung; **3** henteu soson-soson; henteu daria; henteu diteuleuman leuwih jero: *makalah ini hanyalah -- mengenai sastra* ieu makalah ngan saukur saliwat ngeunaan sastra

**pin.tu** *n* **1** panutup lawang imah, pager, jsb paranti ka luar ka jero; nu bisa dibuka jeung dipeundeutkeun; panto; **2** palang jalan (paranti nutup jalan) teu meunang ngaliwat; **3** palang jalan (husus karéta api); **4** *ki* jalan:
-- **rahmat** jalan rahmat; -- **gerbang** gapura; lawang;
-- **jendela** papan jendéla; -- **keluar** panto husus paranti kaluar;
-- **masuk** panto husus paranti asup; -- **kubur** *ki* liang kubur;
-- **mati** panto anu teu bisa dibuka; -- **monyet** panto anu daunna dua;
-- **rezeki** sumber kahirupan

**pi.pa** *n* **1** ngaran barang anu buleud panjang sarta molongo ti jerona; **2** padudan, paranti udud

**pi.pet** /pipét/ *n* sarupa pipah leutik tina gelas anu congona leutik pisan paranti ngeceran panon (dipeureuh)

**pi.pi** *n* bagian beungeut kenca katuhu antara palipisan, ceuli jeung gado; *l* damis

**pi.pih** *a* **1** ipis rata, gépéng; **2** péngék; demés (ngeunaan irung): **cacing** -- cacing gépéng at cacing pita; **hidung** -- irung demés;
**memipihkan** *vt* neken, mencét supaya gépéng; ngagépéngkeun: == **besi** ngagépéngkeun beusi; -- **adonan kue** ngagépéngkeun adonan kuéh

**pi.ra.mi.de** *n* wawangunan tina batu winangun krucut (siga aseupan) tempat neundeun mumi (mayit) raja-raja Mesir jaman baheula; -- **baku** wangun susunan naskah berita anu mangrupa bahasan kronologis (nurutkeun urutan waktu); -- **terbalik** wangun susunan naskah barita anu ngaheulakeun bagian anu pentingna dituluykeun kana bagian-bagian nu teu sabaraha penting

**pi.rang** *a* warna beureum rada-rada coklat at konéng; pérang: *kebanyakan orang Eropa berambut* -- umumna urang Eropa buukna pérang

**pi.ring** *n* **1** ngaran wadah tina beling, poslén, pelastik, jsb paranti ngawadahan sangu at kadaharan séjén, wangunna aya nu cépér aya nu rada kewung; **2** barang anu wangunna buleud gépéng saperti piring; **3** *ki* pétak sawah; kotak: *sawahnya beratus-ratus* -- sawahna ratusan pétak;

-- **alas** *n* **1** piring paranti ngalas (ngawadahan sangu jeung deungeunna); **2** piring anu dipaké langan (dilangganan): *sayur panas di bawahnya harus memakai -- alas* angeun panas di handapna kudu dilangganan ku piring alas;

-- **terbang** *n* pesawat (mesin) nu bisa ngapung wangunna saperti piring;

**piringan hitam** *n* pelat gramapon;

**piring-piringan** *n* sarupa pipiringan jsb anu sok dipaké pongpok kurabu

**pi.sah** *v*, **berpisah** *vi* **1** misah; papisah; *1* pirak; **2** anggang at jauh ti nu séjén; henteu deukeut; pajauh;

**memisahkan** *vt* **1** misahkeun: *ia == makanan buat anaknya* manchna misahkeun dahareun keur anakna; **2** nalak; *1* mirak: *ia == istri mudanya* manéhna nalak pamajikanana anu ngora; **3** ngeureunkeun; nyapih: *anak muda itu == orang yg sedang bekelahi* budak ngora téh nyapih jalma anu keur gelut; **4** ngabedakeun: *sukar sekali == permata yg asli dan yg tiruan* hese pisan ngabedakeun sosoca anu asli jeung anu tironan; **5** ngajauhkeun; mencilkeun: *ia == diri dari yg lain* manéhna mencilkeun manéh ti nu séjén; **6** ngawatesan: *patok ini dibuat untuk == tanah saya dengan tetangga* ieuk patok téh dijieun keur ngawatesan tanah kuring jeung tatangga

**pi.sak** *n* -- pésak; saku

**pi.sau** *n* parabot paranti keukeureut; péso; *1* landepan; -- **cukur** péso paranti dicukur; -- **dapur** péso paranti di dapur; -- **lipat** péso tikel; -- **sadap** péso paranti nyadap; -- **makan** péso paranti ngeureut kadaharan dina méja makan;

**berpisau** *vi* **1** ngabogaan péso; **2** *ki* boga wewenang

**pis.tol** *n* ngaran sarupa pakarang sabangsa bedil leutik tur pondok bisa dipésakan; péstol

**pi.ta** *n* lawon heureut tapi panjang biasana tina sutra paranti meungkeut buuk jsb; -- **mesin** (tik) sarupa pita nu ngandung mangsi istiméwa; -- **kaset** pita rekaman dina kasét; -- **kosong** pita magnétik anu acan dieusi rekaman

**pi.u.tang** *n* **1** duit anu diinjeumkeun; **2** tagihan duit perusahaan ka sakur langanan;

**berpiutang** *vi* boga duit anu diinjeumkeun ka batur: *orang kaya itu == banyak* anu beunghar téh loba duitna anu diinjeumkeun

[1]**pla.fon** *n* lalangit imah: -- *rumah itu dibuat dari kayu jati* lalangit imah téh dijieun tina kayu jati

[2]**pla.fon** *n* wates harga anu pangluhurna (béya, krédit,jsb) anud disadiakeun: *berapa besar -- yg dapat diberikan kepada peminjam uang bank itu?* sabaraha wates gedéna duit bang anu bisa diinjeumkeun?

**pla.gi.at** *n* nyalin karangan at pamadegan batur bari teu disebut sumberna, siga meunang manehna sorangan at diaku meunang manéhna sorangan; néplak

**pla.gi.a.tor** *n* jalma anu nyalin at nurun karya at pamadegan batur, bari tuluy diaku meunang sorangan; jalma anu néplak karangan at pamadegan batur

**pla.net** /planét/ *n* sarupa béntang at bumi anu aya di jomantara teu boga cahya sorongan sarta ngurilingan panonpoé; planit msl Bumi, Mars, Jupiter, jsb

**pla.sen.ta** /plasénta/ *n* ari-ari anu kaluar sabada orok; santen; bali

**plas.ma** *n* barang éncér anu teu ngabogaan warna mangrupa bagian tina getih, dina kaayaan normal volumena ± 5% tina beurat badan

**plas.tik** *n* ngaran bahan rupana siga mika at gelas, bisa dijieun rupa-rupa barang ti kantong kueh (kérésék) nepi ka bagian-bagian mobil, jsb

**pla.ti.na** *n* ngaran logam mulya siga pérak leuwih mahal ti emas

**ple.i.do.i** /pléidoi/ *n* pidato pembélaan ka terdakwa anu dibaca ku advokat (pembéla) at ku terdakwa

**ple.no** /pléno/ *n* rapat anu dihadiran ku sakabéh angota; rapat (sidang) lengkep

**po.di.um** *n* **1** pangung tempat maén sandiwara; **2** mimbar tempat pidato

[1]**po.hon** *n* **1** tutuwuhan anu tangkalna teuas jeung gedé; **2** sesebutan umum pikeun sagala rupa tutuwuhan iwal jukut; **3** bagian tutuwuhan anu panggedéna, catangna lain dahanna

[2]**po.hon** *v* **memohon** *vt* ménta kalawan hormat; neda; **1** nyuhunkeun: *saya == pindah ke Bandung* kuring ménta pindah ka Bandung

**po.jok** *n* **1** juru at tempat di tungtung, biasana buntu at heurin; **2** jauh ka sisi
**memojok** *vt* cicing di pojok;
**memojokkan** *vt* 1 nyedekkeun hal kana kaayaan nu sulit: **2** nyalahkeun; neumleuhkeun: *jangan == teman* ulah nyalahkeun babaturan;
**terpojok** *v* aya dina kaayaan anu sulit nepi ka teu bisa nanaon

**po.kok** *n* **1** sagala rupa tutuwuhan anu ngabogaan tangkal teuas jeung gedé: *== beringin* tangkal caringin; **2** tangkal kai ti bagian handap nepi ka luhur, lain dahan at palapah; **3** duit anu dipaké modal; **4** harga pameulian: *harga --* Rp 1000,00, *dijual* Rp 1500,00 harga pameulian Rp 1000,00, dijual Rp 1500,00; **5** dasar pikiran; **6** *ki* anu diutamakeun; anu kacida pentingna: *makanan --* kadaharan utama; **7** lantaran; sabab: *apa yg menjadi -- pertengkaran itu*? naon anu jadi sabab papaséaan téh?; **8** pusat (anu jadi perhatian jsb); *yg menjadi --- pembicaraannya ialah mengenai iman* anu jadi pusat bahasanana eta ngeunaan iman; **9** kuma karep; kuma dinya; **10** teu langkung: *jadi atu tidak -- nya tergantung kpd bapak* jadi at henteu teu langkung bapa

**po.le.mik** /polémik/ *n* perbédaan pamadegan at tukeur pikiran ngeunaan hiji masalah anu dipaténgtongkeun dina diskusi at média massa

**po.les** /polés/ *n* bahan pikeun ngahérangkeun anu mangrupa tipung at minyak (cét);
**memoles** *vt* molés at mulas supaya leuwih alus at hérang;
**polesan** *n* **1** hasil molés; **2** anu geus dipolés

**po.li.o** *n* radang zat kelabu sungsum tulang tonggong at suku anu disababkeun ku virus (anu ngakibatkeun lumpuh); disebut ogé poliomyelitis; **kertas --** kertas tulis anu ukuranana leuwih panjang ti kwarto

**po.lip** *n* **1** sabangsa tumor anu napel dina selaput lendir irung, kulit, jsb; **2** ngaran sarupa sato laut anu napel dina karang

**po.lis** *n* surat perjangjian asuransi

**po.li.si** *n* **1** alat pamaréntah bagian ti ABRI nu kapapancénan ngajaga kaamanan jeung katartiban sapopoé; **2** pagawé nagara purah ngajaga kaamanan; pulisi

**po.li.tik** *n* **1** élmu pangaweruh ngeunaan tatanagara (ngeunaan sistim pamaréntahan, dasar-dasar pamaréntahan); **2** sagala urusan jeung tindakan (kabijaksanaan, siasat, jsb) ngeunaan kapamarentahan nagara at ka nagara séjén; **3** cara at sikep dina nyanghareupan hiji masalah: -- **dagang** cara dagang; -- **bahasa nasional** cara at sikep basa nasional;
**berpolitik** *v* ngajalankeun (nganut paham) pulitik; milu dina urusan pulitik

**po.los** *n* **1** sawarna, teu maké gurat-gurat at gambar-gambar jst: **kertas** -- kerétas nu teu diguratan; **baju** -- baju anu teu dikembang-kembang; **2** *ki* sawajarna teu boga pikiran rangkepan; **3** saujratna; henteu ditambah-tambah; sajalantraha: jawabannya -- saja jawabanana sajalantrahna; *jawabannya -- saja* jawabanana sajalantrahna; **4** teu ngabogaan maksud jahat; jujur;
**kepolosan** *n ki* kasederhanaan (sikep jeung tingkah polah);kajujuran (pikiran, haté, jsb): *kata-katanya menunjukkan -- hatinya* omong anana nuduhkeun kajujuran manéhna

**pom.pa** *n* ngaran alat pikeun nyerot ngaluarkeun at ngasupkeun (hawa at barang éncér); kompa: -- **ban** kompa paranti ngasupkeun hawa ka jero ban; -- **air** kompa paranti nyerot cai at naekkeun cai ti jero taneuh at ti sumur;
**memompa** *vt* **1** ngagunakeun kompa; ngompa

**pon.dok** *n* **1** wawangunan samentara keur tunggu di kebon at di-leuweung; saung; **2** imah (sesebutan keur ngalaipkeun diri); saung; sasaungan: *silakan mampir ke -- saya* 1 mangga atuh linggih ka saung abdi; **3** wawangunan tempat cicing anu dipetak-petak make bilik jeung hateup eurih at injuk, keur tempat cicing sababaraha kulawarga; **4** madrasah jeung asrama (paranti ngaji diajar agama Islam);
**memondok** *vi* **1** milu numpang di imah batur; **2** matuh di pondok pasantrén (keur diajar agama Islam); masantrén; **3** ngiuhan: *anaknya == di Gontor* anakna masantrén di Gontor; *kalau kehujanan == dulu* lamun hujaneun ngiuhan heula

**po.pu.la.si** *n* **1** jumlah jalma at karya nu ngabogaan cir-ciri anu sarua; **2** sakumna padumuk di hiji daérah; **3** jumlah anu nyicingan (manusa at héwan) di hiji tempat; **4** sakolompok jalma, barang at hal anu jadi sumber pikeun dijieun sampel (conto); sakumna anu dianggap nyumponan sarat nu aya tumalina jeung masalah panalungtikan

**po.pu.ler** /populér/ *a* **1** dipikaresep ku jalma réa (umum): ***lagu-lagu*** -- lagu anu dipikaresep ku umum; **2** saluyu jeung kabutuh masarakat umum; babari kaharti ku umum: *ilmu pengétahuan* -- pangaweruh anu gampang kaharti ku umum; 3 dipikaresep jeung dipikaresep jeung dipikareueus ku saréréa

**kepopuleran** *n* hal anu sifatna populér at kasohor

**po.rak-poranda** *a* **1** burak-barik, ancur; acak-acakan: *sekarang rumah bagus itu sudah* -- ayeuna imah alus téh jadi burak-barik; **2** *ki* kacau; henteu bérés; goncang; ancur: *setelah suaminya menyeleweng rumah tangganya menjadi* -- sanggeus salakina nyolowédor rumah tanggana jadi ancur

**po.ri, pori-pori;** n liang renyek dina kulit at dina barang teuas (batu, bata, jsb);

**berpori-pori** *vt* ngabogaan pori-pori; aya pori-porian

**po.ros** *n* **1** barang anu dina pongpokna ngawangun silinder (buleud), paranti muterna gilinding (roda); gandar; **2** -- **bumi** gurat hayal anu nyambungkeun bumi tungtung kalér jeung tungtung kidul (kutub utara jeung kutub selatan); **3** congo at puncak (ngeunaan, tumbak, krucut, tihang, jsb)

**por.se.lén** /porselén/ *n* **1** ngaran barang-barang sarupa beling dijieun tina taneuh istimewa anu dibeuleum sarta dicampur ku barang séjénna; keramik; **2** poslén (lamun ditakol sok ngentring)

**por.si** *n* **1** *cak* sapiring dahareun salengkepna (lontong, sangu, baso, jsb) biasana diléstoran; **2** *cak* bagian anu jadi tanggung jawab at anu kudu dipigawé

**por.tab** *n* **1** jalan (panto) paranti asup ka jero taneuh (torowongan keur néangan barang tambang: emas, jsb); **2** bagian jalan aspal anu dijangkungan malang, mangrupa hahalang sarta melendung supaya mobil ulah tarik teuing lumpatna

**por.to** *n* béya ngirim barang (surat, barang-barang, jsb)

**po.si.si** *n* **1** kalungguhan; pangkat: *ia mempunyai -- yg penting dl pekerjaannya* manéhna boga kalungguhan anu penting dina pagawéanana; **2** kaayaan; tempat: *walaupun ia berada dl -- kurang baik ia masih beruntung* sanajan manéhna aya dina kaayaan anu kurang hadé manehna masih meunang kauntungan; **3** susunan: *lemari dan meja tulis itu hendaknya diubah -- nya* lomari jeung méja tulis téh alusna mah dirobah susunanana

**po.si.tif** *a* **1** pasti; tangtu; puguh: *sudah --* geus tangtu; **2** ngandung bibit panyakit (dina getih, jsb): *menurut pemeriksaan hasilnya --* nurutkeun pamariksaan hasilna ngandung bibit panyakit; **3** hal anu hadé, nyata, praktis jsb (ngeunaan pamadegan, saran, jsb): *sebaiknya ia memberi saran yg --* alusna mah manéhna téh méré saran anu positif; **4** tanda + (tambah) at pleus; sabalikna tina tanda - (kurang) at mineus; **5** potrét anu geus jadi (lain klise at filem); **6** kutub anu ngandung muatan listrik leuwih luhur tinimbang kutub nu séjénna nu mangrupa sumber arus listrik; **7** peristiwa at hal anu bener-bener kajadian

**pos.ter** *n* plakat anu dipasang di tempat umum mangrupa wawaran at iklan

**po.ten.si** /poténsi/ *n* **1** daya; kakuatan; kamampuh; kasanggupan; **2** kamampuh anu gedé kamungkinan bisa dimekarkeun: *-- nya cukup baik* kamampuhna cukup hadé;
**berpotensi** *v* ngabogaan kakuatan, kamampuh jsb
**po.ten.si.al** /poténsial/ *adv* ngabogaan daya, kakuatan, jsb

**po.tong** *n* **1** keureut; penggel: *daging --* daging keureut; **2** jadi dua teukteuk at leuwih (barang anu wangunna panjang);**3** pingges, peunggas; pites: *cabang pohon mangga itu --* dahan tangkal buah téh peunggas;
**memotong** *vt* megatkeun ku barang nu seukeut; ngeureut; motong;
**potongan** *n* **1** keureutan; penggelan; **2** hasil motong; **3** model: *baju == panjang* baju modél panjang; **4** pangurangan (ngeunaan gajih, harga, jsb): *gaji bulan ini banyak ==* gajih bulan ieu loba potongan;
**pemotong** *n* **1** alat paranti motong; **2** jalma tukang meuncit (hayam);
**pemotongan** *n* **1** proses, cara motong, jsb; **2** tempat paranti motong; pajagalan

**pot.ret** /potrét/ *n* gambar jelema jsb anu dijieun ku alat potrét (nu maké lénsa jeung filem);
**memotret** *vt* nyieun gambar ku alat potrét; motrét;
**pemotrétan** *n* prosés nyieun potrét; **2** tempat paranti motrét

**pra.du.ga** *n* angapan ngeunaan hiji hal saméméh dibuktikeun; prasangka

**prag.ma.tik** *n* **1** sarat-sarat anu ngakibatkeun saluyu henteuna pamakean basa dina komunikasi; **2** susunan pamaréntahan; **3** aya gunana pikeun umum; méré hasil anu aya gunana pikeun nambahan pangaweruh jeung dumasar kana kanyataan

**prag.ma.tis** *a* ngabogaan sifat praktis jeung mangpaat pikeun umum; ngabogaan sifat ngutamakeun kana kapraktisan jeung kamangpa'atan; ngeunaan anu aya tumalina jeung ajén-ajén praktis: *sebutkan nilai -- novel itu* sebutkeun kagunaan éta novél

**prag.ma.tis.me** *n* **1** kapercayaan yen bebenaran at ajen ajaran (paham, jsb) gumantung kana prakték ngagunakeunana pikeun kapentingan manusa; **2** paham anu boga angapan yén sagala rupa téh henteu angger tapi barobah terus;**3** pandangan anu ngajelaskeun sarta gedé mangpaatna pikeun hiji permasalahan kalawan merhatikeun sebab akibat dumasar kana kanyataan pikeun tujuan praktis; **4** gerakan di Amerika Serikat (widang filsafat) anu nentang ajaran at tiori anu "mutlak" sarta idealisme anu dumasar kana tiori anu samar-samar

**pra.ha.ra** *n* **1** angin topan; angin anu pohara gedéna; **2** ombak anu ngamuk

**pra.ju.rit** *n* **1** anggota militér; **2** tingkatan anggota tentara sahandapeun bintara;
**keprajuritan** *n* kamilitéran; katentaraan; sifat-sifat prajurit; kapahlawanan

**pra.kar.sa** *n* usaha (tindakan jsb) anu mimiti; inisiatif; ihtiar; hojah: *sangat diharapkan adanya -- dari masyarakat* diharepkeun pisan ayana hojah ti masarakat;
**berprakarsa** *vt* ngalakukeun usaha anu mimiti;
**memprakarsai** *vi* ngusahakeun; nyontoan;
**pemrakarsa** *n* jalma anu ngabogaan hojah sarta ngalakukeunana

**pra.ki.ra, prakiraan** *n* anu dikira-kira; dipapantes saméméhna

**prak.tik** *v* **1** cara ngalaksanakeun tiori: *teorinya mudah tetapi -- nya yg sukar* tiorina mah gampang tapi praktékna nu hésé téh; **2** ngajalankeun pagawéan (ng dokter, pangacara, jsb); praktek: *dokter itu mulai -- nya pukul empat sore* dokter téh mimiti praktékna jam opat soré; **3** ngalaksanakeun tugas;
**berpraktik** *v* ngalaksanakeun prakték (dokter,jsb): *mahasiswa sedang == selama satu minggu* mahasiswa keur prakték salila sa minggu

**prak.ti.kum** *n* bagian tina pangajaran pikeun ngabuktikeun dina kanyataan ngeunaan tiori anu diulik dina kuliah at buku

**prak.tis** *a* **1** dumasar kana prakték; **2** babari sarta ngareunah makéna: *plastik sangat -- untuk membungkus barang-barang* plastik mah babari sarta ngeunah makéna keur mungkus barang-barang
**kepraktisan** *n* hal anu sifatna praktis at babari

**pra.mu.ga.ra** *n* karyawan perusahaan angkutan (udara, darat. laut) anu) tugasna mairan at ngaladénan panumpang

**pra.mu.ga.ri** *n* karyawati perusahaan angkutan (udara, darat) anu tugasna mairan at ngaladénan panumpang

**pra.mu.ka** *n akr* Praja Muda Karana; organisasi (kapanduan) pikeun pamuda anu ngadidik sagala rupa hal pangabisa (karancagéan). disiplin, percaya ka diri sorangan, tanggung jawab, silih tulungan, jsb: -- *membentuk jiwa pemuda ke arah berbudi luhur* pramuka ngawangun jiwa pamuda sangkan mibanda budi anu luhur

**pra.mu.wi.sa.ta** *n* patugas pariwisata anu kudu ngabéjaan at nuduhkeun jalan ka para wisatawan

**pra.mu.wis.ma** *n* bujang; **1** réncang; tukang mantuan at babantu di imah; lanjang

**pra.na.ta** *n* sistim tingkah laku sosial anu sifatna resmi sarta adat - istiadat jeung norma anu ngatur tingkah laku, jeung perlengkepanana pikeun kolompok-kolompok manusa di masarakat

**prang.ko** *n* tanda mayar béya pos (mangrupa kertas pasagi leutik anu aya gambaran); perangko

**pra.sang.ka** *n* **1** angapan anu kurang hadé ngeunaan hiji hal samémé nyaho (maluruh) sorangan; sak wasangka:
-- *buruk kepada orang lain itu tidak baik* ulah ngabogan anggapan anu goréng ka batur

**pra.sa.ran** *n* buah pikiran anu diajukeun dina hiji pertemuan pikeun bahan sawala

**pe.mra.sa.ran** *n* jalma anu méré prasaran

**pra.sa.ra.na** *n* sagala rupa hal at alat anu mangrupa panyokong pikeun ngalaksanakeun (usaha, pangwangunan, kuliah,jsb): -- *perkuliahan yg baik sangat diperlukan* sagala rupa hal at alat anu bisa nyokong kana lumangsungna kuliah anu hadé kacida diperlukeunana

**pra.sas.ti** *n* piagam anu ditulis dina batu at tambaga, jsb

**pras.ma.nan** *n* cara dahar dina pestaan at kariaan nurutan urang Porasman (ngaran nagara di Eropa) teu ngariung méja tapi ngalas nyokotan sorangan tuluy diuk sakarep sorangan; parasmanan

[1]**pre.man** /préman/ *n* **1** partikulir; swasta; **2** lain tentara; sipil (ng jelema pakéan, jsb): **orang** -- lain militér; **pakaian** -- lain pakéan dines at saragam; **3** milik pribadi (ng kendaraan, jsb): **mobil** -- mobil pribadi lain mobil dines at umum

[2]**pre.man** /préman/ *n* manten; geus eureun tina pagawéanana lantaran béak waktuna; **lurah** -- lurah manten; pangsiunan: **wedana** -- wadana anu geus eureun tina pagawéanana

**pre.ma.tur** /prématur/ *a* samémé waktuna; can cukup umurna; pradini: *bayi yg lahir -- harus mendapat perawatan khusus* orok nu lahirna kurang cukup umur kudu diurus di rumah sakit

**pre.mi** /prémi/ *n* duit hadiah (anu dibikeun lamun hasil pagawéanana nyugemakeun): *supaya lebih giat bekerja, pegawai negri akan diberi* -- supaya leuwih giat digawé, pagawé nagara rék dibéré hadiah

**pre.mis** /prémis/ *n 1* naon-naon nu dianggap bener anu jadi dasar parobahan at kacindekan saenggeusna; dasar pikiran; olésan; **2** prasangka; kira-kira; asumsi; **3** kalimat at proposisi anu dijieun dasar pikeun narik kacindekan dina logika

**pre.pa.rat** /préparat/ *n* **1** persiapan; sadiaan; **2** barang anu geus disadiakeun (ubar, dahareun, jsb); **3** bahan-bahan anu disadiakeun: *perkembangan -- farmakologi sekarang menggembirakan* perkembangan bahan-bahan ubar-ubaran ayeuna matak nyugemakeun

**pres.ta.si** /préstasi/ *n* hasil anu geus dihontal kalawan hadé: *rajin-rajin belajar agar mendapat -- yg tinggi* kudu rajin ngapalkeun supaya meunang hasil anu hadé;

**berprestasi** *vi* meunang hasil kalawan hadé anu geus di hontal ku jalan digawé, usaha, latihan, jsb

**pri.a** *n* lalaki anu geus déwasa

**pri.ba.di** *n* **1** sorangan; **1** pribados: **saya** -- kuring sorangan lain batur; **2** diri manusa at diri sorangan: sekretaris -- **sekertaris** pikeun diri sorangan; **3** sifat-sifat manusa anu nangtukeun watek hiji-hijina jelema;

**kepribadian** *n* sifat- sifat pribadi manusa anu kagambarkeun tina adat, tingkah polah anu ngabédakeun dirina ti nu séjén

**pri.bumi** *n* warga nagara; padumuk asli

**pri.ha.tin** *a* **1** loba kapeurih; kasedih; **2** henteu loba manggih kagumbiraan; satengah sangsara lantaran loba kakurang; **3** tawekal; daék sabar; narima kana kaayaan; henteu ngarasula; **4** usaha kalawan bener-bener supaya laksana nu dicita-cita;

**keprihatinan** *n* kaayaan nu prihatin

**pri.ma** *a* **1** sampurna; alus pisan; utama; **2** anu kahiji; anu mimiti; anu pangheulana

**pri.ma.do.na** *n* **1** tokoh (awéwé) anu kacida penting (dina carita bangsawan, sandiwara, jsb); sripanggung; **2** *cak* parawan anu panggeulisna, béntangna sarta nyongcolang (dina salah sahiji widang) di lingkunganana; tokoh utama sarta loba pisan anu mikaresep; **4** *ki* barang dagangan anu utama: *karet merupakan hasil -- Indonesia* karét mangrupa hasil anu utama di Indonesia

**pri.mi.tif** *a* **1** dina kaayaan nu saderhana pisan; acan maju; katinggaleun (dina kahirupan): **kebudayaan** -- kabudayaan anu can maju; **2** saderhana; **3** kuno henteu modéren: senjata -- pakarang kuno

**prin.sip** *n* dasar; bebeneren anu jadi poko dasar mikir, jsb

**prin.si.pal** *a* **1** anu pangpentingna; anu pangdasarna; **2** bagian utama anu poko: *skripsi itu tidak ada kesalahan yg ==* skripsi téh euweuh kasalahan anu poko

**pri.o.ri.tas** *n* anu diheulakeun jeung diutamakeun leuwih ti nu séjén: *-- pertama dl pembagian itu adalah orang-orang yg sudah tua dan anak yatim* anu diheulakeun dina babagi téh nya éta anu geus karolot jeung budak yatim;
**memprioritaskan** *vt* ngaheulakeun jeung ngutamakeun (hiji hal anu kudu diutamakeun) tinimbang nu séjén-séjénna

**privat** *a* **1** pribadi: *ia mengikuti -- lés* manehna milu lés pribadi; **2** sorangan; husus; misah ti nu séjén; séwang-séwangan: *ia mendapat pendidikan secara —* manéhna meunang atikan sacara husus, misah ti nu séjén

**pro.blem** /problém/ *n* masalah; urusan; pasualan: -- **rumah tangga** pasualan rumah tangga

**pro.duk.si** *n* **1** hasil; barang anu dijieun at dihasilkeun, pangasilan: *-- padi di desa cukup baik* hasil paré di desa cukup hadé

**pro.duk.tif** *a* loba ngahasilkeun karya: *pengarang itu — sekali* pangarang téh loba ngahasilkeun karya

**pro.du.sen** /produsén/ *n* anu ngahasilkeun (barang-barang, jsb): *Indonesia termasuk negara -- timah* Indonesia kaasup nagara anu ngahasilkeun timah

**pro.fe.si.o.nal** /profésional/ *a* **1** anu aya tumalina jeung profési; **2** butuh kapinteran husus keur ngajalankeunana; anu bisa diandelkeun: *untuk pekerjaan menerjemahkan perlu tenaga penerjemah yg --* keur pagawéan narjamahkeun perelu tanaga panarjamah anu boga kapinteran husus

**pro.fe.sor** /profésor/ *n* pangkat anu pangluhurna di paguron luhur; mahaguru; guru besar

**prog.ram** *n* **1** rarancang usaha nu bakal dijalankeun; usaha: *KB merupakan salah satu -- pemerintah* KB téh mangrupa salah sahiji rarancang usaha pamaréntah; **2** rarancang anu ditulis dina kompiuter;

**memprogram** *vt* nyieun program;
**pemrograman** *n* cara, prosés nyieun program; pamrograman: *tahun ini mulai diadakan == makanan sehat* taun ieu mimiti diayakeun pamrograman kadaharan anu séhat

**prog.re.sif** /progrésif/ *a* **1** nuju kana kamajuan, kana hal anu leuwih hadé; **2** tahap-tahap; tingkat-tingkat: *kita berfikir harus --* urang mikir téh kudu anu leuwih hadé

**prok.la.ma.si** *n* wawaran penting ka rayat jeung ka dunya luar;
**memproklamasikan** *vt* méré nyaho at ngumumkeun kalawan resmi ka sakuliah rayat: *Bung Sukarno-Hatta == kemerdekaan Indonesia tahun 1945* Bung Sukarno-Hatta ngumumkeun kalawan resmi kamerdékaan Indonésia taun 1945

**prok.la.ma.tor** *n* jalma anu ngalaksanakeun proklamasi: Sukarno-*Hatta adalah -- kemerdekaan R.I.* Sukarno-Hatta nya éta tokoh anu ngumumkeun kamerdékaan R.I.

**pro.le.tar** *n* golongan rayat nu taya kaboga iwal ti tanaga kasar; kaum marhaén

**pro.le.ta.ri.at** *n* **1** lapisan sosial anu panghandapna; **2** golongan buruh; buruh leutik anu hirupna ngandelkeun buburuh at ngajual tanaga

**pro.log** *n* bubuka (dina sandiwara, pidato, jsb)

**pro.mo.si** *n* **1** (upacara) keur ngahontal gelar doktor; **2** naék pangkat; **3** perkenalan dina raraga ngamajukeun usaha at mayukeun hasil usaha, dagang jst;
**mempromosikan** *vt* nawarkeun (barang jsb): *pekerjaannya == barang dagangan* pagawéanana nawarkeun barang dagangan

**pro.te.in** n zat organik mangrupa bahan utama pikeun ngawangun sél at inti sél; zat telur; -- **hewani** protéin anu dihasilkeun tina héwan; -- **nabati** protéin anu dihasilkeun tina tutuwuhan

**pro.tek.si** /protéksi/ *n* perlindungan at panangtayungan (dina perdagang-an, industri, jsb): -- **hutan** perlindungan leuweung tina bahaya seuneu

**pro.tes** /protés/ *a* **1** pernyataan henteu panuju, teu mupakat: *sebagian mahasiswa melancarkan -- atas kebijaksanaan itu* sebagian ma

hasiswa ngajukeun pernyataan henteu satuju; **2** ngarasa teu suka; **memprotes** *vt* ngalakukeun protés; ngedalkeun rasa teu suka

**pro.to.kol** *n* **1** aturan-aturan at tatacara anu ditangtukeun dina pasamoan anu resmi sarta penting (upacara); **2** utama: **jalan** -- jalan utama; jalan raya; jalan gedé; **3** jalma anu ngabogaan tugas ngatur jalanna upacara; **4** surat-surat resmi anu eusina hasil kaputusan rapat

**pro.va.ka.si** *n* perbuatan anu maksudna pikeun ngahudang amarah batur; pancingan; propakasi; gosip; -- *itu bisa menimbulkan pertumpahan darah* perbuatan anu matak ngahudangkeun amarah téh bisa nimbulkeun rajapati

**pro.vos** *n* sakumpulan jalma ngabogaan tugas salaku pulisi di kolompokna sorangan

**pro.yek** /proyék/ *n* rancana pagawéan anu ngandung tujuan husus (kalawan kudu anggeus dina waktu anu geus di tangtukeun)

**pro.yek.si** /proyéksi/ *n* **1** gambar hiji barang anu digambarna datar at magrupa gurat dina widang datar; **2** perkiraan ngeunaan kaayaan mangsa anu bakal datang anu ngagunakeun kaayaan (data) nu aya ayeuna: -- **penduduk** perhitungan jumlah penduduk mangsa nu bakal datang dumasar kana jumlah penduduk ayeuna

**psi.ki.a.ter** *n* dokter anu ahli dina panyakit jiwa; dokter jiwa: *orang yg terganggu keseimbangan jiwanya perlu dikonsulkan ke* — jalma anu kaganggu kasaimbangan jiwana kudu di bawa ka psikiater (dokter jiwa)

**psi.ki.atri** *n* cabang (spésialisasi) ilmu kedokteran anu tumali jeung panyakit jiwa

**psi.ko.log** *n* jalma anu ahli dina élmu jiwa: *anak yg sangat nakal hendaknya dikonsultasikan ke psikolog* budak anu bangor pisan alusna mah dibawa ka psikolog

**psi.ko.lo.gi** *n* élmu pangaweruh ngeunaan tanda-tanda at kagiatan-kagiatan jiwa

**pu.as** *a* **1** ngarasa senang, segema, wareg, jsb lantaran geus kacumponan hasrat haténa: *ia merasa -- melihat hasil pekerjaannya* manéhna ngarasa sugema nenjo hasil pagawéanana; **2** leuwih ti cukup; bosen

ku lantaran geus mindeng teuing (hinaan, jsb): *sudah -- merasai hinaan dari mereka* geus bosen ngarasakeun hinaan ti maranéhna
**memuaskan** *vt* matak sugema; alus pisan: *nilai rapot anak itu --* rapot budak téh peunteunna nyugemakeun;
**kepuasan** *n* hal anu matak sugema; kasenangan; kagumbiraan jsb: *perbuatan itu hanya untuk mengejar == dirinya saja* perbuatan téh ngan keur ngudag kasugemaan dirina wungkul

**pu.a.sa, berpuasa** *v* henteu barangdahar, nginum at ngalakukeun perbuatan goréng (tumali jeung agama)

**pu.ber** *n* mangsa rék ngangkat balég at begér

**pu.cat** *a* pias (beungeut); pucet

**pu.cuk** *n* **1** daun ngora; pucukna; **2** puncak anu mencos (tatangkalan, tutuwuhan, ombak, jsb); **3** salambar; -- **surat** pangbantu kecap bilangan keur surat; salambar; hiji; **3** nuduhkeun kalangguhan anu pangluhurna: -- **pimpinan** pamingpin nu pangluhurna

**pu.dar** *a* **1** surem (henteu cahyaan); **2** *ki* henteu gumbira; **3** pucet; pias (ngeunaan warna); **4** kurang jelas; henteu cekas (potrét., gambar, jsb); **5** henteu sumanget deui; **6** kendor, henteu pageuh deui (ajaran agama jsb); kurang manjur; **7** buyar: *cita-citanya menjadi --karena gagal dl ujian* cita-citana jadi buyar lantaran gagal dina ujian; *potret itu kelihatan -- karena sudah terlalu lama* potrét téh katingalina henteu jelas lantaran geus lila teuing;
**memudar** *vt* jadi surem, pucet, ngendoran jsb): **imannya telah --** imanna geus ngendoran

**pu.gar** *v*, **memugar** *vt* ngahadean deui at ngomean nepi ka alus deui saperti asalna: == **candi** ngoméan candi:
**pemugaran** *n* cara mugar; keur mugar; perbuatan mugar

**pu.ing** *n* ruruntuk imah at gedong jsb: *akibat gempa yg dasyat rumah-rumah indah itu tinggal timbunan* -- akibat lini anu kacida rongkahna imah-imah nu aralus téh ngan kari ruruntukan

**pu.i.si** *n* basa sastra anu kauger ki sora, wirahma, purwakanti, jsb

**pu.ja** *v* upacara pikeun ngahormat déwa-déwa (berhala, jsb);
**memuja** *vt* **1** ngahormat déwa-déwa ku meuleum menyan jsb; **2**

kacida mikacintana: *ia == gadis teman sekolahnya* manéhna mikacinta awéwé batur sakolana
**pemuja** *n* jalma anu muja;
**pemujaan** *n* **1** ngahormatan déwa-déwa; **2** tempat paranti muja

**pu.jang.ga** *n* **1** pangarang anu ngahasilkeun karya-karya sastra boh puisi boh prosa; bujangga; **2** ahli mikir; ahli falsafat; ahli sastra

**pu.ji** *n* kecap-kecap at ucapan pikeun nu Maha kawasa; puji; *segala -- bagi Allah* sagala puji pikeun Gusti Allah;
**memuji** *vt* ngedalkeun panghargaan kana naon baé anu dianggap agung, alus, jsb; memuji; ngalem;
**pujian** *n* **1** doa; **2** pernyataan muji: *kepandaiannya mendapat ---* kapintaranana meunang pujian

**pu.kat** *n* heurap anu gedé jeung panjang paranti ngala lauk, pangpangna di laut

**pu.kau** *n* **1** tipung (tina kucubung jsb) paranti nyirep: *kena -- ki* ilang akal; bingung; bengong; **2** daya tarik;
**memukau** *vi* **1** nyirep supaya saré tibra at mabok; **2** *ki* ngakalan; nipu; **3** matak moho; narik haté

**pu.kul** *n* **1** teunggeul (ku barang anu teuas at beurat); *ki* **kena** -- rugi, katipu, ambek, jsb; *ki* **salah** -- salah tarima, salah sangka; **2** nuduhkeun waktu (jam); **rata** -- rata rata; **3** cokot; bawa: -- dulu bayarnya nanti cokot baé heula engké dibayarna mah;
**memukul** *vt* neunggeul; ngababuk: *ia == anaknya yg nakal itu* manéhna neunggeul budakna nu bangor;
**pukulan** *n* **1** cara neunggeul at nonjok; **2** paneunggeul: *petinju itu baru tiga == sudah kalah* tukang tinju téh kakara tilu kali ditonjok geus éléh;
**pemukul** *n* **1** alat paranti neunggeul; **2** jalma anu neunggeul;
**pemukulan** *n* cara perbuatan neunggeul: *== itu dapat dihindarkannya* paneunggeulna bisa digiwarkeun kumanéhna

**pu.la** *adv* **1** sakali deui; deui: *tadi ia sudah makan, sekarang makan --* tadi manéhna geus dahar, ayeuna dahar deui; **2** ogé: *saya -- harus datang* kuring ogé kudu datang; **3** téa: *siapa -- ini*? saha téa ieu téh?

**pu.lang** *v* balik (ka imah at ka tempat asalna): *kapan -- kampung*? iraha balik ka lembur?;
**kepulangan** *n* ngeunaan balik: == *suaminya dari medan perang sangat mengharukan* matak waas basa salakina balik ti médan perang

[1]**pu.las** *a* saré tibra; **1** pules: *ia tidur -- sekali* manéhna saré tibra pisan;
**kepulasan** *n* kaleuwihan; tibra teuing; kapulesan: *saya tidur* -- kuring saré téh kapulesan

[2]**pu.las, memulas** *vt* mulas; ngecét; ngawarnaan gambar: *anak itu == gambarnya dgn pinsil berwarna* budak téh mulas gambarna ku patlot gambar

**pu.lau** *n* tanah at daratan anu kakurilingan ku cai; nusa; pulo;
**kepulauan** *n* réntétan pulo-pulo; kumpulan pulo-pulo; kepuloan: *nama == Sunda Besar dan Sunda Kecil sekarang tak dipakai lagi* ngaran kapuloan Sunda Besar jeung Sunda Kecil ayeuna mah teu dipake deui

**pul.sa** *n* tegangan at arus anu lumangsung sawatara waktu (teu sabaraha lilana) anu wangunna pasagi opat at gelombang sinus; ngaran hijian dina perhitungan béya telepon

**pu.nah** *a* **1** béak pisan; **2** impas; lunas (hutang); **3** euweuh; leungit: *karya sastra lisan harus dijaga jangan sampai* -- karya sastra lisan kudu dijaga ulah nepi ka leungit;
**memunahkan** *vt* méakkeun nepi ka ledis pisan; ngamusnahkeun: *kebakaran itu telah == toko-toko* kahuruan téh geus ngamusnahkeun toko-toko;
**kepunahan** *n* kaledisan; kamusnahan: *untuk menjaga == karya-karya lisan harus diadakan pendokumentasian* pikeun ngajaga kamusnahan karya-karya lisan téh kudu dituliskeun

**pun.cak** *n* **1** bagian anu pangluhurna (gunung, tangkal, muara, jsb); puncak: *mendaki sampai ke -- gunung* nanjakna nepi ka puncak gunung; **2** ki tingkatan anu pangluhurna (ng kabeungharan, kalungguhan, jsb); ti luhurna;
**memuncak** *vt* ningkat; naék (nepi ka luhur): *harga-harga barang sekarang* == harga-harga barang ayeuna ningkat pisan

**pung.gung** *n* **1** bagian awak antara punduk jeung bujur; tonggong; **2** anu mangrupa tonggong (barang jsb)

**pu.ngut** *v* **1** pulung; *anak* -- anak pulung; **2** cokot (barang anu geus ragrag at dipiceun): *kalau makanan sudah dibuang jangan di --- lagi* lamun dahareun geus dipiceun ulah dicokot deui;
**memungut** *vt* nyokot barang anu murag at anu geus dipiceun ku batur; mulung: == **anak** mulung anak

**pun.tung** *n* **1** sésa roko nu geus kabeuleum; kuntung; **2** buntung; *baju* -- baju buntung at nu leungeunna pondok; *celana* -- calana pondok; **3** *cak* rugi: *mengharapkan untung malah* -- ngarepkeun untung kalah ka buntung (rugi)

**pu.nya** *v* boga; anu: *baju* -- *saya* baju anu abdi;
**mempunyai** *vt* ngabogaan; boga; *ia* == *seorang anak* manéhna boga anak hiji: *universitas* == *beberapa fakultas* universitas ngabogaan sababaraha fakultas;
**kepunyaan** *n* anu dipiboga; dipimilik: *rumah ini* == *negara* ieu imah milik nagara

**pu.ra.pu.ra** *a* henteu sabenerna; api-api;
**berpura**-pura *vt* api-api; spt nu bener-bener padahal henteu: *supaya disayangi ia* == *baik* supaya dipikanyaah manéhna api-api bageur;
**kepura-puraan** *n* kamunapekan; api-api hadé padahal goreng

**pur.ba** *a* jaman baheula pisan saméméh aya nu nyatetkeun sajarah

**pur.ba.ka.la** *n* jaman baheula pisan; jaman kuno

**pu.ri** *n* **1** karaton; rohongan di jero karaton; **2** bénténg anu dikurilingan ku solokan; **3** imah tempat pamujaan agama Hindu

[1]**pu.ring** *n* ngaran tangkal nu sok dipaké pager hirup at hiasan pakarangan, daunna rupa-rupa boh wangunna boh rupana, pucukna sok diseupan

[2]**pu.ring** *n* ngaran sarupaning lauk

[3]**pu.ring** *n* rangkep rok at baju anu ipis; rangkep jas (biasana maké satén)

**pu.ri.tan** *n* jalma (Protéstan) anu nganggap yén kasenangan, kaméwahan téh dosa

**pur.na.wi.ra.wan** *n* pangsiunan ABRI

**pu.sa.ka** *n* **1** barang titinggal karuhun nu dipusti-pusti msl keris jsb: **2** barang titinggal kolot jsb anu geus maot; **3** harta at barang anu turun-

temurun ti karuhun at nini aki ngan bisa dipaké ku turunanana; **4** warisan

**pu.sar** *n* **1** puseur; bujal; **2** kukulinciran

[1]**pu.sa.ran** *n* kubur; pakuburan; pasaran

[2]**pu.sa.ra** *n ki* tali pingpinan; kadali (pingpinan, pangatik, jsb)

**pu.sat** *n* **1** puseur; **2** tempat anu ayana di tengah-tengah; **3** anu jadi pokona; **4** titik tengah tina lingkaran
**berpusat** *v* museur; musat; pusatna: *pemerintahan Indonesia == di Jakarta* pamarentahan Indonesia pusatna di Jakarta;
**memusatkan** *vt* museurkeun: *== perhatian* museurkeun perhatian;
**pemusatan** *n* cara museurkeun at ngumpulkeun, ngahijikeun; musatkeun: *belajar yg baik perlu == perhatian dan pikiran* di ajar anu hadé mah perelu musatkeun perhatian jeung pikiran

**pu.sing** *a* **1** nyeri sirah; **2** lieur; **3** keuheul, aya perkara anu can kapikir kumaha mémérésna: *kepala terasa --* sirah karasa lieur; *ia merasa --- karena banyak hal yg harus dipikirkan* manéhna ngarasa keuheul lantaran loba hal anu kudu dipikiran;
**memusingkan** *vt* musingkeun; ngabingungkeun; nyusahkeun: *permintaan anak itu hanya == orang tua* pépéntaan budak téh matak musingkeun kolot

**pus.ta.ka** *n* bacaan; buku; kitab; paririmbon kumpulan buku bacaan jsb; 2 buku-buku kasusastraan;
**kepustakaan** *n* **1** daftar bacaan; bibliografi; buku-buku kasusastraan

**pu.tar** *v* puter: *-- dulu keran itu* puter heula keran téh
**berputar** *vi* muter; nguir; nguriling: *roda ==* roda nu muter,
**memutar** *vt* ngagerakkeun supaya muter; muterkeun: *angin kencang == baling-baling itu* angin anu nyedot muterkeun kolécér;
**pemutar** *vi* **1** alat pikeun muterkeun; **2** jalma (angin) anu muterkeun;
**pemutaran** *n* cara at prosés muterkeun: *== film* muterkeun pilem

**pu.tih** *a* **1** warna saperti warna kapas; bodas: *bendera kita berwarna merah --* bandére urang warnana beureum bodas; **2** *ki* murni; suci; bersih;
**memutihkan** *vt* **1** ngawarnaan sina jadi bodas: *ia ==tembok itu dgn kapur* manéhna ngabodasan témbok ku kapur; **2** ngalantang supaya

bodas: *ia == seprei* manéhna ngalantang sepré;
**keputihan** *n* **1** bodas teuing; **2** panyakit (awéwé) sok kaluaran lendir, karasana lesu jeung nyeri cangkéng

**put.ra** *n* **1** anak lalaki (anak raja); **2** anak kandung; **3** anak lalaki; **4** husus keur lalaki: *ia mendapat hadiah untuk lomba sajak* -- manéhna meunang hadiah pasanggiri sajak husus keur lalaki

**put.ri** *n* **1** anak awéwé (anak raja); **2** anak kandung; **3** awéwé; **4** husus keur awéwé

**pu.tus** *vi* **1** teu nyambung deui; pegat; potong; **2** *ki* teu aya hubungan deui: *saya dgn dia sudah putus* kuring jeung manéhna teu aya hu bungan deui; **3** béak modal; potol; *modalnya telah* -- modalna geus béak; **4** anggeus, réngsé: *perundingan itu sudah* -- perundingan téh geus anggeus; -- *akal* ilang akal; -- ***arang*** potong pisan nepi ka teu bisa dihadéan deui: -- *asa* leungit harepan; teu boga harepan deui; -- *benang* masih bisa diakurkeun deui at disambung deui; -- *harapan* teu boga harepan deui; -- *jiwa* maot; -- *sekolah* kaluar ti sakola saméméh tamat; — *usia* maot; — *tali gantung* kacida sedihna;
**memutuskan** *vt* megatkeun: == **persaudaraan** megatkeun kadulu-ran;
**putusan** *n* **1** anu geus diputuskeun; geus dipastikeun; **2** vonis;
**keputusan** *n* **1** kaputusan anu geus ditetepkeun: == *hakim tidak bisa diubah* kaputusan hakim teu bisa dirobah; **2** hasil mastikeun at mutuskeun: *surat == kenaikan pangkat belum keluar* surat kaputusan naék pangkat can kaluar; **3** kacindekan: == *rapat* kacindekan rapat

[1]**pu.yuh** *n* ngaran sabangsa manuk anu tukung, euweuh buntutan, nya-yangna di handap, anakna kawas anak hayam

[2]**pu.yuh** *n* (*angin* —) ngaran angin anu sok muter

[3]**pu.yuh** (*bintang* —) ngaran bentang tujuh

# Q

**qa.ri** *n* nu maca Quran (lalaki); qori

**qa.ri.ah** *n* nu maca Quran (awéwé); qoriah

**qi.ra.at** *n* hal (cara) macana AL-Quran; qiroat: *cara membaca Al-Quran bisa dgn -- tertentu* cara maca Al-Quran bisa ku cara nu tangtu

**Qur.an** *n* Kitab Suci agama Islam nu diwahyukeun Allah ka Nabi Muhammad saw; Quran; Al-Quran

# R

**ra.ba** *v* **1** rampa; jamah; **2** *ki* teguh; duga

**meraba** *vt* **1** ngarampa; **2** *ki* ngira-ngira: *saya belum bisa == persoalannya* kuring can bisa ngararampa pasualanana;

**peraba** *n* **1** alat pikeun ngarampa; **2** anu ngarampa

**ra.bat** n potongan harga; korteng: *jika berbelanja banyak dapat* —10% lamun balanja loba meunang potongan 10%

**ra.bi.es** /rabiés/ *n* panyakit nular anu sok aya dina badan héwan anu getihna panas msl anjing, ucing, jsb kacida ngabahayakeunana, nya éta anu mangrupa virus, bisa nular ku jalan digégél anjing, ucing, jsb

[1]**ra.bu** *n* ngaran poé ka opat dina saminggu; ngaran poé sanggeus poé Salasa

[2]**ra.bu** *n* paru-paru: *besar* — gedé bayah; bodoh

[1]**ra.buk** *n* jamur; sabangsa supa

[2]**ra.buk** *n* kawul (dina palapah kawung biasana sok dipaké ngahurungkeun seuneu tina panékér);

*seperti — dgn api, pb* hal anu matak babari nimbulkeun pacengkadan (sarua jeung paribasa Sunda) kawas seuneu jeung kawul; kawas seuneu jeung injuk

[3]**ra.buk** *n* gemuk anu dijieun tina dangdaunan at runtah; pupuk; berak

[1]**ra.bun** *a* lamur (ng panenjo); kurang jelas panénjona; buta rorongeun;

-- **dekat** panénjo kurang jelas ti kadeukeutan; hipermetropia;
-- **jauh** panénjo kurang jelas ti kajauhan; miopia;
-- **senja** panénjo kurang jelas dina waktu pasosoré

**²ra.bun** *n* haseup (tina dangdaunan, menyan jsb) keur ngubaran nu gering,keur ngusir mahluk lemes nu ngaganggu;
**perabun** *n* **1** dangdaunan jsb paranti ngusir sétan jsb; **2** parabun (sa bangsa mauha) supaya teu katénjo at kalimunan

**ra.cik** *v*, **meracik** *vt* **1** ngeureutan sina aripis; nyiksik: == *bawang* nyiksik bawang; **2** ngumpulkeun bahan keur jajamu at keur ubar
**racikan** *n* **1** campuran bahan-bahan anu jadi pasanganana; 2 meunang ngeureutan aripis; anu geus disiksik at dikeureutan: == *nya kurang bagus* keureutanana kurang lemes; **3** sabangsa tataheun tina injuk paranti ngala manuk

**ra.cun** *n* zat (gas jsb) anu nyababkeun nyeri at maot; barang; anu matak weureu, msl éndrin, sampeu karikil, gadung jsb;
**meracuni** *vt* **1** ngaracun; matak jadi racun ka; **2** *ki* ngaruksak pikiran, jiwa jsb: *buku-buku bacaan yg == jiwa anak dilarang terbit* buku-buku bacaan anu matak jadi racun kana jiwa barudak dilarang terbit
**keracunan** *n* keuna ku racun; karacunan: *ia sakit perut karena ==* manéhna nyeri beuteung lantaran karacunan

**¹ra.dang** *a*, *meradang vi* ambek-ambekan lantaran jéngkél pisan: *sambil == ia pergi meninggalkan istrinya* bari ambek-ambekan manéhna indit ninggalkan pamajikanana

**²ra.dang** *n* **1** kasakit kulit anu nanahan; borok; koréng; **2** karuksakan jaringan badan anu ciri-cirina muriang panas tiris nandakeun aya anu bareuh
**meradang** *vi* jadi bareuh sarta kaluar nanah campur getih;
**paradangan** *n* prosés jadina radang, anu tanda-tanda panas tiris jeung bareuh

**ra.den** /radén/ *n* gelar pikeun golongan ménak at jalma hormateu (bangsawan) at adén, endén, dédén

**ra.di.a.si** *n* **1** panyinaran; **2** kaluarna sarta mencarna sinar at gelombang partikel ka sakurilingna
**ra.di.a.tor** *n* alat paranti niiskeun mesin (mobil)

**[1]ra.di.kal** *a* 1 sagembléngna; bébéakan sagala rupana; sapuratina: pe rubahan secara -- parobahan sagala rupana; 2 kacida kasarna

**[2]ra.di.kal** *n* réntétan atom anu bisa asup ka sagala reaksi anu mangrupa hiji kagembléngan

**ra.di.o** *n* 1 teknik mencarkeun at ngirimkeun sora ngaliwatan hawa ku tanaga listrik; siaran; 2 pemancar radio; 3 radio (barangna at pesawat)

**ra.di.us** *n* 1 jauhna antara pusat ka sakuriling lingkaran; jari-jari; 2 daérah anu ngurilingan hiji tempat sarta jauhna sarua tina titik pusatna: *daerah bahaya gempa itu kira*-kira — *50 km dari sumbernya* daérah bahaya lini kira-kira 50 km jauhna kana titik pusat lini

**ra.fia** *n* 1 benang tina daun jinis palem anu dipake bahan nyieun tali, tas, jsb; *Raphia Ruffia*; 2 tali rapia paranti beubeungkeut rupana warna-warni

**[1]ra.ga** *n* karanjang buah-buahan jsb anu dijieun tina hoe: *buah-buahan itu disimpan dl raga* bubuahan téh diteundeun dina karanjang hoé

**[2]ra.ga** *n* badan; awak; jasad

**[3]ra.ga** *n* bal anu dijieun tina anyaman hoé

**[4]ra.ga** *v*, meraga (kan) *vt* mintonkeun diri at raga; ngagaya; mamerkeun diri

**[1]ra.gam** *n* 1 tingkah polah; kalakuan: *lain orang lain — nya* béda jelema beda deui kalakuanana; 2 jinis; rupa-rupa; macem-macem: *di pasar banyak -- pakaian* di pasar loba rupa-rupa pakéan; 3 laras (ng basa); -- **akrab** basa loma, nya éta anu dipaké keur ka sasama at sa-handapeun; -- **baku** basa anu dipake pikeun jalma anu dihormat; resmi; standar, msl --surat dines, karangan ilmiah, jsb; -- **lisan** basa anu dilisankeun;
-- **tulis** basa anu digunakeun ngaliwatan média tinulis;
**beragam** *v* warna-warna; rupa-rupa; macem-macem

**[2]ra.gam** *a* rukun: *penduduk kampung itu kelihatan — sekali* padumuk kampung mah katénjona rukun pisan;
**meragam** *v* 1 ngalagu, nembang; 2 ngawarnaan;

**seragam** *a* sarua; saluyu; mupakat: *setiap tanggal 17 pegawai negri harus memakai pakaian -- korpri* unggal tangal 17 pagawé negri kudu maké pakéan anu sarua

[1]**ragi** *n* ngaran zat anu dipaké nyieum peuyeum (kétan at sampeu), bisa ogé keur nyieun oncom;
**peragian** *n* proses ngaragikeun at nyieun ragi; prosés kimia substrat organik

[2]**ra.gi** *n* warna (lawon); corak (batik, jsb): *kain tenunan itu sangat elok -- nya* lawon tinun téh alus pisan corakna

[1]**ra.gu** *a* ragu-ragu; asa-asa; bingung; henteu pasti:
*ia masih -- pergi atau tidak* manéhna masih ragu-ragu indit at henteu; *saya belum dapat memastikan karena masih --* kuring can bisa mastikeun lantaran bingung kénéh;
**meragukan** *vt* ngaragukeun; hal anu teu pasti at kurang yakin: *saya == kebenaran tentang laporan itu* kuring kurang yakin kana éta laporan;
**keraguan** *n* **karagu raguan**; parasaan anu ragu-ragu; teu pasti; asa-asa

[2]**ra.gu, meragu** *v* ngaganggu; ngacowkeun: *jangan == orang sedang bekerja* ulah ngaganggu jalma anu keur digawé

**ra.hang** *n* bagian tulang paranti napelna huntu di luhur jeung handap

**ra.hasia** *n* 1 perkara anu kudu dibuni-buni teu meunang betus ka batur, rasiah; rusiah: *jangan coba-xoba mengorek -- orang* ulah nyoba-nyoba nyokélan rasiha batur, 2 hal anu hésé at can bisa dikanyahokeun ku manusa: -- alam rasiah alam; 3 hal anu nyumput teu kaciri: *pintu --* panto rasiah; 4 sikep; kalakuan anu nyumput: *-- si buruk rupa* rasiah nu goréng patut; *-- pemuda tampan* rasiah nu kasép; *-- alam* kabeungharan alam anu can dikanyahokeun ku jelema;
**merahasiakan** *vt* ngarasiahkeun; nyumputkeun; henteu diumumkeun: *polisi biasanya -- nama-nama pencuri* pulisi biasana ngarasiahkeun ngaran-ngaran bangsat

**ra.him** *n* 1 pianakan; kandungan: *istrinya hamil di luar --* pamajikanana ngandung di luar pianakan; 2 anu mikaasih, mikanyaah

**rah.mat** *n* kurnia, pangasih ti Allah

**ra.ih** *v*, **meraih** *vt* ngahontal; ngalélér; == *gelar sarjana* ngahontal gelar sarjana; **2** *ki* mincut

**ra.ja** *n* **1** ratu anu ngawasaan nagara kalawan kalungguhanana turun-temurun: -- *itu sangat adil* raja adil palamarta; **2** sato anu dianggap pangkawasana at panggalakna: -- *hutan* maung;
**merajai** *vt* ngarajaan; jadi raja: *siapa yg == negara itu*? saha anu ngarajaan éta nagara téh?
**kerajaan** *n* wangun pamaréntahan anu dikapalaan ku raja

**ra.jin** *a* **1** resep digawé, ngapalkeun jsb; giat; getol; soson-soson digawé: --*lah belajar supaya lulus ujian* kudu getol diajar supaya lulus ujian: **2** mindeng; sering; terus-terusan: *ia -- ke mesjid* manéhna sering ka masjid;
**pengrajin** *n* jalma anu sifatna rajin; tukang nyieun karajinan: *para --- itu bekerja dgn tekun* tukang nyieun karajinan téh digawé kalawan soson-soson

**ra.juk, merajuk** *v* pundung; némbongkeun sikep anu teu pikaresepeun: *berkata sajalah berterus terang jangan* -- ngomong baé terus terang ulah sok pundung

**ra.jut** *n* **1** seratan benang anu mangrupa jaring (heurap) pikeun nutupan gelung; harnét: **2** benang anu diuntun ku hak-pén anu diwangun kembang jsb, keur taplak at keur baju jsb; **3** kantong anu diriutkeun at dikoloran wadah duit; kanjut;
**merajut** *vt* nyieun rajut at ngarénda, nyieun baju jsb tina benang wol diuntun ku hak-pen at dijieun ku mesin rajut;
**rajutan** *n* **1** hasil meunang ngarajut; **2** anu dirajut; **3** bahan pakéan anu dijieun ku leungeun at ku mesin rajut

[1]**ra.kit** *n* ngaran tutumpakan anu ngapung dina cai dijieunna tina sababaraha leunjeur awi anu ditiir sina kekep, congona jeung tengahna didémpétkeun ku awi beunang meulah supaya wedel bisa dimomotan at tumpakan

[2]**ra.kit, merakit** *vt* nyusun jeung ngagabungkeun bagian-bagian mobil, parahu, mesin jsb nepi ka bisa dipaké kalawan hade; nyusun;

ngarakit: *mahasiswa jurusan mesin sedang belajar == mobil* mahasiswa jurusan mesin keur dialajar ngarakit mobil

**serakit** *n* sapasang; sajodo

**rak.sa.sa** *n* **1** mahluk anu mirupa manusa badanna gedé tur jangkung kacida matak pikasieuneun; buta; **2** *ki* gedé pisan ngaleuwihan ukuran normal: *truk --* treuk anu kacida gedéna

**ra.kus** *a* **1** beuki dahar naon baé asup bari teu milih-milih heula; gembul: *makannya -- sekali* dahama gembul pisan; **2** *ki* hayang meunang leuwih loba ti anu diperlukeun; sarakah;

**kerakusan** *n* kagembulan; ngeunaan nu gembul

**rak.yat** *n* sakumna padumuk hiji nagara; rahayat

**ra.lat** *n* menerkeun nu salah dina omongan lisan at tulisan (salah ketik) ; ralat

**meralat** *vt* ngaralat; ngoméan; menerkeun: *ia == skripsinya* manéhna ngaralat skripsina

**ra.mah** *a* hadé hate; alus budi; sopan; daréhdéh; hadé basa: *tetangga yg baru pindah itu -- sekali* tatangga nu anyar pindah téh sopan pisan

**ra.mai** *a* **1** ramé; **2** bungah; gumbira; **3** loba jelema: *orang -- di jalan* loba jalma di jalan; **4** matak pikaresepeun

**keramaian** *n* **1** lalajoaneun; raraméan; tongtonan; pésta, jsb; **2** hal anu ramé; ramé teuing: *dl rangka memperingati hari kemerdekaan diadakan == dina raraga* miéling kamerdékaan diayakeun raraméan

**ra.mal** *n* **1** keusik; **2** keusik anu dipaké pikeun nyawang nasib at nyaho naon anu bakal kajadian; **3** paririmbon; palintangan jsb;

**meramal** *vt* muka nasib; ngaramal; **2** ngira-ngira; ngamutalaah: *dr peristiwa penting orang bijaksana dapat == kejadian alam yg bakal datang* tina peristiwa penting jalma pinter tur bijaksana bisa ngaramal kajadian nu bakal datang;

**ramalan** *n* meunang ngaramal; dugaan: *== nya sangat* jitu dugaanana jétu pisan

**peramal** *n* tukang ngaramal

**ram.bat, merambat** *v* mapay tuturus at tangkal séjén ka luhur (tutuwuhan nu ngareuy) aya nu meulit msl roay, jaat, jsb; aya nu muntang msl waluh jsb; aya nu napel msl seureuh jsb

**ram.bu** *n* **1** sisi (karémbong, permadani, jsb) anu dirumbé-rumbé; **2** tanda-tanda lalu lintas: == *jalan* tanda-tanda lalu lintas jalan; **3** == *hutan* sisi leuweung nu rada carang tatangkalanana: *hutan jati* sisi leuweung jati; **4** benang at kantéh anu parondok sésa ninun

**ram.but 1** bulu anu jadi dina kulit mangsa pangsa pangpangna dina sirah; buuk; **2** naon-naon anu aya buluan msl **akar** == akar anu lembut spt buuk; **per** == pér anu lemes pisan;
*rambut sama hitam hati masing-masing, pb* buuk sarua hideung hate mah béda-béda, *pb* unggal jelema pada boga pamadegan at kahayang sorangan anu séwang-séwangan henteu sarua

**ra.mi** *n* ngaran tutuwuhan sarupaning haranay, kulitna ngandung ramat nu liat; **tali** == tali leutik anu **dijieun tina ramat kulit rami**

**ram.pas** *v*, **merampas** *vt* nyokot barang batur kalawan paksa; ngarampas: *polisi* == *barang-barang yg dicuri* pulisi ngarampas barang-barang anu dipaling;
**rampasan** *n* barang-barang (duit) meunang ngarampas
**perampasan** *n* cara perbuatan ngarampas; kajadian ngarampas

**ram.pat** *v*, **merampat** *vt* **1 neunggeul ku kai at ku barang teuas séjénna** sakaligus; **2** ngababad jukut: ia == *rumput di pekarangan* manehna ngababad jukut di buruan; **3** rata;
**perampatan n** cara ngababad; migawéna

[1]**ram.ping** *a* **1** jangjing alit at lenjang (pangawakan awéwé); langsing; **2** seukeut (péso, jsb) sabalikna tina teungkeur: *pinggangnya* -- cangkéngna langsing

[2]**ram.ping** *a*, **meramping** *vi* saroék dina sisina: *baju yg sudah == jangan dipakai lagi* baju anu geus saroéh ulah dipaké deui;
**berampingan** *n* rombéng; cumpang-camping; rorombéngan; rumbang-rombéng

**ram.pok** *v* nyokot at ngarebut kalawan paksa;
**merampok** ngabégal; ngarampog; maling kalawan terang-terangan sabada nu bogana ditandasa at disina teu walakaya;
**perampok** *n* jalma tukang ngarampog; rampog

**ram.pung** *a* **1** anggeus; bérés: *pada akhir tahun ini penyusunan laporan harus sudah* -- dina ahir taun ieu panyusunan laporan kudu geus anggeus; **2** pegat, potong sama sekali (tali jsb);

**merampungkan** *vt* nganggeuskan: *mereka bekerja giat untuk == tugas-tugasnya* maranéhna digawé saroson-soson pikeun nganggeuskeun tugas-tugasna;
**perampungan** *n* cara nganggeuskeun; prakna nganggeuskeun

**ra.mu** *v*, **meramu** *vt* **1** néangan jeung ngumpulkeun bahan-bahan (akar-akaran, daun-daunan, jsb) pikeun dijieun ubar at jajamu; **2** ngaracik keur nyieun ubar (obat);
**ramuan** *n* bahan-bahan pikeun nyieun ubar; meunang ngaramu; ubar anu geus meunang ngaracik

**ra.na, merana** *a* **1** remen gering; beuki lila beuki tambah begang; **2** lila ngarasakeun panyakit; tunggara lantaran geringan

[1]**ran.cang** *n* patok, anu tungtungna seukeut keur ditancepkeun ka jero taneuh: *te -- ke dl tanah* nanceb dina jero taneuh

[2]**ran.cang** v -- *bangun* rekayasa;
**berancang** boga rencana saméméhona: *ia == mau keluar negri* manéhna boga rencana rék ka luar negri;
**merancang** *vt* ngararancang; ngarancanakeun: *saya == mau pergi seminggu lagi* kuring ngarancanakeun rék indit saminggu deui; **rancangan** *n* hal anu geus dirarancang; anu geus dirancanakeun; meunang ngarancanakeun: *== pembuatan jalan* rarancang keur nyieun jalan;
**perancang** *n* jalma anu nyieun rarancang

**ran.cu** *a* kacow; campur aduk (ng basa jsb)
**kerancuan** *n* kakacowan; hal anu rancu

**ran.du** *n* ngaran tangkal biasana lempeng sarta luhur, dahan-dahana lempeng ka gigir, buahna ngahasilkeun kapuk, kaina uduh: rangru; *Ceiba pentandra*

[1]**rang.ka** *n* rancangan; rancana; skéma; raraga: *dl -- memperingati kemerdekaan* dina raraga miéling kamerdékaan

[2]**rang.ka** *n* tulang-tulang (badan, barang, rumah, jsb); -- *manusia* ro-rongkong manusia;
**berangka** *vi* ngabogaan rangka (tulang-tulang jsb); ngabogaan wangun: *binatang bersel satu tidak --* héwan anu pangleutikna (anu hiji sél) henteu ngabogaan tulang-tulang badan

**rang.kai, merangkaikan** *vt* nyambung-nyambungkeun; nyusun: ia *sedang == bunga* manéhna keur nyusun kembang
**rangkaian** *n* 1 ranggeuyan: == *melati* ranggeuyan malati; 2 run tuyan; rantayan;
**perangkai** *n* **1** anu nyusun; anu nyambung-nyambungkeun; tukang nyusun; **2** alat pikeun nyusun

**rang.kak, merangkak** *v* ngorondang; ngarandang: *anak kecil itu sudah pandai* == budak leutik téh geus bisa ngarandang

[1]**rangkap** *a* **rangkep**; ganda; dua lapis; dua (sababaraha) kali: *diketik — empat* diketik opat kali

[2]**rang.kap** *v* **merangkap** *vi* nungkupan ku dua dampal leungeun; **2** néwak sato leutik ku jalan nungkupkeun dua talapak tangan

**rang.kul** *v*, **merangkul** ngarangkul; nangkeup: *sambil menangis ia == anaknya* bari ceurik manéhna ngarangkul anakna;
**berangkulan** *vi* silih rangkul: *ketahuan ia sedang == dgn pacarnya* kanyahoan manéhna keur silih rangkul jeung kabogohna; **2** *ki* digawé babarengan silih bantuan: *sekarang sudah saatnya kita bekerja == dl usaha* ayeuna geus waktuna urang digawé babarengan silih bantuan dina usaha;
**rangkulan** *n* tangkeupan; akeupan; rangkulan: *anak itu menangis dl == ibunya* budak téh ceurik dina rangkulan indungna

**rang.kum, merangkum** *vt* mawa dina tangkeupan; mangku bari ditangkeup; ngarawu: *ia == anaknya* manéhna ngarawu anakna;
**rangkuman** *n* **1** tangkeupan; **2** ringkesan

**rang.sang** *v*, **berangsang** ambek pisan: *dia akan == kalau diejek* manéhna bakal ngambek pisan lamun dihina;
**merangsang** *vt* **1** nyieun hal supaya ngaransang (seuseungitan, masakan, jsb); *wangi-wangian itu == hidung* seuseungitan téh ngarangsang kana irung; **2** ngahudangkeun parasaan (sek): *pakaian renang itu == orang yg melihatnya* pakean paranti ngojay mah matak ngarangsang anu nenjo;
**rangsangan** *n* **1** hal anu bisa mangaruhan pancaindra; **2** hal anu bisa nimbulkeun rasa (senang, gumbira, sedih, jsb); **3** dorongan; hal anu bisa mere rasa sumanget keur diajar at digawé;

**perangsang** *n* **1** alat at hal pikeun ngarangsang; **2** naon baé (jalma, barang, musik, seuseungitan, jsb) anu matak nimbulkeun parasaan (hawa nafsu); **3** anu matak ngahudang (birahi, amara, sedih, jsb)

**ran.jang** *n* pangsaréan anu dijieun tina beusi; katil

**ran.jau** *n* patok laleutik sarta seukeut (tina beusi, cucuk, awi, jsb) anu ditempatkeun dina taneuh pikeun ngaraheutan at nyilakakeun batur; rurungkang: *jalan itu penuh dgn* -- jalan téh pinuh ku rurungkang

**ran.sum** *n* **1** dahareun nu diukuranan pikeun jalma loba (sakitan, tentara, jsb); **2** dahareun anu geus ditangtukeun ukuranana pikeun parab héwan

**ran.tai** *n* **1** ranté, satara ali-ali disambung-sambungkeun (tina logam) spt kongkorong, geulang, jsb; **2** bilangan pepetasan anu sumbuna pasambung-sambung supaya bisa diborobotkeun;
**berantai** *vi* **1** maké kongkorong atawa geulang rantay; **2** nyambung; pasambung-sambung: *lari* == lumpatna pasambung-sambung;
**merantai** *vt* meungkeut ku ranté; ngaborogol: *pulisi itu* == perampok pulisi téh ngaborogol rampog

**ran.tang** *n* wadah paranti mawa kadaharan (sangu jeung kaolahan) nu bisa disusunkeun sarta dicorok ku telekanana (paranti ngajingjingna);
**ratangan** *n* ngarantang (sangu jeung deungeunna dikirimkeun ka sakur nu pesen): *nasi == lebih murah* sangu rantangan leuwih murah

**ran.tau** *n* **1** basisir (sisi laut at walungan gédé): *berlayar sepanjang* -- balayar mapay basisir; 2 lembur batur (daérah lain lembur sorangan meuntas lautan): *baik-baik di -- orang* kudu hadé jeung bageur di lembur batur;
**merantau** *vi* balayar néangan kahirupan di lembur batur (meuntas);
**perantau** *n* **1** jalma nu néangan kahirupan, élmu, jsb dilembur batur; **2** jalma anu ngumbara; urang deungeun;
**perantauan** *n* **1** lembur batur tempat ngumbara; pangumbaraan; **2** daérah anu dicicingan ku jalma-jalma anu asalna ti daérah lain (misah pulo)

**ran.ting** *n* **1** bagian dahan anu laleutik; régang: *ia mengumpulkan -- untuk kayu bakar* manéhna ngumpulkeun régang keur suluh; **2** anak cabang tina pakumpulan; **3** cabang nu leutik (sakundér) tina pembuluh saraf

**ra.num** *a* asak pisan (ng bubuahan); ladu *pisang itu sudah* -- cau téh gues ladu

[1]**ra.pat** *a* **1** deukeut pisan; rapet; adek; démpét: *rumah-rumah di kota -- sekali* paimahan di kota mah démpet pisan; **2** kerep (pepelakan, anyaman, jsb); *ubi kayu jangan ditanam terlalu* -- sampeu mah melakna ulah dareukeut teuing; **3** katutup pisan nepi ka teu aya liang saeutik-eutik acan; **4** sobat medok; **5** intim, akrab pisan: *hubungan-nya -- sekali* hubungan maranéhna intim pisan

**merapat** *vi* **1** jadi rapet; ngadeukeutan: *ia duduk == dgn ibunya* manehna diuk ngadeukeutan indungna; **2** jadi akrab; **3** balabuh ka palabuhan

**merapatkan** *vt* **1** ngadeukeutkeun ka; ngarapetkeun; disina padeukeut: == *barisan* ngarapetkeun barisan; **2** mageuhan: == *tali persaudaraa*n mageuhan kaduluran; **3** jadi rapet; ngarapetkeun

[2]**ra.pat** *n* kumpulan; riungan pikeun sawala: *setiap bulan diadakan -- jurusan* unggal bulan diayakeun rapat jurusan;

**berapat** *vi* ngumpul; ngariung pikeun nyawalakeun hiji hal: *maha-siswa sedang* == mahasiswa téh keur ngariung pikeun nyawalakeun hiji hal;

**merapatkan** *vt* ngajak ngariung; ngajak ngumpul pikeun nyalawa-keun hiji hal

**ra.pel** /rapél/ *n* bagian gaji at imbalan mangrupa duit anu ditarimana sakaligus lantaran aya leuwihna anu acan dibayar

**ra.pi** *a* **1***l* alus; bersih; apik; bérés; rapih: *rambutnya selalu disisir* -- rambutna salawasna disisiran rapih; **2** tartib: *bekerja harus dgn -- jangan terburu-buru* digawé téh kudu tartib ulah rarusuh teu puguh; **3** sakumaha mistina; pageuh; henteu asal baé: *pintu dikunci* -- panto dikonci pageuh;

**merapikan** *vt* méréskeun; ngarapihkeun: *ia == baju dilemari* manéhna méréskeun baju na lomari

[1]**ra.por** *n* **buku** -- buku anu eusina daftar kamajuan jeung préstasi murid di sakola

[2]**ra.por** *v* lapor; laporan resmi (ka anu wajib narimana);

**melaporkan** *vt* ngalaporkeun: *ketua kelas == mahasiswa yg hadir* ketua kelas ngalaporkeun mahasiswa anu datang

**ra.puh** *a* **1** geus ruksak; babari pegat, potong, soéh, jsb rapuh: *tali itu sudah* -- tali téh babari pegat (rapuh); **2** *ki* lemah; héngkér; geringan; *kasihan tubuhnya kurus kecil dan* -- karunya awakna begang leutik jeung geringan; **3** *ki* henteu teguh pamadegan; babari robah pamadegan; **4** *ki* haté anu ancur;
**kerapuhan** *n* hal anu rapuh; kanéngkéran; karapuhan

**ra.sa** *n* **1** anu kaalaman ku pancaindra kana rangsangan saraf msl (letah) amis, pait, asin, lada jsb; (haté) nyeri, sedih, atoh, susah, ambek, jsb; **2** anu kaalaman ku kulit msl kasar, lemes, jsb **3** anu kaalaman ku badan: -- *mual adalah tanda-tanda mau ngidam* rasa sebel mangrupa tanda rék nyiram; **4** pamadegan; pertimbangan ngeunaan nu salah jeung nu bener: -- *adil* rasa adil;
**merasa** *vt* **1** ngarasa, ngalaman rangsangan anu kaalaman ku létah, haté, kulit, awak, jsb: *ia == cape* manéhna ngarasa capé; **2** ngeunaan rasa haté: *ia == terhina* manéhna ngarasa dihina;
**merasakan** *vt* ngarasakeun: *rakyat belum == keadilan yg betul-betul adil* rayat acan ngarasakeun kaadilan nu bener-bener adil;
**perasa** *n* **1** alat pangrasa: *kulit termasuk alat ==* kulit kaasup alat pangrasa; **2** babari kasigeung *hati-hati orang itu == sekali* kahadé éta mah babari kasigeung
**perasaan** *n* parasaan: *menurut == saya dia tidak mau ikut* ceuk parasaan kuring mah manéhna moal milu

**ra.si.o** *n* cara mikir sacara logis, asup akal; akal budi; nalar

**ra.si.o.nal** *a* nurutkeun pikiran jeung pertimbangan anu logis, anu asup akal; cocog jeung akal: *harus belajar berpikir secara* -- kudu diajar mikir sacara rasional cocog jeung kanyataan

**ra.si.o.nal.is** *n* jalma anu nganut paham rasionalisme

**ra.si.o.nal.is.me** *n* tiori anu ngaggap yén pikiran jeung akal mangrupa dasar pikeun matotoskeun masalah (bebeneran) at pasualan

[1]**ra.suk** *n* balok (palang) kai pikeun nahan at naggeuy papan lanté (imah panggung); pamikul

[2]**ra.suk** *v*, **merasuk** *vt* **1** nyosok jero bari ngaruksak at ngaganggu; ngaraksuk: *paham aliran itu sudah == ke setiap pikiran sebagian rakyat* paham éta aliran geus ngaraksuk kana pikiran sabagian rahayat; **2** roh jahat anu asup kana badan manusa

**kerasukan** *vt* kaasupan (roh jahat, jsb); kasurupan: *dukun itu mengobati orang* == dukun téh ngubaran jalma anu kasurupan

**ra.sul** *n* **1** jalma anu narima wahyu Allah pikeun ditepikeun ka manusa: *Nabi Muhammad adalah -- terakhir* Nabi Muhammad téh nyaéta rasul pamungkas; **2** utusan Allah

**ra.ta** *a* **1** datar; henteu renjul; henteu miring: *tanah lapang biasanya --* lapang mah biasana rata; **2** papak; sarua jangkungna: *dari jauh kelihatan dedaunan itu* -- ti kajauhan dangdaunan téh katingalna papak; **3** sarua gedéna: *ukuran kamar-kamar di asrama -- besar* ukuran kamar-kamar di asrama sarua gedéna; **4** nyebar ka mana-mana (sarua);

**meratakan** *vt* ngaratakeun; ngadatarkeun: *ia sedang == halaman rumah* manéhna keur ngaratakeun pakarangan imah;

**pemerataan** *a* cara ngaratakeun supaya sarua: == *tugas* tugasna sarua

**ra.tap** *v*, **meratap** *vi* ceurik bari midangdam: *menangis boleh, asal jangan* == ceurik mah meunang asal ulah midangdam; sasambat;

**meratapi** *vt* nyeungceurikan bari midangdam: *ia == anaknya yg meninggal* manéhna nyeungceurikan anakna nu moat;

**ratapan** *n* sasambatna: *sedih hatiku mendegar == anak itu* haté kuring sedih ngadéngé sasambatna éta budak

**rat.na** *n* **1** inten; berlian; permata; **1** sosoca; **2** putri anu kacida geulisna; — **cempaka** inten anu warnana semu konéng; -- **dewi** déwi anu panggeulisna; -- **juita** permata kahirupan; kabogoh; -- ***mutu*** **manikam** rupa-rupa permata; -- **wilis** inten anu warnana semu héjo; -- **pakaya** *ki* jantung haté

**ra.tu** *n* **1** raja (wanita); **2** praméswari; **3** juara dina perlombaan: -- *kebaya* juara dina kontés kabaya

**ra.ung** *a* sora anu tarik jeung panjang; babaung (biasana sora anjing at maung jsb);

**meraung** *vt* sorana tarik jeung panjang; babaung: *di tengah malam kedengaran suara anjing* == tengah peuting kadenge sora anjing babaung;

**meraung-raung** *vt* ceurik tarik bari jejeritan: *ia menangis* == manéhna ceurik tarik jejeritan;

**meraung-raung** *vt* ngagembor-gemborkeun: *tidak bosan-bosan ia == cita-citanya* teu bosen-bosen manéhna ngagembor-gemborkeun cita-citana;
**raungan** *n* sora anjing jsb nu babaung: == *anjing di tengah malam sangat mengharukan* sora anjing babaung di tengah peuting matak kaletir

**ra.up** *v*, **meraup** *vt* ngarawu ku dua leungeun (cai at béas); nyiuk ku dua leungeun

[1]**ra.ut** *v*, **meraut** *vt* ngaraut; ngalemeskeun maké péso jsb: == **pensil** nyeukeutan patlot; == **tongkat** ngalemeskeun tongkat;
**rautan** *n* **1** meunang ngaraut; **2** alat paranti ngaraut

[2]**ra.ut** *n* tampang; potongan; wangunan: -- **muka** tampang beungeut; -- **tubuh** potongan badan

**ra.wa** *n* tanah anu handap kakeueum ku cai; ranca; rawa
**berawa-rawa** *vi* ranca wungkul

[1]**rawan** *a* **1** rasa cinta, melang, kangen pacampur jeung sedih; waas pacampur jeung sedih; **2** salempang; babari aya gangguan; deukeut kana pibahyaeun; teu aman: *hati-hati melewati daerah* -- kahadé ngaliwatan daérah anu teu aman kudu ati-ati;
**kerawanan** *n* kaayaan anu matak pikasediheun at pikasalempangeun

[2]**ra.wan (tulang** --) *n* tulang rangu; tulang ngora

**ra.wat** *v* piara; urus; jaga;
**merawat** *vt* miara; ngajaga: *suster sedang == orang sakit* suster keur ngurus nu gering;
**terawat** *vt* **1** kaurus; kajaga; kapiara; **2** geus diurus: *parabot rumah itu terawat dng baik* paparabotan imah téh diurus kalawan hadé;
**perawat** *n* jalma anu pagawéanana ngurus nu gering di rumah sakit; jalma anu meunang pendidikan husus pikeun ngurus nu gering;
**perawatan** *n* carana ngarawatan; carana ngurus, miara, jsb

**ra.ya** *a* gedé; agung: **jalan** -- jalan gedé; **hari** -- lebaran; poé agung;
**merayakan** *vt* ngarayakeun; ngagaungkeun; ngaramékeun; == *hari ulang tahun* ngarayakeun poé tepung taun

[1]**rayap** *n* **1** sabangsa sato leutik anu ngarayap; **2** *ki* jalma anu sok ngérét

[2]**ra.yap** *v*, **merayap** *vt* **1** maju at leumpangna sasatoan leutik spt sireum; rinyuh, hileud jsb; ngarayap: *semut dan binatang kecil lainnya berjalan* -- sireum jeung sato leutik nu sejéna leumpangna ngarayap; **2** *ki* leumpang lalaunan lantaran jalanna tarahal at leueur: *karena jalan licin terpaksa berjalan* == ku lantaran jalanna leueur kapaksa baé ngarayap;

**ra.yon** *n* bagian daerah at wilayah anu diwangun dumasar kana perjangjian: *wilayah kantor kita dibagi atas beberapa* -- wilayah kantor urang dibagi jadi sababaraha bagian

[1]**ra.yu** *a* **1** rasa sedih, waktu, karunya, jsb; **2** rasa waas pacampur jeung sedih; kagagas

[2]**ra.yu** *n* hiburan

**merayu** *vt* ngahibur;ngolo; ngupahan; ngagoda: *perempuan itu pandai* == *laki-laki* éta awéwé téh bisa ngolo lalaki;

**perayu** *n* jalma anu sok ngolo at ngahibur

**ra.zia** *n* **1** panangkepan anu jarahat, ngalanggar hukum jsb **2** pamariksaan sarentak sarta bareng ngeunaan surat-surat kendaraan jsb

**re.ak.si** /réaksi/ *n* bagian anu timbulna tina pangaruh at peristiwa; **2** tindakan at perlawanan anu timbul ku ayana aksi: *pidatonya menimbulkan* -- *masyarakat* pidatona matak nimbulken tindakan masarakat; **3** proses zat kimia;

**bereaksi** *v* ngayakeun réaksi; ngayakeun perlawanan at kagiatan

**reaktor** /réaktor/ **1** jalma anu ngayakeun réaksi; **2** réaktor alat panghudang tanaga (listrik jsb)

**re.a.li.sa.si** /réalisasi/ *n* prosés keur ngabuktikeun at ngawujudkeun anu dirarancang; prosés ngalaksanakeunana;

**merealisasikan** *vt* ngawujudkeun; ngabuktikeun; ngalaksanakeun: *berbicara mudah tetapi* == *nya yg susah* ngomongna mah babari tapi ngawujudkeunana nu hésé téh;

**terealisasikan** *vi* kalaksanakeun; kawujudkeun; bisa diwujudkeun: *semoga keadilan dapat* == *di negara kita* muga-muga baé kaadilan téh bisa diwujudkeun di nagara aurang

**re.a.li.tas** /réalitas/ *n* kanyataan

**re.bah** *v* rubuh (jalma at tangkal jsb); runtuh: *pohon-pohon -- ditiup angin kencang* tatangkalan raruntuh ku angin gedé;
**merebahkan** ngarubuhkeun; ngaruntuhkeun: == *pohon* ngaruntuhkeun tangkal

**re.bo.i.sa.si** /réboisasi/ *n* melakan deui leuweung anu geus gundul supaya haréjo deui; panghijauan; *mengusahakan -- agar hutan tidak gundul* ngusahakeun melakan leuweung supaya henteu gundul

**re.bung** *n* anak awi anu mangrupa boros keneh sok diangeun; iwung; -- *tidak jauh dari rumpun* pb tabéat anak tara jauh ti tabéat kolotna

**re.bus** *v* kulub: *kacang* — suuk kulub
**merebus** *vt* ngasakan dahareun dikulub maké cai; ngulub; == *jagung* ngulub jagong

**re.but** *v*, ngarebut ngarampas: -- *rampas* rupa-rupa pagawean ngarampog; ngarebut at ngarampas;
**berebut** paheula-heula == *tempat duduk* paheula-heula neangan tempat keur diuk;
== lontong tanpa isi, *pb* merebutkeun hal anu eweuh gunana (sarua baé jeung paribasa basa Sunda) marebutkeun paisan kosong;
**merebut** *vt* nyokot at ménta (naon-naon jsb) kalawan paksa;
**memperebutkan** *vt* marebutkeun; merjuangkeun: *perlombaan untuk == piala ratu kebaya* pasanggiri pikeun marebutkeun piala ratu kabaya;
**perebutan** *n* perbuatan ngarebut; ngarampas; == *kekuasaan* ngarampas kakawasaan

**re.ceh** /récéh/*n* duit anu hargana leutik; receh: *uang* — duit récéh spt lima puluh, seratus dan lima ratus

**re.da** *v* mimiti ngurangan; ampir eureun (ng angin, ambek jsb); raat (hujan): *hujan sudah mulai* — hujan geus mimiti raat;
**mereda** *vi* jadi ngurangan, eureun: *kemarahannya sudah mulai ==* ambekna jadi ngurangan;
**meredakan** *vt* ngeureunkeun (ambek, ceurik, jsb); nenangkeun: *ia berjalan-jalan untuk == pikiran yg kacau* manéhna jalan-jalan keur nenangkeun pikiran anu kacow

**re.dak.si** *n* **1** réngréngan (sababaraha urang anu netepkeun eusi surat kabar, majalah, jsb); **2** susunan at éntép seureuhna basa dina nyusun

kalimah (surat at karangan); cara at gaya nyusun kecap-kecap dina kalimah

**re.dak.tur** *n* **1** anggota redaksi anu mariksa karangan; **2** pamingpin at penerbit surat kabar jsb

**re.dam** *n* kurang jelas (ng sora at penénjo): *suara dari jauh kedengaran* -- sora tinu jauh kadéngéna kurang jelas; *padi yg menguning itu dari jauh kelihatan* -- paré anu keur meujeuhna koneng téh katénjo ti kajauhan mah kurang jelas;

**peredam** *n* alat pikeun ngurangan tarikna sora supaya teu pati jelas at teu kadéngé: == *suara* alat anu fungsina pikeun ngurangan tarikna sora supaya teu kadéngé nanaon

**re.duk.si** /réduksi/ *n* pangurangan; pamotongan (harga jsb)

**re.dup** *n* **1** surem; **2** mendung; angkeub; ceudeum henteu cangra; rada poék lantaran kahalangan mega: *matahari* -- panonpoé surem; **3** ngurangan; morosot (ng kabeungharan, kamajuan jsb); **4** mimiti eureun (ng cinta, angin jsb): *cintanya sekarang mulai* -- cintana ayeuna mimiti ngurangan; **5** sora anu kadéngéna hawar-hawar ti kajauhan; teu jelas; **6** henteu bungah; teu gumbira: *ia menjawab dng* -- manéhna ngajawab bari henteu gumbira;

**meredupkan** *vt* nyuremkeun; ngaleutikan lampu supaya teu caang teuing

**re.fe.ran.dum** /réferandum/ *n* masrahkeun hiji masalah ka balarea supaya diputuskeun ku maranehna ku cara ngumpulkeun sora

**re.fe.ren.si** /réféténsi/ *n* **1** buku-buku perpustakaan anu dibaca di dinya henteu diinjeumkeun (dibawa) ka luar; **2** buku-buku anu ditugaskeun ku dosén ka mahasiswa; **3** sumber; pituduh: *kamus dapat dipakai sebagai bahan* -- kamus bisa dipaké bahan pituduh

**ref.leks** /réfléks/ *n* gerakan langsung; otomatis; teu kalawan paréntah

**ref.lek.si** /réfléksi/ *n* **1** gerakan jiwa anu timbul di luar kasadaran mangrupa jawaban tina hal at kagiatan anu datangna ti luar; **2** gerakan bagian badan (anggota badan) anu disababkeun ku hiji hal di luar kasadaran;

**merefleksikan** *vt* ngagambarkeun; ngeunteungkeun: *ucapan seseorang* == *isi hatinya* omongan téh ngagambarkeun eusi haténa

**re.for.ma.si** /reformasi/ *n* parobahan radikal (gedé) pikeun kamajuan pangwangunan (widang sosial, politik at agama) di hiji masarakat at nagara

**re.gang** *a* henteu kendor; kenceng; tegang (ng tali anu ditarik, jsb);
**meregang** *vt* jadi kenceng: *supaya == tambang itu harus di tarik* supaya kenceng tambang téh kudu ditarik;
**peregangan** *n* nambah tegang (émosi, rasa haté): *peristiwa itu menimbulkan == batin* éta kajadian téh nambahan tegang batin

**re.ge.ne.ra.si** /regenerasi/ *n* **1** pangbaruan sumanget jeung tata susila; **2** panggantian alat anu ruksak at anu leungit ku jalan ngawangun jaringan sél anyar

**re.gi.o.nal** /regional/ *a* ngandung sifat kadaérahan: *kebudayaan — harus dipelihara* kabudayaan daérah kudu dipiara

**re.gu** *n* **1** rombongan at kolompok; regu: *setiap -- harus membawa bendera* unggal regu (rombongan) kudu mawa bandéra;
**beregu** *vt* ngawangun rombongan at kolompok ku sababaraha urang

**re.guk** *v* ngasupkeun cai jsb kana sungut; baham, *lem* tuluy diregot;
**mereguk** *vt* **1** ngaregot nginum: *ia == sirop segelas karena merasa haus* manéhna nginum sirop sagelas lantaran hanaang; **2** ngarasakeun kanikmatan, jsb *ia == sirop segelas karena merasa haus* manéhna nginum sirop sagelas lantaran hanaang

**re.ha.bi.li.ta.si** /réhabilitasi/ *n* mulihkeun deui kana kaayaan asalna (kahormatan, kaséhatan, jsb);
**merehabilitasi** *vt* mulihkeun deui kana kaayaan asalna (kahormatan, kaséhatan, jsb); *pengadilan == nama baik tertuduh yg tidak terbukti kesalahannya* pangadilan mulihkeun deui kahormatan jalma anu disangka jahat, lantaran euweuh bukti yén manéhna salah

**re.ka** /réka/ *n* (**reka-reka**) *n* aturan; tindakan: *ia mengambil -- untuk menyelamatkan dirinya* manéhna ngalakukeun tindakan pikeun nyalametkeun dirina;
**mereka-reka** **1** nyusun, ngatur, ngarang kalawan hadé: *penyair == sajaknya agar indah bentuknya dan isinya dalam* pangarang nyusun sajakna supaya endah wangunna jeung jero eusina;
**rekaan** *n* **1** hal anu diréka at dijieun-jieun; karangan fiksi; bukan

kejadian sebenarnya: *rupanya kabar itu hanya == semata* sigana mah éta beja téh ukur karangan, jijieunan wungkul; **2** carita anu diréka, dipapantes tuluy disusun nepi ka jadi hiji carita, carpon, novél, wawacan jsb

**re.kah, merekah** *vi* **1** beukah (ng kembang, dalima, jsb); **2** beukah at bareukah (ng kulit, biwir anu kulitna bareulah)

**re.kam** *v* **1** kesan tina hal anu diucapkeun at ditulis spt gurat-gurat dina lawon, warna dina pakéan, aksara, tanda, citakan, sténsil; **2** sulam maké benang warna-warni; **3** sora dina piringan hitam (gramofon) at dina kasét

**merekam** *vt* nyitak; ngagambaran at nyieun corak dina lawon ku gurat-gurat at kembang dina lawon jsb; **2** nyulam maké benang emas at warna-warni; ngarénda; nempelkeun rénda jsb dina baju, taplak jsb; **3** neundeun at nyitak sora dina kasét;

**perekaman** *n* carana at prosés kagiatan ngarekam: *== bahasa daerah sebaiknya dilaksanakan tahun ini* kagiatan ngarekam basa daérah alusna mah dilaksanakeun taun ieu

**re.kan** *n* **1** babaturan sapagawean; **2** babaturan saorganisasi (pakumpulan): *dia adalah -- saya* manéhna téh babaturan kuring di pagawéan;

**rekanan** *n* jalma anu ngabogaan hubungan timbal balik dina dunya usaha at dagang; nasabah usaha

**re.ka.pi.tu.la.si** /rékapitulasi/ *n* **1** révisi struktur modal dina pausahaan; **2** kalkulasi ti nu sakabéhna (sagemblengna); kacindekan itungan jumlah sagemblengna

**re.kat, merekat** *vt* ngarapet; ngelém; némpél: *ia sedang == amplop* manéhna keur ngarapet amplop

**re.ka.ya.sa** /rékayasa/ *n* nerapkeun aturan-aturan (kaidah-kaidah) élmu dina palaksanaan kalawan peralatan anu murah, tapi gedé mangpaatna;

**merekayasa** *vt* nerapkeun élmu-élmu jeung ngalaksanakeunana: *para sarjana diharapkan bisa == dlm bidang masing-masing di masyarakat* para sarjana diharepkeun bisa nerapkeun widang élmu sarta ngalaksanakeun di masarakat

**re.ke.ning** /rékening/ *n* **1** itungan jumlah duit nu kudu dibayar (langganan, séwaan, jsb); **2** itungan jumlah duit nu kudu di bayar ka bang jsb dina unggal bulan; rekening; kuétansi: *setiap bulan harus membayar -- koran* unggal bulan kudu mayar rekening koran

**rek.la.me** /réklame/ sarupa wawaran ka umum ng barang dagangan sarta maké basa anu matak narik, gambar jsb supaya payu; iklan; réklameu: *bus-bus kota sering ditempel* -- beus-beus kota mindeng ditémpél réklameu

**re.ko.mon.da.si** /rékomondasi/ *n* surat (pondok) anu eusina hal ménta perhatian at nerangkeun yén jalma anu kasebut dina surat téh bener, bisa dipercaya jsb; **2** saran anu nganjurkeun at méré naséhat

**re.kor.** /rékor/*n* **1** hasil anu pangalusna (dina olah raga); pangluhurna juara: *ia memegang -- lari 400 m* manéhna jadi juara lumpat 400 m

**rek.re.asi** /rékréasi/ *n* nyegerkeun deui badan jeung pikiran; hiburan: *kita memerlukan -- setelah bekerja keras* sanggeus digawé beurat urang perelu hiburan;

**berekreasi** *vi* neangan hiburan; ngahaja ulin senang-senang; piknik: *anak-anak sekolah pada waktu libur banyak yg == ke Taman Mini* barudak sakola dina waktu libur loba anu piknik ka Taman Mini

**rek.rut** /rékrut/ *n* **1** calon serdadu (tentara) *sejak usia lima belas tahun ia sudah menjadi* -- ti umur lima belas taun manéhna geus jadi calon serdadu; **2** anggota anyar;

**merekrut** *vt* ngadaftar (ngasupkeun) calon anggota anyar: *ia == mahasiswa baru agar masuk organisasi* manéhna ngasupkeun mahasiswa anyar supaya asup organisasi

**rektor** /réktor/ *n* **1** ketua anu mingpin paguron luhur, institut, jsb; **2** pamingpin at kapala di biara (ng ajaran Injil)

**re.la** /réla/ *a* **1** iklas; rido: *kemana pun kita pergi mencari — Allah* ka mana baé ogé urang indit neangan rido Allah;

**merelakan** *vt* méré at mikeun kalawan iklas haté at rido: *saya sudah -- ia pergi* kuring geus iklas manéhna indit;

**kerelaan** *n* kaiklasan; karidoan; kasadiaan: *saya sangat mengharap == hati anda* kuring kacida ngaharepkeun karido haté anjeun

**re.la.si** /rélasi/ *n* **1** hubungan: *banyak -- dng orang lain* loba hubungan jeung nu séjén; **2** kenalan: *ia mempunyai -- dng orang asing* manéhna boga hubungan jeung urang deungeun; **3** anu ngalanggan: *pelayanan terhadap -- harus baik* mairan anu ngalanggan kudu hadé

**re.la.tif** /rélatif/ *a* henteu mutlak; henteu angger: *bahan pakaian produksi dalam negri harganya -- murah* bahan pakéan hasil buatan urang hargana rada murah

**re.le.van** /rélevan/ *a* saimbang; saluyu: *apa yg dikatakanya tidak -- dng perbuatannya* naon anu diomongkeunana teu saluyu jeung perbuatanana

**re.ma.ja** *a* **1** mimiti balég at déwasa; rumaja; geus meujeuhna kawin: *anaknya sudah --* anakna geus déwasa; **2** ngora: *pakaian model mini pantas untuk kaum --* pakéan modél mini pantes keur nu ngarora;
**peremajaan** *n* perbuatan at cara ngarumajakeun (leuweung, pagawe); ngaganti pagawé at pepelakan: *dlm rangka ==, hutan gundul harus ditanami* dina raraga ngarumajakeun, leuweung gundul kudu dipelakan; *diperusahaan swasta kadang-kadang diadakan == pegawai* di pausahaan swasta sakapeung sok diayakeun pergantian pagawé;
**keremajaan** *n* karumajaan; hal at urusan rumaja; kaayaan rumaja: *seorang remaja harus pandai menjaga == nya* anu rumaja kudu bisa ngajaga karumajaanana

[1]**re.mang** *n* bulu lemes dina badan; bulu ramo;
**meremang** *vt* muringkak bulu punduk; bakat ku sieun: *mendengar kabar yg menakutkan itu == bulu romaku* ngadéngé béja anu pikasieuneun matak muringkak bulu punduk

[2]**re.mang, meremang** *v* ngeyembeng (cimata) ngembeng; ngagarajag (késang): *air matanya == ketika anaknya berangkat ke luar negeri* cipanonna ngembeng basa anakna indit ka luar nagri

[3]**re.mang** *a* **remang-remang** *a* rada poék; reyem-rayem; carangcang tihang; sareupna

**re.mas** *v* **meremas** *vt* **1** ngarames; ngagaley (parud kalapa, adonan, jsb); **2** meureut; meres (cipati jsb); **3** ngekesek: *ia == surat itu lalu dibuangnya* manéhna ngekesek surat tuluy dipiceun

**rem.bes, merembes** *v* **1** barang éncér anu kaluar saeutik-saeutik at nyerep: *keringat == dari kulit* kesang rembes tina kulit; tembus; **2** *ki* rasiah nu bocor: *hati-hati rahasia itu jangan ==* ke luar ka hadé rasiah téh ulah nepi ka tembus ka luar; terusing ratu rembesing kusumah, pb turunan bangsawan

**re.muk** *a* **1** ancur; peupeus at bubuk jadi bagian-bagian laleutik; **2** *ki* haté nu ancur

**meremukkan** *vt* **1** meupeuskeun; ngancurkeun nepi ka jadi bagian-bagian laleutik: *dialah yg == piring itu* manehna anu meupeuskeun piring téh; **2** *ki* nganyenyeri: *peristiwa itu == hatiku* éta kajadian téh ngancurkeun haté kuring: *tindakan suaminya == hati istrinya* kalakuan salakina nganyenyeri pamajikanana

**re.nang** *v*, **berenang** *vi* ngojay: *setiap minggu ia belajar ==* unggal minggu manehna diajar ngojay

**ren.ca.na** *n* **1** rarancang: *-- kerja* rarancang gawé; **2** konsép; kopéan; **3** acara; **4** maksud; niat; rancana: *saya punya -- akan ke rumahnya* kuring téh boga niat rék ka imahna;

**berencana** *vi* kalawan maké rancana at rarancang; ngabogaan rarancang: *keluarga ==* kulawarga anu boga rarancang; kulawarga berencana;

**merencanakan** *vt* ngarancanakeun; ngararancang; ngonsép; nyusun: *ia sedang sibuk == laporan* manéhna keur sibuk nyusun laporan;

**perencanaan** *n* **1** cara ngarancana; prakna ngalaksanakeun rancana; perbuatan ngalaksanakeun rarancang; **2** anu dirancanakeun: *tanah itu termasuk dlm == perluasan kota* tanah téh kaasup kana anu dirancanakeun keur ngalegaan kota

**ren.da** /rénda/ *n* hasil karajinan tina benang keur sisi baju at sepré (aya ogé hasil pabrik);

**merenda** *vt* nyieun rénda; ngarénda: *ibu saya pandai ==* indung kuring pinter ngarénda

**ren.dam** *v*, **berendam** *vi* aya dina jero cai; ngeueum: *setiap hari ia mandi == di sungai* unggal poé manéhna mandi ngeueum di walungan;

**merendam** *vt* ngeueuman ku cai (seuseuhan): *ia == sepre di dlm ember* manéhna ngeueuman sepré dina ember

**re.ngek** /réngék/, **merengek** *vt* barang penta bari ceurik leutik; ngarenghik

**reng.gang** *a* **1** henteu rapet henteu raket; henteu adek; henteu deukeut; **2** henteu akrab; anggang: *dgn saudara-saudaranya pun -- apalagi dng orang lain* jeung dulurna baé teu raket komo deui jeung nu séjén;
**merenggangkan** *vt* ngaanggangkeun; ngajauhkeun; nyieun hal supaya anggang, teu akrab jsb: *pertengkaran == persaudaraan* papaséaan sok ngajauhkeun kaduluran;
**kerenggangan** *n* kateuakraban: kaanggangan, kajauhan jsb: *== itu bisa disebabkan oleh perselisihan* kateuakraban téh bisa disababkeun ku pacengkadan; *kita saling mendoakan dari ==* urang silih duákeun ti kaanggangan

**renggut** *v*, **merenggut** *vt* **1** ngarebut kalawan paksa; **2** ngagayuh (dayung): *kalau begitu engkau telah == kebahagian orang lain* lamun kitu mah manéh téh ngarebut kabagjaan batur
**renggutan** *n* rampasan:*barang hasil ==* barang meunang ngarampas

**re.no.va.si** /rénovasi/ *n* dihadéan sangkan leuwih alus, sampurna; dibarukeun deui (imah, kantor jsb)

[1]**ren.tang** *a*, diulur kenceng; panteng;
**merentangkan** *vt* ngulur supaya kenceng; *== tangan* ngalempengkeun dua leungeun ka gigir;
**rentangan** *n* uluran (tali)

[2]**ren.tang** *v*, **merentang-rentang** *vt* nyentakan

**ren.te.nir** /réntenir/ *n* jalma tukang ngaréntenkeun; tukang riba; *ki* léntah darat

**re.nung, merenung** *vt* cicing, teu ngomong mikiran hiji hal; ngalamun; ngalenyepan karya sastra: *ia duduk ==* manehna diuk bari ngalamun;
**merenungi** *vt* mikiran hal; ngalenyepan; **ngama'naan**: *ia sedang == sajak* manéhna keur ngama'naan sajak;
**renungan** *n* buah pikiran; hasil ngalenyepan: *apa yg menjadi ==* naon anu jadi buah pikiranana

**re.pa.ra.si** /réparasi/ *n* ngahadéan naon-naon anu ruksak; ngoméan; *-- jam tangan* ngoméan jam tangan

**re.por.ter** /réporter/ *n* **1** wartawan; anu nyusun laporan; **2** anu nga laporkeun kaayaan anu keur maén (olah raga, maén bal, badminton, jsb)

**re.pot** /répot/ *a* **1** sibuk; raripuh; rariweuh; loba gawé: *saya tidak bisa hadir karena sedang* -- kuring teu bisa datang lantaran keur sibuk; **2** ripuh, payah (nu gering): *ia sakit* -- manehna gering ripuh;
**merepotkan** *vt* ngarépotkeun; ngaripuhkeun; jadi répot: *jangan == yg punya rumah* ulah ngaripuhkeun anu boga imah;
**kerepotan** *n* kasibukan: *sekarang saya sedang banyak ==* ayeuna kuring keur loba kasibukan

**rep.re.sen.ta.tif** /répréséntatif/ *a* bisa diandelkeun; bisa ngawakil; saluyu jeung fungsina salaku wakil; bener: *data yg sudah ada kurang -- untuk dijadikan dasar penelitian* data anu geus aya kurang saluyu, teu bisa ngawakilan pikeun dipaké dasar panalungtikan

**re.pro.duk.si** /réproduksi/ *n* tironan; hasil anu ngaduakalian; dihasilkeun deui at ditiron tina aslina: -- **potret** potrét anu geus aya dipotrét deui

**re.pub.lik** /républik/ *n* wangun pamaréntahan anu dumasar kana kadaulatan rayat nu dikapalaan ku presidén

**re.pu.ta.si** /réputasi/ *n* perbuatan jsb anu nyababkeun meunang kahormatan at kasohor: *--nya dl gelanggang bulu tangkis dikenal ke seluruh dunia* kapinteranana di médan tarung badminton kasohor ka sakuliah dunya

**re.sah** *a* henteu tenang; gugup; guligah; gulanggasahan: *orang sakit itu tadi malam* -- nu gering téh tadi peuting gulanggasahan;
**meresahkan** *vt* jadi teu tenang: *serigala itu == penduduk karena suka makan kambing* ajag téh matak teu tenang urang kampung lantaran sok ngahakan domba;
**keresahan** *n* kaayaan anu teu tenang; hal anu matak teu tenang: *== batin bisa mengakibatkan sakit* kateutenangan batin bisa ngakibatkeun gering

**re.sap** *a*, **meresap** *vt* **1** nyerep (asup kana pori-pori biasana barang éncér); rembes: *air cepat == ke dlm tanah* cai gancang nyerep kana taneuh; **2** *ki* asup kana pikiran; kaharti pisan; faham: *nasihat gurunya == ke dlm pikirannya* nasehat guruna nyerep kana pikiranana;

**meresapi** *vt ki* ngalenyepan; ngahartikeun ma' nana: == *isinya ayat-ayat suci* ngalenyepan eusi ayat-ayat suci;
**meresapkan** *vt* ngasupkeun (kana barang, haté, pikiran, jsb); ngalenyepan: *bukan hanya membaca ayat-ayat itu tapi juga == isinya* lain ngan ukur maca éta ayat ayat tapi ogé kudu ngalenyepan eusina; **peresapan** *n* alat supaya nyerep: *agar air itu tidak menggenang harus dibuat ==* supaya caina henteu nguyumbang kudu dijieun alat supaya caina nyerep

re.sen.si /resénsi/ *n* pertimbangan buku nu ditulis dina koran at majalah; ulasan buku; katerangan ng buku: *ia menulis sebuah == buku yg baru terbit* manéhna nulis ng pertimbangan buku anu kakara medal

**re.sep /resép/*n*** **katerangan dokter ng obat sarta ukuranana keur nu gering, bisa ditukeurkeun kana obat diapotek; 2 katerangan ng bahan-bahan jeung carana nyieun (obat at kadaharan, jsb): -- *kue bolu* katerangan cara-carana nyieun kuéh bolu**

**re.sep.si** /resépsi/ *n* pasamoan (riungan) nu resmi patali jeung pésta kawin, palantikan jsb sarta disuguhan dahar jeung rupa-rupa kadaharan nu séjénna

**re.sep.si.o.nis /résepsionis/** *n* jalma anu tugasna narima tamu (di hiji pausahaan, hotél atawa kantor): *ia bekerja sebagai --* manéhna digawe jadi tukang narima tamu

**re.se.si** /resési/ *n* kalesuan ékonomi dina widang dagang, industri; mundurna kagiatan dagang: -- *telah menimbulkan banyaknya pengangguran* ku mudurna kagiatan dagang nimbulkeun lobana jalma anu ngalanggur

**re.si.di.vis** /résidivis/ *n* jalma anu kantos dihukum teras ngalakukeun kajahatan deui; residivis: -- *yang hukumannya berat dikirim ke Nusakambangan* residivis nu hukumanna beurat dikirim ka Nusa kambangan

**res.mi** *a* sah; dines; formal: *pakaian* -- pakéan dines;
**meresmikan** *vt* ngaresmiskeun; ngesahkeun: *bulan depan ia == perkawinannya* bulan hareup manehna ngaresmikeun perkawinana;

**peresmian** *n* pengumum; palantikan; pangangkatan, jsb sacara resmi at sah: *besok akan dilangsungkan == gedung baru itu* isukan rék diayakeun paresmian gedong anyar téa

**re.so.lu.si** /résolusi/ *n* putusan penting nu ditetepkeun ku sidang musawarah, biasana ngandung dongsokan, pernyataan tinulis biasana eusina mangrupa hiji paménta (tuntutan) ng hal naon baé

**res.pon.den** /résponden/ *n* jalma nu sok dipénta kateranganana at kanyahona dina raraga ngayakeun panalungtikan; informan

**res.tan** /réstan/ *n* sésa; leuleuwihan

**res.tu** **1** berkah; **2** pangaruh doa;

**merestui** *vt* ngadoakeun; nyatujuan; méré berkah: *orang tua harus == perkawinan anaknya* kolot mah kudu nyaluyuan kana perkawinan anakna

**re.su.me** /résumé/ *n* ringkesan: -- *cerita* ringkasan carita

**re.tak** *a* **1** rengat; cerah (ng piring jsb) nu nandakeun téréh peupeus: *piring yg -- itu jangan dipakai* piring nu rengat téh ulah dipaké; **2** ng pacengkadan; teu hadé;

**keretakan** *n* **1** hal anu rengat; **2** *ki* pacéngkadan; papasean: *jangan sampai ada == dlm rumah tangga* ulah nepi ka aya pacengkadan dina rumah tangga

**re.tri.bu.si** /rétribusi/ *n* panarikan duit ku pamaréntah (kota madya, jsb) minangka males jasa; iuran: *akan ditarik -- dari setiap kendaraan yg lewat* bakal ditarik iuran ti sakur mobil anu ngaliwat

**re.vi.si** /revisi/ *n* pamariksaan deui supaya leuwih alus, leuwih bérés at bener;

**merevisi** *vt* ngahadéan; ngoméan: *ia pandai === radio* manéhna pinter ngoméan radio

**re.vo.lu.si** /révolusi/ *n* **1** parobahan katatanagaraan (pamaréntah at kaayaan sosial) nu dilaksanakeun maké kakerasan; **2** parobahan dina dasarna pisan ngeunaan hiji widang

**re.wel** /réwél/ *a* **1** loba omong (sok ngalawan, tara nurut, aya baé anu dipénta, jsb): *biar tidak -- kasihkan saja uang itu* ambéh teu loba omong bikeun baé duit téh; **2** hésé; henteu lancar; sok macét (ng mesin jsb): *mesin tiknya --* mesin ketikna sok macet; **3** kitu salah kieu salah: *bekerja dng dia -- sekali* digawé jeung manéhna mah kitu salah kieu salah; **4** menangis saja (ng budak leutik); mindeng ceurik biasana lamu heréééng: *anaknya -- sekali* budakna mindeng ceurik;
**kerewelan** *n* **1** kamacétan: kateulancaran; **2** kaayaan réwél; karéwélan; panyéréwédan: *yg sudah ya sudah saja jangan membuat == lagi* anu enggeus mah enggeus baé ulah nyieun panyéréwédan deui

**re.yot** /réyot/ *a* geus ruksak pisan; réyod (ng méja, korsi, saung, jsb): *kursi yg sudah -- jangan dipakai lagi* korsi anu geus réyod mah ulah dipaké deui

**re.ze.ki** *n* **1** sagala rupa anu dipaparin ti Gusti Allah keur bekel hirup; dahareun; napakah jsb; *ki* kahirupan; panghasilan; milik (duit, jsb) keur bekel hirup

**re.zim** /rézim/ *n* tata kapamaréntahan; pamaréntahan anu boga kakawasaan: *pada waktu -- A negara itu sangat miskin* waktu pamaréntahan A éta nagara miskin pisan

**ri.ah, meriah** *a* **1** ramé kagumbiraan: *pesta pernikahan itu sangat ==* pésta pernikahan téh ramé pisan

**ri.ak** *n* **1** gerakan ombak dina beungeut cai; ombak leutik; **2** gétaran (hawa);
**beriak** v ombak-ombakan;
*air == tanda tak dalam, pb* jalma anu gede hulu (sombong) nandakeun euweuh eusian; lodong kosong ngelentrung, *pb* jalma anu sombong kalah ka omong padahal sabenerna mah kosong

**ri.ang** *a* gumbira; senang pikiran: *anak itu sangat -- menyambut kedatangan ayahnya* budak téh gumbira pisan mapagkeun bapana nu karék datang;
**keriangan** *n* kagumbiraan: *== itu membawa kabahagiaan* kagumbiraan téh nimbulkeun kabagjaan

**ri.as** *v* hias; **merias** *vt* menghias; ngadangdanan: *saya sedang kursus == pengantin* kuring keur kursus ngahias penganten
**perias** *n* jalma nu ngahias; juru hias

[1]**ri.ba, meriba** *vi* mangku; nangkeup

[2]**ri.ba** *n* haram; rénten; barang anu teu maslahat: *barang -- dilarang oleh agama Islam* barang anu teu maslahat dilarang ku agama Islam

**ri.but** *a* sibuk pisan; loba gawé; ribut: *menjelang lebaran orang -- membeli pakaian* geus deukeut ka lebaran jelema ribut marculi pakéan;
**meributkan** *vt* ngaributkeun; nyieun kaributan; ngageumpeurkeun; ngacowkeun: *kebocoran ujian == masyarakat* bocorna ujian ngageumpeurkeun masarakat;
**keributan** *n* kaributan; kakacowan; kageumpeuran: *jangan sekali-kali membuat == di sekolah* ulah pisan nyieun kaributan di sakola

**ri.leks** /riléks/ *v cak* istirahat; ngaso; reureuh: *ia sedang -- di depan rumah* manéhna keur ngaso di hareupeun imah

**rim.ba** *n* leuweung geledegan tatangkalan galedé jeung jaranggotan: *hilang tidak tentu -- nya* leungit teu karuhan ka mana losna;
**merimba** *vi* **1** jadi spt leuweung: *kebun itu dibiarkan* ==kebon téh diantep sina jadi leuweung; **2** indit ka leuweung at digawé di leuweung;
**perimba** *n* jalma anu néangan pangupa jiwana di leuweung ku jalan ngala suluh jsb

**rim.bun** *a* dahan-dahanna loba jeung daunna gomplok bisa dipaké ngiuhan;
**kerimbunan** *a* **1** kaayaan anu daunna gomplok; kagomplokan; **2** dangdaunan anu haréjo keur kahakanan bangsa héwan

**rin.ci** *v* **merinci** *vt* **1** ngabagi-bagi nepi ka bagian anu laleutik pisan; **2** nerangkeun nepi ka bagian-bagian anu laleutikna; **3** ngawincik;
**perinci** *n* wincikan; meunang ngawincik; hasil ngawincik;
**terinci** *vi* diterangkeun nepi ka bubuk leutikna tur puguh entép seureuhna; diwincik; dijelaskeun hiji-hiji: *permasalahannya harus dijelaskan secara ==* pasualanana kudu dijelaskeun hiji-hiji

**rin.dang** *a* loba dahan jeung régang sarta daunna gomplok; liuh: *berteduh di bawah pohon yg* -- ngiuhan di handapeun tangkal anu liuh;
**perindang** *n* tangkal, daun, jsb anu bisa dipaké ngiuhan tina panas at hujan: *pohon yang besar bisa dijadikan* == tangkal anu gedé bisa dipaké ngiuhan

**rin.du** *a* **1** hayang pisan sarta ngaharepkeun kana hal (naon baé) anu dicita-citakeun; gandrung: -- *akan kemerdekaan* ngaharepkeun pisan kamerdékaan; **2** rasa hayang papanggih; kangen: *ia sudah -- dng saudaranya di kampung* manéhna geus ngarasa kangen jeung dulurna anu dilembur;
**merindukan** *vt* micangcam; mikahayang pisan; hayang papanggih: *ia == anak istrinya* manéhna hayang papanggih jeung anak pamajikanana;
**kerinduan** *n* kakangen; kahayang jeung harepan hayang papanggih: *selama ia di luar negeri == terhadap keluarganya tidak bisa dilupakan* salila manéhna di luar negri rasa kangen ka kulawargana henteu bisa dipopohokeun;
**perindu** *n* **1** tamiang at awi leutik nu sok biasa dipaké suling; **2** parabun

**ri.ngan** *a* **1** hampang; henteu beurat: *kayu ini* -- kai ieu hampang; **2** *ki* énténg henteu bangga:*luka* -- raheutna leutik, henteu pikahariwangeun; **3** *ki* babari migawéna: *soal ujian tahun ini agak* -- soal ujian taun ieu mah rada babari; **4** saeutik, henteu loba jumlahna: *pajak tanah di daerah termasuk* -- pajeg tanah di daérah mah teu sabaraha; **5** sakeudeung, henteu lila: *hukumannya* -- hukumanana henteu lila;
**meringankan** *vt* **1** ngaénténgkeun; ngahampangkeun; ngurangan beuratna; **2** *ki* ngurangan kasusah: *untuk == pikulan itu isinya harus diambil lagi* keur ngahampangkeun tanggungan téh eusina kudu dicokot deui; *membantu == penderitaan orang yg sedang mendapat musibah* mantuan ngurangan katunggaraan anu keur meunang musibah;
**keringanan** *n* ngurangan beungbeurat; supaya teu beurat teuing (tanggungan, tugas, jsb): *mohon -- dl pembayaran pajak* ménta supaya henteu beurat teuing dina mayar pajeg

**ring.kas** *a* **1** henteu loba ngagunakeun tempat; ringkes: *tempat tidur itu dilipat supaya* -- tempat tidur téh dilipet supaya ringkes; **2** pondok; ringkes (omongan at carita): -- *nya kita harus siap-siap untuk menerima tamu* pondokna mah urang kudu sasadiaan keur narima tamu;
**meringkas** *vt* ngaringkes; mondokkeun: *ia mendapat tugas == novel* manéhna meunang pancén ngaringkes novel;
**ringkasan** *n* ringkesan; meunang ngaringkes: *ia sedang membuat == cerita* manéhna keur nyieun ringkesan carita;
**peringkas** *n* **1** jalma anu nyieun ringkesan; anu ngaringkes; **2** alat pikeun ngaringkes

**ring.kik** *n*, **meringkik** vi ng sora (kuda); ngahiem; *kedengaran suara kuda ==* kadéngé sora kuda ngahiem

**ring.kuk, meringkuk** *v* **1** ngaringkuk; saré bari morongkol: *ia tidur == karena kedinginan* manéhna saré ngaringkuk lantaran ngarasa tiris; **2** *ki* dipanjara; dibui; ditahan; dihukum: *pencuri itu == di rumah tahanan* nu maling téh ditahan di rumah tahanan

**ring.kus** *v*, **meringkus** *vt* nalian leungeun jeung suku héwan anu rék dipeuncit dsb; ngaringkus: *jagal == kambing yg akan disembelih* jagal ngaringkus embé nu rék dipeuncit

**ring.sek** *a* **1** risek; rikes; ruksak pisan: *sepeda itu -- ditabrak motor* sépedahna rikes ditabrak motor; **2** teu rata teu saperti meunang ngalicin; kusut: *baju yg -- harus digosok* baju nu kusut kudu dilicin

**rin.tang, merintangi** *vt* ngahalangan: *mobil yg mogok itu == jalan* mobil nu mogok téh ngahalangan jalan;
**rintangan** *n* halangan (halangan harungan); naon-naon nu jadi hahalang: *mudah-mudahan selamat di perjalan tak ada == apa-apa* mudah-mudahan salamet di perjalanan teu aya halangan harungan;
**perintang** *n* hahalang; alat at barang anu jadi hahalang

**rin.tih, merintih** *vi* **marurung bakat ku nyeri:** ***orang sakit itu == kesakitan*** anu gering téh **marurung** bakat ku nyeri;
**rintihan** *n* **1** sora anu marurung: *tak tega mendengar == itu* teu téga ngadéngé sora anu marurung téh; **2** naon-naon anu jadi bangbaluh; hal anu nyababkeun susah at henteu sugema: *yg menjadi == nya karena kurangnya biaya untuk meneruskan sekolah* anu jadi bangbaluh téh lantaran kurangna beya sakola

**rin.tik** *n* tétés (cai); rincik (hujan);
**merintik** *v* *hujan* == hujan ngaririncik

**rin.tis** *n* jalan setapak di leuweung anu kakara dijieun:
**merintis** *vt* muka jalan leutik di leuweung: *transmigran itu sedang == hutan* tranmigran téh keur nyieun jalan leutik di leuweung;
**perintis** *n* jalma anu mimiti jadi pamuka jalan; tokoh; pajuang; pa rantas jalan: *para == kemerdekaan mendapat penghargaan* para tokoh kamerdékaan ngaleler panghargaan

[1]**ri.sau** *a* goréng kalakuan (sok ngalakukeun kajahatan);
**merisau** *v* hirup teu pararuguh; teu boga pamatuhan anu angger

[2]**ri.sau** *a* **1** teu puguh pikiran sieun kitu sieun kieun; salempang; honcéwang; **2** teu tenang; teu tengtrem; teu aman;
**merisaukan** *vt* ngaganggu katenangan; nyieun hal anu matak salempang: *kelakuanmu jangan == orang tua* kalakuan téh ulah pikasalempangeun kolot

**ri.set** *n* panalungtikan hiji masalah sacara sistimatis, kritis, analisis, ilmah keur ningkatkeun pangaweruh

**ri.si.ko** *n* **1** akibat nu kurang nyenangkeun (ngarugikeun, ngabahayakeun) tina perbuatan, kalakuan at pagawéan; **2** waragad nu dipake ngurus rumah tangga dina saban bulan

**ris.kon** *a* ngabahayakeun; gede risikona; teu aman: *cuaca buruk -- bagi penerbangan* kaayaan anu haleungheum keur kapal terbang mah matak ngabahayakeun

**ri.tus** *a* tata cara dina upacara kaagamaan

**ri.uh** *a* ramé; ribut: *terdengar suara -- di luar* kadéngé sora anu ribut di luar;
**beriuhan** *n* kaayaan anu ribut; kaributan; karaméan: == *itu menggangu anak yang sedang tidur* kaributan téh ngaganggu budak anu keur saré

**ri.val** *n* lawan (dina pertandingan, jsb): *latihan harus dipersiapkan untuk menghadapi -- berat* latihan kudu disiapkeun pikeun nyanghareupan lawan anu beurat

**ri.wa.yat** *n* **1** carita ( nu turun-temurun); **2** sajarah; babad: -- *berdirinya kerajaan Pajajaran* sajarah ngadegna karajaan Pajajaran;
**meriwayatkan** *vt* nyaritakeun; ngariwayatkeun; *kuncen == kerajaan Galuh* kuncen nyaritakeun karajaan Galuh

**ro.bek** /robék/ *a* soék at soéh (baju, samak, lawon, keretas, jsb); *baju yg -- harus dijahit* baju nu soéh kudu dikaput;
**merobek** *vt* **1** nyoehkeun; **2** *ki* ngaharu biru; ngaganggu: *dialah yg == cita-citaku* manéhna pisan anu ngaharu cita-cita kuring

**ro.boh** *a* rubuh; runtuh: *pohon itu -- ditiup angin kencang* tangkal téh runtuh ku angin gedé;
**merobohkan** *vt* **1** ngaruntuhkeun; ngarubuhkeun; **2** ngéléhkeun: == *lawan* ngéléhkeun lawan

**ro.bot** *n* **1** alat bisa mangrupa jejelemaan jsb, anu dilengkepan ku alat-alat elektronik, nepi ka bisaeun leumpang at barangcokot, baranggawe jst anu dijalankeun ku mesin; **2** *ki* jelema anu nurut baé kana paréntah nu séjén tanpa pertimbangan

**ro.da** *n* **1** alat buleud aya jari-jarina sarta bisa ngagorolong; gilinding; **2** padati; gorobag (paranti ngangkut barang anu ditarik ku kuda);
**beroda** *v* maké roda at gilinding; aya gilindingna: *sepeda == dua* sepéda gilindingna dua

**roh** *n* **1** nyawa; sukma; eroh; arwah; jiwa; lelembutan: *walaupun sudah meninggal == nya tetep hidup* sanajan geus maot ogé rohna tetep hirup; **2** *ki* sumanget: *hilang -- nya* leungit sumangetna

**ro.ha.ni** *n* nu aya patalina jeung roh at jeung lelembutan: budi: *didikan* -- atikan budi; *santapan* -- pangajaran budi pekerti at ahlak;
**kerohanian** *n* ngeunaan rohani; sifat-sifat rohani; hal ng rohani

**ro.ket** /rokét/ *n* ngaran sabangsa pélor at granat anu bisa ngabelesat ka luhur sarta tarik pisan;
**meroket** *v* *ki* meleset ngapung ka luhur jauh pisan saperti rokét: *balon itu == ke atas langit* balon téh melesat ngapung ka luhur langit;
**peroketan** *n* **1** perihal rokét; **2** proses cara perbuatan melesatna rokét

**rom.bak** *v* bongkar: rumah itu sedang di -- imah téh keur dibongkar,
**merombak** *vt* **1** ngabongkar; **2** ngarobah sama sekali (modélna, potonganana, jsb)

**perombakan** *n* cara at perbuatan ngarombak

**rom.beng** /rombéng/ *a* bubut sarowéh;
**rombengan** *n* barang-barang anu geus lila at bubututan urut maké (pakéan, alat-alat, jsb)

**rom.bong, rombongan** *n* kumpulan sawatara jelema, abrulan; rombongan: == *mahasiswa dari Unpad* rombongan mahasiswa ti Unpad;
**berombongan** *n* ngabogaan rombongan; sarombongan-sarombongan

**ro.ma** *n* **1** warna; *v* **2** ki paroman: -- *wajahnya menjadi pudar* paromanana jadi surem

**ron.da** *n* jelema at sawatara urang nu ngider ti peuting ngajaga kaamanan at jaga di garduh;
**ngaronda** *vi* ngider ti peuting ngajaga kaamanan kampung at désa

**rong.ga** *n* liang; rohangan: -- *dada* rohangan dada;
**berongga** *vi* ngabogaan liang; ngabogaan rohangan

**rong.rong** *v* **merongrong** *vt* **1** dahar saeutik-saeutik terus-terusan; ngagerenyem; **2** *ki* ngaganggu; nyusahkeun; ngarugikeun; sok ménta duit terus-menerus; *adiknya selalu* == adina sok nyusahkeun baé
**ronrongan** *n* ngangguan; hal nu matak nyusahkeun;
rongrongan: == *dari pihak keluarga suaminya sukar diatasi* rongrongan ti pihak kulawarga salakina hésé diungkulanana

**ron.ta, meronta-ronta** *vi* teterejelan rek ngalésotkeun diri lantaran ditalian at dicekelan tarik

**ront.gen** *n* alat paranti motret anu bisa nembus bagian badan beulah jero; radiologi; ronsen msl motrét bayah (paru-paru), hamperu jsb: *orang sakit itu harus di* == anu gering téh kudu dironsen

**ron.tok** *v* **1** murag (ng bubuahan, buuk; dangdaunan jsb): *pohon itu daunnya* -- tangkal téh dauna murag; **2** lesot; ngolopok (ng cét, kulit, jsb); 3 punglak (ng huntu); coplok: *kalau sudah tua gigi pun* -- ari geus kolot mah huntu oge caroplok;
**merontokkan** *vt* nyoplokkeun; munglakkeun: *ia* == *gigi yg goyah* manéhna nyoplokkeun huntu anu ungger;
**kerontokan** *n* kaayaan anu murag: == *rambutnya disebabkan oleh obat suntikan* rambutna anu murag téh lantaran obat suntikan

**ro.sot, merosot** *vi* **1** turun; lésot; merosot: *celana anak itu* == *karena putus talinya* calana budak téh morosot lantaran pegat talina; **2** turun pisan (ng harga-harga barang, makanan, jsb): *harga beras* == *sekali karena sedang panen* harga beas turun pisan lantaran keur panén;
**kemerosotan** *n* kamorosotan; hal anu morosot: == *harga-harga hasil tani* morosotna harga-harga hasil tatanén

**ro.tan** *n* ngaran tutuwuhan leuweung sabangsa palem anu ngarambat palapah daunna cucukan, tangkalna dipaké nyieun korsi jsb, leutleus tur liat;
**merotan** *vi* **1** ngala hoé (néangan hoé) ka leuweung; **2** ngagebug at neunggeul ku hoé: *pekerjaannya* == pagawéanana ngala hoé

**ro.ta.si** *n* **1** puteran; **2** giliran bagilir: == ***bumi*** puteran bumi; **3** cara melakan tanah ku sababaraha rupa pepelakan, ganti-ganti sacara bagilir

**ro.yal** *a* kaleuleuwihan (dina ngagunakeun duit, barangdahar, jsb) royal: *walaupun ia kaya hidupnya tidak* -- sanajan manéhna beunghar hirupna henteu royal;
**keroyalan** *n* kalakuan anu royal; karoyalan: *akibat* == *nya mereka hidup sengsara* akibat karoyalanana maranéhna hirup sangsara

**ro.yal.ti** *n* duit jasa nu dibayar ku penerbit ka pangarang pikeun satiap buku anu terbit: *dng* -- *dapat menghidupi keluarganya* ku duit jasa ti penerbit bisa ngahirupan kulawargana

**ru.ang** *n* rohangan; kamar: *rumah itu terdiri dari empat* -- imah téh aya opat kamar;
**ruang angkasa** *n* angkasa luar;
**ruang tunggu** *n* tempat paranti ngadagoan (ng pasén);
**beruang** *vi* ngabogaan rohangan: *gedung itu* == *lima* gedong téh kamarna aya lima;
**beruang** *n* biruang (gajah biruang) nya éta sato anu galak

**ru.as** *n* bagian antara buku jeung buku (awi, ramo,jsb);
**beruas** *vi* aya ruasan: *pohon bambu* == *ruas* tangkal awi aya ruas-ruasna

**ru.gi** *a* **1** kaleungitan sabagian tina modal boh modal dagang boh modal hirup; teu untung; kurang tina modal: *walaupun* -- *dijual juga*

sanajan rugi dijual ogé; **2** teu aya mangpaatna; rugi: *ia merasa -- jauh-jauh datang mau kuliah dosennya tidak hadir* manéhna ngarasa rugi jauh-jauh datang rék kuliah dosenna teu aya;

**merugi** *vi* meunang rugi; ngarandapan rugi: *kalau di jual seribu saya == lima ratus rupiah* lamun dijual sarebu kuring rugi lima ratus perak;

**kerugian** *n* **1** perihal rugi; hal anu matak ngarugikeun; karugian: *banjir banyak mendatangkan ==* banjir loba ngadatangkeun karugian; **2** ganti rugi; ngaganti karugian: *yg menabrak itu harus == dua puluh ribu rupiah* anu nambrak téh kudu ngagantian karugian dua puluh rébu pérak

**ru.jak** *n* **1** kadaharan anu dijieun tina buah-buahan (buah ngora, bonteng, boléd atah, jsb) dicoélkeun kana sambel gula, aya ogé anu dibanjurkeun; petis; **2** alpuket, kalapa, tomat, jsb dicampurkeun make gula, sirop, aya ogé anu make es; -- **cuka** rujak bumbuna make cuka (kol, bonténg, togé, danas, jsb); asinan; -- **ulek** rujak uleg; petis; -- **tumbuk** rujak anu dibebek (ditutuan);

**rujakan** *n* **1** rupa-rupa rujak msl rujak kalapa, roti, cau muli, jsb (biasana keur sasajen): rurujakan; **2** upacara adat (tingkeban; tujuh bulan kakandungan) sok ngarujak tujuh rupa bubuahan tuluy dibagikeun ka barudak

**ru.juk** *v* malikan deui popotongan sanggeusna ditalak saméméh lubar idah, teu kudu dirapalan deui: ruju;

**merujuk** *vt* **1** malikan deu popotongan saméméh lubar idah; ngaruju; **2** nyawang, maluruh pikeun nalungtik anu dikaitkeun jeung buku pangaweruh;

**rujukan** *n* **1** katerangan ng hiji hal; **2** bahan at sumber anu dipaké pikeun méré katerangan anu leuwih jembar; acuan

[1]**ru.kun** *a* **1** akur; layeut; aman; tengtrem; tara paséa: *semoga hidup -- selamanya* mudah-mudahan hirup layeut salilana; **2** sahaté; samupakat; ragem: *masyarakat di dusun hidup --* masarakat di kampung mah hirup ragem samupakat;

**kerukunan** *n* karukunan: *perlu == dlm rumah tangga* perlu karukunan dina rumah tangga

[2]**ru.kun** *n* **1** hal at katangtuan anu kudu dicumponan pikeun sahna hiji pagawean; rukun -- ***Islam*** rukun Islam; **2** asas; dasar; prinsip:

*penelitian itu berjalan dng lancar sesuai dng -- yg ditentukan* panalungtikan téh lumangsung kalawan lancar saluyu jeung dasar anu geus ditangtukeun;

**ru.mah** *n* **1** imah; tempat cicing; **2** wawangunan sacara umum; -- **gila** imah tempat jalma nu garélo; -- **dines** imah pamaréntah anu dicicingan satungtung dines digawe; -- **sakit** imah paranti ngurus nu gering;

-- **biliar** rumah bola; tempat notog bola;

-- **jaga** gardu tempat nu jaga;

-- **kaca** imah nu hateup sarta bilikna tina kaca paranti melak tutuwuhan dina hawa nu bisa diatur panasna;

-- **kancing** lobang kancing paranti ngasupkeun kancing;

-- **makan** tempat paranti dahar; réstoran;

-- **obat** toko anu ngajual obat-obatan;

-- **tahanan** panjara; -- **sakit mata** rumah sakit nu husus nambaan jeung ngarawat nu nyeri panon; -- **sakit jiwa** rumah sakit nu husus ngurus at ngarawat nu gélo: -- **sakit umum** rumah sakit umum ngurus rupa-rupa panyakit sarta miboga dokter ahli;

-- **judi** tempat paranti maén (ngadu);

-- **kéong** gubug-gubug leutik sarta butut di sisi walungan; -- **ibadat** tempat paranti ibadah (masjid, tajug,jsb)

**ru.bai** *n* rambu; tungtung benang anu ngambay; rumbé: -- *sajadah* rumbé sajadah;

**berumbai-rumbai** *vi* dirumbé-rumbé: *seprai pengantin dihias* == sepré pangantén dihias dirumbé-rumbé

**ru.mit** *a* sulit; hésé pisan; susah: *perkara yg -- sukar diselesaikan* perkara nu sulit hésé diréngsékeun

**rum.pun** *n* **1** gundukan tutuwuhan nu teu pati laluhur sarta ngarampidak, sok aya nu dipaké panyumputan at padumukan sato leuweung; **2** tutuwuhan anu sok nganak, jadina dareukeut pisan; rungkun msl awi, tiwu, jsb; **3** sagolongan gedé bangsa (basa) anu sarua asalna; **4** sagolongan hasil susastra anu sarua jinisna: -- *carita rakyat* golongan carita rakyat; **5** *ki* sakaturunan; *bangsa-bangsa di Indonesia masih satu* -- bangsa-bangsa Indonesia masih sakaturunan;

**berumpun** *vi* mangrupa rungkun; jadi sarungkun; sakolompok-sakolompok: *binatang di hutan hidup* == sato di leuweung hirup sakolompok-sakolompok;
**serumpun** *num* sarungkun; sagolongan; sakolompok

**rum.put** *n* tutuwuhan anu laleutik sarta loba pisan rupana; jukut msl eurih, babadotan, laméta, jsb;
**merumput** *vi* ngala jukut; ngarit (keur parab embé, kelinci, jsb)

**ru.mus** *n* patokan; aturan; kriteria, jsb (kimia, ilmu ukur, jsb) anu dilambangkeun ku angka; rumus: — *kimia zat asam* ialah $O_2$ rumus kimia zat asam nya éta $O_2$; **2** pernyataan at kacindekan; azas; pamadegan anu disebut dina kalimah, ringkes, écés sarta keuna jeung nu dimaksud

**run.cing** *a* méncos ka congona; seukeut; méncos; néros; **2** *ki* genting; sengit (papaséaan, jsb): *masalahnya semakin* -- pasualanana beuki genting;
**meruncing** *vi* **1** jadi seukeut, néros, at méncos wangunna seukeut: *tanah saya == ke sebelah kiri* tanah kuring neros ka beulah kénca; **2** *ki* beuki tambah genting; sengit; perselisihan itu semakin == papaséaan téh kalah ka beuki genting

**run.ding** *n* badami; sawala; rapat;
**berunding** *vi* babadamian ng salah sahiji hal: *ia akan == dulu dng saudaranya* manéhna rék babadamian heula jeung duduluranana;
**perundingan** *n* permusawaratan; == ***Linggarjati*** permusawaratan Linggarjati

**run.duk** *v*, **merunduk** *vi* tunduk; tungkul (seperti paré anu geus ngeusi); *lihatlah ilmu padi semakin tua semakin* == pb jalma anu luhur elmuna mah tara sombong, henteu ngarasa pangpinterna, malah rendah kasasama luhur budi wijaksana (sarua jeung paribasa basa Sunda) pare beuki kolot téh beuki tungkul;

**run.tuh** *v* **1** rubuh; runtuh lantaran ruksak (ng bangunan, jsb): *rumah buruk itu — ditiup angin ribut* imah butut téh rubuh ku angin gedé; **2** ki ancur; bangkrut: *perusahaannya -- gara-gara main judi* pausahaanana ancur gara-gara maén;
**reruntuhan** *n* ruruntuk; runtuhan barang anu geus ruksak; sésa-sésa

bangunan nu ruksak: == *itu diangkut dng truk* sésa-sésa bangunan anu ruksak diangkut ku treuk;

**keruntuhan n 1** kaayaan runtuh; karuksakan; **2** katinggang ku barang-barang at bangunan anu runtuh; katinggang

**run.tun, beruntun** *vi* terus-terusan; naratayan; teu eureun-eureun: *kedengaran suara petasan == dibunyikan* kadéngé sora pepétasan teu eureun-eureun diseungeut

**ru.nut** *n* tapak (urut nincak): -- *pencuri itu masih ada kotor-kotor di tembok* tapak nu maling téh kaciri kénéh aya kalalotor dina témbok;

**merunut** *vt***1** nuturkeun tapak at galur: *polisi itu == jejak pencuri* polisi téh nuturkeun tapak nu maling; **2** maluruh; nalungtik; neangan bangsat: *tentara == jejak musuhnya* tentara néangan tapak musuhna; **3** neangan katerangan; nalungtik: *kita == hal itu dlm buku-buku lama* urang maluruh hal éta dina buku-buku heubeul

**ru.nyam** *a* rumit; sulit; hésé ngajalankeunana: *urusannya cukup --* urusanana cukup rumit; **2** gagal; teu hasil; teu jadi: *kalau begitu permasalahannya, usaha kita ini akan --* lamun kitu mah pasualanana, usaha urang bakal gagal;

**merunyamkan** *vt* nyulitkeun, ngahésékeun; ngagagalkeun: *dialah yg == usaha kita* manéhna pisan anu ngagagalkeun usaha urang téh

**ru.pa** *n* **1** kaayaan anu kaciri ti luar: *anak harimau -- nya mirip kucing* anak maung rupana mirip ucing; **2** beungeut; paroman: -- *anak itu hampir sama dng wajah ayahnya* beungeut budak téh ampir sarua jeung beungeut bapana;

**berupa** *vi* **1** ngabogaan rupa aya rupana; wujudna: *malaikat itu ada tetapi tidak ==* malaikat téh aya tapi euweuh wujudna; **2** rupana; wangunna; mangrupa: *lambang pramuka itu == bibit kelapa* lambang pramuka téh mangrupa kitri;

**merupakan** *vt* mangrupa; jadi: *minyak bumi == hasil ekspor yg terpenting bagi negara kita* minyak bumi merupakeun hasil ékspor anu pangpentingna pikeun nagara urang;

**menyerupai** *vt* **1** sarupa jeung;sarua rupana: *patung itu == gajah* arca téh sarua rupana jeung gajah; **2** nyaruaan: *kamu harus bisa == kepandaian kakakmu* manéh kudu bisa nyaruaan kapinteran lanceuk manéh

**ru.pi.ah** *n* ngaran duit R.I. sarupia = 100 sén; sapérak

**ru.sak** *a* **1** ruksak; teu waras; **2** butut: *banyak rumah yg -- akibat gempa* loba imah nu ruksak ku lini; *sepatu sudah --* sapatu téh geus butut; **3** *ki* buruk: *buah yg di keranjang itu banyak yg --* buah anu dina karanjang téh loba anu buruk;
**merusak** *vt* nyieun karuksakan; ngaruksak: *hama wereng == padi* hama wereng ngaruksak paré;
**perusakan** *n* carana ngaruksak; perbuatan ngaruksak; ruksakna: *siapa yg bertangung jawab atas == pager itu*? saha anu tangung jawab kana karuksakan pager téh?
**perusak** *n* **1** jalma at naon bae anu ngaruksak; **2** alat keur ngaruksakeun;
**kerusakan** *n* **1** kaayaan anu ruksak; karuksakan: *mobil itu mogok karena == mesin* mobil téh mogok lantaran karuksakan mesin; **2** kacilakaan; *ki* kasusahan

**ru.suh** *a* teu aman; teu tengtrem; loba gangguan: *tak ada orang yg berani melewati daerah yg -- itu* euweuh jelema nu wani ngaliwatan ka daérah anu teu aman; **2** kacow; teu aman; teu pararuguh pipikiran: *kalau pikiran sedang --* tidak bisa bekerja lamun pikiran keur kacow teu bisa digawé; **3** rarusuh; buru-buru: *tak sempat mampir karena --* teu kaburu nyimpang lantaran rarusuh

**ru.suk** *n* **1** sisi; gigir: *kayu itu disimpan di -- rumah* suluh téh diteundeun di sisi imah; **2** iga: *tulang -- nya patah ketika tertabrak motor* tulang igana potong basa katabrak motor

**ru.te** *n* jakan anu rék disorang at nu biasa disorang; jalan anu sok diliwatan

**ru.tin** *n* **1** kabiasaan anu terus-terusan dipagawé unggal poé; maranti; **2** kabisa at kapinteran tina ku midengna ngalakukeun; **3** kabiasaan anu angger; **4** pagawéan anu sarua sarta mindeng dilakukeun: *rapat -- biasa diadakan sekali dlm sebulan* rapat anu maranti biasa diayakeun dina sebulan sekali;
**kerutinan** *n* kabiasaan anu terus-menerus dipigawé unggal poé; *-- dlm rumah tangga kadang-kadang membosankan* kabiasaan anu terus-terusan dipigawé dina rumah tangga sakapeung sok matak bosen

**ru.wet** a kusut; rumit; susah; sulit: *keadaan politik malah semakin —* kaayaan politik kalahka beuki rumit;

**keruwétan** *n* karumitan; kasulitan; kakusutan: *ada saja == dlm rumah tangga* aya baé kasulitan dina rumah tangga

# S

**sa.at** *n* **1** waktu (nu pondok): -- *ini saya sedang sehat-sehat* waktu ieu mah kuring pangesto; **2** waktu anu tumali jeung kaayaan hadé at goreng: -- *yang naas* waktu anu naas; -- *yang indah* waktu anu éndah

**sa.bar** *a* tahan nyanghareupan at ngarandapan cocoba (henteu babari ambék, tara putus asa, jsb); tabah; sabar: *ia menerima nasibnya dengan* -- manéhna narima kana nasib kalawan tabah;
**kasabaran** *n* kasabaran; katabahan; katenangan haté dina nyanghareupan sagala cocoba; sifat tenang. narima kana kaayaan: *hilang* == nya *mendengar ejekan itu* leungit kasabaranana ngadéngé hinaan kitu

**sab.da** *n* dawuhan *lem* (keur ka Allah, nabi, Rosul): -- *Nabi dlm hadis* soheh dawuhan Nabi dina hadis sohéh (anu sah);
**bersabda** *vi* ngadawuh: *Nabi == agar menyayangi anak yatim* nabi ngadawuh supaya mikanyaah anak yatim

**sa.bo.ta.se** *n 1* ngaruksak milik pamaréntah (ku nu baruntak); 2 ngahalang-halang produksi pausahaan at tindakan ngaruksak jeung ngalawan, ngaganggu kalancaran gawé (ku kaom buruh anu teu sugema); **3** ngamusnahkeun sagala rupa at hal anu tumali jeung militér, msl perhubungan; angkutan wilayah musuh, dituluykeun kana perang gerilya

**Sab.tu** *n* ngaran poé anu ka tujuh sanggeusna poé jumaah; Saptu

**sa.buk** *n* beubeur; beulitan *lem*

**sa.bun** *n* ngaran barang nu ngandung soda pikeun nyeuseuh papakéan, jst;
-- **mandi** sabun paranti mandi;
-- **cuci** sabun paranti nyeuseuh;
**menyabuni** *vt* nyabunan: *saya == adik yg sedang mandi* kuring nyabunan budak nu keur mandi

**sa.bung** *v* adu: *ayam* -- hayam adu;
**menyabung** *vt* ngadu: == *ayam* ngadu hayam

**sa.but** *n* kulit anu ngandung serat tina buah kalapa at jambé; tapas

**sa.dap** *v*, **menyadap** *vt* **1** ngala lahang kawung at kalapa keur dijieun gula; 2 ngala geutah karét; nyadap: == *karet ke hutan merupakan mata pencaharian rakyat* nyadap karét mangrupa pangupa jiwa ra'yat;
-- **rekam** ngarékam ulah kanyahoan ku nu dirékamna: *metode -- rekam sukar dilaksanakan* métode sadap rékam hésé dilaksanakeunana

[1]**sa.dar** *a* **1** insap; yakin; inget; ngarasa; nyaho jeung ngarti: *kita harus -- hidup di dunia ini hanya sementara* urang kudu inget hirup di dunya téh ngan sakeudeung; **2** inget deui tina kapiuhan: *orang sakit itu baru saja* -- nu gering téh kakara inget tina kapiuhan; **3** hudang saré: *ia sudah dibangunkan tapi masih belum -- juga* manéhna geus di hudangkeun tapi can hudang kénéh baé;
**kesadaran** *n* **1** kaayaan nu nyata; kasadaran; kainsapan **2** hal anu karasa kana dirina: *menasehati tidak bisa dipaksakan harus ada == sendiri* mapatahan henteu bisa dipaksakeun kudu aya kasadaran sorangan

[2]**sa.dar** *n* **1** dada bagian hareup; **2** mimiti; anu diheulakeun

**sa.dis** *a* kejem; galak; teu ngarasakeun kana kanyeri batur; taya rasrasan; teu nimbang rasa; taya pertimbangan

**sa.dis.me** *n* **1** kakejeman; kakasaran; **2** ngarasa puas (mupuas) ka batur bari nganyenyeri; **3** kakejeman at kajahatan moral at seksual, sanggeusna seubeuh tuluy dipaténi at di siksa

**sa.dur** *v* lapis logam anu ipis (dina logam nu séjén); sipuh (emas, pérak, jsb);
**menyadur** *vt* **1** nyipuh ku emas, jsb; **2** nyusun deui carita karangan nu séjén; nyadur: *pengarang itu == cerita novel dari bahasa Sunda ke dlm bahasa Indonesia* pangarang téh nyadur carita novél tina basa Sunda kana bahasa Indonesia; **3** ngolah; nyusun: *mereka sedang sibuk == hasil penelitian* manehna keur sibuk nyusun hasil panalungtikan

**sa.gu** *n* tutuwuhan anu haténa (haté tangkalna) bisa dijieun tipung msl kawung, palem, jst; **2** tipung (anu dihasilkeun tina kawung jsb);
**menyagu** *vi* nyieun tipung tina sagu; **2** ngarasi: *ia == sperei agar agak kaku* manéhna ngarasi sepré supaya heuras

**sah** *a* **1** bener; asli; bisa dipercaya; henteu diragukeun deui; **2** dilakukeun nurutkeun hukum (undang-undang palaturan): *istri yg --* pamajikan anu geus dikawin (nurutkeun hukum); **3** henteu batal;
**mengesahkan** *vt* **1** ngesahkeun; **2** ngaresmikeun; *== gedung baru* ngesahkeun gedong anyar; **3** netepkeun; mastikeun; *pengurus organisasi itu telah == peraturan* pengurus organisasi téh geus netepkeun pelaturan;
**pengesahan** *n* prakna ngesahkeun; cara ngesahkeun

**sa.ha.bat** *n* babaturan; sobat: *ia tidak lupa mengundang -- lama* manehna teu poho ngondang sobat heubeul;
**bersahabat** *vi* nyobat: *sudah lama saya == dng dia* geus lila kuring nyobat jeung manéhna

**sa.ha.ja** *adv*; bersahaja *vi* **1** sederhana; basajan; henteu mewah; *walaupun serba ada ia hidup ==* sanajan sagala aya manehna hirup sederhana; **2** sawajarna; henteu kaleuleuwihan;
**kesahajaan** *n* kesederhanaan; kabasajanan; kawajaran: *== tampak dari tutur kata dan tingkah laku yang lugu* kasederhanaan kaciri tina omongan jeung tingkah laku anu wajar

**sa.ham** *n* **1** andil; sabagian modal tina pausahaan dagang jeung saterusna: *dia punya -- di perusahaan itu* manehna boga andil di éta pausahaan; **2** *ki* sumbangan pikiran jeung tanaga: *-- para pahlawan dalam perjuangan sangat besar* sumbangan pikiran jeung tanaga para pahlawan dina perjuangan kacida gedena

**sah.du** *a* hidmat; suci; mulya; suasana anu tengtrem (ng parasaan): *upacara itu dilaksanakan dengan* -- upacara téh dilaksanakeun kalawan hidmat;

**kesahduan** *n* kasucian; kahidmatan; kamulyaan; rasa anu endah; suci: == *pada malam takbiran menambah kokohnya iman* kasucian dina peuting takbiran nambah pageuhna iman

**sa.hih** *a* sah; bener; sampurna; teu palsu; saluyu jeung hukum (aturan); soheh: *hadis yang baik adalah hadis yang* -- hadis anu hade nya éta hadis anu soheh;

**kesahihan** *n* kasampurnaan; pancegna bebenerna: *ilmu tidak mempunyai == yang mutlak* elmu henteu boga kasampurnaan anu mutlak

**sa.hur** *v* dahar janari dina bulan puasa (antara tabuh dua malam nepi ka satengah opat at jam 4.00); saur: *sebaiknya makan -- jangan terlalu malam* alusna mah dahar saur téh ulah peuting teuing

**sa.hut** *v* jawab (lamun digeroan at ditanya);

**menyahut** *v* ngajawab; nembal; ngawaler *lem*

**sa.ing, bersaing** *v* nyaruaan babarengan; silih piheulaan; paheula-heula; paalus-alus: *pedagang yang bermodal kecil tak mampu == dengan yang bermodal besar* padagang anu modalna leutik moal bisa nyaruaan nu modalna gede;

**persaingan** *n* perihal silih piheulaan; silih elehkeun, papanas-panas: == *tidak sehat itu tidak baik akibatnya* papanas-panas goréng akibatna

**sa.ins** *n* **1** elmu anu sistimatis anu beunang diuji bebeneranana; **2** elmu anu dumasar kana kanyataan at bebeneran anu nyata wungkul (fisika, kimia jeung biologi); **3** pangaweruh anu dumasar kana filsafat

**sa.in.tis** *n* ilmuwan; ahli pakar

**sa.ja** *p* **1** wungkul; **2** terus-terusan; bae: *menangis -- anak itu dari tadi* ceurik baé budak téh ti tatadi; ngomong terus-terusan teu eureun-eureun; **3** sangeunahna baé; sakarepna: *uang yg diketemukannya itu dibawa -- pulang* duit pamanggih téh sangeunahna baé dibawa balik; leuwih hade: *pulang -- dulu nanti ke sini lagi* leuwih hade balik bae heula engké ka dieu deui

**sa.jak** *n* **1** soara anu sarua dina tungtung kecap at kalimah; purwakanti; sair; sajak jsb: *sair mempunyai -- yg sama* sair ngabogaan sajak anu sarua; **2** puisi: *-- modern berbeda dng sajak lama* puisi anyar béda jeung puisi heubeul; **3** wirahma; lagu: *-- tari* wirahma tari; **4** pantes; manis; cocog: *ia berpakaian indah lagi --* manéhna maké baju alus sarta cocog; **5** karya sastra anu ngabogaan ciri wirahma, sora, kecap-kecap pinilih (diksi) anu disusun nurutkeun harti jeung wirahma pikiran méré tafsiran imajinatif, kaayan at idé anu dikandung ku éta karya sastra;

**bersajak** *vi* **1** ngabogaan sora anu sarua dina unggal kecap, kalimah at tungtung padalisan; **2** winangun puisi: *cerita == dibacakannya* carita anu winangun puisi téh ku manéhna dibaca

**saji, menyajikan** *v* nyadiakeun (dahareun, makalah jsb): *ibunya == makan siang untuk lima orang* indungna nyadiakeun dahar beurang keur limaaneun; *ia == makalah sastra* manehna nyadiakeun makalah sastra;

**tersaji** *vi* **1** geus sadia; disadiakeun: *makanan itu sudah == di atas meja makan* kadaharan geus disadiakeun dina meja makan; **2** carana ngabahas: *== makalah itu sangat memuaskan* carana ngabahas éta makalah nyugemakeun pisan;

**penyajian** *n* carana nyadiakeun: *== makanan itu ditata sedemikian rupa* carana nyadiakeun kadaharan téh ditata kalawan hadé

**sa.ke.lar** *n* alat paranti nyambungkeun aliran listrik (keur ngahurungkeun at mareuman lampu); sakelar: *kalau == nya dipijit lampunya akan mati* lamun sakelarna dipencét lampuna pareum

**sa.ki.nah** *a* kaayaan anu tenang, tengtrem, aman; sepi tingtrim; kabagjaan: *ibu-ibu rumah tangga hendaknya dapat menciptakan keluarga --* ibu-ibu rumah tangga kuduna bisa nyiptakeun kulawarga anu aman tengtrem tur pinuh kabagjaan

**sa.kit** *a* ngarasa teu ngarareunah awak lantaran muriang, rieut, jsb; gering; udur *lem;* teu damang *lem: kemarin anak saya tidak masuk sekolah karena --* kamarin anak kuring teu sakola lantaran gering;
**kesakitan** *n*ngarasanyeri pisan; ngalaman nyeri: *ia menjerit-jerit ==* manéhna jejeritan bakat ku nyeri

**sak.ral** *a* suci; karamat: *cerita pantun Sunda ada yang dianggap* -- carita pantun sunda aya nu dianggap karamat

**sak.sa.ma** *a* **1** taliti; gemet: *skripsi itu diperiksanya dng* -- skripsi téh dipariksa ku manehna kalawan taliti; **2** pas pisan; teu nyalahan; bener; cocog: pertanyaan *itu dijawab dng* -- éta pertanyaan téh dijawab kalawan bener;
**kesaksamaan** *n* katalitian; kagemetan: *dlm penelitian perlu* == dina panalungtikan perelu katalitian

**sak.si** *n* jalma anu nyaho tur nenjo sorangan ng hiji kajadian; saksi: *sebagai -- harus bercerita dgn benar* kangaranan saksi kudu nyarita kalawan bener; **2** jalma anu bisa nyebutkeun yén bener-bener aya kajadian éta; **3** jalma anu mere katerangan di hareupeun hakim (waktu sidang); **4** katerangan at bukti pernyataan mangrupa barang-barang bukti ti jalma anu nénjo at nu nyaho;
**menyaksikan** *vt* **1** nyaksian kalawan nénjo at nyaho kana peristiwana; *dia == peristiwa tabrakan itu* manéhna nyaksian peristiwa tabrakan téh; **2** nungkulan: *saya mau == perkawinan adik saya* kuring rék nungkulan perkawinan adik kuring;
**kesaksian** *n* katerangan anu dijelaskeun kusaksi

**sak.ti** a 1 boga kakuatan gaib; sakti hal anu mampuh ngungkulan kodrat alam msl bisa leumpang dina beungeut cai; bisa ngaleungit, jsb (tapi lain mujijat): *jaman dahulu kala banyak orang-orang* -- jaman baheula loba jalma-jalma anu sakti; **3** karamat;
**kesaktian** *n* **1** kapinteran; kamampuh ngalakukeun hiji anu sifatna gaib; kasaktian: == *nya itu tak ada yg menandingi* kasaktianana euweuh nu bisa nandingan

[1]**sa.ku** *n* **1** pésak; kantong (dina baju, calana, jsb): *uang receh itu dimasukkan ke dlm* -- duit récéh téh diasupkeun kana pésak

[2]**sa.ku** *adv*, **saku-saku** susulumputan; rerencepan; teu kaciri ku batur: == *ia membawa makanan itu* susulumputan manehna mawa kadaharan téh

[3]**sa.ku** *i*, **menyakukan** misahkeun; mencilkeun;
**tersaku** *vi* kapencilkeun; misah; dipisahkeun

**sa.lah** *a* **1** henteu bener: *jangan berbuat* -- ulah ngalakukeun teu bener; **2** salah; kaliru: -- *dengar* salah déngé *hitungannya* -- *bukan sekian jumlahnya* itunganana kaliru, lain sakitu jumlahna; **3** nyimpang tina sakuduna: *mereka* -- *jalur* manehna nyimpang tina jalur sabenerna; **4** luput; dosa; lepat *lem*: *maafkan saya yg* -- hampura kuring dosa; **5** gagal: *rencananya* -- *lagi* rancanana gagal deui

1**sa.lak** *n* ngaran tutuwuhan sabangsa palem, palapahna loba cucukan, buahna manggaran kulitna kawas sisit, eusina ngeunah didahar amis haseum ngan sok aya nu kesed

2**sa.lak** *n* sora anjing anu ngagogog kalawan tarik; rageg: *kadang kadang terdengar --anjing di malam hari* sakapeung sok kadéngé regegna anjing di tengah peuting;

**menyalak** *vt* **1** ngagogog tarik: *jangan digangu anjing itu nanti* == ulah diheureuyan anjing éta mah éngke ngagogog; **2** *ki* nyentak; ngambek; rungsing: *kita tak usah melawan nanti dia* == *lagi* urang ulah ngalawan ka manéhna, engké ngambek deui

**sa.lam** *n* **1** pangdua kasalametan; aman; tengtrem; **2** tabé; pernyataan hormat;

**bersalaman** *vi* sasalaman: *mereka* == *dulu sebelum berpisah* manéhna sasalaman heula saméméh papisah;

**menyalami** *vt* nyalaman ka: *saya mau* == *pengantin* kuring rék nyalaman pangantén

**sa.lat** *n* solat; netepan, *lem*; kawajiban umat Islam nu kudu dilakonan dina sapoé sapeuting lima kali: *kaum muslimin muslimat wajib mendirikan* -- kaum muslimin muslimat wajib nangtungkeun solat

**sal.do** *n* sésa; -- *tabanasnya inggal sedikit* sésa tabanasna kari saeutik

**sa.leh** /saléh/ *a* **1** taat kalawan bener-bener ngajalankeun ibadah; **2** bener-bener ngalaksanakeun sagala anu diparéntahkeun ku Allah; **3** jujur; bageur; getol ibadah soléh, jst: *mudah-mudahan anak saya menjadi anak yg* -- mudah-mudahan anak kuring jadi budak anu soléh;

**kesolehan** *n* kahadéan; kajujuran; kataatan dina ngajalankeun ibadah; kasolehan: == *nya tercermin dari amalnya* kasolehanana kagambarkeun tina amalna

**sa.lep** *n* **1** obat luar anu dioléskeun (keur ngubaran borok, raheut, jst):

-- *ini untuk mengobati gatal-gatal* ieu salep pikeun ngubaran ararateul;

**menyalepi** *vt* nyalepan; ngubaran ku salep; ngolésan nu borok ku salep: *ia == lukanya dng salep pinisilin* manehna ngubaran raheutna ku salep pinisilin

**sa.lib** *n* **1** cakra saperti tanda + tapi panjang ka handap (+)lambang agama Karésten; **2** dua leunjeur kai anu disilangkeun tempat Yésus dihukum mati ku bangsa Yahudi

[1]**sa.lin** *v* ganti; tukeur: *sebelum berangkat -- dulu bajunya* samemeh indit ganti heula bajuna;

**bersalin** *vi* **1** ngaganti pakéan; ngagentos, *lem*; *baginda sedang == baju dng pakaian kebesaran* kangjeng raja nuju ngagentos raksukan ku anggoan karajaan; **2** barobah (rupa, warna); salin jinis at salin rupa: *hantu dapat == rupa menjadi putri cantik* jurig bisa salin jinis minda rupa jadi putri geulis; **3** ngalahirkeun anak; ngajuru; orokan: *habis == sebaiknya mau minum jamu* sanggeusna ngalahirkeun kuduna mah daek ngadahar jajamu

**persalinan** *n* **1** sapangadeg pakean keur ganti; **2** tempat paranti ngalahirkeun: *di rumah sakit ada tempat == khusus* di rumah sakit aya tempat paranti ngalahirkeun anu husus; **3** perihal ngalahirkeun; waktu at prakna ngalahirkeun: *siapa dokter yg menangani == itu?* saha anu nulungan waktu ngalahirkeun téh?

[2]**sa.lin, menyalin** *vt* **1** nurun; nulad: *kalau ujian tidak boleh ==* ari ujian teu meunang nurun; **2** ditulis deui (karya tulis) ku tulisan anu sarua msl aksara latén diturun ku aksara latén deui; nyalin: *ia == sajak untuk dianalisis* manehna nyalin sajak pikeun dibahas; **3** dialih aksara at ditranskripsi (béda aksara) msl tina aksara Sunda kana aksara latén: *saya == wawacara huruf Arab pegon ke dlm huruf laten* kuring nyalin wawacan aksara Arab pégon kana aksara laten; **4** nyadur basana dirobah, eusina ditambah disaluyukeun jeung kabudayaan nu nyampak: *pengarang sering == buku karya sastra asing ke dlm sastra Indonesia* pangarang sok nyadur buku karya sastra deungeun kana sastra Indonésia; **5** narjamahkeun (eusina angger, basana anudiganti: *saya == novel Sunda ke dlm bahasa Indonesia* kuring narjamahkeun novél Sunda kana basa Indonesia

**sa.ling** *adv* silih: -- *padang* silih teuteup

**sal.ju** *n* tétésan saab cai nu beku di langit warnana bodas siga kapas sarta ragrag ka bumi akibat temperatur hawa di sabudeureunana leuwih handap ti batan titik beku; saperti és, tiis sarta teuas leuwih ti és

**sal.to** *n* gerakan jungkir (jujungkiran) di awang-awang tanpa keuna kana taneuh: *pesenam itu melakukan -- beberapa kali di udara* jalma nu pinter senam téh jujungkiran di awang-awang sababaraha kali

**sa.lur, menyalurkan** *vt* **1** ngocorkeun: == *sebagian air sungai bisa mencegah banjir* ngobocorkeun sabagian cai ti walungan bisa nyegah banjir; **2** neruskeun: *ia ==cita-cita ayahnya* manéhna neruskeun cita-cita bapana;
**tersalur** *vi* diteruskeun: *semua cita-cita rakyat hendaknya == dng baik* sakabéh cita-cita rakyat kuduna mah diteruskan kalawan hadé;
**saluran** *n* kokocoran; tempat paranti ngocorna cai: == *air di tepi jalan harus selalu dibersihkan supaya kotoran tidak menyumbat* kokocoran cai di sisi jalan salawasna kudu diberesihan supaya henteu nyocokan

[1]**sa.lut** *n* bungkus; lapis; pangbungkus;
**bersalut** *vt* dibungkus; dilapis: *giginya == emas* huntuna dilapis emas;
**menyaluti** *vt* ngalapisan; mungkus: *ia == keris itu dng kain putih* manehna mungkus keris ku lawon bodas

[2]**sa.lut** *a* hormat, ngarasa reueus lantaran geus hasil; bisa ngahontal cita-cita lantaran junun; panghargaan: *guru memberi -- kepada murid yg lulus ujian* guru méré panghargaan ka murid anu lulus ujian

**sa.ma** *adv* **1** sarupa; sarua; henteu beda: *anak kembar itu memakai baju yg --* budak kembar téh maké baju nu sarua; **2** bareng; babarengan: *mereka -- berangkat ke sekolah* maranéhna bareng arindit ka sakolah; **3** saimbang; saluyu: *pendidikan istri sebaiknya -- dng suami pendidikan* pamajikan téh alusna mah saimbang jeung salaki
**bersama** *vi 1* babarengan; bareng jeung: *ia == temannya pergi ke puncak gunung* manehna bareng jeung babaturanna indit ka puncak gunung; **2** kabéh; sakabéhna; sarerea: *melaksanakan program pemer rintah adalah kewajiban kita ==* ngalaksanakeun rancana pa maréntah mangrupa kawajiban urang saréréa; **3** sinarengan, *lem:* == *surat ini saya lampirkan surat keterangan dokter* sinarengan surat ieu kasanggakeun surat katerangan dokter;

**menyamai** *vi* **1** sarupa jeung nyarupaan: *wajah anak itu == wajah ibunya* beungeut budak téh sarupa jeung beungeut indungna; **2** nandingan: *saya akan belajar sungguh-sungguh agar dapat == kakak saya* kuring rék soson-soson diajar supaya bisa nandingan lanceuk kuring;

**menyamakan** *vt* nyaruakeun; dianggap sarua: *jangan == kehidupan kita dng orang kaya* ulah nyaruakeun kahirupan urang jeung jalma beunghar; **2** ngabandingkeun; ngumpamakeun; ngaibaratkeun: *dilarang == manusia dng* Malaikat dilarang ngabandingkeun manusa jeung Malaikat;

**persamaan** *n* **1** sasaruaan; anu sarua: *persajakan adalah == bunyi pada akhir kalimat* purwakanti nya éta sora anu sarua dina unggal kalimah at padalisan

**sa.mar** *a* **samar-samar** **1** henteu jelas; henteu nyata; rada poék (ng panénjo): *terlihat == wajahnya dari kejauhan* katénjo beungeutna henteu jelas ti kajauhan; **2** hawar-hawar; sora anu teu jelas: *terdengar == dari kejauhan seperti ada orang menangis* kadenge hawar-hawar ti kajauhan sada aya anu ceurik; **3** teu puguh: -- **rasa** teu puguh rasa; -- **polah** teu puguh gawé lantaran kaweur, sieun at éra;

**menyamar** *vi* nyamar; ngarobah rupa (teu nembongkeun kaayaan nu sabenerna): *mata-mata itu == sebagai tukang kayu bakar* mata-mata téh nyamar jadi tukang suluh;

**samaran** *n* anu disamarkeun (disumputkeun, dirasiahkeun): *nama* == ngaran anu disumputkeun

**sam.bal** *n* ngaran deungeun sangu tina cabé at céngék, tarasi jsb direndos supaya lada; -- **goreng** kaolahan nu digoréng maké samara sambel; -- **bajak** sambel bajag anu bahanna tina cabé, bawang, muncang, tarasi maké cipati sarta digodog nepi ka saat; -- **goang** sambel anu teu maké **tarasi, ngan cabéat céngék** jeung uyah wungkul direndos; -- **kecap** céngék at cabé anu disiksik maké kecap; -- **terasi** sambel anu maké tarasi jeung tomat;

**menyambal** *v* nyieun sambel; nyambel: *wanita harus pandai ==* awéwé mah kudu bisa nyambel

**sam.bar** *v*, **menyambar** *vt* **1** néwak bari hiber; nyamber: *burung elang itu == anak ayam* heulang téh nyamber anak hayam; **2** ngabéntar: *petir itu == pohon kelapa* gelap téh ngabéntar tangkal kalapa;

**sambaran** *n* serangan: *ia menghindar == musuh* manehna nyingkiran serangan musuh

**sam.bil** *p* bari: *ia memberikan hadiah itu -- mengucapkan selamat* manéhna méré hadiah bari ngucapkeun salam;

**sambilan** *n* anu dipagawé téh minangka selingan, sembian, nyelang tina pagawean sejen: *ia bekerja di salon sebagai ==* manéhna digawé di salon saukur nyelang-nyelang tina pagawéan séjén

**sam.bung** *v* hijikeun; hubungkeun; tumbuhkeun; sambungkeun: -- *dulu tali itu* sambungkeun heula talina;

**menyambung** *vt* nyambungkeun; numbukeun; ngahijikeun at ngantétkeun: *pertemuan ini untuk == tali persaudaraan* ieu riungan téh keur nyambungkeun tali kaduluran;

**sambungan** *n* **1** meunang nyambungkeun: *kabel == nya putus* kabel nu meunang nyambungkeun téh pegat; neruskeun; tambahan; susulan (nyusul): *penelitian ini adalah == penelitian tahun yg lalu* panalungtikan ieu téh neruskeun panalungtikan taun anu geus kaliwat

**sam.but** *v* tarima; mapagkeun; dipapagkeun: *kedatangannya saya -- dengan gembira* kadatanganana ku kuring ditarima kalawan ka bungahan:

**menyambut** *vt* **1** narima: *ia mendapat tugas == tamu dalam pesta itu* manehna meunang pancen narima tamu dina karian téh; **2** mapag (poé); ngaharepkeun: *== hari kemerdekaan* mapag poe kamerdekaan;

**sambutan** *n* **1** panarimaan: *== masyarakat terhadap tamu itu baik sekali* panarimaan masarakat ka tamu téh alus pisan; **2** pidato; biantara: *ia diminta memberi ==* menehna diperedih pidato; **3** barang anu dititipkeun pikeun dijual: *pedagang itu memberikan == barang-barang di toko itu padagang téh nitipkeun barang-barang di toko;*

**penyambutan** *n* hal narima, ng narima panarimaan: *kita sebaiknya mengadakan == sederhana thd ketua baru* urang téh alusna mah ngayakeun panarimaan saderhana ka sesepuh anyar;

**penyambutan** *n* prakna narima; perhal narima; acara narima: *kita akan mengadakan == tamu-tamu dari pusat* urang rek ngayakeun acara narima tamu-tamu ti pusat

**sam.pah** *n* **1** barang anu geus dipiceun lantaran teu dipake deui; **2** rupa-

rupa babala anu sok dipiceun ka jarian; runtah: *dilarang membuang -- sembarangan* dilarang miceun runtah ka mana bae

**sam.pai, menyampaikan** *vt* nepikeun; mikeun: *saya datang ke sini untuk == surat* kuring datang ka dieu téh keur nepikeun surat; **2** nganteurkeun; ngirimkeun: *ia == oleh-oleh melalui bus* manéhna ngirimkeun oleh-oleh kana beus; **3** nyumponan kawajiban; ngalaksanakeun tugas: *dia pergi ke negri sebrang untuk == tugas* manéhna indit ka peuntas keur ngalaksanakeun tugas; **4** ngabulkeun; ngaluluskeun: *mudah-mudahan Tuhan == doa kita semua* mudah-mudahan Tuhan ngabulkeun doa urang saréréa;
**penyampaian** *n* perihal nepikeun; carana nepikeun: *acara berikutnya == hadiah* acara saterusna nepikeun hadiah

**sam.pan** *n* parahu leutik tina kai;
-- *ada pengayuh tidak pb* aya parahu eweuh pangayuh, *pb* rék ngalakukeun hiji hal tapi sarat-saratna can lengkep; *ada — hendak berenang, pb* aya parahu kalahka ngojay, *pb* ngahaja susah-susah migawé hiji pagawéan, padahal sabenerna mah teu perelu;
**bersampan** *vt* ngagunakeun parahu; maké parahu; numpak parahu; marahu: *ia pergi == ke hulu* manéhna indit numpak parahu ka girang

**sam.par** *n* ngaran kasakit kulit anu babari tépa: -- *ayam* panyakit hayam anu sok tépa; -- **hewan** panyakit hewan anu sok tatalépa pangpangna sato anu diingu

**sam.ping** *n* sisi; gigir; gigireun: *di -- rumah saya ada kebun* di gigireun imah kuring aya kebon;
**mengesampingkan, menyampingkan** *vt* **1** nyingkirkeun; *jangan == pribumi* ulah nyingkirkeun pribumi; **2** ngamomorekeun; ngantep henteu nguruskeun: *jangan == tugas-tugas penting* ulah ngamomorekeun pancen penting

**sam.pul** *n* bungkus; pamungkus; mungkus: *kertas koran bisa dipakai --* kertas koran bisa dipaké pamungkas;
**bersampul** *v* dibungkus; maké pamungkus: *kado itu == kertas yg indah mengkilap* kado téh dibungkus ku kertas nu alus tur herang;
**menyampuli** *vt* mungkusan: *adik saya sedang == buku-buku pelajaran* adik kuring keur mungkusan buku-buku palajaran

**sa.mu.de.ra** *n* sagara;laut

**sa.mu.rai** *n* satria Jepang; *pedang* -- pedang anu sok dipaké ku satria Jepang; pedang buatan Jepang

[1]**sa.na** *pron* nuduhkeun tempat anu jauh; ditu: *pergi ke* -- indit ka ditu

[2]**sa.na** *n cak* kecap pangganti keur gaganti jalma katilu msl manéhna; maranehna: *hati-hati orang itu ikut pihak* -- kahade éta jalma téh milu ka pihak maranéhna

[3]**sa.na** tangkal angsana

**san.ca** *n* oray sawah; oray sanca; oray anu teu matih tapi gedé sok neureuy sasatoan sejenna msl babi, embé jsb dibeulit ku buntutna nepi ka remek tulang-tulangna

**san.dal** *n* sendal; tarumpah (dijieun tina karét, kulit, jsb)

[1]**san.dang** *n* **1** tali (tina kulit, hoe. lawon, jsb) anu dipake meungkeut barang at naon-baé supaya bisa disolendangkeun kana taktak at punduk: *bedil itu diikat dng -- kulit* bedil téh ditalian ku tali kulit; solendang; karémbong: ibu saya memakai -- hijau indung kuring maké karémbong hejo;
**menyandang** *vt* **1** nyoléndang (keun): *anak itu == tas di bahunya* budak téh nyolendangkeun tas dina taktakna; **2** manggul: *pétani itu == cangkul* petani manggul pacul; **3** ngalaman kasusah at tunggara; nandangan; *kasihan anak itu == cacat badan* karunya budak téh nandangan cacad badan

[2]**san.dang** *n* **1** bahan pakéan; lawon; tékstil: -- *pangan* pakean jeung dahareun: *kita harus membudayakan memakai -- buatan dlm negri* sendiri urang kudu ngabiasakeun pakéan buatan nagri sorangan

**san.dar, bersandar** *vi* nyarande; nanggeuh: *ia duduk == pd tembok* manehna diuk nyarandé kana témbok;
**menyandarkan** *vt* **1** nyarandékeun: *ia == ibunya yg sedang sakit* manehna nyarandékeun indungna anu keur gering; **2** *ki* ngandelkeun kana paméré batur: *jangan suka == diri kepada orang lain* ulah sok ngandelkeun pamere batur;
**sandaran** *n* panyarandéan; tempat paranti nyarandé: *ia sedang membetulkan == kursi yg rusak* manéhna keur ngoméan panyarandéan korsi anu ruksak

**san.de.ra** *n* **1** jalma anu ditawan keur dijieun jaminan (tanggungan); **2** jalma anu digadé dijieun boreh digawé di batur sarta dijieun tanggungan pikeun mayar hutang;
**menyandera** *vt* nawan jalma keur dijieun tanggungan

[1]**san.dung, menyandung** *v* najong batu jsb bari teu dihaja; titajong: *anak itu kakinya == batu hingga berdarah* budak téh sukuna titijong kana batu nepi ka getihan;
**tersandung** *vt* **1** titajong; **2** tidagor: *anak itu kepalanya benjol ==* kayu budak téh sirahna benjol tidagor kana kai

[2]**san.dung (an)** *n* tunjangan (pakakas ninun): *kalau == patah putri itu tidak bisa menenun* lamun tunjangan potong putri téh teu bisa ninun

[3]**san.dung (an)** *n* ayunan: *bayi itu tidur dlm* -- orok téh saré dina ayunan

**sa.ngat** *adv* **1** kacida; pisan: *baju barunya -- indah* baju anyarna alus pisan; **2** payah; ripuh; répot,lem: *sakit* -- gering payah; **3** kalawan bener-bener; kacida pisan; *dng -- menyesal saya tidak dapat hadir* kacida pisan hanjakalna kuring teu bisa datang;
**menyangatkan** *vt* jadi leuwih kacida; nambahan (nyerina, répotna, susahna jsb): *kematian ayahnya yg disusul dng kematian ibunya == kesedihannya* ku maot bapana disusul ku moat ibuna jadi leuwih kacida sedihna

[1]**sang.ga, menyangga** *vt* nahan ti handap supaya ulah rubuh; ngadogong: *ia == kandang domba yg sudah reyot itu dng bambu* manéhna ngadogong kandang domba nu geus réyod ku awi;
**penyangga** *n* alat pikeun ngadogong

[2]**sang.ga** *n* ukuran lobana paré, sasangga aya lima geugeus, sageugeus aya dua pocong; sangga: *padi di lumbung ada dua puluh* -- paré di leuit aya dua puluh sangga

[3]**sang.ga** *n* jimat; kawedukan supaya tahan kana pakarang

[1]**sang.gah, menyanggah** *v* **1** teu daék narima; nolak: *terdakwa == tuduhan yg ditunjukan kepadanya* anu didakwa téh nolak kana tuduhan anu ditunjukeun ka manéhna; **2** ngalawan; nangtang; teu nyatujuan: *ia == isi makalah itu* manéhna teu nyatujuan kana eusi éta makalah; *jangan == nasehat orang tua* ulah sok ngalawan kana papatah kolot; **4** boga pamadegan anu beda: *ia == tulisan sastrawan*

*itu* manéhna ngabogaan pamadegan anu béda kana éta tulisan sastrawan téh; **sanggahan** *n* **1** panolakan; kateupanujuan: == *nya tidak dapat diterima olah pengadilan* panolakanana teu ditarima ku pangadilan; **2** pamadegan anu teu sarua kana pamadegan anu disodorkeun ku nu séjén: *banyak == atas artikel itu* loba anu beda pamadegan kana éta tulisan téh;

**penyanggah** *n* **1** jalma anu satuju kana pamadegan nu séjén; anu nolak jst; **2** jalma anu méré koméntar at kritik dina diskusi at seminar: *ia diminta sebagai == atas kertas kerja itu* manéhna dipénta supaya méré komentar at kritik kana éta makalah

[2]**sang.gah** *n* tempat paranti pamujaan (di Bali)

**sang.ga.ma, bersanggama** *v* saresmi; sapatemon

**sang.gul** *n* gelung; sanggul, *lem; -- Jawa* gelung anu gedé sarta rubak; *-- malang* gelung anu malang ka gigir; *-- jucung* gelung anu dipintelkeun di luhur deukeut kukulinciran;

**bersanggul** *v* digelung; maké gelung: *raja jaman dahulu suka == karena rambutnya panjang* raja jaman baheula sok nganggo sanggul lantaran rambutna panjang;

**menyanggul** *vt* nyanggulkeun, *lem* ngagelungkeun buuk; nyicun gelung: *dng mudah Ibu == rambutnya yg panjang itu* kalawan gampang Ibu nyanggulkeun rambutna anu panjang

**sang.gup** *v* **1** sanggem, *lem*; wani ngalampahkeun hiji perkara ti awal nepi ka réngséna; **2** daék; sanggup; sadia: *siapa yg -- mengerjakan tugas itu?* saha nu sanggup migawé tugas téh?; **3** mampuh: *kalau sekiranya -- laksanakan* lamun sakirana mampuh sok laksanakeun;

**kesanggupan** *n* kasanggupan; kamampuh: *== nya dlm bidang bahasa tidak diragukan lagi* kamampuhna dina widang basa henteu diragukeun deui

**sang.ka** *v* duga; taksir; kira; sugan: *saya -- ia tak akan hadir* sugan kuring téh manehna moal datang;

**menyangka** *vt* naksir; ngira-ngira nyangka: *saya == ia orang Sunda padahal bukan* kuring nyangka manéhna téh urang Sunda padahal lain;

**tersangka** *vt* **1** anu disangka; anu dicuriga; **2** anu dituduh; anu didakwa (terdakwa): *== itu disidangkan di pengadilan* jalma anu dituduh téh disidangkeun dipengadilan;

**sangkaan** *n* sangkaan; prasangka; taksiran; perkiraan: -- *itu menjadi kenyataan* éta sangkaan téh jadi kanyataan

**sang.kal** *v*, **menyangkal** *vt* teu nyaluyuan; nentang; nolak; ngalawan: i*a == atas pendapat itu* manéhna teu nyaluyuan kana éta pamadegan; **sangkalan** *n* pernyataan teu satuju; panolakan: == *itu diajukan kepada hakim* panolakan téh disodorkeun ka hakim

**sang.kar** *n* kurung; bandang: *burung itu dimasukkan ke dlm* -- manuk téh diasupkeun kana kurung;

**tersangkar** *vi* kakurung; kabandang: *ia == oleh komplotan penjahat* manéhna kabandang ku komplotan jalma anu jarahat

**sang.kut, bersangkutan** *vt* anu aya hubunganana; anu aya tumalina: *anda harus menemui dosen yg == dng mata kuliah itu* anjeun kudu nepangan, *lem* dosén anu aya tumalina jeung éta mata kuliah;

**menyangkut** *vt* nyangsang; ngait; tumali: *layang-layang itu == di pohon mangga* langlayangan téh nyangsang dina tangkal buah; == *yg dibicarakan tadi kita harus siap sedia* tumali jeung anu dibadantenkeun tadi, urang kudu siap sadia;

**tersangkut** *vt* kakait (teu dihaja): *bajunya sobek == paku* bajuna soéh kakait ku paku

**sang.si** *a* ragu-ragu; waswas; asa-asa; henteu pas pikiran: *saya merasa --- atas kabar buruk itu* kuring ngarasa ragu-ragu kana béja anu matak teu ngeunah téh;

**menyangsikan** *vt* ngaragukeun: *mereka masih juga == kejujuran saya* maranéhna masih ngaragukeun kana kajujuran kuring;

**kesangsian** *n* karagu-raguan; hal anu matak ngaragukeun: *suami yg tidak setia menimbulkan == kepada istrinya* salaki nu teu satia nimbulkeun karagu-raguan ka istrina

**san.tai** *a* **1** bébas tina hal-hal anu matak jadi pikiran; **2** istirahat; reureuh; **3** teu kudu gurunggusuh; **4** henteu sibuk: *kebetulah hari ini sedang* — kabeneran poé ieu keur henteu sibuk;

**kesantaian** *n* hal anu bebas tina kasibukan, karipuhan, kadinesan jst, kaayaan anu tenang: == *membawa kesenangan* kaayaan anu tenang matak senang

**san.tan** *n* cipati (meunang mérés tina kalapa nu meunang marud); *bolu*

-- bolu anu maké cipati: *supaya enak sayur itu harus dibubuhi* --- ambeh ngeunah sayur téh kudu maké cipati

**san.tap** *v*, **bersantap** *hr* dahar; tuang, *lem*;
**menyantap** *vt* tuang-leueut, *lem: raja sedang == kue* raja nuju ngaleueut;
**santapan** *n* **1** dahareun; **2** *ki*; == *rohani* nasihat; hal anu gedé gunana keur batin manusa

**san.ter** *a* tarik; gancang; hebat: *hal-hal yg negatif semakin — saja di jaman sekarang* hal-hal anu kurang hadé kiwari malah tambah hebat baé

**san.ti.a.ji** *n* pituduh ngeunaan rarancang gawé anu rék di laksanakeun (malah sok dibarengan latihan)

**san.tri** *n* murid nu diajar agama ka ajengan di pasantren (pasantrian), di masjid jsb

**san.tun** *a* **1** sopan; alus budi; hadé basa; hade tingkah polah; sabar jeung tenang: *kepada orang tua harus* -- ka kolot téh kudu sopan; **2** boga rasa karunya; resep tutulung;
**santunan** *n* barang at duit anu dipaké ngaganti karugian at kacilakaan, kapapaténan, jsb ganti rugi: *keluarga korban itu mendapat == satu juta rupiah* kulawarga korban meunang ganti rugi sajuta rupiah;
**penyantunan** *n* **1** jalma anu hadé budi basana, tingkah polahna; jalma anu sopan; **2** jalma anu karunyaan; gedé rasa kanyaah ka sasama; **3** jalma anu resep tutulung, merhatikeun kaperluan at kapentingan nu séjén, mantuan, resep ngarojong pangwangunan; mere bantuan at sumbangan ka anu merlukeun

**sa.nu.ba.ri, hati** -- *n* **1** jantung haté; **2** parasaan batin; haté nurani; haté (batin) anu pangjerona: *sudah melekat dlm hati -- nya* napel dina ati sanubari

**sa.pa** *n* omongan keur nanya, ngobrol jsb;
**menyapa** *vt* ngajak ngobrol, nanya, cumarita jsb: *mengapa ia tidak mau ==* ku naon manéhna teu daék nanya;
**sapaan** *n* pangajak (ngobrol) ucapan: -- *salam* ucapan salam

**sa.pi** *n* sato anu kukuna dua, tandukan, sukuna opat, awakna gedé, sok ngagayem, buluna rupa-rupa, jaba ti diarah gawena jeung dagingna, susuna oge sok diperes

**sa.pu** *n* **1** alat paranti sasapu (dijieun tina injuk, tapas, nyéré, jsb); **2** pamupus; **3** panyéka;

**menyapu** *vt* **1** ngaberesihkeun ku sapu; nyapukeun; sasapu; == *halaman* sasapu diburuan; **2** nyéka; ngelap: *ia == air mata dng saputangan* manéhna ngelap cipanon ku saputangan; **3** *ketua kelas == papan tulis* ketua kelas mupus bor;

**penyapu** *n* jalma anu gawena sasapu (di jalan at di kantor); tukang sasapu

[1]**sa.raf** *n* robahna kecap

[2]**sa.raf** *n*, ***urat*** -- tali rasa (urat spt tali anu kacida lemesna tina sél-sél anu ngahubungkeun otak jeung alat pangrasa, jsb);

**penyakit** -- penyakit urat sarat (gélo jsb)

**sa.ran** *n* pamadegan, usul, ajakan jsb: — *saya agar dia ikut bimbingan tes* usul kuring supaya manehna milu bingbingan tés;

**menyarankan** *vt* méré saran; propaganda; mnyarankeun: *dokter == agar anak itu dirawat di rumah sakit* dokter nyarankeun budak téh supaya diurus diubaran di rumah sakit

**sa.ra.na** *n* sagala rupa hal at barang anu bisa dipaké alat pikeun ngahontal maksud at tujuan; alat at tempat keur ngahontal tujuan: *mesjid adalah salah satu -- peribadatan* mesjid téh mangrupa salah sahiji alat at tempat paranti ibadah

**sa.rang** *n* **1** tempat anu dijieun ku sato bangsa manuk, beurit, jsb keur tempat cicing at paranti ngendog (manuk, hayam, jst); sarang: *burung itu membuat -- diatas pohon yg tinggi* manuk téh nyieun sarang dina tangkal anu luhur; **2** *ki* tempat nyumput (bangsa jalma nu jarahat); tempat cicingna jalma anu jarahat;

**bersarang** *vi* **1** nyieun sayang; nyayang; ngabogaan sayang: *tikus == di kolong lemari* beurit nyayang di kolong lomari; **2** asup kana gawang (ng pertandingan maen bal)

**sa.ra.se.han** /saraséhan/*n* pajemunan; riungan anu diayakeun pikeun ngadengekeun pamangih (prasaran) para ahli ngeunaan hiji masalah

dina widang anu ditangtukeun; simposium

**sa.rat** *a* **1** pinuh pisan kalawan beurat ku muatan; kebek: *kapal itu --dng penumpang* kapal téh pinuh pisan ku muatan; **2** loba teuing; beurat teuing: *kendaraan -- muatan mengudang kecelakaan* tutumpakan beurat teuing ku muatan matak ngadatangkeun kacilakaan; **3** *ki* ngandung; reuneuh; bobot, *lem*: *ibu-ibu yg -- tidak boleh bekerja berat* ibu-ibu anu keur ngandung teu meunang digawé beurat

**sar.den** /sardén/ *n* sabangsa lauk laut anu diasakan sarta dikaléngan

[1]**sa.ri** *n* **1** eusi utama (tina hiji barang) pati; **2** zat kadaharan nu nimbulkeun rasa ngeunah; **3** rasa anu ngeunah; **4** poho; jejer (eusi karangan, jsb); **5** sél anu aya dina kekembangan anu engkena bakal jadi buah anu dipatemonkeun ku kukupu, bangbara, jsb

**sa.ri.a.wan** *n* **1** ngaran sarupa kasakit anu ngalantarankeun barusuh at panas dijero; **2** kaluar getih tina irung (biasana budak); **3** ngaran sarupa tutuwuhan anu daunna sok dipaké lalab, coél oncom

**sa.ring** *v*, **menyaring** *vt* **1** nyaring; ngarah nu lemesna at beresihna (cipati, cai kotor jbs); **2** *ki* dipilih anu alusna, anu bener; **3** ngaberesihkeun; ngarah bersih;
**penyaringan** *n* prakna nyaring; seléksi; perihal nyaring; panyaringan; carana nyaring: == *air bersih* penyaringan cai beresih; *tes masuk perguruan tinggi merupakan* == tés asup ka paguron luhur mangrupa saléksi

**sar.ja.na** *n* **1** jalma anu pinter (ahli élmu pangaweruh); **2** tingkatan anu dihontal di paguron luhur; lulusan sakola luhur biasana meunang gelar doktorandus, insinyur, sarjana hukum, dokter jsb

**sa.ru** *a* **1** samar; henteu nyata katingalna; henteu jelas; **2** rék sarua baé; saru; henteu jelas bédana: *saura tembakan itu -- bunyinya dng suara petasan* sora tembakan téh rék sarua jeung sora pepetasan; **menyaru** *vt* nyamar: *ia == sebagai tukang loak* manéhna nyamar jadi tukang loak

**sa.rung** *n* **1** samping anu tungtung pada tungtungna dikaput dihijikeun jadi siga karung bungbas; samping sarung; **2** barang anu kawas sarung; aya nu bungbas aya nu henteu msl sarung bantal, sarung guguling, sarung tangan jsb;

**tersarung** *vi* kasarung; teu nyaho jalan; katalimbeng sasab: *orang yg pergi ke hutan itu == tidak bisa* pulang jalma anu ka leuweung téh kasarung teu bisa balik

[1]**sa.sar, menyasar** *v* salah jalan; sasab; nyasar: *kalau tidak tahu alamat yg dituju bisa ==* lamun teu nyaho alamat anu dituju bisa nyasar

[2]**sa.sar** *a* **1** kurang pikiran; kurang ingétan; **2** henteu sadar; ngomong sorangan dina waktu keur saré, sasar: *orang sakit itu kalau tidur suka --* nu gering téh lamun saré sok sasar ngomong sorangan; 4 rada gélo

[3]**sa.sar** *v*, **menyasar** *vt* ngécéng (lamun rék némbak at rék manah);
**sasaran** *n* **1** hal anu jadi tujuan; **2** tempat ngalatih at diajar némbak, manah, silat, jsb

**sas.tra** *n* **1** karya lisan at tulisan anu ngandung ajén kaéndahan, boh eusina boh rakitanana; **2** basa (kecap-kecap, gaya basa) nu dipake dina kitab-kitab (lain basa sapopoé); **3** karya seni anu diwujudkeun dina basa; **4** kitab suci at kitab élmu pangaweruh; **5** pustaka, parimbon, ramalan jsb; **6** tulisan at aksara **7** hasil kréatif manusa anu dikedalkeun dina lisan at tulisan mangrupa gambaran tina kahirupan ngeunaan bahasan, sawangan, pangolahan jiwa, kaéndahan anu gumulung dina dunya fiksi sarta maké média basa

**sa.te.lit** *n* **1** barang jieunan saperti pesawat nu bisa diluncurkeun ka jomantara at ka angkasa luar; **2** sabangsa bentang tapi teu ngabijilkeun cahaya sorangan anu ngurilingan bentang anu leuwih gede: *bulan ialah -- bumi* bulan nya éta satelit bumi

**sat.ri.a** *a* **1** jelema ti golongan prajurit nurutkeun kasta masarakat Hindu; **2** jalma nu gedé wawanén sarta jujur, tara cidra, nyaah ka rahayat, daék ngaku kasalahan, jst

**sa.tu** *num* **1** susunan bilangan saméméh **2** nuduhkeun tingkat nu mimiti, nu pangluhurna, kahiji;
**bersatu** *v* **1** ngahiji; jadi hiji: *-- kita teguh berpisah kita runtuh, pb* ngahiji urang pageuh, misah urang riweuh, *pb* lamun urang ngahiji satujuan bakal kuat babari ngahontal tujuan, pageuh, tapi lamun urang misah bakal susah moal hasil ngahontal tujuan;
**menyatu** *vi* jadi hiji; manunggal;
**menyatukan** *vt* **1** ngahijikeun: *ia bermaksud ingin == kelas a dan*

*kelas b* manéhna hayang ngahijikeun kelas a jeung kelas b
**persatuan** *n* **1** gabungan (kumpulan, beungkeutan, jsb) sababaraha bagian anu geus ngahiji

**sat.wa** *n* margasatwa; sagala rupa sasatoan (di leuweung at di taman héwan)

**sau.da.gar** *n* jalma anu ngadagangkeun barang-barang sarta kacida lobana; padagang gedé; saudagar: -- kain batik saudagar batik

**sau.da.ra** *n* **1** dulur; adi at lanceuk; saderek *lem: saya mempunyai -- dua orang* kuring boga dulur dua; **2** katalian, masih sakulawarga; baraya; famili: *dia masih -- saya* manéhna masih baraya kuring; **3** babaturan at sobat anu geus lila; **4** sagolongan anu sapaham, saagama, sadarajat; **5** sesebutan ka anu diajak ngobrol; sadérék; **6** bali; santen: *--nya baru keluar, padahal bayinya sudah lama lahir* balina kakarakaluar, padahal orokna geus lila lahir;
**persaudaraan** *n* kaduluran; kakulawargaan

**sa.uh** *n* pakakas anu dijieun tina beusi sarta aya kakaitan paranti kapal balabuh; jangkar

**sa.us** *n* **1** saos; kuah anu dijieun tina tomat jsb keur dibanjurkeun kana pasakan ngarah leuwih ngeunah; **2** barang éncér anu ngandung zat seungit keur nyeungitan bako

**sa.wah** *n* tanah anu digarap, sok dikembang kucai, dikurilingan ku galengan, tempat melak pare;
**bersawah** *vi* boga sawah: *petani kecil pada umumnya tidak ==* patani leutik umumna teu boga sawah;
**penyawah** *n* panyawah; jalma tukang ngurus sawah;
**pesawahan** *n* kumpulan sawah; sawah anu lega; tempat anu disawahan

**sa.ya** *n pron* kuring; sesebutan keur ka jalma kahiji

**sa.yang** *a* **1** nyaah: *ia -- sekali kepada anaknya* manehna nyaah pisan ka anakna; **2** hanjakal; kaduhung: *-- sekali tak jadi ikut piknik:* hanjakal pisan teu tulus milu piknik; **3** rugi; nyaah; lebar: *jangan dibuang kue itu --, kalau kenyang disimpan saja buat nanti* ulah dipiceun kueh téh lebar lamun wareg mah simpen bae keur engke;
**menyayangi** *vt* **1** ngarasa nyaah, karunya, deudeuh; mikanyaah: *anak*

*itu* == *kucingnya* budah téh mikanyaah ucingna;
**menyayangkan** ngarasa kaduhung: *ia* == *akan peristiwa itu* manéhna ngarasa kaduhung kana éta peristiwa;
**kasayangan** *n* anu dipikanyaah; dipideudeuh: *anak yang baik* == *gurunya* budak nu bageur dipikanyaah ku guruna

**sa.yap** *n* **1** bagian badan héwan anu gunana keur hiber; jangjang; **2** *ki* sagala rupa hal anu mirupa jangjang: -- *pesawat terbang* janjang kapal udara

**sa.yat** *v*, **menyayat** *vt* **1** ngeureut saeutik ku peso: == *daging* ngeureut daging; **2** == *hati ki* ngaraheutan haté; nganyenyeri; matak sedih:
**sayatan** *n* beunang ngeureutan aripis; keureutan: -- *daging itu terlalu kecil* keureutan daging téh laleutik teuing

**sa.yem.ba.ra** *n* saémbara pasanggiri at pertandingan pikeun meunangkeun hadiah

**sa.yet** /sayét/ *n* **benang** -- benang tina bulu domba,jsb anu biasana warna bodas, beureum, hideung, jsb

**sa.yu** *a* *1* ngarasa kacida sedihna; kagagas: -- *hatiku mendegar tangisan anak itu* haté kuring kagagas ngadéngé budak ceurik téh

**sa.yur** *n* **1** dangdaunan at tutuwuhan anu sok didahar, diasakan up bayem, kangkung jsb; **2** angeun masakan anu maké kuah;
**menyayur** *vt* **1** ngasakan bangsa sayur-sayuran; **2** ngangeun: Ibu *sedang* == sop ema keur ngangeun sop:
**sayuran** *n* **1** rupa-rupa sayur; sayur-sayuran; macem-macem sayur; 2 pepelakan anu sok diangeun at dilalab

**se.bab** *adv* lantaran; sabab; karena: -- *sakit saya tidak dapat masuk kantor* ku lantaran gering kuring teu bisa ngantor;
**menyebabkan** *vt* nyababkeun; nimbulkeun; ngadatangkeun: *makan rujak yg sangat pedas bisa* == *sakit perut* ngadahar rujak anu lada pisan bisa nyababkeun nyeri beuteung;
**penyebab** *n* hal anu nyababkeun; anu ngalantarankeun: -- *terjadinya kecelakaan anak itu adalah kelengahan ibunya* anu ngalantarankeun kajadian kacilakaan téh nya éta kataledoran indungna

**se.bal** *a* sebel; jéngkél; keuheul; geuleuh: -- *melihatnya kakek-kakek berpacaran* geuleuh nenjona ogé aki-aki bobogohan;

**menyebalkan** *vt* matak sebel, keuheul; jadi sebel; ngajéngkelkeun; nimbulkeun rasa dongkol: *mobil ini sangat == dari tadi mogok saja* mobil teh ngajengkelkeun pisan ti tadi mogok bae

**se.bar** *v*, **menyebarkan** *vt* **1** nyebarkeun; ngiderkeun: *ia sedang == pengumuman* manéhna keur ngiderkeun wawaran; **2** ngabagi-bagi; ngahambur-hambur: *orang kaya itu == undangan berbuka puasa bersama kepada anak yatim* nu beunghar teh ngabagi-bagikeun undangan boboran siam sasarengan ka budak yatim

**penyebar** *n* **1** jalma anu nyebarkeun; **2** alat paranti nyebarkeun; **3** hal at bangsa kuman anu nyebarkeun;

**penyebaran** *n* **1** carana nyebarkeun; perbuatan nyebarkeun; **2** nyebarna barang jeung jasa anu disebarkeun ku nu ngajual; nyebarna angkét dina raraga panalungtikan: *minggu ini harus sudah mulai == angket* minggu ieu kudu geus mimiti nyebarkeun angkét

**se.ben.tar** *a* **1** sakeudeung; henteu lila: *tunggu saja -- lagi ia datang* dagoan baé sakeudeung deui ogé manehna datang; **2** engké: *-- saya mau makan dulu* engké sakeudeung,kuring rék dahar heula; **3** sakapeung; kadang-kadang: *-- ia baik, -- marah-marah* sakapeung manehna teh bageur, sakapeung ambek-ambekan

**seb.rang** *n* **1** peuntas: *rumahnya di -- sungai* imahna peuntaseun walungan; *ia pergi merantau ke negeri --* manéhna indit ngumbara ka peuntas; **2** tempat at imah jsb anu pahareup-hareup jeung imah urang; hareupeun: *di -- rumah saya ada sekolah* di hareupeun imah kuring aya sakola;

**bersebrangan** *n* **1** pahareup-hareup diukna at tempatna: *ia duduk == dng adiknya* manéhna diuk pahareup-hareup jeung adina; **2** sarua ayana pada-pada di peuntaseun (jalan, walungan, jst): *rumah saya dan dia == jalan* imah kuring jeung manehna sarua pada peuntaseun jalan;

**menyebrang** *vt* meuntas: *kalau == jalan harus hati-hati banyak kendaraan* ari meuntas jalan kudu ati-ati loba mobil;

**penyebrangan** *n* **1** tempat paranti meuntas; sasak; jambatan; **2** cara meuntas; perbuatan meuntas; pameuntasan: sekarang sudah *dibuat == di sungai* ayeuna geus dijieun pameuntasan (sasak) di éta walungan téh

**se.but** *v*, **menyebutkan** *vt* **1** méré ngaran ka: nyebatkeun; ngalandi: *orang == kacang tanah itu kacang suuk* aya nu nyebatkeun kacang tanah téh suuk; ngucapkeun; ngedalkeun; nyebat (keun): *setiap waktu hendaknya == nama Tuhan* unggal waktu kuduna mah nyebat jenengan Gusti Allah;

**tersebut** *vi* **1** (geus) disebutkeun: *buku-buku == dapat Anda beli di toko kami* éta buku tiasa anjeun galeuh di toko kuring

**penyebut** *n* angka dina bilangan pecahan anu nuduhkeun pangbagina up *2/5* pembilangannya *2 -- nya 5* pembilang angka 2, penyebutna angka 5, **2** anu nyebutkeun

**se.dak** /sédak/*n*, **tersedak** *vi* kabesékan; *makan minum jangan terburu-buru nanti ==* barangdahar téh ulah rarusuh éngke bisi kabesékan

**se.dan** /sédan/ *n* mobil sédan; mobil anu kapna teu bisa di buka sabab maneuh, péndek; pantona opat aya ogé nu dua, muatanana ngan cukup limaan

[1]**se.dang** *adv* **1** cukeur (migawé naon baé): *ia -- belajar* manéhna keur ngapalkeun; **2** kakara: *saya -- belajar mengetik* kuring kakara diajar ngetik

[2]**se.dang** *a* **1** sedeng; meujeuhna; teu kurang teu leuwih: *dapat mencapai nilai -- juga sudah beruntung* bisa ngahontal peunteun sedeng ogé geus untung; pantes *cukup: upah seribu rupiah sehari, -- baginya* buruhan sarébu rupia sapoé pantes baé keur manéhna mah; **3** cocog: *baju yg dikirim kakaknya itu -- sekali* baju pangirim lanceukna téh cocog pisan

**se.dap** *a* **1** ngeunah; pelem; raos, *lem* (ng parasaan): *kue bolu memakai keju -- sekali* kueh bolu maké kiju pelem pisan; **2** matak ngareunah; pantes katingalina: *beres, dan bersih, rapi -- dipandang* bérés jeung beresih, rapih ngareunah katingalina;

**menyedapkan** *vi* jadi ngeunah karasana boh katingalna: *pecin dapat == masakan* pecin bisa nambah pelem kana pasakan;

**penyedap** *n* anu nyababkeun pelem at ni' mat karasana boh katingalna: *supaya masakan lebih enak harus memakai bumbu ==* supaya pasakan leuwih pelem kudu maké bungbu paranti melemkeun

**se.de.kah** *n* **1** sidekah; barang at duit anu dibikeun ka batur kalawan niat

ibadah, biasana ka fakir miskin jst; **2** riungan (dahar) salametan; sukuran

**se.der.ha.na** *n* **1** sedérhana; basajan: *kita harus melaksanakan pola hidup -- *urang kudu ngalaksanakeun pola hirup basajan; **2** teu loba tingkah; sopan; **3** pertengahan; sedengan; henteu méwah; teu kaleuleuwihi;
**menyederhanakan** *vt* nyederhanakeun dijieun sederhana;
**kesederhanaan** *n* hal kasederhanaan, kaayaan, sifat saderhana: *dng == yg dipakainya menambah cantik parasnya* ku kasederhanaan nu dipakéna nambah kageulisanana

[1]**se.di.a** anu mimiti; anu asal; anu enggeus-enggeus, anu bareto; bihari: *semoga sehat spt -- kala* muga-muga sehat saperti bihari deui

[2]**se.di.a** *a* **1** geus anggeus dijieun; geus sadia; geus jadi: *makanan sudah -- di meja* dahareun geus sadia dina méja; **2** siap: *polisi harus selalu -- menjaga keamanan* pulisi salawasna kudu siap ngajaga kaamanan **3** sanggup; daék: *ia -- untuk menjadi guru di sini* manehna sanggup jadi guru di dieu; **4** aya: *baju untuk ke undangan sudah --* baju keur ka ondangan geus aya;
**bersedia** *v* **1** siap sadia: *murid-murid sudah == menghadapi ujian* murid-murid geus siap sadia nyanghareupan ujian; **2** daék; nyanggupan: *ia == menebang kayu di hutan* manehna nyanggupan nuar kai di leuweung;
**menyediakan** *vt* **1** nyadiakeun: *Ibu == makanan untuk tamu* Ibu nyadiakeun dahareun keur tamu; **2** ngayakeun: *saya diminta == pakaian seragam* kuring diperedih ngayakeun saragam; **3** nyadangkeun; ngayakeun **sérep**: *untuk biaya pindah, ia == uang satu juta rupiah* keur béya pindah manehna nyadangkeun duit sajuta rupia;
**persediaan** *n* barang-barang (duit at dahareun) anu ngahaja disadiakeun, sadiaan: *ia masih punya == padi di gudang* manehna masih boga sadiaan paré digudang

**se.dih** *a* susah; sedih; ngungun, *lem*: *-- ketika mendengar cerita itu* kuring ngarasa sedih ngadéngé éta carita téh;
**bersedih** *vt* ngarasa sedih; susah: *jangan ==, marilah kita bergembira* ulah ngarasa sedih, hayu urang sukan-sukan;

**kesedihan** *n* kasedih; kanyeri; kasusah; perasaan sedih: == *itu tidak dapat dilupakan* kanyeri haténa teu bisa dipopohokeun

**se.di.kit** *a* **1** saeutik; henteu loba: *anak itu -- sekali makannya* budak téh daharna saeutik pisan

**se.dot menyedot** *vt* nyerot; nyeuseup; nyedot: *pompa air gunanya untuk == air dari dl tanah* pompa cai téh gunana pikeun nyerot cai ti jero taneuh;

**penyedot** *n* alat pikeun at paranti nyerot;

**penyedotan** *n* prakna nyedot; cara nyedot; perbuatan nyedot

[1]**se.du, tersedu-sedu** *vi* **1** ceurik eueuriheun bakat ku lila ceurikna: *anak itu menangis == karena orang tuanya meninggal* budak téh ceurik mani eueuriheun lantaran kolotna maot; **2** sisidueun

[2]**sa.du** *a* sedih; susah; nyeri haté: *ia tidak peduli akan -- sedan itu* manéhna teu merhatikeun kana kasedihan

**se.ga.la** *num* **1** kabéh; sakur: *ia melunasi -- utangnya* manéhna ngalunasan kabéh hutangna; **2** sagala; rupa-rupa; macem-macem; loba rupana: *waktu saya datang -- makanan dihidangkan* basa kuring datang rupa-rupa dahareun disodorkeun; **3** sakumna; sakuliah: -- isi dunia sakuliah eusi dunya; **4** loba: *ia dianggap -- tahu* manéhna dianggap loba kanyaho; **5** para (nuduhkeun loba): *sajarah -- Nabi* sajarah para Nabi

**se.gan** *a* **1** ngarasa érat tapi dibarengan hormat; ajrih; teu wani: *saya merasa -- dng orang kaya itu* kuring ngarasa éra ka nu beunghar téh; **2** hoream: -- *akan pergi ke rumahnya* horéam kuring mah indit ka imahna;

**keseganan** *n* **1** parasaan éra; teu wani; **2** parasaan horéam

**se.gar** *a* **1** ngarasa seger; jagjag sarta cenghar; harampang; ngareunah awak: *sesudah minum obat, badan terasa -- kembali* sanggeusna ngadahar ubar badan karasa seger deui; **2** anyar kénéh; alus kénéh; beleger kénéh; henteu ruksak: *ikan bandeng ini masih* -- lauk bandeng ieu anyar kénéh;

**kesegaran** *n* kasegeran; kaséhatan; kaayaan (hal sifat, jsb) anu seger: == *jasmani* kaséhatan badan

**se.gel** /ségel/ *n* cap karajaan at pamaréntah, nagara;
**diségel** *v* dipegeuhan kénéh ; dipatén: *mobil ini belum pernah turun mesin kelihatan mesinnya masih* -- ieu mobil can kungsi turun mesin kaciri mesinna masih dipageuhan kénéh;
**menyégel** *vt* **1** nyégelan; nerapkeun ségel; **2** nguatkeun jangji at perkara ku jalan ditulis dina keretas nu maké ségel (anyeuna mah make cap lambang kanagaraan manuk galudra);
**penyégelan** *n* prakna nyégelan; carana nyégel; perbuatan nyégel;

**se.ge.nap** *num* sakur; sakumna; sakabéh; sakuliah: -- *rakyat Indonesia harus mengibarkan bendera* sakumna rayat Indonesia harus mengibarkan bendera sakumna rayat Indonésia kudu masang bandéra

**se.ge.ra** *adv* buru-buru; gancang: *mendengar lonćeng berbunyi murid-murid -- masuk ke dl kelas* ngadéngé loncéng disada, murid-murid téh gancang arasup ka kelas;
**bersegera** *vi* rarusuh; buru-buru; terewu: *jangan diganggu ia sedang == niat berangkat* ulah diganggu manéhna keur rarusuh rék indit

**se.gi** *n* **1** gurat sisi (dina sisi widang); **2** juru: -- **tiga** juru tilu; -- **empat** juru opat; **3** jihat: -- **pandangan** jihat sawangan, cara mandang hiji hal at masalah: -- *pandangan saya dng dia ada perbedaan* jihat sawangan kuring jeung manehna aya anu béda;
**persegi** *n* pasagi; widang; anu diwatesan ku opat gurat lempeng: == *panjang* pasagi panjang

**se.hat** /séhat/a dina kaayaan cageur; wilujeng, *lem*; waras damang, *lem*: *semoga Bunda dl keadaan* -- muga Ema aya dina kawilujengan;
**menyehatkan** *vt nyéhatkeun: olah raga == badan* olah raga nyehatkeun badan;
**kesehatan** *n* kaayaan séhat, cageur; badan anu séhat kaséhatan: == itu nomor satu kaséhatan téh nomor hiji

**se.hing.ga** *n* nepi ka; dugi ka, *lem*: *dari pagi -- petang* ti isuk nepi ka soré

**se.jah.te.ra** *n* aman; ayem tengtrem: bébas tina gangguan; salamet: *ibu-ibu harus bisa menciptakan rumah tangga* -- ibu-ibu kudu bisa nyiptakeun rumah tangga anu ayem tengtrem taya gangguan;
**menyejahterakan** *vt* nyéhatkeun ngamankeun; sangkan aman;' sangkan tengtrem; sangkan salamet: *keluargra berencana == keluarga* kulawarga berencana nyehatkeun kulawarga;

**kesejahteraan** *n* kaayaan anu aman; tengrem, euweuh ganguan; kaamanan; kasalametan; kasenangan hirup; katengtreman: *semoga == menyertaimu* muga-muga dibarengan ku kasalametan

**se.jak** *p* mimiti; ti: *== kecil ia ditinggal mati ayahnya* ti laleutik manéhna ditinggalkeun maot ku bapana

**se.ja.rah** *n* 1 silsilah; asal usul (katurunan): -- *para Nabi* silsilah para Nabi; **2** kajian at peristiwa anu sabenerna dina mangsa nu geus kaliwat; sajarah: -- *Banten* sajarah Banten; **3** elmu pangaweruh ngeunaan sajarah; bahasan ngeunaan ngeunaan mangsa nu geus kaliwat

**se.ja.ti** *a* sajati; asli; lain pupulasan; murni; bener-bener: *cinta* — cinta anu bener-bener: *kasih sayang orang tua kepada anaknya adalah kasih sayang* -- kanyaah kolot ka anak mah kanyaah anu sajati

**se.je.nak** *n* sakeudeung: *tunggulah -- saya sedang memasak nasi* dagoaan sakeudeung kuring keur nyangu

**se.jo.li** *n* sapasang (lalaki jeung awéwé); sajodo; sajoli: -- *pengantin baru* sajoli pangantén anyar

**se.juk** *a* **1** karasa tiis tapi seger, tiris; **2** *ki*: -- **hati** senang, euweuh kasusah; ngeunah haté; tiis dingin paripurna, *pb* ngeunah hate mahenang mahening;
**menyejukkan** *vt* nyegerkeun; niiskeun (pikir): *es batu untuk == makanan* és batu keur niiskeun dahareun;
**kesejukan** *n* kaayaan anu tiis; katiisan; kabulusan

**se.ka** /séka/, **berséka** *v* ngelap awak ku lamak (anduk) baseuh supaya beresih; nyéka; mandi beberesih; ngabaresihan badan; ngagosokan badan: *ia sedang == di kamar mandi* manehna keur mandi beberesih di kamar mandi;
**menyeka** *vt* nyéka: *perawat sedang == orang sakit* perawat keur nyéka nu gering

**se.ka.li.an** *num* **1** kabéh; sadayana, *lem*: *bawa saja -- buku itu ke gudang* bawa baé kabéh buku téh ka gudang; **2** babarengan: *ia datang --- dng adiknya* manéhna datang babarengan jeung adina; jeung sadayana, *lem*: **3** migawé dua pagawéan bareng dina waktu anu sarua; sakalian: *kalau mau ke sini lagi -- bawakan baju saya yang tertinggal itu*

lamun rék ka dieu deui sakalian pangmawakeun baju anu tinggaleun

**se.ka.li.gus** *adv* **1** sakaligus; **2** saharita: *orang yang tertabrak itu meninggal* -- anu katabrak téh maot sahrita

**se.ka.li.pun** *p* sanajan; masing: *saya akan datang -- ia masih marah* kuring rék datang sanajan manéhna masih ngambek; -- *anak itu nakal ibunya tetap sayang* masing bangor ogé eta budak téh, tetap baé idungna mah nyaaheun

**se.kar** *n* huut; *melekat tinggal -- melayang pb* anu hade tetep angger anu goréng bakal musna (leungit); ayak-ayak béas, pb; nasi dimakan *serasa* --, pb keur teu ngareunah haté, susah pikiran; sagala dahareun karasa teu ngeunah; cai asa tuak bari, *pb*; -- *menjadi hampa berat, pb* moal ngarugikeun saeutik ogé; *saperti api makan --, pb* kawas seuneu dina huut rasa cinta anu kapendem; rasa dengdem; ngageremet; *tiada terbawa -- segantang pb* teu kabawa huut sagantang; nuduhkeun jelema nu leutik tanaga; leuleumeunyeu

**se.kap** *v*, **menyekap** *vt* **1** neundeun dina tempat anu ditutup; meuyeum bubuahan (ditutup ku dangdaunan, jsb): == *pisang* meyeum cau; **2** mingit; **3** nahan; manjara: *polisi itu == pencuri* pulisi téh nahan nu maling; **4** néwak; nangkep; == **mulut** ngabekem: *perampok itu == mulut yg punya rumah* rampog teh ngabekem nu boga imah; **penyekapan** *n* **1** tempat nahan at newak jalma anu jarahat; **2** carana nangkep, néwak at ngabekem

**se.ka.rang** *adv* ayeuna: -- *musim hujan* ayeuna usum hujan

**se.ka.rat** *a* mangsa ajal datang; sakarat

**se.kat** *n*, **menyekat** *vt* misahkeun rohangan maké hahalang (triplék, hordéng, jsb); menggel

**se.ka.ten /sekatén/** *n* pasar malem nu diayakeun dina unggal bulan Mulud, keur ngarayakeun maulud Nabi (di Yogyakarta jeung Surakarta

**se.ki.an** *num* sakitu; sakitu lobana: *cukup -- kabar dari saya* cukup sakitu beja ti kuring; *ia mempunyai uang -- tak mau memberi orang miskin* manehna boga duit sakitu lobana teu daék méré nu miskin

**se.ki.tar** *adv* sakuriling; wewengkon: *di -- Bandung utara lampu mati* di wewengkon Bandung kalér lampu pareum

**se.ko.ci** *n* **1** parahu leutik; sakoci; **2** sakoci mesin (tempat palet nu dieusian benang)

**se.ko.lah** *n* **1** wangunan at lembaga keur tempat diajar jeung ngajar; **2** usaha pikeun nungtut élmu; **3** diajar di sakola;
**menyekolahkan** *vt* nyakolakeun; ngasupkeun sakola: *biaya == anak cukup besar* béya nyakolakeun anak téh gedé

**se.kon** *n* sekon (semenit = 60 sekon)

**se.kong.kol** *n* jalma anu **milu-milu** kana komplotan kajahatan; sailon; nyatujuan ngalakukeun kajahatan; sakongkol;
**bersekongkol** *vt* ngahiji, ngagabung kana komplotan kajahatan: *tak kusangka orang itu == melakukan kejahatan* teu disangka jelema éta téh sakongkol ngalakukeun kajahatan

**se.ko.nyong-ko.yong** *adv* ujug-ujug; teu disangka-sangka: -- *ia terjatuh pingsan* menehna téh ujug-ujug labuh

**sek.re.ta.ri.at** /sékretariat/ *n* bågian organisasi anu tugasna migawe pagawean jeung urusan-urusan anu jadi tugas sekertaris; kapanitraan;
**kesekertariatan** *n* hal-hal ngeunaan urusan sekertariat

**sek.re.ta.ris** /sékretaris/ *n* jelema (pagawé at anggota pangurus) nu migawé sagala urusan surat-surat, jsb; girang serat

**sek.rup** *n* paku beusi anu aya uliran diasupkeun kana kai, beusi, jsb, makéna diputerkeun

**seks** /séks/ n anu aya tumali jeung orat awéwé at lalaki; hal at naon baé anu matak nimbulkeun napsu birahi

**sek.si** /séksi/ *n* **1** bagian tina panitia, déwan, organisasi, jst; **2** pasukan (satengah peleton) **3** nimbulkeun rasa birahi (tina bangunna awak, jsb)

**sek.te** /sekte/ *n* kolompok at gol jalma anu boga kapercayaan at pandangan agama anu sarua, tapi aya bedana ngeunaan hal-hal anu geus biasa ditarima ku panganut agama (Islam); mazhad

**sek.tor** /séktor/ *n* **1** bagian tina sirkel nu diwatesan ku dua jari-jari jeung sabagian tina sisina; **2** bagian daérah nu kaamananana jadi tangungan

militer at pulisi; **3** bagian usaha ékonomi, pertanian, jst; 4 daérah at bagian wilayah (ujian): -- *Bandung Utara* daérah Bandung Kaler

**se.kun.der** /sékundér/ a kadua at tingkatan kadua (lain nu utama)

**se.ku.ri.ti** *n* anu ngajamin kaamanan, kabebasan tina bahaya at kasalempangan

**se.ku.tu** *n* **1** sarékat; gabungan; *bentuk negara --berlainan dng negara kesatuan* pamaréntahan nagara gabungan béda jeung nagara kesatuan; **2** batur anu sarua pamadeganana sarta milu ngagabung; **3** anggota dina hiji pausahaan, jsb;
**bersekutu** *vi* **1** ngahiji at ngagabung jeung batur-batur nu séjén anu satujuan, at hiji pausahaan jeung pausahaan nu séjén; **2** sakomplot; sakongkol;
**persekutuan** *n* **1** paguyuban; beungkeutan (jalma-jalma anu sarua kapentinganana); **2** kongsi; babarengan dagang, jst; **3** gabungan nagara-nagara

[1]**sel** /sél/ *n* bagian anu pangleutikna tina organisme diwangun ku hiji inti at leuwih: -- **darah** sél-sél anu mangrupa komponen anu ngawangun getih spt sel-sel darah putih (lenkosit) dan sel-sel darah merah (eritrosit)

[2]**sel** /sél/ *n* kamar leutik at kamar tahanan di panjara;
**disel** di tahan at dipanjara

[3]**sel** /sél/ *n* petak dina alat paranti ngahasilkeun tanaga listrik ku reaksi kimia; tempat anu ngandung éléktrolit at arus listrik

**se.la** *n* (sela-sela) **1** tempat antara dua barang: -- **jari** antara ramo;
**menyela** *vt* **1** asup ka tengah antayan; **2** miheulaan; hayang diheulakeun; seseledek asup kana antayan

**se.la.da** *n* saladah **1** ngaran tutuwuhan nu sok dilalab
-- **air** saladah nu hirupna dina cai deet nu herang;
-- **bokor** ngaran sayuran sabangsa pécay dipelakna di darat di nu tiis hawana.

**se.la.i** *n* **1** bubur tina bubuahan asakan maké gula (danas, tomat, jst) nepi ka kentel, biasana dioléskeun kana roti, salé; **2** bubuahan asak (cau, kesemek, anggur, jsb) dipoé nepi ka garing sarta bisa dililakeun; salé

**se.la.lu** *adv* salawasna; salilana: *ia -- baik thd saya* manéhna salawasna hade ka kuring; **2** remen; mindeng; sering, *lem: ia -- bangun kesiangan* manéhna mindeng hudang kabeurangan

**se.lam** *v*, **menyelam** *vi* asup ka jero cai; teuleum: *perenang itu pandai ==* tukang ngojay teh pinter teuleum; *sambil== meminum air, pb* dua pagawéan dina hiji waktu; perlu kasambung sunat kalampah, *pb;*
**menyelami** *vt* **1** neuleuman: *penyelam itu == anak yg tenggelam* tukang teuleun teh neuleuman budak nu titeuleum; **2** *ki* ngarampa eusi haté at batin, jsb: *== hati orang memang susah* neuleuman haté nu séjén memang hésé; **3** maluruh; nyalusur; nanglungtik: *ia sedang == ilmu sastra* manéhna keur neuleuman élmu sastra;
**penyelam** *n* jalma anu sok biasa teuleum; anu pagaweanana tukang teuleum

**se.la.ma** *adv* **1** salila" *ia diuji -- dua jam* manéhna diuji salila dua jam; **2** satungtung: *-- kita masih mampu jangan minta bantuan kepada orang lain* satungtung urang kaduga kenéh mah ulah menta dibantuan ka nu séjén; **3** waktu keur; mangsa: *-- ia masih kecil diasuh oleh bibinya* waktu manehna keur leutik diasuh ku bibina

**se.la.mat** *a* salamet; aman; tengtrem; jauh tina pancabaya; waluya; wilujeng, *lem*; teu pangih jeung kasusah at kanyeri;
**menyelamatkan** *vt* **1** nyalametkeun; ngaluputkeun tina bahaya, cilaka, jsb; **2** hajat, pangajian; sukuran;
**penyelamatan** *n* prakna at perbuatan ngaluputkeun tina bahaya, ngamankeun; miara: *cagar alam salah satu usaha untuk == hutan supaya tidak gundul* cagar alam salah sahiji usaha pikeun miara leuweung supaya henteu gundul;
**keselamatan** *n* kaayaan salamet; kasalametan; kabagjaan; kawilujengan, *lem*: *== harus diutamakan* kasalamatan kudu diutamakeun

**se.lang** *n* **1** antara; heuleut: *ia datang -- sehari* manéhna datang heuleut sapoé; **2** hal at barang anu aya diantarana;
**berselang** *vi* paselang; diselang: *bunga mawar disusun == dengan bunga dahlia* kembang ros disusun paselang jeung kembang dahlia

**se.la.put** n kulit ipis (pangpangna dina bagian badan): -- **mata** kulit ipis anumungkus siki panon

**se.la.sa** *n* ngaran poé anu ka tilu; ngaran poé sanggeusna poé Senén; Selasa

**se.lat** *n* **1** laut anu heureut di antara dua pulo; selat: -- *Sunda* selat Sunda; **2** sela; celah

**se.la.tan** *n* mata angin at arah katuhueun urang lamun urang nyanghareup kana panon poé (wétan); kidul

**se.led.ri** /selédri/*n* ngaran sarupaning sayuran anu sok dicampurkeun kana sop, baso, jsb ngarah seungit; Apium graveolens

**se.lek.si** / séleksi/ *n* **1** saringan; tés; ujian saringan: *tidak mungkin dapat masuk bekerja tanpa -- dulu* mustahil bisa asup digawé tanpa ujian saringan heula;

**menyeleksi** *vt* ngayakeun ujian saringan, jsb; nyaring; milih; **2** métode at cara anu dipaké ku bagian personalia dina waktu milih keur calon pagawé;

**penyeleksian** *n* panyaringan (ujian); cara perbuatan nyaring at nyeléksi

**se.lek.tif** /seléktif/ *a* **1** maké cara seléksi at panyaringan; **2** daya pilih; **3** jujur; teu bisa sakarep-karep: *kita harus -- thd diri kita sendiri* urang kudu jujur ka diri urang sorangan

**se.lek.ti.vi.tas** /seléktivitas/ *n* **1** kaayaan anu seléktif; 2 kamampuh pikeun narima siaran dina hiji gelombang henteu kaganggu ku gelombang-gelombang dina siaran nu séjén

[1]**se.lem.pang** /selémpang/ *n* sarupaning pita nu rada rubak tanda pangkat at jabatan anu disaléndangkeun kana taktak nyérong ti dada nepi kana cangkéng; solémpang;

**berselémpang** *vi* make solémpang: *perwira yg baru dilantik itu == merah putih* perwira nu kakara diistrenan teh make solempang beureum bodas

[2]**se.lem.pang** /terselémpang/ *v* labuh sarta sukuna ngangkang henteu ngagedebru

[3]**se.lem.pang**/selempang/ a rasa salempang; teu tenang; honcéwang; *saya merasa -- kalau-kalau ada apa-apa* kuring ngarasa salémpang sok sieun aya nanaon

**se.len.dang /seléndang/** *n* **1** lawon (sutra,jsb) panjang sarta ipis keur tiung at karembong; 2 lawon at samping keur pangais (budak at barang)

**se.leng.ga.ra, menyelenggarakan** vt 1 ngalaksanakeun paréntah, tugas, kagiatan, jsb: *saya mendapat tugas untuk == pameran* kuring meunang pancen ngalaksanakeun pameran; **2** ngolah at ngurus (miara, ngolah, jsb): *petani == sawah ladangnya dng baik* patani ngurus sawah kebonna kalawan hadé

**se.le.ra** /seléra/ *n* **1** nafsu; kahayang, karep: *kagiatan itu menambah -- untuk bertambah maju* éta kagiatan téh nambah kahayang keur beuki tambah maju; **2** nafsu kana kadaharan: *lalap dan sambal menambah -- makan* lalab jeung sambel nambah nafsu dahar; **3** karesep; kalangenan: *setiap orang mempunyai == masing-masing* unggal jalma boga karesep sorangan;
**berselera** vi ngabogaan nafsu at kahayang kana dahareun, jsb

**se.le.sai** *a* **1** anggeus; **geus** jadi (naon-naon anu dijieun): *ia akan pindah kalau rumahnya sudah --* manéhna rék pindah lamun imahna geus anggeus; **2** tamat; **béak**: *bila sudah -- sekolah mau melamar pekerjaan* lamun geus tamat sakola rék ngalamar pagawéan; **3** bérés; lunas: *hutangnya sudah -- dibayar* hutangna geus lunas dibayar; **4** putus (perkara, perundingan): *perkara itu sudah --* perkara itu enggeus diputus;
**menyelesaikan** *vt* nganggeuskeun; méréskeun; mutuskeun (perkara): *saya sedang == laporan akhir* kuring keur nganggeuskeun laporan ahir;
**penyelesaian** *n* cara at perbuatan nganggeuskeun, pamustungan: *persoalan itu belum ada ==* éta pasualan téh can aya pamustunganana

**se.les.ma** /selésma/ *n* salésma; pileg (pilek); inplénsa; panas tiris, nyeri sirah dibarengan ku batuk-batuk

**se.le.weng** /seléwéng/, **menyeleweng** *v* **1** nyimpang tina jalan bener; ngalanggar aturan; **2** zinah

**se.li.dik** *v*, **menyelidiki** *vt* **1** mariksa kalawan taliti, maluruh, nalungtik: *polisi itu sedang == peristiwa kebakaran* pulisi téh keur mariksa peristiwa kahuruan; **2** ngamutalaah: *sarjana itu sedang ==bahasa-bahasa daerah* éta sarjana keur ngamutalaah basa-basa daerah;

**penyelidikan** *n* **1** panalungtikan; **2** usaha keur néangan informasi ku jalan ngumpulkeun data: *ia sedang melakukan == sastra lisan Sunda* manéhna keur ngalaksanakeun panalungtikan sastra lisan Sunda

**se.li.mut** *n* **1** lawon nu rubak tur panjang sarta kandel keur nutupan awak ngarah haneut ari keur saré; simbut; kampuh, *lem*; **2** *ki* hal anu bisa dipaké nutupan kajahatan;

**berselimut** *vi* **1** maké simbut: **2** *ki* nutupan kagorengan at kajahatan ku jalan anu hadé, supaya teu kaciri yen manéhna jahat;

**menyelimuti** *vt* **1** nyimbutan: == *orang sakit* nyimbutan nu gering; **2** *ki* nyimbutan kajahatan; nutupan: == *kesalahan orang lain* nutupan kasalah batur

**se.li.nap, menyelinap** *vi* **1** nyusup, nyulundup kalawan gancang: *ular == ke dl rumpun* oray téh nyulundup kana jero rungkun; **2** asup; nyerep: *nasihat itu == ke dl hati sanubari* naséhat téh nyerep kana jero ati sanubari; buru-buru lumpat rék nyamuni; nyulusup: *pencuri itu == ke tempat yg gelap* nu maling téh nyulusup ka tempat anu poék

[1]**se.lip, menyelip** *vi* nyelap; nyisip: *uang yg hilang itu == dl lipatan kain* duit nu leungit téh nyelap dina lipetan samping;

**menyelipkan** *vt* nyelipkeun; nyelapkeun; nyisipkeun; nyumputkeun: *ia == surat di dl buku* manehna nyelipkeun surat dina buku

[2]**se.lip** *a* **1** mobil jsb teu bisa maju lantaran leueur; selip; **2** *cak* pasalingsingan jalan

**se.li.sih** *n* **1** béda: *harganya hanya -- seratus rupiah* hargana ngan béda saratus rupia; **2** henteu sarua tujuanana; teu satujuan: -- *paham* béda paham; teu satujuan: -- **jalan** pasalingsingan jalan;

**berselisih** *vt* aya nu béda; mumusuhan; paséa; teu sapaham: *jangan suka == dng saudara* ulah sok paséa jeung dulur;

**perselisihan** *n* **1** béda paham; **2** papaséaan: == *hendaknya dihindari* papaséaan téh kudu dijauhan

**se.lo.kan** *n* solokan; kamalir; wahangan

**se.long.song** *n* solobong; sarung: *pinsil yg sudah pendek bisa disambung dng* -- potlot anu geus pondok bisa disambung ku solobong

**se.lo.roh** *n* **1** lucu; lulucon; **2** heureuy; guguyon;

**berseloroh** *vi* ngawangkong bari heureuy matak pikaseurieun; go gonjakan

**se.lu.bung** *n* lawon jsb nu dipaké nutupan sirah, badan,jsb; sabangsa kurudung; harudum;
**berselubung** *vi* maké harudum; at kurudung: *wanita muslimah yg taat umumnya* == wanita muslimah anu ta'at mah umumna maké kurudung;
**menyelubungi** *vt* **1** nutupan maké harudum at kurudung; **2** nutupan (kajahatan, kagoréngan, jsb): *kebaikannya itu hanya untuk == perbuatannya yg jahat* kahadéanana téh ngan sakadar keur nutupan kalakuanana anu goréng

**se.luk-be.luk** *v* luka-leko, bulat-beulit,pakuat-pakait, at salang-surup (perkara) jeung bubuk lembutna: *saya tidak tahu persis tentang -- perkara itu* kuring teu nyaho sabenerna éta perkara

**se.lun.dup, menyelundup** *v* nyulundup; susulumputan; nyusup: *orang itu masuk == ke belakang rumah* éta jalma téh asup susulumputan ti tukangeun imah;
**menyelundupkan** *vt* nyulundupkeun; nyumputkeun (barang); ngasupkeun barang kalawan **rerencepan** supaya teu mayar béya at cuké: *dilarang == barang apapun* dilarang nyulundupkeun barang naon baé;
**penyeludupan** *n* perbuatan nyulundupkeun;
**penyelundup** *n* jalma tukang nyulundupkeun barang: == *itu ditahan polisi* jalma anu nyulundup téh ditahan ku pulisi

**se.lu.ruh** *num* sakabéh; sakuliah; sakumna: -- *rakyat Indonesia mengibarkan bendera merah putih* sakumna rakyat Indonesia masang bandéra beureum bodas;
**keseluruhan** *n* hal ng sakuliahna at sakabéhna; umumna: *secara == orang di kampung itu hidup bertani* umumna kahirupan jalma di kampung mah tani

**se.lu.sup, menyelusup** *vt 1* asup kalawan susulumputan; **2** asup ka nu loba jelema bari teu katara ku batur; nyulusup; *pencuri itu == ke dl hutan* nu maling téh nyulusup ka jero leuweung

**se.lusur, menyelusur** *v* **1** nyolédat; tisorodot; nyorodot; ngagolosor; **2** ngaléngkah kana cukang, jsb: *ia jatuh == ke jurang* manehna labuh

tisorodot kana jungkrang; mapay-mapay: *ia berjalan == pantai* manehna leumpang mapay-mapay basisir

**se.mai** *n* bibit at bibinihan anu kakara jadi tina siki anu bakal diliarkeun deui di tempat nu leuwih lega;
**persemaian** *n* pabinihan; tempat paranti nebarkeun binih

**se.mak** *n* tutuwuhan anu parendék sarta rembet;rungkun

**se.mam.pai** *a* langsing; ramping: *badannya tinggi* -- badanna jangkung ramping

**se.ma.ngat** *n* **1** roh kahirupan anu ngajiwaan sagala mahluk (nurutkeun kapercayaan bisa méré kakuatan); **2** lelembutan anu nimbulkeun kahayang; batin sumanget: -- *rakyat semakin berkobar* sumanget rahayat beuki ngagedur;
**bersemangat** *vi* ngabogaan sumanget; gedé sumanget: *anak itu == mengikuti latihan pramuka* budak téh gedé sumanget milu latihan pramuka

**se.mang.ka** *n* ngaran tutuwuhan ngareuy sabangsa waluh, rasa buahna amis tiis, dagingna aya nu beureum aya nu konéng, sikina sok diasin jadi kuaci

**se.ma.rak** *a* **1** ramé; kaayaan anu nembongkeun kagumbiraan; **2** cahaya anu mabray, hurung ngempur at perhiasan tina bangsa emas; **3** *ki* kamulyaan; berlian;
**bersemarak** *vi* burahay, harérang ku rupa-rupa pehiasan at kembang: *kamar pengantin kelihatan == sekali* kamar panganten téh katingal mani burahay

**se.mat** *v* **1** barang seukeut leutik tina awi at nyéré, jsb paranti mageuhan pincuk daun cau; **2** panitih paranti napelkeun tandapangkatngaran jsb kana baju;
**menyematkan** *vt* nyeumatkeun; masang tanda pangkat: *Presiden == bintang jasa kepada istri pahlawan* Presidén masang bentang tanda jasa ka istri pahlawan;
**penyematan** *n* cara nyeumatkeun; waktu lumangsungna nyeumatkeun

**se.ma.ta (-ma. ta)** *adv* ngan; wungkul; sama sakali: -- *wayang* ngan hiji-hijina: *ia datang ke sini -- meminjam uang* manehna datang ka dieu téh rék nginjeum duit baé wungkul

**se.ma.yam** *v*, **bersemayam** *vi* linggih, *lem*; lenggah, *lem*: *baginda raja == di atas singasana* raja linggih dina singgasana

**sem.bah** *n* pernyataan hormat: -- *sujud* sembah sujud;
**menyembah** *vt* ngahormat bari nyembah;
**persembahan** *a* **1** hadiah; méré ka jalma anu leuwih luhur msl bupati, gubernur jsb; **2** anu dipintonkeun; anu dibikeun; anu disanggakeun *lem*

**sem.bah.yang** *n* salat; netepan lem; kawajiban umat Islam nu kudu dilakonan lima kali dijero 24 jam, nya éta salat lohor, asar, magrib, isa jeung subuh

**sem.ba.rang** *adv* bébas; naon baé; di mana baé: *silahkan duduk -- saja* manga calik di mana baé (bébas);
**sembarangan** *n* asal baé; dapon baé; padu baé: *jangan berkata ==* ulah ngomong dapon baé

**sem.be.lih** *v*, **menyembelih** *vt* maéhan ku megatkeun genggerong jeung urat beuheung ku péso,jsb; meuncit: *ia bisa == ayam* manéhna bisa meuncit hayam;
**penyembelihan** *n* pamotongan; pajagalan; tempat paranti ngajagal

[1]**sem.be.lit** a mules lantaran nyeri beuteung; murilit: *perutku -- tidak tertahan* padaharan kuring mules teu katahan

[2]**sem.belit** *a* sabangsa kantong wadah duit anu dibeulitkeun dina cangkeng cara beubeur

**sem.bi.lan** *num* ngaran itungan sanggeus dalapan, saméméh sapuluh (9)

**sem.bi.lu** *n* **1** hinis; **2** *ki* kacida sedihna: *hatiku pedih bagaikan diiris dng --* haté kuring sedih lir digerihan

**sem.bo.yan** *n* **1** tanda at ciri pikeun méré nyaho ngeunaan hiji hal (sora, katerangan, warna,jsb): *loncéng berbunyi sebagai -- agar murid-murid masuk kelas*; loncéng disada tanda pikeun murid-murid asup ka kelas; **2** kecap at omongan rahasiah anu dipaké tanda supaya babaturanana at kolompokna jadi nyaho; ngaran lalandian: *komplot-*

*an perampok itu memakai -- "burung elang"* komplotan rampog teh maké ngaran lanlandian "heulang";
**bersemboyan** *vi* **1** maké ngaran lalandian; **2** lambang: *pisau kujang merupakan == orang Sunda* kujang téh magrupa lambang urang Sunda

**sem.buh** *v* pulih jadi séhat deui; cageur; damang, *lem*: *baru saja -- sudah keluar malam lagi* kakara baé cageur geus kaluar peuting deui;
**menyembuhkan** *vt* ngajadikeun cageur; nyageurkeun; ngubaran supaya cageur: *daun delima dpt == penyakit eksim* daun dalima bisa nyageurkeun panyakit éksim;
**penyembuhan** *n* perbuatan keur nyageurkeun; dina raraga nyageurkeun: *masa == luka itu cukup lama* waktu keur nyageurkeun raheut teh rada lila

**sem.bul, menyebul** *v* kaluar tina liang at tina cai; mecenghul: *setelah beberapa menit orang yg* menyelam itu == *dari dl air* sanggeus sababaraha menit anu teuleum téh macenghul ti jero cai

**sem.bu.nyi** *v* **1** susulumputan; **2** *ki* nutupan perbuatan anu goreng, jahat; **3** rerencepan; teu ibur ka batur; sieun kanyahoan ku batur: *ia menghitan anaknya secara --* manéhna nyunatan anakna téh rerencepan;
**bersembunyi** *vi* nyumput: *anak itu == di balik pintu* budak téh nyumput di tukangeun panto;
**menyembunyikan** *vt* **1** nyumputkeun at neundeun supaya ulah kaciri ku batur; **2** ki nutupan kagoréngan ku lantaran éra: *adik saya == celengan ke dl lemari* adi kuring nyumputkeun céngcéléngan kana lomari; mengapa *ia == berita itu* ku naon manéhna nyumputkeun (henteu nepikeun) éta béja; **3** nutupan kaéra: == *muka* nyumputkeun beungeut; miceun beungeut; ngabalieur;
**penyembunyian** *n* tempat paranti nyumput at nyamuni: *hutan di sisi kampung itu dijadikan == musuh* leuweung di sisi kampung teh dijieun panyumputan musuh

**sem.bur** *n* semprot; bura: *anak kecil yg menangis itu di -- dng ramuan obat-obatan* budak leutik nu ceurik baé téh dibura ku ubar;
**menyemburkan** *vt* murakeun; nyemprotkeun; ngabura: *ikan mujair == anaknya dari mulutnya* lauk mujaer murakeun anakna tina sungutna;
**semburan** *n* semburan; cai anu nyembur

**se.men/semén/** *n* bahan campuran pikeun némbok at ngabeton supaya leuwih kuat;
**menyemen** *vt* nembok; ngabeton; ngaci ku semén: *tukang sedang == kamar mandi* tukang témbok keur némbok kamar mandi

**se.me.na-se.me.na** *adv* sewenang-wenang; sakarep-sakarep; teu saimbang; beurat sabeulah: *tidak baik mengambil keputusan ==* teu hade mutuskeun sakarep-karep (teu saimbang)

**se.me.nan.jung** *n* sabagian daratan anu nyodor ka lautan; bobojong; tanjung: *-- Malaka* bobojong Malaka

**se.men.ta.ra** *adv* **1** salila; salagi: *-- menunggu kedatangan tamu* salila ngadagoaan datangna tamu; **2** satungtung: *-- masih ia mau bekerja di sini biarkan saja* satungtung manéhna daek digawé di dieu mah keun baé antep; **3** dina waktu éta; harita: *ia tertawa sementara orang lain menangis* manéhna seuri,dina waktu batur keur ceurik

**se.mer.bak** *a* seungit ngadalingding: *bunga melati -- mewangi* kembang malati seungit ngadalingding

**se.mes.*ta*** *n* sakabéh; sakumna; sakuliah dunya; sajaga: **alam** -- alam sajagat

**se.mes.ter** /seméster/ *n* tengah taun (genep bulan): *ia baru saja satu -- kuliah di Unpad* manehna kakara ogé satengah taun kuliah di Unpad; **semesteran** *n* tengah taunan: *sistem == di Universitas Terbuka sudah dihapuskan* cara tengah taunan di universitas Terbuka geus dileungitkeun

**se.mi. nar** *n* pajemuhan sidang keur ngabahas hiji masalah anu dipingpin ku para ahli: *-- ilmu-ilmu sastra* pajemuhan anu nyawalakeun ngeunaan élmu-élmu sastra

**se.mir** *n* **1** sarupaning pulas at cét anu ngandung minyak paranti mulas sapatu, buuk jsb; **2** gemuk pikeun ngalesangkeun bagian mesin nu muih at pagesrek jeung supaya ulah gancang panas; **3** *ki* **uang** -- duit panyogok; paleuleueur supaya pamenta urang gancang dikabulkeun; **menyemir** *vt* nyemir; mulas ku semir (sepatu at buuk, jsb)

**se.mo.ga** *adv* muga-muga; mudah-mudahan; mugi-mugi: *-- tercapai cita-cita* mudah-mudahan laksana sapaneja

**se.pal** *v* **menyempal** *vt* **1** nyembul kaluar sabagian; **2** nutupan (liang) ku cara ngajejelan; nyumpel: *ia == bak yg bocor itu* manéhna ngajejelan bak anu bocor

**sem.pat** *adv* **1** aya waktu pikeun; aya kabébasan; kasalséan; kaburu: *kalau -- saya akan datang* lamun kaburu kuring rék datang;
**menyempatkan** *vt* **1** ngayakeun waktu keur; **2** ngaluangkeun waktu; méré waktu pikeun: *walaupun sibuk harus == makan* sanajan keur sibuk ripuh kudu ngayakeun waktu keur dahar;
**kesempatan** *n* waktu; kasempetan: *kalau sudah lulus ada == untuk pergi ke luar negri* lamun geus lulus aya kasempetan keur indit ka luar negri

[1]**se.ni** *a* **1** lemes, leutik; **2** lembut sarta ngeunah kadengena; seni; sifat anu lemes; rasa alus: *rasa --nya diwarisi dari ayahnya* rasa senina turunan ti bapana: *ular --* oray anu leutik

[2]**se.ni** *n* kaahlian nyieun karya anu éndah luhur ajénna, msl tari, lukis, ukir, jsb: *-- sastra menimbulkan keindahan dl karya prosa at puisi* sastra nimbulkeun kaéndahan dina karya prosa at puisi; *-- bangunan* cara kaendahan dina nyieun bangunan; -- **budaya** perihal kasenian jeung kabudayaan; -- **drama** seni ngeunaan lalakon di panggung (sandiwara); -- **lukis** seni ngeunaan ngalukis at ngagambar; -- **rupa** seni pahat jeung seni lukis; — **rakyat** kesenian masyarakat balaréa anu nimbulkeun rasa kaendahan kalawan jadi milik rayat saréréa;
**berseni** *vi* ngabogaan rasa seni: *orang == seleranya berbeda dng orang awam* jalma anu ngabogaan rasa seni karesepna beda jeung jalma awam;
**kesenian** *n* hal seni; kaendahan; kabinangkitan nu ngahasilkeun barang at perkara anu aréndah; kasenian; *== daerah harus tetap dijaga* kasenian daérah kudu tetep dirawat

**se.niman** *n* ahli seni (lalaki); **seniwati** ahli seni (awéwé)

**se.nin** *n* ngaran poé kadua ti Ahad; Senen

**se.ni.or** /sénior/ **a 1** leuwih luhur dina pangkat jeung jabatan kadinesan (pagawé, karyawan, dosén, jsb); **2** leuwih mapan dina pangalaman jeung kamampuh; **3** golongan sepuh: *dosen senior biasanya dibantu dng seorang asisten* dosén biasana dibantu ku asisten

**se.ni.o.ri.tas** /sénioritas/ *n* kaayaan nu leuwih luhur dina hal pangkat, golongan, pangalaman, boh dina umur

**sen.ja** *n* waktu soré geus rek reup-reupan (maju ka poek); sareupna: *hari sudah* -- poé geus burit

**sen.ja.ka.la** *n* waktu geus burit; waktu geus reup-reupan; waktu sareupna: *di -- matahari terbenam* dina waktu sareupna panon poé surup

**senjang** *a* kaayaan anu teu sarua; béda; kesenjangan; perbédaan; ka kurangan; kateusampurnaan

**sen.ja.ta** *n* **1** alat anu dipaké pikeun ngalawan musuh at perang; pakarang; **2** *ki* alat pikeun ngahontal anu dimaksud; cara-cara pikeun ngahontal tujuan: *supaya dikasihani ia menggunakan — menangis* supaya dipikarunya manehna ngagunakeun sanjata ku ceurik; **bersenjata** *vi* make sanjata at pakarang; ngabogaan pakarang; *angkatan* == tentara; **gerombolan** == gorombolan marawa pakarang

**sen.sa.si** /sénsasi/ *n* **1** hal nu ngageumpeurkeun; anu matak geumpeur; ngaributkeun; anu matak kacau: *koran ini selalu memuat kabar* -- koran ieu sok ngamuat hal-hal anu matak ngageumpeurkeun; **2** hal anu matak ngahudang parasaan at émosi; *di Indonesia banyak diputar film* -- di Indonesia loba filem anu matak ngahudangkeun émosi

**sen.si.tif** /sénsitif/ *a* **1** gampang narima (gangguan, rangsangan): *alat perekam itu -- sekali* alat paranti ngarekam téh gampang pisan narima gangguan; **2** *ki* babari ngahudang parasaan at émosi: *berbicara soal jilbab -- sekali* nyaritakeun soal jilbab babari pisan ngahudang émosi

**sen.sor** /sénsor/ *v* pangawasa jeung pamariksaan surat-surat at naon bae anu rék disiarkeun, filem, buku-buku bacaan jsb: *sebelum film itu diputar harus di -- dulu* saméméh diputer filem teh kudu dipariksa heula;

**menyensor** *vt* mariksa; nyensor: -- *film bukan pekerjaan yg mudah krn perlu dipertimbangkan dng sungguh-sungguh* mariksa filem teh lain pagawéan énténg lantaran perelu dipertimbangkeun kalawan bener-bener;

**penyensor** *n* jalma anu pagaweanana tukang mariksa at nyénsor

**sen.sus** /séńsus/ *n* ngitung jumlah (jelema, jiwa, umpi, industri,jsb) dina waktu nu geus ditangtukeun, up unggal lima taun sakali; sensus; pencacahan: *menjelang pemilu biasanya diadakan -- penduduk* saméméh pemilu biasa sok diayakeun sensus penduduk

[1]**sen.ter** /sénter/ *n* **1** alat paranti nyaangan; batré; **2** lampu anu bisa nyorotkeun sinar kalawan jauh

[2]**sen.ter** /séntér/ *n* pusat; tengah; puseur

[1]**sen.til** *n* -- tembakau) sempil (ng sisig; susur, *lem*) tembong sawaréh saperti sisig dina biwir

[2]**sen.til** *v*, menyentil *vt* **1** neunggeul ku tonggong ramo; ngepret; **2** nyintreuk; **3** *ki* ngawarah; ngelingan; mapatahan; ngiritik: == *kuping* nyintreuk kana ceuli; *kata-katanya itu == saya* omonganana téh mapatahan kuring;

**sentilan** *n* **1** singgungan; **2** pamoyok: *aku tak tahan mendengar -- itu* kuring teu tahan ngadéngé éta pamoyok téh

**sen.to.sa** *a* bébas tina sagala kasusah jeung kahariwang anu pibahayaeun; aman; tengtrem: *hidup* -- hirup tengtrem; tenang;

**kesentosaan** *n* katengtreman; katenangan;kaayaan anu aman; salamet: *semua orang menginginkan == dl hidup ini* sakabéh jalma mikahayang kasalametan dina kahirupan

**sen.tral** /séntral/ *n* pusat; séntre; puseur: -- *kota* puseur dayeuh

**sen.tra.li.sa.si** /séntralisasi/ *n* pamusatan: *kampus merupakan -- kegiatan belajar* kampus téh mengrupa pamusatan kagiatan diajar

**sen.tuh** *v* dupak; keuna saeutik kana;

**menyentuh** *vt* **1** ngadupak; nyinggeung; nyinggung: *adik saya == piring di meja sehingga pecah* adi kuring ngadupak piring dina méja nepi ka peupeus; **2** ki nyinggung *parasaan*;ngarasa kasindiran: *perkataannya == perasaan* omonganana nyinggung *parasaan;*

**tersentuh** *vi* **1** kadupak (teu dihaja); kasinggung; **2** kasinggung parasaan; kasindiran; babari kasinggung parasaan: *ia mudah sekali ==* manéhna babari pisan kasinggung parasaan

**se.nyam.pang** *adv* kabeneran: -- *ia datang* kabeneran manéhna datang

**se.nyap** *a 1* tiiseun; jempling; sepi; **2** teu kadéngé sora nanaon; henteu ngomong nanaon: *di rumahnya -- tak ada orang* di imahna sepi euweuh jelema; **3** teu dicaritakeun deui; jempé; **4** tibra (nu saré); **5** *ki* teu pati payu (ng jual beuli, dagang, jsb): *harga barang melonjak terus pasaran menjadi --* harga barang nerekel terus anu daragang teh teu pati payu;
**kesenyapan** *n* suasana anu sepi jempling; tiiseun: == *bisa menimbulkan rasa sedih* kaayaan anu sepi jempling bisa ngahudang rasa tunggara

**se.yum** *n* **tersenyum** *vi* seuri leutik ukur ku kunyemna biwir, henteu nyoara; imut; mésem, *lem: ia == waktu mendengar kata-kata saya* manéhna imut basa ngadéngé omongan kuring

**se.pak** / sépak/ *v,* **menyepak** *vt* ngeunakeun suku kalawan tanaga kana barang (bal, jsb); nyépak; najong: *ia sedang berlatih belajar == bola* manehna keur latihan diajar nyépak bal

**se.pak.bo.la** / sépakbola/ *n* kaulinan anu ngagunakeun bal, disépak kana gawang; maénbal;
**bersepakbola** *vi* maénbal; ngalakukeun kaulinan sépakbola at maénbal

**se.pa.kat** *a* **1** satuju; samupakat; sapamadegan: *kemarin sudah -- mau berkumpul di sini* kamari geus satuju rek ngariung di dieu;
**kesepakatan** *n* kaayaan anusa mupakat; hal mupakat; kamupakatan: *sebelum hal itu diputuskan harus ada kesepakatan dulu* saméméh éta hal diputus kudu aya kamupakatan heula

**se.patu** *n* sarupaning kasut tina kulit, karét, jsb anu ngarungan suku; sapatu;
**bersepatu** *vt* disapatu; maké sapatu

**se.pe.da** /sepéda/ *n* tutumpakan anu gilindingna dua at tilu, aya pangdiukan (sadel), aya setang jeung pedal paranti ngaboséh; karéta mesin

**se.per.ti** *adv* **1** sarupa jeung; samacem; siga: *anak itu -- ayahnya* budak teh sarupa jeung bapana; **2** sarua jeung: *jam tangan ini modelnya --- gelang* jam tangan téh modelna sarua jeung geulang; **3** sakumaha; saluyu jeung: *-- yg saya inginkan* sakumaha anu dipikahayang ku kuring

**se.pi** *a* tiiseun; jempling; jempé; simpé;
**menyepi** *vi* indit ka hiji tempat anu tiiseun; jauh tina gangguan; niiskeun pikir; nyorangan;
**kesepian** *n* ngarasa sepi; euweuh nu ngabaturan; *supaya tidak == harus ada yg menemani di rumah* supaya henteu ngarasa sepi kudu aya nu ngabaturan di imah

**sep.rei** /sepréy/ *n* lawon tilam kasur; sepré

**Sep.tem.ber** /Septémber/ *n* ngaran bulan anu ka salapan taun Maséhi

**se.ra.gam** *n* sarua (corak, wangun, potongana): *pakaian* -- pakéan saragam;
**berseragam** *vi* maké pakéan saragam; make pakéan anu sarua

**se.rah, berserah** v pasrah; tawekal; sumerah: == *diri kepada Allah* pasrah sumerah ka Gusti Allah;
**menyerah** *vt* **1** nyerah; eweuh daya keur ngalawan; sumerah; pasrah; **2** ngaku éléh: *perang Teluk terus berlangsung tak ada yg mau ==* perang Teluk terus-terusan eweuh nu daék ngaku éléh; **3** masrahkeun manéh: *gerombolan itu == kepada polisi* gorombolan téh masrahkeun manéh ka pulisi; **4** nurut baé (sakayang batur) henteu ngalawan: *pokoknya saya == saja bagaimana sebaiknya* pokona kuring mah nurut baé kumaha hadéna;
**menyerahkan** *vt* **1** mikeun; masrahkeun; nyérénkeu: *ia == uang kepadaku* manéhna mikeun duit ka kuring; **2** ngabdi kalawan masrahkeun diri: *pahlawan telah == jiwa raganya kepada nusa dan bangsa* pahlawan geus ngabdi masrahkeun jiwa jeung raga pikeun nusa jeung bangsa;
**penyerahan** *n* perbuatan at cara masrahkeun; waktu at mangsa nyerahkeun: == *tugas* mangsa nyérénkeun tugas

[1]**se.rak** *a* peuyeuh (ng sora); euweuh soraan; *suaranya -- karena batuk terus-terusan* sorana peuyeuh lantaran batuk terus-terusan

[2]**se.rak** /sérak/, **bersérak** *v* balatak: *di kamar == buku-buku* di kamar balatak buku-buku;
**tersérak** *a* nyebar ka mana-mana: *mata-mata musuh == ke semua daerah* mata-mata musuh nyebar ka sakabeh wewengkon;
**bersérakan** *vi* pabalatak; awut-awutan; acak-acakan: *kalau tidak*

*disapu sampah == di mana-mana* lamun henteu disapukeun runtah téh pabalatak di mana-mana

**se.ra.kah** *a* masih ngarasa kurang kénéh baé sanajan geus kaitung cukup; hawek; sarakah; kokomoan: *hidup ini jangan* -- hirup téh ulah hawék;
**keserakahan** *n* perbuatan anu hawek;kalakuan hawek, kokomoan sieun teu seubeuh

**se.ram** *a* **1** serem; matak sieun: -- *rasanya lewat di bawah pohon beringin itu* mata sieun ngaliwat kana tangkal caringin éta mah; **2** muringkak bulu punduk lantaran sieun; **3** matak ngeri; **4** bengis, pikasieuneun; siga nu galak: *orang itu kelihatannya -- padahal hati-nya baik* jalma téh katingalina bengis padahal hatena mah bageur
**menyeramkan** *vi* matak serem: *filem itu* == filem téh matak serem

**se.ram.bi** *n* **1** tepas; émper hareup; **2** peron (di statsion)

**se.rang** *v*, **menyerang** *vt* **1** ngadatangan pikeun ngalawan; ngontrog; merangan; nyerang; nyerbu: *kita harus waspada kalau-kalau musuh == kita* urang kudu waspada bisi musuh nyerang ka urang; **2** mahabu ngagalaksak: *wabah disentri sekarang sedang == daerah kita* wabah disentri ayeuna mahabu di wewengkon urang; **3** nangtang;ngalawan, ngritik: *ia == makalah saya pada waktu seminar* manehna ngritik makalah kuring dina waktu seminar; == **hari** nolak hujan; nyarang;
**terserang** *vi* kaserang *adik saya == penyakit cacar* adi kuring kaserang panyakit cacar;
**serangan** *n* serbuan; perbuatan; nyerang: == *musuh datang tiba-tiba* serbuan musuh datangna ngadadak;
**penyerang** *n* jalma at kolompok jalma anu nyerang at ngalakukeun serangan; agrésor: *pasukan == sudah diberangkatkan ke medan perang* pasukan anu rék nyerbu geus diinditkeun ka medan perang;
**penyerangan** *n* prakna nyerang; cara, pebuatan nyerang; penyerbuan: *besok pagi akan dilakukan lagi == terhadap musuh* isukan rék dilaksanakeun deui panyerbuan ka musuh

**se.rang.ga** *n* sato leutik anu sukuna diwangun ku sababaraha buku msl simeut, sireum, nyiruan, jsb

**se.rap** *v* **menyerap** *vt* **1** asup ka jero ngaliwatan pori-pori; nyerep: *air == ke dl tanah* cai nyerep kana taneuh; **2** *ki* nyerap kana ati; kaharti

pisan: *nasihat ibunya == ke dl hati* nasehat indungna nyerep kana jero ati; **3** nyerot: *kertas buram biasanya == tinta* keretas buram biasana nyerot mangsi;

**penyerapan** *n* **1** hal at kajadian nyerepna cai jsb; **2** kajadian nyerepna hiji unsur kana unsur nu séjénna up sinar panonpoé dirobah jadi energi; jsb

**se.ra.si** *a* saluyu; cocog; salaras; harmonis: *umur suaminya kurang -- di bandingkan dng umur istrinya yg masih muda sekali* umur salakina kurang cocog dibandngkeun jeung umur pamajikanana anu ngora keneh pisan;

**keserasian** *n* kacocogan; kasaluyuan: *antara suami istri harus ada ==* antara salaki pamajikan kudu aya kasaluyuan

**se.rat** *n* sél at jaringan mangrupa benang at pita panjang (tina tutuwuhan, kulit kai, hewan jsb);

**berserat** *vi* ngandung serat; aya seratna at uratna: *kangkung termasuk tumbuhan ==* kangkung kaasup tutuwuhan nu ngandung serat

**ser.ba** *adv* **1** sarwa (sagala-galana,sagalarupa): *berpakaian -- putih* maké pakéan sarwa bodas; **2** loba ; sababaraha rupa: -- **guna** loba gunana, bisa dipaké sagala rupa

**ser.bet** /serbét/ *n* lawon paranti ngelap, nyeka at ngaberesihan; elap; serebét

**ser.bu** *v*, **menyerbu** *vi* ngadatangan rék ngalawan; nyerang; narajang; nyerebu: *polisi == rumah judi* pulisi nyerbu imah paranti maén;

**penyerbuan** *n* prakna nyerebu; kajadian at pagawean nyerbu

**ser.buk** *n* barang anu lembut at anu lemes up tipung,lebu jsb: -- **bunga** tipung sari anu aya dina kembang;

-- **obat** obat anu lembut kawas tipung; **puyer,**

-- **gergaji** bubuk ragaji at tai ragaji; pangragajian

**ser.da.du** *n* prajurit anggota tentara

**se.rem.pak** *a* **1** dina waktu anu sarua kalawan ngadadak; saur manuk; *peserta rapat -- menyebut satuju* pamilon rapat saur manuk nyerbu satuju; **2** babarengan; bareng

**se.rem.pet** /sérémpét/ **menyerempet** *vt* keuna bagian sisina wungkul: *motor itu == mobil* motor téh nyérémpét kana mobil

**se.rentak** *a* **1** bareng (ng gerakan jeung waktuna); bareng dina waktu anu sarua: *murid-murid -- mengucapkan asalamualaikum* murid-murid bareng ngucapkeun asalamualaikum

1**se.ret** /sérét/ *v*, **menyeret** *vt* **1** narik; nyéréd: ngadérék: *kuda itu == roda pasir* kuda téh narik keusik dina roda; **2** maksa milu; narik; nyéréd kalawan paksa: *ia == anaknya yg bermain lumpur* manéhna nyered anakna nu keur jejeblogan; **3** *ki* dihadepkeun ka pangadilan: *polisi == pencuri ke pengadilan* polisi ngahadepkeun nu maling ka pangadilan

2**se.ret** /sérét/ *n* salur; loréng; belang-belang ka panjangna (ng lawon, panjang,jsb)

**ser.gah** *n* kekecepan at omongan anu tarik matak kaget; sentak: -- *nya menakutkan* sesentakna matak pikasieuneun;
**menyergah** *vi* nyentak; ngomong tarik matak kagét

**ser.gap** *v* **menyergap** *vt* nyerang at nyerbu kalawan ngadadak; ningker; ngepung: *tentara berhasil == gerombolan* tentara hasil ngepung gorombolan;
**penyergapan** *n* serangan, serbuan kalawan ngadadak

1**se.ri** *n* cahya; bersih; éndah; hurung; mancur
**berseri-seri** *a* gumbira; atoh; senang pikiran (beungeut); marahmay; *wajahnya ==* beungeutna marahmay;
**menyerikan** *vt* mancurkeun cahya

2**se.ri** *v*, menyeri *vt* nyeuseup sari madu, kembang

3**se.ri** *a* euweuh nu meunang euweuh nu éléh; sarua pinterna

**se.ri** /séri/ *n* runtuyan carita anu sinambungan;
**berseri** *adv* nyambung; aya sambunganana; ngabogaan nomor nyambung

**se.ri.kat** *n* perkumpulan; beungkeutan; partéy: *negara-negara* -- nagara-nagara anu ngahiji dina waktu perang dunia II
-- **buruh** organisasi buruh di luar perusahaan anu diadegkeun ku pagawé-pagawé pikeun nangtayungan status sosial ekonomi ku cara kolektif at babarengan;

**berserikat** *vt* **1** babarengan ngusahakeun ng dagang, koprasi, jsb; **2** ngahiji mangrupa perkumpulan

**se.ring** *a* remen; mindeng; sering, *lem: ia -- datang ke rumahku* manéhna mindeng datang ka imah kuring

**se.ri.ngai, menyeringai** v nyengir nandakeun ambek, teu resep, ngécé; ngahina: *seperti kera* == kawas monyét nyengir; nuduhkeun paroman anu goréng

**se.ri.o.sa** /sériosa/ *n* ngaran wirahma lagu (klasik): *lagu-lagu -- sekarang masih disenangi* lagu-lagu seriosa kiwari masih dipikaresep

**se.rius** /sérius/ *a* **1** bener-bener; soson-soson; 2 gawat; (nu gering ripuh): *saya bicara -- bukan main-main* kuring ngomong teh bener-bener lain heureuy;

**keseriusan** *n* sikep anu bener-bener; enya-enya: *aku minta == mu* pamenta kuring sing bener-bener manéh téh

**se.ro.bot** *n* tindakan anu ngalanggar hak batur;

**menyerobot** *vt* **1** ngagunakeun (tempat, jsb) kalawan sakarep-karep teu maliré hukum jeung aturan spt ngarebut, ngarampas jsb; nyorobot: *dilarang == tanah pemerintah dilarang* nyorobot tanah pamarentah; nyerang; ngalanggar hukum kalawan nékad at rerencepan; ngarebut: *ia berhasil == bola dari belakang* manéhna bisa ngarebut bal ti tukang

**se.rong** /sérong/ *a* **1** henteu lempeng; miring; déngdék; nyimpang tina gurat anu lempeng; **2** *ki* teu jujur; teu beresih haté; sok ngabohong: *perbuatan -- tidak diridoi Allah* kalakuan nu nyimpang tina jalan anu bener mah teu diridoan ku Allah

**ser.pih** *a* **1** sémpong saeutik; 2 soek saeutik;

**menyerpih** *vi* **1** mangrupa soéhan anu laleutik; **2** nyoéhan (lawon, keretas, jsb) jadi laleutik; meupeuskeun nepi ka jadi beling-beling laleutik;

**serpihan** *n* **1** lawon at keretas laleutik meunang nyoéhan; **2** beling-beling at kaca anu peupeus: *hati-hati jangan sampai terinjak == kaca itu* ati-ati ulah nepi ka katincak éta beling téh

[1]**ser.ta** *adv* **1** jeung: *Bupati -- rombongan* Bupati jeung rombongan; **2** kalawan; tur: *anak itu pinter -- baik pula* budak téh pinter tur bageur deui

[2]**ser.ta** *v* **1** milu bareng: *ia ikut -- ke taman hewan* manéhna bareng ka kebon binatang;
**beserta** *vi* babarengan; bareng jeung: *saya == teman pergi ke gunung* kuring bareng jeung babaturan indit ka gunung;
**menyertai** *vt* marengan; ngiring: *saya ikut == rombongan* kuring milu marengan rombongan;
**peserta** *n* jalma anu milu; pamilon; *== penataran ada 100 orang* pamilon panataran aya 100 urang

**ser.ti.fi.kat** /sértifikat/ *n* surat tanda at surat katerangan anu tinulis minangka pernyataan tinu ngabogaan wewenang up -- **dokter** surat katerangan ti dokter

**se.ru** *a*, **berseru** *v* ngangeroan; ngagorowok : *ia == dari sebrang jalan* manéhna ngagorowok ti peuntaseun jalan; **2** ngomong tarik keur narik perhatian batur; **3** ngajak at nganjurkeun: *pemimpin == kepada rakyatnya agar mau bekerja keras* pamingpin ngajak ka rakyatna supaya daék digawé sakuat tanaga;
**seruan** *n* **1** panggero; **2** ajakan; **3** anjuran; **4** du'a; paménta: *== Ilahi* anjuran Allah; *Ya Allah kabulkan == hatiku ini* Nun Gusti kabulkeun paneda kuring

**se.ru.duk** *v*, **menyeruduk** *vt* **1** nyuluduk: *kerbau itu == orang yg sedang berjalan* munding téh nyuluduk jalma anu ngaliwat;**2** ngalanggar; nabrak: *mobil sedan itu == truk yang sedang parkir di tepi jalan* mobil sedan téh nyuluduk treuk anu keur markir di sisi jalan

**se.ru.ling** *n* alat musik anu ditiup dijieun tina awi; suling

**se.rum** /sérum/ *n* **1** barang (éncér) mangrupa cai anu aya di jero cairan badan; **2** cai getih héwan at zat éncér anu diala tina getih héwan anu geus dijieun kebal kana sagala panyakit; **3** zat keur nolak panyakit

**se.rut** *n* alat pikeun ngalemeskeun kai; sugu;
**menyerut** *vt* ngalemeskeun kai ku sugu; nyerut; nyugu;
**penyerutan** *n* prakna nyugu; cara perbuatan nyugu; tempat paranti nyerut

**ser.vis** /sérvis/ *n* mairan; ngaladenan: *kepada pembeli -- nya harus ramah* ka nu meuli ngaladenanna kudu sopan;
**menyervis** *vt* ngahadéan; ngoméan; meresihan : *ia pandai == mesin cuci* manéhna pinter ngoméan mesin cuci

**se.sak** *a* **1** sesek; eungap; pinuh; heurin pisan;
**kesesakan** *n* **1** kaayaan anu heurin; hal anu sesek; **2** sesek teuing; sereg teuing

**se.sal** *n*, **menyesal** *vi* 1 kaduhung; **2** ngarasa kuciwa: == *saya tidak mengambil rumah itu* kuring kaduhung teu nyokot imah éta; **3** ngarasa teu ngeunah ka; **4** hanjakal;
**penyesalan** *n* **1** perbuatan anu matak kaduhung; **2** rasa kaduhung **3** rasa kuciwa: == *yg tidak berguna* rasa kaduhung anu euweuh gunana

**se.sat** *a* **1** salah jalan; teu ngaliwatan jalan nu bener: *malu bertanya -- di jalan, pb* éra tatanya jadi salah jalan; **2** *ki* salah (kaliru); nyimpang tina bebeneran (ng agama jsb): **ajaran** -- ajaran anu nyimpang tina bebeneran; -- **air** salah didik (hésé dipapatahan, diwarah); -- **akal** gélo; teu jejeg; -- **berat** salah jalan sama sakali; -- **lalu** nyorong jalan anu salah; -- **langkah** ngalakukeun perbuatan anu teu pantes -- **pikiran** *ki* salah pamadegan; -- *pusat* bingung; kéder;
**bersesat** *vi* dina kaayaan salah jalan;
**tersesat** *vi* salah jalan; kasasar jalan; kesandung; **2** *ki* kasasar lampah: *pendaki gunung itu* == nu naék ka gunung téh kasasar jalan; *seperti sebuah biji -- dl rumput, pb* **1** jalma hina henteu kaciri ku batur; tara kasebut-sebut; **2** barang at hal anu leutik;
**kesesatan** *n* **1** kabingungan; **2** *ki* salah jalan at pikiran; kakaliruan

**se.su.ai** *a* **1** pas; sedeng; cukup (ng ukuran): *dicoba dulu baju barunya -- atau tidak* diajaran heula baju anyarna cukup at henteu; **2** cocog; pas (ng pasangan) : *cari anak kunci yg -- dng lubang kunci lemari* teangan konci anu cocog jeung liang konci lomari; **3** pantes; saimbang; *pasangan suami istri -- sekali* pasangan salaki pamajikan téh saimbang pisan; **4** satarap; sababad; saluyu; *ia akan diberi pekerjaan yg -- dng ke pandaiannya* manehna rék dibéré pagawéan anu saluyu jeung kapinteranana; **5** salaras; sawirahma; ninggang wirahma: *gerakan penari itu -- sekali dng gamelan* gerak-gerik panari téh sawirahma pisan jeung gamelan; **6** satuju; samupakat:

*semua pegawai -- dng keputusan rapat* kabéh pagawé satuju jeung kaputusan rapat; **7** sarua; sapamadegan : *rencananya -- dng rencana saya* rarancang manéhna sarua jeung rarancang kuring; **8** sarua; sajalan; *putusan hakim itu -- dng tuntutan jaksa* putusan hakim téh sajalan jeung paménta jaksa; **9** gumantung kana : *hadiahnya -- dng besar kecilnya jasa* hadiahna gumantung kana gédé leutikna jasa;
**kesesuaian** *n* kasaluyuan; kacocogan : *harus ada == antara suami istri* kudu aya kasaluyuan antara salaki pamajikan

**se.tan** /sétan/ *n* **1** mahluik jahat anu sok ngagoda ka manusa supaya milu jahat; **2** *ki* jalma anu goréng ahlakna; sok ngalakukeun ma'siat: *perempuan-perempuan -- itu kerjanya menggoda laki-laki* awéwé anu goreng ahlakna téh gawéna sok ngagoda lalaki; **3** kekecapan keur nyarékan bakat ku keuheul : *-- kau pergi dari sini* ! sétan siah, indit di dieu!;
**mempersétan** *vt* teu maliré; teu nolih; mangsabodo: *banyak supir-supir bus at truk yg == aturan lalu lintas* loba supir-supir beus at treuk anu teu malire aturan lalu lintas;
**persétan** *vi* mangsabodo: teu paduli *-- kata-kata itu aku tak kan me nurut padanya* mangsa bodo kuring moal nurut kana omonganana

**se.tek** /seték/ *n* **1** neukteuk dahan at tangkal anu rék dipelak; **2** cara melak tangkal (ros, sampeu, jsb);
**menyeték** vt nyeték; motong at nilas dahan tuluy di pelak; melak dahan at tangkal meunang neukteuk

**se.tel** /setél/ *n* **1** salengkepna pakéan; **2** dua barang at leuwih anu gunana silih lengkepan msl alat-alat salengkepna; alat-alat anu sok disadiakeun dina méja makan aya piring, gelas, séndok, garpu, elap, jsb;
**menyetel** *vt* **1** masangkeun; ngahirupkeun (radio, televisi, jsb); nyetélkeun: *kalau == radio jangan terlalu keras* ari nyetélkeun radio ulah tarik teuing

**se.ti.a** *a* **1** taat: *walaupun tugas itu berat ia -- melakukannya* sanajan éta tugas téh beurat, manéhna taat ngalaksanakeunana; **2** teguh; kukuh; henteu bisa kagoda; pageuh pamadegan; teu nyeleweng: *ia tetap -- kepada suaminya walaupun galak* manéhna tetep pageuh haténa ka salaki sanajan salakina galak;
**kesetiaan** *n* kasatiaan; kajujuran: *== membuat kebahagiaan di*

*rumah tangga* kajujuran bisa nyiptakeun kabagjaan dina rumah tangga

**se.tir** *n* paranti ngajalankeun mungkal-mengkolna mobil; setir;
**penyetir** *n* anu nyekel setir; supir; anu ngajalankeun mobil, jsb

**se.top** /sétop/ *v cak* eureun; ngadadak eureun;
**menyetop** *vt* cak ngeureunkeun; nitah eureun: *polisi == bus yg melanggar rambu lalu lintas* pulisi ngeureunkeun beus anu ngalanggar tanda-tanda jalan

**se.tor** *v*, **menyetorkan** *vt* mayar; nyetorkeun; masrahkeun duit at barang: *supir angkot setiap hari -- uang kepada majikannya* supir angkot unggal poé nyetorkeun duit ka dunungananana;
**setoran** *n* naon-naon anu disetorkeun; setoran: *berapa banyak == dl satu minggu ?* sabaraha setoran dina saminggu?;Sabaraha setoran dina seminggu
**penyetor** *n* jalma anu nyetorkeun

**se.tu.ju** *a* satuju; akur; mupakat; rempag : *kalau orang tua tidak -- jangan diteruskan rencana itu* lamun kolot henteu satuju ulah dituluykeun éta raracang téh;
**persetujuan** *n* disatujuan: *permohonan pindah harus dng == atasan* usulan pindah kudu disatujuan ku dunungan

**se.wa** /séwa/ *n* **1** duit anu dibayarkeun lantaran maké barang at tempat nu séjén; **2** ongkos; béya; séwaan: *berapa -- rumah ini dl satu bulan?* sabaraha séwaan imah ieu sabulanna?;
**menyewa** *v* nyewa; mayar séwaan: *sementara ia masih == rumah* saheulaanan manéhna masih nyéwa imah;
**penyewa** *n* anu nyéwa; *saya ini hanya == rumah ini bukan yg punya* kuring mah ngan saukur nu nyéwa imah ieu lain nu bogana

**si.a, sia-sia** *a* **1** percumah; euweuh hartina; euweuh gunana; mubadir; kapiceun; euweuh mangpaatna: *pengetahuan itu akan -- belaka kalau tidak diamalkan* pangaweruh mah moal aya mangpaatna lamun henteu diamalkeun; **2** omong kosong; **3** gagal; henteu hasil : *usaha kita ini --* usaha urang téh gagal; **4** kalawan sambarangan; sakainget; heunteu dipikirkeun heula: *pekerjaan yg -- tidak akan menguntungkan* pagawean anu teu dipikir heula moal matak nguntungkeun;

**menyia-nyiakan** *vt* 1 ngabaékeun; ngantep; nyapélékeun : *jangan == nasehat orang tua* ulah ngabaékeun naséhat kolot; **2** miceunan waktu, duit at tanaga: *membuat bom nuklir hanyalah == uang belaka* nyieun bom nuklir téh miceunan duit euweuh mangpaatna

**si.a.ga** *a* siap sadia: *kita harus -- kalau-kalau ada apa-apa* urang kudu siap sadia bisi aya nanaon;

**kesiagaan** *n* kasiapsadiaan; kesayagaan: *kapten selalu mengontrol == anak buahnya* kapten salawasna ngontrol kasiapsadiaan anak buahna

**si.al** *a* teu mujur; sagala usahana henteu hasil; hésé rejeki; hésé jodo. jsb; sial : *kalau lagi == apapun yg dilakukannya tidak berhasil* ari keur teu mujur mah naon baé anu dipigawé henteu hasil;

**kesialan** *n* kateujujuran; kacilakaan; hal-hal anu teu matak nguntungkeun;

**sialan** *n* 1 jalma anu sial; **2** hal anu ngadatangkeun sial; **3** kekecapan keur ngambek at nyarekan; **4** dasar sial: == *aku menunggu dari tadi yg ditunggu malah pergi* dasar sial kuring ngadagoan ti tadi, anu didagoanana kalahka indit

[1]**si.ang** *n* 1 sabagian poe anu caang (kacaangan ku panonpoe ti mimiti bijil nepi ka surup); beurang : -- *kita bekerja malam kita istirahat* beurang urang digawe, peuting urang reureuh; **2** waktu ti mimiti jam 11.00 (wanci rumangsang) nepi ka jam 14.00: *besok sekolah masuk* -- isukan sakolah bagian beurang;

**kesiangan** *n* kabeurangan; elat teuing datangna; kapandeurian: *saya datang* == kuring datang kapandeurian

[2]**si.ang** *a* caang; jelas (dina harti beresih); henteu poék; henteu bala;

**bersiang** *vi* nyabutan jukut di sawah at di kebon;. babad;

**menyiangi** *vt* ngaberesihan lauk saméméh diasakan

**si.ap** *a*, **bersiap** *vi* 1 geus sadia; kaayaan siap (baris) : *makanan sudah* -- kadaharan geus sadia;

**menyiapkan** *vt* 1 nyadiakeun; == *makanan untuk tamu* nyadiakeun dahareun keur sémah; **2** nganggeuskeun: == *baju untuk lebaran* nganggeuskeun baju keur lebaran; **3** ngatur: *mereka sedang == kursi-kursi itu* maranehna keur ngatur korsi-korsi;

**kesiapan** *n* kaayaan anu siap at sadia: *ia sudah mempunyai ==*

*menghadapi ujian* manéhna geus siap sadia nyanghareupan ujian; **persiapan** *n* 1 perlengkapan jeung persediaan keur migawé hiji hal at pagawéan; sasadiaan; tahap kahiji: *kelas* == kelas tahap mimiti; *kita harus membuat dulu == untuk ke lapangan* urang kudu nyieun heula perlengkapan keur ka lapangan

**si.a.pa** *adv* 1 kecap pananya keur jelema; saha: -- *yg membuka pintu?* saha anu muka panto?; **2** kecap nuduhkeun jelema (teu tangtu); sing saha: -- *yg menemukan dompet akan diberi hadiah* sing saha anu manggihan dompét rék dibéré hadiah

**[1]si.ar, menyiarkan** *vt* 1 ngiderkeun; nyebarkeun: *fungsi darah* == *zat makan ke seluruh tubuh* gunana getih keur nyebarkeun sari pati kadaharan ka sakuliah awak; **2** méré nyaho ka umum; ngumumkeun; nyiarkeun: == *warta berita* nyiarkeun béja; **3** ngirim (lagu, musik, pidato jsb) kana radio, jsb;

**tersiar** *v* geus diumumkeun ka mana-mana; geus nyebar ka mana-mana: == *kabar ada mayat terpotong tujuh* nyebar béja ka mana-mana aya mayit dipotong tujuh;

**penyiar** jalma anu mere nyaho; anu ngumumkeun; anu sok nyiarkeun dina radio;

**penyiaran** *n* pengumuman; wawaran; proklamasi

**[2]si.ar** *v*, bersiar-siar jalan-jalan; darma wisata: == *ke kebun binatang* jalan-jalan ka kebon binatang;

**pesiar** *n* jalma anu jalan-jalan; turis

**[3]si.ar** *n* cahya; komara: -- *Islam* komara Islam

**[1]si.a.sat** *n* **1** pariksa; pamariksaan anu taliti: *janganlah tuan kurang* -- juragan ulah kurang pariksa; **2** pertanyaan anu ngandung maksud naliti at nyilidik hiji masalah: *panjang benar -- nya* panjang pisan pertanyaanana; **3** panyawad; kritikan: *terima kasih atas -- tegur mengenai buku dng maksud untuk memperbaiki* nuhun kana kritikan ngeunaan éta buku kalawan maksud keur ngahadéan; **4** pulitik; cara-cara; taktik; tindakan; kabijaksanaan: *setiap partai mempunyai -- untuk melaksanakan cita-citanya* satiap partéy ngabogaan taktik pikeun ngalaksanakeun cita-citana

**[2]si.a.sat** *n* siksa; aniaya; hukuman;

**menyiasatkan** *vi* nyiksa; nganiaya; ngahukum: *jangan == orang yg tidak berdosa* ulah nyiksa jalma anu teu boga dosa

**si.buk** *a* **1** loba anu kudu dipigawé; ripuh; répot l*em* : *setiap hari Ibu selalu sibuk* unggal poá Ibu repot baé; **2** giat jeung rajin; *ia sedang .- - - menata rumah* manehna rajin ngatur parabot di imah;
**kesibukan** *n* hal anu sifatna sibuk; kaayaan sibuk, répot: == *bisa mengelihkan kesediahan* kaayaan anu sibuk bisa ngurangan kasedih

**si.dang** *n* **1** pajemuhan pikeun nyawalakeun hiji hal; rapat; **2** ujian lisan keur ngahontal gelar: *mahasiswa tingkat akhir harus menempuh ujian* -- mahasiswa tingkat akhir kudu nyorang ujian lisan keur ngahontal gelar sarjana; **2** sakabeh anggota déwan, jsb: -- **penguji** sakabéh anggota anu nguji; **3** déwan; majilis: -- **dosen** déwan dosén; -- **hakim** majelis hakim; **4** sakumna; hadirin; jamaah: -- **Jumaat** para jamaah dina jumaahan;
**bersidang** *vi* ngayakeun sidang at rapat: *semua dosen sedang ==* kabéh dosén keur rapat;
**menyidangkan** *vt* nyidangkeun; ngarapatkeun; nyawalakeun: *hakim sedang == perkara* hakim keur nyidangkeun perkara

[1]**si.dik** *v* periksa kalawan taliti; -- **jari** pamariksaan gurat-gurat dina ramo (cap jempol), lantara satiap manusa moal aya anu sarua

[2]**si.dik** *a* **1** jelas; yakin: *segala persoalan harus* -- sagala pasoalan kudu jelas; **2** jujur; bener-bener: *sukar mencari orang yang betul-betul* -- hésé néangan jelema anu bener-bener jujur

[3]**si.dik** *n* pangeurad tina hoé keur néwak sasatoan di leuweung); **2** juru anu méncos at seukeut

**si.fat** *n* **1** rupa jeung kaayaan anu kaciri tina hiji barang; tanda lahiriah: -- *air bisa berubah-ubah sesuai dengan tempatnya* kaayaan cai bisa barobah saluyu jeung kaayaan tempatna; **2** kaayaan nurutkeun kodratna anu aya dina barang, jelema, jsb; sifat: *salah satu -- manusia suka lupa* salah sahiji sifat manusa mah sok poho; **3** ciri mandiri anu aya dina hiji barang, manusa, jsb: -- *puisi berbeda dng prosa* ciri mandiri puisi béda jeung prosa (basa lancaran);
**bersifat** *vt* ngabogaan sifat: *semua benda di dunia ini == sementara* sakabéh barang di dunya ieu ngan saukur samentara (henteu langgeng)

**si.gap** *a* sigep; kagét; sumanget; saregep; *kalau guru sedang menerangkan harus -- mendengarkan* lamun guru keur nerangkeun kudu saregep ngabandungan;
**kesigapan** *n* kasumangétan; pagawéan anu dibarengan ku sumangat anu gedé; kaayaan anu saregep

**si.hir** *n* **1** kakuatan ajaib biasana sok maké mantra-mantra jeung kakuatan gaib: *ia membisu seperti kena --* manehna ngajubleg seperti keuna ku sihir, **2** élmu pangaweruh ngeunaan cara makéna kakuatan gaib; élmu gaib; teluh jsb;
**menyihir** *vt* nyihir; ngagunakeun élmu sihir: *tukang teluh itu == orang yg dibencinya* tukang teluh téh nyihir jalma anu dipikangéwa ku manéhna;
**tersihir** *vi* keuna ku sihir; ku parabun: *ketika pencuri masuk saya sekeluarga serasa ==* waktu bangsat asup téh kuring sakulawarga saperti disihir baé

**si.jil** *n* **1** gulungan surat; **2** surat tanda lulus; surat tanda tamat sekola; sartifikat, ijazah, jsb

**si.kak** *n* ngaran saguluntung beusi anu juruna siga baling-baling sok dipaké sanjata/paneunggeul (musuh)

**si.kap** *n* **1** tokroh at bangun awak:*--nya tegap* bangun awakna sigep; **2** cara nangtung (ajeg, teratur, at dipersiapkeun keur bertindak); kuda-kuda (dina penca jsb): *ketika dilantik ia berdiri dgn -- tegak* dina keur dilantik manehna nangtung kalawan sikep ajeg; **3** perbuatan jsb nu didasarkeun kana pamadegan (pemendak at kayakinan): *rakyat tidak setuju dgn -- para pemimpin yg tidak adil* rayat teu satuju akan perbuatan para pamingpin anu teu adil;
**--hidup** pandangan hirup;
**bersikap** *vi* **1** nantung ajeg (siap) : *mereka == di hadapan komandannya* maranehna nangtung ajeg di hareupeun komandanna; **2** nyokot sikep (pamadegan): *tidak boleh == masa bodoh thd kenakalan remaja* teu meunang nyokot sikep masa bodo

**si.ku** *n* **1** bag. leungeun palebah sambungan tulang ( sendi) handapan peupeuteuyan; **2** gagang (bedil); pohpor; **3** juru 90°; **4** **(siku-siku)** pasékon, parabot tukang kai paranti netepkeun juru 90°; **5** péngkolan

jalan anu mangrupa juru; *diraih--ngilu, direngkuh lutut sakit, pb* sarwa salah dina hiji pagawéan anu kacida sulitna, dipigawé bahaya henteu dipigawé ogé bahaya;--- **keluang** gurat anu potong-potong mangrupa juru-juru;

**siku-siku** **1** pohpor gagang bedil; **2** juru sikur (90°);**3** kaso-kaso (rusuk) anu melengkung dina beuteung parahu; kai pikeun ngawewegan raraga imah jsb; *makan* ==, *ki* hadé sipatna; *tidak* == henteu matut; henteu layak; henteu jujur;

**menyiku** masékon, ngawangun juru 90°;

**menyikukan** nyiku, ngabadug ku siku; nyigeung

**si.ku.di.di** *n* manuk rawa:

**bersikudidi** luluncatan kawas manuk rawa

**si. ku. dom.lia** *n* lauk laut anu gedé

**si.kut** *n* siku: *tukang* -- jalma anu resep sisiku (ngarampas milik at kalungguhan anu séjén)

**sikut-sikutan (main sikut-sikutan)** **1** babadug ku siku (dina maén bal, penca jst); **2** *ki* maén curang (henteu jujur); **3** *ki* ngarebut milik (tempat, kalungguhan jsb) batur;

**menyikut** **1** ngabadug ku siku; **2** *cak* ngarebut milik (kalungguhan) batur

**sil** *n* surat katerangan neundeun barang di hiji gudang anu diséwakeun pikeun umum: *kalau Bapak kurang percaya, inilah -- besi beton kami di gudang IX* bisi Bapa kurang percaya, ieu sil (katerangan) beusi beton kuring di gudang IX

[1]**si.la** *v* **silakan (silakanlah, silalah)** manawi kersa (kecap paréntah anu lemes): == *duduk* mangga calik;

**menyilakan, mempersilakan** ménta (ngajak, ngondang, ngahaturanan) kalawan hormat supaya: *tuan rumah == tamu-tamu masuk* pribumi ngahaturanan tamu-tamu lalebet; **tersila** masrahkeun

[2]**si.la** *vv* diuk sila: *mengorak* -- cengkat tina diukna;

**bersila** diuk kalawan suku ditikelkeun duanana handapeun pingping anu didéngkakkeun: ***duduk*** == diuk sila; == ***angkat*** diuk sila tumpang; == ***panggung*** diuk sila tutug

[3]**si.la** *n* aturan anu ngadadasaran tingkah laku jalma at bangsa; kalakuan at paripolah nurutkeun adab (kasopanan); adab; ahlak; budi; moral;

**si.la. bus** *n* tingkesan hiji pangajaran

**si.la.la.tu** *n* ruhak barang nu harampang tina durukan at ti nu kahuruan nu ngarapung kabawa ku hawa panas (mun geus pareum rupana bodas); **2** *hor* huis (lemesna tina huis)

**si.lam** *a* **l** poék; hieum: *hari sudah* -- wanci sareupna (harieum beungeut, poék); **2** tilem; surup (ngeunaan panonpoé): *pd – matahari* dina wanci surup panonpé; **3** leungit; musna: *ia terus saja mengenang kejayaan dan kebesaran nenek moyangnya yg telah* -- manéhna terus baé mikatineung kajayaan jeung kaagungan nini moyangna nu geus musna (teu aya di kieuna); tersilam kapeutingan

**si.lam.pu.kau** *n* manuk bincarung

[1]**si.lang** *n* **l** tanda anu mangrupa hiji garis dipotong ku garis nu séjén; **2** kai palang; salib; -- **empat** jalan simpang opat (parapatan);-- **pendapat** *ki* tukeur pamanggih;-- **selimpat** *ki* kusut henteu karuhan; nyeri pisan; -- **selisih** (-- **sengketa** ) papaséaan; pacékcokan; --- **siur** pabaliut;
**bersilang l** silih potong (malang) antara dua garis jst: *tangannya* == *di dada* leungeunna malang (sidakep) dina dada; *membuat tanda dua garis* == nyieun tanda cakra (dua garis malang); **2** pasalingsingan jalan; papaliwat: == *jalan* papaliwat (paliwat);
**menyilang** aya dina kaayaan malang; malang;
**menyilangkan** neundeun (pemeungkeut) dina kaayaan malang: == *kaki* numpangkeun suku (jadi malang);
**tersilang** dipalangkeun
**persilangan** sisimpangan jalan jsb

[2]**si.lang** *v* kawin campur (héwan); ngabibitkeun campuran (tutuwuhan ); -- **dalam** kawinan antara pribadi-pribadi anu masih kénéh deukeut tatali kakulawargaanana anu bisa ngaronjatkeun jinis pepelakan at héwan;
**menyilangkan l** ngayakeun kawinan campuran (héwan); **2** ngabibitkeun campuran (tutuwuhan, pepelakan)
**penyilangan** prosés at carana ngawinkeun at ngabibitkeun campuran (héwan, pepelakan)

[3]**si.lang** *adv* selang
**menyilangi** nyelang; motong; megat: *tidak baik == orang bicara* henteu hadé megat kalimah (motong omongan )nu ngomong

[1]**si.lap** *a* **1** salah téténjoan jeung rarasaanana teu sajalan jeung kaayaan sabenerna; **2** sulap;
-- *mata pecah kepala, pb* lamun kurang pangjaga (ati-ati) dina pagawéan anu bahaya, ahirna jadi binasa;
-- **hati** teu ingat nanaon deui (ku sabab amarah, élén maén jste);
-- **mata 1** salah téténjoan; **2** silo; **3** teu eling; **4** kurang ati-ati;
**menyilap 1** ngalantarankeun salah téténjoan; **2** *ki* nipu

[2]**si.lap** *a* kaliru; salah (teu dihaja)

**si.lat** *n* olah raga anu didasarkan kana kaparinggelan narajang jeung ngabela diri boh maké pakarang boh tanpa pakarang; penca silat;
**bersilat** maén silat; menca; gelut kalawan ngagunakeun kaparigelan penca silat (narajang jeung ngabéla diri);
== **kata (lidah)** akal-akalan; tipu daya; muter balikkeun omongan;
**menyilat** nakis panarajang at paneunggeul;
**persilatan** hal-hal ngeunaan penca silat: *dunia == sudah berkembang* dunya pasilatan enggeus mekar;
== **kata (lidah)** hal ngadu kaparigelan ngomong; papaduan; silih bantah (ku omongan)

**si.la.tu.ra.him**—> silaturahim

**si.la.tu.rah.mi** *n* mimitran (duduluran): *malam* --malem mimitran; *tali* -- tatali silaturahmi (duduluran)

[1]**si.lau** *a* **1** serab; silo, teu bisa nénjo tétéla ku sabab caang teuing: -- *mata bila memandang matahari* serab (panon) lamun nenjo panonpoé; **2** *ki* ngarasa ta'juh (kataji-katarik); nepi ka teu bisa nénjo anu sabenerna: *dia -- oleh kekayaannya hingga mau saja dikawini* manéhna silo ku kakayaana nepi ka daék baék dikawin;
**menyilaukan** ngajadikeun (ngalantarankeun) silo
**tersilau** jadi silo
**kesilauan 1** anu boga sipat silo; **2** jadi silo ku

[2]**si.lau** *v* **menyilau** ngajugjugan (anu jauh at jero pisan): *dan juru batu*

*pun -- ke laut, tampaklah ular-ular di tiang bendera* jeung juru batu oge ngajugjugan ka laut, bréh baé katenjo loba oray dina tihang bandéra

**si.le.ngah** /siléngah/ *a* **bersilengah** miboga sipat mangsa bodo; henteu paduli naon-naon; boga sipat kajeunan

**si.let** /silét/ *n* péso cukur ipis tina waja, dua seuseukeutna, teu aya gagangna: *pisau --* peso silet

**si.lih** *adv* **1** pabales-bales; **2** ganti; tukeur
-- **asah** silih bantu ku pangarti. malar akal pikiran jadi seukeut;
-- **asuh** silih aping, silih jeujeuhkeun;
-- **asih** silih pikanyaah, silih pikadeudeuh;

-- **berganti** bagiliran; bagantian; patekeur-tukeur,

-- **mata** barang anu dipaké pamér ngarah katangar, seperti méré up mas kawin loba, tapi ahirna dipulangkeun deui; -- **semilih** bagantian; marélé bagantian (piligenti, siligenti);

**bersilih 1** diganti == *baju* diganti baju: **2** salin rupa; salin jinis; ganti rupa: *dukun itu mampu == rupa jadi harimau* dukun téh bisa salin jinis jadi maung; **3** bagantian; bagiliran; piligenti: *berang dan sedih datang == ganti mengacau perasaan* ambek jeung sedih datang piligenti ngajadikeun pagalona rasa;

== **lapik** *ki* kawin jeung dulur at baraya ti pamajikanana anu geus maot;

**menyilih 1** ngaganti; nukeur (-keun): == *baju* ngaganti baju; **2** mere ganti (parurugi jsb); **3** ganti kulit; megar (oray, kadal jsté): *ular ==* oray megar; **4** robah jadi at ganti sipat: *tidak ku sangka hatimu bisa == jadi sekejam itu* kuring teu nyangka haté manéh bisa robah jadi kejem kitu; **silihan** anu dipaké pikeun ngaganti: == *peran* anu dipaké ngaganti pamain (film, sandiwara jsb);

== **perang** pampasan (ganti parurugi) perang

**si.lik** *v*, **menyilik** ngintip: *banyak pula yg == dr celah-celah dinding rumahnya* réa ogé anu ngintip tina sela-sela bilik imahna

**si.li.ka** *n* bagian panggedéna tina keusik jeung batu keusik; Se02

**si.li.kon** *n* unsur nu salawasna dina ikétan jeung oksigén mangrupa silikat; Si02

**si.lin.der** *n* 1 ruasan (spt ruas awi); **2** barang anu bangunna buleud taropong (dina mesin, roda arloji jsb)

**si.lin.dris** *a* miboga bangun (sipat) saperti silinder

[1]**si.lir** *a* tiis ( seger) ku sabab aya angin lirih
**bersilir-silir (silir-sumilir)** niup lalaunan at lirih (angin); **siliran** tiupan angin lalaunan: angin == angin lirik

[2]**si.lir** *n* -- **bawang** kulit ipis

**si.lo** *n* tempat neundeun hasil tatanén (sisikian) pikeun binih dina jumlah gedé (rea) dijieunna tina papan kai at logam (spt beusi pelat, séng jsb) kalawan bangunan jeung konstruksina husus

**si.lo.fon** *n* pakakas musik diatonis pikeun karya simponi anu gedé, jumlahna dua

**si.lo.gis.me** *n* wangunan, cara mikir at nyieun kacindekan anu diwangun ku premis umum, premis husus, jeung kacindekan (up sakabéh) manusa bakal paéh, si A manusa, jadi si A bakal paéh)

**si.lok** *v* tacan beunta at tacan awas bener (mata spt kakara hudang saré)

**si.lo.logi** *n* élmu ngeunaan struktur jeung fungsi sél, utamana hal protoplasma jeung inti sél

**si.lop.tik** *n* karpét anu dijieunna tina tapas optik nepi ka bisa cahayaan

**sil.si.lah** *n* 1 asal-usul kulawarga; galur turunan: *menurut -- nya, ia berasal dr keluarga baik-baik* nurutkeun galur turunanana, manéhna asal at turunan ti kulawarga hade; **2** catétan anu ngangambarkeun tatali kulawarga sato (ingon-ingon) nepi kasabaraha generasi

**si.lu** *a* **1**sedih; ngahelas: -- *hatiku mendengar berita yg sangat mengharukan itu* ngahelas haté kuring ngadéngé beja anu kacida pikasediheunana; **2** linu: *suara gergaji yg dikikir itu sangat -- telinga* ngadéngé sora ragaji nu dikikir téh kacida linuna

**si.lu.et /siluét/** *n* gambar bangun at rupa sagemblengna anu ngageblég hideung

**si.luk** *n* ngaran tangkal, *Gironiera nervosa*

**si.lu.man** **1** bangsa lelembut anu sok ngajanggélék saperti manusa at sato; **2** nyamuni, henteu katénjo: *pasukan* -- pasukan anu henteu nembrak at susulumputan

**si.lung.kang** *n* ngaran kaén tinun anu asalna ti Silungkang (Sumatra Barat)

**si.mak** *v* **menyimak** ngaregepkeun (merhatikeun) anu diomongkeun at dibaca batur: == *orang membaca Quran* ngaregepkeun anu maca Quran (== **kembali**) ngimeutan deui: == *kembali laporan gubernur itu* ngimeutan at niténan deui éta laporan gupernur

**si.ma.ung** *n* tangkal picung . buahna jeung sikina ngandung racun (matak mabok), *Pangium edwle*

[1]**sim.bah** *a* **bersimbah** baseuh (kacenor at kaseblok cai jst): == *peluh* luut-léét késang == *darah* abor-aboran getih;
**menyimbah** **1** ngabaseuhan; ngabayabah; ngalukrah: *darahnya* == *lantai* getihna ngabayabah dina lanté; **2** nyeblok; ngabanjur: == *perahu kawan yg berselisih dgn air laut* nyeblokkeun cai laut kana parahu batur anu papaliwat; **3** kaluar ngagaréndang (késang): *peluh* == *di* dahinya késang ngagaréndang dina tarangna

[2]**sim.bah** *v*, **bersimbah** digulungkeun (leungeuna baju); ditarik ka luhur supaya pungsat (kaén, samping disingsatkeun: *berlari sambil* == *kain* lumpat bari samping disingsatkeun;
**menyimbah(kan)** ngagilingkeun at ngagulungkeun (leungeun baju); narik ke luhur at nilep-nilep sangkan pungsat (kaén, samping); nyingsatkeun

**sim.bai** *a* hadé (sopan) tingkah lakuna; tartib

[1]**sim.bang** *n* kaulinan ngalung-ngalungkeun batu at manik-manik ka luhur tuluy disanggap deui;
**bersimbang** maén alung-alungan (batu, manik-manik) ka luhur tuluy disanggap deui: *ramai suara anak-anak ditengah* == *manik* ramé sora barudak keur alung-alungan manik-manik.

[2]**sim.bang** *n* manuk laut, sabangsa *Laridae*

[1]**sim.bar** *n* ngaran tutuwuhan anu akarna ngarancabang napel kana kai, batu jsb, *Drynaria sparsisora*;

-- **badak** sabangsa tangkal Ieutik. *Tabernaemonana macrocarpa*

²**sim.bar (-- dada)** bulu nu jadi dina dada

**sim.bat** *n* sentég (spt senteg beurit jsb)

**sim.bi.o.sis** *n* 1 kaayaan anu nguntungkeun pikeun dua rupa zat mun seung nu dua rupa zat téa bisa babarengan dina hiji lingkungan anu sarupa; 2 kayaan hirup babarengan anu dalit (ngahiji) antara dua organisme anu béda;
-- **mutualis** kaayaan hirup babarengan anu dalit antara sababaraha organisme anu béda

**sim.bi.o.tik** *a* saling (silih nguntungkeun antara dua pihak

**sim.bi.o.u** mahluk anu hirupna simbiosis

**sim.bol** *n* lambang

**sim.bo.lik** *a* jadi lambang; minangka lambang; perlambang; *lukisan* -- gambar perlambang

**sim.bol.ism** *n* hal makéna perlambang pikeun ngedalkeun gagasan (upamana sastra, seni)

**sim.bu.kan (kesimbukan)** *n* kahitutan, tutuwuhan ngarambat anu dauna bau, sok dipaké ubar beuteung bunghak, *Tylophora asthamatica*

**sim.bur** *v, **bersimbur*** 1 nyimbeuh; 2 mancur, mancer (cai jsb): *darah == dari lukanya* getih mancer tina raheutna; 3 *ki* kasaput (ku poék): *hari pun == gelap* poé (beurang) ogé kasaput ku poék (peuting);
**bersimbur-simburan** silih simbeuh : *mandi sambil == air di sungai* mandi bari silih simbeuh (ku cai) di walungan;
**menyimbur** nyimbeuh (ku cai)
**menyimburi** nyimbeuhan
**menyimburkan** nyimbeuhkeun
**tersimbur** ujug-ujug mancer at nyereleng ka luhur: -- *darah di dada* ngageter (jajantung), degdegan (lantaran ambek)

**si.me.tri** *n* cara nyusunna lahan sangkan saimbang dina bagian luhur, handap., kenca jeung katuhu

**si.me.tris** /simétris/ *a* 1 sarua dua beulahanana at bagianana; 2 kasaimbangan tempat unsur citak 100% kana as (poros) tengah

[1]**sim.pai** *n* simpay, sarupa bengker at pameungkeut tina hoe at logam
**bersimpai** maké simpay: aya simpayna: == *rotan* maké simpay hoé;
**menyimpai** masang simpay, nyimpay: == *sapu lidi* nyimpay sapu nyéré == **mulut** ngaborongsong sungut; ngonci sungut;
**tersimpai 1** disimpay; geus dipasang simpay; **2** *ki* kabeungkeut, kabengker, katalian

[2]**sim.pai** *n* monyét, anu warna buluna semu koneng, *semnopithecus* melalophos

[1]**sim.pan** *v*, **menyimpan 1** neundeun di tempat nu aman sangkan ulah ruksak, leungit jsb: == *surat di lemari* neundeun surat dina lomari; **2** nyimpen (duit), nabung: == *uang di bank*; nyimpen duit (nabung) di bank **3** nyekel (rusiah); nyumputkeun: == *rahasia baik-baik* nyekel rusiah hadé-hadé; **4** miboga (élmu, kasaktian, jsb): *rupanya ia juga* == *kesaktian* rupana manéhna ogé boga kasaktian; **5** ngandung; aya naon-naon di jerona: *gelang akar bahar itu* == *berbagai-bagai khasiat* geulang akar bahar téh ngandung rupa-rupa kasiat

[2]**sim.pan** *a* **1** ringkes: *risalah yg* -- risalah anu ringkes; **2** dibungkusan at diwadahan (barang dagangan jsb); dibérésan
**tersimpan** bébérés (mérésan barang dagangan, pakéan jsb) nu rék di bawa nyaba: *jika demikan* == *Adinda tiga hari lagi* upami kitu mah prak tatahar at beberes Rayi, tilu dinten deui

**sim.pang** *n* **1** hiji hal nu misah at méngkol tina bagian anu lempeng; **2** tempat méngkol at ngarancabang (jalan): -- *jalan* simpangan jalan; -- *tiga (empat dsb)* simpang tilu (opat jsb); — **belahan** cabang turunan at golongan (kaom anu pindah kanagri séjén at anu jauh tempatna); — **siur 1** pabaliut, pagaliwota, balawiri (laleumpang padeukeut) bari teu puguh jajaranana;**2** pabeulit (pita js); **3** pakuranteng (spt kawat telepon di kota-kota gedé); **4** réa unak-anikna at seluk-belukna; — **susun** simpangan (jalan) nu nyusur; — **tiga (empat dsb)** simpangan (jalan) tilu, opat, jsb;
**bersimpang** nyimpang at ti anu Lempeng: *jalan* == *dua jalan* simpangan dua;
== **jalan 1** beda tujuan; **2** *ki* béda pamadegan at pamanggih;
== **kata** (== **sebut**) pasalia at béda pamanggih (béda paham);
== **siur 1** patelak, pacékcokan; **2** pabaliut, balawiri (mobil, parahu jste); **3** *ki* henteu puguh (béja jsb)

**bersimpangan 1** pasalingsingan jalan; **2** papanggih, tapi pada-pada nyimpang;

**menyimpang 1** nyimpang, nyorang jalan simpangan; **2** méngkol supaya ulah nabrak at katabrak; nyingkir: *jika ia tidak == kekanan, tentulah tabrakan tidak dapat dihindarkan* mun seug manéhna henteu méngkol ka katuhu, tangtu tabrakan teu bisa disingkahan, **3** *ki* henteu nurut ka nu geus ditangtukeun; henteu cocog jeung rarancang jsté: *usahakan jangan sampai == dr rencana* usahakeun ulah nepi ka nyimpang tina rarancang; **4** nyalahan, ingkar, béda (kabiasaan jsb): *tindakannya == dr adat negeri itu* tindakanana nyimpang tina adat di nagri éta; **5** nyaliwang, nyéléwéng (tina hukum, bebeneran, agama, jsb): *ajarannya == jauh dr agama* ajaranana nyimpang jauh tina agama

**sim.pa.ti** *n* rasa asih; rasa panuju; rasa resep: *banyak negara yg manaruh- -- kpd perjuangan bangsa itu* réa nagara anu neundeun rasa asih (panuju) kana perjuangan éta bangsa; **2** miluna ngarasakeun (senang, susah jsb anu lian; pangrojong: *rakyat yg menderita akibat bencana alam itu mendapat -- dr berbagai kalangan* rahayat anu katalangsara akibat musibah alam téh meunang pangrojong (bantuan) ti rupa-rupa kalangan;

**bersimpati 1** neundeun rasa asih (ka); mikaresep; mikaasih: *dl pemilihan umum itu, banyak juga rakyat yg == kpd golongannya* dina pilihan umum téh, réa ogé rahayat anu neundeun rasa asih kagolonganana; **2** milu ngarasakeun kabungah anu lian; ngarasa reueus: *banyak orang yang == atas kemenangannya* loba jalma anu milu ngrasa bungah (reueus) tina kaunggulanana

**sim.pa.tik** *a* kacida narik haté (nimbulkeun rasa simpati): *rupanya sangat --* rupana pikaresepunana

**kesimpatikan** hal pikaresepeunana

**sim.pa.ti.san** *n* jalma anu mikaresep ka partéy pulitik jsb

**sim.po.si.um** *n* **1** pasamoan anu diayakeun pikeun ngabahas hiji poko masalah; **2** kumpulan konsép anu diasongkeun ku sawatara urang kalawan paménta hiji panitia

**sim.pul** *n* cangreud dina tali at benang;

-- **anyam** cangreud anu digunakeun pikeun tali gede jeung tali

leutik; -- **hidup** cangreud mulang, cangreud nu gampang diudarna; -- **ingatan** 1 cangreud dina juru saputangan at salampe pikeun ngabantu ingétan; 2 naon-naon anu diinget; -- **mati** cangreud anu hese diudarna; -- **pulih** cangreud mulang;

-- **saraf** kumpulan sel saraf di luar sistem saraf puseur;

**menyimpulkan** *vt* 1 nyangreudkeun; 2 ngaringkaskeun, netepkeun pamanggih dumasar kana pedaran nu aya dina karangan, pidato, jsb

**simpulan** *n* naon-naon anu dicangreudkeun

**kesimpulan** *n* 1 ringkesan (tina pedaran, pidato jsb); 2 kacindekan at kaputusan hasil tina padika mikir induktif at deduktif: *ia sudah dapat menarik == dgn baik* manehna geus bisa nyieun kacindekan kalawan hade

**si.mu.la.si** *n* 1 padika palatihan, anu ngaragakeun sarupa titiruan anu meh sarua jeung kaayaan anu sabenerna; 2 gambaran hiji sistem at proses kalawan paragaan make model statistik at palakonan

**si.mul.tan** *a* 1 kajadianana serentak dina waktu anu sarua babarengan; 2 sacara serentak dilakukeun (pertandingan catur): *pertandingan catur* -- pertandingan catur, anu biasana saurang pamain catur ngalawan sababaraha urang biasana catur dibarengkeun

**si.nam.bung bersinambung** *v* nyambung kontinu

**kesinambungan** *n* anu miboga sipat nyambung; kasinambungan; kontinuitas

**si.nar** *n* cahaya: -- *lampu* cahaya lampu; -- *matahari* cahaya panonpoé; -- *bulan* cahaya bulan;

**bersinar** *a* mancerkeun sinar; cahayaan: *ruangan itu terang oleh lampu yg ==* éta rohangan téh caang ku lampu anu cahayaan; *mata-nya ==* panonna cahayaan;

**menyinarkan** *vt* mancerkeun cahaya kana; nyinaran

**sin.di.kat** *n* 1 beungkeutan sababaraha perusahaan dina hiji widang usaha; 2 kumpulan sababaraha urang nu boga modal pikeun ngadegkeun hiji perusahaan gedé; 3 organisasi anu nyadiakeun bahan-bahan informasi (gambar, artikel, jsb) pikeun pamedal (penerbit) surat kabar jst, sebarkeuneun dina waktu jeung bahan anu sarua; 4 kumpulan lembaga keuangan anu ngajamin di jualna sakabéh sekuritas emisi anyar jeung ngabagikeun sabagian gedé sekuritas heubeul

**sin.dir, menyindir** *vi* ngiritik at nyawad at nyela kalawan henteu langsung (togmol); *pukul anak == menantu, pb* nyarekan at ngomonganan hiji jalma, tapi éta panyarekan at ngomongan téh ditujukeunana ka anu lian;
**sindiran** omongan (gambar jsb) anu maksudna ngiritik at nyawad; panyindir; pamoyok: *gambar ==* gambar pamoyok

**sin.drom** *n* kumpulan gejala at tanda-tanda hiji panyakit

**si.ne.ma** /sinéma/ *n* **1** gedong tempat pintonan film; bioskop; **2** film; gambar hirup

**si.ne.mas.kop** /sinémaskop/ *n* pakakas (lénsa) anu husus digunakeun pikeun gambar hirup sangkan gambar katingalina leuwih gedé

**sing.gah** *v* eureun sakeudeung di hiji tempat dina jero lalampahan; sindang: *kami tidak terus ke Bedahulu, melainkan -- dahulu di Kintamani* kuring saréréa henteu terus ka Bedahulu, tapi nyimpang at sindang heula di Kintamani;
**persinggahan** *n***1** tempat eureun (reureuh) sakeudeung dina jero lalampahan; **2** tempat balabuh (pikeun kapal jsb)

**sing.ga.sa.na** *n* korsi karajaan tempat calik raja; tahta

**sing.gung, bersinggung** *v* paantel; nyénggol
**menyinggung** *vt* **1** nyigeung; nyodok ku siku: *petinju itu == perut lawannya hingga jatuh* petinju téh nyigeung beuteung lawanna nepi ka labuh; **2** nyénggol; nyigeung: *beliaulah yg -- gelas itu hingga pecah* anjeunna anu nyenggol gelas téh nepi ka peupeus; **3** ngeunaan (saeutik); nyaritakeun (saeutik); nyabit-nyabit: *bab pendahuluan telah == soal itu* bab manggala-wacana geus nyabit-nyabit soal éta; **4** ngalanggar (kahormatan, kakawasaan, jst): *tulisannya dianggap == kehormatan Bapak Gubernur* karanganana dianggap ngalanggar kahormatan Bapa Gubernur

**sing.kap** *v* buka;
*-- daun ambil isi, pb* nyarita terus terang;
**tersingkap** *v* **1** kabuka; kabokér; **2** meleték (panonpoé): *sudah -- hari siang* geus beurang (geus meleték panonpoé); **3** *ki* kabongkar rasiah jst: *== rahasianya* kabongkar at kabokér rasiahna

**sing.kat** *a* **1** sakeudeung; singget (waktu, umur jst): *dl waktu -- kita mampu menyelesaikannya* dina anu waktu singget urang mampuh ngaréngsékeunana; **2** ringkes; pondok (carita, pidato at biantara, jsb): -- *nya* ringkesna;

**sing.kir, menyingkir** *v* **1** nyingkir, nyingkah, pindah tempat lantaran aya pibahlaeun jst : *kalau tidak lekas-lekas == pasti terserempet mobil itu* mun teu gancang nyingkir pasti kaserempet éta mobil; 2 ngajauhan ti (kalakuan jahat jsb); ninggalkeun: *kalau mau selamat, engkau harus == dr jalan hidup yg sesat itu* lamun hayang salamet, manéh kudu ninggalkeun jalan kahirupan anu sasab; **3** nyalametkeun diri ti (peperangan jsb); ngungsi: *beratus-ratus rakyat == ke luar kota* mangratus-ratus rahayat ngungsi ka luar kota;

**menyingkirkan** *vt* **1** ngajauhkeun (ti) nyingkahkeun: == *balok-balok kayu yg melintang di jalan* nyingkahkeun balok-balok kai anu malang di jalan **2** nyingkirkeun; henteu mikirkeun saheulaanan (nunda pamikiran): *pada saat ujian sekolah, ia mampu == semua problem yg melemahkan semangatnya* dina waktu ujian sakola, manéhna mampu nyingkirkeun sakabéh pasoalan anu baris ngurangan sumangetna; **3** ngungsikeun; mawa ka tempat anu aman: *pemuda-pemuda berusaha == anak-anak dan perempuan ke tempat yg aman* para pemuda ihtiar ngungsikeun barudak jeung awéwé katempat anu aman; **4** *ki* mérésan (jiwa jelema); maténi maéhan: *telah berhasil == musuh-musuhnya* geus hasi mérésan at maéhan musuh-musuhna

**sing.kong** *n* sampeu

-- **aci** sampeu aci; -- **kembang** sampeu anu buahna leutik jeung warna tangkalna konéng, gagang daunna beureum ngora, daunna konéng cangra kalawan sisina héjo kolot, *Manihot utilissima*

**sing.let** **/singlét/** *n* pakéan jero lalaki teu leungeunan, dijieunna tina bahan kaos (kaos sangsang)

**sing.sing, menyingsing** *v* **1** ngagulung (leungeun baju jsb); **2** *ki* mimiti caang; bijil; medal (fajar, panonpoé): *ketika fajar == persiapan-persiapan penguburan dimulai* waktu fajar bijil tatahar ngubur dimimitian; 3 nyingkir, leungit (halimun): *kabutpun ==* halimun gé nyingkir;

**menyingsingkan** *vt* **1** ngagulung at ngagulungkeun (leungeun baju

jst); **2** *ki* di gawé soson-soson; narik ka luhur supaya pondok sarta muka (singkil): == *lengan baju* ngagulungkeun leungeun baju (singkil); digawe haget;

**si.ni** *pron* **1** tempat ieu: *kita akan diusir dr* -- urang baris diusir ti tempat ieu; *tunggu di -- tunggu* di dieu; **2** *cak* ka dieu; **3 cak** kuring: -- *sudah setuju, tinggal situ bagaimana* kuring geus satuju, tinggal manéh kumaha; *ke sini* ka dieu

**si.nis** *a* **1** ngandung sipat moyok at nyacampah: *dng -- kolonel itu minta maaf dan memperkenalkan diri kpd kopral A* kalawan nyacampah éta kolonél téh ngénta dihampura jeung ngenalkeun diri ka kopral A; *ia tersenyum -- melihat orang itu* manéhna mésem; moyok nénjo éta jelema; **2** henteu katénjo aya sipat hadéna jeung cangcaya kana ayana pibakaleun hadé: *dia sangat -- melihat perkembangan politik dewasa ini* manéhna kacida cangcayana kana kaayaan pihadéeun niténan kamekaran pulitik kawari

**sinisme** *n***1** anggapan at sikep nu nyacampah at nganggap handap; **2** kedaling sikep nu nyacampah; **3** pamanggih at gagasan anu henteu ningali ayana sipat anu hadé at cangcaya kana sipat hadé nu aya di manusa

**sin.kron** *a* **1** kajadian bareng dina waktu anu sarua; rampak babarengan; 2 sajalan; sajajar; saluyu: *program tsb tampaknya kurang -- dng kebijakan pemerintah pusat* program kasebut katénjona kurang saluyu jeung kawijaksanaan pamaréntah pusat; *pembangunan harus -- dng kebutuhan rakyat* pangwangunan kudu sajalan jeung pangabutuh rahayat

**sin.kro.ni.sa.si** *n* **1** hal ngatur supaya rampak babarengan: *dl melaksanakn tugasnya masing-masing semua unsur departemen wajib menerapkan prinsip integrasi, koordinasi, dan* == dina enggoning ngajalankeun papancén séwang-séwang téh sakabéh unsur departemén wajib ngalarapkeun prinsip integrasi, koordinasi, jeung sinkronisasi; **2** panyaluyuan antara sora jeung sikep (obahna) sungut at pasemon at mimik (dina film): == *bunyi (suara) dng sikap mulut harus diperhatikan* panyaluyuan sora jeung sikep sungut kudu di tengétan (diperhatikeun)

**si.nya.le.men** /sinyalemén/ *n* **1** wawaran supaya waspada at nengétan (merhatikeun): *Dinas Kesehatan kita telah memberikan — akan adanya wabah kolera di kota ini* Dinas kesehatan urang geus méré wawaran sangkan urang waspada ku ayana wabah koléra di ieu kota; **2** tanda-tanda, gejala-gejala: *terlihat adanya == bahwa mutu pendidikan anak-anak merosot sekali* katingali ayana tanda-tanda yén atikan barudak kacida merosotna

**si.nya.lir, mensinyalir** *vt* ngingétan supaya ati-ati at waspada (kana hiji hal): *pihak intelejen merasa perlu == adanya usaha mendiskreditkan Pemerintah* pihak intelején ngarasa perlu waspada kana ayana usaha ngaragragkeun wibawa Pamaréntah

**si.pir** *n* tukang jaga panjara at bui

**si.pit** *a* (panon) rada leutik, henteu bolotok; sipit *orang jepang pada umumnya bermata ==* urang jepang umumna panonna sipit

**si.pu, tersipu-sipu** *a* éra pisan: *senyum ==* imut (kalawan) éra

**si.put** *n* kéong, ténggék

**si.ram** *v* cébor;

**menyiram** *vt* **1** nyébor, ngaguyur (cai): *dia == rambutnya dng air kamper sehingga rambutnya kesat dan mudah diatur* manéh ngaguyur buukna ku cai kamper nepi ka buukna heuras jeung gampang diatur; **2** meresihan ku ngagujurkeun cai kana: *==WC dsb* meresihan kakus jst; **menyirami** nyéboran (pepelakan) **siraman** *n* **1** guyuran, hasil ngaguyur at nyébor: *kalau hujan turun, penumpang akan kena == air hujan hingga basah* lamun breg hujan, panumpang baris diguyur cihujan nepi ka jibreg; **2** upacara meresihan pusaka dina unggal bulan Muharam dina poe Jumaah Kaliwon; siraman: *pusaka-pusaka keraton dibersihkan dl upacara ==* barang pusaka karaton diberesihan dina upacara siraman; **3** upacara ngamandian pangantén; siraman: *sebelum upacara akad nikah dilaksanakan, dilakukan upacara ==* saméméh upacara akad nikah dilaksanakeun, diayakeun heula upacara siraman

**si.rap** *n* bébékan papan aripis tina kai beusi at kai ulin, anu di paké hateup imah

**si.rat** *n* mata jala (heurap, kecrik)
**menyirat** *vi* nyiean heurap, ngajeujeut (ngarajut) jala: *laki-laki tua itu sedang == jala* **lalaki kolot téh keur ngarajut heurap;**
**tersirat** *n* **1** kacangreud (tali heurap); **2** *ki* cusi nu dikandung di jerona: *entah apa yg == di dl hati sanubarinya* duka naon anu dikandung dina haté sanubarina

**si.re.ne** /siréné/ *n* sirineu, sarupa hatong nu disadakeun ku tanaga listrik (minangka tanda bahaya jsb): *semuanya tenang spt biasa, tiba-tiba terdengar -- berbunyi* sarerea tengtrem spt biasa, ujug-ujug héong baé sirineu disada

**si.rih** *n* seureuh, tutuwuhan anu ngarambat kana tangkal anu séjén, daunna sok dipaké nyeupah, nyeureuh: *Piper betle*

**si.rik** *a* sirik pidik, dengki: *engkau jangan — apabila tetanggamu kaya* manéh ulah sirik lamun tatangga manéh beunghar

**si.rip** *n* cécépét

**sir.ku.it** *n* **1** buleudan; **2** jalan anu **nguriling** mangrupa buleudan, dipaké pikeun rupa-rupa babalapan; sirkuit: *kita belum memiliki — khusus untuk mobil* urang **can boga** sirkuit husus keur mobil; **3** sambungan arus at aliran listrik

**sir.ku.la.si** *n* **1** panyebaran: *pemerintah menyediakan subsidi khusus untuk -- dan pemasaran hasil pertanian rakyat* pamaréntah nyadiakeun subsidi husus pikeun panyebaran jeung pamasaran hasil tatanén rahayat; **2** jumlah terbitan; oplah; *surat kabar itu merupakan sebuah surat kabar dng -- terbesar di daerah Jawa* éta surat kabar mangrupa surat kabar at koran anu oplahna panggedéna di daerah Jawa

**sir.na** *at* **1** leungit tina pikiran at parasaan; **2** hilang tanpa karana, leungit kalawan euweuh urut-urutna: *segala kerisauanku — setelah melihat kedatangannya* sagala kasalempang téh leungit sanggeus ningali datangna

**si.sa** *n* sesa, naon anu tinggal (sanggeus didahar, dicokot, jsb): *== makanan itu sudah dirubung semut* sesa kadaharan téh geus digembrong sireum.

**si.si** *n* **1** beulah (sabeulah) : *kantornya terletak di -- barat gedung besar itu* kantorna ayana di sabeulah kulon gedong gede **2** sisi (pinggir): *anak itu sedang menggali di -- danau* éta budak keur nguseup di sisi situ; **3** gigir; gigireun (kenca at katuhu): *ia tinggal di -- rumahku* manéha cicingna di gigireun imah kuring; **4** pihak: *ia berada di -- yg benar* manéhna aya di pihak nu bener

**si.sih, menyisih** *vt* **1** nyingkir, ngajauhan: *banyak penduduk yg == dr kancah peperangan itu* loba padumuk anu nyalingkir at nyaringkah tina kancah pangperangan; **2** ngasingkeun diri: *setelah turun takhta, Baginda hidup == di pegunungan* sabada turun tahta, Bagénda ngasingkeun diri (ngabagawan) di pagunungan;

**menyisihkan** *vt* **1** ngasingkeun: *pemerintah jajahan == para pejuang ke tanah seberang* pamaréntah jajahan ngasingkeun para pajuang katanah sabrang; **2** nyésakeun, misahkeun (pikeun hiji kaperluan): *ia == sedikit gajinya tiap-tiap bulan untuk biaya studinya* manéhna nyésakeun nyisikeun saeutik tina gajihna unggal bulan pikeun waragad diajar manéhna; **3** ngéléhkeun, nalukkeun: *ia berhasil == pemain-pemain andalan RRC* manéhna ngéléhkeun pamaén-pameén andelan RRC;

**penyisihan** *n* **1** prosés, cara, lakuning nyisihkeun; **2** babak dina jero pertandingan pikeun nangtukeun regu anu bisa milu pertandingan saterusna; *PSSI diharapkan dapat menjuarai babak == Pra-Piala Dunia di Singapura* PSSI dipiharep bisa ngajuaraan babak penyisihan dina pertandingan Pra-Piala Dunya di Singapura

[1]**si.sik** *n* sisit (lauk cai, oray jsb); *minta -- pd limbat*, pb mika hayang anu mustahil at pamohalan bisa tinekanan

[2]**si.sik** n sisig, unsur (bako) : *tembakau* — bako sisig

**si.sip, menyisip** *vi* **1** nyelap (di antara dua barang at dina sela-sela barang): *surat itu == di buku catatannya* surat téh nyelap dina buku catétanana; **2** ngayuman; masang kenténg anyar dina sela-sela kenténg heubeul pikeun ngaganti kenténg anu peupeus; **3** nisik kaén, kaos, jsb anu soék at bolong; **4** nyelapkeun rarangkén tengah dina hiji kecap;

**menyisipkan** *vt* **1** ngasupkeun kana sela-sela; nyelapkeun : == *keris di pinggang* nyelapkeun keris dina cangkéng; **2** ngagunakeun hiji barang pikeun ngayuman (ngaganti nu peupeus): *bapak == genteng*

*di atap* bapa ngayuman kenténg (nu peupeus) dina hateup; **3** nyelapkeun rarangkén (tengah) dina hiji kecap;
**sisipan** *n* **1** barang anu diselapkeun; seselapan: *pd lapisan-lapisan batu candi itu hanya ada satu dua saja batu ==* dina lapisan batu candi téh ngan aya hiji dua baé batu seselapan; **2** rarangkén tengah (ar, al, um, in) anu diselapkeun dina hiji kecap;
**kesisipan** *a* kaasupan cucuk jsb dina jero daging; kacugak

**si.sir** *n***1** paranti mérésan buuk, hor pamérés; **2** garu; **3** sasikat cau; **4** suri dina parabot tinun;
**bersisir** *vi* **1** ngarapihkeun buuk, nyisiran; **2** maké sisir; **3** geus sisiran;
**menyisir 1** meresan buuk, nyisiran; **2** ngagaru; ngaratakeun taneuh (di sawah), jsb

**sis.tem** *n* **1** aturan, cara-cara anu ngatur perkara at urusan penting; **2** susunan aturan tina hiji téori, asas, wawasan jsb: -- ***pemerintahan negara*** susunan aturan pemeréntahan negara (déemokrasi, totalitér, parlémétér); **3** padika, metode: -- *pendidikan* padika atikan (klasikal, individual jsb); -- *dan pola permainan kesebelasan itu* ***banyak mengalami perobahan*** **aturan jeung pola maénna kasawelasan téh ngalaman réa parobahanana**

**sis.te.ma.tis** *a* miboga sipat aturan nurutkeun sistem; maké sistem; kalwan cara anu hadé diaturna

**sis.wa** *n* murid; siswa (utamana murid sakola menengah): -- SMA murid SMA

**si.ta** *n,* 1 pamaredih pengadilan; **2** hal nyokot jeung nahan barang-barang nurutkeun putusan pangadilan ku alat nagara (pulisi jsb); beslahan;
**menyita** *vt* **1** nyokot (ngarampas) barang-barang anu dilakukeun nurutkeun putusan hakim ku alat nagara (pulisi jsb); ngabeslah; **2** *cak* nyokot; ngarampas: *melukis telah == sebagian besar waktuku* ngangambar at ngalukis geus ngarampas sabagian waktu kuring;
**sitaan** *n* hasil ngabeslah; beslahan; rampasan

**si.tu** *pron* **1**(panunjuk) tempat anu rada jauh ti nu ngomong: *ke* -- ka ditu; *dari* -- ti ditu; *cak* manéh; silang

**si.tu.a.si** *n* kaayaan

**si.tu.a.si.o.nal** *a* saluyu jeung kaayaan: *suatu masalah kadang-kadang dapat dipecahkan dr metode yg bersifat --* hiji masalah sakapeung bisa diréngsékeun tina padika nu sipatna saluyu jeung kaayaan

**si.ul (siulan)** *n* **1** heot; tiruan sora saperti sora suling jsb ku létah jeung ku biwir nu dimonyongkeun; **2** sora manuk: *== seekor burung nuri memecahkan kesunyian* sorana hiji manuk kakatua ngaleungitkeun kasepian;

**bersiul** *vi* **1** ngaluarkeun sora saperti sora surilit jsb (ku sungut); ngahéot: *ia == memanggil anjing* manéhna ngahéotan anjing supaya nyampeurkeun; *sambil == girang, ia keluar dr mobil* bari ngahéot gembira, manéhna kaluar tina mobil; **2** disada (manuk; oray): *di sana-sini kedengaran burung ==* di ditu di dieu kadéngé manuk disarada; *bunyinya spt ular ==* sorana saperti oray disada

**ska.la** *n* **1** gurat-gurat atawa titik-titik tanda nu ngabaris sarua anggangna, dipaké pikeun ngukur, saperti dina térmométer jsb; **2** lajur-lajur anu dipaké pikeun nangtukeun tingkatan (saperti dina peraturan gajih); **3** babandingan ukuran gedéna gambar jeung kaayaan anu sabenerna: *peta -- 1:10.000 (maksudnya 1 cm pd péta itu dl kedaannnya yg sebenarnya 10.000 X 1 cm)* péta skala 1:10.000 (maksudna 1 cm dina péta téh dina kayaan anu sabenerna 10.000 X 1 cm)

**skan.dal** *n* pagawéan anu ngaérakeun; pagawéan anu nurunkeun at ngagejretkeun martabat hiji dilema; skandal: *-- penyelundupan mobil baru-baru ini menghébohkan masyarakat* skandal penyelundupan mobil anyar-anyar ieu ngagujrudkeun masarakat

**ske.ma /skéma/** *n***1** bagan, gambar susunan organisasi jsb, rarancang **2** dénah, gurat badag

**ske.ma.tis** /skématis/ a nurutkeun bagan (rancangan): secara *-- dapat digambarkan sebagai berikut* sacara nurutkeun bagan bisa digambarkeun saperti kieu

**ske.nari.o** /skénario/ *n* rancangan lalakon sandiwara atawa filem mangrupa adegan-adegan anu ditulis kalawan imeut (diwincik); skenario: *penulis -- yg juga menyutradai film itu akan berusaha menarik penonton* pangarang skenario anu ogé nyutradaraan éta filem baris ihtiar pikatajieun panongton

**ske.o.tis** /sképtis/ *a* kurang percaya; asa-asa: *penderitaan dan pengalaman menjadi orang bersifat sinis dan* -- kasangsaraan jeung pangalaman ngajadikeun jelema miboga sipat nyacampah jeung kurang percaya

**sket.sa** /skétsa/ *n* **1** gambaran sakolépat (ngan gurat-gurat badagna); **2** gambar rancangan; denah bagan; **3** katerangan ngeunaan hiji hal sacara ringkes (gurat badagna); tulisan ringkes; ringkesan; **4** adegan pondok dina pintonan drama

**ski** *n* **1** papan pikeun n gugulusuran dina salju; **2** kaulinan gugulusuran maké papan dina salju; ski: *olahraga -- merupakan satu rekreasi yg menyenangkan* olahraga ski mangrupa hiji kalangenan anu pikaresepeun

***skor*** *n* jumlah angka beubeunangan (peunteun); hasil pertandingan: *ia dapat mengolah bola selama 10 menit dl satu* -- manéhna bisa ngolah bal jero 10 menit dina hiji hasil pertandingan (peunteun)

**skrip.si** *n* karangan ilmiah nu wajib ditulis ku mahasiswa minangka sabagian tina pendidikan akademisna; skripsi: *ia menyusun -- selama hampir tiga tahun* menehna nyusun skripsi dina jero ampir tilu taun

**slo.gan** *n* **1** omongan atawa kalimah pondok nyogok sarto gampang diinget, pikeun nétékeun hiji pamaksudan: *negara-negara ASEAN berpegang pd -- untuk tetap hidup berdampingan secara damai* nagara-nagara ASEAN madoman kana slogan geusan hirup babarengan kalawan répéh-rapih; **2** omongan atawa kalimah pondok anu narik sarta gampang diingetkeunana, pikeun nétélakeun tujuan hiji idéologi golongan, organisasi, partéy pulitik, jsb; slogan: *usaha peningkatan kesejahteraan rakyat tetap merupakan -- yg selalu memikat* usaha ngaronjatkeun karaharjaan rahayat tetep mangrupa slogan anu salawesna at pikabitaeun (mikat)

**so.al** *n* **1** naon-naon anu ménta jawaban (pertanyaan dina itungan jsb); sual; *sekalian -- tt keuangan supaya dikumpulkan, nanti akan dijawab oleh pejabat* sakabéh sual ngeunaan kauangan supaya dikumpulkeun, engké bakal dijawab ku pejabat; *ia dapat mengerjakan -- nomor lima* manéhna bisa migawé sual nomor lima; **2** masalah: -- *banjir di Jakarta semakin mengkhawatirkan* masalah banjir di Jakarta beuki pikahariwangeun; **3** perkara, urusan: *pem-*

*bicaraan kami melantur ke -- yg dikhawatirkannya* obrolan kuring saréréa ngalantur karana perkara anu pikahariwangeunana; **mempersoalkan** *vt* ngajadikeun pasualan; nyawalakeun; madungdengkeun: *kita tidak usah == siapa yg bersalah, yg penting kita selesaikan urusan ini* urang henteu perlu ngajadikeun sual saha anu salah, nu penting mah ieu perkara urang réngsékeun;

**persoalan** *n* 1 pasualan; papaduan; 2 perkara; masalah; *kini == nya ditangani oleh yg berwajib* ayeuna masalahna dicekel ku nu wajib; *kita menyingkiri == moral yg sangat peka* urang nyingkiran perkara moral anu mémang kacida pekana (sensitif)

**so.bek** /sobék/ *a* soéh at soék: *kemeja laki-laki itu -- pd tepinya* keméja lalaki éta soék dina sisina;

**menyobek** *vt* nyoékkeun; nyoéhkeun

**¹so.dok** *n* panyodok; sekop at singkup

**²so.dok, menyodok** *vt* malikkeun taneuh ku panyodok at sekop

**¹so.dor, menyodorkan** *vt* **1** nyodorkeun; ngasongkeun (mikeun leungeun nu nyodor): ia == *pepaya kpd tamunya* manéhna ngasongkeun gedang ka sémahna; *kami == uang Rp 500,00 untuk membayar beca* kuring ngasongkeun duit Rp 500,00 pikeun mayar béca; **2** ngusulkeun at nawarkeun satengah maksa: *pihak buruh == tuntutan kenaikan gaji tiga kali lipat kpd pimpinan perusahaan* pihak buruh nyodorkeun paménta naék gajih tilu kali lipat ka pingpinan perusahaan

**²so.dor** *n* sabangsa tumbak panjang teu maké seuseukeut

**sodoran** sarupa kaulinan maké sodor bari tumpak kuda sarta silih totog nepi ka salahsaurang tiguling tina kudana

**so.fa** *n* korsi panjang aya leungeunan jeung panyarandéan, biasana maké lapis karét jeung busa nu dibungkus ku kaén buludru, sakapeung sok dipaké tempat saré

**so.fis** *n* jalma nu resep ngagunakeun alesan (argumén) nu muluk-muluk, tapi nyasabkeun

**so.gok (sogokan)** *n* anu digunakeun pikeun nyogok : *uang* -- duit panyogok;

**menyogok** vt **1** ngarogok; nyolok (ka jero liang jsb): *petugas itu*

*sedang == saluran air dl tanah yg mampat* éta pagawé keur nga-rojokan kamalir cai di jero taneuh anu mengpet; **2** *ki* ngongkos, nyusup; méré (duit) panyogok

**so.hor, tersohor** *a* kasohor; kamashur; kawentar; kakoncara: *seorang dokter == di Amerika Serikat memberitahukan bahwa jeruk merupakan sumber vitamin C yg dapat diandalkan* hiji dokter kawentar di Amerika Serikat nétélakeun yén jeruk sumber vitamin C anu bisa diandelkeun

**so.kong** *v*, **menyokong** *vt* **1** nahan ku tulak (ngadogong) supaya ulah runtuh (rubuh): *bambu itu == pohon yg hampir roboh* éta awi téh ngadongkol tangkal anu méh runtuh; **2** ngabantu; méré pangrojong (duit, tanaga, jsb): *banyak keluarga yg turut == hidupnya setelah kedua orang tuanya meninggal dunia* réa kulawarga anu milu ngabantu kahirupanana sanggeus kolotna (idung-bapana) duanana tlar dunya;
**sokongan**: *n* **1** panyangga; panahan (tulak): *kalau pohon itu tidak diberi == pasti rubuh* lamun éta tangkal henteu disangga tangtu runtuh; **2** pangrojong; pangdeuldeul (duit jsb): *pergerakan kemerdekaan Indonesia mendapat ==* masyarakat pergerakan kemerdéka-an Indonesia meunang pangrojong masarakat

**so.lar** *n* bahan bakar minyak pikeun mesin disel, leuwih kentel batan minyak tanah

**so.lek /solék/** *a* **1** sarwa éndah (pakéan, perhiasan jsb); **2** resep dangdan; **3** cara dangdan (maké pakéan); mode;
**bersolek** *n* dangdan; ngageulis at ngasép: *walaupun ia sudah dewasa, ia masih belum pandai ==* sanajan manéhna geus sawawa, manéhna tacan pinter dangdan

**so.li.da.ri.tas** *n* sipat sarasa at sanasib; rasa satia kanca: -- *antara sesama anggota sangat diperlukan* rasa satia kanca (mimitran) antara sasama anggota kacida diperlukeunana

**so.li.der /solidér/** *a* némbongkeun rasa sanasib; (rasa) satia kanca: *serikat buruh itu menyatakan -- thd pemogokan buruh pelabuhan itu* sarikat buruh téh némbongkeun rasa setia kanca ka buruh palabuhan anu marogok

**so.lo** *n* **1** lagu at musik tunggal (dilagukeun ku saurang); anggana sekar; **2** tunggal (ngalakukeun at ngajalankeun sorangan): *terbang* -- ngapung sorangan; *penyanyi* -- panembang sorangan at tunggal

**som.bong** *a* ngagulkeun manéh; gedé omong; takabur, sombong: *berkata dgn* -- ngomong kalawan takabur;
**kesombongan** *n* hal sombong; kaangkuhan; takabur: cobaan dan bencana itu belum dapat melunturkan == nya cocoba jeung kacilakaan téh tacan bisa ngaluntutkeun kaangkuhanana

**so.ne.ta /sonéta/** *n* sajak nu diwangun ku opat pada (dua pada nu kahiji diwangun ku 4 baris at padalisan, dua pada panuntung diwangun masing-masing 3 baris); sajak opatwelas baris nu mangrupa hiji pikiran at parasaan anu buleud at gembleng

**song.song** *v*, **menyongsong** *vt* **1** leumpang maju pikeun nyanghareupan (nempuh) anu datang ti arah anu lalawanan: *berlayar == angin* balayar menempuh angin; **2** ngalawan: *== tindakan yg dianggap merugikan rakyat* ngalawan tindakan anu dianggap ngarugikeun rayat; **3** nyambut (datangna sémah jsb): *mereka == pahlawan olahraga itu dgn sorak-sorai yg gegap gempita* maranéhanana nyambut pahlawan olahraga téh ku susurakan ( ) ayeuh-ayeuhan

**son.tek / sonték/, menyontek** *vi* **1** ngalanggar; nahan; narajang: *untunglah penjaga gawang itu dapat == bola dgn manisnya sehingga selamat gawangnya* untung baé kiper téh bisa nahan bal kalawan manis nepi ka salamet gawangna; **2** nurun; néplak: *tiap ujian ia == kpd teman sebangkunya* unggal ujian manéhna nurun ka batur sabangkuna

**sop** *n* sarupa angeun, biasana maké daging, kentang, wortel jsb, caina hérang (teu maké cipati), sambarana babakuna bawang jeung pedes

**so.pan** *a* nyaho tatakrama, sarta hadé budi-basa;
**kesopanan** *n* **1** adat sopan santun (kasopanan); tingkah laku (budi-basa) anu hadé; tatakrama: *perbuatan itu dapat dianggap melanggar == orang timur* éta kalakuan téh bisa dianggap ngalanggar tatakrama urang wétan; **2** kaadaban; peradaban: *bangsa-bangsa di dunia mempunyai == yg berbeda-beda* bangsa-bangsa di dunya miboga peradaban anu béda-béda; **3** kasusilaan: *jangan tinggalkan sifat-sifat*

== *kita bila hidup dirantau nanti* ulah ningalkeun sifat-sifat kasusilaan urang lamun hirup di pangumbaraan engké

**so.rak** *n* sora tarik jeung ramé, nandakeun suka ati; surak: -- *sorai anak-anak yg bermain riuh sekali* surakna barudak anu arulin mungguh ayeuh-ayeuhan ;
**bersorak** *vi* ngaluarkeun sora tarik nyebut "horséh" jsb, nandakeun suka ati: *penonton* == gemuruh unlalajo surak ayeuh-ayeuhan;
**menyoraki** *vt* nyurakan; surak ngéra-ngéra at nandakeun kasugemaan: *mereka == tim yg menang dl pertandingan itu* maranéhanana nyurakan tim anu unggul dina éta pertandingan

**so.re** /soré/ *n* soré; pasosoré; *hari itu hujan lebat sejak pagi sampai* -- poé éta hujan ngagebrét ti isuk nepi ka soré;
**kasorean** *a* kasoréan; soré: *mari kita berangkat sekarang supaya tidak == tiba di tempat tujuan* hayu urang miang ayeuna supaya ulah kasoréan datang di tempat nu dijugjug

**so.rong, menyorong** *vt* **1** nyorong; nyurung at nyurungkeun barang anu ngagorolong (gorobag, mobil mogok jsb): == *mobil mogok* nyorong mobil mogok; **2** nyogok; méré duit at barang ka jelema nu boga wewenang, supaya daékeun ngalanggar aturan pikeun kaperluan urang: *tidak ada sedikit juga ingatan hendak == pegawai pabean itu* teu aya saeutik ogé ingétan rék nyogok éta pagawe pabean; **3** nganjurkeun (ngajak, ngusulkeun) : *yg kalah itu == damai* anu éléh téh ngajak rapih (badami); **4** nyodorkeun; ngasongkeun; mikeun kalawan paksa; nonjolkeun: *orang selalu == suatu kegiatan kepadanya, bukan timbul dr hatinya* jalma salawasna ngasongkeun kagiatan ka manéhna, lain timbul tina kereteg haténa

**so.rot** *n* sinar; cahaya; sorot: -- *lampu sénter* sinar lampu sénter; -- *matanya tajam* sorot panonna seukeut;
**menyorot** *vt* nyorot; mancur (sinarna); nyinaran: *lampu kamar itu == keluar melalui lobang kunci* lampu kamar téh nyorot kaluar tina liang konci;
**menyoroti** *vt* **1** nyaangan; nyinaran; ngoboran: *ia == jalan sétapak dr hadapannya dng senter agar tidak terperosok ke lumpur* manéhna nyaangan jalan satapak di hareupeunana ku sénter sangkan henteu tibebes kana leutak; **2** nalingakeun; niténan (tingkah laku jsb): *atasan*

*nya selalu* == *segala pekerjaannya* dunungananana salawasna nalingakeun sakabéh pagawéanana;

**sorotan** *n* **1** mancuma sinar (cahaya); sorotan: == lampu itu menyilaukan mata sinarna éta lampu matak sérab kana panon; **2** tanggapan (kana omongan, gagasan jsb): *ucapan pemimpin yg kontroversial itu menimbulkan banyak* == *dr kalangan pemuka masyarakat* omongan pamingpin nu kontrovérsial téh nimbulkeun réa tanggapan ti pamuka masarakat

**so.si.al** *a* **1** urusan kamasarakatan; aya patalina jeung masarakat: *perlu adanya komunikasi -- dl usaha menunjang pembangunan ini* perlu ayana hubungan jeung masarakat dina jero usaha ngarojong ieu pangwangunan; **2** *cak* resep tutulung; gedé rasa kamanusaanana: *ia sangat terkenal dan -- pula* manéhna kacida kasohorna jeung gedé rasa kamanusaanana deuih

**so.si.a.lis** *n* jalma anu boga cita-cita ngamajukeun masarakat; anu nganut paham sosialisme

**so.si.a.li.sa.si** *n* **1** usaha ngarobah milik sorangan (diri pribadi) jadi milik umum (balarea); sosialisasi: *tradisi memperlancar proses --* adat kabiasaan ngajadikeun lancarna prosés sosialisasi; **2** prosés diajarna hiji anggota masarakat geusan miloma kabudayaan masarakat di jero lingkunganana: *tingkat-tingkat permulaan dr proses -- manusia itu terjadi dl lingkungan keluarga* tahap-tahap munggaran tina prosés sosialisasi manusa téh kajadianana di jero lingkungan kulawarga
**mensosialisasikan** *vt* ngajadikeun milik umum (milik negara)

**so.si.o.log** *n* jalma ahli élmu kamasarakatan (élmu sosial); ahli sosiologi

**so.si.o.lo.gi** *n* pangaweruh ngeunaan sipat jeung mekarna masarakat; -- **kota** pangaweruh ngeunaan wujud, susunan kota jeung kahirupan padumukna; -- **makro** pangaweruh ngeunaan sistem sosial sacara gembleng (total) anu ngawengku sakabéh aspék masarakat; -- **mikro** pangaweruh ngeunaan sistem sosial kalawan ningalina sacara husus salah sahiji aspék di jero masarakat; -- **murni** sosiologi anu ngutamakeun orientasina dina pamekaran téori-téori abstrak anu henteu langsung patula-patalina jeung hal-hal nu praktis

[1]**so.sok** *n* lobang (dina jiret jsb); lobang kancing baju; kelim anu liangan (maké lobang) pikeun ngasupkeun tali jsb

[2]**so.sok** *n* **1** wujud at rupa; rangkay (parahu jsb); **2** bangun (rupa) awak: -- tubuhnya sama spt ayahnya dedeganana (awakna) sarua saperti bapana; **3** kalangkang badan: *baru saja ia keluar, setubuh memgikutinya dr belakang* kakara baé manéhna kaluar, aya nu ngajuringkan nuturkeun ti tukang; **4** bakal (kebon, lembur); **5** tokoh; pribadi

**spa.si** *n* **1** anggangna (antara hurup-hurup citak at baris tulisan); **2** timah laleutik pikeun ngarenggangkeun hurup-hurup at baris di parcitakan

**spe.do.me.ter** /spédométer/ *n* alat pikeun ngukur gancangna kendaraan jsb; spedometer: *dia menancap gas lebih dalam sehingga* jarum -- menanjak terus manehna nincak gas leuwih jero, nepi ka jarum spedométerna naék terus

**spek.ta.ku.ler** /spektakulér/ *a* narik perhatian; matak kataji; nyolok mata: *tidak ada hasil -- dr kunjungan delegasi itu* henteu aya hasil anu narik perhatian (anu nonjol) tina **pangdongdon éta delegasi téh**

**spek.trum** /spéktrum/ *n* kalangkang warna-warni tina cahaya anu dipencarkeun ku kaca prisma jsb

**spek.ku.lan** /spékulan/ *n* jalma anu néangan kauntungan gedé dina urusan dagang jsb

**spe.ku.la.si** /spékulasi/ *n* **1** sawangan; tapakur; **2** pamanggih at pangira-ngira anu henteu dumasar kanyataan; **3** urusan jual beuli barang anu bisa ngadatangkeun kauntungan gedé;
**berspekulasi** *vi* ngalakukeun spekulasi; untung-untungan; spekulasi: *saya sama sekali tidak == dl rencana ini krn saya yakin akan hasilnya* kuring henteu pisan-pisan ngalakukeun spékulasi dina ieu rencana sabab kuring yakin baris hasilna

**sper.ma** /spérma/ *n* mani

**spe.si.al** /spésial/ *a* husus; istiméwa; malulu: *roti -- lebih mahal dp roti biasa* roti istiméwa leuwih mahal batan roti biasa

**spe.si.a.li.sa.si** /spésialisasi/ *n* kaahlian husus dina hiji cabang élmu, pa-

gawéan, kasenian jsb: *pemerintah sedang melaksanakan -- dl kepariwisataan* pamaréntah keur ngalaksakeun kahususan dina jero kapariwisataan

**spe.si.fik** /spésifik/ *n* nu husus; nu miboga sipat husus: *dl festival film internasional itu masing-masing peserta menampilkan film-film -- budaya bangsanya* dina éta festival at pasanggiri film internasional unggal pamilon mintonkeun film-film nu miboga sipat husus budaya bangsana

**spi.dol** *n* pulpén nu téu maké mata pénah logam nepi ka tapak tulisna kandel, biasana dipaké pikeun ngoréksi tulisan jsb: *lembaran kertas ini dapat ditulis dng -- supaya lebih jelas* ieu lamabaran kertas téh bisa ditulisan ku spidol supaya leuwih écés

**spi.on** *n* **1** mata-mata; jalma nu ihtiar ngumpulkeun katerangan sacara rusiah, utama rusiah militér nagara lian; **2** patugas kapulisian anu nalungtik kalawan rerencepan (sacara rusiah) ka jalma-jalma anu dipikacuriga; agén pulisi rusiah; detéktif

**spi.o.na.se** *n* panaluntikan sacara rusiah kana data kamilitéran jeung data ékonomi nagara lian; urusan mata-mata: *penangkapan dua orang wakil atase militer itu atas tuduhan* -- ditéwakna wakil atase militér anu duaan téh dumasar kana tuduhan perkara mata-mata

**spi.ral** *n* **1** beulitan; **2** alat kontrasepsi dina KB anu di pasang dina rahim wanita; spiral: *alat kontrasepsi yg paling disukai oleh para akseptor keluarga Berencana adalah* -- alat kontrasépsi anu paling dipikaresep ku para akséptor Keluarga Berencana nya éta spiral

**spi.rit** *n* **1**sumanget: *--yg tinggi merupakan salah satu faktor kemenangannya* sumangat anu ngagedur (luhur) mangrupa salah sahiji faktor kaunggulanana; **2** jiwa; sukma; roh

**sponsor** *n* **1** pananggung jawab (wali); **2** jalma at perusahaan anu boga alpukah ngaluluguan ngayakeun hiji kagiatan spt pintonan kasenian jsb: *perusahaan itu bertindak sbg -- dl kejuaraan bulu tangkis dunia* éta perusahaan téh jadi luluguna dina kajuaraan bulu tangkis dunya; **3** pandorong; pangrojong: *anak istrinya menjadi -- utamanya dl menyelenggaraan studi* anak bojona jadi pandorong anu utama sajeroning diajar (ngulik)

**spon.tan** *a* **1** tanpa dipikir at dirarancang heula; ujug-ujug tanpa dianjurkeun (diparéntah jsb): *surat-surat kabar telah memberikan reaksi — thd kejadian tsb* surat-surat kabar geus méré reaksi ngadadak kana éta kajadian; **2** wajar bébas pangaruh; tanpa pamrih: *lukisan adik yg lugu dan -- itu telah menimbulkan kaharuan di sana-sini* gambar at lukisan adi nu wajar jeung sahinasna (teu dijieun-jieun) téh geus nimbulkeun rasa kagagas di mana-mana.

**spon.ta.ni.sa.si** *n* perbuatan sawalajarna, bébas tina pangaruh anu lian, tanpa pamrih

**spo.ra** *n* tunggal nu bisa tumuwuh jadi tutuwuhan anyar spt supa jsb

**spo.ra.dis** *a* sakali-kalieun; carang; ancal-ancalan: *kejahatan ini di negara kita masih bersifat* — kajahatan ieu di nagara urang masih arang kénéh

**spor.tif** a 1 miboga sipat satria, jujur, jsb: *jadilah penonton dan pemain yg --, jangan emosional* utamana jadi panongton jeung pamaén anu jujur (miboga sipat satria), ulah ngan saukur ngumbar rasa (ngalanjur napsu); **2** tegep; gagah; rikat; tangginas

**sta.bil** *a* **1** mantep; kukuh; pageuh; henteu goyang (bangunan jsb): *situasi politik dl negeri* -- kaayaan (situasi) pulitik jero nagara mantep; **2** jalanna tétap; henteu goyang (kendaraan, kapal, jsb): *setelah barang-barang dibuang ke laut, kapal -- kembali* sanggeus barang-barang dipiceun ka laut, kapal téh henteu goyang deui; **3** tetep; henteu robah; teu turun-naék (harga barang. pangaji duit, jsb): *harga kopra sekarang mulai* -- harga kopra kiwari mimiti tetep (teu turun-naék)

**sta.di.on** *n* lapangan olahraga anu sakurilingna aya tempat diuk

**sta.di.um** *n* **1** tahapan dina sajeroning hirup at mekarna hiji prosés; **2** tahapan waktu (panyakit): *usaha penyembuhan kanker pd -- awal telah dilakukan* ihtiar nyageurkeun kanker dina awal waktu katerapna geus dijalankeun

**staf** *n* **1** sakumpulan jalma nu digawé babarengan ngabantu ketua dina ngokolakeun hiji garapan; staf: *ia mempun kedudukan sbg -- pimpinan di kantor itu* manéhna boga kalungguhan minangka anu ngabantu pingpinan di éta kantor; -- *redaksi majalah dinding di*

*sekolah kami berjumlah lima orang* staf redaksi majalah témbok di sakola kuring jumlahna limaan; **2** sakumpulan perwira anu mingpin (ngatur jsb) tentara: *ia adalah seorang kepala-- dl kesatuan Angkatan Laut* manéhna téh salah sauran kepala staf di jero kesatuan Angkatan Laut; **3** bagian organisasi anu teu boga hak maréntah, tapi boga hak ngabantu pingpinan, méré naséhat, jsb

**stag.nan** *a* dina kaayaan mandeg: *dewasa ini bursa di Indonesia berada dl situasi --* dina waktu ieu bursa Indonesia aya dina situasi kaayaan mandeg

**stag.na.si** *n* **1** kayaan cicing (henteu gerak, henteu aktif, henteu jalan); nalangan; kamacétan; kayaan mandeg: *perbaikan jalan sering menimbulkan -- lalu lintas* ngomé jalan mindeng nimbulkeun kamacétan lalar-liwat; **2** kaayaan perékonomian maju, tapi dina tahap anu kendor pisan; **3** kaayaan ngeuyeumbeu (kakeueum)

**stam.buk** *n* buku poko; buku ngamuat daptar ngaran, tempat jeung tanggal dilahirkeunana jalma-jalma nu kacatet jadi anggota, murid sakola jsb

**sta.mina** *n* **1** kakuatan jeung tanaga fisik hiji jalma anu ngalantarankeun bisa tahan digawé; daya tahan: *krn cuaca yg dingin, -- olahragawan kita menurun* ku sabab kaayaan hawa anu tiis, daya tahan olah ragawan urang turun; **2** *ki* katabahan jeung katahanan méntal; kaulétan

**stan** *n* **1** kedudukan; stan : -- *berakhir dng 50-4 untuk kemenangan regu Indonesia* kedudukan dipungkas ku 5-4 pikeun kaunggulan regu Indonesia; **2** mimbar; panggung; **3** rohangan pameran (tempat pameran, ngajual hasil karajinan jsb) di pasar malem

[1]**stan.dar** *n* alat panyangga anu disukuan (pikeun neundeun bandera, neundeun sepeda, nanggeuhkeun potret jsb)
**menstandarkan** *vt* masang alat panyangga sangkan bisa nantung ajeg; masang standar: *ia == spedanya pd tonggak di tepi jalan* manehna nanggeuhkeun sepedana kana patok di sisi jalan

[2]**stan.dar** *n* ukuran anu tangtu dipake minangka patokan: *Walikota Jakarta Timur menguraikan -- gedung sekolah yang baik* Walikota

Jakarta Timur nerangkeun ukuran-patokan gedong sakola anu hade; **2** ukuran at tahapan waragad kaperluan hirup: -- *hidup di kota Medan lebih tinggi dp di kota Bandung* ukuran waragad kaperluan hirup di kota Medan leuwih batan di kota Bandung; **3** hiji barang anu dianggap tetep pangajina nepi ka bisa dipake ukuran patokan harga: *negara-negara yg memakai -- emas* nagara-nagara nu make ukuran patokan (standar) emas; **4** baku; lulugu: *bahasa yg dipakai pd surat kabar tertentu dianggap telah --* basa anu dipake dina surat kabar tinangtu bisa dianggap geus baku

**stan.dar.di.sa.si** *n* panangtuan at panyaluyuan ukuran, ajen-inajen, kualitas jsb nurutkeun padoman (standar) nu geus ditetepkeun; pangbakuan; pangstandaran: *perlu adanya -- dl mutu produksi sabun* perlu ayana panangtuan ukuran patokan dina ajen (kualitas) produksi sabun

**sta.si.un** *n* tempat pangeureunan karéta api jsb; rohangan tunggu calon panumpang karéta api jsb;
-- **bumi** tempat narima jeung nyebarkeun siaran sacara éléktris;
-- **cuaca laut** sétasion kayaan hawa di kapal laut di hiji tempat jeung ngalakukeun paniténan sarta silihtukeur data hasil paniténan;
-- **hujan** sétasion tempat niténan bahé (curah) hujan;
-- **radio** bangunan tempat mancarkeun siaran liwat radio;
-- **televisi** bangunan tempat mancarkeun siaran liwat televisi spt TVRI

**sta.tif** *n* tihang; suku

**sta.tis** *a* dina kaayaan cicing (henteu gerak, henteu aktif, henteu barobah kaayaanana); tetep; *hidupnya -- tidak mau menyesuaikan diri dng keadaan zaman* hirupna teu barobah teu daék nyaluyukeun diri kana kaayaan jaman

**sta.tus** *n* kaayaan at kalungguhan (jalma, badan, jsb) dina hubunganana jeung masarakat di sabudeureunana;
**berstatus** *vi* miboga kalungguhan (status): *ayahnya -- (sbg) pimpinan sementara di kantornya* bapana nyekel kalungguhan (minangka) pingpinan saheulaanan di katorna

**ste.ker** /stéker/ *n* panyolok (dina kabel listrik jsb) pikeun ngajalankeun (aliran, kokocoran) listrik

**ste.no** /sténo/ *n* lambang hurup anu diringkaskeun sarta geus disepakatan makéna, utamana dina widang kasakrétariatan kalawan maksud supaya bisa nulis gancang anu angkéna di tulis deui sacara lengkep dina rupa surat

**sten.sil** /sténsil/ *n* alat (lambaran jsb) pikeun ngarekam tulisan, gambar, jsb;
**menyetensil** ngarekam at nyitak ku sténsil;
**stensilan** hasil ngarekam at nyitak ku sténsil; rekaman at citakan nu dihasilkeun ku sténsil; citakan sténsil

**ste.pa** /stépa/ *n* **1** tanah datar anu lega jeung garing sarta tumuwuh gerembel di ditu di dieu (ancal-ancalan); **2** tegalan jukut nu lega

**ste.reo** /stéréo/ *n* **1** cara parekaman at panyiaran ku produksi sora anu leuwih realistis ngagunakeun dua saluran sora nu di gunakeun babarengan, ngagunakeun dua mikrofon sarta dua pengeras sora; **2** sistem at parabot anu ngahasilkeun sora stéréo

**ste.ril** /steril/ *a* **1** suci hama, bersih tina baktéri: kapas-kapas anu bersih tina baktéri (hama); **2** bajir; henteu subur, gabug
**mensterilkan** *vt* ngajadikeun suci hama; mersihkeun tina sagala baktéri; ngajadikeun gabug (bajir)

**ste.ri.li.sa.si** /stérilisasi/ *n* **1** panyucihamaan; hal ngajadikeun stéril; **2** hal ngajadikeun gabug (pikeun wanita)

**ste.tos.kop** /stétoskop/ *n* alat anu digunakeun ku dokter pikeun ngadéngékeun sora (utamana sora bayah jeung jajantung)

**sti.lis.tika** *n* élmu pangaweruh ngeunaan ngagunakeun basa jeung gaya basa dina karya susastra

**sti.mu.lans** *n* pandorong geusan ngaronjatkeun prestasi at sumanget digawé (diajar jsb); pangrojong; pangjurung: *ketidaklulusannya dl ujian masuk fakultas merupakan -- baginya untuk maju dan belajar lebih giat lagi* ku teu lulusna dina ujian asup fakultas téh mangrupa pangdorong pikeun manéhna sangkan diajar leuwih soson-soson duei

**stok** *n* **1** sadiaan barang-barang kaperluan pibekeleun sawatara waktu: *dng -- yg ada tidak akan terpenuhi segala keperluan kita untuk satu bulan ini* ku sadiaan barang-barang kaperluan anu aya moal ka-

cumponan sakabéh kaperluan urang pikeun sabulan ieu; **2** sadiaan barang-barang anu didagangkeun;

-- **nasional** sadiaan umum di jero hiji nagara; stok nasional: *kecamatan-kecamatan itu sebagai basis tempat pengumpulan padi bagi usaha memenuhi kebutuhan -- nasional* kacamatan-kacamatan téh minangka basis tempat ngumpulkeunana paré pikeun usaha nyumponan kaperluan sadiaan at stok nasional

**sto.ker** *n* juru seuneu at tukang ngurus seuneu (dina lokomotif jsb): *ia sudah dua puluh tahun menjadi -- di PJKA* manéhna geus dua puluh taun jadi stoker di PJKA

**stop.kon.tak** *n* tempat nyambungkeun arus listrik; tempat dicolokeunana steker

**stop.les** /stoplés/ *n* wadah tina kaca at plastik nu ditutupan, biasana dipaké pikeun nyimpen kuéh jsb

**stra.ta** *n* **1** hambalan; lapisan (bumi jsb); **2** lapisan masarakat jsb; **3** tingkatan pendidikan sanggeus tingkat sarjana muda

**stra.te.gi** /stratégi/ *n* **1** siasat perang; **2** élmu siasat perang; **3** tempat anu hadé nurutkeun siasat perang; **4** rancangan garapan anu imeut pikeun ngahontal hiji udagan (sasaran) husus

**stra.te.gis** /stratégis/ *a* **1** dumasar stratégi; **2** hadé pernahna (tempat jsb): *pasar itu dibangun di tempat yg --* pasar téh diwangun at diadegkeun di tempat anu pernahna hadé pisan

**stra.to** *n* **1** manglapis-lapis; **2** gunung api (seuneu) anu mangrupa aseupan

**stra.tos.fer** /stratosfer/ *n* lapisan hawa di antara 10—60 kilométer di luhureun beungeut bumi; lapisan hawa di luhureun troposfér

**stra.tus** *n* lapisan méga ipis nu deukeut kana beungeut bumi

**stres** /strés/ *n* gangguan méntal jeung emosional; tekenan (batin)

**struk.tur** *n* cara kumaha hiji barang disusun at dibangun; susunan; bangunan; adegan

**stu.di** *n* kajian; ulikan, panalitian; panalungtikan ilmiah: *banyak sekali laporan tt -- yg dilakukan thd suku-suku terasing di Indonesia* loba

pisan laporan ngeunaan panalitian anu dilakukeun ka séké-sélér mencil di Indonesia

**stu.di.o** *n* **1** rohangan tempat digawé (jurugambar, tukang foto jsb) **2** rohangan nu dipaké pikeun nyiarkeun acara-acara radioa at televisi; **3** tempat anu dipaké nyieun film (keur bioskop jsb)

**stu.pa** *n* bangunan tina batu anu rupana spt lonceng anu biasana mangrupa bangunan suci agama Budha; tempat nyimpen relik at barang-barang suci sang Budha; stupa: -- *di puncak Candi Borobudur itu masih bagus meskipun sudah tua* stupa di puncak Borobudur téh masih alus sanajan geus kolot (kahot)

**su.a, bersua** *v* papanggih

**su.ai, sesuai** *a* saluyu; cocog: *kedua mempelai itu tampak -- benar* éta panganten téh duanana katingalina saluyu pisan (nurub cupu);
**menyesuaikan** nyaluyukeun;
**persesuaian** *n* kasaluyuan

**su.a.ka** *n* tempat ngungsi (nyalindung); numpang at nurut hirup: *ia minta -- kpd negara lain* manéhna ménta panyalindungan ka nagara séjén; -- **alam** panangtayungan ti pamaréntah at badan-badan nu boga wewenang ka hiji wewengkon anu mibanda tutuwuhan at héwan anu kaancam baris musna; cagar alam; -- **margasatwa** cagar alam husus pikeun sasatoan jarah anu aya di éta cagar alam; -- **politik** panang tayangan pulitik; panangtayungan ku nagara séjén ka urang asing anu kalibet hiji perkara

**su.a.mi** *n* lalaki anu jadi batur (pasangan) hirup resmi hiji wanita; salaki; ***bersuami*** boga salaki; geus kawin (pikeun wanita)

**su.ap** *n* **1** (kéjo) : *kalau makan jangan terlalu besar -- mu* lamun dahar ulah gedé teuing huapna; **2** duit panyogok: *barang siapa memberi --- kpd pegawai negeri akan dihukum* singsaha méré panyogok ka pagawé nagri baris dihukum; *mencari se -- nasi ki,* nyiar rejeki;
**bersuap** dahar (ku leungeun)
**bersuap-suapan** silih huapan;
**menyuap 1** dahar ku leungeun (teu maké sendok jsb); **2** ngahuapan; **3** nyogok; méré duit panyogok: *sebenarnya uang sebanyak itu disediakan untuk == orang-orang yg berpengaruh* saenyana éta duit

anu sakitu lobana téh disadiakeun keur panyogok jalma-jalma nu boga pangaruh

**su.a.ra** *n* **1** sora nu dikeluarkeun tina sungut manusa (spt dina waktu ngomong, seuri, ceurik, tembang jsb) : *penyanyi itu merdu -- nya* éta penembang (sindén) téh halimpu sorana; **2** sora sato, alat pakakas, jsb: *kedengaran -- harimau mengaum* kadéngé sora maung ngagaur; *pesawat radio ini -- nya agak sember* ieu pesawat radio téh sorana rada sembér (kérébék); **3** omongan (ucapan) : *hanya -- saja, tidak ada buktinya* ngan sora, baé, teu aya buktina; **4** sora basa (sora ucap): *huruf w dl bahasa Belanda tidak sama -- nya dng huruf w dl bahasa Indonesia* aksara w dina baru Walanda henteu sarua sorana jeung aksara w dina basa Indonesia; **5** anu dianggap saperti omongan (pikeun ngedalkeun rasa, pikiran jsb); sora: *majalah ini -- kaum buruh, bukan -- suatu partai* ieu majalah sora kaum buruh, lain sora hiji partéy; **6** *ki* pamanggih: *dl rapat itu -- saya tidak diindahkan sama sekali* dina éta rapat pamanggih kuring henteu pisan diwaro; **7** *ki* pernyataan (satuju at henteu): *usulnya diterima dng -- bulat, semuanya setuju* usulna ditarima kalawan sora buleud, sakabéhna satuju; **8** *ki* pangrojong; pangdeudeul: *banyak anggota yg memberi -- memilih calon pemimpin baru itu* réa anggota anu méré pangrojong milih éta calon pamingpin anyar; *ia kalah (menang) -- dl pemilihan calon ketua* manéhna éléh (meunang) sora dina pilihan calon ketua;
-- **hati** gerentes haté; -- **rakyat** pamanggih balaréa

**su.a.sa.na** *n* **1** hawa (awang-awang): -- *meliputi bumi* hawa ngalimpudan bumi; **2** kaayaan sabudeureun hiji lingkungan : -- *pedusunan berlainan dng -- perkotaan* kaayaan pakampungan béda jeung kaayaan pakotaan; **3** kaayaan hiji kajadian : *politik luar negeri disesuaikan dng -- internasional masa kini* pulitik ayeuna (kiwari) disaluyukeun jeung kaayaan internasional mangsa ayeuna (kiwari)

**su.bang** *n* suweng; kurabu; hiasan dina ceuli wanita
**bersubang** disuweng; maké kurabu

**sub.jek.tif** /subjéktif/ *a* nurutkeun pandangan at parasaan diri pribadi, sabalikna tina objektif; subjektif

**sub.li.ma.si** *n* **1** ihtiar mindahkeun napsu primitif kana tingkah laku anu bisa ditarima ku norma masarakat; **2** prosés parobahan langsung tina

saab (cai) kana jadi és; **3** prosés parobahan anu nuju kana tahapan anu leuwih luhur

**sub.si.di** *n* pangdeuldeul, bantuan duit ka yayasan, perkumpulan jsb (biasana ti pamaréntah): *panti asuhan mendapat -- dr pemerintah* panti asuhan meunang bantuan (duit) ti pamaréntah)

**su.buh** *n* **1** isuk-isuk pisan ± pukul 5.00; 2 cak salat dina waktu subuh

**su.bur** *a***1** bisa tumuwuh kalawan mulus at alus (gancang gedé); henteu mérékététét (tutuwuhan) : *tanam-tanaman di lereng gunung itu tampak* -- pepelakan di lamping gunung téh katénjona subur; **2** hadé jeung séhat; montok; (badan awak): *meskipun makan banyak, badannya tidak dapat* -- sanajan daharna loba, awakna teu bisa montok; **3** gembur (tanah); réa ngadung zat anu hadé pikeun pepelakan: *tanah di lereng gunung berapi biasanya* -- tanah di lamping gunung seuneuan biasa mah gembur (subur);
**menyuburkan** ngajadikeun subur:
**kesuburan** *n* hal (kaayaan subur)

**su.ci** *a* **1** bersih (dina harti kaagamaan) : *air* -- cai suci; **2** kudus; teu boga dosa; teu codéka; nirmala: orang -- jalma suci; **3** karamat; **4** bersih, wening (haté, batin) : *terbit dari hati yg* -- medal tina ati nu wening; **5** bersih at bébas tina -- *dr sifat kecurangan* bebas tina sipat kabasilatan (kacurangan)
**menyucikan** *vt* ngabersihkeun (batin, hate, jsb); ngamurnikeun;
**kasucian 1** kabersihan (haté jsb); kamurnian; kaweningan

**su.dah** *adv* **1** enggeus; anggeus; geus jadi: *setelah -- kirimkan lekas-lekas baju itu* sanggeus anggeus (jadi) gancang kirimkeun éta baju téh; *takkan -- dng bercakap saja* moal enggeus ku ngomong baé; **2** béak; anggeus: *tidak sudah (-sudahnya), tidak habis (-habis)nya* henteu anggeus-anggeus, henteu béak-béak; **3** geus liwat (kajadian); (nu) ti heula: *apa gunanya menyusahkan perkara yg* -- naon gunana mikiran nu geus kajadian; *semaksud dng yg* -- samaksud jeung nu ti heula; masa yg -- tidak akan kembali lagi mangsa nu geus kaliwat moal rék datang deui; **4** enggeus; geus : *ia -- pandai membaca* manehna geus pinter maca; **5** (geus) cukup sakitu baé: -- *jangan dibangkit-bangkit lagi perkara itu:* geus (cukup) ulah nyabit-nyabit

deui éta perkara; **6** mémang kitu (kaayaanana); kitu ti barang mimiti: -- saudagar, nakhoda pula geus sudagar, nangkoda deuih; **7** ahirna; engkéna: *perkawinan yg masih ada hubung darah itu* kurang elok -- nya perkawinan nu aya natali getih téh kurang hadé ahirna (engkéna); **8** sanggeus; sabéak: -- *itu lalu dipanggil oleh ayahnya* sanggeus kitu tuluy di saur ku bapana;

**kesudahan** *n* **1** ahir; panganggeusan; **2** kasampurnaan; **3** tungtungna; ahirna; engkéna

**su.di** *v* **1** sadia (arék): *kabarnya pihak direksi -- juga berunding dng wakil buruh* béjana pihak diréksi sadia ogé badami jeung wawakil buruh; **2** daék purun; suka: *siapa gerangan yg -- akan daku* saha boa anu suka ka kuring

**su.dut** *n* **1** juru; pojok: *--bilik* juru kamar; -- mata juru panon; **2** widang di antara dua garis anu tinemu dina hiji titik: -- *siku-siku* juru siku-siku; **3** tempat anu jauh teu gampang disorang; suklak-sikluk: *bendera merah putih berkibar sampai ke -- kota* bandéra beureum bodas ngelébét nepi ka pojok kota; 4 sisi (dasar at poko pandangan): ditinjau dr -- keamanan disawang tina sisi (dasar pandangan) kaamanan;

**menyudutkan** ihtiar sangkan anu lian teu bisa ngalawan (ngajawab)

**su.ges.ti** /sugésti/ *n* **1** anjuran; saran; **2** pangaruh anu bisa ngusikkeun haté jalma jsb; **3** prosés anu nimbulkeun réaksi nu teu kritis (teu ditimbang-timbang hadé-gorengna)

**su.ges.tif** /sugéstif/ *a* miboga sipat sugésti

**su.guh, menyuguhi** *vi* nyuguhan

**su.hu** *n* panas hawa (témperatur)

**su.jud** *v***1** sujud; sideku bari ngantelkeun tarang kana latar (spt dina salat); **2** nétélakeun hormat: *sembah -- dr Ananda* hormat ti Putra; **bersujud** *vi* sujud saperti dina salat

**su.ka** *a***1** rasa senang (gumbira) di jero haté: *sahabat dl -- dan duka* mitra dina jero gumbira jeung susah at sedih; **2** atoh; bungah: *sekalian bantuan dan sokongan disambut dng -- hati* sadaya pangrojong (pangdeudeul) téh ditarima kalawan kabungahan; **3** daék; sudi; suka; réla: *ia tidak -- membayar sekian* manéhna henteu daék mayar

sakitu; *datanglah kalau tuan suka* mangga samping upami juragan kersa (pek datang mun anjeun purun); **4** seneng; beuki; *neneknya -- makan sirih* ninina beuki nyeupah; **5** satuju; resep: *orang itu akan saya suruh bekerja di sini, itu pun kalau tuan --* éta jalma rék dititah ku kuring digawé didieu, kitu gé mun anjeun satuju; *tiada seorang pun yg -- kepadanya* teu aya saurang gé nu resep ka manéhna; **6** neundeun haté; asih; bogoh; cinta: *rasanya jarang ibu tidak -- kpd anaknya* asana arang langka indung henteu cinta (asih) ka anakna; **7** *cak* gampang pisan ...; mindeng pisan ...: *memang dia -- lupa* memang manéhna gampang pisan poho (pohoan);

**menyukai** *vt* **1** resep kana (ka); mikaseneng; mikaresep; **2** mikaasih; mikadeuhdeuh; mikacinta; **3** mikarep

**su.ka.ci.ta** *a* suka bungah; suka ati; ngarasa senang haté: *alangkah -- nya ketika ia bertemu kembali dng ibunya* kacida bungahna waktu manéhna patepung deui jeung indungna

**su.kar** *a* **1** susah; hésé: *hitungan ini -- benar* ieu itungan hésé pisan; **2** henteu gampang: *-- melafalkan huruf itu* henteu gampang ngucapkeun éta aksara téh; **3** langka aya; henteu gampang: *di kota ini -- mencari pekerjaan* di ieu kota teu gampang nyiar pagawéan; **4** *ki* miskin; dina jero kasusahan: *hidupnya selalu --* hirupna salawasna dina jero kasusahan;

**kesukaran** *n* **1** kasulitan; kasusah; **2** kakurangan; kamiskinan: *hidup mereka selalu dll --* hirup maranéhanana salawasna dina jero kakurangan at kamiskinan; **3** nandangan kasusah (miskin)

**su.ka.re.la** /sukaréla/ *a* kalawan kahayang sorangan; kalawan rido *mereka itu bekerja dng --* maranéhna digarawé kalawan karep sorangan; pekerja -- pagawé sukaréla (henteu diwajibkeun )

**su.ka.re.la.wan** /sukarélawan/ *n* jalma nu ngajalankeun pagawean kalawan sukaréla (teu diwajibkeun at dipaksa)

**suk.ma** *n* jiwa; nyawa; roh

**suk.ses** /suksék/ *a* hasil; untung; unggul;

**menyukséskan** *vt* ngajadikeun hasil at unggul: *program pendidikan kependudukan bertujuan -- program keluarga berencana* program atikan kapadumukan tujuanana ngunggulkeun program kuluwarga berencana;

**kesuksésan** *a* kaunggulan =; kapunjulan: *kebanyakan orang senang mempelajari == orang untuk ditiru* karéréanana jalma resep niténan kaunggulanana anu lian pikeun ditiru

**su.ku** *n* **1** suku; cékér: -- *lembu* cékér sapi; **2** sabagian tina opat (saparapat, saperopat): *(se) --- jam* saparapat jam; -- *tahun* tilu bulan; triwulan; *tiga* -- tilu parapat; *pukul lima kurang se--* pukul lima kurang saparapat; **3** tengahan rupiah (Rp 0,50): *dibayar se* -- dibayar satengah rupia; **4** duit emas anu dipaké ogé pikeun ukuran beuratna emas: *gelang lima* -- geulang anu beuratna sarua jeung lima duit emas; **5** bagian; sabagian ti : -- *kalimat* bagian kalimah; -- *kata* engang (bagian kecap); **6** bilangan nu jadi bagian tina babandingan: *a:b, maka a dan b itu disebut suku* a:b, a jeung b téh disebutna bagian tina babandingan; **7** golongan; golongan bangsa minangka bagian tina bangsa anu gedé; sélér bangsa:-- *sunda* sélér (bangsa) Sunda;
**bersuku** *vi* **1** boga suku; sukuan; **2** miboga bagian jsb; **3** kaasup salah sahiji kaum (golongan): *tidak* == henteu kaasup salah sahiji kaom; *ki* henteu nyaho adat;
**kesukuan** *a* sipat-sipat at ngeunaan sélér bangsa

**su.lam** *n* sulam; bordir;
**menyulam** *vt* **1** nyulam; ngabordir: == *taplak meja* nyulam taplak méja; **2** ngayuman; ngaganti pepelakan nu paéh ku pepelakan anu séhat: *ia == tanaman yg merana* manéha ngayuman pepelakan nu mérékététét (ngalanglayung)
**sulaman** *n* **1** barang anu disulam: *ia mengangkat barang == istrinya dr atas meja* manéhna ngangkat barang sulaman pamajikanana tina luhureun méja; **2** hasil pagawéan nyulam: *ia memakai gaun hitam penuh* == manéhna maké gaun (baju wanita model Eropa) hideung pinuh ku sulaman) beunang nyulam)

**su.lap** *n* sulap;
**menyulap** *vt***1** ngarobah rupa hiji barang ku cara anu ajaib; maén sulap; *dr umur dua belas tahun, ia sudah belajar* == ti umur dua belas taun, manéhna diajar sulap; *ia -- kertas menjadi saputangan* manéhna nyulap kertas jadi saputangan; **2** *cak* malsukeun: *ia == surat jalan* manéhna malsukeun surat jalan;
**sulapan** *n* **1** pintonan sulap; **2** barang nu disulap: *burung dara ==* japati nu disulap

[1]**su.ling** *n* **1** suling; bangsing; **2** hatong kapal, karéta api jsb;
**menyuling** *vt* niup suling at hatong (kapal jsb)

[2]**su.ling** *n* sulingan; bagian éncér nu disaabkeun;
**menyuling** ngarobah saab jadi éncer (cai)

[3]**su.ling** *a* jungkir; nonggéng;
**menyulingkan** *vt* ngajungkirkeun; nonggéngkeun

**su.lit** *a* sulit; hésé pisan: *perkara yg -- diselesaikan* perkara anu sulit (hésé pisan) diréngsékeunana;
**kesulitan** *n* **1** kayaan nu sulit; hiji hal anu sulit; **2** kasusahan; kakurangan: == *uang* kakurangan duit; == *beras* kakurangan béas

**su.luh** *n* barang nu dipaké nyaangan; obor;
**menyuluh** *(i)* **1** nyaangan; ngoboran: *ia == lorong yg gelap dng lampu* senter manéhna nyaangan lulurung nu poék ku lampu séntér. **2** ngobor; ngala lauk maké obor == *ikan* ngala lauk maké obor;
**penyuluh** *n* **1** nu malé panerangan; panuduh at panunjuk jalan; **2** pangintip; mata-mata;
**penyuluhan** *n* **1** panerangan; **2** panalungtikan
== **pertanian** **1** usaha geusan ngabantu jeung ngaronjatkeun pangaweruh patani dina widang pertanian (tatanén) supaya ngaronjatkeun efisiénsi usaha tani; **2** sistem at kagiatan pendidikan formal dina widang pangaweruh jeung téknologi pertanian; minangka mata kuliah di Fakultas Peternakan

**su.lung** *a* (anak) anu cikal; anu pangheulana at anu mimiti pisan: **anak** -- anak nu kahiji; **bahasa** -- omongan budak waktu mimiti bisa ngomong; **buah** -- buah anu mimiti pisan (buah cikal); **gigi** -- huntu anu mimiti jadi (huntu hareup)

**su.lur** *n* **1** tutuwuhan ngarambat; puncak tangkal ngora (ti sawatara tutuwuhan); **2** akar nu bijil tina cabang (spt dina tangkal caringin); **3** gurat kawat jsb nu meulit dina hiji puseur nepi ka saperti pér rambat dina arloji (alur dina sekrup jsb);
**bersulur** *vi* aya rambatan; jadi (tumuwuh) rambatna;
**menyulur** *vi* ngarambat

**su.lut, menyulut** *vt* nyundut; ngahurungkeun (seuneu jsb): *ia == pelita* manéhna nyeungeut (ngahurungkeun) palita; *orang itu == rokok* éta jalma nyundut roko

[1]**sum.bang** *v* **1** ngalanggar adat (kabiasaan, kasopanan, jsb); **2** bedang; bantahan; **3** salah; kaliru: **langkah** -- léngkh kaliru (salah) dina silat; **4** teu ngeunah kadéngéna; sumbang: *ada suara -- yg mengatakan bahwa kekayaan itu berasal dr yg tidak sah* aya sora sumbang nu nyaritakeun yén kakayaanana téh beunang usaha nu teu sah; **5** janggal; teu salaras; palsu; sembér (sora jsb)

[2]**sum.bang** *v*, **menyumbang** *vt* **1** nyumbang; mikeun barang at duit ka nu boga hajat minangka pangdeuldeul: *ketika mengawinkan anaknya, banyak orang yg ==* waktu ngawinkeun anakna, réa jalma anu nyarumbang; **2** ngarojong; milu ngabantu boh ku tanaga boh ku pikiran; nyokong: *saya ingin == dengan ide-ide baru untuk kemajuan dan perkembangan usahanya* kuring hayang ngarojong ku idé-idé anyar pikeun kamajuan jeung kamekaran usahana; -- **saran**
**sumbangan** *n* **1** pamere (duit at barang) minangka pangdeuldeul (dina pesta ngawinkeun jsb); **2** sokongan; bantuan;
**sumbangan** *n* **1** pamere (duit at barang) minagka pangdeuldeul (dina pesta ngawinkeun jsb); 2 sokongan; bantuan;
**penyumbang** *n* jalma anu méré sumbangan (anu nyumbang; anu ngarojong)

**sum.bat** *n* panutup liang (lobang, sungut, jsb); panyocok (cocok botol): *ia lupa memasang --* manéhna poho masangkeun panyocok; -- botol cocok botol;
**menyumbat** *vt* nutup liang (sungut, botol, jsb); nyocokan;
**penyumbatan** *n* prosés, cara, kalakuan nyocokan: *untuk memadamkan api yg berkobar di mulut pipa itu dilakukan == dng pasir dan lumpur* pikeun mareuman seuneu anu ngabebela dina sungut pipa téh, (pipahna) dicocokan ku keusik jeung leutak

**sum.ber** *n***1** tempat kaluarna (bijilna) cai atawa sarupaning nu éncér: *di laut sekitar pulau itu diketemukan -- minyak tanah* di laut sabudereun éta pulo kapanggih (aya) sumber minyak tanah; **2** asalna: *ia berusaha mendekati dan menemukan -- bunyi yang mempesonanya* manéhna uhtiar ngadeukeutan jeung manggihkeun asalna sora anu pikatajieunana (pikagendameun)
-- **daya 1** faktor produksi anu diwangun ku tanah, tanaga gawé, jeung modal anu dipaké dina kagiatan ékonomi pikeun ngahasilkeun barang jeung jasa, sarta ngadistribusikeunana; **2** bahan at kaayaan anu

bisa digunakeun manusa pikeun nyumponan kaperluan hirupna ; **3** sagala rupa, boh nu ngawujud barang boh mangrupa sarana panunjang lianna nu teu ngawajud, spt parabot, waktu, jeung tanaga nu digunakeun pikeun ngahontal hasil;

-- **daya alam 1** sumber daya at kaayaan nu disadiakeun ku alam mangrupa mineral, kasuburan tanah, tanaga cai, kakayaan leuweung, fauna, jeung flora; **2** sagala kakayaan alam nu bisa dimangpaatkeun ku manusa pikeun ngahasilkeun sahiji hal; **3** sakabéh unsur daya lingkungan biofisk anu sacara poténsial bisa mawa kauntungan pikeun manusa;

**bersumber** *vi* asal (muasal); dumasar: *penyakit kejiwaan yg dideritanya -- dr perasaan tertekan* panyakit kajiwaan anu karandapan (ku manéhna) sumberna at asalna tina katekenna parasaan

**sum.bing** *a* suwing

[1]**sum.bu** *n* **1** benang (kapas sjb) nu dipaké jalan geusan nyerepna minyak ka bagian anu diseungeut (lampu, kompor jsb); 2 sumbu (dina pepétasan, mariem kuno): -- **meriam** sumbu mariem -- **mercon** sumbu merecon;

**bersumbu** *vi* boga sumbu; aya sumbuan: *kompor itu sudah* == éta kompor geus aya sumbuan;

**menyumbui** *vt* nyumbuan

[2]**sum.bu** *n* **1** pupurus; as roda: *pedati itu patah* -- padati téh potong as roda; **2** gurat lempeng anu sakurilingna simetri: -- **torak** sumbu taropong -- **bumi** gurat lempeng ti titik kutub kalér ka titik kutib kidul; pupurus bumi

[3]**sum.bu** (-- **badak**) *n* cula badak; *badak* -- badak anu culana gedé, *Rhinoceros sondaicus* su.mo n gulat tradisional Jepang

**sum.pah** *n* **1** ngucapkeun omongan anu maksudna ménta disaksian ku Allah yén henteu bohong at moal jalir jangji; sumpah: *perkataannya itu dikuatkan dng* -- omonganana téh dikuatkeun ku sumpah; *taat* -- satia at nurut kana sumpah anu diucapkeun; *menteri yg baru diangkat itu mengangkat* -- menteri anu anyar diangkat téh ngaikrarkeun sumpah; **2** jangji at ikar anu kuat (rék nohonan hiji hal): *seorang karateka harus menghayati -- dan pedoman karate* hiji karateka kudu nedunan jangji jeung padoman karaté;

-- **palsu** ucapan hiji saksi nu disumpah dina sidang pangadilan anu ngandung katerangan henteu bener, -- **pocong** sumpah bari ngalér nyirah ngalér, nyanghareup ka kulon (kiblat) di masjid jeung maké kaén kafan (boéh) saperti mayit;

**bersumpah** *vi* **1** netelakeun benerna hiji hal at kasatiaan kalawan sumpah; ngangkat sumpah: *Presiden harus == setia kpd Undang-undang Dasar* Présiden kudu ngangkat sumpah satia kana Undang-undang Dasar;

**penyumpahan** *n* prosés, cara , kalakuan ngangkat sumpah; panyumpahan: *== pegawai negeri sipil dilakukan secara masal* carana ngangkat sumpah pagawé negri sipil dilakukeun babarengan

**sum.pek** *a* **1** teu tengtrem (teu senang haté); marudah: *yg penting saya ingin bercerita supaya hati saya tidak* -- nu penting kuring hayang nyarita supaya haté kuring henteu marudah; **2** sesek; sumpeg; heureut: *kampung itu semakin -- karena kebanyakan penduduk dan rapatnya rumah-rumah kumuh yg létaknya berderet* kampung téh tambah sesek baé lantaran kalobaan teuing padumukna jeung patéléépna imah-imah kumuh anu ngajajar; **3** ngarasa teu ngeunah (nénjo jsb hiji barang) : *saya -- kalau melihat pakaian kotor bergelantungan* kuring ngarasa teu ngeunah (sareukseuk) mun nénjo pakéan kotor ngagarantung; **4** eungap, henteu seger hawana: *tidak tahan berlama -lama tinggal di kamar kosnya yg -- tanpa jendela* teu tahan lila-lila cicing di kamar panganjrekanan anu eungap tanpa jendéla; **kesumpekan** kamarudahan: *ia merasa lega setelah menceritakan == hatinya itu kpd teman karibnya* manéhna ngarasa ngemplong sangeus nyaritakeun kamarudahan haténa ka sobat dalitna

**sum.sum** *n* sungsuam: *bubur* -- bubur anu dijieun tina tipung béas; *(sampai) ke tulang* -- nepi ka tulang sungsuam (tiris pisan); **menyungsum** *vi* nepi ka tulang sungsuam; nepi ka jero tulang; (ka) jero pisan: *dl udara dingin yg ==, dia berdiri terbungkuk-bungkuk menahan terpaan angin yg bertiup kencang dan membekukan* dina hawa tiis nu nyecep ka jero-jero tulang, manéhna nangtung dodongkoan nahan gelebugna angin tilis anu matak kimpel getih

**su.mur** *n* **1** sumber cai jieunan ku cara ngali taneuh; **2** lombang at liang anu ngahaja dijieun nembus lapisan taneuh geusan ngahasilkeun cai,

minyak, at gas; **3** sumur, tempat ngala cai;

-- **artesis** sumur bor nu nembus lapisan batuan anu ngandung cai di daérah artésis;

-- **bor** sumur anu dikalina kalawan ngagunakeun bor ka jero taneuh;

-- **buta (mati)** sumur anu geus saat (henteu dipaké deui);

-- **penemuan** sumur éksplorasi anu ngahasilkeun lapangan minyak anyar;

-- **perintis** lobang bor eksplorasi pikeun naratas hiji daérah anu tacan kungsi kagarap dina sajeroning usaha néangan sumber minyak at gas

**su.nah** *n* **1** jalan anu biasa dipilampah; kabiasaan; **2** aturan agama anu didasarkeun kana sagala rupa anu ditulad (diconto) ti Nabi Muhammad saw, boh paripolahna, kasauranana, sikepna, boh kabiasaanana anu teu kungsi dikantunkeun ku mantenna; hadis: -- **rasul** sunah anu dicontro ti rasul; sunah nabi; **3** pagawéan anu lamun dilakonan meunang pahala jeung lamun teu dipigawé teu matak dosa: *ia rajin berpuasa -- setiap hari Senin dan Kamis* manéhna getol puasa sunah unggal poé Senén jeung Kamis;
**disunahkan** dan dianjurkeun migawéna (tapi teu diwajibkeun): == *sembahyang berjamaah di mesjid* disunatkeun at dianjurkeun salat berjamaah di masjid

[1]**su.nat** *n* sunat (=keureut) kulup;
**bersunat** disunatan; disepitan (*lem*); dikeureut at dipiceun kokocopna (rarangan lalaki): *anak itu sudah* == éta budak geus disunatan; **menyunat** ngeureut kokocop (kulup); nyunatan; ki motong (gajih jsb) kalawan henteu sah: *ada pihak yang tega == pesangon pekerja yg terkena PHK* aya pihak anu téga motong pasangon pagawé anu kakeunaan PHK; **penyunatan** prosés, cara, pagawéan nyunatan

[2]**su.nat —> sunah**

**sun.dul, menyundul** *v* nyundul, nandukkeun sirah: *pemain tengah nomor 10 itu dng tepat == bola ke gawang lawan* pamaén tengah nomer 10 téh keuna pisan (meneran) nyundul bal ka gawang lawan; **sundulan** *n* hasil nyundul: == *nya menjebolkan gawang lawan* sundulanana ngalantaraneun jebolna gawang lawan

**su.ngai** *n* walungan;

**hulu** -- sirah walungan, walungan beulah luhurna;
**anak** -- walungan leutik, cabang walungan;
**menganak** -- *ki*, ngocor terus-tumerus; ngoprot (késang jsb)

**sung.guh** *a* **1** saenyana; bener; cocog jeung kaayaan sabenerna (henteu bohong): *saya sangsi apakah janjinya itu -- dan dapat dipercaya* kuring cangcaya naha jangjina téh bener jeung bisa dipercaya; **2** bener-bener; kalawan haté gembleng
**kesungguhan** *n* hal (pagawéan) temen-tinemenan (satemenna): *dng == hati ia mengerjakan tugas yg diberikan kepadanya tanpa memikirkan upah* kalawan temen wekel manéhna ngagarap pancén anu dipasrahkeun ka manéhna tanpa mikirkeun buruhna

**sung.kur, menyungkur** *vi* **1** nyuruntul: *kerbau itu == hendak menanduk* munding téh nyuruntul arék nanduk; **2** ngajungkat-jungkatkeun barang nu aya dina taneuh at taneuhan ku bangus spt kabiasaan bagong: *kawanan babi itu == ubi dan bangkuang di ladang itu* saabrulan (gorombolan) bagong nyungkur hui jeung bangkuang di éta kebon;
**tersungkur** *v* tikusruk; tisusut (labuh nangkub sarta beungeut heula anu keuna kana taneuh): *ia == dr kursinya* manehna tikusruk tina korsina

**sung.sang** *a* **1** tibalik (nu diluhur jadi di handap, nu ti hareup jadi ti tukang); jungkir: *dl pertunjukan akrobat itu anak-anak senang melihat orang berjalan --* dina tongtonan akrobat tén barudak resep nénjo jelema lumpang sungsang; **2** (**letak** --) suku di handap, sirah di luhur (kaayaan orok dina kandungan anu rék lahir): *tidak sedikit anak yg lahir --* henteu saeutik budak nu lahirna nyungsang

[1]**su.ngut** *n* kumis sato: -- *jangkrik* kumis jangkrik; -- *kucing* kumis ucing

[2]**su.ngut, bersungut-sungut** *vi* gegelendeng: *setelah terjadi tawar -menawar tt harga barang itu, orang itu membayar juga meskipun dng ==* sanggeus kajadian adu tawar ngeunaan harga barang, éta jalma mayarna téh bari jeung gegelendeng

**sun.tik** *n* suntik; **jarum** -- parabot kadokteran anu spt jarum tapi liangan paragi ngasupkeun ubar anu éncér ka jero badan ngaliwatan kuluwung getih;
**menyuntik** *vt* **1** nyuat (cucuk tina kulit) ku jarum: *ia == duri dr kulit*

*dng menggunakan jarum berkarat* manéhna nyuat cucuk tina kulit ku jarum anu taihiyangan; **2** nyuntik; nginjéksi: *dokter telah == saya* dokter geus nyuntik kuring; **3** ngukir dina logam ku barang seukeut; **4** ***cak*** ngahatéan; ngahudang wawanén; méré pidutuh, naséhat jsb saméméhna kajadian: *kalau tidak ada yg == masakan ia berani menentang usul saya* lamun teu aya anu ngahatéan mah, moal enya manéhna wani nyulayaan usul kuring;
**suntikan** *n* **1** hasil nyuntik at ngainjéksi; **2** *cak* naséhat, dorongan

**[1]sun.ting** *n* hiasan (kembang jsb) anu dicocogkeun kana buuk at ditukangeun daun ceuli;
-- **hati** *ki* anak kadeudeuh

**[2]sun.ting** *v*, **menyunting** *vt* mémérés naskah citakeun, mémérés susunanana (sistematika), eusina, jeung basana; ngaédit: *pekerjaan == naskah yg betul-betul menjadi naskah siap cetak memerlukan ketrampilan khusus* pagawéan ngaédit (nyunting) naskah nu bener-bener ngajadikeun naskah sadia pikeun dicitak téh merlukeun kaparigelan husus;
**suntingan** *n* hasil pagawéan nyunting at ngaédit

**[1]sun.tuk** *adv* **1** geus tepi kana watesna (nepi ka teu bisa maju, terus, at naék deui); **2** geus liwat at béak: *telah -- waktunya* geus liwat (béak) waktuna; **3** jauh (peuting): *-- malam baru ia kembali* geus peuting manéhna balik; **4** kacida; pisan: *tua* -- kolot pisan; **5** sapanjang; jeput: *semalam* -- sapeuting jeput;
**tersuntuk** *adv* katahan; kahalang (nepi ka teu bisa maju, naék jsb)

**[2]sun.tuk** *a* **1** pondok; singget; **2** *ki* cupet (akal, pikiran): -- *akal* cupet akal; -- *pikiran* cupet at pondok pikiran

**sun.yi** *a* **1** sepi; jempling; tiiseun: *di malam* -- dina peuting nu sepi jempling; **2** kosong, teu aya jelemaan: *baru pukul 22.00 jalanan sudah* -- kakara pukul 22.00 jalan geus sepi (kosong, euweuh anu lalar liwat); **3** henteu réa transaksi (kasaluyuan jual beuli); teu loba anu meuli (dina dagang): *pasar uang mulai* -- pasar duit mimiti sepi; **4** bébas (leupas, teu keuna ku): *tiada manusia yg -- dr kesalahan* teu aya manusa bébas tina kasalahan;
**kesunyian** *n* **1** kasepian; katingtriman: *siulan burung itu memecah == malam itu* disadana éta manuk meupeus katingtriman peuting éta

**su.pa.ya** *p* supaya; sangkan: *beberapa kali dia mencoba meminta -- diizinkan menggadaikan tanah warisan ibunya* sababaraha kali manéhna nyoba ngénta supaya diidinan ngagadékeun tanah warisan idungna; *dijemur -- kering* dipoé sangkan garing

**su.pel** *a* pinter campur gaul; pinter nyaluyukeun diri : *paman memang -- dl pergaulan* paman memang pinter dina campur gaul

**su.per** *a* **1** luar biasa; leuwih ti nu lian: *ada sarjana yg merasa dirinya --* aya sarjana anu ngarasa dirina punjul ti nu lian; **2** kacida; pisan: *penyanyi bar itu memakai pakaian yg -- ketat* penyanyi bar téh maké pakéan anu kacida merecetna

**su.plai** *n* **1** urusan bekel (perbekalan); pasadiaan barang-barang anu dipikabutuh jeung bisa diayakeun;
**menyuplai** mikeun bekel (pikeun pasadiaan) barang-barang anu diperlukeun: == *makanan untuk pengungsi* mikeun bekel kadaharan pikeun kaperluan pangungsi

**sup.le.men** /suplemén/ *n* **1** panglengkep; anu ditambahkeun pikeun ngalengkepan; **2** bagian ékstra (panambah) dina surat kabar, majalah jsb: *majalah hiburan itu menerbitkan -- khusus dl menyambut Tahun Baru* majalah panglipur téh medalkeun panambah (edisi) husus dina mapag Taun Anyar

**su.por.ter** *n* jalma anu méré pangrojong (sokongan jsb) at ngabobotohan (dina pertandingan jsb)

**sup.re.ma.si** /suprémasi/ *n* kaunggulan nu pangluhurna; supremasi: *piala Thomas merupakan lambang -- perbulutangkisan beregu putra* piala Thomas mangrupa lambang suprémasi perbulutangkisan regu putra

**su.rah** *n* bagian at bab (surat) dina Qur'an (kitab suci Qur'an ngandung 114 surat): *--Al–Fatihah* surat Al-Fatihah *--Al-Ikhlas* surat Al-Ikhlas

**su.ram** *a* **1** kurang caang; surem; kurang sehat cahayana: *bulan pun -- seakan-akan ikut bersedih* bulan ogé surem kawas milu sedih; **2** angkeub; mendung: hari pun -- poé ogé angkeub; **3** bureng; henteu hérang (panon): *matanya sangat --, seakan-akan sudah lepas nyawa*

*dr tubuhnya* panonna kacida burengna, kawas geus leupas nyawa tina badanna; **4** kucem; semu susah (beungeut): -- *saja mukanya sehari ini* kucem baé bengeutna sapoé ieu; **5** bureng; surem; teu hérang (kaca, inten, jsb); henteu gumebyar (emas, pérak jsb); **6** *ki* susah: *hidupnya semakin hari semakin* -- hirupna tambah poé tambah susah

**su.rat** *n***1** kertas anu ditulisan, hususna anu dikirimkeun ka batur pikeun nepikeun béja jsb; surat: *menerima -- dr ayahnya* nampa surat ti bapana; **2** salambar kertas minangka tanda at katerangan; kartu: -- *tanda anggota* kartu tanda anggota; **3** tulisan (anu tinulis): *menemukan batu yg ada -- nya* manggihkeun batu anu aya tulisanana; *tahu di mata -- ki* bisa maca; -- **anonim** surat kaleng; -- **buta** surat anu teu ditulis ngaran jeung alamat nu ngirimna; surat budeg; -- **cerai** surat talak; -- **dinas** surat dines; -- **edaran** surat anu diiderkeun; sirkulasi; -- **gadai** surat gadé; -- **hibah** surat pamindahan hak milik (tanah jsb) dina waktu anu bogana hirup kénéh; -- **kawat** telegram; -- **tugas** surat paréntah; -- **undian** lotré; -- **wasiat** surat anu eusina wasiat ti hiji jalma pikeun dilaksanakeun sanggeus manéhna maot;
**menyurati** *vt* **1** nulisan; nulis dina; **2** nyuratan; ngirim surat ka : *sudah lama ia tidak -- ku lagi* geus lila manéhna teu nyuratan deui ka kuring;
**suratan** *n* **1** tulisan: == *kitab itu sudah tidak terbaca lagi* tulisan éta kitab geus teu kabaca deui; **2** garis-garis dina dampal leungeun; **3** nasib; titis-tulis; bagja cilaka nu geus ditangtukeun ku Pangéran; == **takdir** nasib
== **tangan 1** garis-garis dina dampal leungeun; **2** nasib; kulak canggum; titis-tulis

**sur.ga** *n* sawarga; sorga

**sur.ga.wi** *a* miboga sipat sorga (langgeng, abadi); sorgawi

**sur.plus** *n* sésa; kaleuwihan (boga hasil anu ngaleuwihan kaperluan): *daerah itu merupakan daerah -- padi* éta daerah mangrupa daérah nu hasil paréna ngaleuwihan kaperluan

**su.ruh** *n* parentah; titah;
**menyuruh** *vt* **1** maréntah; nitah: *dia == peragawati duduk dl berbagai pose* manéhna nitah paragawati diuk dina rupa-rupa pose; **2**

nitah supaya ka ...; ngutus: *orang tuaku: == kakak segera ke rumah sakit* kolot kuring nitah lanceuk gancang ka rumah sakit;

**pe.su.ruh** *n* jalma anu dititahan; jalma anu dititah

**su.ruk, menyuruk** *vt* **1** nyusup bari ngorondang at dodongkoan: *seorang diantaranya == ke dl semak belukar* saurang di antarana nyusup ka jero gerembel, nyumput, numpi; == di balik lalang sehelai ( == di balik lumbung), *pb* nyumputkeun barang anu gampang at enggeus kanyahoan ku jelema

**su.rut** *a* **1** mundur; balik (ka): *langkah sudah terlantarkan tidak dapat -- lagi* léngkuh geus kaléngkahkeun teu bisa mundur deui; *berlaku -- dr April* lumaku (lakuna) mundur ti April; **2** susud; ngurangan; leler (napsu jsb) : *hingga jauh malam api kebakaran itu belum -- juga* nepi ka peuting pisan seuneu kahuruan téh tacan kénéh ngurangan; **3** turun; surud; ngurangan (beungeut cai sanggeus pasang naék): *apabila air --, batu karang itu kelihatan* lamun cai surud, batu karang téh katingali;

**menyuruti** *vt* **1** ngurangan; nyusudan; **2** malikan;

== **istri** ngawin deui awéwé anu kungsi diserahkeun; malikan popotongan

**sur.vai** *n* **1** téknik risét (panalitian) geusan ngayakeun pamariksaan, panalungtikan, paninjowan: *hasil -- tanah di daérah itu membuktikan bahwa tanah itu mengandung biji besi* hasil pamariksaan tanah di éta wewengkon ngabuktikeun yén tanah téh ngandung bijih beusi; **2** pangukuran (tanah)

**menyurvai** *vt* **1** mariksa; (nyurvai); nalungtik; ninjow; naliti: *pihak kontraktor telah menyatakan kesediaannya == daerah yg akan dipakai untuk mendirikan pabrik makanan kaleng itu* pihak kontraktor geus nyanggupan nyurvéi (mariksa) daérah anu rék dipaké ngadegkeun pabrik makanan kaléng; **2** ngukur (tanah)

**sur.ya** *n* panonpoé

**tata --** sistem (hal-ihwal kaayaan at pernahna) panonpoé jeung planét-planét nu ngurilinganana

**sur.ya.kan.ta** *n* kaca bunder (pikeun nénjo barang supaya katénjona gedé; lénsa; kaca pembesar

**su.sah** *a* **1** rasa henteu senang (ku sabab hésé, sulit, beurat jsb): *-- benar memenuhi permintaannya* susah pisan nyumponan paméntana; **2** ngarasa teu tengtrem; marudah; hariwang; ketir; sedih: *bukan main -- hatinya menerima kenyataan pahit itu* lain heureuy sedih haténa narima kanyataan pait téh; **3** teu gampang; hésé: *masalah itu -- sekali mengatasinya* éta masalah hésé pisan ngungkulanana; **4** miskin; kakurangan: *hidupnya kini serba --* hirupna kiwari sarwa kakurangan;

**menyusahkan** *vt* **1** ngalantarankeun susah; nyusahkeun: *dr kecil kerjanya tidak lain hanya -- orang tuanya* ti leuleutik gawéna taya lian ngan nyusahkeun kolotna; **2** ngahésékeun; nyulitkeun: *kejahatan yg dilakukannya telah -- ayahnya yg pejabat tinggi di kota itu* kajahatan nu dipigawéna geus ngahésékeun bapana anu luhur kalungguhanana di éta kota; **3** nandangan sedih ku lantaran hiji hal; mikasedih: *ia == suaminya yg dikabarkan gugur di daerah itu beberapa hari yg lalu* manéhna nandangan sedih ku lantaran salakina kabéjakeun tiwas ti éta daérah sawatara poe nu kalíwat

**kesusahan** *n* ngarandapan at nandangan kasusah, kasedih, jsb: kasulitan; kasusahan; kamiskinan: *musibah yg berturut-turut menyebabkan == yg berkepanjangan* musibah anu noron ngalantarankeun nandangan kasusah nu kapanjangan

**su.si.la** *a* **1** hade budi basana; sopan; adab; tartib: *semua orang akan senang melihat remaja yg -- thd orang tua* sakabeh jalma bakal senang ningali rumaja (anu ngora) hade budi basana ka kolot; **2** adatistiadat anu hade; sopan santun; kasopanan; kaadaban : *orang yg merasa terpelajar sudah seharusnyalah mengenal --* jalma anu ngarasa terpelajar geus samistina nyaho kasopanan;

**bersulsila** *vi* boga ahlak hade; boga sipat sopan, adab jsb

**sus.pen.si** /suspénsi/ *n* **1** kaayaan, palaksanaan panundaan at panangguhan hiji hal pikeun saheulaanan; **2** pamecatan (tina pagawean jsb (pikeun sawatar waktu; **3** barang encer at gas nu ngandung partikel-partikel lemes pisn anu teu bisa ajur; **4** sistem panggantungan roda mobil

**sus.ter** *n* **1** wanita nu jadi anggota perkumpulan karohanian anu hirup di biara: *-- itu sekarang tinggal di Biara Ursulin Bandung*;etasuster téh ayeuna cicing di Biara Ursulin Bandung; **2** cak juru rawat

**su.su** *n* **1** organ badan nu aya dina dada; buah dada; pinareup; **2** cai nu kaluar tina buah dada; cisusu;

-- **asam** cai susu anu geus ruksak (pecah) ku lantaran ngarekahanana bakteri dina éta susu nepi ka rasana oge jadi haseum;

-- **awet** susu anu diproses (diawetkeun) jeung bisa diteundeun lila kalawan teu jadi buruk;

-- **bubuk** (-- **tipung**) susu sapi anu digaringkeun jeung dijadikeun tipung;

--- **murni** susu anu masih asli spt dina waktu diperes jeung tacan dicampur bahan; -- **skim** cai susu nu geus dipisahkeun ti bagian susu nu ngandung lemak, nepi ka kader lemakna jeung vitaminna handap; -- **steril** susu nu diprosés ku cara dipanaskeunana dina temperatur luhur jero waktu anu singget; -- *tepung tanpa lemak* susu tipung tina cai susu diolah (digaringkeun) kalawan geus dicokot lemakna; -- *yg dipasteurisasi* susu nu diawétkeun ku cara dipanaskeun dina temperatur 80° C sajero 30 menit;

**menyusui** *vt* nyusuan; mikeun susu ka orok supaya dikenyot caina; mikeun cai susu ka : *binatang pd umumnya == anaknya sambil berdiri* sato umumna nyusuan anakna téh bari nantung;

**susuan** *n* anu: *anjing itu mempunyai anak == tiga ekor* éta anjing boga anak anu disusuan tilu

**su.sul, menyusul** *vt* **1** nuturkeun at ngudag anu dihareup: *dl perlombaan itu, ia dapat == lawan-lawannya melampaui garis finis* dina balap (lumpat), manéhna bisa nyusul lawan-lawanna ngaliwatan garis finis; **2** datang pandeuri; nuturkeun: *pertanyaan dikirim dahulu, jawaban == kemudian* pertanyaan dikirim ti heula, jawabanana nuturkeun engké *berangkatlah kamu dahulu, sebentar lagi saya == ke sana* bral miang manéh ti heula, sakeudeung deui kuring nyusul ka dinya; **3** nyusul; gudag: *dng susah payah ia == ketinggalannya dl pelajaran di sekolah yg baru* kalawan hésé capé manéhna gudag katinggaleunana dina pelajaran di sakola nu anyar; **4** nuturkeun tapak; nalungtik: *sulit sekali == jejak kelahiran Gajah Mada* sulit pisan nalungtik tapak dilahirkeunana Gajah Mada; **5** nyambung (eusi) surat nu ti heula: *surat ini kami kirim == telegram yg kemarin* ieu surat dikirimkeun nyambung (eusi) telegram anu kamari

**su.sun** *n* **1** tumpuk: *dua -- pakaian bekas untuk fakir miskin* dua tumpuk pakéan urut pikeun fakir miskin; **2** susun: *mereka menyiapkan be-*

*berapa -- genteng pilihan untuk dipakainya sendiri* maranéhanana nyadiakéun sababaraha susun kenténg pilihan pakéeun sorangan; **3** rangkep; susun: *mawar bermahkota -- bukanlah mawar jenis baru* mawar (eros) makuta susun lain mawar (eros) anyar

**su.sup, menyusup** *v* **1** nyusup: *lubang kecil itu ternyata dapat juga dipakai tikus besar untuk ==* liang leutik téh nyatana bisa ogé dipaké beurit gedé pikeun nyusup; **2** asup at abus ka jero (leuweung, gerembel, jsb); nyusup: *rusa adalah binatang yg pandai == ke semak-semak apabila diburu* kijang kaasup sato nu pinter nyusup kana gerembel samangsa-mangsa diboro; **3** asup kalawan rerencepan ka daérah musuh; mubus ka daérah musuh; **4** nyerep: *bumbunya kurang -- pd daging itu* samarana kurang nyerep kana éta daging; *rupanya nasihat itu == juga dl hatinya* sigana naséhat téh nyerep ogé kana jero haténa;

**penyusupan** prosés, cara, kalakuan nyusup at nyusupkeun ......: *sebaiknya kita menolak semua == kebudayaan asing yg merusak generasi muda* sapantesna urang nolak sakabéh panyusupan kabudayaan asing anu ngaruksak generasi ngora

[1]**su.sur** *n* **1** pinggir; sisi: *-- bantal itu semua berenda* sisi bantal (anggel) téh kabéh diréndaan,

-- **galur** silsilah katurunan; -- **tangga** tempat panyekelan dina tangga: *rumah susun yg sudah tua itu rapuh -- tangganya* imah susun nu geus kolot téh rapuh penyekelan tanggana;

**menyusur** *vi* leumpang (balayar jsb) sapanjang ...; mapay sisi: *nelayan itu berlayar == pantai* nalayan (tukang ngala lauk) téh balayar sapanjang sisi basisir (mapay sisi basisir);

**susuran** *n* alat anu dicekelan samangsa mapay sisi (tangga) supaya ulah labuh; tempat penyekelan: *== tangga* tempat penyekelan (dina) tangga

[1]**su.sut**, **1** jadi ngurangan: *modalnya -- krn banyak utang* modalna jadi ngurangan lantaran loba hutang; **2** murengked jadi pondok, leutik jsb; **3** turun (cai); surud: *permukaan sungai — setelah hujan mereda* beungeut (cai) walungan turun (surud) sanggeus hujan leler; **4** jadi begang: *badannya menjadi == setelah ditinggal suaminya* awakna begang sanggeus ditinggal (maot) ku salakina;

**penyusutan** *n* prosés, cara, kalakuan nyusudkeun, ngurangan, ngaleutikeun

[2]**su.sut, menyusuti** *vi* nyusut; ngusap; mupus lalaunan: *ia berkata perlahan sambil == air mata yy menetes di pipinya* manéhna ngomong lalaunan bari nyusut cipanon anu nétés di pipina

**su.te.ra** *n* jat mangrupa benang anu dihasilkeun ku hileud sutra; sutra;
**kain** -- kaén sutra;
-- **kembang** sutra dibordir; sutra nu disulam;
-- **tiruan** sutra anu dijieunna lain tina benang sutra asli (tina hileud sutra); sutra buatan (jieunan)

**su.tra.da.ra** *n* jalma anu méré arahan jeung miboga tanggung jawab dina masalah artistik jeung teknis (pamentasan drama, film jsb);
**menyutradai** *vt* **mingpin at ngatur sandiwara (film jsb);** nyutradaraan: *ia sudah pernah == film yg penuh dng adegan horor* manehna kungsi nyutradaraan film, sandiwara, anu pinuh adegan horor
**penyutradaraan** *n* prosés, cara, hal nyutradaraan sandiwara at film jsb; panyutradaran: *di bidang == dan produksi film, ia telah cukup berpengalaman* di widang panyutradaraan jeung produksi film, manéhna geus boga pangalaman

**su.ve.nir** *n* tanda mata; tanda katineung; cendramata; supenir: *setiap merayakan hari ulang tahunnya, ia selalu menerima berbagai -- dr sahabat karibnya* unggal ngayakeun pangéling-ngéling tepung taunna (tepung taun kalahiranana), manéhna salawasna narima rupa-rupa tanda katineung (supenir) ti sobat-sobat dalitna

**swa.da.ya** *n* tanaga (kakuatan) sorangan: *mesjid yg megah itu di bangun atas -- masyarakat setempat* masjid anu megah téh diadegkeun (diwangun) ku kakuatan sorangan masarakat satempat

**swa.kar.sa** *n* kahayang (karep) sorangan anu timbul tanpa paksaan (pangrojong) anu lian

**swa.karya** *n* hasil gawé (garapan) sorangan swakarya: *di Indonesia dewasa ini terdapat 43% desa swadaya dan 35% desa --* di Indonesia kiwari aya 43% désa swadaya jeung 35% desa swakarya

**swa.ke.lo.la** *n* dikokolakeun ku sorangan; pangelolaan sorangan; digarap ku sarongan, tanpa diatur ku batur

**swas.ta** *n* lain milik pamaréntah; partikulir: *sekolah -- banyak yg mendapat subsidi dr pemerintah* sakola swasta réa anu meunang subsidi ti pamaréntah;

**menswastakan** *vt* ngajadikeun swasta; ngaswastakeun: *Pemerintah Prancis berusaha menyebarluaskan pengertian kpd masyarakat ttg maksud pemerintah untuk memodernisasikan, ==, dan melakukan rekapitulasi masyarakat dan industri Prancis* Pamaréntah Prancis ... ihtiar nyebarkeun pengertian (papahaman) ngeunaan maksud pamaréntah ngayakeun modérnisasi, ngaswastakeun, jeung ngayakeun rekapitulasi (revisi struktur modal usaha) masarakat jeung industri Prancis

**sya.fa.at** *n* pitulung (hususna pitulung Nabi Muhammad ka umatna jaga di ahérat): *segala permintaannya telah dikabulkan oleh Allah Subhanahu wa Taala dng -- Nabi Muhammad saw* sagala paméntana geus dikabulkeun ku Allah Subhanaha wa Taala kalawan sapa'atna Nabi Muhammad saw

**sya.ha.dat** *n* **1** pangakuan kasaksian; **2** pangakuan at kasaksian iman-Islam minangka rukun Islam anu kahiji; **3** ijasah: *ia mempunyai -- bakalureat* manéhna boga ijasah bakaluréat

**sya.du** *a* hidmat; agung; mulya: *suasana -- pd malam natal itu menambah damai hatiku* suasana hidmat dina maleman Natal téh nambah tingtrim haté kuring

**sya.ir** *n* puisi (guguritan) anu sora panungtungna sarua;

**bersyair** *vi* keur ngarang sa'ir: *jangan di ganggu, ia sedang tekun ==* ulah diganggu, manehna keur saragep ngarang sa'ir; **2** maca (ngalagukeun) sa'ir; deklamasi: *anak itu sangat besar bakatnya dl ==* ; budak téh kacida gedé bakatna dina déklamasi sa'ir

**sya.rat** *n* **1** jangji (minangka paménta anu kudu dicumponan): *saya mau hadir dl rapat itu, dng -- saya tidak mau dipilih jadi pengurus* kuring daék datang kana éta; rapat kalawan jangji kuring embung dipilih jadi pengurus: **2** sagala hal anu perlu at kudu aya (sadia, dipimilik, jsb); **3** katangtuan (peraturan) anu kudu dilakukeun: *sebagai umat Islam kita harus selalu patuh kpd -- dan hukum Islam* minangka umat Islam urang kudu salawasna nurut kana katangtuan anu kudu dilakukeun jeung hukum Islam; 4 waragad (barang-barang jsb) anu

kudu dibikeun ka guru (penca, ngaji jsb) at dukun: *apa saja -- yang harus dipenuhi untuk belajar mengaji* naon baé saratna anu kudu ditedunan pikeun diajar ngaji

**syu.kur** *n* **1** nuhun ka Allah: *ia mengucapkan -- kpd Allah krn terlepas dr marabahaya* manéhna muji syukur ka Allah lantaran leupas tina balai; **2** untung (nétélakeun senang, suka, lugina): -- *lah suamiku tidak mengalami cedera dl kecelakaan itu* untung (baé) salaki kuring henteu ngalaman cidra dina éta kacilakaan;

**bersyukur** *vt* nganuhunkeun; ngucap sukur: *saya sangat ==, dia terhindar dr bahaya* kuring kacida ngnuhunkeunana, manéhna leupas tina balai;

**mensyukuri** *vt* nganuhunkeun lantaran hiji hal; ngucapkeun sukur ka salametan pikeun nganuhunkeun ka Allah (lantaran leupas tina bahaya, cageur tina gering parna, jsb): *Ibu membuat nasi tumpeng untuk == putrinya yg baru sembuh* Ibu numpeng pikeun sukuran (nyalametkeun) putrana (istri) anu kakara damang

**syukuran** *n* ucapan sukur; sukuran

# T

**ta.at** *a* **1** salawasna nurut (ka Pangéran, pamaréntah, jsb); taat: *Nabi Muhammad menyeru manusia supaya mengenal Allah dan -- kepada-Nya* Nabi Muhammad ngajak manusa supaya wanoh ka Allah sarta taat ka Mantenna; **2** satia: *Dewi Sinta melambangkan seorang istri yg --* Déwi Sinta ngalambangkeun hiji istri anu satia; **3** saléh, getol ibadah: *jadilah seorang muslim yg --* mugia jadi muslim anu saléh **menaati** *vt* nyumponan; nedunan; nyaosan (paréntah, aturan, jsb): *setiap pemakai jalan harus -- peraturan lalu lintas* sakur pamaké jalan kudu nedunan aturan lalar liwat;
**ketaatan** *n* **1** kasatiaan; **2** kaséléhan

**ta.bah** *a* teteg haté (teguh at kuat haté); wani; tabah: *kita harus -- dl menghadapi berbagai cobaan (ujian, kesulitan)* urang kudu tabah (kuat haté) dina nyanghareupan rupa-rupa cocoba (ujian, kasusah);
**ketabahan** *n* kateguhan haté; wawanén (kawani)

**ta.bel** /tabél/ *n* susunan ngaran, angka informasi séjénna anu diatur dina daftar;
-- **alfabetis** tabél anu susunanna nurutkeun abjad; indéks;
-- **kode** tabél nu digunakeun pikeun kode (sandi) atawa néangan harti kode;
-- **naskah** tabél nu biasana dumasar referénsi;
**menabelkan** nyieun at nyusun tabél

**ta.bi.at** *n* **1** tabé'at; budi at bubudén; waték; **2** kalakuan; tingkah laku; **bertabiat** boga watak; boga tabé 'at; boga kalakuan

**ta.bib** *n* **1** jalma anu pagawéanana ngubaran nu gering sacara tradisional spt dukun; **2** dokter;

**ketabiban** *n* **1** anu ngeunaan ubar-ubaran jeung cara ngubaran panyakit; **2** elmu tabih

**ta.bir** *n* tiré panghalang; aling-aling (kasang jsb): -- *dr kain putih itu memisahkan ruangan untuk kaum wanita dng ruangan untuk kaum laki-laki* aling-aling tina kaén bodas téh misahkeun rohangan pikeun kaom wanita jeung rohangan pikeun kaom lalaki;
-- **asap** haseup anu dikaluarkeun pikeun ngauban (nyumputkeun) kapal perang, gerakan pasukan jbs;
-- **surya** racikan éncér anu dipaké pikeun ngahalangan pangaruh cahaya panonpoé nu ngaruksak kulit;
**bertabir** *vi* **1** maké lalangsé at pipinding; **2** *ki* maké kedok
**menabiri** *vt* **1** méré lalangsé; pipinding; 2 ki nutupan; nyimbutan; mindingan: *tindakan itu hanya untuk == maksud jahatnya* éta tindakan téh ngan saukur mindingan maksud jahatna

**ta.blet** /tablét/ *n* **1** pél (ubar nu padet); **2** lémpéngan taneuh liat;
-- **mandi** racikan winangan tablét anu ngandung jat budah pikeun diajurkeun dina cai (keur) mandi

**ta.brak** *v*, -- **lari** kajadian tabrakan, nu nabrakna kabur ninggalkeun korban;
**menabrak** *vt* nabrak; nubruk; neunggar; ngalanggar: *sepedanya == tukang bakso* sepédana nabrak at nubruk tukang baso;
**tabrakan**; *n* tubrukan (mobil jeung motor jsb): *dl tabrakan itu dua orang meninggal dan tiga orang lain luka parah* dina éta tabrakan duaan tiwas jeung tiluan tatu parna

**ta.bu** *a* anu dilarang at dianggap suci (teu meunang dicabak, disebut jsb); larangan; pantangan; cadu;
**menabukan** nganggap cadu at larangan: *penduduk setempat == anak-anak gadisnya menikah dng pemuda daerah lain* urang lembur éta cadu barudak mojangna kawin jeung jajaka ti daérah séjén
**ta.buh** *n* **1** bedug (di masjid, tajug, jsb): *memukul -- sambil bertakbir*

nabeuh bedug bari takbiran; **2** parabot panakol tatabeuhan (gamelan jsb); **3** sora bedug minangka tangara: *terdengar -- panjang, siapa gerangan yg meninggal?* kadéngé (sora) bedug lambat at majang, saha nya anu maot?; *akan dijadikan -- singkat, akan dijadikan genderang berlebih pb,* sarwa tanggung; *masuk meliang penjahit, keluar meliang -- pb,* ngabalanjakeun (ngaluarkeun) duit leuwih gede at rea batan pangasilan;

**menabuh** nabeuh (bedug, gamelan jsb);

**tabuhan** *n* , == *rep-repan* tatabeuhan gamelan sarupa kaliningan tanpa bonang

**ta.bung** *n* **1** awi saruas pikeun teuteundeunan; ruas; katung; **2** kotak: -- *surat* kotak surat; **3** cengcelengan (tempat neundeun duit); **4** silinder (dina mesin);

**menabung** *vt* nyimpan (neundeun) duit (dina céngcéléngan, pos, bank, jsb); nyéngcéléngan;

**tabungan** *n* **1** tempat neundeun duit; céngcéléngan; **2** duit simpenan; **3** duit nu simpen di bank anu dicokotna kalawan maké sarat-sarat anu ditangtukeun

**ta.bur** *v,* **bertabur** **1** rénggé (hideung, beureum, jsb): *ayam* == hayam rénggé; **2** songkét: *kain* == kaén songkét; **3** membagi-bagikan (duit, sidekah, jsb): == *bederma* ngabagi-bagikeun derma;

**menabur** nyebarkeun (binih, kembang, jsb): == *benih padi* tebar binih paré; == *bunga di pekuburan* nawur kembang di kuburan

**ta.dah** *adv* anu dipaké nandéan: -- *cangkir* piring alas cangkir (pisin); -- *gelas* piring at alas gelas; -- *keringat* kaén panadah késang; kaén rangkep dina beuheung baju bagian jero;

== *mangkuk* piring at alas mangkok;

**penadah** *n* **1** anu dipaké pikeun nandéan at nadah; **2** pamaén nu panan atawa nadah bal (dina maén kasti); **3** jalma anu narima at jual beuli barang-barang maling; tukang tadah

**ta.di** *adv* tacan lila kaliwat; tadi: *siapa yg datang --* saha anu datang tadi; -- *ia duduk di sini* tadi manéhna diuk di dieu; **2** waktu nu anyar baé liwat: *dr -- ia belum duduk* ti tadi manéhna tacan diuk; **3** nu anyar kalimat; *malam --* peuting tadi; *pagi --* isuk-isuk tadi; *orang -- pergi* jalma tadi indit;

**tadinya 1** mimitina: *walaupun == tidak mau mengaku, akhirnya ia mengaku juga* sanajan mimitina teu dék ngaku, ahirna mah manéhna ngaku ogé; **2** satadina: -- *kami bermaksud menemui kakaknya* satadina kuring saréréa boga maksud nepungan lanceukna; **3** asalna; baréto: == *rumah itu berlantai tanah, tetapi sekarang sudah ubin* baréto mah imah ieu latarna taneuh, ayeuna geus ubin

**ta.fa.kur** *n* **1** tapakur; pamikiran; **2** mikiran at nimbang-nimbang kalawan enya-enya; **3** paweningan haté (cipta);
**bertafakur** *vt* ngayakeun tapakur; tapakuran
**menafakurkan** *vt* mikiran at nimbang-nimbang kalawan enya-enya

**taf.sir** *n* katerangan ngeunaan ayat-ayat Qur'an atawa kitab suci séjén nepi ka leuwih tétéla maksudna;
-- **harfiah** tapsir sakecap-sakecap
**menafsirkan** *vt* **1** nerangkeun maksud ayat-ayat Qur'an atawa kitab suci séjén; **2** ngahartikeun; néwak maksud omongan (kalimah jsb) henteu nurutkeun naon saayana baé, tapi diterangkeun ogé naon kandungan eusina nurutkeun pamanggihna sorangan: *masing-masing == pasal itu menurut kepentingannya sendiri* masing-masing napsirkeun pasal éta nurutkeun kapentinganana sorangan;
**tafsiran** *n* tapsiran; hasil panapsiran; interpretasi

**ta.han** *a* **1** tetep kaayaanana sanajan ngalaman rupa-rupa hal; teu gancang ruksak (robah, luntur, jsb); tahan: *kayu spt ini tidak -- kena panas matahari* kai saperti ieu henteu tahan keuna panas panonpoé; **2** kuat at sanggup nanggung sahiji hal: *petapa harus -- lapar dan -- menderita* tukang tapa kudu kuat nahan lapar jeung kuat nahan kanyeri; **3** betah; bisa ngawasa diri: *ia tidak -- tinggal di asrama* manéhna teu betah cicing di asrama; **4** sanggup jeung teu gancang ngarasa rujit (karunya jsb); tahan: *dia tidak -- melihat mayat korban pembunuhan* manéhna teu sanggup nénjo mayit korban rajapati (pembunuhan); *saya tidak -- mendengar rintihan anak itu* kuring teu tahan (sanggup) ngadéngé humaregungna éta budak; **5** cukup (nepi ka at wates): *persediaan air hanya -- untuk lima hari* sadiaan (cawisan) cai ngan cukup keur lima poé;
**menahan** *vt* **1** nahan; ngeureunkeun: *kami tidak dapat == kuda yg lari cepat itu* kuring saréréa teu bisa nahan éta kuda anu lumpat tarik;

**2** nyegah; nanggul: *dibuatkan tanggul untuk == banjir* dijieun tanggul pikeun nyegah banjir; **3** henteu ngantep leupas (terus lumangsung); nahan: *berusaha == kenaikan harga* ihtiar nahan naék harga; **4** nyangga sangkan henteu runtuh: *carilah bambu untuk == pohon itu* cing néangan awi keur nulak (nyangga) éta tangkal; **5** ngadalian (hawa napsu, kahayang, jsb); **6** henteu neruskeun; nahan: *kepala bagian kepegawaian itu -- surat lamaran saya* kapala kapagawéan téh nahan surat lamaran kuring; **7** teu ngidinan (indit, mangkat, jsb); nahan: *biarkan dia pergi, jangan Ibu --nya lagi* antép manéhna indit, ulah Ibu nahan manéhna deui; **8** ngurung dipanjara pikeun saheulaanan; nahan: *yang berwajib telah == beberapa orang yang diduga terlibat dl perampokan itu* nu wajib geus nahan sababaraha urang anu disangka kalibet dina éta kajadian ngarampog; **9** henteu méré nanaon (gaji, barang, jsb) ka anu boga hak; nahan: *bendaharawan pun tidak berhak -- gaji pegawai tanpa sebab-sebab yg jelas* bendaharawan ogé teu boga hak nahan gajih pagawé tanpa lantaran anu tétéla; **10** neundeun; nyimpen (cawisan, cadangan, jsb): **11** ngarandapan; nanggung: *tidak sanggup lagi == malu seberat itu* teu sanggup deui nanggung wiwirang sakitu beuratna; **12** nguat-nguat manéh sungkan tahan nahan: *== lapar dan haus* nahan lapar jeung halabhab (hanaang);

**tahanan** *n* **1** halangan; anu ngahalang: *dapat meluncur terus krn tak ada ==nya* nyorodot terus lantaran teu aya anu ngahalanganana; **2** jalma anu ditahan lantaran dituduh ngalakukeun tindak pidana at kajahatan; barang jsb anu ditahan; **3** panjara; tempat nahan: *kabur dr --* kabur ti tahanan (panjara);

**penahan** *n* jalma (sahiji hal) anu nahan

**ta.hap** *n* panta; hambal; darajat; tahap: *rencana pembangunan -- pertama* rancangan pangwangunan tahap kahiji;

-- **coba-coba** tahap kamekaran budak (rumaja) dina waktu manéhna nyoba-nyoba kamampuh hirupna anu leuwih jembar;

-- **oral** mangsa budak leutik ( nepi ka umur genep bulan) hayang ngasupkeun naon-naon nu bisa dicekel kana sungutna;

**penahapan** carana ngabagi tahap-tahap; panahapan: *== disesuaikan dng anggaran yg tersedia tiap tahun* panahapanana disaluyukeun jeung anggaran anu disadiakeun unggal taun

[1]**ta.hu** *v* **1** ngarti sanggeus ningali (nyaksian, ngalaman, jsb); nyaho: *ia -- benar bahwa saya yg menolongnya* manéhna nyaho pisan yén kuring anu nulunganana; **2** wawuh; kenal: *tidak -- akan sanak keluarganya lagi* henteu wawuh (nyaho) ka sanak barayana deui; **3** miroséa; maduli: *ia sudah tidak mau -- lagi kpd anaknya* manéhna geu hayang teu miroséa (maduli) deui ka anakna; **4** ngarti: *siapa yg -- apa maksud tanda ini?* saha anu ngarti naon maksudna tanda ieu? **5** pinter; bisa: *sedikit-sedikit -- juga saya tt mesin* saeutik-saeutik bisa ogé kuring kana urusan mesin; **6** insap; sadar: *dia tidak -- akan kekurangannya* manéhna teu sadar kana katunaanana; **7** kungsi; rajeun: *petinju itu tidak -- menang* éta petinju henteu kungsi meunang; *adikku tidak -- membolos* adi kuring henteu rajeun (tara) bolos;

-- **adat** sopan, nyaho tatakrama; -- **di ahli lempang** mengerti dasar dasarna hiji élmu; ngarti mana anu hadé jeung mana anu goréng;

-- **di angin berkisar** nyaho kana robahna haté (maksud, karep) hiji jalma; -- *di kadar diri* ngarti kana kaayaan dirina (kalunguhan, jsb);

-- **sama** -- **1** dua pihakanana geus nyaho; **2** *cak* dua pihakana moal rék silih (pada-pada meunang kauntungan);

**mengetahui** *vt* **1** nyaho (kana); nyaksian: *kami belum == apa sebabnya dia tidak datang* kuring saréréa tacan nyaho naon sababna manéhna teu datang; **2** nyaho ku niténan ciri-cirina; ngenal: *saya -- si Ali dr suaranya* kuring nyaho si Ali téh tina sorana; **3** nyahoeun: *dia belum == bahwa pencuri itu sudah berada di kamarnya* manéhna tacan nyahoeun yén bangsat téh geus aya dikamarna;

**pengetahuan** *n* pangaweruh; kaweruh; kapinteran: *dia mempunyai == di bidang teknik* manéhna boga pangaweruh di widang teknik; *disekolah kami diajarkan juga == jahit-menjahit* di sakola kuring diajarkeun ogé kapinteran ngaput

[2]**ta.hu** *n* tahu; takoah; ngaran kadaharan tina aci kacang kadélé

**ta.hun** *n***1** mangsa anu lilana anu duabelas bulan, taun; *ia pernah bekerja di luar negeri selama dua --* manehna kungsi digawé di luar nagri lilana dua taun; **2** bilangan anu nétélakeun tarih: *ia dilahirkan -- 1940* manéhna dilahirkeun taun 1940; **3** mangsa duabelas bulan nu ka ...: *majalah Tempo -- II no. 6* majalah Tempo taun II nomor 6; **4** mangsa duabelas bulan keur ... : -- *buku* taun buku;

-- **akademi** waktu anu digunakeun pikeun diajar at kuliah di sak-

abéh tingkat paguron luhur; -- **buku** mangsa pikeun balitungan duit (keuangan) dina perdagangan (biasana ti tanggal 1 Januari nepi ka 31 Desember); -- **cahaya** hiji ukuran dina astronomi, di antarana 1 sekon (detik) cahaya = 300.000 kilo meter; -- **fiskal** dangka waktu duabelas bulan anu digunakeun ku dunya usaha at pamarentah tumali jeung urusan pajeg (pangasilan nagara); -- **hijriyah** taun (kalender) anu mimiti itunganana ti waktu hijrahna Nabi Muhammad saw ti kota Mekah ka kota Madinah; -- **kabisat** taun anu lilana 366 poe (sabab bulan Fébruari nepi ka tanggal 29);

**bertahun-tahun** *adv* sababaraha taun lilana

**ta.jam** *a* **1** seukeut: -- *spt pisau cukur* seukeut saperti peso cukur; **2** mencos: *tongkat yg berujung* -- iteuk anu tungtungna mencos; **3** gancang bisa ngalakukeun sahiji hal (nenjo, ngadenge, jsb): *kucing -- penglihatannya* ucing seukeut panenjona; **4** katenjona galak at garang: **5** pedes; keras (kuat) *mendapat kritik yang sangat* -- meunang pangwada anu kacida pedesna; **6** gampang ngarti (akal, pikiran, jsb); seukeut: *kurang -- otaknya* kurang seukeut uteukna; **7** gampang nimbulkeun rasa peurih at nyeri; seukeut: *air sabun ini -- benar, barangkali banyak sodanya* ieu cai sabun teh seukeut pisan, meureun loba sodana; **8** kacida (nyata) eces: *terdapat perbedaan pendapat yang -- antara mereka* aya pasalia pamanggih anu kacida nyatana antara maranehanana; gambar di layar Televisi itu kurang -- gambar dina layar Televisi teh kurang eces;

-- **mata** awas; -- **mulut** omonganana matak nganyerikeun hate; -- **otak** pinter; -- **pikiran** pinter; -- selera seneng kana sagala kadaharan; -- **siasat** taliti pisan; kacida telikna;

**ketajaman** *n* hal (sipat) seukeut; kaseukeut

[1]**ta.juk** *n* **1** makuta (perhiasan mastaka); **2** perhiasan sirah saperti omyok tina kembang jieunan anu dicocogkeun kana buuk (konde) nepi ka katenjona nyodor ka luhur; **3** kili-kili (rante jangkar) anu dipasangkeunana nyodor dina sisi parahu;

[2]**ta.juk** *n* undakan; hambalan; umpakna

-- **mahkota** **1** hiasan kembang dina makuta; **2** *ki* nu dipuja-puja; nu dipikacinta (dipikadeudeuh); kakasih; -- **rencana** karangan lulugu (poko) surat

**bertajuk-tajuk** *adv* umpak-umpakan

**menajuk** (sbg tajuk) nyodor; katénjona luhur

**ta.kar** *n* **1** ukuran eusi (liter jsb); taker; **2** pariuk;
**menakar** *vt* **1** naker; ngukur lobana barang éncér, béas, jsb: *== minyak dng literan* naker minyak ku literan; **2** ngawatesan jumlah *kita harus == jatah mereka dng adil* urang kudu ngawatesan jatah maranéhanana kalawan adil;
**takaran** *n* **1** parabot pikeun naker; literan jsb; **2** *ki* ukuran: *kadar gula yg terkandung di dl darah pasien itu sudah melebihi* == kadar gula anu aya dina éta pasién geus ngaleuwihan ukuran;
*== sudah hampir penuh, ki* geus kolot (téréh paéh);
== **ambang** takeran nginum anu nimbulkeun ngangguan
== **kehidupan** jumlah duit nu digunakeun pikeun waragad hirup saurang kalawan cukup

**tak.dir** *n* **1** katangtuan Allah; nasib; kadar; titis tulis; perkara nu geus dipastikeun ku Allah: -- *Tuhan, akhirnya kutemukan anak yg hilang itu* takdir Allah, ahirna mah kapanggih ku kuring budak anu leungit téh; *ikhtiar menjalani, -- menyudahi* ihtiar (nu) ngajalankeun, takdir (nu) nganggeuskeun; **2** lamun seug; saupamana:
-- *nya apa-apa dng diri abang kpd siapa kami akan bergantung* saupamana kajadian naon-naon ka diri akang ka saha kuring baris nyalindung;
-- **Ilahi** takdir Allah
**menakdirkan** (Allah) nangtukeun leuwih ti heula (ti ajalina): *Tuhan sudah == perkawinan kita* Allah geus nakdirkeun (perkawinan urang)

**takh.ta** *n* singgasana; korsi karajaan; tempat linggih raja;
-- **kerajaan 1** korsi karajaan (tempat linggih raja); singgasana; **2** kakawasaan raja;
**bertakhta** *vi* **1** jadi raja; maréntah (nagri); nyekel kakawasaan; *siapa yg == di kerajaan itu pertama kali?* saha anu nyakrawati (maréntah) di éta karajaan nu munggaran? **2** linggih: *pd waktu itu raja Mataram == di Kartasura* dina waktu éta (harita) raja Mataram linggihna di Kartasura

**takh.yul** *n* **1** anu ngan aya dina ciptaan wungkul; tahajul; *banyak orang kampung yg masih percaya kpd* -- loba urang kampung anu masih

kénéh percaya kana tahajul; kapercayaan ka anu dianggap aya (tapi sabenerna mah teu aya) at dianggap sakti (tapi sabenerna mah teu sakti): *membersihkan hati umat dr segala* -- ngabersihkeun haté umat tina sagala tahayul

**tak.jub** *a* kagét; héran (ku kahébatan, kaéndahan, jsb); hélok: *wisatawan asing -- akan keindahan negeri kita* wisatawan asing hélok ku kaéndahan nagri urang;

**ketakjuban** *n* kaheranan, kahélokan: == *arsitek Barat thd konstruksi Candi Borobodur dapat dipahami* kahélok (anana) arsitek Barat kana konstruksi Candi Borobudur bisa kaharti

**tak.luk** *v* ngaku éléh jajatén sarta masrahkeun diri ka musuh; taluk: *Pangeran Diponegora tidak mau -- kpd penjajah* Pangeran Diponegoro henteu kersa taluk ka pihak nu ngajajah;

**menaklukan** *vt* nalukkeun; ngéléhkeun: == *musuh* nalukkeun musuh; == *nafsu* nalukkeun napsu;

**penakluk** nu nalukkeun;

**penaklukan** cara nalukkeun

**tak.si** *n* mobil (biasana sédan) séwaan;

-- **liar** taksi anu operasina tanpa idin resmi (sacara gelap);

-- **resmi** taksi anu operasina kalawan idin resmi

**tak.sir** *n* kira-kira; itungan (kasar);

*kurang -- , hilang laba, pb* lamun kurang ati-ati, bisa jadi ngadatangkeun karugian (kasulitan, jsb)

**menaksir** *vt* ngira-ngira (harga, lobana barang, jsb): *ia == harga sepeda motor ini dua ratus ribu rupiah* manéhna ngira-ngira harga sepéda ieu dua ratus rébu rupia

**tak.tik** *n* rangcangan garapan anu diatur geusan ngahontal tujuan; siasat; muslihat: -- *perang gerilya semakin mantap* siasat perang gerilya tambah mantep; *dng -- yg jitu akhirnya ia berhasil menangkap penjahat itu* kalawan muslihat anu cepet pisan manéhna bisa hasil nangkep éta nu jahat

**ta.kut** *a* **1** sieun: *anjing itu jinak, engkau tak perlu* -- ieu anjing lindeuk, manéh ulah sieun; **2** takwa; ajrih jeung hormat: *hendaklah kita -- kpd Allah* urang kudu takwa ka Allah; **3** teu wani (milampah, ngaran-

dapan, jsb): *hari sudah malam, aku -- pulang seorang diri* geus peuting, kuring teu wani balik sorangan; 4 hawatir; salempang; *digenggam -- mati, dilepaskan -- terbang* digenggam (dicekal) sieun paéh, dileupaskeun sieun hiber;
-- **bayang-bayang** sieun ku kalangkang; rasa sieun tanpa alesan;
**ketakutan** *n* **1** hal sieun; kaayaan sieun; **2** kasieunan; **3** kasungkan; 4 kasalempang; kahawatiran; **5** dina kaayaan sieun

**tak.wa** *n* **1** kapiarana sipat diri pikeun tetep taat ngalaksanakeun paréntah Allah jeung ninggalkeun sagala rupa anu dilarang ku Mantenna; **2** kainsapan nu dibarengan ku kasatiaan jeung kataatan dina ngalaksanakeun paréntah Allah jeung ngajauhan sagala rupa anu dilarang ku Anjeunna; 3 kasaléhan hirup;
**bertakwa** *vi* ngajalankeun takwa
**ketakwaan** *n* hal takwa

**ta.lak** *n* pipisahan dina hukum Islam antara awewe salaki kalawan kahayang salaki; pepegatan; *bercerai sudah, -- tidak, pb* geus pipisahan, tapi tacan sah diserahkeun;
-- **tiga** talak tilu; pepegatan anu teu meunang ruju deui iwal mun awéwéna kungsi kawin ka lalaki séjén jeung engkéna diserahkeun;
**menalak** *vt* ngaragragkeun talak; nyerahkeun (pamajikan)

[1]**ta.lang** *n* ngaran lauk laut, Chorinemus lysan

[2]**ta.lang** *n* jalan cai tina awi, séng, jsb paranti nendéan cihujan tina suhunan at ngocorkeun (meuntaskeun) cai luhureun jalan at walungan

[3]**ta.lang** *n* perantara dina jual beuli; makelar;
-- **kuda** jalma nu jadi perantara dina ngajual kuda;
-- *pati* ngabéla kalawan sanggup ngorbankeun jiwa raga: *pemuda siap menjadi -- pati negara, terutama jika negara dalam keadaan bahaya* pemuda sayaga béla pati ka nagara, utamana mun nagara aya dina jero bahaya;
**menalangi** *vt* **1** méré injeuman duit keur meuli hiji barang; **2** meuli barang keur batur anu engkéna dibayar ku nu dipangmeulikeun

**ta.las** *n* taleus, tutuwuhan sabangsa bolang anu sok beutian, pucukna jeung lompongna bisa diangeun (disayur), beutina jadi kadaharan lulugu di Irian, *Colocasia esculenta;*

-- **bentul** taleus nu tangkalna héjo nu méh sarua jeung taleus mantéga; -- **mentéga** taleus mantéga, anu tanggkalna hideung, beutina konéng spt warna mantéga jeung teu ateul sanajan didahar atah

**ta.li** *n* **1** barang leuleus tapi liat paranti bangkat-beungkeut, nyancang, jsb (dijieun tina bahan tapas kalapa, injuk, plastik, jsb); **2** *ki* hubungan, perkara anu dianggap jadi pamengkeut: *persaudaraan* ngaraketkeun hubungan kabarayaan (kaduluran); -- *jangan putus, kaitan jangan serkah, pb* perkara kudu diputus seadil-adilna supaya dua pihakanana anu perkara pada sugema (senang); bagai menghela -- jala, pb kacida ati atina; -- **air 1** susukan; solokan; **2** kokocoran; papalidan; **3** irigasi (pengairan); -- **ari-ari** tali puseur; -- **bicara** pesawat telepon; -- **busur** tali gondéwa; -- **duga** tali pikeun nangtukeun jerona laut; -- **kekerabatan** hubungan kabarayaan; -- **nyawa** anu dipikaasih (dipikadeuhdeuh); jantung ati; -- **paranti** adat kabiasaan; -- **silaturahmi** hubungan kakulawargaan

**ta.mak** *a* hawek, sarakah: *ia -- akan harta* manéhna hawek kana harta; **ketamakan** *n* kahawekan, kasarakahan: *dia berlaku curang karena == nya* manéhna nyieun laku curang ku sabab kasarakahanana

**ta.man** *n* **1** kebon kembang jeung tatangkalan séjén nu alus sarta lega; **2** tempat (nu pikaresepeun); tempat kasenangan; **3** tempat diuk pangantén awéwé (nu dihias ku kekembangan);

-- **bacaan 1** rohangan at nangunan tempat maca; **2** pabukon; perpustakaan; bibiliotik;

-- **bahagia 1** tempat jelema ngararasakeun kabagjaan (kasenangan); **2** *ki* makam para pahlawan (para pejoang anu tiwas di pangperangan);

-- **kanak-kanak** sakola pikeun barudak leutik umur 4—6 taun;

-- **pahlawan** makam tempat ngurebkeun para pahlawan;

-- **pustaka** tempat pabukon; perpustakaan; bibliotil;

-- **sari** kebon kembang anu alus pisan tempat senang-senang (di karaton);

**pertamanan** *n* urusan taman: *akademi ==* akademi urusan taman; *dinas ==* dines urusan taman

**ta.mas.ya** *n* **1** tongtonan; pintonan: *ia menyaksikan -- yg mendebarkan hati* manéhna nyaksian tongtonan anu matak ratug haté; **2** kaéndahan alam: *melihat-lihat -- di pantai Palabuhanratu* ningalian kaéndahan alam di basisir palabuhanratu;

**bertamasya** *vi* indit senang-senang (ningalian kaéndahan alam jsb): *para wisatawan == ke candi Borobudur* para wisatawan indit senang-senang piknik ka candi Borobudur

**ta.mat** *adv* anggeus; réngsé (dibaca, dicaritakeun, jsb); hatam;
-- **belajar** geus réngsé diajarna ( di sakola); -- **riwayatnya** béak riwayatna; paéh;
**menamatkan** *vt* nganggeuskeun; ngaréngsékeun; maca (nyaritakeun jsb) nepi ka béak;
== **Alquran** hatam maca Alquran; == **hidupnya** maéhan manéh
**tamatan** *n* geus tamat diajar; lulusan; kaluaran: == *perguruan tinggi* kaluaran paguron luhur

**tam.bah** *n* anu diémbohkeun at nu geus aya sangkan leuwih réa; émboh: *sudah diberi banyak masih meminta* -- geus dibéré loba masih kénéh ménta emboh;
**menambah** *vt* **1** ngajadikeun supaya leuwih loba (gedé, hébat, jsb): *pemerintah akan == anggaran belanja pendidikan jeung pertahanan* pamaréntah baris nambah anggaran pendidikan jeung pertahanan; **2** méré tambah: *jangan == persoalan* ulah nambah persoalan (pasualan); **penambahan** proses, kalakuan, cara nambahkeun; panambahan: == *gaji pegawai negeri perlu dipertimbangkan pd tahun anggaran ini* panambahan gajih pagawéan negri perlu ditimbang-timbang dina taun anggaran ieu

[1]**tam.bak** *n* **1** galeng (an) pikeun nahan cai; gili-gili; tanggul; bendung; **2** balong sisi laut anu maké tanggul pikeun miara lauk (lauk bandeng, hurang); tambakan;
**penambakan** *n* prosés, cara nyieun at ngolah tambak (an)

[2]**tam.bak** *n* ngaran lauk laut, *Lutjanus vaiqiensis*
**tam.ba.kan** *n* ngaran sarupa lauk cai anu gépéng kawas sepat tapi rada géde; tambakang at terbakang

[1]**tam.bang** *n* lombang tempat ngali at ngala ti jero tanah spt areng batu, timah, emas,jsb;
-- **basah** tambang anu dina pangalianana loba ngagunakeun cai;
-- **emas 1** tempat panglian emas; **2** *ki* sumber pangasilan anu gedé tur nguntungkeun
**menambang** *vi* ngali at ngala barang tambang ti jero tanah

**penambangan** *n* prosés, kalakuan, cara nambang
== **bawah laut** cara nambang at pangalian mineral anu dilakukeun di dasar laut; == **bawah tanah** cara nambang anu dilakukeun di jero tanah; == **terbuka** ngali bahan tambang anu dilakukeun di tempat muka, nu lansgung sumambung jeung hawa luar

²**tam.bang (tambangan)** *n* **1** paranti pikeun meuntaskeun jelema; tambangan: *banyak orang yg menantikan perahu (sampan) -- di tepi sungai itu* loba jelema nu numpang atawa barang muatan (oplét, mobil jsb): *di tengah jalan ia beroleh == pula* di tengah jalan manéhna meunang ogé muatan
**menambang** *vi* nambangan; ngagunakeun mobil jsb. pikeun nambangan (ngakut panumpang)
**penambang** *n* jalma tukang meuntaskeun maké parahu

³**tam.bang** *n* tali gedé;
**menambang** *vi* **1** nalien ku tambang; nyangcang; **2** *ki* teu daék ngurus pamajikan (tapi teu daék nyerahkeun deuih);
**menambangkan** *vt* nyacangkeun (kuda, sapi, jsb)

**tam.bat** *v*, **bertambat 1** dicangcangkeun : *kambing itu == pd pohon waru* embé téh dicangcangkeun kana tangkla waru; **2** balabuh jeung dicangcangkeun kana pancuh (parahu);
**menambat(kan)** nyangcang kana : *gembala itu == kerbaunya pd batang pohon* pangangon téh nyancang mundingna kana tangkal kai;
**tambatan** pancuh jsb tempat nyancangkeun *sato* at parahu

**tam.pak** *vi* **1** témbong (katénjo): *pulau itu sudah -- dr sini* éta pulo geus témbong ti dieu; **2** unjuk diri; muncul: *sudah lama dia tidak --* geus lila manéhna henteu muncul; *datang -- muka, pulang -- punggung, pb* datang katingali tarang, undur katingali punduk, *pb* datang jeung indit téh kudu amitan;
**menampakkan** *vt* nyieun supaya katénjo; némbongkeun

**tam.pan** *n* **1** tegep (pawaakan, dedegan); gagah; kasép: *ia tampak -- jika memakai jas dan dasi* manéhna katinggal tegep (gagah) lamun maké jas jeung dasi; **2** cocog; pantes: *cakep dan -- menjadi penerbang* cakep jeung pantes jadi penerbang (pilot); **3** raut beungeut; rupa: *-- mukanya mirip kakaknya* raut (rupa) beungeutna mirip lanceukna; **4** rupa; sikep (badan); tagog; dagong: *usianya sudah*

*lanjut, tetapi masih (ber) -- muda* umurna geus cueut ka hareup, tapi masih boga rupa ngora;

**ketampanan** *n* kapantesan

[1]**tam.bang** *n* **1** keureutan rata (spt keureutan hui); **2** siksikan ipis rata (bawang, kentang jsb); **3** ngaran duit timah (1/16 ringgit); **4** gurat tengah (bulcudan)

[2]**tam.pang** *n* rupa beungeut : -- *nya mirip benar adiknya* rupana mirip pisan adina; -- muka bangun beungeut mun ditinggal ti hareup; -- **samping** bangun beungeut mun ditingal ti gigir (sisi)

[3]**tampang** *n* **1** binih; bibit; siki; bakal; **2** poko pangkal; mimitina: *inilah -- sengketa antara kedua keluarga* nya icu poko pangkal papaséaan antara kulawarga duanana

**tam.par** *n* cabok: *anak yg nakal itu kena --* budak nu bangor téh keuna cabok (dicabok);

**menampar** vt nyabok; neunggeul ku dampal leungeun: *ia == muka orang* manéhna nyabok beungeut jelema;

**tamparan** *n* **1** panyabok; **2** paneunggeul (dina harti kiasan): *peristiwa skandal itu merupakan == berat bagi keluarganya* kajadian skandal (anu matak ngérakeun at nurunkeun martabat) téh ngarupakeun paneunggeul beurat pikeun kulawargana

**tam.pik, menampik** vt nampik (nolak): *gadis itu == pemuda yg datang melamarnya* éta mojang téh nampik jajaka anu datang ngalamar manéhna; *jangan == pemberian orang* ulah nampik pangasih (paméré jelema)

**tam.pil** *v* ngaléngkah maju (ka hareup): *para pemenang dipersilakan ke depan untuk menerima hadiah* para juara disumanggakeun maju ka hareup pikeun narima hadiah;

**menampilkan** *vt* mawa ka hareup; ngamajukeun; mintonkeun: *tiap propinsi == kesenian daérah masing-masing* unggal propinsi mintonkeun kasenian daérah masing-masing;

**penampilan** *n* cara mintonkeun; pintonan: *acara diisi dng == pakaian adat* acara dieusi ku pintonan pakéan adat

**tam.puk** *n* **1** tungtung gagang anu napel kana buah; **2** rupa-rupa papaés minangka pamungkus at panutup; rupa-rupa gagang at panyekelan

anu leutik atawa pondok (spt gagang péstol, ceuli téko); **3** ki pucuk (dina harti pangluhurna); nu pangutamana; nu jadi poko pangkal; *darah se -- pinang, pb* ngora kénéh pisan (tacan boga pangalaman) *melanting menuju --, pb* unggal ihtiar at usaha aya maksudna; *pinang pulang ke --nya, pb* éstuning mérénah pisan; cocog pisan; *-- bertangkai, pb* aya bukti (katerangan, alesan, jaminan) anu kuat; *--nya masih bergétah, pb* masih cukup kahirupanana; -- kuasa kakawasaan nu pangluhurna; -- **lampu listrik** fiting lampu listrik; -- **pemerintahan** kakawasaan nu pangluhurna dina pamaréntahan; -- **pimpinan** pingpinan nu pangluhurna; pucuk pingpinan

**bertampuk** aya gagangan

== **bertangkai** aya bukti (katerangan, alesan, jaminan) anu kuat

**tam.pung** *v*, **menampung** *vt* **1** nadah, nandéan: == *air hujan* nandéan cai hujan; == *getah* nandéan at nadah geutah; == *doa* ngahaminan doa; **2** narima jeung ngurus (budak yatim piatu, pangungsi, jsb); **3** narima jeung ngumpulkeun (barang-barang hasil ti hiji daérah, hasil-hasil nu kaleuwihan, jsb); **4** nyambut (megat) jeung ngalawan (pasukan jsb. nu keur aya dina kalampahan narajang): *kapal-kapal terbang kita kuasa == serangan angkatan udara musuh* kapal-kapal udara urang mampuh ngalawan panarajang angkatan udara musuh;

**manampungkan** nandékeun, nadahkeun: *ia == émbér di bawah talang* manéhna nandékeun émbér di handapeun talang;

== **tangan** nadahkeun leungeun (waktu ngadoa);

**penampung** *n* **1** wadah anu dipaké pikeun nandéan: *tong == air hujan* gentong paragi nandéan cihujan; **2** jalma (panitia jsb) anu narima jeung ngurus: *panitia == korban Gunung Galunggung* panitia anu narima jeung ngurus korban Gunung Galunggung;

**panampungan** n prosés, cara, jsb. narima jeung ngurus; panyambutan; panadahan

**tamu** *n* **1** sémah; tamu; jalma anu datang nganjang (ngalongok jsb) ka tempat anu lian atawa ka ondangan (riungan tuang); **2** jalma anu datang ngadon meuting (di hotel), arék barang beuli (di toko) *-- yg tidak diundang, ki* bangsat, rampog;

-- **agung** jalma nu luhur kalungguhanana anu keur nganjang jsb.

**ta.nah** *n* **1** beungeut bumi atawa lapisan bumi anu di luhur pisan; taneuh:

*hujan membasahi* -- hujan ngabaseuhan taneuh; **2** kaayaan bumi di hiji tempat; tanah: -- *nya gersang, tidak dapat ditanami* tanahna angar (garing), henteu bisa dipelakan; **3** beungeut bumi anu diwatesan; tanah: *pemerintah menyediakan -- seluas tiga hektar untuk pemukiman para transmigran* pamaréntah nyadiakeun tanah nu legana tilu hektar pikeun pamukiman (padumukan) para transmigran; **4** daratan: *penerjun payung itu tewas setelah jatuh terhempas di tanah* penerjun payung téh tiwas sanggeus ragrag tibeubeut di daratan; **5** beungeut bumi anu puguh watesna anu dicicingan ku hiji bangsa anu diparéntah ku hiji nagara atawa jadi daérah nagara; nagara; nagri: -- *Toraja* nagri Toraja; -- *Melayu* tanah Malayu; -- *Eropa* nagri Eropa; **6** bahan-bahan bumi atawa bumi minangka bahan sarupa barang (keusik, hampo at taneuh porang, cadas, jsb); tanah: *bata dan genting di buat dr* -- bata jeung kenteng dijieunna tina taneuh; **7** dasar (warna, cet, jsb.): *kain itu -- nya putih, coraknya cokelat dan hitam* éta kaén téh dasarna bodas, corakna coklat jeung hideung; *di mana -- dipijak, di situ langit dijunjung, pb* sawadina nurutkeun adat kabiasaan di dinya; *mendapati -- terbalik, pb* manggihan mayit nu geus dikubur; *dp hidup bercermin bangkai lebih baik mati berkalang --, pb* ti batan hirup wiwirang leuwih hadé ngemasan pati; *gerakan di bawah tanah* gerakan samuni (rusiah);

-- **adat** tanah milik anu diatur nurutkeun hukum adat;

-- **air** tanah at nagri tempat kalahiran; (tanah) bali geusan ngajadi; -- **basah** tanah pasawahan (rawa jsb); -- **bencah** tanah nu bécék -- **bengkok 1** tanah nu ditarima ( pikeun digarap) aya kalawan patalina jeung kalungguhan (jabataan); tanah jabatan; **2** tanah anu ditarima minangka gaganti gajih (pamong desa jsb);

-- **bera** tanah anu diantep henteu dipelakan sangkan kasuburanana bisa pulih deui; -- **gembur** tanah anu subur tur béar, henteu padet; -- **gundul** tanah anu euweuh pisan tatangkalan atawa tutuwuhanana; -- **guntai** tanah anu bogana lain padumuk di dinya; leluhur nagri nini moyang; -- **perponding** tanah milik anu turun-tumurun pikeun urang Indonesia; -- **persil** tanah séwa (lilana 75 taun); -- **pusaka** tanah nu jadi milik turun-tumurun ti nini moyang; -- **suci** daérah atawa nagara anu dianggap suci ku para panganut agama(spt Mekah pikeun umat Islam atawa Paléstina pikeun umat Kristen); -- **wakaf** tanah anu didermakéun pikeun kapentingan umum (ngadegkeun

masjid, madrasah, rumah sakit jsb)

**ta.nak, bertanak** *v* **1** ngaliwet: *menumbuk di lesung, == di periuk* nutu di lisung, ngaliwet dina pariuk; (nu) diliwet: nasi == sangu nu diliwet (sangu liwet);

**menanak** *vt* **1** nyangu dina pariuk; ngaliwet; **2** masak (ngulub); == *semua berasnya, pb* nembongkeun sakabéh hartana (kapinteranana)

**ta.nam, bertanam** *v* melak: *petani daérah ini umumnya == ubi kayu* patani di dieu umumna melak sampeu;

== *tebu di bibir, pb* alus omongna wungkul, hentteu jeung prakna di pilampah (alus omongna ngan saukur pangoloan);

**menanam** *vt* **1** melak: == *pohon buah-buahan* melak tangkal bubuahan; **2** neundeun di jero taneuh; mendem; ngubur (bangké, mayit, jsb): == *harta bendanya dikolong tempat tidur* mendem harta bandana di kolong tempat saré; *ia == bangkai kucing di pekarangan* manéhna ngubur bangké ucing di pakarangan; **3** nyebarkeun (papahaman, ajaran, jsb): *ia == paham demokrasi di kalangan rakyat* manéhna nyebarkeun paham demokrasi di kalangan rayat; **4** ngasupkeun (modal, duit, jsb): *banyak pengusaha asing ingin == modal di Indonesia* réa pangusaha asing hayang ngasupkeun modal di Indonesia; **5** nanjeurkeun (kakawasaan,jsb); nempatkeun (pangaruh, kapentingan, jsb): *ia hendak == pengaruhnya kpd orang itu melalui orang lain* manéhna hayang nempatkeun pangaruhna ka éta jalma téh ngaliwatan jalma séjén; **6** ngarékahkeun (binih panyakit, jsb): *dokter hewan == benih penyakit cacar pd tubuh kuda* dokter héwan ngarekahkeun benih penyakit cacar dina awak kuda; **7** ngandung (niat jsb): *ia == niat untuk berontak* manéhna ngandung (boga) niat arék barontak; **8** ngangkat atawa nempatkeun (wakil, tanaga, agén, jsb): *gerakan separatis itu == agen-agennya di seluruh negara* gerakan separatis téh nempatkeun agén-aenna di sakuliah nagara;

**penanaman** *n* prosés, kalakuan, cara melak (keun): == *kelapa hibrida* prosés melakkeun kalapa hibrida; == *modal asing* cara-cara ngasupkeun modal asing;

**tan.cap** *v*, **menancap** naceb: *paku itu == ditelapak kakinya* paku téh nacep dina dampal sukuna;

== **gas** *cak* **1** nincak pédal gas (mobil) ngarah tarik ngajalankeunana; **2** ngahangkeutkeun digawé (diajar jsb) pikeun ngudag katinggaleunana;

**menancapkan** nancebkeun; nubleskeun: == *sangkur ke batang leher* lawan nubleskeun boyonét kana beuheung musuh

**tanda** *n* **1** anu jadi tangara atawa nu nétélakeun hiji maksud: *sirene-- bahaya* sirineu tangara aya bahaya; *bendera putih menyerah* bendéra bodas nétélakeun sumerah (taluk); **2** alamat: *sudah tampak --nya* geus katénjo alamatna (cirina); **3** bukti; **4** lambang : *kontingen Indonesia mengenakan -- Garuda Pancasila* kontingén Indonesia maké lambang Garuda Pancasila; **5** pituduh

**pertanda** *n* **1** tanda; alamat; ciri: *kokok ayam adalah -- hari menjelang pagi* kongkorongokna hayam ciri wanci ngagayuh ka isuk-isuk (beurang); **2** bébéréan dina mangsa papacangan (pamahugi);

**penanda** *n* sipat husus dina hiji tahapan elmuning basa (fonemik, morfemik, jeung sintaktik) bagian basa anu nuduhkeun kelas jeung fungsina

**tan.dan** *n* gagang anu panjang dina bubuahan anu ngagoyot (cau, kalapa, kawung, jsb);

**setandan** **1** saturuy (cau); **2** sagoyot (rambutan jsb)

**tan.dang** *n* anjang; longok;

**bertandang** *v* nganjang; ngalongok; nyimpang di: *ia sedang == ke rumah temannya* manéhna keur nganjang ka imah kancana;

*== ke surau, pb* nganjang atawa natamu kalawan henteu disuguhan;

*== membawa lapik, pb* sémah anu nganjang kalawaan bebekelan mawa kadaharan sorangan ka tempat manéhna nganjang;

== ***desa*** indit ngalalana ka mana-mana; saba désa;

**petandang** *n* **1** jalma anu resep nganjang; **2** (**orang** ==) anu ngalalana; anu ngumbara; musafir

[1]**tan.das** a béak kabéh; musnah; bébéakan: *seluruh gajinya telah -- di meja judi* sakabéh gajihna béak pisan (ledis) di meja judi;

**menandaskan** *vt* méakkeun; ngorédaskeun: *ia hanya pandai == harta orang tuanya* manéhna ngan ukur pinter méakkeun harta kolotna

[2]**tan.das** a tandes; teges; écés: *dikatakkan dng --* diomongkeun kalawan

tandes; *sikap yg* -- sikep anu teges;
**menandaskan** nandeskeun; negeskeun: *sekali lagi dia == bahwa dia tidak akan datang* sekali deui manéhna negeskeun yén manéhna moal datang

**tan.ding** *a* **1** tanding; sabanding; **2** hiji lawan hiji (ijén): *perang* -- perang tanding; perang patutunggalan;
**bertanding** *v* **1** ngalawan (dina pasanggiri, ngadu tanaga, jsb): *regu voli A == dng regu voli B dl babak final* regu voli A ngalawan regu voli B dina babak final; **2** saurang lawan saurang atawa patutunggalan: *mereka tidak berani ==, beraninya main keroyokan* maranéhnana henteu wani patutunggalan, wanina téh maén koroyokan;
**pertandingan** *n* **1** pangbalapan dina olahraga maén bal, ténes jsb; 2 tatandingan, babandingan, sasaéngan

**ta.ngan** *n* **1** leungeun, anggota badan ti siku nepi ka tungtung ramo; **2** *ki* anu digunakeun saperti leungeun; **3** kakawasaan; pangaruh; paréntah: *kekuasaan Pemerintah ada di -- rakyat* kakawasaaaan Pamaréntah aya di leungeun rayat; *dr -- ke --* ti saurang ka saurang; *di bawah -- ki* henteu di hareupeun umum (hal borongan); teu dilaksanakeun sacara resmi atawa teu disaksian ku pihak resmi (carana kawin);
**bergandengan** -- pacekel-cekel (digawé babarengan); paheuyeuk-heuyeuk leunggeun; -- *menggenggam* ngeupeul, kacida kumedna; *bertepuk sebelah* -- cinta asih anu ngan ti sapihak;
*jangan dilepaskan tangan kanan, sebelum -- kiri berpegang, pb* ulah waka ngaleupaskeun pagawéan anu aya, saméméh boga pagawéan (pacarian) anu anyar; -- mencecang bahu memikul, *pb* saha baé anu boga dosa (salah) kudu wani narima hukuman;
-- **besi** kakawasaan (tindakan) keras atawa bengis (sengit);
-- **dingin,** ki tiis leungeun; jadian pepelakan (pipiaraan, jsb);
-- **hampa** nyamos, henteu beubeunangan; mubadir;
-- **kosong 1** henteu maké pakarang; **2** henteu hasil; nyamos

**tang.ga** *n* **1** golodog, tarajé (dijieun tina awi, kai, papan, jsb); **2** sarupa tarajé paranti unggah ka imah nu luhur at kana loténg; **3** titincakan (paranti unggah kana karéta, mobil, jsb); **4** *ki* tahapan; alat diajar jsb anu kasulitanana tahap-tahap at undak-undak;

*tolak -- berayun kaki, pb* ninggalkeun kahirupan anu geus ngeunah; *jatuh diimpit --, pb* ngarandapan kasusah noron;

**-- berjalan** tangga anu digerakkeun turun naik ku tanaga listrik; eskalator; -- **nada** pangaturan sora (tahapan sora) dina lagu; -- pilin tangga anu bulat-beulit; -- **senigai** sigay

[1]**tang.gal** *v* lésot at coplok at punglak;

**menanggalkan** *vt* **1** ngalésotkeun (papakéan jsb): *walaupun dng pembayaran mahal, aktris itu tidak mau == pakaian* sanajan dibayar mahal, éta aktris téh narah ngalésotkeun papakéan; == *atributnya* ngalésotkeun tanda-tanda kelengkepanana (atributna); **2** ngajadikeun (ngalantarankeun); punglak: *pukulan tinjunya == gigi lawannya* tonjokana munglakeun huntu lawanna;

[2]**tang.gal** *n* **1** bilangan anu nuduhkeun poe kasabaraha dina unggal bulan; titimangsa; tanggal: *memperingati hari lahir R.A.Kartini pd 21 April* ngayakeun pangeling-ngeling lahirna R.A.Kartini dina tanggal 21 April; **2** titimangsa: *buku itu tidak diketahui -- penerbitannya* éta buku téh henteu kanyahoan titimangsa medalna;

-- *muda awal bulan;* -- tua ahir bulan

**penanggalan** almenak; kalender

**tang.gap** *a* gancang maliré at moroséa at merhatikeun kalawan dinemenan: *pamerintah daerah harus -- thd aspirasi masyarakat setempat* pamarentah daérah kudu gancang maliré kana kahayangna masarakat di éta tempat;

**menanggapi** *vt* nyambut atawa maliré (omongan, kritik, jsb): *kita tidak perlu == kecaman negara-negara asing yg ingin campur tangan urusan di negeri kita* urang henteu kudu maliré pangwada nagara-nagara deungeun anu hayang ilubiung kana urusan jero nagara urang;

**tanggapan** *n* **1** naon anu katarima ku pancaindra; gambaran dina cita-cita; **2** sambutan kana omongan (kritik, komentar, jsb); **3** tongtonan anu biasa ditangkap

[1]**tang.guh** *a*, **bertangguh** nunda (waktu); menta jangji (tempo); *kita boleh == membayar uang langganan listrik, asal jangan lewat tanggal dua puluh* urang meunang nunda (menta tempo) mayar duit langganan listrik, asal ulah liwat tanggal dua puluh

[2]**tang.guh** *a* **1** tanggoh; kuat; hésé diéléhkeun: *sbg negara maritim, Indonesia harus memiliki angkatan laut yg --* minangka nagara maritim, Indonesia kudu boga angkatan laut anu kuat; **2** henteu leuleus; henteu hengker; kukuh; tabah jeung tahan (katunggaraan): *ia adalah seorang pejuang yg --* manéhna téh hiji pejoang anu tabah; **ketangguhan** *n* katabahan; kaulétan; kakuatan

**tang.gul** *n* tambak (galengan gede) sisi walungan pikeun nahan cai; tanggul;

-- **alam** tanggul anu kajdianana tina akibat caah anu namperkeun leutak di hiji tempat;

**menanggul** nyieun tanggul: *== terusan irigasi* nyieun tanggul dina terusan irigasi

[1]**tanggung, menanggung** *vt* **1** nyangga (bahan nu beurat); nanggung; manggul : *ia tidak sanggup == beban seberat itu* manéhna henteu sanggup nanggung barang anu sakitu beuratna; **2** ngarandapan; ngalaman: *perusahaan itu bangkrut krn banyak == rugi* éta perusahaan téh bangkrut ku sabab loba ngarandapan rugi; **3** sadia nanggung waragad (ngurus, miara): *sbg suami dan kepala keluarga, ia harus == istri dan anak-anaknya* minangka salaki jeung kapala kulawarga, manéhna kudu ngurus pamajikan jeung anakna; **4** ngajamin: *ABRI == pertahanan negara* ABRI ngajamin pertahanan nagara; *perusahaan yg bonafid harus == mutu barang-barang produksinya* perusahaan anu bonafid kudu ngajamin ajen at kwalitas barang-barang produksiina; **5** ngaenyakeun yén biji barang hadé (tulen jsb): *ia == keaslian dokumen itu* manéhna ngaenyakeun kaaslianana éta dokumen; **6** nétélakeun kasadiaan pikeun mayar hutang jalma nu lian lamun éta jalma téh jalir jangjina; **7** miboga tanggung jawab (kana): *ia harus == segala akibatnya* manéhna kudu miboga tanggung jawab kana sagala akibatna

[2]**tang.gung** *n* leuwih ti sedeng tapi tacan cukup (rubakna, panjangna, ukuranana, umurna jsb): *anak --* budak tanggung (kapalang); *gadis --* parawan kapalang;

-- **bulan** kapalang bulan; geus leuwih ti tengah bulan;

-- **renteng cak** silih borehan dina nginjeum duit ti koperasi at bang jsb;

**tanggung-tanggung** satengah-satengah; kapalang tanggung; henteu

cukup: *jangan* == ulah kapalang tanggung

**ta.ngis** *n* ceurik; ungkaban rasa sedih (kuciwa, jsb), ngaluarkeun cipanon, biasana bari ngawiwiw jsb: *melihat keadaan anaknya, -- ibunya makin menjadi-jadi* ningali kaayaan anakna, ceurik indungna mingkin ngajadi-jadi;

**menangis** *vi* ngedalkeun rasa sedih jsb; ceurik; ngaluarkeun cipanon lantaran aya kasedih at kanyeri, sakapeung lantaran kabungah anu luar biasa: *ibu itu == terharu* ibu téh nangis kagagasan; *anak itu == kesakitan* budak teh curik lantaran aya kanyeri

**tangisan** *n* **1** ceuriik, hal ceurikna: *hatinya tersayat mendengar == anaknya* hatena mungguh asa digerihan ngadenge ceurikna anakna; **2** sahiji hal anu diceungceurikan: *apakah kira-kira makna == anak itu?* naon kira-kirana harti ceurikna (anu diceungceurikan) éta budak?

**tang.kal, penangkal** *n* panolak bala (panyakit, roh jahat jsb); panyegah bahaya (rurubed jsb);

-- **petir** beusi dina suhunan imah anu nyambung kana kawat pikeun nyegah bahaya gelap; -- **racun** panyegah at panolak racun

**tang.kap** *v* **bertangkap** gelut; perang patutunggalan;

**menangkap** *vt* **1** nangkep; newak; ngala lauk: *polisi telah berhasil == para penjahat* pulisi geus hasil nangkep nu jarahat; *nelayan itu == ikan* dng jala tukang lauk téh ngala lauk ku jala; **2** ngarontok ngerekeb: *harimau liar itu == kambing penduduk* maung jarah téh ngerekeb embe urang lembur; **3** nadah; nampan; nyambut: *penjaga gawang == bola dng menjatuhkan diri* kiper nampan bola bari ngalabuhkeun maneh;**4** nangkep; nimukeun: *guru itu == beberapa pelajar merokok di dalam kelas* guru nangkep sababaraha urang murid ngaroko di jero kelas; **5** narima (sora, embaran radio): *pesawat radio itu dapat == siaran dr luar negeri* pesawat radio téh bisa narima embaran ti mancanagara; **6** bisa ngarti at paham: *aku tidak dapat == isi pembicaraan mereka krn mereka menggunakan kata-kata* sandi kuring teu bisa ngahartikeun eusi omongan maranehanana lantaran maranéhanana ngagunakeun kecap-kecap sandi (rusiah); **7** surti; ngarti; narima (ku pancaindra): *seorang pemimpin rakyat harus dapat == aspirasi rakyatnya* hiji pamingpin rayat kudu surti kana kahayangna rayat (anu dipingpinna); **8** ngahakan; nyanggut (useup

jsb): *sudah sejam lebih pancingnya belum juga* == geus sajam leuwih useupna tacan bae nyanggut

**penangkapan** *n* panangkepan; prosés at carana nagkep; panahanan

[1]**tang.kar** *n* tulang-tulang iga sapi, domba jsb. anu masih kénéh aya dagingan jeung bisa diangeun gule; tangkar

[2]**tang.kar** *v*, **menangkarkan** megarkeun; ngarékahkeun: == benur ngarékahkeun binih hurang;

**penangkaran** *n* **1** tempat megarkeun at ngarékahkeun; pamegaran; **2** prosés at cara megarkeun at ngarékahkeun

**tang.kas** *a* tangginas; gesit: *laskar yg -- dan berani* prajurit anu gesit jeung wani;

**ketangkasan** *n* kagesitan; kapinteran; kaparigelan: *kecerdasan dan == siswa akan diuji* kapinteran jeung kaparigelan murid rek diuji

**tang.kis** *v*, **menangkis** *vt* **1** nakis; nahan (panarajang maké pakarang jsb) kalawan ngagunakeun leungeun, taméng jsb: *tangannya terluka ketika == serangan golok perampok* leungeunna raheut waktu nakis panarajang bedog rampog; **2** nyanghareupan; ngalawan; ngagagalkeun (panarajang jsb): *satuan pertahanan pantai == serangan dr laut* **3** nakis; nahan jeung malikan neunggeul lawan: *pesilat itu dng tangkas == serangan lawannya* ahli silat téh kalawan gesit nakis panarajang lawanna

**ta.ni** *n* usaha ngagarap tanah supaya kaala hasil pepelakanana;

**bertani** *v* ngajalankeun usaha tani at tatanén;

**pertanian** *n* urusan tani; pertanian;

== **ekstraktif** pertanian anu ngan ukur ngarah hasilna wungkul tina tanah jeung alam tanpa usaha nyuburkeun deui tanah geusan keperluan pikahareupeunana;

== **generatif** tatanén anu merlukeun usaha-usaha pemibitan, pangolahan, jeung pamiaraan (pepelakan jeung héwan);

== **huma** tatanén kebon (huma); == **komersial** tatanén anu tujuanana nyumponan kaperluan perdagangan; == **ladang** wangunan usaha tani primitif, nya éta nyieun kebon ku jalan nyacar leuweung jeung nuaran tatangkalan pikeun diduruk nepi ka tanahna bisa dipelakan;

== **menetap** tatanén anu diusahakeun sacara matuh, ngagarap saluwuk

tanah anu matuh di hiji tempat ti taun ka taun;

**petani** patani; jalma anupagawéanana tani at pepelakan;

== **monokultur** patani anu ngan melak sarupa pepelakan;

== **penggarap** patani anu ngagarap tanah anu lian kalawan maké cara bagi hasil

**tan.jak** *a* nyodor ka luhur (sorban, layar, jsb);

**menanjak** *vi* **1** nyodor ka luhur; **2** nanjak: *mobil tua itu tidak kuat == dan melewati jalan yag berkelok-kelok itu* mobil kolot téh teu kuat nanjak jeung ngaliwatan éta jalan anu pungkal-pengkol; **3** naek (rada miring): *jalannya agak == sedikit* jalanna rada naek (nanjak) saeutik; 4 jadi leuwih luhur (kariér, kapangkatan, jsb); ngaronjat (ningkat);

**tanjakan** *n* jalan anu nanjak; tanjakan

**tan.tang** *v*, **menantang 1** ngajak gelut (perang jsb) nangtang: *kerapkali pula ia == anak-anak asrama lain untuk bertinju* mindeng oge manéhna nangtang barudak asrama séjén pikeun ngadu tinju (boksen); **2** ngalawan; nyanghareupan: *saya berani == kamu di mana saja dan kapan saja* kuring wani ngalawan anjeun di mana baé jeung iraha baé;

**penantang** *n* **1** jalma anu nangtang; **2** lawan

**ta.nur** *n* **1** pameuleuman; kompor; **2** keren; tempat mirun seuneu sabangsa anglo nu biasana dibawa dina tanggungan nu dagang bajigur jsb;

-- **tinggi** pameuleuman anu wangunna luhur (spt pameuleuman batu kapur, bijih beusi, jsb)

**ta.nya** *v* pamenta katerangan;

-- **jawab** soal jawab; diskusi; wawancara

**bertanya** ménta keterangan; menta supaya dibéré nyaho (ngeunaan hiji hal): *kalau tidak tahu, Anda sebaiknya ==* lamun teu nyaho, anjeun sahadéna nanyakeun;

**pertanyaan** *n* **1** pagawéan (hal jsb) nanya; pamenta keterangan; **2** anu ditanyakeun; soal at sual

**ta.pa** *n* cara nyampurnakeun batin jeung jiwa geusan ngahontal hiji pamaksudan (spt hayang miboga kasaktian) ku jalan tirakat

-- **sungsang** tapa ngagantung dina dahan kai, suku di luhur sirah di handap;

**bertapa 1** ngalakukeun tapa; nyingkurkeun diri ka tempat anu tiiseun; nyepi (pikeun nyiar kakuatan rohaniah jsb); **2** *cak* ngalakonan hukuman panjara: *sbg ganjaran perbuatannya itu terpaksa ia == dua tahun di penjara* minangka ganjaran kalakuanana téh kapaksa manéhna ngalakonan hukuman dua taun di panjara

**ta.pai** peuyeum; kadaharan anu dijieunna tina kétan (sampeu jsb) anu diseupan (dikulub) jeung sanggeus tiis diragian, satuluyna diingkeun sapeuting atawa leuwih nepi ka amis; *rusak -- krn ragi, pb* usaha anu gagal lantaran kurang ati-ati ngajalankeunana at migawéna

**ta.pak** *n* ciri urut suku at dampal leungeun jsb dina taneuh, dina awak jsb; talapak; tapak: *tiga -- bayang-bayang* nuduhekun waktu nalika kalangkang tilu tapak leungeun panjangna; *delapan -- bayang-bayang, pb* ciri wanci kira-kira pukul **8** isuk-isuk;*putih--nya lari, pb* buru-buru lumpat (ku sabab kasieunan); *tengah bayang-bayang, pb* tengah poe panceg;

-- **besi** beusi talapok kuda; -- **burung** tutuwuhan, anu daunna bisa dipaké lalab, Aneilema nudiflorum; -- **canai** geus anggeus dipigawé; -- cangkir alas cangkir; pisin; -- **kasut** sol sapatu; -- tangan **1** tapak leungeun; **2** tanda tangan;

-- **tilas 1** urut tapak; **2** urut jalan nu kungsi diliwatan;

**bertapak 1** nincak; napak; ngaléngkah: *seolah-olah kakinya tidak == ke bumi* sasat sukuna henteu napak ka bumi; *== maju* ngaléngkah maju;

**menapak** *vt* **1** napak; nincakkeun dampal suku kana; **2** ngukur ku tapak (dampal) suku at leungeun: *tukang gali == tanah yg akan digali untuk mengetahui panjang dan lebarnya* tukang ngali taneuh ngukur taneuh (ku tapak sukuna) anu rek dikali pikeun nganyahokeun sabaraha panjangna jeung rubakna; **3** nuturkeun tapak lacak;

== **jejak** nuturkeun tapak; ngalacak; == **tilas** nuturkeun tapak (urut jalan anu kungsi diliwatan ku para pejuang Indonesia)

**menapakkan** nincakkeun (Leuwih aktif) talapak suku;

== **kaki** ngawasa; nalukkeun: *Rusia == kaki di Afganistan* Rusia kumawasa di Afganistan

[1]**ta.pis** *n* panyaring; alat anu dijieun tina kaén (kertas, keusik jsb) nu digunakeun pikeun misahkeun barang éncér tina barang padet kokotor at tamperan pikeun misahkeun barang-barang padet anu béda-béda ukuranana;

**menapis** nyaring (utamana barang encer): == **air minum** nyaring cai inumeun;

**tapisan** *n* **1** nu geus disaring; hasil nyaring; **2** alat keur nyaring; saringan;

[2]**ta.pis** *a* kesit; pinter dina sarupa perkara (dina silat jsb); tapis

**ta.plak** *n* kaén jsb anu dipaké alas meja; taplak

**ta.raf** *n* **1** tahap; darajat; ajen (dina harti luhur handapna, hadé gorengna, jsb): *bangsa yg telah tinggi -- peradabannya* bangsa anu geus luhur ajen at tahap peradabanana; **2** kalungguhan; martabat : negeri itu *telah diberi -- berpemerintahan sendiri* éta nagara téh geus dibere kalungguhan miboga pamaréntahan sorangan; **3** tahapan waktu; wates (sempalan) waktu; stadium: *rencana kerja sama kedua negara itu masih dl -- penjajakan* rancangan gawé bareng dua negara téh masih aya dina tahap silih jugjugan;

**bertaraf** *vi* moboga ajen: *pemain -- internasional* pamaén miboga ajen internasional

**tar.get** /targét/ *n* sasaran; sipatan (wates katangtuan jsb) anu kudu kahontal; udagan: *panen di semua kabupaten di daerah itu berhasil melampaui --* panén di sakabéh kabupaten di éta daérah hasilna ngaleuwihan (ngaliwatan) nu jadi udagan;

**menargétkan** *vt* netepkeun nu jadi udagan (wates katangtuan jsb) *pemerintah == pd Pelita II anak-anak usia 7 sampai 8 tahun tertampung di sekolah dasar* pamaréntah netepkeun nu jadi udagan dina Pelita II barudak umur 7 nepi ka 8 taun bisa katarima di sakola dasar;

**penargétan** prosés, cara netepkeun nu jadi udagan

**ta.ri** *n* ibing; igel; gerakan anggota badan anu ninggang wirahma bari dipirig ku tatabeuhan (musik, gamelan jsb);

-- **bedaya** ibing nu dilakukeun ku wanita, dina jaman baheula

biasana di karaton raja-raja;
-- **bondan** ibing Jawa anu dilakukeun ku wanita bari nincak kendi;
**menari** *vi* ngigel; ngibing;
**tarian, tari-tarian** rupa-rupa ibing

**ta.rif** *n* (daftar) harga (séwa, ongkos, jsb): -- *baru untuk bus luar kota berlaku mulai besok* harga (ongkos) anyar pikeun beus luar kota lakuna mimiti isukan

**ta.rik** *v* kenyang; betot; gusur;
-- **suara** nembang; ngawih; nyanyi
-- **urat** ngotot; keukeuh-peuteukeuh mageuhan tangtunganana; embung eleh omong;
**menarik** *vi* ngagusur; narik;
== **napas panjang** ngarahuh; == *napas penghabisan* paéh; maot

**ta.ring** *n* huntu nu seukeut; sihung: -- babi sihung babi

**ta.ruh** *n* taroh; duit anu dipasang dina maén (judi);
*beras dl padi, pb* neundeun rusiah hadé-hadé;
**bertaruh** *vi* **1** (maén judi) kalawan tarohan; masing toroh (spt dina judi): *dl pacuan kuda itu hampir semua penonton ==* dina ngadu kuda téh meh sakabéh nu lalajo tarohan; **2** nyaritakeun hiji hal kalawan méré tarohan (yén nu dicaritakeun téh bener): *aku berani == bahwa pertandingan bulutangkis dunia itu dimenangkan oleh regu kita* kuring wani tarohan yén pertandingan bulutangkis dunya téh dimeunangkeun ku regu urang

**ta.rung** *v*, **bertarung** *vi* **1** tidagor; keuna (kana); ngadupak: *hampir saja kepalanya == dng pintu* méh baé sirahna tidagor kana panto; **2** gelut; galungan; perang: *raja menyambut prajuritnya yg baru kembali == melawan musuh* raja ngabagéakeun prajuritna anu ka kara balik perang ngalawan musuh; **3** diadu; balap: *kesebelasan A akan == melawan kesebelasan B* kasawelasan A baris diadu ngalawan kasawelasan B; **4** padu; debat; pasea : *kedua orang itu ramai == di depan hakim* éta jalma duanana ragot padu di hareupeun hakim;
**pertarungan** *n* **1** hal tarung (gelut, perang, jsb); **2** peperangan; **3** perjoangan; **4** pertandingan: *hasil == kedua jago bulutangkis itu belum diketahui* hasil pertandingan dua jago bulutangkis téh tacan kanyahoan

**tas** *n* wadah sarupa kantong tina kulit jsb anu biasana maké tali (panyekel) paranti neundeun at mawa sahiji barang (buku, jsb)

**ta.ta** *n* aturan (biasana dipaké dina kecap kantétan); kaedah aturan jeung susunan; cara nyusun: -- *bahasa* kaedah aturan jeung susunan basa; -- *kota* cara ngatur at ngurus kota; -- *tertib* aturan katartiban;
**menata** *vt* ngatur; nyusun; ngabebenahan: *tiap hari Sabtu kami mendapat pelajaran == ruang dan == bunga* unggal poe Saptu kuring saparakanca meunang pangajaran ngatur rohangan jeung nyusun kembang;
**penataan** prosés, pagawéan. cara ngatur; pangaturan

**ta.tap** *v* teuteup; -- **muka** pateupteup beungeut: *media komunikasi yg paling sederhana adalah -- muka* media komunikasi anu pangsaderhanana nya éta pateuteup beungeut;
**bertatapan** *vi* silih teuteup
**menatap** *vt* neuteup

**tat.ka.la** *p* nalika; waktu (éta): -- *ia masih siswa SMA,ia berhasil mendapat bea siswa* waktu manéhna masih siswa SMA, manéhna kungsi meunang bea siswa

**ta.to** *n* gambar dina bagian (anggota) badan;
**menato** ngagambar dina kulit badan ku cara nyocogan kulit ku jarum lembut tuluy ngasupkeun jat warna kana raheut-raheutna

**ta.ut, bertaut** *v* **1** nutup deui; jadi rapet at raket at rekep : *luka itu berangsur kering dan ==* raheut téh saeutik-saeutik garing jeung nutup deui; **2** pacorok; paentep; pabeulit: *belukar kecil yg bertemu == daun dan rantingnya* ruyuk leutik anu paadek téh pacorok daun jeung regangna; **3** (== **tangan**) pacekel-cekel leungeun; **4** napel; padémpét: *kelopak bunga yg terdiri atas empat atau lima helai, kadang-kadang bercerai-berai kadang-kadang ==* tutup kembang anu diwangun ku opat atawa lima lambar téh sakapeung paburisat (papisah) sakapeung padédémpét; **5** *ki* napel ka (dina harti ditujukeun ka at dipuseurkeun ka): *matanya == pd gadis itu* panonna napel ka éta mojang; **6** tinemu (ngahiji): *air dan langit keduanya == pd satu titik pandang* cai jeung langit duanana tinemu (ngahiji) dina hiji titik (nyingkurkeun diri, ngeueum di jero cai, jsb);

tinggal; 7 aya pakaitna; aya patalina: *pendidikan Pancasila == dng pendidikan moral* atikan Pancasila aya pakaitna jeung atikan moral (ahlak);

**tautan** *n* kaitan; hubungan: *kata kiri dl bahasa Indonesia mempunyai == dng paham komunis* kecap kenca dina basa Indonesia miboga hubungan jeung paham komunis;

== **hati** *ki* kakasih; buah haté;

**pertautan** *n* pakuat pakaitna; kumaitna (perhubungan): *puisi adalah hasil == jiwa penyair dng alam sekitarnya* puisi téh hasil kumaitna jiwa pangarang jeung alam sabudeurna

**ta.wan, menawan** *v* **1** ngaboyong; nahan musuh jsb; **2** ngarampas (ngarebut, ngaranjah): *perampok itu == harta korbannya* rampog téh ngarampas harta nu jadi korbanna; **3** (== **hati**) mikat: *wajahnya yg cantik itu == hatiku* rarayna anu geulis téh mikat hate kuring

[1]**ta.war** *a* **1** teu aya rasana (kurang asin, teu ngeunah); hambar: gulai ini -- rasanya ieu gulé téh rasana hambar; **2** teu asin (cai): *didapati sumber air -- di pantai* kapanggih sumber cai tawar di basisir; *air* -- cai anu teu asin; **3** teu matih at teu manjur (jampe jsb); ilang dayana (racun, peurah, jsb): *segala mantra dan jampi-jampinya -- belaka* sakabéh jampé-pamakéna taya pisan anu manjur; *racunnya sudah --, tidak berbahaya lagi* racunna geus ilang dayana, teu aya bahayana deui; **4** leungit wawanén; teu gumbira; teu aya napsu: *entah apa sebabnya maka -- saja sikap mereka melihat barang-barang yg elok itu* duka naon sababna pangna tiis bae (teu aya napsu) sikep maranéhanana nenjo barang-barang anu aralus téh; **5** suda (ngurangan, leler): *akhirnya -- juga marahnya* ahirna leler oge amarahna; **6** henteu narik; teu matak kataji: *sekali ini pidatonya -- lagi pula dangkal* sekali ieu mah pidatona henteu narik malah cetek deuih

**penawar** obat pikeun ngaleungitkeun daya kakuatanana (racun jsb)

[2]**ta.war** *v*, **menawar** *vt* nawar; ngénta pangurangan harga; negosiasi dina transaksi jual beuli: *kalau belanja di toserba tidak boleh == lagi* lamun belanja di toserba teu meunang nawar deui;

**menawari** nawaran: *siapa yg == mu rumah di kampung ini?* saha anu nawaran manéh imah di kampung (lembur) ieu?

**menawarkan** *vt* nawarkeun: *dia == rumahnya kpd saya untuk dikontrakkan* manéhna nawarkeun imahna ka kuring pikeun di kontrakkeun

**te.bak** *v*, **menebak** *vt* **1** neguh: == *teka-teki* neguh tataruncingan; **2** ngira-ngira: *sulit sekali == maksud gerakan tangan dan mimik muka orang bisu itu* hésé pisan ngira-ngirana maksud obahna leungeun jeung ulat beungeut anu pireu téh;
**tebakan** *n* **1** anu diteguh; 2 hasil neguh at ngira-ngira

**te.bal** *a* **1** kandel: *kertas* -- kertas kandel; **2** kasar; atra katénjo (gurat, aksara, tulisan, jsb): *huruf* — aksara (atra katénjo); **3** padét jeung loba; kendel: *awan bergumpal-gumpal* -- mega ngagarulung kandel; **5** teguh jeung kuat (iman, kapercayaan, kayakinan, jsb): *iman yg* -- iman anu teguh; *keinsafan dan keyakinan rakyat sudah* -- kainsapan jeung kayakinan rakyat geus kuat;
**menebalkan** *vt* ngajadikeun kandel: *pangajian itu diadakan untuk == rasa iman kita kpd Tuhan Yang Maha Esa* pangajian téh diayakeun pikeun ngandelan at nguatan rasa iman urang ka Gusti Nu Maha Tunggal

**te.bang** *v*, **menebang** *vt* nuar; motong tatangkalan, biasana anu galedé: *ia == pohon jambu* manéhna nuar tangkal jambu;
*jika == menuju pangkal, jika melanting menuju tangkai, pb* unggal pagawéan anu dipilampah tangtu aya maksud jeung tujuanana;
**tebangan** *n* **1** anu dituar; **2** hasil nuar; tuaran

**te.bar** /tébar/, **bertebaran** *vi* pabalatak; pabaliut: *rumah makan banyak == di sekitar tempat itu* rumah makan (warung sangu) loba pabalatak di sabudeureun éta tempat; *orang asing sekarang ini banyak == di Bali* urang asing waktu ieu (ayeuna) loba pabaliut di Bali;
**manebarkan** *vt* **1** mébérkeun (jala at kecrik); 2 nyebarkeun: == *benih* nyebarkeun binih (sisikian); **3** *ki* nyebarkeun (agama, béwara, jsb) **tebaran** *n* **1** nu disebar; **2** *ki* sebaran; siaran (agama, béwara, jsb; wawaran

**te.bas, menebas** *vt* motong (ngarambah) tutuwuhan nu laleutik; nuar; nuratas;
== **semak-semak** ngarambah gerembel; == *buluh* nuar awi;
== **hutan** nuaran tatangkalan di leuweung; == **jalan** naratas jalan; nyieun jalan di leuweung; == **menebang (menebang ==)** nuaran

sagala rupa tutuwuhan gedé leutik; ngabersihkeun tina sakabéh tutuwuhan: *setelah habis == menebang pohon-pohon, mereka itu membakarnya* sanggeus rengse nuaran tatangkalan (di leuweung), éta tatangkalan téh ku maranéhanana tuluy diduruk

**te.bing** *n* **1** gawir sisi walungan (jurang) anu luhur tur lungkawing: *sungai itu tinggi -- nya* éta walungan luhur gawirna; *banyak tanah di -- sungai itu longsor* réa tanah longsor (urug) di éta gawir walungan; **2** lamping gunung (pasir) anu lungkawing;
**menebing** *vi* mirupa gawir; ngadingding sarupa gawir; saperti gawir: *pinggir jembatan itu ==* sisi jambatan téh saperti gawir

**te.bu** *n* tutuwuhan sajinis jujukutan anu tangkalna ruasan sarta ngandung cai anu amis, biasana dijieun gula; tiwu, *Sacharum afficinarum;*
*-- masuk di mulut gajah, pb* binasa pisan (henteu katulungan); *bertanam -- di bibir, pb* omonganana alus (muji-muji) tapi ngadung maksud anu kurang hadé; *dapat -- rebah, pb* meunang kauntungan kalawan teu kudu hésé capé; *seliang bagai -- , serumpun bagai serai pb* sabilulungan; rukun; runtut raut

[1]**te.bus** *v*, **menebus** *vt* **1** ngoméan kasalahan (dosa jsb) kalawan nyieun jasa, kahadéan: *dng sengaja ia hidup miskin untuk == segala dosanya* kalawan ngahaja manéhna hirup miskin pikeun nebus sakabéh dosana; **2** mulangkeun karugian : mulangkkeun kahormatan (ngaran hadé jsb) mupus wiwirang: *ia bersedia berbuat apa pun untuk == kehormatan keluarganya* manéhna sadia migawé naon baé pikeun mulangkeun ngaran hadé kulawargana

[2]**te.bus** *v*, **menebus** *vt* **1** mayar ku duit pikeun nyokot deui barang anu digadékeun: *ia == gelang itu dr pegadaian* manéhna nebus éta geulang ti panggadéan (pakgadé); **2** mayar ku duit pikeun ngabébaskeun (tawanan, sandra, budak beulian); **3** meuli deui: *== talak* nebus talak; **4** ngaduitkeun deui wésel (cék) ka bank:
*ia == wesel ke kantor pos* manéhna nebus wesel ka kantor pos; **5** nyokot barang bagian (distribusi jsb) maké bon at kupon: *saya dapat pembagian sepeda, tetapi tidak dapat ==nya* kuring meunang bagian sepeda, tapi henteu bisa nebusna;
**penebusan** *n* prosés, cara, pagawéan nebus

**te.duh** *a* **1** leler (angin puyuh, ombak); eureun at raat (hujan); **2** iuh at teu

keuna ku panas panonpoé: *mereka berhenti di tepi jalan yang* -- maranéhanana areureun di sisi jalan anu iuh; henteu hujan; henteu panas nongtoréng (poé) *sudah beberapa hari* -- geus sababaraha poé iuh; **4** *ki* ayem; aman: Lautan -- Samudra Pasifik

**te.ga** /téga/ *a* teu boga rasa karunya; teu paduli kana nasib (kaprihatinan) batur; téga: *ia telah -- meninggalkan anak istrinya* manéhna geus tega ninggalkeun anak pamajikanana

**te.gak** *a* **1** nangtung; muriding: -- *bulu kuduknya* muriding bulu pundukna; **2** ajeg (sikep badan jsb): *badannya* -- badanna ajeg; *berdiri* -- nangtung ajeg; **3** *ki* tetep teguh; pengkuh: *dl penderitaan yg amat berat itu ia tetap* -- dina kaprihatinan anu kacida beuratna téh manéhna mah tetep teguh;

**menegakkan** *vt* **1** ngadégkeun (dina harti kiasan ogé): *perkumpulan* ngadegkeun pakumpulan; == *tiang* ngadegkeun tihang; **2** ngusahakeun supaya tetep ajeg at ngadég; ngabéla (nagara, kadilan, jsb): *berjuang untuk -- kemerdekaan* bajuang pikieun ngabela kamerdikaan; **penegak** *n* anu ngaajegkeun (anu ngadégkeun): *para hakim adalah para -- hukum* para hakim téh insan-insan nu nanjeurkeun (ngaajegkeun) hukum;

== **hukum** pananjeur hukum; para patugas nu aya patalina jeung masalah urusan kaadilan

**te.gang** *a* **1** manteng (spt tali anu ditarik at dipanteng); rata henteu kendor (kulit, layar, jsb): *tarik tali ini supaya* -- tarik tali ieu supaya manteng; *kalau angin kencang layar perahu* -- lamum anginna gedé (tarik) layar parahu manteng; **2** kaku; heuras (buuk, urat, jsb): *rambutnya -- kepirangan* buukna heuras semu pérang; *mati* -- paéh haréuras; **3** *ki* rengkeng; pasulayaan (pagétréng): *hubungan politik kedua negara itu semakin* -- tatali (hubungan) pulitik éta dua nagara téh tambah rengkeng;

**ketegangan** *n* hal (kaayaan) pasulayaan at karengkengan: *perbedaan pendapat antara mereka menimbulkan == kembali* pasalia pamanggih antara maranéhanana nimbulkeun papaseaan deui baé; *sagala == pikiran harus dihilangkan* sakabéh karéngkengan pikiran kudu di leungitkeun

**te.gar** *a* **1** teuas jeung garing: *tanah* -- taneuh teuas; **2** heuras; teubisa

dipelengkungkan: *rotan yg kasar itu --, tetapi yg halus mele*ntur hoé anu kasar heuras, tapi anu lemes mah bisa dipelengkungkeun (melengkung); **3** *ki* pengkuh; teu bisa dirobah (pamadégan, pamanggih, jsb); teu daék nurut: 4 tabah; teger: *kedua orang tua itu masih mencoba -- kendati bencana itu merenggut ketiga putra putri mereka* éta kolot téh duanana neger-negerkeun manéh sanajan éta musibah ngajanggut jiwa anakna tiluanana; **ketegaran** *n* ketegeran haté; katabahan

**te.gas** *a* **1** écés; jéntré; nyata: *tanda-tanda lalu lintas itu tidak berapa -- kelihatan pd malam hari* tanda-tanda lalar liwat téh henteu pati écés katénjo dina waktu peuting; *ia berkata dng suara yg -- dan jelas* manéhna ngomong maké sora anu écés jeung jéntre; **2** tangtu jeung pasti (henteu asa-asa, henteu samar): *dng -- permintaan saya ditolaknya* kalawan teu asa-asa paménta kuring ditolak ku manéhna; **3** tegesna; hartina: *perbuatan kedua orang itu tidak ada sangkut pautnya, -- nya masing-masing berbuat menurut kehendak dan kemauannya sendiri* kalakuan jelema anu duaan téh euweuh patula patalian, tegesna masing-masing milampah nurutkeun karép jeung kahayangna sorangan

**menegaskan** *vt* nerangkeun; nétélakeun: *uraiannya hanya -- maksud kedatangannya* pedaranana ngan nétélakeun maksud kadatanganana; **ketegasan** *n* **1** kapastian; **2** katérangan anu écés (pasti)

**te.guh** *a* **1** kukuh; kuat: *gedung itu sangat -- buatannya* gedong téh kacida kuatna jieunanana; **2** pageuh; kukuh (kana adat, jangji, omongan, jsb): *prinsip yg dianut dl ketentuan yg lama masih -- pd adat nenek moyang* pamadegan nu dianut dina tetekon buhun masih kénéh pageuh dina adat karuhun; **3** tetep henteu barobah (haté, iman, pamadégan, kasatiaan, jsb); teguh: *seorang yang -- imannya* jelema anu teguh imanna; *-- pendiriannya* kukuh pamadéganana;

**kateguhan** *n* kapengkuhan; kakukuhan; kakuatan katetepan (haté niat iman jsb): *== hati dan ketabahan jiwa yg beginilah yg menunjukkan sifat keperwiraannya* kateguhan haté jeung katabahan jiwa anu kieu nu nuduhkeun sipat kaprawiraanana

**te.guk** *v*, **meneguk** *vt* ngaleguk; nginum (cai, ubar, jsb); ngaleueut lem: *ia == obat* manéhna nginum ubar; *beliau menantikanku sambil == air*

*teh sedikit-sedikit* anjeunna ngantosan abdi bari ngaleueut citéh saeutik-saeutik;
**ketegukan** kabesékan

[1]**te.gun, bertegun** *v* ngarandeg (eureun sakeudeung): *dahan menganjur tempat tupai* == dahan nyodor tempat bajing ngarandeg;
**tertegun** *a* melengek; kagét; (ujug-ujug) eureun at cicing (ngajeuntul): *orang desa itu == dan tercengang-cengang melihat mobil bersimpang-siur di jalan raya* urang désa téh melengek jeung kaget nenjo mobil pasuliwer di jalan gedé;

[2]**te.gun** a kuat jeung teger: *ia -- sbg serdadu jaga* manéhna kuat tur teger (segut) minangka soldadu jaga

**tegur (sapa)** *n* **1** omongan-omongan: *betapa menarik tingkah laku dan -- supanya* (naha) kacida narikna ttingkah laku jeung omonganana; ( -- **ajar**) tegoran; kritik; pangwada; panggeuing: *hatinya keras tidak mempan oleh -- ajar* haténa teuas henteu teurak ku panggeuing;
**menegur** *vt* **1** ngageunggeureuhkeun: *ia tidak segan-segan == perbuatan anaknya yg keliru* manéhna teu asa-asa ngageunggeureuhkeun kalakuan anakna anu kaliru;
**teguran** *n* **1** pangajak ngomong; **2** panegor; pangwada; kritik; **3** panggeuing: *ia gembira krn redaksi mau menerima ==nya* manéhna bungah lantaran redaksi daek narima panggeuingna

**te.kad** /tékad/ *n* karep (kahayang) anu pasti; tékad: *sudah bulat -- nya* geus beleud tekadna;
**bertekad** *adv* boga maksud; boga niat; miboga tékad: *dia == belajar sebaik-baiknya* manéhna boga niat diajar sahadé-hadéna

**te.kan** *v*, **menekan** *vt* **1** nindih; neueul; ngadesek: *kepalaku sakit serasa ada sesuatu yg == nya dr atas* sirah kuring nyeri karasana saperti aya nu nindihan ti luhur; **2** *ki* neken; nendes; ngagencet; maksa (ngalakukeun maké paksaan): *yg kuat jangan == yg lemah* anu kuat ulah ngagencét nu héngkér; **3** *ki* ngeureunkeun; nahan (nyegah, ngadalian, jsb) kalawan maké kakerasan at paksaan: *pemerintah berusaha == kenaikan harga beras dng cara mengasok langsung beras ke pasar* pamaréntah ihtiar nyegah naekna harga béas ku cara ngajual langsung béas ka pasar; **4** *ki* nekenkeun (omongan, kecap, jsb) ku sora anu rada tarik: *pembicara bahasa Indonesia biasa ==*

*suku kata yg terakhir* nu ngomong basa Indonesia biasa nekenkeun engang anu panungtung; **5** ngutamakeun; mentingkeun: *Pemerintah == pembangunan pd sektor kesehatan dan pendidikan* Pamaréntah ngutamakeun pangwangunan dina sektor kasehatan jeung atikan;

**tertekan** *vi* **1** kateken; katindih; kagencét: *para petani ternyata sangat merasa == oleh ulah para tengkulah itu* para patani tetela ngarasa kateken ku polah para tangkulak téh; **2** teu ngahaja neken; bisa diteken; geus diteken

**tek.nik** /ték.nik) *n* **1** pangaweruh at kapinteran nyieun hiji barang anu aya patalina jeung hasil industri (bangunan, mesin jsb); teknik: sekolah -- sakola téhnik; *ahli* -- ahli téhnik; **2** cara (kapintéran jsb) nyieun hiji barang at ngalakukeun hiji pagawéan anu aya patalina jeung seni: -- *melukis* téhnik ngagambar; -- *ngarang* carana ngarang; **3** metode at padika pikeun migawe sahiji perkara

**tek.no.krat** /téknokrat/ *n* ahli pikir; cendekiawan; pakar; anu palinter: -- *ekonomi menggunakan hasil penjualan minyaknya untuk membangun* cendekiawan ékonomi ngagunakeun duit ladang ngajual minyak téh pikeun ngawangun

**tek.no.lo.gi** /téknologi/ *n* kamampuhan téhnik dumasar pangawéruh elmu éksakta anu didasarkeun prosés téknis; élmu téknik; teknologi: *ilmu dan teknologi merupakan sarana penting dl pembangunan* élmu jeung téhnologi ngarupakeun sarana penting dina pangwangunan;

-- **medis** élmu kadoktéran anu ngagunakeun pakakas jeung prosedur nu tangtu pikeun ngabantu manggihkeun panyabab panyakit sarta ngabantu nambaananana (ngubaranana);

-- **tinggi** téknologi anu dianggap luhur tahapanana tur tacan aya teknologi anu nandingan kapunjulanana

**teks** /téks/ *n* naskah anu mangrupa: **1** kecap-kecap aslina ti pangarang; **2** cutatan tina kitab suci pikeun dadasar alesan at ajaran; **3** bahan tinulis pikeun bahan pangajaran, pidato (biantara), jsb: *peringatan itu didahului dng pembacaan -- Pancasila* pangéling-ngéling téh dimimitian ku macakeun teks Pancasila

**teks.til** /tékstil/ *n* barang-barang tinunan (spt encit, kaén bodas) bahan pakéan: *pabrik* -- pabrik tinun; *dr -- yg halus dapat dibuat pakaian yg halus pula* tina bahan (pakéan) anu lemes bisa dijieun pakéan anu lemes deui

**te.kuk** *v*, tilep; lipet;

**bertekuk** nilep; ngalipet; == **lutut 1** ngalipet suku jeung ngarapetkeun tuur; **2** taluk; éléh; kasoran: *musuh-musuh sudah == lutut kepadanya* musuh-musuh geus taluk at sumérah ka manéhna;

**menekuk** *vt* **1** ngalipet (barang anu heuras); melengkungkeun: == *rotan* melengkungkeun hoé; == *tali* ngalipet (nilep) tali; **2** nangkep: *polisi telah == batang leher pemeras itu* pulisi geus nangkep éta anu jahat (tukang meres)

**te.kun** *a* rajin jeung soson-soson: *ia belajar dng* -- manéhna diajar kalawan soson-soson;

**ketekunan** *n* kawekelan; katemenan: *dng penuh == dia bekerja mencari nafkah sehingga kebutuhan anak dan istrinya terpenuhi* kalawan kawekelan menéhna digawé nyiar napakah nepi ka panga butuh anak jeung pamajikanana kacumponan

**te.la.ah** *n* panalitian; paniténan; pamariksaan: -- *keadaan lokasi untuk pemukiman transmigran perlu diadakan sebelum transimigrasi diadakan* panalitian kaayaan tempat pikeun padumukan transmigran perlu diayakeun saméméh transmigrasi dilaksanakeun;

**menelaah** *vt* **1** ngulik; nalungtik; niténan: *ia menjadi anggota panitia yg ditugasi == kondisi tanaman yg diserang hama wereng cokelat* manéhna jadi anggota panitia anu dipapancenan nitenan kaayaan pepelakan nu keuna ku hama wereng coklat; **2** ngaramalkeun; norah; nujum: *dukun itu pun diminta == nasib dirinya* éta dukun téh dipénta nujum nasib dirina;

**penelaahan** *n* panalungtikan; paniténan; pamariksaan

**te.la.dan** *n* tuladan; conto; perlu ditiru; hadé pikeun diconto; *ia terpilih sbg pelajar* -- manéhna kapilih minangka siswa tuladan;

**keteladanan** hal-hal nu bisa ditiru at dipiconto

**te.la.ga** *n* **1** situ; talaga; **2** sumur; balong: *adakah dr -- yg jernih* mengalir air yg keruh naha aya ti talaga anu hérang ngocor cai anu *kiruh;* **3** sumur pangeboran sumber minyak

-- *di bawah gunung, pb* awéwé anu ngadatangkeun untung ka salakina; -- *mencari timba, pb* awéwé neangan lalaki

**te.lah** *adv* geus; enggeus; parantos (nuduhkeun kalakuan, kaayaan, jsb nu

sampurna, liwat, at anggeus at réngsé): *ia -- pergi dan tidak akan kembali lagi* manéhna geus indit jeung moal rék balik deui; *mereka -- membeli karcis* maranéhnana geus meuli karcis

**te.lan** *v*, **menelan** *vt* **1** neureuy: == *ludah* neureuy ciduh; **2** ngahakan mamangsan at korban (dipaké ogé dina harti kiasan): *gambar kepala raksasa == bulan* gambar hulu buta neureuy bulan; **3** ngahakan réa (dina harti kiasan spt ngahakan ongkos); ngarandapan (wiwirang, éléh, jsb): *proyek itu akan == biaya ratusan juta rupiah* proyek téh baris ngahakan waragad ratusan juta rupia; *kesebelasan kombinasi terpaksa == kekalahan yg tidak sedikit* kasawelasan campuran téh kapaksa ngarandapan kasoran nu teu saeutik;
**penelanan** *n* cara neureuy

**te.lan.jang (bertelanjang)** *adv* **1** témbong orat sabeuleugeunjeur; taranjang; ditaranjang; **2** dilugas (teu disarangkaan spt bedog, pedang, jsb); **3** henteu boga pakéan (perhiasan jsb): **semuanya habis dl perjudian hingga pulang** -- sakabéhna béak dina pamaénan nepi ka balik ditaranjang;
**menelanjangi** *vt* **1** ngalaanan papakéan batur, pangpangna anu nutupan orat; **2** *ki* mukakeun kaaéban batur haréupeunana jeung hareupeun pihak nu séjén; ngiritik at ngawada bébéakan; naranjangan: *ia == kejahatan orang itu di muka umum* manéhna naranjangan kajahatan éta jalma di hareupeun umum

**te.lan.jur** *adv 1* kaliwat ti wates at tujuan nu geus ditangtukeun: *sedianya ia hendak turun di stasiun Gambir, tetapi -- sampai ke Sawah Besar* tadina mah manéhna rek turun di stasion Gambir, tapi kaliwat geus tepi ka Sawah Besar; **2** katalanjuran; geus kaomongkeun: *ia -- mengatakan rahasianya* manéhna katalanjuran nyaritakeun rasiahna; **3** geus ti heula migawéna: *ia sudah -- membeli karcis untuk berangkat besok* manéhna geus katalanjuran meuli karcis pikeun mangkat (indit) isukan; **4** geus kaleuwihan: *rupanya semangat rakyat sudah -- berkobar-kobar* sigana sumanget rayat geus katalanjuran ngagedur;
**ketelanjuran** *n* katalanjuran

**te.lan.tar** *a* **1** kalantar; henteu kapiara; **2** (hirupna) sangsara: *sejak orang tuanya meninggal, hidupnya ==* ti saprak kolotna maot hirupna

sangsara; **3** henteu kaurus at kapiara: *taman ini dahulu terawat baik, tetapi sekarang == krn tidak ada yg mengurusnya* ieu taman baréto mah kapiara hadé, tapi ayeuna teu kaurus lantaran euwuh nu ngurusna;

**melantarkan** *vt* ngantep kalantar at teu diurus

**te.la.ten** /telantén/ *a* tulatén; sabar jeung taliti: *ia sabar dan -- mengasuh bayinya* manéhna sabar jeung tulatén ngasuh budak orokna

**te.le.dor** /telédor/ *a* **1** talédor; kedul; teu tigin kana kawajiban **2** kurang rajin; lalawora; henteu sakumaha mistina dina mayar hutang, angsuran jsb;

**keteledoran** *n* kataledoran

**te.leks** / téléks/ *n* alat tulis jauh; alat nu bisa neruskeun tulisan (ketikan) ka tempat jauh tanpa alat sambung; téléks: *komunikasi melalui telepon, radio, dan -- sudah ada* komunikasi ngaliwatan telepon, radio, jeung teleks geus aya

**te.len.tang** *adv* nangkarak: *tidur --* saré nagkarak;

**tertelentang** *adv* labuh (ngagolér, jsb) nangkarak;

*== berisi air, tertiarap berisi tanah, pb* ngeunaan jalma anu kacida miskinna, teu daya teu upaya

**te.le.pon** /télépon/ *n* **1** (**pesawat** -- ) pesawat maké listrik jeung kawat, pikeun cacarita antara dua jalma anu pajauh tempatna; telepon: *kantor - -* kantor pusat sambungan telepon; *tiang - -* tihang kawat telepon; **2** omongan anu ditepikeun ku pesawat telepon;

**menelepon** *vi* cacarita ngaliwatan pesawat telepon; nelepon: *ia == karyawan pabrik roti* manéhna nelepon pagawé pabrik roti

**te.le.vi.si** /télévisi/ *n* (**pesawat** -- ) pesawat sistem émbaran gambar objek anu bagérak anu dibaréngan ku sora ngaliwatan kabel at ngaliwatan awang-awang kalawan ngagunakeun alat nu ngarobah cahaya (gambar) jeung sora ngajadi galura (gelombang) listrik jeung ngarobahna deui jadi kumpulan cahaya anu bisa katénjo jeung sora anu bisa kadéngé, digunakeun pikeun émbaran tongtonan, wawaran, jsb

**te.li.nga** *n* ceuli;

-- **badak** ceuli badak (ngaran tutuwuhan), *Crypteronia griffithi;*

-- **kuali 1** ceuli katél; **2** *ki* jalma anu tahan haté sanajan dicarékan at

dijejeléh ku nu séjén;
*masuk ke -- kanan, keluar ke -- kiri* henteu nyangsang dina ingétan (nasehat jsb);
**bertelinga** *vi* boga ceuli; aya ceulina;
== **lembut** *ki* **1** bodo; kurang pinter; **2** resep tutulung;
== **merah** *ki* ambek; kesel; == **tebal** *ki* henteu ngarasa nanaon sanajan disindir-sampir

**te.li.ti** *a* **1** taliti; gemi: *ia kurang -- memeriksanya* manéhna kurang taliti mariksana; **2** ati-ati; nastiti; tartib: *dia memelihara burung perkutut itu dng amat --* manéhna miara manuk titiran téh kacida ati-atina;
**penelitian** *n* panalungtikan; pamariksaan kalawan taliti;
**ketelitian** *n* katalitian; kanastitian

**te.luk** *n* teluk; laut anu nyodor ka darat;
-- **belanga** ngaran baju urang Malayu;
-- **rantau 1** teluk jeung segogan cai; **2** *ki* wewengkon sabudeurna

**te.lung.kup** *v*, **menelungkup** *vi* nangkuban; ngadapang bari beungeut aya di beulah handap: *si Upik sedang belajar ==* Upik keur diajar nangkuban **2** nyuuh: *mukanya == di bantal menahan tangis karena ujiannya tidak lulus* beungeutna nyuuh kana anggel nahan ceurik lantaran ujianna henteu lulus

**te.lun.juk** *n* curuk; ramo leungeun (antara jajangkung jeung indung leungeun) paragi nunjuk: *--nya diacungkan ke atas* curukna diacungkeun ka luhur

**te.lur** *n* endog;
**bertelur** *vi* ngendog;
**petelur** *n* (hayam) piaraan anu diarah endogna (ngahasilkeun endog)

**te.lu.sur** *v*, **menelusuri** *vt* **1** leumpang mapay sisi (walungan, jalan, jsb); nyalusur: *ia == sungai itu sampai ke hulu* manéhna nyalusur éta walungan nepi ka girang (sirah walungan); **2** nyusud: *polisi sedang == peristiwa pembunuhan itu* pulisi keur nyusud kajadian éta raja pati

**te.ma** /téma/ *n* poko pikiran; jejer carita (anu dicaritakeun, dipaké minangka dadasar ngarang, nganggit guguritan, sajak, jsb); téma: --

*sandiwara ini ialah "yg keji dan jahat pasti akan kalah oleh yg baik dan mulia"* tema éta sandiwara téh "nu keji jeung jahat pinasti baris éléh ku anu hadé jeung mulya:

**bertema** *vi* miboga téma; ngandung téma: *perkembangan seni vokal yg == "serius" mulai dapat bernapas kembali* kamekaran seni soara anu ngandung téma "*dara*" mimiti bisa nyeunghap deui

**te.man** *n* **1** mitra; sobat; kanca: *hanya -- dekat saja yg kuundang* ngan sobat deukeut baé anu ku kuring diondang; **2** jalma anu babarengan digawé; batur (ngomong, digawé): *ia -- ku bekerja* manéhna batur kuring digawé; **3** naon-naon anu jadi pasangan atawa dipaké (didahar jsb) babaréngan: *pisang rebus enak untuk -- minum kopi* kulub cau ngeunah dipaké deungeun ngopi; *usahlah -- dimandi pagi, pb* teu kudu manéh muji-muji kaleuleuwihan;

-- **hidup** batur hirup (salaki at pamajikan); -- **nasi** deungeun sangu; -- **sejawat** batur sagawé;

**menemani** *vt* ngabaturan; nyarengan : *aku == Ibu melihat demonstrasi pembuatan kue* kuring nyaréngan Ibu ningali demonstrasi carana ngadamel kuéh

**tem.bak** /témbak/ *v*, **bertembak-tembakan** silih bedil; silih témbak; **menembak** *vt* **1** ngabedil, némbak: *== harimau* ngabedil maung; **2** nyépak bal ka arah gawang lawan: *ia == menyusur tanah ke sudut gawang* manéhna nyépak bal ngagulusur ka juru gawang;

**tembakan** *n* **1** hasil ngabedil; témbakan: *== musuh segera dibalas* témbakan musuh gancang dibales; **2** sora bituna bedil (senjata api): *dr jauh terdengar suara ==* ti kajauhan kadéngé sora témbakan;

**penembak** *n* **1** jalma anu némbak: *==nya telah tertangkap* anu némbakna geus katangkep; **2** pakarang pikeun némbak: *meriam == pesawat terbang* mariem pikeun nembak kapal udara

**tem.ba.kau** *n* **1** tutuwuhan anu daunna rubak, daunna diracik lembut jeung digaringkeun pikeun bahan roko, surutu, jsb; bako, *Nicotiana tabacum: menanam --* melak bako; **2** rasikan daun bako nu geus di garingkeun pikeun roko, sisig, jsb; bako: *membeli -- di warung* meuli bako di warung

**tem.bi.kar** *n* **1** barang gagarabah (dijieunna tina taneuh liat anu dibeuleum) spt pariuk, kendi, jsb; **2** barang pecah-belah

**tem.bok** /tέmbok/ *n* **1** bilik tina batu bata; tembok: *di -- bergantungan lukisan-lukisan modern* di tembok ngagarantung gambar-gambar (lukisan-lukisan) moderen; **2** tambak atawa tanggul (bendungan) tina batu (batu bata);

**menembok** *vt* nembok; nyieun tembok

**tem.bus** *v* **1** liangan nepi ka sisi sabeulahna deui; tembus: *meskipun berlapis baja, -- juga oleh peluru* sanajan make lapis baja, tembus ogé ku pelor; **2** parat: *pisau yang ditusukkan ke dadanya -- sampai ke tulang belikat* peso anu ditubleskeun kana dadana parat nepi ka tulang walikat; **3** rembes (nyerep): *adukan tembok yang berbatasan dengan kamar mandi harus lebih tebal dan lebih banyak semennya agar air tidak -- ke kamar sebelahnya* adukan tembok anu ngawates jeung kamar mandi kudu leuwih kandel jeung leuwih loba semenna supaya cai henteu rembes ka kamar anu sabeulahna deui; **4** torobos (barisan, pertahanan jsb): *pertahanan yg terdepan sudah --* pertahananan nu panghareupna geus katorobos;

**menembus** *vt* nembus; maratan; norobos;

**tembusan** **1** jalan (walungan, jsb) anu tembus; **2** terusan; torowongan; **3** salinan at rekaman surat (surat jsb nu ditulis maké kertas karbon anu diketik

**tem.pa** *n*, **besi** -- beusi anu teu sabaraha teuasna;

**menempa** *vt* **1** neunggeulan (beusi) pikeun dijieun pakakas (spt péso); neupa: *pandai besi itu sedang == besi untuk dijadikan cangkul dan golok* panday téh keur neupa beusi pikeun dijieun pacul jeung bedog; **2** nyieun (péso, keris, jsb): *== **parang*** nyieunan parang; *pabrik yg == barang-barang logam* pabrik nu nyieunan barang-barang logam; **3** nyitak (batu bata, jsb): *buruh pabrik itu sedang == ubin* buruh pabrik téh keur nyitak ubin; *pemimpin Indonesia sedang == kader pembangunan* pamingpin Indonesia keur nyitak kadér-kadér pangwangunan

**tem.pat** *n* **1** wadah: -- *obat* wadah ubar; **2** rohangan (imah, jsb): -- *belajar* rohangan diajar; **3** rohangan at palataran nu dipaké pikeun neundeun (ngumpulkeun,jsb): -- *sepeda* tempat neundeun sepeda; -- *kayu bakar* tempat neundeun at ngumpulkeun suluh; **4** rohangan (imah, daérah, jsb) anu dicicingan: -- *kediaman* tempat padumukan;

-- *tinggal* imah, tempat matuh; **5** daérah (kota, désa, jsb): *di beberapa -- kita dapat menanam anggur* di sawatara daérah at wewengkon urang bisa melak anggur; **6** kalungguhan (kaayaan, jsb): *di kantor itu ia telah mendapat -- yg baik* di éta kantor manéhna geus meunang kalungguhan anu hadé; *tidak pd -- nya* teu saluyu jeung kaayaanana; teu pantes;
-- **bertanya** anu jadi pananyaan;
-- **hati**, *ki* kakasih; buah haté;
**menempatkan** *vt* **1** neundeun; masang; merenahkeun: *ibu sedang == barang ukiran di ruang tamu* ibu keur masangkeun barang ukiran di kamar tamu; **2** méré tempat (diuk, digawé, meuting, jsb): *untuk sementara ia == mereka di asrama* pikeun saheulaanan manéhna mérénahkeun maranéhanana di asrama

**tem.pa.yan** *n* gentong wadah cai anu dijieunna tina taneuh liat, beuteungna gedé, sungutna heureut (dipaké ogé pikeun wadah béas atawa ngaredem lauk); tempayan *tertiarap di air, pb* jalma anu teu daék ngadéngékeun naséhat

**tem.pel** /témpél/ *v*, **bertempel** padeukeut pisan; kacida dalitna; ruket;
**menempel** *vt* **1** napel; rapet: *kalau tidak dilem, tidak akan ==* mun teu dielém, moal napel; **2** ngarapétan; némpélan: *ia sedang == biliknya dng koran* menéhna keur némpélan (ngarapétan) kamarna ku kertas koran; **3** népélkeun; nempelkeun: *dilarang == pengumuman di sini* dilarang némpélkeun béwara di dieu; **4** *ki* numpang (cicing, dahar, jsb); nébéng: *ia == di rumah dermawan itu* manéhna numpang di imah éta dermawan; **5** nyobat; ngadeukeutan; nyorok: *asal pandai == kepala kantor, tentu lekas naik pangkat* asal pinter nyorok kepala kantor tangtu gancang naek pangkat; **6** *ki* nyogok; nyuap: *usahanya kurang berhasil krn kalah bersaing dng pengusaha yg pandai == para pejabat* usahana kurang hasil lantaran éléh saéngan jeung pangusaha anu pinter nyogok para pajabat;
**tempelan** *n* **1** tempat némpélkeun at napelkeun (iklan, jsb); **2** barang nu ditémpélkeun; **3** jalma anu ditémpél; **4** cuké pasar (maké kertas nu ditémpélkeun); **5** hasil némpél

**tem.pe.leng** /tempéléng/ *n* tampiling;
**menempéléng** *vt* nampiling

**tem.pe.ra.men** /témperamén/ *n* sipat batin anu tetep mangruhan kalakuan, parasaan, jeung pikiran; temperamén: -- *orang itu mudah tersinggung dan mudah marah* temperamén éta jalma gampang kasinggung jeung gampang amarah (ambek);
**bertemperamen** miboga temperamén

**tem.pe.ra.tur** /témperatur/ *n* panas tiisna badan atawa hawa; suhu: -- *di kota Bogor 24 derajat Celcius* suhu di kota Bogor 24 darajat Celcius

**tem.pi.as** *n* **1** cai muncrat atawa cai cécérétan (tina cihujan, cai mancer, jsb); **2** lebu anu awur-awuran;
**bertempias (menempias)** *vt* cérét asup: *gerimis == ke dl rumah* girimis (cihujan) ceret asup ka jero imah

[1]**tem.po** /témpo/ *n* **1** waktu; mangsa: *dl -- singkat terbongkarlah kedoknya* jero waktu singget kabongkar baé kedokna; **2** nalika; danget: -- *itu ia tidak ada* danget éta manéhna teu aya; **3** kasempetan: *setiap hari, bila* ada -- dia selalu saya desak unggal poé, mun aya kasempatan manéhna salawasna ku kuring didesek; **4** kalonggaran (pikeun mikir jsb): *diberi -- dua belas jam untuk menjawab pertanyaan ultimatum itu* dibéré kalonggaran (waktu) dua belas jam pikeun ngajawab éta pertanyaan (pananya) ancaman; **5** wates waktu (waktu nu dijangjikeun): *kalau lewat --nya, akan didenda lima puluh ribu rupiah* lamun liwat wates waktuna, baris didengda lima puluh rébu rupia;
**tempo-tempo** *adv* **1** kalan-kalan; sawaktu-waktu: *dia == harus berangkat ke Singapura* manéhna sawaktu-waktu kudu indit ka Singapur; **2** sakéudeung-sakéudeung: == saya marah menghadapi anak brengsek itu sakeudeung-sakeudeung kuring ambek nyanghareupan éta budak badeur

**tem.po.long** *n* tampolong; tempat nyiduh

**tem.po.ral** /témporal/ *a* ngeunaan waktu: *dinamakan relasi apabila dl bagian kalimat yg satu diberi keterangan waktu* disebut relasi témporal (tatali waktu) lamun dina bagian kalimah anu hiji dibéré katerangan waktu

[1]**tem.puh** *v*, **menempuh 1** maju narajang (ngalawan); nyerbu: *bersiap-siap akan == musuh* tatan-tatan rék narajang musuh; **2** ngalanggar (ombak, angin, jsb): *sbg ombak == karang* saperti ombak

ngalanggar karang; **3** nindih; nibanan: *tidak henti-hentinya malapetaka == kampung itu* teu aya eureunna kasangsaraan nibanan éta kampung (lembur); **4** ngaliwatan: *== jalan yg sangat curam* ngaliwatan jalan anu kacida lungkawingna; **5** ngambah: *== hutan yg lebat* ngambah leuweung nu rembet; *== lautan api* ngambah lautan seuneu; **6** mapag (ombak, angin, jsb); nyangharéupan: *berlayar == ombak* balayar mapag ombak; *== bahaya maut* nyanghareupan bahaya maot; **7** ngalaman: *ia telah == bermacam-macam kesukaran* manéhna geus ngalaman rupa-rupa kasulitan; **8** ngadatangan; ngadongdon: *baru sekali itu ia == kota kelahirannya* kakara sakali éta manéhna ngadongdon kota kalahiranana; **9** milu atawa asup (ujian): *berapa orang yg akan == ujian penghabisan* sabaraha urang nu rék milu ujian pamungkas; ; **10** asup jeung ngalaman; ngambah: *sejak hari inilah kamu berdua == kehidupan baru* ti mimiti poé ieu maranéh duaan ngambah kahirupan anyar

[2]**tem.puh** *n* pangganti barang anu diruksakkeun at gaganti karugian
**menempuhkan** nyalahkeun (ku sabab ngaruksakkeun barang) jeung menta ganti rugi; nempuhkeun;
**ketempuhan** katempuhan; **1** kapaksa atawa wajib ngaganti karugian (lantaran ngaruksakeun): *krn menyerempet mobil lain, saya ==* Rp 50.000,00 ku sabab nyerempet mobil séjén; kuring katempuhan ngaganti karugian Rp 50.000,00; **2** meunang panyawad; **3** meunang wiwirang (panyawad) lantaran kasalahan batur: *krn perbuatan temanku itu, aku jadi ==* ku lantaran kalakuan batur kuring, kuring jadi katempuhan

**tem.pur** *v*, **bertempur** perang;
**pertempuran** *n* peperangan; perjuangan: *== sengit telah terjadi lagi di dekat perbatasan* peperangan rongkah geus kajadian deui di deukeut tapel wates

**te.na.ga** *n* **1** tanaga; kakuatan: *semakin tua semakin kurang --nya* beuki kolot beuki kurang tanagana; **2** kagiatan digawé (usaha): *banyak -- saya terbuang dng sia-sia* réa usaha kuring kapiceun kalawan mubadir; **3** jalma anu digawé; pagawé; karyawan: *dl lapangan perindustrian masih sangat dibutuhkan -- ahli* di (jero) lapangan industri masih kacida dipikabutuhna tanaga ahli at pagawé ahli
-- **dalam** tanaga jero; kakuatan batin; tanaga batin;

-- **dalam** tanaga jero; kakuatan batin; tanaga batin;
-- **kuda** kakuatan (daya) kuda;
-- **listrik** tanaga anu dihasilkeun ku arus listrik nu diukur ku watt;
**bertenaga** *vi* **1** boga kakuatan; **2** kuat; giat (digawé); saregep

**te.nang** *a* **1** katénjona cicing teu obah, teu ombakan; ngeuyeumbeu (cai, walungan): *sungai ini -- airnya* ieu walungan ngeuyeumbeu caina; **2** tengtrem; henteu rusuh; ayem (kaayaan, haté, jsb): *sekalian melihatnya dng --* sakabéh nénjona kalawan ayem;
**ketenangan** *n* katengtreman (kaayaan haté, batin, pikiran)

**te.nar** *a* sohor; kamashur; geus kanyahoan ku jalma réa, geus nyebar (béja): *Eistein menjadi - - krn teori relativismenya* Eisstein jadi kamashur lantaran teori relativismena;
**ketenaran** kamashuran; kosohoran: *==nya tidak membuatnya menjadi sombong dan angkuh* kamashuranana henteu nyieun manéhna jadi sombong jeung angkuh

**ten.da** /ténda/ *n* **1** kemah: *para pramuka mendirikan -- di lembah hijau yg indah itu* para pramuka ngadegkeun kémah di léngkob héjo anu éndah; **2** lalangit (dina tempat tidur, karéta, beca): *-- tempat tidur itu sudah tua sehingga perlu segera diganti* lalangit tempat saré téh geus kolot nepi ka perlu gancang diganti; kap mobil: *kain terpal banyak dipakai untuk -- jip* kaén terpal loba dipaké pikeun kap mobil jip

**ten.dang** *v* sépak; tajong: *nénék saya itu kena - - orang yang sedang mengamuk* indung kolot kuring téh keuna ku panajong (katajong) jalma nu keur ngamuk;
**menendang** *vt* **1** nyépak; najong: *ia mencoba == bola ke arah gawang* lawan manéhna nyoba nyepak bal ka arah gawang; **2** ngusir; mecat; ngaluarkeun (ti kantor, perusahaan, organisasi): *setiap pemimpin tidak dapat == bawahannya begitu saja tanpa alasan yg kuat* unggal pamingpin teu bisa kitu baé mecat bawahanana tanpa alesan nu kuat; **3** ngadesek; ngadorong; *tekanan gas yg kuat == klep pipa hingga meletup* tekenan gas anu kuat ngadorong klép pipa nepi ka bitu
**tendangan** *n* sépakan:*== nya jauh melambung di atas mistar gawang lawan* sepakanana jauh ngapung di luhureun palang gawang Iawan

**ten.der** /ténder/ *n* lélang; tawaran pikeun ngasongkeun harga borongan hiji pagawéan atawa pikeun nyadiakeun barang-barang atawa ngayakeun kontrak: *hanya pengusaha bermodal besar yg mampu mengikuti -- di atas satu miliar rupiah* ngan pangusaha modal gedé anu bisa milu lelang (anu pangajina) leuwih ti samiliar rupia

**te.nga.dah** *v* **1** tanggah; nénjo ka luhur; **2** *ki* mikir, digawé suhut; *sudah terantuk, baru -- , pb* sanggeus rugi, kakara mikir (inget); **menengadah** *vi* nenjo ka luhur bari ngagérakkeun sirah, supaya beungeut nyangharéupan ka nu ditenjo; tanggah: *pd waktu gerhana bulan banyak orang == memperhatikan lenyapnya bulan krn tertutup bayang-bayang bumi* dina waktu samagaha bulan loba jalma tanggah niténan leungitna bulan katutup ku kalangkang bumi;
== *ke langit hijau, pb* teu aya harépan aya anu nulungan;
== **matahari** *ki* ngalawan anu boga kakawasaan

**te.ngah** n **1** tempat (arah, titik) di antara dua sisi (wates): *letakkan tempat bunga itu di -- meja* teudeun tempat kembang téh di tengah méja; **2** puseur: *rumahnya terletak di -- kota* imahna ayana di puseur kota; **3** tempat anu pernahna jauh ti sisi: *perahu itu meluncur ke -laut* parahu téh nyoloyong ka tengah laut;
-- **hari** wanci tengah poé; waktu mancéran, waktu pernahna panonpoé aya di luhureun sirah;
**penengah** *n* **1** pamisah (anu paséa); panyapih; anu ngarapihkeun; **2** panengah; anu di tengah pisan

**teng.gang** /ténggang/ *v* **1** waktu; dangka waktu: *utangnya akan dibayar setelah -- 5 bulan* hutangna rék dibayar sanggesu dangka waktu **5** bulan; **2** ihtiar; usaha (pikeun nyalametkeun manéh): *ia mencari -- untuk dapat menghindakan diri dr tanggung jawabnya* manéhna néangan ihtiar pikeun bisa leupas tina tanggug jawabna;
**bertenggang** *vi* **1** ngajalankeun ihtiar atawa usaha (tarékah): *sebelum meminta pertolongan pd orang lain, lebih baik saya == dahulu pd saudara sendiri* saméméh ngenta tulung ka nu séjén, leuwih hadé kuring ngalakukeun ihtiar heula ka dulur sorangan; **2** badami: *ia dapat == dng kawan-kawannya* manéhna bisa badami jeung babaturanana; **3** ménta tulung: *orang pandai tempat kita ==*

jalma pinter tempat urang ménta tulung; 4 ngirit: *krn gajinya kecil, mereka harus pandai ==* lantaran gajihna saeutik, maranéhnana kudu bisa ngirit

**teng.ge.lam** *v* **1** tilelep ka jero cai; **2** karem (parahu, kapal): *perahu nelayan itu -- setelah diserang topan* parahu tukang ngala lauk téh karém sabada ditarajang topan; **3** surup (panonpoé): *matahari -- di ufuk barat* panonpoé surupna di beulah kulon; **4** *ki* kalebuh ka jero kasangsaraan: *hidupnya kini tidak menentu lagi setelah ia -- oleh utang-utangnya yg bertumpuk* hirupna kiwari teu aya katangtuanana deui sanggeus manéhna kalebuh ku hutang-hutangna nu salaput hulu; **5** ilang; leungit; sirna: *banyak perusahaan kecil yg -- krn tiadanya modal* loba perusahaan leutik anu sirna lantaran euweuhna modal; **6** asik; anteng; cengeng: *ia sedang -- di lamunannya, tidak mendengar panggilan temannya* manéhna keur anteng ngalamun, teu kadéngé batuma ngageroan;

**menenggalamkan** *vt* **1** ngalelepkeun; ngasupkeun ka jero cai: *Ibu saya == cuciannya ke dlm air* indung kuring ngalelepkeun seuseuheun ka jero cai; **2** ngarémkeun; sina karém (tilelep): *dp jatuh ke tangan musuh, kapten kapal itu memerintahkan anak buahnya untuk menenggelamkan kapalnya* ti batan ragrag ka pihak musuh, kaptén kapal maréntahkeun anak buahna kapalna dikarémkeun; **3** nyumputkeun (beungeut): *anak itu == mukanya ke dl pelukan ibunya* budak téh nyumputkeun beungeutna kana rangkulan indungna

[1]**teng.kar** *v* cékcok: *dl persoalan itu tampaknya -- dan selisih tidak dapat dihindarkan lagi* dina pasualan éta katénjona cékcok jeung pasalia paham téh teu bisa dicegah deui;

**bertengkar** *vi* paséa; pasalia paham; cékcok: *mereka menyesal telah == akibat salah paham* maranéhnana ngarasa handeueul geus paraséa balukar salah paham;

**pertengkaran** n papaséaan; pacékcokan: *itu bukan lagi bergurau, tetapi sudah == krn disertai ejek-mengejek yg melampaui batas* éta mah lain heureuy deui, tapi geus papaséaan sabab dibaréngan silih poyok nu ngaliawatan wates;

[2]**teng.kar, penengkar** *a* bedegong; liwar: *nasihat yg baik tidak dapat meresap ke hati anak == itu* nasehat anu hadé henteu bisa nyerep kana haté budak liwar

**teng.kuk** *n* punduk (beuheung bagian tukangna): *krn sakit ia tidak dapat menggerakkan == nya sehingga kakau* bagaikan patung ku sabab gering manéhna teu bisa ngobahkeun pundukna nepi ka siga arca; **setengkuk** *num* sawates punduk: *rambutnya dipotong ==* buukna diteukteuk sawates punduk

**teng.ku.lak** n tangkulak (padagang nu meuli hasil bumi jsb ti para patani): *harga beli para -- umumnya lebih rendah dp harga pasaran* harga beuli para tangkulak umumna leuwih handap ti batan harga pasar

**teng.ku.rap** *v, menengkurap vt* nangkuban: *ia menangis sambil ==* manéhna ceurik bari nangkuban

**te.ngok** /téngok/ *v* ténjo; tempo: *coba -- siapa yg datang itu* cing tempo saha anu datang téh;
**menengok** *vt* **1** ngalongok: *sudah lama kami tidak == nenek* geus lila kuring saréréa henteu ngalongkok nini; **2** nénjo; nongton (lalajo): *mereka senang == pertandingan sepak bola* maranéhanana resep lalajo diadu mengbal; **3** niténan: *jika == paras mukanya, tentulah ia seorang bangsawan* lamun nitenan pameunteuna, tangtu anjeunna téh hiji menak; 4 norah (ngaramalkeun): *ia pandai == peruntungan orang* manéhna pinter norah panasiban jelema

**ten.tang** *p* **1** hal: *ia tidak tahu apa-apa -- perkara itu* manéhna teu nyaho naon-naon hal (ngeunaan) perkara éta; **2** kana: *sikapnya -- pembentukan lembaga itu masih belum jelas* sikepna kana ngadegna éta lembaga masih kénéh tacan écés; **3** ngeunaan: *pendapatnya -- masalah itu belum diumumkan* pamanggihna ngeunaan masalah éta tacan dibéwarakeun; **4** deukeut di haréup; haréupeun: *ia berdiri tepat di -- jendela* manéhna nangtung lempeng di hareupeun jandéla;
**menentang** *vt* **1** neuteup: *pd saat itu tiada seorang pun bawahannya berani == muka atasannya yg sedang marah* harita euweuh saurang gé bawahanana wani neuteup beungeut dununganana anu keur amarah; **2** ngalawan: *tidak boleh == orang tua* teu meunang ngalawan kolot;**3** nuju ka arah: *berlayar == pulau* balayar nuju ka arah pulo; **4** mapag: *berlayar == ombak (angin)* balayar mapag ombak (angin); **5** nolak; nyanggah; nampik: *banyak anggota yg == usul*

*mosi itu* loba anggota anu nolak éta usul mosi; **6** ngaruag (aturan jsb): *kita tidak boleh == aturan permainan yg telah ditentukan pemerintah* urang teu meunang ngaruag aturan maén anu geus ditangtukeun ku pamaréntah

**ten.teng** /ténténg/, **menénténg** *vt* ngajingjing: *ibu itu == belanjaannya* éta awéwé (indung) ngajingjing balanjaanana
**ténténgan** *n* jingjingan; anu dijingjing

**ten.te.ram** *a* tengtrem; tingtrim; aman: *di tempat yg -- mereka dapat bekerja dng giat* di tempat anu tengtrem maranéhanana bisa digawé kalawan suhud (soson-soson);
**ketenteraman** *a* **1**. kaamanan; **2** katengtreman (haté, pikiran)

**ten.tir** /téntir/ *v* diajar babaréngan pikeun tatahar ujian, tentir: *untuk mempersiapkan ujian, beberapa mahasiswa mengadakan seminggu sekali* minangka tatahar nyanghareupan ujian, sawatara mahasiswa ngayakeun riuangan diajar babaréngan (tentir) saminggu sakali

**ten.tu** *adv a* **1** pasti; teu robah deui; tangtu: -- *ia dapat menepati janjinya* pasti manéhna bisa nohonan jangjina; **2** nyata; jéntré teges; positif: *kabar kematian suaminya masih belum* -- béja papatén (maotna) salakina masih tacan teges; **3** tangtu; misti; teu meunang hengteu: *minumlah obat ini, -- penyakitmu cepat sembuh* pék inum ubar ieu, tangtu panyakit anjeun téréh cageur;
**menentukan** *vt vt* **1** nangtukeun; mastikeun: *pemerintah yg akan == keputusannya* pamaréntah anu baris nangtukeun putusanana; **2** mutuskeun; méré katangtuan: *hakim akan == vonisnya minggu depan* hakim baris mutuskeun vonisna minggu haréup; **3** méré watesan (definisi): *ahli kamus harus dapat == makna suatu kata* ahli kamus kudu bisa méré watesan hartina hiji kecap; **4** mastikeun; ngawajibkeun: *pengurus == setiap anggotanya membayar iuran setiap bulan* pangurus ngawajibkeun sakur anggotana mayar iuran unggal bulan;
**penentuan** *n* cara nangtukeun; penetepan; panangtuan: *pelaksanaan == jumlah anggaran proyek itu diserahkan kpd pemerintah* palaksanaan penetepan jumlah anggaran éta proyek dipasrahkeun ka pamaréntah

**te.nun** *n* tinun: *industri (perusahaan)* -- industri (perusahaan) tinun;
**menenun** *vt* nyieun barang-barang tinun (tina benang kapas, sutra,

jsb); ninun: *pulang dr mengajar ia == kain* balik ngajar manéhna ninun kaén;

== **sarung** ninun sarung;

**tenunan** *n* hasil ninun; barang-barang anu ditinun; tinunan: *ia mengenakan kain == yg dibuat semasa ia masih gadis* manéhna maké kaén tinunan nu dijieunna waktu manéhna masih kénéh parawan

**te.nung** *n* **1** kapintéran norah (ngaramalkeun) sahiji perkara anu gaib (spt ngaramalkeun nasib, néangan jalma leungit): *juru --; tukang tenung;* **2** élmu hideung (kajahatan) pikeun nyilakakeun jelema; ngarobah sipat ku kukuatan gaib (spt dina dongeng jelema bisa ditenung jadi sato at arca);

**menenung** *vt* **1** ngaramalkeun nasib jelema; **2** nyilakakeun jelema ku tenung

**te.o.ri.tis** /téoritis/ *a* dumasar kana téori; nurutkeun téori: *secara -- hal itu memang dapat diramalkan* sacara dumasar kana téori hal éta memang bisa diramalkeun

**te.o.ri** /téori/ *n* **1** pamanggih anu mangrupa katérangan ngeunaan hiji kajadian: *-- tt pembentukan negara* pamanggih nu mangrupa katérangan ngeunaan ngadégkeun nagara; **2** asas jeung hukum umum anu jadi dasar hiji kasenian atawa elmu pangawéruh: *-- mengendarai mobil* teori ngajalankeun mobil; **3** pamanggih, cara jeung aturan migawé hiji perkara: *teorinya memang mudah, tetapi praktiknya sukar* téorina mémang gampang, tapi praktékna hésé

**te.pat** *a* **1** bener at lempeng (arah, lebah); meneran: *matahari -- di atas kepala kita* panonpoé meneran di luhur sirah urang; *gang ini -- menuju ke rumah guruku* gang ieu lempeng nuju ka bumi guru kuring; 2 keuna pisan (kana sasaran, tujuan, maksud jsb): *tembakan itu -- mengenai jantungnya* tembakan téh keuna pisan kana jajantungna; 4 bener at cocog: *perhitungannya kurang --* balitunganana kurang cocog; alasan itu mungkin -- juga éta alesan téh bisa jadi bener ogé;

**menepati** *vt* nyumponan; nohonan (jangji, omongan, amanat, jsb): *apabila anak itu sembuh, dipanggillah juru pantun untuk == janji* samangsa éta budak cageur, disaur baé juru pantun pikeun nohonan jangji;

**ketepatan** *n* katalitian; kajétuan: == *alat ukur itu dapat dijamin*

**te.pi** *n* **1** sisi: -- *jalan raya* sisi jalan gedé; -- **hutan** sisi leuweung; **2** palisir; pamantes (renda jsb) anu dipasang di sisi baju at kulambu: -- *kain (lengan baju dsb)* palisir kaén (leungeun baju jsb); **3** wates (wawatesan): -- *kota* wates kota; -- *langit* wates langit jeung cai laut di suku langit; horison; **4** bagian sisi; biwir: -- *perahu* biwir parahu;

**tepian** *n* tempat nu déét sisi walungan (biasana tempat mandi jsb); tampian: *mereka pergi ke == untuk mandi* maranéhanana arindit ka tampian pikeun mandi;

== **ilmu** jalma anu loba pangawéruhna atawa élmuna

**te.puk** *n* **1** keprok; **2** tepak ; panyabok teu tarik ti tukang at ti gigir;

**menepuk** *vt* **1** nepek dampal leungeun (pangpangna pikeun ngayakeun sora): = *air* nepak cai; **2** neunggeul teu tarik ti tukang atawa ti gigir ku dampal leungeun: *pd waktu berpisah, ia = bahu kawannya sambil berseru riang* dina waktu papisah, manéhna nepak taktak baturna bari ngagero gumbira

**te.pung** *n* **1** tipung: -- *beras* tipung béas; -- *jagung* tipung jagong; **2** bubuk (-an): — *cat* bubuk cét

**menepung** *vt* 1 nutu (ngagiling jsb) lembut-lembut supaya jadi tipung; nipung: == *beras* nipung béas; == *jagung* nipung jagong *spt == tiada berberas, pb* loba omong, euweuh eusian

**te.ra.li** *n* **1** sarigsig: *pencuri masuk ke rumah dng memotong -- jendela* bangsat asup ka imah ku motong sarigsig jandéla; **2** pager dina sisi kapal: *berdiri memegang -- kapal sambil melambai-lambaikan tangan* nangtung nyekelan sarigsig (kisi-kisi) kapal bari ngagupaygupaykeun leungeun

**berterali** *vi* maké sarigsig: *seluruh jendela gudang penyimpanan logam mulia itu == batangan logam tebal* sakabeh jéndela gudang panyimpenan loga mulia téh maké sarigsig leunjeuran logam (beusi) kandel

**te.rang** *a* **1** dina kaayaan bisa katénjo (kadéngé); nyata; jéntré: *terdengar suara lagu yg cukup -- dr arah timur* kadéngé sora lagu anu cukup jéntré (écés) di tebéh wétan; **2** caang; cahayaan; lénglang; padang: *pd malam hari stadion renang itu -- spt siang* (waktu) ti peuting stadion

renang téh caang (mabra) saperti tibeurang; **3** beurang: *krn bangunnya sudah --, ia terlambat datang di sakolah ku* sabab hudangna geus beurang, manéhna elat datang di sakola; **4** beresih (kebon, pakarangan ) ku sabab diberesihan: *pekarangan itu tampak -- sesudah pohon-pohon yg rimbun ditebangi* pakarangan téh katénjona beresih sanggeus tatangkalan anu gomplok daunna ditutuhan (dituaran); **5** lénglang; bersih: *malam ini langit --,kelihatan bintang-bintang bertaburan berkelip-kelip mengelilingi bulan purnama* peuting ieu langit lenglang, katembong bentang-bentang baranang ngurilingan bulan purnama; **6** nyata; écés; katénjo: *naskahnya sudah tua, tulisannya tidak -- lagi* naskahna geus kolot, tulisanana teu écés deui; **7** sah (bukti, barang -barang, jsb); henteu sak deui (henteu asa-asa): *mengajukan bukti-bukti yg --, agar dapat memperkuat gugatan* ngasong bukti-bukti anu sah, sangkan bisa nguatan gugatan; **8** geus bukti (benerna, kasalahanana,jsb): *sekarang barulah -- apa kesalahannya* ayeuna mah kakara bukti kasalahanana; **9** sinar; cahaya: -- *matahari* sinar panonpoé; -- *lampu* cahaya lampu

**menerangi** *vt* nyaangan: *lampu-lampu itu == jalan utama pd malam hari* lampu-lampu téh nyaangan jalan penting ti peuting;

**penerangan** *n* **1** cara ngajéntrékeun (nérangkeun); **2** alat pikeun nyaangan (spt lampu jsb); panérangan: *saluran air sudah ada, tetapi == listrik belum* talang cai geus aya, tapi panerangan listrik tacan; **3** pagawéan jsb nu méré pituduh (panerangan): *tanyakan saja hal itu kpd bagian* ==tanyakeun baé hal éta kabagian panérangan

**te.rap, menerapkan** *vt* nerapkeun; ngagunakeun; mraktékkeun: *kita harus == ilmu itu di dl kehidupan sehari-hari* urang kudu nérapkeun élmu téh dina kahirupan sapopoé;

**penerapan** *n* **1** pamasangan: == *mesin pembangkit tenaga listrik dilaksanakan oleh teknisi Indonesia* pamasangan mesin panghudang tanaga listrik dilaksanakeun ku tehnisi Indonesia;

**2** pamakéan; hal mraktekkeun: == *teori sosiologi pedesaan hendaklah dimanfaatkan untuk pembinaan desa transmigrasi* pamakéan téori sosiologi padésan sawadian diamangpaatkeun pikeun ngaraksa désa transmigrasi

**te.ra.pi** /térapi/ *n* ihtiar (usaha) pikeun mulihkeun kaséhatan anu gering; hal ngubaran panyakit; hal ngurus panyakit: *mula-mula tim dokter*

*mempelajari gejala-gejala penyakitnya kemudian menentukan -- nya yg tepat* mimiti tim dokter ngulik (nalungtik) tanda-tanda (gejala-gejala) panyakit saterusna nangtukeun térapina anu jétu

**te.ras** *n* **1** bagian kai anu teuas; galeuh kai; **2** *ki* poko; nu panghadéna; anu pangpentingna; nu pangutamana: *pagawai* -- pagawé utama anu kagolong pingpinan; *bertemu -- dng beliung, pb* dua jelema paséa anu sipatna pada-pada teuas;

**berteras** *vi* moboga galeuh; aya galeuhna: *batang singkong == lunak* tangkal sampeu galeuhna hipu; == *ke dalam ki* boga élmu at boga kakayaan, tapi teu katénjo; == *ke luar (bagai pimping) ki* saperti boga elmu at kakayaan (alus, gagah, jsb), padahal sabenerna mah henteu

**te.ra.si** *n* tarasi

**te.ra.so** /téraso/ *n* dasar latar at témbok nu dijieun tina batu alam lalaetik diaduk dina aduna kapur keusik dicitak di luhureun dadasar tina batu, tuluy digiling (dipres); teraso: *lantai - - itu digosok sehingga mengkilap* latar téraso téh dikosok nepi ka hérang

**te.ra.wang** *n* karawang;

**berterawang** *vi* karawangan;

**menerawang** *vt* **1** nyieun karawang (dina saputangan, taplak méja jsb) *adikku sudah diajar merenda dan* == adi kuring geus diajar ngarénda jeung ngarawang; **2** ngaliangan; nembus; nobros: *ngengat sering == pakaian yg disimpan dl lemari* geget mindeng ngaruksak (ngaliangan) papakéan anu diteundeun dina lomari; **3** narawang; nénjo tina sela-sela (kaén) mori; **4** *ki* nénjo ku mata batin (pikeun nénjo kaayaan hiji jelema ti kaanggangan atawa pikeun ngaramal nasib hiji jelema)

**ter.bang** *v* **1** ngalayang di jomantara ku tanaga jangjang (manuk) atawa ku tanaga mesin (pesawat at kapal udara); hiber: *dengan lincahnya pesawat AURI -- berakrobatik di udara* kalawan rikatna pesawat AURI hiber jungkir balik di jomantara; *burung itu sanggup jauh sampai ke pantai* éta manuk sanggup hiber jauh nepi ka basisir; **2** naék kapal udara; iinditan maké kapal udara:
*perutusan -- ke Bali* para utusan naék kapal udara ka Bali; **3** gam-

pang jadi saab (gas); gampang nyaab: *minyak* -- minyak nyaab; 4 awur-awuran; paburisat; pating kalayang: *seng dan atap rumah -- ditiup angin puyuh* séng jeung hatéup imah paburisat (pating kalayang) ditiup angin puyuh; 5 lumpat tarik; kabur: *mobil yg menabrak mobil itu -- dan menghilang* mobil anu nabrak mobil téh kabur jeung ngiles; 6 sirna (dipaling): *sepuluh peti berisi suku cadang mobil -- dr gudang pelabuhan* sapuluh peti dieusi onderdil mobil sirna (aya nu maling) ti gudang palabuan;

**menerbangkan** *vt* 1 ngaleupaskeun sina hiber: == *beberapa ekor burung dara* ngaleupaskeun sina hiber sababarahan hiji manuk japati; 2 mawa hiber: *burung rajawali itu mencekam anak kambing dan ==nya ke tengah hutan* manuk rajawali ngaranggeum jeung mawa hiber anak embé ka tengah leuweung; 3 ngakut ku kapal udara: *pesawat Dakota telah == orang yg luka-luka dr daerah pertempuran* pesawat Dakota geus ngakut jalma anu taratu ti daérah pertempuran 4 mawa kabur: *orang yg == uang kas di bank itu telah tertangkap* jelema nu mawa kabur duit kas ti éta bank téh geus katangkep

**penerbangan** 1 cara hiber atawa ngahiberkeun; 2 lalampahan maké kapal udara; 3 patalimarga kapal udara

**ter.bit** *v* **1 bijil; kaluar; medal:** ***matahari — di sebelah timur*** **panonpoé** bijil di beulah wétan; 2 hudang (rasa, pikiran, jsb): -- *marahnya setelah mengetahui kopernya dicuri orang* hudang amarahna sanggeus nyaho yén koperna aya nu maling; 3 kaluar pikeun disebarkeun; medal: *Mingguan itu -- tiap-tiap hari Kamis* Migguan éta medal unggal poé Kemis; 4 mimiti mancer: *dr celah batu-batu padas itu -- mata air panas yg mengandung belerang* tina sela-sela batu cadas éta mimiti mancer cai panas anu ngandung walirang; 5 mimiti timbul; nerekab: *wabah kolera* -- di daerah-daerah yg kena banjir wabah kolera nerekab di daerah anu kakeunaan caah;

**menerbitkan** *vt* 1 nimbulkeun (papaséaan jsb); ngahudangkeun (amarah jsb): == *perselisihan* nimbulkeun papaséaan; *perbuatan itu == amarah orang tuanya* éta kalakuan ngahudangkeun amarah kolotna; 3 ngadatangkeun (bahaya, karugian jsb): *bencana itu == kerugian yg besar* éta kacilakaan téh ngadatangkeun karugian anu gedé; 4 ngaluarkeun (majalah, buku, jsb): *sekolah kita akan ==* kajétuhan alat ukur téh bisa dijamin

*majalah untuk pelajar* sakola urang rék ngaluarkeun majalah pikeun siswa;

**penerbit** *n* pamedal; perusahaan anu ngaluarkeun buku jsb: *buku ini diterbitkan oleh == Jambatan* buku ieu dikaluarkeun ku pamedal (penerbit) Jambatan

**te.ri.ak** *v* jerit: *kedengaran -- orang dr arah sungai itu* kadéngé aya nu ngajerit ti palebah éta walungun;

**berteriak** *vi* ngajerit: ngagero tarik: *terdengar suara orang == minta tolong* kadénge sora jalma ngagero tarik ménta tulung; makin kéras ia ==, makin banyak orang mengerumuninya beuki tarik manéhna ngajerit, beuki réa jalma anu ngagembrong

**te.rik** *a* **1** ngentak-ngentak: *panas* -- panas ngentak-ngentak (panas pisan); **2** sereg; pageuh: *ikatan kotak sabun itu sangat -- sehingga susah membukanya* beungkeutan kotak sabun téh kacida pageuhna nepi ka hésé mukana; **3** pinuh padet; pajejel;

menerikkan *vt* mageuhan

**te.ri.ma** *v cak* nyambut; meunang

-- **salah** ngaku salah

**berterima** *vi* ditarima; dikabul: *istilah yg diperkenalkan itu tidak == di kalangan pamakainya* istilah anu dikenalkeun téh henteu ditarima di kalangan nu makéna;

**menerima** *vt* **1** nyambut; meunang; narima: == surat narima surat; == tamu nyambut tamu; **2** ngesahkeun; nyatujuan; ngabulkeun: *rapat pleno == baik laporan pengurus* rapat pléno ngesahkeun (nyatujuan) laporan pangurus; **3** narima atawa ngarandapan: *jangan bersikap == saja* ulah miboga sikep narima baé; == *nasib* narima nasib; **4** nganggap: *saya == teguran Paman sbg cambuk untuk bekerja lebih teliti lagi* kuring nganggap tegoran (panyarékan) Paman minangka pangeprét pikeun digawé leuwih taliti (tulaten) deui; **5** ngidinan (asup jadi anggota, murid, pagawé, jsb): *aku == engkau anggota baru* kuring ngidinan anjeun minangka anggota anyar;

**penerimaan** *n* **1** panarimaan: **2** sambutan: == *rakyat Jatim atas kedatangan Presiden sangat memuaskan* sambutan rayat Jatim kana kasumpinganana Presiden kacida nyugemakeunana; **3** sikep: == *rakyat kpd camat yg baru agak kurang menggembirakan* sikep

rayat ka camat nu anyar rada kurang ngagumbirakeun; **4** anggapan; **5** panarimaan hasil jualan atawa jasa

**te.ri.to.ri.al** /téritorial/ *a* ngeunaan bagian wilayah hiji nagara: *perairan* -- lautan deukeut basisir hiji nagara anu jadi hak nagara ksb; *tuntutan* -- pameredih teritorial

**ter.jal** *a* lungkawing: *lereng Gunung Bromo tidak begitu* -- lamping Gunung Bromo henteu sabaraha lungkawingna; *jalan yg kami lalui di bukit itu semakin menanjak dan* -- jalan anu ku kuring saréréa diliwatan di éta pasir mingkin nanjak jeung lungkawing

**ter.jang** *v* **1** tajong; sepak; **2** sérang; **3** tarajang;
**menerjang** *vt* **1** tajong; sepak; **2** sérang; **3** tarajang;
**menerjang** *vt* **1** najong; nyepak; **2** nyerang; nyerbu; **3** narajang; ngalanggar; nubruk; ngaliwatan terus

**ter.je.mah** *v*, **menerjemahkan** *vt* nyalin (mindahkeun) tina hiji basa kana basa nu séjén; ngaalihbasakeun: *tenaga yg sanggup == buku-buku dr bahasa Inggris ke bahasa Indonesia masih sangat terbatas* tanaga anu sanggup nyalin (narjamahkeun) buku-buku tina basa Inggris kana basa Indonesia masih kénéh kacida kurangna;
**penerjemah** *n* juru tarjamah; panarjamah; tukang narjamahkeun;
**penerjemah** *n* prosés, cara narjamahkeun; panarjamahan:
*== Panca Tantra yg sempurna dilakukan pd zaman Islam oleh Abdullah bin Abdul Kadir Munsji* panarjamahan Panca Tantra anu sampurna dilakukan dina jaman Islam ku Abdullah bin Abdul Kadir Munsji

**ter.jun** *v* **1** ngajleng turun; tuturubun; *beberapa orang -- ke dalam danau sambil mengacung-acungkan senjata* sababaraha urang tuturubun ka jero talaga bari ngacung-ngacungkeun pakarang; **2** turun (leuwih handap mun dibandingkeun jeung nu lian): *untuk memudahkan pambuangan air, kolam yg kedua -- sedikit dr kolam yg pertama* pikeun ngagampangkeun pamiceunan cai, balong anu kadua leuwih handap ti balong nu kahiji; **3** ngeceburkeun manéh
**menerjunkan** *vt 1* ngaragragkeun (tina pesawat jsb); **2** nurunkeun; ngahinakeun: *perbuatan itu == martabat orang tua* kalakuan téh nurunkeun martabat kolot;
== **diri** ancrub (ngeceburkeun manéh); ulubiung at pipilueun kana:

*ibu-ibu banyak yg == diri ke bidang kecantikan* ibu-ibu loba anu ulubiung kana widang kageulisan (kalurwesan);
**penerjunan** *n* prosés at cara ngaragragkeun (anggota penerbangan tina pesawat)

**ter.ka** *v* teguh; terka;
**menerka** *vt* **1** neguh; nerka; ngira-ngira: *dapatkah kalian ==, apa yg terdapat di dl karung itu?* bisa maranéh neguh, naon nu aya di jero éta karung?; **2** nuduh; nyangka; ngadakwa

**ter.ka.dang** *adv* sakapeung

**ter.kam** *v*, **menerkam** *vt* ngarontok; nubruk: *singa yg galak itu siap == mangsanya* singa anu galak téh sadia ngarontok mangsana

[1]**ter.mi.nal** /términal/ *n* tempat pangeureunan (beus, mobil, jsb);

[2]**ter.mi.nal** /términal/ *n* alat komunikasi maké komputer jeung biasana diwangun ku hiji panel anu dilengkepan ku layar video atawa hiji mekanisme alat citak spt mesin ketik; terminal: *komputer ini memiliki 32 —* komputer ieu ngabogaan 32 terminal

**ter.mi.no.lo.gi** /términologi/ *n* **1** peristilahan; **2** élmu ngeunaan watesan-watesan atawa definisi-definisi istilah

**ter.nak** *n* sato nu dipiara; ingon-ingon (spt domba, sapi, jsb);
**peternakan** (usaha) pamiaraan jeung pangbibitan sato ingon-ingon: *koperasi kita merencanakan mendirikan koperasi == ayam* koperasi urang ngararancang ngadegkeun koperasi pamiaraan hayam

**te.ro.bos** *v*, **menerobos** *vt* **1** nembus; ngadobrak (barisan jsb): *mereka berusaha == pertahanan kita* maranéhanana ihtiar ngadobrak pertahanan urang; **2** norobos: *kalau mau cepat, kita == lewat kuburan saja* lamun hayang gancang, urang narobos ngaliwatan kuburan baé;
**penerobosan** *n* panorobosan; panembusan

**te.ro.pong** *n* kéker (semprong); taropong;
**peneropong** *n* kékeran; panaropong

**te.ror** /téror/, **meneror (menéror)** *vt* melimpah kejem (sawenang-wenang) geusan nimbulkeun rasa ketir atawa sieun (gimir): *mereka == rakyat dng melakukan panculikan dan penangkapan* maranéhanana nyieun kakéjeman pikeun nyingsieunan rayat ku ngalakukeun panyulikan jeung panangképan

**te.ro.wong.an** *n* torowongan; jalan nu nembus gunung atawa jalan di jero taneuh;
== **jalan** jalan nu dijieun ku cara nembus gunung atawa pasir;
== **pengering** torowongan anu ngamalirkeun cai pikeun ngurangan banjir

**ter.pa, menerpa** *vt* ngarontok jeung ngerekeb; ngudag rék nyergap (narajang): *gelombang besar itu tidak henti-hentinya == gundukan karang di pantai* galura gedé téh taya eureunna narajang gundukan karang di basisir;
**terpaan** *n* panarajang; serangan: *mereka telah sering menghadapi == angin badai* maranéhanana geus mindeng nyanghareupan panarajang angin topan

**ter.pen.tin** /térpentin/ *n* minyak (sat éncér) asalna tina tangkal pineus jsb anu digunakeun pikeun ngéncérkeun cet; térpentén

**ter.ta.wa** *v* seuri; kedaling rasa (spt bungah, jsb) kalawan maké sora ngagikgik jsb;
**menertawai** *vt* **1** seuri lantaran; **2** *ki* moyok; ngahina (keun);
**tertawaan** *n* bahan pikeun diseungseurikeun; seungseurikeuneun: *krn perbuatanmu itulah, kami menjadi == orang* lantaran kalakuan manéh tea, kami jadi bahan pikeun diseungseurikeun jelema

**ter.tib** *a* **1** nurutkeun aturan; rapih; tartib: *direktur menghendaki agar pengeluaran uang dibukukan secara --* diréktur miharép supaya pangaluaran duit dibukukeun kalawan tartib; **2** sopan; kalawan sapantesna: kaum ibu mendambakan perlakuan yg adil dan -- *dr suaminya* kaom ibu mikahayang kacida perlakuan nu adil jeung sapantesna ti salakina; **3** aturan; pangaturan nu hadé;
**ketertiban** *n* **1** kaayaan sarwa tartib (diatur hadé); **2** aturan; pératuran (di masarakat)

**te.rus** *adv* **1** lempeng nuju ...; langsung ka; tuluy: *kami tidak --ke kota, melainkan singgah dahulu di perkebunan karet* kuring henteu tuluy ka kota, tapi nyimpang heula di perkebunan karét; *permohonan itu disampaikan -- kpd kepala kantor* permohonan (panuhun) téh sanggakeun langsung ka kepala kantor; **2** geus lumangsung: *per-*

*tempuran itu -- menghebat hingga tengah malam* pertempuran téh geus lumangsung pohara hébatna nepi ka tengah peuting; **3** teu eureun-eureun: *ia berjalan -- siang malam* manéhna leumpang teu eureun-eureun beurang peuting; **4** tuluyna: *bagaimana -- cerita itu* kumaha tuluyna carita téh; **5** teu waléh: salawasna *harga barang -- membubung* harga barang teu weléh naék; **6** tembus; nembus: *peluru itu masuk -- sampai ke tulang belikat* pélor téh asup tembus nepi ka tulang walikat

**penerus** *n* anu neruskeun; panerus: *generasi == perlu menghayati sejarah perjuangan bangsa* generasi **panerus** perlu ngahayatan sajarah perjoangan bangsa

**te.sis** /tésis/ *n* téori anu dirojong ku argumén-argumén pikeun dikaharéupkeun dina karangan ilmiah hasil panalungtikan pikeun ngahontal gelar kasarjanaan di hiji paguron luhur (universitas, akadémi)

**te.tak** *v*, **menetak** *vt* ngabacok; meuncit; motong ku barang nu seukeut: *dng sekuat tenaga ia == leher serigala yg akan menerkamnya* kalawan sakuat tanaga manéhna ngabacok beuheung ajag anu rék ngarontok ka manéhna

**te.tang.ga** *n* **1** jelema anu imahna padéukeut atawa ngaréndéng; tatangga; jalma satangga; **2** jelema anu tempat matuhna padéukeut

**te.ta.nus** /téntanus/ *n* panyakit akibat inféksi raheut ku baktéri *Clostridium tetani* kalawan gejala kejang-kejang (haréuras)

[1]**te.tap** *adv* **1** salawasna aya (matuh, nangtung, jsb) di tempatna: *orang tuanya -- tinggal di dusun* kolotna tetep matuh di lembur; **2** henteu robah (kaayaanana; kalungguhanana, jsb): *kalimat-kalimat itu terbentuk menurut pola-pola -- dan tertentu*
kalimah-kalimah téh diwangunna nurutkeun pola-pola tetep jeung geus ditangtukeun; **3** henteu pindah-pindah: *bertiup angin timur yg -- arahnya* ngagelebug angin wétan anu tetep arahna;
**4** salawasna kitu baé (kaayaanana, kalakuanana, jsb): *sekali merdeka -- merdeka* sakali merdika tetep merdika; *sampai kini ia masih -- menjadi bupati* nepi ka kiwari manéhna masih tetep jadi bupati; **5** teu weléh: *biar bagaimana pun ia -- hendak mempertahankan haknya* kajeun kumaha baé ogé manéhna teu weleh rék ngabela hakna; **6** henteu pikeun saheulaanan: *bangunan --* bangunan permanén (hen-

teu saheulaanan); *pegawai* -- pegawé tetep; 7 langgeng: *di dunia ini tiada sesuatu pun yg* - di dunya mah euweuh hiji ogé anu langgeng -- **hati** tabah haté; teteg haté;
**menetapkan** *vt* netepkeun;
**penetapan** *n* panetepan;
**menetapi** *vt* ngukuhan

[2]**te.tap, menétap** *v* ngusap (supaya tuhur): *ia == air matanya dng saputangan* manéhna ngusap cipanonna ku saputangan;
**penetap** *n* barang n nu dipaké ngusap; pangusap: *kertas ==* kertas pangusap; *kain ==* kaén pangusap

**te.tas, menétas** *vi* **1** megar; nétés (endog); **2** norobos: *pencuri itu == dinding* bangsat téh nobros bilik;
**menetaskan** *vt* **1** nyileungleuman (endog) supaya megar; **2** *ki* ngahasilkeun; nimbulkeun; ngabuahkeun hasil

**te.tek** /téték/ *n* susu: *babu* -- pangasuh (nu sok nyusuan orok batur);
**menetek** *n* nyusu: *anak sapi yg baru lahir itu segéra berdiri dan == pd induknya* anak sapi nu anyar lahir téh gancang nangtung jeung nyusu ka indungna

**te.tes** /tétés/ *n* barang éncér anu ragrag ngeclak lantaran beurat; keclak: *beberapa -- air matanya menitik dr kedua kelopak matanya* sababaraha keclak cipanonna ngeclak tina dua biwir panonna;
**menetes** *vt* ngeclak; netes: nyakclakan: *dr atap gua itu == air yg berasal dr akar pohon besar* tina hateup guha téh nyakclakan cai anu asalna tina akar tangkal anu gede;
**tetesan** *n* hasil nétés; titik;

**te.was** /téwas/ *a* tiwas; maot di pangperangan atawa kacilakaan;
**menewaskan** *vt* maéhan musuh (di pengperangan); ngalantarankeun tiwas: *bom yg dijatuhkan di kota itu == banyak penduduk* bom anu diragragkeun di kota éta niwaskeun loba padumuk

**ti.a.da** *adv* teu aya; taya; euweuh: *pengabdian yg -- hentinya* pangabdian anu euweuh eureunna;
**ketiadaan** *n* **1** perkara euweuhna; **2** kakurangan: == *vitamin dl makanan dapat menyebabkan berbagai macam panyakit* euweuhna vitamin dina kadaharan bisa ngalantarankeun rupa-rupa panyakit;

**ti.ang** *n* tihang: -- *listrik* tihang listrik; (*bendera*) *setengah* -- bandéra nu dipasang ngan nepi ka tengah-tengah tihang minangka tanda rasa duka;
**bertiang** *vi* aya tihangna; boga tihang; *bagai kapal tidak* ==, *pb* hal nagara atawa pakumpulan anu teu boga pamingpin

**ti.ap** (**setiap; tiap-tiap**) *p* **1** hiji-hiji ti ..... : == *anak menerima lima ribu rupiah* hiji budak narima lima rébu rupia; **2** unggal; saban: == *menit* unggal menit; == *hari* saban poé

**t.i.a.rap** *v* ngagolér kalawan dada ka handap jeung beungeut nangkub (nyuuh): *ia* -- *di pangkuan ibunya* manéhna nyuuh di lahunan indungna;
**bertiarap** ngagolér

**ti.ba** *v* **1** datang; tepi (di): *rombongan* -- *di Bandung pukul sepuluh pagi* rombongan datangna di Bandung pukul sapuluh isuk-isuk; **setiba** *adv* sadatang; satepi: ==*nya di rumah, adikku terus saja menghampiri meja* makan sadatangna di imah adi kuring terus baé nyampeurkeun méja makan

**ti.dak** *adv* partikel nu nuduhkeun pangingkaran at panolakan; henteu: *tempat kerjanya* -- *jauh dr rumahnya* tempat digawéna henteu jauh ti imahna;
-- **alang** teu saéutik; loba;
-- **apa** (**-apa**) **1** teu nanaon; 2 teu aya nanaon;
-- **boleh** teu meunang;
-- **keruan** teu aya aturan; teu tangtu; kacow; kusut;
-- **lain dan — bukan** taya lian;
-- **segan 1** daék; suka; **2** teu éra;
-- **segan-segan** henteu éra-éra; henteu sieun-sieun;
-- **urung** teu meunang henteu; pasti;
**tidak-tidak** (nu) lain-lain; (nu) teu asup akal; (nu) anéh-anéh: *barang yg* == *juga kaubicarakan di sini* barang anu lain-lain ogé ku manéh diomongkeun di dieu;
**setidak**(**-tidaknya**) **1** sakurang-kurangna: == *ia akan menjadi guru musik yg pintar* sakurang-kurangna manéhna bakal jadi guru musik anu pinter; **2** sahenteuna; saéutikna

**ti.dur** *v* **1** saré; dina kaayaan ngaso badan jeung ingétan (biasana bari

peureum); **2** ngagolér (teu nangtung);
-- *tak lelap, makan tak kenyang, pb* ngarasa tagiwur at guligah (lantaran aya kasusah, loba pikiraneun);
**tidur-tidur** gogoléran kekedengan (pikeun ngareureuhkeun capé jsb): *ia == di pematang seraya berlagu* manéhna kekedengan (sasaréan) dina galeng bari ngahariring;
**menidurkan** *vt* **1** mawa saré; mépéndé: *ia biasa == anaknya dng senandung* manéhna biasa mépéndé anakna ku hariring **2** ngedengkeun: *setelah di rumah langsung -- diri di balai-balai* sanggeus di imah terus baé ngedeng (ngalempengkeun awak) dina balé-balé

**ti.fus** *n* tipes; panyakit peujit anu nular (dibaréngan ku muriang jeung baruntus dina badan sarta gangguan kana kasadaran)

**ti.ga** *num* tilu
*masuk --, keluar empat, pb* pangaluaran leuwih gedé batan pang-asilan;
**ketiga** *adv* **1** (yg ==) undakan sanggeus nu kadua; paréléan nu katilu; nu nomer tilu: *edisi ==* edisi katilu; *jilid ==* katilu; **2** kumpulan anu jumlahna tilu: *== orang itu segera dibawa ke kantor polisi* anu tiluan téh gancang dibawa ka kantor pulisi

**ti.kai, pertikaian** *n* **1** pasulayaan; perbédaan; **2** pacékcokan; papaséaan: *segala -- yg timbul di masyarakat dapat diatasi* sagala pacékcokan nu timbul di masarakat bisa diungkulan

[1]**ti.kam** *n* tewek (ku barang anu seukeut spt keris jsb); *luka kena* raheut lantaran ditewek;
**menikam** *vt* **1** newek: *ia berhasil == lambung lawannya* manéhna hasil newek beuteung lawanna; **2** ki ngaraheutan; ngajaheutan (nganyerikeun) haté jsb: *ucapannya itu benar-benar == hatiku* omongananana téh bener-bener nganyerieun haté kuring;
**tikaman** n hasil newek; tewekan

[2]**ti.kam** *n* -- **dadu** maén dadu
**menikam** masang tarohan (dina pamaénan); masang lotré; meuli surat undian

**ti.kar** *n* samak (anyaman daun pandan, méndong jsb);

*lepas bantal berganti* -- , *pb* kawin ka adina pamajikan anu maot atawa kawin ka lanceukna pamajikan anu maot;
-- **sajadah** samak pangsujudan; samak paragi salat

**ti.ket** /tikét/ *n* karcis kapal, pesawat jsb

**ti.kung, menikung** *vt* méngkol; nikung: *mobil itu == tajam kemudian masuk ke dalam jurang* mobil téh méngkol mites tuluy tigebrus kana jurang;
**tikungan** *n* péngkolan

**ti.kus** *n* beurit; sato nu ngageret sarta mangrupa hama; *awak -- hendak menampar kepala kucing*, ***pb*** mikahayang anu mustahil bisa laksana; *kucing pergi -- menari*, ***pb*** kepala (kantor, perusahaan, jsb) indit, bawahanana galumbira *spt -- jatuh di beras*, *pb* ibarat jelema anu meunang pagawéan nu nguntungkeun jeung teu hayang ninggalkeun deui éta pangawéan;
-- **kesturi** cucurut;
-- **rumah** beurit nu aya di imah-imah, bisa népakeun panyakit pes, *Mus musculus*;
-- **sawah** beurit nu hirupna di sawah, ngahakan jeung ngaruksak tangkal paré nu ngora kenéh;
-- **tanah** beurit anu hirup jeung nyayang di taneuh;
**menikus** *vi ki* cicing teu ngomong teu ngabantah lantaran sieun

**ti.lam** *n* kasur; *jatuh di atas* --, *pb* meunang kasenangan hirup
**bertilam** *vi* maké kasur;
*tidur == air mata*, *pb* kacida sedihna lantaran migandrung kakasih; *tidur -- pasir*, *pb* saré di mana baé (teu boga tempat matuh)

[1]**ti.lik, menilik** *v* **1** nilik; nengetan; ngajejeman; nénjo at mandang kalawan gemet: *lama ia == foto-fotonya dr zaman remajanya* lila manéhna nengétan foto-fotona di jaman rumajana; **2** mariksa ngontrol; nalingakeun: *panitia khusus itu bertugas == pemakaian uang kas* panitia husus téh boga pancén mariksa digunakeunana duit kas;
**penilikan** pangawasan; pangontrolan; pamariksaan

[2]**ti.lik** *n* tenung; teluh;
**menilik** *vi* nenung; neluh;
**tilik-menilik** silih tenung; silih teluh; hal neluh at nenung

**ti.mang, menimang** *v* nimang; nanggeuy (orok at budak) bari diayun-ayun saeutik at dijungjung-jungjung tanda asih: == *anak* nimang budak;
**ditimang** *v* dijungjung-jungjung tanda asih;
**timang (-timang)-an**, (nama ==) ngaran nénéhna anu dipaké pikeun némbongkeun kadeudeuh

**tim.ba** *n* pakakas pikeun nyiuk (nyokot) cai (ti jero sumur, jsb); -- **ruang** **1** timba paragi ngagaringkeun (cai) jero parahu; **2** bagian tengah parahu;
**menimba** *vt* **1** nyokot cai (ti sumur jsb) maké timba; nimba: *ia == air sumur untuk mandi* manéhna nimba cai sumur keur mandi; **2** ngagaringkeun cai (tina parahu jsb); **3** *ki* nyiar: *kadang-kadang saya == pengetahuan dr bacaan atau tulisan orang lain* sakapeung kuring nyiar (nimba) pangaweruh tina bacaan atawa tulisan batur;
**penimba** *n* **1** pakakas pikeun nimba; **2** jalma anu nimba (élmu jsb): == *ilmu* nu nimba élmu; tukang nimba élmu

**tim.bang** *a* henteu beurat sabeulah; sarua beurat; -- **pas** teu kurang teu leuwih: *uang belanja yg diberikan kepadaku -- pas saja* duit balanja nu dibikeun ka kuring téh teu kurang teu leuwih, timbang pas baé; -- **rasa** sarua neundeun rasa haté (rasa deudeuh, tulung-tunulungan, simpati, jsb): *bantuan itu menandakan -- rasa kpd orang-orang yg tertimpa musibah* pangdeudeuh téh nandakeun milu prihatin ka jalma-jalma anu katiban musibah; -- **terima** sérah tarima; -- **tunai** mayar kontan;
**menimbang** *v* **1** ngukur (nangtukeun) beuratna hiji barang (maké timbangan atawa naraca, jsb); nimbang: *setelah ia == beras yg dibelinya ternyata berat berasnya berkurang 1 ons* sanggeus manéhna nimbang beas anu dibeulina, kanyahoan beurat béasna kurang 1 ons; **2** nimbang-nimbang; mikirkeun hadé-hadé pikeun nangtukeun hadé goréngna, salah henteuna; **3** ngingetkeun: *segala-galanya dilakukan dng == kekuatan yg ada* sagala-galana dilakukeun kalawan ngingetkeun kakuatan anu aya; *tidak == rasa hati orang* henteu ngingetkeun rasa haté batur;
== *rasa berat, pb* ngaragragkeun atawa nibankeun hukuman kalawan adil, henteu beurat sabeulah;
**timbangan** *n* **1** imbangan; banding : *bukan ==nya melawan dia* lain

bandingna ngalwan manéhna; == *badan* (nyawa), *belahan jiwa* (kakasih, salaki, pamajikan); 2 pakakas pikeun nimbang spt kiloan jsb; 3 hasil nimbang;
**pertimbangan** *n* pamanggih (hadé goreng jsb); putusan (anu ditétélakeun minangka naséhat): *terserah kpd ==mu sendiri* masrahkeun kana putusan anjeun sorangan

**tim.brung** *v*, **menimbrung** *vt* nembrong; milu ngomong pikeun nepikeun pamanggih

**tim.bul** *v* 1 naék jeung kaluar ka luhur (ti jero cai, tanah jsb): *setelah lama menyelam lalu -- lagi* sanggeus lila teuleum tuluy timbul deui; 2 nyembul saéutik tina beungeut anu rata; timbul: *ia memesan kartu undangan dng huruf --* manéhna mesen kartu ondangan make aksara timbul; 3 medal (bulan, panonpoe, jsb): *sebelum matahari -- ia sudah berangkat ke tempat pekerjaannya* samemeh panonpoe medal, manéhna geus indit ka tempat pagawéanana; 4 *ki* tembong; muncul; kaluar: *pujangga muda yg baru --* bujangga ngora anu anyar muncul;
**menimbulkan** *vt* 1 menimbulkan ngaluarkeun ka luhur: *letusan gunung itu == beberapa bukit kecil* bituna eta gunung téh nimbulkeun sababaraha pasir leutik; 2 ngahudangkéun; ngaakibatkeun; ngalantarkeun: == *perkara lama* ngabangkit (ngahudang) deui perkara heubeul; == *kebencian antara kita dan kita* ngalantarankeun kaceuceub antara urang jeung urang

**tim.bun** *n* tumpuk(an); gundukan: *dua -- kayu bakar* dua tumpukan suluh; *lima -- pasir* lima gundukan keusik;
**menimbun** *vt* numpuk(keun); ngagunduk(keun): == *kayu bakar* ngagundukkeun suluh; *jangan == barang yg tidak berguna* ulah numpuk-numpuk barang nu euweuh gunana;
**penimbun** *n* 1 jalma nu numpuk-numpuk barang; 2 taneuh, keusik, jsb pikeun ngarimbunan

**tim.pa** *v*, **timpa-menimpa** tumpang tindih: *pesanan dr mana-mana == masuk ke kantor kami* pesenan ti mana-mana tumpang tindih asup ka kantor kuring (saréréa);
**menimpa** *vt* 1 ragrag nindih; *bandela itu jatuh == dua orang kelasi yg sedang bekerja di geladak* barang muatan kapal téh ragrag nindih

(ninggang) dua kalasi (matros) nu keur digawé di dék (galadak); **2** nibanan; ngeunaan: *musibah kedua telah == hidup saya* musibah kadua geus nibanan hirup kuring; **3** maling; nyorobot: *pencoleng-pencoleng yg kerap kali == barang-barang di atas truk, dirazia oleh polisi* bangsat-bangsat "bajingan luncat"anu sok mindeng malingan barang di luhur treuk, digerebeg ku pulisi

**tim.pang** *a* **1** pincang: *kakinya* -- sukuna pincang (cingked); **2** *ki* teu saimbang; aya kakurangananana; beurat sabeulah: *perjanjian itu dianggapnya* -- perjanjian téh dianggapna henteu saimbang; **ketimpangan** *n* **1** kapincangan; cacad: *ada sedikit == dl laporan yg disampaikan itu* aya saéutik kakuranganana dina laporan anu ditepikeun (disanggakeun) téh

**ti.mur** *n* **1** wétan, madhab tempat bijilna panonpoé; **2** (bangsa, benua) wétan: *filsafat dan kebudayaan* -- falsafah jeung kabudayaan wetan; 3 (**blok** -- ) nagara-nagara anu nganut ideologi komunis;

-- **Dekat** nagara-nagara anu deukeut ka Banua Eropa (spt Turki, Siria, Palestina);

-- **Jauh** nagara-nagara Asia nu pangjauhna ti Eropa (spt Cina, Jepang); -- - **laut** antara wétan jeung kalér;

-- **Tengah** nagara-nagara Asia anu pernahna Timur Dekat jeung Timur Jauh;

**ketimuran** *n* sagala rupa ngeunaan banua jeung bangsa Asia

**tin.dak** n **1** lengkah; **2** kalakuan: -- *pidana* kalakuan ngalanggar hukum (kajahatan);

-- **lanjut** léngkah saterusna; lajuning laku (ngeunaan hiji perkara, jsb): *semua usaha ini akan gagal, apabila tidak ada -- lanjut dari rencana itu* sakabéh usaha ieu baris gagal, lamun seug teu aya lanjuning lakuna tina éta rancangan (garapan);

-- **bertindak** *v* milampah; ngalakukeun tindakan: *saya harus == hati-hati* kuring kudu milampah (kalawan) ati-ati; *pemerintah == untuk memberantas korupsi* pamaréntah ngalakukeun tindakan pikeun narékahan (ngaleungitkeun) korupsi;

**tindakan** *n* **1** aturan: == *yg tegas* aturan anu teges (bener); **2** léngkah pangamanan: *mengambil ==* netepkeun lengkah pangamanan; **3** kalakuan: == *wakil kita itu sangat merugikan kepentingan kita* kalakuan wawakil urang téh kacida ngarugikeunana kapentingan urang

**tin.das** *v* **menindas 1** nindes (nindih, neken, ngadempét) kuat-kuat atawa maké barang anu beurat: *ia == kutu anjing* manéhna nindes kutu anjing; **2** ngagencét; meres; ngagunakeun kakawasaan kalawan lalim (sawenang-wenang): *pemerintah menindak tangkulak yg == rakyat kecil di pedesaan* pamaréntah nindak tangkulak anu ngagencét (meres) rayat leutik *di padésaan*; **3** mérangan; ngabarantas; mareumkeun (gerakan pangacow kaamanan at pemberontakan) kalawan ngagunakeun kakerasan: *untunglah tentara berhasil dgn cepat == pemberontakan itu untung* baé tentara kalawan rikat bisa hasil mérangan éta pemberontakan;
**penindasan** prosés, cara, kalakuan nindes: *kenyataan menunjukkan bahwa == sesama manusia masih ada di bumi ini* kanyataan nétélakeun yén kalakuan nindes sasama téh masih kénéh aya di dunya ieu

**tin.dih** *v*, -- **suara** pindahan sora tina pita at rekaman kana pita at rekaman sejen; nindih sora dina film;
**bertindih** *vi* **1** numpuk, nu hiji di luhureun nu sejen: *kursi itu disusun ==* korsi teh disusun numpuk at ditumpukkeun; **2** ngajajar (sababaraha lapis): *berjalan ==* leumpang ngajajar;
**menindih** *vt* **1** neudeun hiji barang nu beurat di luhureun; nindihan: *ia == kertas itu dng batu supaya tidak diterbangkan angin* manehnna nindihan eta kertas ku batu supaya henteu kahiberkeun ku angin; **2** nindihan: *terasa ada sesuatu yg == tubuhnya* karasa aya anu nindihan awakna; **3** nindes (dina rupa-ripa harti): *tidak sanggup == perasaan hatinya* henteu sanggup nindes rasa hatena; *tertawa sejenak membuat orang lupa sebentar akan kesukaran hidup yg == perasaan* seuri teh bisa ngalantarankeun jelema poho sakeudeung kana kasusah hirup anu jadi bangbaluh rasa hatena; *ditindih yg berat, dilitik yg panjang, pb* teu bisa ngabebaskeun diri tina kakawasaan jalma nu sejen (kasusah, musibah, jsb); *yg rebah ditindih, pb* nu geus cilaka (miskin) ditambah cilaka (miskin)

**tin.dik** *v*, **bertindik** *vt* ditindikan (diliangan) bagian ceuli nu sok dikurabuan: *telinga belum ==* ceuli tacan ditindikan;
**== telinga** upacara nindikan (ngaliangan bagian ceuli tempat masang suweng);

**menindik** *vt* nindikan: *dukun itu == cuping anak dara* paraji téh nindikan ceuli parawan

**ting.gal** *adv* **1** masih tetep di tempatna; cicing: *saya disuruh -- di rumah* kuring dititah cicing di imah; **2** sésana ...; nyésa ...; kasésakeun ..: *uangnya -- duapuluh rupiah* duitna nyésa duapuluh rupia; **3** teu naék kelas: *di kelas kami, yg -- dua orang* di kelas kuring, nu teu naék kelas duaan; **4** geus kaliwat: *masa gilang-gemilang sudah --* masa gilang-gumilang geus kaliwat; **5** matuh; cicing: *berapa tahun Saudara -- di Medan* sabaraha taun Sadérék matuh di Médan; **6** salawasna; tetep: *saudara -- saudara, uang -- uang* dulur tetep dulur, duit tetep duit; **7** poho: *jangan -- adat* ulah poho (kana) adat; *tidak -- memberi nasihat* henteu poho méré pépéling (naséhat); **8** teu kudu migawé naon-naon salian ti ... : *semuanya sudah beres, -- berangkat saja* sakabéhna geus bérés tinggal indit baé; **9** gumantung ka; sumerah ka: *baik-buruknya -- pd tuan* hadé-goréngna gumantung ka dunungan; *perkara ini -- tuan berhak memutuskannya* perkara ieu sumerah ka dunungan miboga hak mutuskeunana;

**meninggal** *vi* maot; paéh: *bapaknya telah == lima tahun yg lalu* bapana geus maot lima taun anu kaliwat;

**peninggalan** *n* **1** barang anu ditinggalkeun; **2** pusaka; warisan; **3** barang titinggal ti jaman baheula (candi, jsb)

**ting.gi** *a* **1** luhur: *gunung itu --* gunung téh luhur; *burung itu terbang --* manuk téh hiberna luhur; **2** jangkung; panjang (badan): *dia lebih -- dp saya* manéhna leuwih jangkung ti (batan) kuring; **3** luhur; mulya: *cita-cita yg --* cita-cita anu mulya; *-- budinya* luhur budina; **4** geus rada jauh ka luhur (panonpoé); geus ampir tengah poé; luhur: *matahari telah --* panonpoé geus luhur; **5** anu sabeulah luhur (tingkatan, pangkat, ajén, jsb): *kelas --* kelas luhur; *pegawai --* pagawé luhur; *perguruan --* paguron luhur; **6** geus kolot (umur); loba atawa mahal (harga, ajén, jsb): *mencapai usia yg --* ngahontal umur nu luhur; geus kolot: *ongkos penghidupan di Jakarta sangat --* ongkos hirup di Jakarta kacida mahalna; *harga bahan makanan semakin --* harga bahan dahareun mingkin (tambah) mahal; **7** geus maju; geus jauh dina tahapan luhur: *peradaban* yg -- kabudayan anu luhur (geus maju); **8** sombong (omongan, tabéat, jsb): *selalu -- cakapnya* salawasna sombong omonganana;

-- **cakap** resep ngarahul;

**ketinggian** *n* **1** kaayaan luhur; **2** (tempat jsb) anu leuwih luhur pernahna; **3** luhur teuing: *gantungan baju itu letaknya == sehingga agak sulit bagi saya yg pendek ini untuk menjangkaunya* gantungan baju téh digantungkeunana luhur teuing nepi ka rada hésé nga-rongkongna keur kuring anu pendék mah; **4** luhurna hiji tempat dikira-kira (diukur) ti beungeut cai laut: *pendaki gunung itu tewas di == 3.700 meter* pendaki gunung téh tiwas di tempat nu luhurna 3.700 meter

**ting.kah** *n* **1** kalakuan nu anéh-anéh atawa nu teu sawajarna: *gadis itu --nya semakin keterlaluan* éta mojang téh tingkahna mingkin kaleuleuwihan; **2** budi (parangi); kalakuan;

-- **laku** kalakuan; budi parangi: *terbayang di ruang mata hamba wajahnya, tubuhnya,* dan *== nya kacipta ku kuring pameunteuna,* salirana, sareng budi parangina;

**bertingkah** *vi* **1** migawé nu anéh-anéh; **2** milampah nu teu sawajarna: *rewel == benar gadis ini* ieu mojang téh (tingkahna) kacida réwélna

**ting.kat** *n* **1** undakan; tingkat: *tangga lima belas* -- tangga (tarajé) lima belas undakan; *rumah tiga* -- imah tilu tingkat; **2** luhur handapna martabat (kalungguhan, jabatan, kabudayan, jsb); pangkat; darajat; taraf; kelas: *duta besar sama --nya dng menteri* duta besar sarua kalungguhanana jeung mentri; **3** tahap: *perundingan sudah sampai pd* -- **yg terakhir** babadamianana geus tepi kana tahap nu pamungkas;

**meningkatkan** *vt* naékkeun (darajat, pangkat, jsb); ngaronjatkeun: *mereka akan mampu == penghidupannya* maranéhanana baris mam-puh ngaronjatkeun kahirupanana;

**peningkatan** *n* prosés, cara, kalakuan ngaronjatkeun (usaha, jsb): *kini telah diadakan == dlm bidang pendidikan* kiwari geus diayakeun usaha ngaronjatkeun dina widang atikan;

**tin.jau** *v*, **meninjau** **1** nalingakeun ti kajauhan jeung ti tempat anu rada luhur: *orang membuat pos di atas bukit untuk == kapal-kapal musuh* aya nu nyieun pos diluhur pasir pikeun nalingakeun kapal-kapal musuh; **2** ngalongok; niténan; mariksa: *Menteri akan ke Sulawesi*

*untuk == objek-objek pembangunan* Menteri rék ka Sulawesi pikeun niténan objek-objek pangwangunan; **3** ngintip; nalungtik: *pesawat capung boleh dipergunakeun untuk == gerak-gerik musuh* pesawat "papatong" bisa digunakeun pikeun ngintip gérak-gerikna musuh; **4** nilik; nimbang-nimbang deui: *kami harap beliau akan == kembali aturan-aturan itu* kuring (saréréa) miharép anjeunna baris nimbang-nimbang deui éta aturan-aturan; **5** nengetan *kalawan imeut; ngalenyepan; ngingetan: sebelum mengambil keputusan, dia perlu == dahulu setiap usul yg masuk* saméméh netepkeun putusan, manéhna perlu nengétan heula usul-usul anu asup;
**6** neuleuman (haté, parasaan, jsb): *ia pandai == hati orang* manéhna pinter neuleuman haté jalma;
**peninjauan** *n* **1** panalungtikan; paniténan: *dr == itu, pemerintah memutuskan untuk segera memberikan bantuan* tina hasil paniténan téh, pamaréntah mutuskeun pikeun gancang méré pangdeudeul; **2** tempat nu dipaké pikeun nalingakeun

**tin.ju** *n* **1** peureup: *ia marah-marah sambil mengacungkan --* manéhna ambek-ambekan bari ngacungkeun peureup; **2** tonjok (ku peureup): *kepalanya kena --* sirahna keuna (ku) tonjok;
**bertinju** *vi* **1** silih tonjok; **2** gelut kalawan silih tonjok: *kerap kali pula ia menantang anak-anak asrama lain untuk ==* mindeng ogé manéhna nangtang barudak asrama séjén pikeun gelut silih tonjok

**tin.ta** *n* mangsi
-- **cetak** mangsi pikeun nyitak (buku, jsb);
-- **cina** mangsi gambar;
-- **emas** mangsi anu warnana hérang saperti (warna) emas;
-- **stensil** mangsi husus pikeun nyeténsil;
-- **menintai** *vt* nandaan ku mangsi : *sekretaris direktur itu sibuk menginventarisasikan berita-berita yg berhubungan dng pemerintahan* dng *== surat-surat kabar* sekretaris direktur téh paciweuh ngumpulkeun béja-béja anu aya patalina jeung pamaréntahan nyirian (ku mangsi) surat-surat kabar

**ti.pe** *n* model; conto; corak: *mereka lebih menyukai -- yg tradisional* maranéhanana leuwih mikarésep corak anu tradisional

**ti.pis** *a* **1** ipis: *kain --* kaén ipis; *kulitnya —* kulitna ipis; **2** *ki* saeutik:

*kami mendapat keuntungan* -- kuring meunang kauntungan saeutik; -- *kepercayaannya* saeutik kapercayaanana; **3** kurang kandel (lapisan, cét, jsb): *lemari itu* -- *catnya* éta lomari téh kurang kandel cétna; **4** kurang padet (mega, hawa, jsb): *terlihat bulan disaput awan* -- témbong bulan dilampud méga ipis; **5** kurang tétéla; kurang nyata katénjona: *tulisannya* -- tulisanana ipis;

**menipis** *vi* **1** jadi ipis: *ban mobil kami makin* == ban mobil kuring mingkin jadi ipis; **2** ngurangan; ampir béak: *cadangan terus-menerus* == cadangan téh terus-terusan ngurangan; *harapanku makin* == pangharepan kuring ampir béak

**ti.pu** *v* kalakuan atawa omongan nu teu jujur (bohong, palsu, jsb) kalawan maksud macikeuh atawa ngabobodo batur supaya meunang untung; tipu: -- *dibalas dng* -- tipu dibales ku tipu;

-- **daya** rupa-rupa akal jahat; mulsihat;

-- **muslihat** siasat (élmu pérang, jsb): *==nya amat halus* siasatna kacida lemesna;

**menipu** *vt* nipu; ngalarapkeun tipu muslihat; macikeuh: *pemilik toko mas itu ditangkap krn* == nu boga toko emas téh ditangképlantaran nipu;

**penipuan** *n* perkara nipu; panipuan

**ti.rai** *n* kasang; rérégan; lalangsé;

-- **belakang** latar tukang (anu jadi dasar hiji kalakuan);

-- **besi** lalangse anu dijieunna tina beusi;

-- **kelambu** kulambu tempat saré;

-- **mirai** rupa-rupa rérégan

**ti.ra.kat** *v* **1** nahan hawa napsu (spt puasa, pantang, jsb);
**2** ngasingkeun diri ka tempat anu suni (di gunung, jsb); tirakat: *ia mempunyai kegemaran* -- *dan bergaul dng masyarakat kecil* manehna boga karesep tirakat jeung campur gaul di kalangan masarakat leutik

**ti.ru** *v*, -- **teladan** conto; tuladan;

**meniru** *vt* **1** nyonto: *anak-anak biasa* == *orang tuanya* budak biasa nyonto kolotna; **2** niru; nurutan; **3** nyieun hiji barang anu lain aslina (tiruan); malsukeun: *tidak mudah* == *tanda tangannya* henteu gampang malsukeun tanda tanganana;

**peniruan** *n* paniruan

**ti.tel** *n* **1** gelar, gelar kasarjanaan: *dia akan pulang membawa doktor di bidang teknik* manéhna rék balik mawa gelar doktor dina widang téhnik; **2** judul (buku, jsb): -- *karangan ini ialah Pembangunan dan Masyarakat* judul ieu karangan nya éta Pangwangunan jeung Masarakat

[1]**ti.tik** *n* titik (spt dina aksara, tanda baca); peun: *setiap kalimat berita diakhiri dng tanda* -- unggal kalimah wawaran dipungkas ku tanda titik (peun);

[2]**ti.tik** *n* tétés at titik

*sampai -- darah yg penghabisan*, pb nepi ka nemahan pati; *biar -- jangan tumpah, pb* kajeun rugi saeutik, asal ulah rugi gedé; *takut -- lalu tumpah, pb* lantaran sieun rugi saeutik, jadi ngarandapan karugian gedé;

**menitikkan** *vt* nétéskeun; ngeclakkeun: *tanpa disadarinya, ia telah == air mata mendengar kisah yang menyedihkan itu* kalawan teu karasa, manéhna geus ngecelakkeun cipanon ngadengé lalakon nu pikasediheun téh

**ti.tip** *v*, **menitip(kan)** *vt* **1** nitip; nitipkeun: *untuk sementara saya == barang itu di rumahnya* pikeun saheulaanan kuring nitipkeun éta barang di imahna; **2** ngaamanatkeun: *Ibu hanya == pesan yg harus selalu diingat oleh putra-putranya* Ibu ngan ngaamanatkeun nu kudu salawasna diingetkeun ku para putrana;

**penitipan** *n* tempat nitipkeun; panitipan

**ti.up** *v*, **meniup 1** niup; ngaluarkeun hawa tina sungut; **2** nyadakeun; nabeuh: == **terompet** nabeuh tarompét; **3** *cak* ngajampé: *dukun itu diminta == anak yg kerasukan* dukun téh dipénta ngajampé budak anu kasurupan; **4 ki** ngagedurkeun (sumanget, papaséaan, jsb)

**to.as** *n* nginum babaréngan minangka panghormat ka hiji tamu; toas: *pd pesta yg meriah itu diadakan -- sbg penghormatan kpd tamu* dina pésta anu gumbira téh diayakeun toas minangka panghormat ka tamu

**to.bat** *a* **1** sadar jeung ngarasa handeueul ku kalakuanana anu nirca sarta boga niat rek ngomean tingkah lakuna; tobat: *sekarang ia sudah -- dr kejahatan yg pernah dilakukan* ayeuna manéhna geus tobat tina

kajahatan anu kungsi dilampah; **2** mulang kana jalan (agama) anu bener: *setelah mendengar khotbah itu, banyak orang yg kembali ke jalan yg --* sanggeus ngabandungan éta hutbah, réa jalma anu tobat mulang kana jalan anu saluyu jeung ajaran Pangéran;

**bertobat** ménta ampun sarta jangji moal deui=deui ngalampahkeun pagawéan ma'siat , jsb; tobat: *sekarang ia sudah ==* ayeuna manehna geus tobat (mulang kana jalan at agama anu bener);

**menobatkan** *vt* **1** ngajadikeun (ngalantarakeun) tobat; **2** *cak* ngajadikeun kapok (jijiraeun)

**to.koh** *n* **1** wangun; wujud at kaayaan: *-- bulat spt uang ringgit* wangun buleud saperti duit ringgit; **2** dedegan; pangawakan: *melihat -- badannya, banyak orang menyangka ia adalah seorang pegulat* ningal (nilik) dedegan badanna, réa jalma nyangka manéhna tukang adu gulet; **3** *ki* jalma kasohor; pamingpin:*ia adalah -- politik yg disegani* manéhna téh pamingpin pulitik anu dipikaajrih; **4** anu nyekel peran dina carita drama; **penokohan** *n* gambaran citra tokoh dina karya susastra

**tol** *n* **1** béa asup kendaraan at barang impor lianna; **2** lawang cuké

**to.lak** *v* dorong; sorong;

-- **bala** panyinglar balai (bahaya) ku jajampéan (kahajatan, jsb);
**menolak** *v* **1** nyorong; ngadorong ka haréup: *mereka menolong == mobil-mobil yg mogok itu* maranéhnana nulungan ngadorong mobil-mobil anu marogok; **2** nyegah (bahaya, jsb); nyinglar (panyakit); nakis (panarajang, jsb): *== hujan* nyegah hujan (nyarang); *== penyakit cacar* nyinglar panyakit cacar; *== serangan musuh* nakis at nahan panarajang musuh;

**penolakan** panyegahan; panolakan

**to.leh** /toléh/, **menoleh** *vi* ngalieuk: *ia == kpd suaminya yang ada dibelakangnya* manéhna ngalieuk ka salakina nu aya di tukangeunana

**to.le.ran** miboga sipat at sikep ngaragangan (ngahargaan) pamdegan batur anu beda jeung pamadégan sorangan

**to.le.ran.si** *n* sipat at sikep toleran, silih ragangan: *dua kelompok yg berbeda kebudayaan itu saling berhubungan dng penuh* dua golongan anu béda-béda kabudayaanana téh silih tepungan kalawan kebek ku sipat silih ragangan

**to.lol** *a* bodo pisan; ceuleupeung: *aku lupa menanyakan nama dan nomor telepon wanita itu, betapa -- nya aku* kuring poho nanyakeun ngaran jeung nomer telepon éta wanita, kacida bodona kuring;
**ketololan** kabodoan

**to.long** *v* tulung; bantu: *minta* -- ménta tulung (bantuan);
**bertolong-tolongan** *vi* silih tulungan; silih bantu;
**menolong** **1** ngabantu ngénténgkeun kasusah (kasangsaraan, jsb); **2** nulungan (ngajait tina bahaya, kacilakaan jsb); nyalametkeun: *dialah yg == jiwaku sehingga aku terlepas dari bahaya maut* nya manéhna anu nulungan jiwa kuring nepi ka kuring leupas tina bahaya maot; **4** bisa nyageurkeun: *berbagai-bagai obat diminumnya, tetapi tidak == juga* rupa-rupa ubar diinum ku manéhna, tapi teu bisa nyageurkeun oge;
**pertolongan** *n* pitulung: *dng == Allah Yang Mahakuasa, sembuhlah ia* kalawan pitulung Allah Anu Maha Kawasa, cageur baé manéhna téh

**to.mat** *n* kemir; buah anu ngandung vitamin C, *Solanum lycopersicum*

**tom.boi** *n* budak awéwé anu parigel saperti budak lalaki;
**ketomboian** hal kaparigelan budak awéwé spt budak lalaki

**tong.gak** *n* **1** patok; balok (kai, batu, jsb) nu dipasangkeunana ajeg; **2** tihang (imah, sasak, jsb); **3** pal (ukuran jauh ± 1500 m); **4** tunggul; **5** poko; asal; poko lantaran

**tong.kat** *n* iteuk;
-- *membawa rebah, pb* jalma nu dititah ngajaga hiji barang, tapi manéhna sorangan anu ngaruksakna (maling jsb);
**penongkat** *n* alat pikeun dijadikeun iteuk (panunjang, panyangga); *dia kujadikan == dl menempuh jalan sulit itu* manéhna ku kuring dijadikeun payangga dina nempuh jalan rumpil téh

**ton.jol** *n* jendul (dina kulit, tarang, jsb); anu katénjo ngajendul;
**menonjol** nonjol; ngajendul; bijil kaluar;
**menonjolkan** **1** ngajorogkeun: *jangan memarkir mobil dgn == nya hingga melampaui garis batas* ulah markir mobil kalawan ngajorogkeun nepi ka ngaliwatan gurat wates; **2** nonjolkeun; ngaluar-

keun (supaya katénjo): == *kepalanya* nonjolkeun sirahna; 3 nyodorkeun; némbongkeun (ngarah katangar): *orang itu seakan-akan hendak == jasa dan kebaikannya* éta jalma saolah-olah hayang nembongkeun jasa jeung kahadéanana

**ton.ton** *v*, **menonton** *vt* nongton; lalajo; *kami == wayang kulit semalam* suntuk kuring saréréa lalajo wayang kulit sapeuting jeput;
**tontonan** *n* tongtonan; lalajoanan: *akrobat itu merupakan == yg menyenangkan* akrobat mangrupa tongtonan anu pikaresepeun;
**penonton** *n* **1** anu lalajo; **2** *ki* jalma nu ngan ukur nénjokeun (teu milu campur, digawe, jsb)

[1]**to.pang** *v* panunjang (kai, jsb) anu cagakan; tulak (cau): *krn buahnya sarat, pohon pisang itu terpaksa ditunjang dgn ==* ku sabab buahna leubeut (beurat), tangkal cau téh kapaksa ditunjang kutulak;

[2]**to.pang** *v*, **bertopang** *v* **1** dibantah: *segala katanya tidak ==* sagala omonganana henteu dibantah; **2** paséa: *suka == dgn kawan akibatnya kurang baik* resep paséa jeung kanca balukarna kurang hadé;
**menopang** *vt* ngabantah; ngalawan: *bagaimana saya hendak == kata-katanya* kumaha kuring rék ngabantah omonganana

**to.peng** /topéng/ **1** tutup beungeut (tina kai, kerétas, jsb) anu mangrupa beungeut jelema, sato, jsb; kedok: *waktu merampok dia memakai --* waktu ngarampog manéhna maké tutup beungeut; **2** *ki* lampah api-api geusan nutupan maksud sebenerna; kedok: *gerakan kebatinan itu sebenarnya hanya sbg --* gerakan kabatinan téh sabenerna mah ngan ukur dijadikeun kedok baé;
**bertopeng** *vi* **1** maké kedok; **2** migawé hiji hal pikeun nutupan maksud anu sebenerna

**to.pi** *n* dudukuy; topi
-- **baja** topi dijieunna tina waja (biasa dipaké tentara);
-- **cetok** dudukuy cetok;
-- **pandan** topi anu dijieunna tina anyaman pandan;
**bertopi** *vt* maké topi; didudukuy

**to.pik** *n* **1** jejer atawa poko bahasan dina sawala, ceramah, karangan, jsb; **2** hal anu narik perhatian umum dina waktu ahir-ahir ieu;
**menopikkan** *vt* nyodorkeun atawa netepkeun minangka jejer

(topik): **panitia** == *"Peranan Pemuda dl Pembangunan" dl seminar itu* panitia netepkeun jejer "peranan Pemuda dina Pangwangunan" dina éta séminar

**to.reh** /toréh/ *v*, **menoreh** *vt* **1** ngeureut teu jero teuing (dina kulit kai, jsb); nurih; **2** ngabelék;
-- **getah** nyadap karét

**tor.pe.do** /torpéda/ **1** sabangsa pakarang perang anu kaasup senjata peledak, bangunna saperti surutu gedé, ditémbakkeun tina kapal, kapal silem atawa kapal udara pikeun neuleumkeun kapal séjén; **2** kapal perang (silem) leutik anu tugasna némbakkeun torpédo; **3** *cak* nap gilinding sepéda anu dipaké pikeun ngerém (pedalna diteken ka tukang);
**menorpedo** *vt* **1** némbakkeun (ngaleupaskeun) norpédo (pikeun neuleumkeun kapal): *sebuah kapal selam berhasil == dua kapal pengangkut* sahiji kapal silem geus hasil norpédo dua kapal pangakut; **2** *cak* ngagagalkeun (usaha jsb); nyegah; ngahalangan; **3** *cak* ngangkat (naékkeun pangkat jsb) kalawan sakarepna: *ia == saudaranya sendiri menjadi diréktur dari di perusahaan itu* manéhna ngangkat dulurna sorangan jadi diréktur anyar di éta perusahaan

**to.wer** *n* munara pangawas (di palabuhan udara jsb): *pilot-pilot kapal terbang yg akan mendarat harus memperhatikan benar-benar petunjuk yg datang dr --* pilot-pilot kapal ngapung nu rék turun ka darat kudu merhatikeun (nengétan) bener-bener pituduh anu datang ti munara pangawas

**tra.di.si** *n* **1** adat kabiasaan turun-tumurun (ti nini moyang anu masih dijalankeun di masarakat; **2** ajén-inajén atawa anggapan yén caracara nu geus aya mangrupa cara anu bener jeung panghadéna: *perayaan hari besar agama itu janganlah hanya merupakan -- saja, haruslah dihayati maknanya* parayaan poé gedé (hari raya) agama téh ulah ngan ukur mangrupa adat kabiasaan baé, kuduna mah dilenyepan (dijiwaan) hartina;
**mentradisi** *vi* ngajadi tradisi; jadi kabiasaan: *tingkah laku yg berlebihan dan omong besar dr pemimpin-pemimpin yg telah == haruslah dihapuskan* tingkah laku nu kaleuleuwihi jeung omong gedé ti pamingpin-pamingpin nu geus jadi tradisi, kudu dipupus (dileungitkeun)

**tra.di.si.o.nal** *n* **1** sikep jeung cara mikir sarta ngalakukeun tindakan anu salawasna nyekel pageuh kana norma jeung adat kabiasaan nu aya sacara turun-tumurun; tradisional: *daerah itu mempunyai potensi cukup besar dl bidang perikanan, tétapi masih diolah secara* -- éta wewengkon miboga poténsi cukup gedé dina widang perikanan, tapi misih kénéh diolah sacara tradisional; **2** nurutkeun adat: *upacara* -- upacara nurutkeun adat

**tran.sak.si** *n* **1** kasaluyuan jual beuli (dina perdagangan) antara dua pihak; transaksi: *pabrik-pabrik minyak kelapa belum mengadakan* -- *pembelian kopra krn persediaan masih cukup* pabrik-pabrik minyak kalapa tacan ngayakeun transaksi pameulian kopra lantaran pasadiaan masih kénéh cukup; **2** palunasan atawa bébérés pamayaran (spt di bank)

**trans.fer** *v* pindah atawa pindah tempat;
**mentransfer** *vt* **1** mindahkeun sahiji barang ti hiji tempat ka tempat séjén atawa ti hiji jalma ka jalma nu lian; **2** masrahkeun atawa mindahkeun (hak milik, duit) ka jalma séjén: *pembukaan kredit atau == ke luar negeri hanya boleh dilakukan bank* muka kredit atawa mindahkeun duit ka manca nagara ngan meunang dilakukeun ku bank; **3** ngirimkeun; **4** mindahkeun

**trans.fu.si** *n* hal mindahkeun atawa ngasupkeun ubar at getih ka jalma anu merlukeun; transfusi: *untuk menolong penderita yg mangalami pendarahan, cara yg paling baik adalah dgn* -- *darah* pikeun nulungan anu ngagetih, carana anu panghadéna nya éta ku transfusi getih

**tran.sit** *v* **1** tempat nyimpang; 2 liliwatan barang-barang dagangan; **perdagangan** -- perdagangan barang-barang kalawan terus ngirimkeunana ka tempat atawa nagara séjén; *pelabuhan* -- pelabuhan nu jadi liliwatan barang-barang dagangan antara dua nagara atawa dua tempat

**trans.krip.si** *n* pagawéan nyalin naskah (teks) ku jalan ngarobah éjahanana kana éjahan séjén pikeun nuduhkeun ucapan sora unsur basa nu digunakeun; hasil nyalin;
**mentranskripsikan** nyalin: *sangat dirasakan perlunya == naskah-naskah lama ke dl ejaan baru* karasa pisan perluna nyalin naskah-naskah heubeul kana éjahan anyar

**trans.li.te.ra.si** *n* pagawéan nyalin ku jalan ngaganti aksara tina abjad nu hiji kana abjad nu séjén; transliterasi: *untuk mengétahui sastra Melayu Klasik lebih mendalam, perlu dilakukan == dr tulis-menulis Arab Melayu ke dl tulisan Latin* pikeun mikawanoh sastra Malayu Klasik leuwih jero, perlu dilakukeun transliterasi tina tulisan Arab Malayu kana tulisan Latén

**trans.mi.gran** *n* jalma anu pindah ka daérah (pulo) séjén; transmigran: *lima ratus kepala keluarga calon -- dikumpulkan di kecamatan* lima ratus kapala kulawarga calon trasmigran dikumpulkeun di kacamatan

**trans.mi.gra.si** *n* pamindahan padumuk ti hiji daérah (pulo) anu padumukna padet ka daérah (pulo) séjén anu padumukna carang; trasnmigrasi: *-- dan koperasi merupakan alat penunjang pembangunan pedesaan* transmigrasi jeung koperasi mangrupa sarana pengdeuldeul pangwangunan padesan;

-- **lokal** transmigrasi di lingkungan hiji daerah (lain ti pulo séjén)

**trans.por** *n* urusan ngakut barang: *alat-alat* -- alat-alat pikeun ngakut barang; *kapal* -- kapal pikeun ngakut pasukan; *ongkos* -- ongkos ngakut barang jsb; *perusahaan* -- perusahaan urusan ngakut barang-barang jsb (spt beus, treuk)

**mentranspor** *vt ngakut; mindahkeun: perusahaan ini biasa == bahan makanan dr daerah yg satu ke daerah yg lain* perusahaan ieu biasa ngakut bahan kadaharan ti niji daérah ka daérah séjén

**trans.por.ta.si** urusan ngakut barang ku rupa-rupa kendaraan saluyu jeung kamajuan téknologi

**tra.u.ma** *n* **1** kaayaan jiwa atawa tingkah laku anu teu normal minangka akibat tina tekenan jiwa atawa cacad jasmani; **2** raheut parna

**tra.vel** *n* **1** perjalanan; **2** nyanyabaan; iinditan

-- **biro** perusahaan anu ngurus perjalanan

**trem** /trém/ *n* karéta nu dijalankeun ku tanaga listrik atawa lokomotif leutik biasana digunakaeun pikeun ngakut panumpang di jero kota;

-- **listrik** trém nu dijalankeun ku tanaga listrik

**tri** **num** tilu (dipakéna dina kecap kantétan): *triwulan*, tilu bulan

**tri.li.un** *n* **1** angka l maké 12 enol di tukangna; 1.000.000.000.000 (sistem Prancis, Amerika); **2** angka 1 maké 18 enol ditukangna; 1.000.000.000.000.000.000 (sistem Inggris, Jerman)

**tro.fi** *n* sarupa hadiah minangka panghargaan pikeun anu pinunjul atawa jadi juara dina turnemén olah raga, jsb. mangrupa barang (piala, jsb)

**tro.pis** *a* ngeunaan daérah sabudeureun hatulistiwa: *penyakit* -- panyakit daérah hatulistiwa (nu iklimna panas) spt malaria

**tro.to.ar** *n* sisi jalan gedé anu leuwih luhur ti jalan, tempat jalma leumpang; kaki lima

**truk** *n* mobil gedé maké bak gedé di tukang (biasana dipaké ngakut barang); mobil gorobag;
-- **mini** treuk leutik;
-- **kontainer** treuk paragi ngakut barang dina kemasan gede tur beurat, kalawan tonasena di luhur lima belas ton

**tua** *a* **1** geus lila hirup; kolot: *neneknya sudah* -- ninina geus kolot; **2** geus heubeul; kuno: *rumahnya sudah* -- , *lagi jauh dr jalan besar* imahna geus heubeul, jauh deuih ti jalan gedé; **3** (**tua-tua**) *ki* kepala; kokolot (nu dipikolot, boga pangaweruh, boga pangalaman); **4** geus asak atawa geus waktuna diala (bubuahan, jsb); **5** geus ngagolak atawa geus asak (cai, minyak): *biarkan minyak itu* -- *dahulu baru dimasukkan ikan ke dalamnya* ingkeun minyak téh sina asak heula kakara digebruskeun laukna;
-- **bangka** (**bengkok**) kolot pisan;
-- **kampung** kokolot kampung
-- **lontok** kolot pisan;
**menuakan** ngajadikeun kolot (ngolotkeun): di kampung, orang-*orang* == *pamanku* di lembur, jalma-jalma ngolotkeun paman kuring; **ketua** *n* kokolot; nu dikolotkeun

**tu.ah** *n* **1** bagja; untung (nu lain sawajarna): *mengadu* -- ngadu untung; *untung ada,* -- *tiada* a digawé hadé baris aya hasilna, tapi teu jadi beunghar; **b** aya kakayaan, tapi teu kamashur ngaranna; *menolak* -- ngaleupaskeun kasempatan hadé; **2** karamat; berkah (pangaruh) anu ngadatangkeun kauntungan (kasalamétan, kabagjaan, jsb): *keris ini*

*mahal harganya, bukan krn gunanya, tétapi krn -- nya* keris ieu mahal hargana, tapi lain ku lantaran gunana, tapi ku lantaran karamatna;

**bertuah** *vi* **1** miboga pengaruh (berkah); **2** karamat; ngadatangkeun kauntungan (kasalamétan, jsb): *keris* == keris sakti (karamat); **3** keuna ku wisuna; kagendam

**tu.a.lang, bertualang** *vi* **1** ngumbara ka mana-mana (teu tangtu padumukan); abur-aburan; **2** nyanyabaan baé (teu ngeunah cicing di imah); **3** ngalakukeun hiji pagawéan kalawan nékad (henteu jujur, jsb);

**petualangan** kalakuan nékad (nyéléwéng at nyaliwang)

**tu.an** *n* **1** dunungan: *hari ini -- saya tidak ada di kantor* poé ieu dunungan kuring teu aya di kantor; **2** lalaki (nu dipihormat): *ada seorang -- datang kemari* aya hiji pameget sumping ka dieu; **3** juragan: -- *haji* juragan haji; **4** sesebutan pikeun wanita ningrat (putri raja): -- *putri* juag putri;

**bertuan** aya nu bogana: *tanah yg tidak* == tanah anu teu aya nu bogana (dianggap tanah pamaréntah): *barang-barang tidak == di pelabuhan disita untuk negara* barang-barang anu euweuh nu bogana dijabel (disita) pikeun nagara;

**menuankan** *vt* ngajadikeun dunungan; nyebut dunungan (juragan) ka jalma anu ngajak nyarita

**tu.ang** *v* **besi** -- beusi citakan; *pindah -- (darah)* mindahkeunana getih; transfusi (getih);

**menuangkan** *vt* nyicikeun; ngeusikeun (barang éncér) ka jero (wadah, citakan, jsb): == *luluhan besi ke dl acuan* nyicikeun ancuran beusi kana citakan; *ki* nyuguhkeun (nyajikeun): *pengarang itu == gagasannya dl karangannya* pangarang téh nyuguhkeun gagasanna dina karanganana

**tu.ba** *n* tua; racun tua; sabangsa tutuwuhan anu kulit areuyna atawa akarna ngadung racun, *Deris elliptica*;

**menuba** *vt* nua; ngala lauk di walungan maké racun tua

**tu.bi** *vi*, **bertubi-tubi** terus-menerus; sababaraha kali; diparékpek: *tiba-tiba terdengar bunyi* == ujug-ujug kedenge sora sababaraha kali: *anak itu dimarahi* == budak téh dicarékan diparékpek

**tu.bruk** *n*, menubruk *vt* **1** nubruk; ngarontok: *kucing == tikus* ucing ngarontok beurit; **2** ngalanggar; nabrak: ***mobil*** *== becak* mobil nabrak béca; **3** *cak* nangkep; ngagerebeg: *polisi == kepala perampok itu ketika ia berada di rumah kawannya* pulisi nangkep kapala rampog téh waktu manéhna keur aya di imah baturna;
**tubrukan** *n 1* anu ditubruk (ditabrak); **2** tubrukan (tabrakan)

tu.buh *n* badan; awak: -- *nya tegap dan sehat* badanna tegep jeung séhat; *seluruh -- nya berasa sakit* sakujur badanna ngarasa nyeri;
**bertubuh** *vi* boga awak; boga badan: *anak muda itu == tegap* budak ngora téh badanna tegap;
**bersetubuh** *vi* sacombana; sapatemon

[1]**tu.ding** *a* ngolosod

[2]**tu.ding** *v* tunjuk
**menuding** *vt* **1** nunjuk; **2** nuduh; nuding: *meréka == Tuan sbg orang yg bertanggung jawab atas kejadian itu* maranéhanana nuduh Juragan minangka nau boga tanggung jawab kana éta kajadian

**tu.duh** *n*, **menuduh** *vt* **1** nunjuk jeung negeskeun yén milampah nu kurang hadé: *ia == saya bersekongkol dgn penjahat* manéhna nuduh kuring sakongkol jeung durjana (nu jahat); **2** nunjuk jeung negeskeun yen ngalanggar hukum : *meréka == kedua pedagang itu menerima barang selundupan* maranéhanana nuduh padagang anu duaan téh narima barang sulundupan;

**tu.dung** *n* tutup;
-- ***belanga*** tutup pariuk;
-- **saji** tutup idangan kadaharan;
-- **kepala** tutup sirah (spt dudukuy, topi, jsb);
-- **nudung** *n* alat anu dipaké tutup (nutupan)

**tu.gas** *n* pancén;
**bertugas** *vi* ngemban pancén;
**menugasi** *vt* méré pancén: == *saya* méré pancén ka kuring; *kakak == saya menjaga anak-anak di rumah* lanceuk méré pancén ka kuring ngajaga barudak di imah;
**menugaskan** *vt* masrahkeun pancén, pagawéan (kawajiban): *saya == penyusupan laporan kepadanya* kuring masrahkeun pancén nyusun laporan ka manéhna;

**penugasan** *n* prosés, cara, kalakuan méré pancén; papancén: *ada == kpd Polri untuk menjaga ketertiban daerah itu* aya papancén ka Polri pikeun ngajaga katartiban éta wewengkon

**tu.han** *n*, **Tuhan** Pangéran atawa Gusti Allah, Anu Maha Kawasa; Anu Murbéng Alam Buana

**tu.ju**, **menuju** *v* nuju; ka arah; indit ka;
**tujuan** *n* tujuan; maksud; **satujuan** sakarep;
**setuju** panuju

**tu.juh** *num* tujuh;
**menujuh hari** tujuhna

**tu.kang** *n* tukang; **pertukangan** *n* pertukangan

**tu.kar** *v* tukeur; ganti
-- **barang** tukeur barang (dina jual beuli, barang minangka alat tukeurna); — **cincin** tukeur cingcin (ngaresmikeun béné beureuh atawa papacangan)
**bertukar** *v* **1** diganti: *barang == dgn uang* barang diganti ku duit; *siang == dgn malam* beurang kaganti ku peuting; **2** pindah: *dr kota C kami == bus naik yg menuju kota D* ti kota C kuring pindah beus naék nu ka kota D;
**menukar** *vt* **1** ngaganti: *pemerintah berusaha == nama-nama jalan yg ada dgn nama-nama pahlawan* pamaréntah ihtiar ngaganti ngaran-ngaran jalan nu aya ku ngaran-ngaran pahlawan; **2** barang beuli; balanja: *ia hendak == ke pasar* manéhna rék balanja ka pasar

**tu.kas** *v*, **menukas** *vt* ngadakwa tanpa alesan nu cukup; nuduh;
**tukasan** *n* dakwaan tanpa alesan; tuduhan;

**tu.kik**, **menukik** *v* nyirorot: *dr jauh tampak pesawat pengebom == sambil menjatuhkan bom* ti kajauhan katénjo pesawat pengebom nyirorot bari ngaragragkeun bom; == **api** mirun seuneu (nyieun seuneu ku batu seuneu at gandawesi)

**tu.lang** *n* **1** tulang; bagian rorongkong jelema atawa héwan: *ada yg patah -- rusuknya* aya nu potong tulang igana; **2** cucuk lauk: — *ikan bandeng* cucuk lauk bandeng;
**tinggal kulit pembalut** -- , *ki* kacida begangna

**tu.lar**, **menular** *v* nular; tépa: *penyakit influenza adalah penyakit yg mudah ==* panyakit influénza téh kaasup panyakit nu gampang tépa; *ki* ngarambat: *jangan disangka perbuatan buruk itu tidak dapat == kpd orang lain* ulah disangka kalakuan goréng téh teu bisa nular (ngarambat) ka nu séjén;
**penularan** *n* panularan; hal nular, nularan, atawa nularkeun

**tu.li** *a* torék;
-- **bisu** torék pireu
**menulikan (telinga) 1** katorékan (ceuli); **2** api-api torék

**tu.lis** *v*, **bertulis** ditulisan (nu aya tulisanana): *piagam yg berupa tembaga ==* piagam nu mangrupa tambaga ditulisan (nu aya tulisanana);
**menulis** *vt* 1 nulis; nyieun aksara ku pénah (patlot, jsb): *anak-anak belajar ==* barudak diajar nulis; **2** ngedalkeun rasa, pikiran maké tulisan (spt ngarang, nyieun surat): *ia == dl majalah* manéhna nulis dina majalah; **3** ngagambar; ngalukis: *== gambar pemandangan* nulis gambar pamandangan; **4** ngabatik (kaén): *lebih mudah mencétak dp == kain* leuwih gampang nyitak ti batan ngabatik kaén;
**menuliskan** *vt* **1** nuliskeun; nulis sahiji hal: *para tamu == nama dan alamat masing-masing di buku tamu* para tamu nuliskeun ngaran jeung alamat séwang-séwangan dina buku tamu; **2** nulis maké: *bagaimana hendak == pensil tumpul ini* kumaha rék nulis maké patlot mintul kieu;
**tulisan** *n* **1** hasil nulis; naon-naon nu ditulis; cara nulis; **2** karangan (dina majalah, surat kabar, jsb): *aku ingin membaca == Chairil* kuring hayang maca karangan Chairil; **2** nasib; takdir; titis tulis;
**penulis** *n* **1** anu nulis; **2** pangarang: *== naskah* pangarang naskah; **3** panitera; sékretaris; girang serat; **4** nu ngalukis; nu ngagambar

**tu.lus** *a* -- **hati**, -- **ikhlas** ihlas at bersih haté (kedal tina haté anu suci, jujur): *ia menyumbangkan tenaga dan hartanya dgn -- ikhlas* manéhna nyumbangkeun tanaga jeung hartana kalawan ihlas;
**ketulusan (hati)** kaweningan haté; kajujuran; kaihlasan: *dgn segala ==* h*atinya ia menghadiahkan sebagian hartanya kpd fakir miskin* kalawan kaihlasan haténa manehna ngahadiahkeun sabagian hartana ke fakir miskin

**tum.bal** *n* tolak bala; sarat pikeun nyinglar balai: *putra raja Sibayak*

*mengembara di kampung-kampung, sebab dibuang oleh keluarganya sbg* -- putra raja Sibayak ngumbara di kampung-kampung lantara dibuang (dipiceun) ku kulawarganan minangka sarat panyinglar balai

**tu.ben** /tumbén/ *p* **1** munggaran pisan: *ia baru -- minum jamu* manéhna kakara (munggaran) pisan ngirum jajamu; **2** sisinarieun (henteu sakumaha biasana): -- *malam-malam begini keluar, ada apa sih*! sisinarieun peuting-peuting kieu kaluar, aya naon nya!

**tum.buh** *v* **1** tumuwuh (hirup) jeung tambah gedé (ngagedéan): *bayi itupun -- menjadi besar dan sehat* orok téh tumuwuh jadi gedé jeung séhat; **2** sumedeng mekar: *badan dan jiwa anak sedang -- jangan sampai terganggu* badan jeung jiwa budak keur sumedeng mekar ulah nepi ka kaganggu; **3** timbul; kaluar; kajadian: *antara kedua bersaudara itu* -- perselisihan antara dua sadulur téh timbul pacékcokan (papaséaan);

**menumbuhkan** *vt* **1** ngajadikeun tumuwuh: *lidah buaya gunanya untuk == rambut* lidah buaya gunana pikeun ngajadikeun tumuwuhna buuk; **2** miara jsb supaya tumuwuh; mekarkeun: *ia == rasa kasih sayang* manéhna miara rasa nyaah (rasa deudeuh); **3** nimbulkeun: *ia == kebencian di antara kita* manéhna nimbulkeun kabencian (kangéwa di antara urang;

**pertumbuhan** hal kayaan tumuwuh; kamekaran: *suasana rumah tangga yg serba harmonis sangat penting bagi == jiwa anak* suasana rumah tangga anu sarwa sauyuan (runtut raut) kacida pentingna pikeun kamekaran jiwa budak

**tum.buk** *n* **1** alat paranti nutu; halu; **2** anu ditutu: *beras* béas tutu;

**tanak 1** hal nutu jeung ngéjo; **2** sagala pagawéan rumah tangga;

**menumbuk** *vt* **1** nutu: == *lada* nutu pedes; == *padi* nutu paré; **2** nonjok; numbuk: *anak itu == lawannya sampai rebah* budak téh numbuk baturna nepi ka rubuh; **3** ngalanggar; nubruk: *mobil yg == anak itu terus kabur* mobil anu nubruk budak téh terus kabur

**tu.mit** *n* keuneung; bagian anu sarupa keuneung: -- *sepatu* keuneung sapatu;

*cakap berdegar-degar, -- diketing, pb* loba omong, tapi borangan (sieunan)

**tu.mor** *n* kasakit dina salahsahiji jaringan badan (sajeroan awak) anu bareuh nepi ka mangrupa bénjolan

**tum.pah** *v*, bahe: *kuah sayur asam itu -- di meja* cai angeun haseum téh bahe di (kana) meja
**menumpahkan** *vt* **1** mahékeun: *siapa yg == tinta merah tadi* saha anu mahékeun mangsi beureum tadi; **2** namplokkeun (dina harti kiasan): *guru itu == perhatiannya kpd murid yg cacat itu* guru téh namplokkeun perhatianana ka éta murid anu cacad

**tum.pang, menumpang 1** numpang; aya (diteundeun) di luhureun salahsahiji barang: *gumpalan awan hitam sbg kepala raksasa == di atas puncak gunung* gulungan méga hideung spt hulu buta numpang di luhureun puncak gunung;
**penumpang** n panumpang; anu numpang (anu naék kapal jsb; anu matuh di imah batur)

**tum.pas** *v* béak binasa sama sakali; tumpur: *tentara musuh sudah == semua* tentara musuh geus tumpur kabéh;
**menumpas** *vt* numpes; ngabinasakeun sama sakali: *keadaan telah kembali normal setelah pasukan pemerintah berhasil == kaum pemberontak* kaayaan geus pulih biasa deui sabada pasukan pamaréntah hasil numpes kaom anu baha;
**penumpasan** *n* prosés, kalakuan, cara numpes; panumpesan: *kedua negara telah sepakat untuk suatu usaha = gerilyawan komunis di daerah perbatasan kedua negara tsb* dua negara geus satuju pikeun hiji usaha panumpesan gerilyawan komunis di daérah tapel wates éta dua nagara

**tum.pu** *n* tempat nincak (nangtung, jsb);
**bertumpu** *v* **1** napak; nincak; naleukeum (neken): *rupanya ia sedang mencari-cari tempat ==* rupana manéhna keur néangan titincakan; *ketika berbicara, kedua sikunya == di meja* waktu nyarita, sikuna duanana naleukeum (neken) kana méja; **2** *ki* dumasar pageuh; geus uratan akaran: *ajaran yg tidak == pd kebenaran, tidak mudah diterima oleh orang-orang pandai* ajaran anu teu dumasar kukuh kana bebeneran, henteu gampang ditarima ku jalma-jalma palinter; **3** nekenkeun dampal suku (nojér) rék luncat: *ia pun == hendak melompat* manéhna ogé nojér rék luncat;

**tumpuan** *n* **1** tempat nincak; **2** dadasar: *hasil studi ini merupakan == yg baik untuk penyelidikan selanjutnya* hasil studi ieu mangrupa dadasar anu hadé pikeun panalungtikan saterusna; **3** *ki* sumbangan; tunjangan; **4** *ki* luluncatan; **5** pangkalan; **6** *ki* nu jadi udagan (tujuan)

**tum.puk**; gunduk; susun;
**menumpuk(kan)** *vt* **1** numpuk; nyusun: *ia sedang sibuk == buku-buku di dl lemari* manehna keur riweuh nyusun buku-buku di jero lomari; *ia == padi di lumbung* manehna numpuk pare di leuit; **2** ngumpulkeun loba; nimbun: *satu bulan sebelum hari Raya, para pedagang sudah ==* barang-barang dagangan sabulan samemeh poe Lebaran, para padagang geus ngumpukeun (nimbun) barang-barang dagangan;

**tumpukan** barang nu ditumpuk; tumpukan; gundukan: *di tepi jalan itu kita melihat == bekas pagar tembok* di sisi jalan téh urang ningal gundukan barangkal urut pager tembok

**tum.pul** *a* **1** henteu seukeut; mintul: *pisau yg amat -- tidak dapat dipakai mengiris bawang* peso anu mintul teu bisa dipake nyiksik bawang; *meraut pinsil yg --* ngaraut(an) patlot nu mintul; **2** *ki* teu gampang ngarti: *pikirannya sangat --* pikiranana kacida mintulna;
**menumpulkan** *vt* ngalantarankeun (ngajadikeun) mintul;
**ketumpulan** *a* hal mintulna: *kelesuan dan == pancaindera membuat manusia tidak berdaya* kalesuan jeung mintulna pancaindra ngajadikeun manusa teu boga daya (kakuatan)

[1]**tu.na** *n* lauk laut sakarabat jeung cakalang, bisa didahar jeung rea jinisna, *Thunus*

[2]**tu.na** *a* **1** cacad; ruksak;**2** kurang; teu miboga;
-- **aksara** teu bisa maca nulis; buta aksara;
-- **busana** teu make pakean; tacan ngenal pakean;
-- **daksa** cacad badan; -- **ganda** nu ngarandapan cacad leuwih ti sarupa (cacad fisik jeung mental); -- **grahita** cacad pikiran;
-- **karya** teu boga pagawéan; -- **laras** cacad sora jeung nada;
-- **netra** teu bisa ningal (lolong); -- **rungu** teu bisa ngedéngé; torék;
-- **susila** teu boga susila: *wanita -- susila* ungkluk; -- *wicara* teu bisa ngomong; pireu; — **wisma** teu boga tempat matuh (imah) galandangan;

**ketunaan** *a* hal anu aya patalina jeung cacad atawa kakurangan: *ia harus pula menguasai pendidikan luar biasa sesuai dgn jenis -- yg dipilih* manéhna ogé kudu paham kana atikan luar biasa saluyu jeung jinis katunaan anu dipilih

**tu.nai** **1** kontan; **2** pamasrahan/panarimaan barang anu sagancangna dilaksanakeun sabada dilakukeun pamayaran;
**menunaikan** *vt* **1** mayar kontan; ngontanan: *ia tidak sanggup ==nya sekarang, krn tidak cukup uangnya* manéhna teu sanggup ngontanan ayeuna, sabab teu cukup duitna; **2** nyumponan; ngalaksanakeun; ngamalkeun (paréntah, ajaran, jsb): *ia == ajaran* manéhna ngamalkeun ajaran; == *cita-cita* ngalaksanakeun cita-cita; == tugas ngajalankeun tugas; *ia == janjinya* manéhna nyumponan nohonan jangjina

**tu.nas** *n* sirung; tutuwuhan ngora: -- *padi* sirung paré; *masa* -- mangsa (waktu) antara kaasupan bibit panyakit jeung timbulna gejala-gejala panyakit; mangsa inkubasi

[1]**tun.da** anu ditarik maké tali di tukangeun parahu: *kail* — useup tunda; *sampan* -- parahu tunda

[2]**tunda** *v*, **menunda** *vt* nunda; ngeureunkeun pagawéan nu bakal dipaju deui; mundurkeun (waktu);
**penundaan** hal (pagawéan) nunda; panundaan

**tun.duk** *a* **1** tungkul: *pd zaman dahulu orang wajib -- waktu berbicara dgn orang tua* dina jaman baheula jalma wajib tungkul waktu ngomong jeung kolot; **2** *ki* taluk; sumerah éléh: *bendera putih sbg tanda* -- bandéra bodas minangka tanda taluk; **3** *ki* nurut; ta'at: semua anggota harus -- kpd peraturan yg telah dibuat bersama sakabéh anggota kudu ta'at kana peraturan nu geus ditetepkeun babarengan
**menundukkan** *vt* **1** nungkulkeun; nundukkeun: *ia menjawab sambil == muka* manéhna ngajawab bari nundukkeun beungeut; **2** nalukkeun; ngéléhkeun: *iman harus mampu == kekafiran* iman kudu mampuh naklukkeun kakafiran

[1]**tung.gak** *n* sésa tanggal kai jeung akar nu masih kénéh tinggaleun di jero taneuh sangeus dituar; tunggul; sateukteuk kai (patok) anu di tancebkeun ka jeri taneuh minangka tanda wates tanah

[2]**tunggak** *v*, **menunggak** *vi* **1** tacan mayar (angsuran, pajeg, jsb) anu samistina geus dibayar, nunggak: *usahakan tidak == uang SPP anakmu*! usahakeun henteu nunggak duit SPP anak anjeun!; **2** nyésakeun pagawéan (aya sabagian pagawéan nu tacan dianggeuskeun): *sebelum mengambil cuti, selesaikan pekerjaanmu, jangan sampai ==* saméméh nyokot cuti, anggeuskeun pagawéan anjeun, ulah nepi ka nunggak;

**tunggakan** *n* **1** angsuran (pajeg) nu tacan dibayar, tunggakan: *bulan ini ia akan melunasi ==* bulan ieu manéhna rék ngalunasan tunggakana **2** sésa pagawéan: *jumlah tenaga baru sekarang ini cukup untuk menangani == itu* jumlah tanaga anyar ayeuna cukup pikeun ngagarap éta sésa pagawéan

**tung.gal** ***num*** **1** hiji-hinina: *agen --* hiji-hijina; *anak --* anak hiji-hijina (nunggal); **2** mufrad: *kalimat --* kalimat mufrad; **3** nu jadi hiji (dina kecap kantétan): *tritunggal* tilu anu ngahiji;

**tung.ging, menungging** *v* nonggeng

**tung.gu** *v* dago; tunggu; jaga;

**menunggu** *vt* **1** ngajaga (barang, imah, nu gering): *suami istri itu tinggal == dan memetik hasil ladangnya* salaki pamajikan téh tinggal ngajaga jeung ngala hasil kebonna; **2** ngadagoan; nunggu: *hidup di dunia hanyalah == giliran dipanggil Tuhan* hirup di dunya ngan saukur nunggu giliran dipundut Ku Anu Kawasa; **3** miharep: *sebenarnya sudah lama saya == uluran tangan Anda* sabenerna geus lila kuring miharap (ngaharepkeun) bantuan Anjeun; **4** nyicingan: *dialah yg == rumah saya selama dua tahun* nya manéhna anu nyicingan imah kuring dua tahun lilana

**tun.jang, menunjang** *v* **1** nunjang; nahan supaya ulah runtuh: *bambu yg -- pagar itu sangat kokoh* awi anu nunjang pager téh kacida kukuhna **2** ngabantu kalancaran (usaha jsb) ku duit; nyokong; ngarojong: *perlu adanya komunikasi sosial dl usaha == pembangunan* perlu ayana hubungan jeung masarakat dina usaha ngarojong pangwangunan;

**tunjangan** *n* sokongan; bantuan; pangrojong; tambahan panghasilan di luar gajih

**tun.juk** *v* -- **hidung** langsung nyebutkeun saha nu diteangan (nu dipicuriga);

**menunjuk** *vt* **1** nuduhkeun ku curuk ka ...; nunjuk: *itu orang yg kucari,* ka*tanya sambil == ke arah anak laki-laki berbaju kumal itu* itu tuh jalma nu diteangan ku kuring, omongna bari nunjuk ka budak lalaki dibaju kuleuheu téh; *2* méré nyaho arah; nunjuk: *gambar itu == ke arah tempat yg hendak dituju* éta gambar téh nunjuk ka arah tempat nu rék dituju; **4** nangtukeun; nunjuk: *Bu Guru == anak-anak terpandai di kelas sbg ketua kelas* Bu Guru nunjuk budak pangpinterna di kelas jadi ketua kelas

**petunjuk** *n* **1** tanda atawa isarat pikeun nuduhkeun, méré nyaho: *lampu-lampu di lapangan itu dipakai sbg == pesawat-pesawat terbang yg akan mendarat pd malam hari* lampu-lampu di lapangan téh dipaké minangka isarat pikeun pesawat-pesawat ngapung nu rék turun ka darat tipeuting; **2** katangtuan nu méré pituduh, naséhat, padoman, jsb: *mendapat == Tuhan* meunang pituduh (ilham) ti Gusti Allah

**tun.tun** *v*, **menuntun** *vt* **1** nungtun; ngagondéng: *dgn sabar perawat itu == pasien itu sampai ke tempat tidurnya* kalawan sabar juru rawat ngagondéng anu gering nepi ka tempat saréna; **2** ngaping; nungtun kana jalan nu bener: *dgn cinta kasih dia mampu == anaknya ke jalan yg benar* kalawan cinta asih (deudeuh) manehna ngaping anakna kana jalan anu bener;

**penuntun** *n* **1** pituduh pikeun ngalakukeun hiji pagawéan; padoman; **2** alat pikeun nungtun; **3** jalma anu nugntun

**tun.tut** *v*, **menuntut** *vt* **1** meredih; ménta kalawan kuat: *pihak kulawarga == tanggung jawab atas keselamatan anak istrinya* pihak kulawarga ménta tanggung jawab kana kasalamétan anak bojona; **2** nagih: *== utang yg telah lampau* nagih hutang nu geus liwat; **3** ngagugat; ngadu ka pangadilan: *pihak yg dirugikan telah -- penipu itu* pihak nu dirugikeun geus ngagugat éta jalma nu nipu; **4** usaha geusan meunang hak: *orang itu == hak atas warisan orang tuanya* éta jalma usaha kuat geusan meunang hak warisan ti kolotna; **5** ihtiar geusan ngahontal hiji tujuan: *buruh pabrik itu == perbaikan nasib* buruh pabrik téh ngajakeun ihtiar sangkan nasibna dioméan; **6** ngulik: *== ilmu* ngulik élmu;

**tuntutan** *n* paménta; pameredih; gugatan; dakwaan

**tu.pai** *n* bajing;
*sepandai-pandai -- melompat, sekali gawal (terjatuh) juga, pb* sapinter-pinterna jalma, sakali waktu aya kaliruna;

**tur.bin** *n* mesin atawa motor anu roda pamuteranana dijalankeun ku tanaga cai, saab, atawa hawa (angin)

**tur.na.men** /turnamén/ n pertandingan (ténes, jsb) anu diiluan ku sababaraha regu; turnamen: *gubernur menyerahkan piala bergilir kpd pemenang -- bridge tahun ini* gupernur masrahkeun piala bagilir ka nu meunang turnamén bridge taun ieu

**tu.run** *v* **1** leumpang jsb ti tempat anu luhur ka tempat anu handap: -- *dr gunung* turun ti gunung; -- *ke jurang* turun ka jurang; **2** leumpang ti girang ka hilir; **3** namper (hampas jsb); leler (napsu, amarah); surud (cai laut); ngadeukeutan horison (panonpoe); **4** kaluar tina kendaraan; turun: *semua penumpang beus itu disuruhnya ==* sakabéh panumpang beus dititah turun; **5** jadi kurang (susud, saeutik, jsb); ragrag atawa morosot (harga jsb); **6** jadi lemah (kondisi badan);
**penurunan** *n* **1** lamping (jalan jsb) anu nurun; **2** pangurangan; panyusutan; pagawéan nurunan atawa nurunkeun

**tu.rut** *v* milu: *ia -- membangun rumah itu* manéhna milu ngadegkeun éta imah;
**menurut** *vt* **1** nurut; ngagugu; nurutkeun; **2** niru; nyoto; nurutan; **3** nyumponan (sarat, paménta; harepan, jsb); **4** milu: *si bungsu itu selalu == dgn ibunya* si bungsu salawasna milu jeung indungna; **5** dumasar; sapanjang (béja, pamanggih, jsb) **6** saluyu jeung: *tindakan itu sudah == pd peraturan yg berlaku* tindakan téh geus saluyu jeung peraturan nu lumaku; menuruti vt **1** nurutan; **2** mikeun; ngabulkeun (usul, paménta, jsb); **3** nyusul

**tus.tel** /tustel/ *n* kaméra; alat potrét

**tu.suk** *v* tewek; cocog; coblos
**menusuk** *vt* **1** nyocog; nyoblos: *dl pemilihan umum, kita boleh == salah satu tanda gambar* dina pilihan umum urang meunang nyoblos salahsahiji tanda gambar; **2** newek: *ia == leher musuhnya dgn pisau belati* manéhna newek beuheung musuhna ku péso balati; **3** nganyerikeun: *jawabannya == hati* jawabanana ngayerikeun haté;
**tusukan** *vi* prosés, cara, pagawéan newek; tapak newek at nyocog

**tu.tor** *n* **1** anu mere palajaran ka salah saurang atawa sajumlah leutik siswa (di imah, lain di sakola); **2** dosén anu ngaping sajumlah mahasiswa dina jero ulikanana

**tu.tup** *n* tudung; alat pikeun nutupan;
**menutup** *vt* nutup; ngajadikeun teu muka: == *pintu* nutup panto; == buku nutup buku;
**penutupan** *n* panganggeusan; pangahiran; pamungkas

**tu.tur** *n* ucapan; omongan: *bahasa* -- basa lisan;
**bertutur** *vi* 1 ngomong; nyarita: *segala yg berjaga-jaga itu tiada == dgn suara nyaring* sakabeh anu jaraga teh euweuh nu ngomong tarik;
**menuturkan** *vt* **1** ngucapkeun; ngomongkeun; nyebutkeun; **2** nyaritakeun;
**penutur** *n* panutur; anu nyarita anu ngomong ... == *basa Sunda* nu nyarita basa Sunda;
**penuturan** *n* prosés, cara, pagawean nyaritakeun atawa ngomongkeun; pedaran; pangucapan

# U

**u.ang** *n* **1** kerétas, emas, pérak, at logam séjén nu dicitak maké gambar nu tangtu, dikaluarkeun ku pamaréntah hiji nagara sabagé alat panukeur at standar pangukur ajén (kasatuan itungan) anu sah; duit; uang; **2** harta; kakayaan: *mencari* -- néangan harta; **3** sapertilu talén (=8 1/2 sen duit jaman Hindia Belanda);

*setali tiga —, pb* satalén tilu baru, sarua baé (babandingan dua kali);

**beruang** *a* **1** ngabogaan duit; **2** *ki* beunghar: *orang yg ==* jalma anu beunghar;

**keuangan** *n* seluk beluk duit; urusan duit; kaayaan duit: *situasi == makin baik* situasi duit leuwih alus

**u.ap** *n* gas anu jadi tina cairan (cai jsb) lamun dipanaskeun; bangun gas hiji zat;

***menguap*** ***vi 1*** jadi uap (gas); ngaluarkeun uap: spiritus itu cepat == spirtus téh gancang jadi uap; **2** *ki* leungit;

**penguapan** *n* **1** prosés, pagawéan, cara jadi uap: == *air laut terus menerus* prosés jadi uapna cai laut terus-terusan; **2** ngajadikeun uap; ngaluarkeun uap; prosés robahna wujud cair kana wujud gas anu dibarengan ku panas

**u.bah** *a* lain; béda: *mulutnya bergerak-gerak, tidak -- nya sbg monyet mencibir* biwir sungutna bagerak, henteu béda ti monyet nyengir;

**berubah** *vi* **1** jadi lain (béda) ti saméméhna; **2** baganti (malih warni, patukeur) jadi nu séjén; robah;

**mengubah** *vt* ngajadikeun lain ti saméméhna; ngaganti bangun (warna, rupa, jsb); ngatur deui; ngarobah: == *susunan kalimat* ngarobah susunan kalimah;
**perubahan** *n* **1** hal (kaayaan) robahna; perobahan; peralihan

**u.ban** *n* buuk anu geus jadi bodas; huis;
**beruban** *vi* **1** geus aya huisan; geus jadi huis; **2** *ki* (geus) kolot; geus aya umur; **3** geus réa pangalaman dina digawé: *ia pun sudah == dl perdagangan hasil bumi* manéhna geus loba pangalaman dina pardagangan hasil bumi;
**ubanan** *n* **1** aya huisan; jadi huis: kepalanya sudah == sirahna geus huisan; **2** *ki* (geus) kolot

**u.bi** *n* beuti at akar nu ngagedéan tina tutuwuhan ngarambat, biasana mah bisa didahar

**u.bun-u.bun** *n* **1** bagian anu hipu tina sirah orok; embun-embunan; **2** bagian pundak sirah

**u.cap** *n* kecap (kalimah, bagian kalimat, jsb) anu dilisankeun; ucap; lisan; omongan: *demikianlah -- nya* kitu omonganana;
**mengucapkan** *vt* **1** nyebutkeun (kecap at omongan anu geus tangtu, spt doa, semboyan, jeung sumpah); **2** ngalisankeun; ngucapkeun; ngalafalkeun: *menteri == keputusan pemerintah* menteri ngucapkeun kaputusan pamaréntah; **3** nyarita: *aku tidak biasa == perkataan spt itu* kuring teu biasa nyarita omongan kawas kitu; **4** nganyatakeun: == *syukur* nganyatakeun sukur;
**ucapan** *n* **1** anu dilisankeun; ucapan; **2** lafal; **3** pidato; **4** omongan anu netelakeun salamet; sukur, jsb

**u.dang** *n* sato anu hirupna dina cai, kulitna heuras, sukuna sapuluh, panyapitna dua, buntutan, henteu tulangan; hurang

**u.da.ra** *n* **1** campuran rupa-rupa gas anu teu warnaan jeung teu bau (spt oksigen jeung nitrogen) anu minuhan rohangan di saluhureun bumi ieu kawas anu ku urang diseuseup lamun urang ngambekan; hawa; **2** rohangan di luhur bumi anu eusi hawa; tempat di luhur bumi; angkasa; udara; **3** kaayaan hawa (cuaca, poé): -- *hari ini panas sekali* kaayan hawa poé ieu panas pisan; **4** suasana: -- *desa tenang* suasana éta désa tenang;

**mengudara** *vt* **1** nuju ka udara (angkasa); naék (ngapung): *pesawat itu telah* == éta pesawat téh geus hiber (ngapung); **2** ngalakukeun siaran (radio, televisi, jsb): *TVRI == pukul 15.30* TVRI ngalakukeun siaran tabuh 15.30

**u.dik** *n* **1** walungan di beulah luhur (arah ka deukeut sumber cai); (daerah) di girang; **2** désa; kampung (lawan kota): *setiap Lebaran banyak orang Jakarta pulang ke* -- unggal Lebaran réa urang Jakarta baeralik ka kampung; **3** *ki* kurang nyaho sopan santun; canggung (kaku) tingkah lakuna; bodo

**u.jar** *n* **1** omongan (anu diucapkeun): *begitu — anak itu kpd saya* kitu omongan éta budak ka kuring; **2** kalimah at bagian kalimah anu dilisankeun;
**berujar** *vi* ngomong; nyarita; ngucap;
**ujaran** *n* kalimah at bagian kalimah anu dilisankeun

**u.ji** *n* cobaan keur nganyahokeun kualitas naon-naon (katulénan, kaaslian, katahanan, jsb); uji;
**menguji** *vt* mariksa naon-naon pikeun nganyahokeun ajénna (kapinteran, jsb); nguji: *dosen itu sedang* == mahasiswanya éta dosén keur nguji mahasiswana;
**ujian** *n* **1** anu diuji; hasil nguji; pamariksaan; cobaan: *musibah itu adalah -- dr Allah* éta musibah téh ujian (cobaan) ti Allah

**u.jung** *n* **1** bagian nu paméakan (panungtung) tina hiji barang (nu panjang); tungtung: *berbelok di -- jalan* mengkol di tungtung jalan; **2** bagian barang anu seukeut (lancip); puncak: -- *hidung* tungtung irung; -- *jari* tungtung ramo; **3** bagian daratan anu ngalojor ka laut (jauh); tanjung; ujung: -- *Kulon;* Ujung Kulon; **4** (bagian) ahir (caritaan, babadamian, taun, jsb): *uangnya cukup sampai ke -- bulan* duitna cukup nepi ka ahir bulan; **5** maksud jeung tujuan (omongan jsb): *saya maklum akan -- perkataannya itu* kuring ngarti kana maksud éta omonganana

**u.kir** *v*, **berukir** *vi* aya ukiranana; aya hiasanana mangrupa lukisan (gambar kembang, sasatoan, jsb): *beliau duduk di kursi* == manéhna diuk dina korsi ukiran;
**mengukir** *vt* ngagorés (nurih, mahat, jsb) keur nyieun lukisan

(gambar) jsb) dina kai (batu, logam, jsb): *dia sedang == patung kayu* manéhna keur ngukir arca kai;

**ukiran** *n* **1** hasil ngukir; ukiran: -- *Japara béda dgn* -- *Bali* ukiran Japara béda jeung ukiran Bali; **2** (ukir-ukiran) lukisan (gambar, hiasan jsb) anu diukir

**u.kur** *n* **1** pangukur; ukuran; **2** salayakna geus tangtu;

**mengukur** *vt* **1** ngitung panjang (lega, gedé, jangkung, jsb) naon-naon ku alat nu tangtu nu mangrupa standar nu jadi perbandingan; ngukur; **2** nganiley (ngajén) kualitas naon-naon (jelema jsb) ku cara ngabandingkeun, (jeung) nguji, nyoba, jsb: *guru itu == muridnya dgn tes lisan* éta guru ngajén muridna ku tés lisan;

**ukuran** *n* **1** hasil ngukur; ukuran; **2** cak alat keur ngukur, up jidar, jeungkal, méteran; **3** *ki* norma: *bertindak tanpa ==* bertindak tanpa norma; **4** panjang, lébar, lega, gedéna naon-naon; format: *buat karton == kartupos* jieun karton format kartupos; **5** bilangan nu nuduhkeun gedéna satuan ukuran barang;

**pengukuran** *n* prosés, cara pagawéan ngukur; pangukuran

**u.lah** *n* tingkah laku; tindakan; sikep; polah;

**berulah** *vi* nyieun polah, nyieun tindakan: *jangan == yg tidak baik kpd orang tua* ulah nyieun polah nu teu hadé ka kolot

**u.lar** *n* sato ngarayap (ngaléor), euweuh sukuan, awakna buleud panjang, kulitna sisitan, hirupna di tanah at di cai, aya nu peurahan aya nu henteu; oray

**u.las** *n* bagian bubuahan (jeruk, kadu, jsb) nu aya bangun rohanganana (babari dibuka at dilésotkeun tina buleudan buahna): *mulut spt dua -- limau* baham kawas dua pasi lémo;

**mengulas** *vt* méré penjelasan jeung koméntar; nafsirkeun (panerangan nu leuwih écés, pamadegan, jsb); ngupas; mesék; nalaah (naliti): *banyak koran == keterangan pemerintah tt tindakan keuangan* réa koran nu méré penjelasan jeung koméntar kana katerangan pamaréntah ng tindakan kauangan;

**ulasan** *n* kupasan; pesékan; tafsiran; koméntar

**u.lat** *n* sato leutik nu ngarayap, sukuna loba, aya nu buluan aya anu henteu, sok ngadahar daun ngora jsb, lamun geus waktuna robah jadi

cacaka, tuluy jadi **kukupu** (mimiti jadi serangga, larva), hileud, réa spt -- *batu* hileud batu, -- *gatal* hileud ateul;
**berulat** *vi* aya hileudan; didahar hileud; diruksak hileud: *jambunya* == jambuna hileudan

**u.let** *a* kuat; liat: *musuhnya* --, *harus dilawan dgn taktik lain* musuhna kuat, kudu dilawan maké taktik séjén;
**keuletan** *n* hal nu babari putus harepan nu dibarangan ku kahayang nu kuat pikeun ngahontal tujuan sarta cita-cita; katabahan jeung kakerasan haté; kacakepan jeung kagiatan nu enya-enya; kacaképan jeung katahanan bajoang; kaulétan

**ul.ti.ma** *a* (bagian) ahir; final

**ul.ti.ma.tum** *n* paringetan at tungtutan nu terahir ku cara dibéré watés waktu pikeun ngajawabna; ultimatum

**u.lur** *v*, **mengulur** *vt* **1** ngalésotkeun (tali jsb) sangkan manjang: == *tali layang-layang* ngulur tali langlayangan; **2** *ki* manjangkeun (umur jsb); ngalilakeun; nunda (waktu): == *hidup* manjangkeun umur; **3** mulur; jadi panjang; (bisa) manjang: *karet ini dapat* == ieu karét bisa mulur; **4** ngajulur (létah, leungeun, jsb): *tampak lidahnya* == katénjo létahna ngajulur; **5** terus-terusan (sikepna) meréan; nurut (kana kahayang batur jsb);
**mengulurkan** *vt* **1** ngalésotkeun (tali jsb) sangkan manjangan: *ia == tali pancing itu* manéhna manjangkeun tali useup; **2** ngajulurkeun (ngelélkeun) létah; ngalojorkeun (leungeun, suku) ka hareup; nyembulkeun (sirah); **3** manjangkeun (waktu, caritaan, jsb); **4** ngalajur (napsu); nurutkeun (kahayang, pangajak, jsb); **5** nepikeun at méré (bari ngasongkeun leungeun ka hareup); nuduhkeun; ngasongkeun: *sambil berkata ia == kertas itu kpdku* bari nyarita manéhna ngasongkeun éta kertas ka kuring; **6** ngateurkeun (sangu, duit, jsb): *adik == nasi ke sawah* adi nganterkeun sangu ka sawah

**um.bi** *n* **1** akar nu ngagedéan jeung eusi (wortel, sampeu, jsb); **2** puhu tangkal nu jadi gedé jeung eusian nu bisa didahar (spt taleus, jsb); **3** puhu tangkal nu daunna tunggal (spt dina tangkal kalapa jeung cau); **4** (**akar** --) poko akar (dina tangkal) nu lempeng asup ka jero taneuh; **5** bagian paseuk (tihang, pancang, jsb) nu kapendem dina taneuh;

**umbi-umbian** *n* rupa-rupa jenis beuti; beubeutian (bangsa taleus, hui, jsb): == *dapat sbg pangganti nasi di musim paceklik* beubeutian bisa jadi pangganti sangu dina usum paceklik

**um.but** *n* bagian tungtung tangkal (kalapa, kawung, jsb) nu ngora kénéh jeung hipu, bisa didahar; humbut

**um.pa.ma** *n* **1** nu jadi conto (sasaruaan babandingan) jeung nu séjén; ibarat; upama; **2** sarua halna jeung; kawas; sabagé; **3** anu diupamakeun (lain anu sabenerna): *ini baru -- saja* ieu mah kakara upamana baé;
**mengumpamakan** *vt* nyaruakeun (ngabandingkeun) naon-naon jeung;
**perumpamaan** *n* **1** cara ngumpamakeun; perbandingan; ibarat; **2** paribasa nu mangrupa babandingan

**um.pan** *n* **1** kadaharan at naon-naon (cacing jsb) anu digunakeun keur mikat at ngala sato (lauk jsb); eupan; **2** ki naon naon (jalma) anu dipaké keur pamikat haté; alat pamikat; **3** sasaran anu babari dijadikeun korban; mangsa: *bola yg melambung tanggung itu mudah menjadi -- bagi pukulan lawan* bal nu ngalambung tanggung téh gampang jadi sasaran mangsa pikeun teunggeulan lawan; **4** material, spt bijih, anu diasupkeun kana alat mesin pikeun diolah at diprosés;
**mengumpan** *vt* **1** mikat (néwak) maké eupan; **2** (ngeupankeun) masang naon-naon jadi eupan; **3** (ngeupanan) méré eupan (kadaharan, mangsa); **4** *ki* nguseup (mikat), ngajebak, jsb) maké eupan;
**pengumpan** *n* anu jadi eupan; jalma nu méré eupan

um.pat (**umpatan**) *n* omongan anu kotor nu diucapkeun lantaran ambek (jéngkél, kuciwa, jsb); hinaan;
**mengumpat** *vi* **1** ngagogoréng jelema; ngucapkeun kecap kotor lantaran ambek (jéngkél, kuciwa, jsb); **2** nyela, ngahina kacida; **3** nyarékan lantaran ngarasa diperlakukeun kurang hadé

**u.mum** *a* **1** ngeunaan sakabéhna at sakumna; umum, teu ngeunaan anu husus (tangtu) baé; **2 pd --(nya)** galibna; kalolobaanana; umumna; **3** pikeun jalma (urang) réa; (keur jalma) saha baé; **4** urang réa; **5** (geus) nyebar (rata) kamana-mana; (geus) dikanyahokeun ku jalma réa (saréréa);

**mengumumkan** *vt* méré nyaho (ngabéjaan) ka umum; ngumumkeun;

**pengumuman** *n* **1** pagawéan, prosés, cara ngumumkeun; pangumuman; **2** anu diumumkeun; béwara

**u.mur** *n* **1** lila waktu hurip at aya (ti mimiti dilahirkeun at diayakeun); umur; **2** *ki* hirup; nyawa: *kalau masih ada* -- lamun masih aya kénéh umur; lamun masih hirup;

**berumur** *vi* **1** boga umur; umurna: *anak itu* == *2 tahun* éta budak umurna 2 tahun; **2** (geus) déwasa; (geus) rada kolot (leuwih ti 40 taun): *perempuan itu sudah* == éta awéwé téh geus rada kolot (geus aya umuran)

**un.dang** *v*, **mengundang** *vt* ngabéjaan sangkan datang; ngondang hadir (dina riungan, rapat, jsb): *dia* == *kita makan di rumahnya* manéhna ngondang urang dahar di imahna;

**undangan** *n* **1** hal (pagawéan, cara) ngondang; ondangan; **2** jalma anu diondang; **3 (surat ==)** surat keur ngondang

**un.dang-un.dang** *n* **1** katangtuan-katangtuan jeung aturan-aturan nagara nu dijieun ku pamaréntah (menteri, badan éksekutif, jsb), disahkeun ku parlemén (déwan perwakilan rayat, badan legislatif, jsb) ditanda tangan ku kapala nagara (Presidén, Kapala Pamaréntah, Raja), jeung ngabogaan kakuatan anu ngiket; undang-undang; **2** aturan-aturan nu dijieun ku jalma at badan nu kawasa; **3** hukum (dina harti patokan nu sipatna alamiah at saluyu jeung sipat-sipat alam: == *Newton* hukum Newton

**perundang-undangan** *n* hal aya pakaitna jeung undang-undang; seluk-beluk undang-undang

**un.di** anu dipaké keur nangtukeun at milih (spt keur nangtukeun saha anu boga hak kana naon-naon, saha anu kudu maén leuwih tiheula, jsb); undi;

**mengundi** *vi* **1** nangtukeun (milih, mutuskeun, jsb) ku undi; **2** (== **suara**) ngalakukeun pungutan sora (pikeun mutuskeun, milih, jsb): == *secara bebas* ngundi sacara bébas;

**undian** *n* naon-naon anu diundi; lotere

**un.dur** *v* **1** mundur; surud; (leumpang) ka tukang; 2 ngajauhkeun diri (ti); indit (ti); undur;

**mengundurkan** *vt* **1** ngajalankeun (ngagerakkeun) ka tukang; mundurkeun: == *mobil* mundurkeun mobil; **2** narik mundur; nitah mundur; **3** (== **diri**) narik diri; eureun tina jabatan, jsb; ninggalkeun; indit (ti): *ia == diri dr jabatan ketua* manéhna ngundurkeun diri tina jabatan ketua; **4** nunda; nangguhkeun: *pemerintah == pengumuman itu* pamaréntah nunda éta pangumuman; 5 ngalambatkeun (malikkeun) waktu;

**pengundur** *n* **1** prosés, cara pagawéan mundurkeun; hal narik mundur; **2** panundaan; panangguhan

**ung.gas** *n* satu jangjangan, sukuna dua, pamatukan, buluan, ngendog, kaasup sagala jenis manuk, bisa dikukut jeung diternakkeun sabagai penghasil pangan (daging jeung endog)

**perunggasan** *n* hal nu aya pakaitna jeung sabangsa manuk

**ung.gul** *a* **1** leuwih luhur (pinter, hadé, kuat, awét, jsb) ti batan anu séjén; unggul; utama (pangalusna, pangutamana); **2** meunang: *pemain kita -- di All England* pamaén urang unggul di All England

**keunggulan** *n* kaayaan (leuwih) unggul; kapinteran (kahadéan, kakuatan, jsb) anu leuwih ti nu séjén kaunggulan: == *mesin ini dapat dilihat dr hasil kerjanya* kaunggulan ieu mesin bisa ditényo tina hasil gawéna

**ung.gun** *n* **1** tumpukan(kai, suluh, duit, jsb): *se -- kayu* satumpuk kai; **2** (**api** ==) seuneu nu hurung dina tumpukan kai;

**mengunggunkan** *vt* numpukeun anu tuluy diduruk (kai jsb);

**unggunan** *n* tumpukan

**ung.kap** *v*, **mengungkapkan** *vt* **1** ngalahirkeun perasaan haté (ku omongan, paroman, mimik, jsb): *dia mengarang untuk == hatinya* manéhna ngarang pikeun ngaluarkeun eusi haténa; **2** nunjukkeun; ngabuktikeun (ng naon-naon anu tadina masih jadi rasiah at teu dikanyahokeun jalma); **3** ngaluarkeun, nganyatakeun, maparkeun: *saya akan == garis besarnya saja* kuring arék maparkeun gurat badagna baé; **4** nerangkeun kalawan jelas; ngadadarkeun: ia == apa fungsi alat itu manéhna nerangkeun kalawan jelas naon fungsina éta alat;

**ungkapan** *n* **1** naon-naon anu diungkab; **2** gabungan kecap anu manana béda tina harti kecapna masing-masing; **3** gerak panon (leungeun jsb), parobahan paroman anu nuduhkeun perasaan haté;

**pengungkapan** *n* hal (kaayaan) ngungkab

**ung.kit** *v*, **ungkit-ungkit; ungkat-ungkit 1** bergerak turun naék; **2** tempat keur ulin turun naék;
**mengungkit** *vt* **1** ngangkat (naékkeun) ku tungtung tongkat (linggis jsb): *ia == penutup liang dgn tongkat besi* manéhna naékkeun panutup liang ku tongkat beusi; **2** (mengungkit-ungkit ngabangkit-bangkit perkara anu enggeus-enggeus

**ung.si** *v*, **mengungsi** *vi* indit nyingkiran bahaya at nyalametkeun diri (ke tempat anu dirasakeun aman; ngungsi: *krn banjir banyak yg == dr tempat itu* lantaran bajir réa anu ngungsi ti éta tempat;
**pengungsi** *n* jalma anu ngungsi; pangungsi
**pengungsian** *n* **1** prosés, pagawéan (hal) ngungsi at ngungsikeun: *dl == itu diutamakan anak-anak dan wanita* dina hal ngungsikeun téh diutamakeun barudak jeung wanita; **2** tempat ngungsi; pangungsian: *banyak pengalaman di == orang korban letusan Galunggung itu diceritakan kembali* réa pangalaman di pangungsian jalma korban bituna Galunggung téh dicaritakeun deui

**u.ngu** *a* warna beureum kolot pacampur biru; wungu: *langit pagi yg biru menjadi --* langit isuk-isuk nu biru jadi wungu

**u.ni.fo.rem** *a* **1** saragem: *memakai jenis vaksin yg --* maké jenis vaksin anu saragem; **2** papakéan saules nu dipaké ku hiji golongan; papakéan saragem: *polisi rahasia itu tidak memakai --* pulisi rasiah téh teu maké unforem (pakéan saragem)

**u.nik** *a* nyorangan (mandiri) dina bangun at jenisna; lain ti nu séjén; henteu aya sasaruaanana jeung nu séjén; unik; husus; *operasi pencangkokan yg -- telah berhasil, yaitu sebuah jantung buatan dicangkokkan pd bayi yg menderita penyakit jantung* operasi papanyangkokan anu unik geus hasil, nya éta jantung jieunan dicangkokkeun ka anu ngarandapan kasakit jantung;
**keunikan** *n* sipat (kaayaan, hal) anu unik; kaistiméwaan; kahususan; kaunikan

**u.ni.ver.sal** *a* **1** umum (laku keur sakabéh jalma at keur sakuliah dunya); anu sipatna (ngawéngku) sakuliah dunya; universal; **2** katégori élmu basa nu bisa keur sakabéh basa;

**keuniversalan** *n* sipat (hal, kaayaan) universal; sipat umum (nu laku keur sakabéh jalma at sakuliah dunya): *kesusastraan cukup banyak mengandung* == kasusastran réa ngandung kauniversalan

**u.ni.ver.si.tas** *n* lembaga pendidikan (paguron) luhur nu méré pangajaran dina rupa-rupa widang élmu pagawéruh jeung ngayakeun panalungtikan ilmiah, diwangun ku rupa-rupa fakultas paguron luhur, univérsitas: *setelah tamat SMA, ingin melanjutkan ke* -- sanggeus tamat SMA, manéhna hayang nuluykeun ka universitas

**un.juk** *v* tunjuk;

-- **rasa** *n* pernyataan protés nu dilakukeun sacara masal; demonstrasi;

**mengunjukkan** *vt* nunjukkeun; némbongkeun: *sekali-kali dia tidak* == *kekerasan* sama sekali manéhna teu némbongkeun kakérasan

**un.sur** *n* **1** bagian pangleutikna tina biji barang; bagian barang (zat) anu henteu bisa dibagi deui ku prosés kimia; bahan asal; zat asal; élemén; unsur: *cairan ini mengandung* -- *kimia tertentu* ieu cairan ngandung unsur kimia tangtu; **2** kelompok leutik (tina kelompok nu leuwih gedé)

**un.tai** *n* **1** benang (tali) nu dipaké niir marjan, mutiara, jsb; **2** kecap bantu bilang keur barang nu ditiir (spt kongkorong marjan, pepetasan, jsb): *se* -- *kalung mutiara* sarantuy kongkorong mutiara; **3** sakuplét sair at sajak (dangding);

**menguntai** *vt* niiran (marjan, manik-manik, jsb) ku tali; nyieun rénténgan pepétasan jsb;

**untaian** *n* runtuyan (mutiara jsb); rénténgan (pepetasan); tiiran (manglé) kembang: == *melati* manglé malati

**un.tuk** *p* **1** preposisi nu nuduhkeun naon-naon keur ...; bagian: *ini --ku, itu --mu* ieu keur kuring, itu keur manéh; **2** nuduhkeun sabab at alesan: -- *semua itu, ia réla berkorban* keur éta kabéh, manéhna réla korban; **3** nuduhkeun tujuan at maksud; pikeun: *lemari* -- *menyimpan pakaian* lomari pikeun neundeun papakéan; **4** nuduhkeun panggantian (sabagé ganti ...); disadiakeun, digunakeun, dipaké) sabagé ...: *peti itu dipakai* -- *meja makan* éta peti dipaké sabagé méja makan; **5** nuduhkeun jalma at barang nu narima naon-naon: (di-

bikeun) ka: *haidah itu -- istrinya* éta hadiah téh dibikeun ka pamajikanana; **6** nuduhkeun kasaluyuan, kacocogan: *orang yg tepat -- kedudukan itu* jalma nu cocog keur éta kadudukan; **7** nuduhkeun antarana waktu: -- *beberapa bulan ia bertugas di luar negeri* pikeun sawatra bulan manéhna tugas di luar nagri;

**memperuntukkan** *vt* nangtukeun (nyadiakeun, nyadangkeun, ngagunakeun) keur (pikeun) ...: *panitia == hasil malam dana kpd yayasan yatim piatu* panitia nangtukeun hasil malem dana keur yayasan yatim pahatu;

**peruntukkan** *n* hal (bagian) nu disadiakeun keur ...; sadiaan pikeun pikeun ...: *rencana == daerah bagi industri* rencana nu disadiakeun daerah pikeun industri

**un.tung** *n* **1** naon-naon (kaayaan) anu geus ditangtukeun ku Nu Maha Kawasa bakal kasorang ku jalma; nasib: *kalau ada -- di badan bolehlah kita bertemu lagi* lamun aya nasib di badan muga-muga urang papanggih deui; **2** mujur; bagja: *—lah mereka dapat menyelamatkan diri* mujur maranéhna bisa nyalametkeun diri; **3** bati nu meunang tina dagang jsb: *dia menjual barangnya dgn -- besar* manéhna ngajual barangna bari meunang untung (bati) gedé; **4** guna; mangpaat; paédah: *apa sih -- nya menakut-nakuti orang* naon sih gunana nyingsieunan jelema;

**beruntung** *vi* **1** boga bati; **2** alus nasib; mujur; bagja; **3** aya hasil (maksudna, usahana, jsb); teu gagal;

**peruntungan** *n* nasib; untung jeung sué: *katanya peramal itu dapat melihat == orang* cenah tukang ramal téh bisa nenjo nasib jalma;

**kauntungan** *n* **1** hal meunang untung (bati); **2** untung; bati: *tidak memperoleh == sesen pun* henteu meunang bati sasén ge; **3** kamujuran; kabagjaan: *== besar bagimu dapat diangkat jadi pegawai tetap* kabagjaan keur manéh bisa diangkat jadi pagawé tetep; **4** mangpaat; paédah

**u.pa.ca.ra** *n* **1** tanda-tanda kabesaran (spt payung karajaan): *raja berjalan dgn memakai --* raja angkat nganggo tanda-tanda kabesaran; **2** peralatan (nurutkeun adat istiadat); réntétan kalakuan at perbuatan nu kabeungkeut kana aturan-aturan nu tangtu nurutkeun adat at agama: -- *perkawinan* upacara perkawinan; **3** perbuatan at parayaan nu dilakukeun at diayakeun patali jeung peristiwa penting (spt upacara ngistrénan pejabat, muka gedong anyar, jsb)

**u.pah** *n* **1** duit jsb nu dibayarkeun sabagé bales jasa at pamayar tanaga nu geus dikaluarkeun keur migawé naon-naon; buruhan; upah; gajih; imbalan: *dia masih mendapat -- harian* manéhna masih meunang gajih harian; **2** *ki* hasil at akibat (tina hiji perbuatan); risiko;
**mengupah** *vi* nitah jalma digawé ku cara mayar buruhna; muruhan;
**upahan** *n* **1** pagawé nu diburuhan; jalma upahan; **2** jalma sewaan; **3** upah; buruhan

**u.pa.kar.ti** *n* panghargaan pamaréntah nu dibikeun ka jalma kana jasana pangabdian jeung kapaloporan dina hiji widang (industri, karajinan, kalastarian lingkungan, jsb)

**u.pa.ya** *n* usaha; akal; ihtiar (keur ngahontal maksud, néangan jalan kaluar, mecahkeun persoalan, jsb) daya upaya: *-- menegakkan keamanan patut dibanggakan* daya upa ananjeurkeun kaamanan hadé dipikareueus;
**berupaya** *vi* néangan upaya (akal); ngayakkeun ihtiar (usaha): *ia == meningkatkan prestasinya* manéhna néangan upaya ningkatkeun pretasina;
**mengupayakan** *vt* ngusahakeun; ngihtiarkeun; ngupayakeun; ngalakukeun naon-naon keur néangan akal (ihtiar jsb);
**pengupayaan** *n* hal (cara) ngupayakeun

**u.pe.ti** *n* **1** duit (emas jsb) nu wajib dibayarkeun (disébakeun) ku nagara(-nagara) leutik ka raja at nagara nu kawasa at nu naklukkeun; **2** *ki* duit jsb anu dibikeun (dianteurkeun) ka pajabat jsb nu maksudna nyogok

**u.rai** *a* lésot jadi muka (teu kabeungkeut, teu nyangreud); papisah; pabeurencay (teu sabeungkeutan, teu padet deui): *emas --* emas anu bubuk (laleutik);
**menguraikan** *vt* **1** ngajadikeun mencar; muka cangreud jsb; **2** ngalésotkeun hubungan bagian-bagian (sandi-sandi, buku-buku, jsb) tina pokona (bagian nu leuwih gedé, puseur, jsb); misah-misahkeun: *== kalimat* ngarucah kalimah; **3** nerangkeun (ngadadarkeun) panjang lébar (ng pikiran, pamadegan, jsb), ngajelaskeun kalawan gamblang (ng naon-naon nu can jelas); **4** maparkeun jeung nerangkeun naon-naon kalawan ringkes; **5** ngajabarkeun; ngaanalisis;
**penguraian** *n* prosés, perbuatan, cara nguréykeun

**u.rat** *n* **1** bagian badan nu nyarupaan benang at tali nu liangan manjang; urat; **2** jalur at gurat nu kaciri dina beungeut kai, daun jsb; **3** akar: -- *kata* akar kecap, *ki* asal mula: *kita mempunyai zat satu* -- urang ngabogaan zat hiji asal mula;
**berurat** *vi* **1** aya uratna; **2** aya akaran

**ur.ba.ni.sa.si** *n* **1** pindahna penduduk sacara terus (aleut-aleutan) ti désa (kota leutik, daerah) ka kota gedé (puseur pamaréntahan); urbanisasi: *pembangunan desa dapat membendung* -- pangwangunan désa bisa ngabendung urbanisasi; **2** parobahan sipat hiji tempat tina suasana (cara hirup jsb) désa kana suasana kota

**u.ri.ne** *n* zat cair buangan nu ditampung dina kantong kemih jeung dikaluarkeun tina jero badan ngaliwatan saluran kemih; cai kiih: *dia memeriksakan darah dan* -- manéhna mariksakeun getih jeung cikiih

**u.rus** *v* rawat; piara; atur; urus: -- *agar sehat* rawat supaya sehat
**mengurus** *vt* **1** ngatur sagala-galana (tina hiji urusan at hal jeung boga tanggung jawab ng éta hal): *dia yg == keuangan* manéhna anu ngurus kauangan; **2** ngatur jadi alus; ngarapihkeun; ngabebenah; méréskeun: *sesudah menyapu lantai, dia == tempat tidur* sanggeus nyapu lanté, manéhna ngarapihkeun tempat tidur; **3** nyalanggarakeun (perdagangan, pausahaan, jsb); mingpin jeung ngatur (kebon, rumah tangga, jsb); ngarawat (kandaraan jsb); ngajaga ati-ati **4** ngusahakeun (perdagangan, pausahaan, jsb); mingpin jeung ngatur (sakola, pakumpulan, jsb); **5** naliti at nyusud hiji hal: *perkelahian itu sudah ada yg ==* hal gelut téh geus aya nu naliti;
**urusan** *n* 1 diurus; **2** perkara; masalah; hal ihwal; persoalan; **3** aya hubungan at aya sangkut pautna jeung; urusan: == *pegawai* kantor urusan pagawé; **4** bagian pagawéan (biro, dines, jsb) anu ngurus naon-naon: *jawatan == pajak* jawatan anu ngurus pajeg; **5** cara ngurus (ngarawat, nyalanggarakeun);
**pengurusan** *n* prosés, cara, perbuatan ngurus

[1]**u.rut** *v* pijet;
**mengurut** *vt* **1** mijet (badan jsb) ku cara ngurut, neken, ngangsurkeun; **2** metik (ngalésotkeun) ku cara diporolokkeun ku leungeu dipencet: == *sate* morosotkeun saté; == *daun johar* merolokkeun daun johar; **3** ngusapan; ngosokan: *dia == kepala anaknya* manéhna ngusapan sirah anakna

[2]**u.rut** *adv* teratur (nu hiji sanggeus nu séjén, tartib); *masuknya harus -- satu demi satu* asupna kudu teratur hiji hiji;

**urutan** *n* **1** nomer urut (tungturutan): *gilirannya jatuh pd == ketiga* gilirannya dina urutan (tungturutan) katilu; **2** derétan; rentétan; hal nu urutan: *kata dl kalimat* réntétan kecap dina kalimah; **3** susunan: *== nama pasien menurut abjad* susunan ngaran pasién nurutkeun abjad

u.sa.ha *n* **1** kagiatan nu ngérahkeun tanaga, pikiran, at awak pikeun ngahontal maksud; pagawéan (perbuatan, prakarsa, ihtiar, daya upaya) pikeun ngahontal naon-naon; usaha: *rupa-rupa -- telah dilakukan untuk mengatasi hal itu* rupa-rupa usaha geus dilakukeun pikeun ngungkulan éta hal;

**2** kagiatan dina widang perdagangan (nu maksudna neangan untung); perdagangan; pausahaan: *-- pertekstilan* perdagangan pertékstilan;

**berusaha** *vi* **1** ngalakukeun hiji usaha; digawé giat (keur ngahontal naon=naon); nyayakéun ihtiar (daya upaya); **2** ngalakukeun kagiatan dina widang perdagangan (pausahaan jsb);

**mengusahakan** *vt* **1** neangan daya upaya; ngihitiarkeun; ngusahakeun; **2** ngagarap (sawah, tanah, jsb); ngajalankeun usaha perdagangan (pausahaan jsb); **3** nylanggarakeun (ngurus jeung ngatur) naon-naon; **4** migawé; ngajalankeun: *pemerintah == paket-paket buku utk sekolah* pamaréntah nyalanggarakeun pakét-pakét buku keur sakola;

**perusahaan** *n* **1** kagiatan (pagawéan jsb) nu disalanggarakeun maké peralatan at ku cara ngatur kalawan tujuan néangan kauntungan (ku ngolah naon-naon, ngahasilkeun naon-naon, dagang, méré jasa, jsb); **2** organisasi berbadan hukum nu ngayakeun transaksi at usaha; pausahaan

**u.sai** *v* anggeus; bubar; béak; geus ahir; geus kaliwat: *sebelum pertunjukkan --, dia telah pulang* saméméh pintonan anggeus (béak), manéhna geus balik;

**mengusai** *vt* **1** bubar; paburencay; katawuran: *orang-orang yg berkumpul itu pun ==lah* jalma-jalma nu karumpul téh bubar; **2** ngabongkar-bongkar (timbunan jsb); nyuaikeun (buuk jsb); misah-misahkeun; ngoréh-ngoréhkeun (nu karuang jsb): ia *== timbunan buku itu* manéhna ngabongkar gundukan éta buku

**u.sang** *a* **1** garing jeung hapa (ng paré); garing (ng buuk, bako, jsb); **2** geus lila (ng barang); geus ruksak; geus aus(lantaran lila dipaké, disimpen, jsb); *mesin yg sudah* -- mesin nu geus lila; **3** geus kuno; geus teu lajim deui (ng kecap, adat, jsb);
**keusangan** *n* hal (sipat, kaayaan) usang

**u.si.a** *n* umur;
**berusia** *vi* geus umuran; (geus) boga umur: *anak == muda* budak umur ngora; == *lanjut* geus umuran kolot

**u.sik** *v*, **mengusik** *vt* **1** ngaganggu; ngagoda: *anak muda itu == gadis yg lewat* budak ngora téh ngaganggu mojang nu ngaliwat; **2** ngagarap deui; nyinggung-nyinggung; ngusik-ngusik; **3** *ki* nyampuran (urusan batur): *ia tidak berani == perkara itu* manéhna teu wani campur kana éta perkara; **4** ngiritik; nyela: *tdk ada yg berani == tindakannya* euweuh nu wani nyela tindakanana

**u.sil** *a* sok ngaganggu; ngajejeléh; nyampuran urusan batur; ambil pusing; usil;
**usilan** *a* sok usil; usilan

**u.sir** *v*, **mengusir** *vt* **1** nitah indit kalawan paksa; nitah (nu séjén) ninggalkeun tempat; nyingkahkeun; ngusir; **2** ngudag; moro;
**pengusiran** *n* prosés, pagawéan, cara ngusir; pengusiran: == *pedagang liar di kaki lima* pengusiran pedagang liar di trotoar

**u.sul** *n* anjuran (pamendak jsb) nu diasongkeun pikeun dipertimbangkeun at sangkan ditarima: *dia mengajukan -- agar upah buruh dinaikkan* manéhna ngajukeun usul sangkan upah buruh ditaékkeun;
**mengusulkeun** *vt* ngajukeun usul; ngasongkeun naon-naon (pamendak, saran, jsb) sangkan dipertimbangkeun (disatujuan jsb); ngusulkeun;
**usulan** *n* hal (naon-naon) anu diusulkeun; usulan

**u.sung** *v*, **mengusung** *vt* ngangkat (mawa, ngagotong) naon-naon ku cara nempatkeun dina taktak; ngagotong (mawa, ngangkat) sacara babarengan ku sababaraha urang, boh maké alat boh henteu: *mereka == jenasah dgn tandu* maranéhna ngagotong (manggul) janasah maké tandu

**u.sus** *n* alat pencernaan kadaharan dina jero beuteung (manusia, sasatoan)

anu bangunna kawas wuluh panjang nu ngaringkel-ringkel ti tungtung ahir peujit nepi kana dubur; peujit

**u.sut** *v*, **mengusut** *vt* mariksa (nalungtik, nyusud) hiji perkara (hal jsb) anu acan jelas; néangan katérangan tina hiji perkara hal jsb): *polisi sedang == kejahatan pembunuhan* pulisi keur nyusud kajahatan nu dipaéhan;

**pengusut** *n* jalma anu nyusud (nalungtik);

**pengusutan** *n* **1** prosés, pagawéan, cara nyusud pamariksaan; panalungtikan; **2** usaha neangan bahan-bahan bukti lamun timbul dugaan aya nu ngalakukeun tindak pidana

**u.ta.ma** *a* **1** pangalusna; nomer hiji; hadé pisan; leuwih alus ti batan nu séjén; utama; **2** (anu) pangpentingna; (anu) poko: *tujuan* -- tujuan poko;

**mengutamakan** *vt* ngajadikeun (mandang jsb) utama; ngutamakeun; nganggap leuwih penting; ngaheulakeun; nitik beuratkeun;

**keutamaan** *n* **1** kaunggulan; kaistiméwaan; hal anu penting (pangalusna, unggul, jsb); **2** kaalusan (kahadéan) budi pekerti: *hal rela berkorban adalah == yg sulit dicari* hal réla berkorban kahadéan budi pekerti nu hésé ditéangan

**u.tang** *n* duit nu diinjeum ti batur, kawajiban mayar deui naon-naon nu geus ditarima; hutang: -- *harus dikembalikan* hutang kudu dibalikkeun;

**berutang** *vi* boga hutang (ka): *dia tidak == sesen pun* manéhna teu boga hutang sasen ogé

**u.ta.ra** *n* kalér; lawanna kidul

**u.ta.ra** *v*, **mengutarakan** *vt* ngaluarkeun, ngalahirkeun (pamendak, pikiran, jsb); nyaritakeun; ngomongkeun; nganyatakeun: *dia berani == pikirannya kepd temannya* manéhna wani nyaritakéun (ngedalkeun) pikiranana ka babaturanana

**u.tas** *n* **1** tali (keur ngahijikeun jsb); **2** kecap pangbantu bilangan keur barang nu panjang (spt tali, benang): *tiga -- tali rami yg dipilin* tilu lambar tali rami nu diuntun

**u.tuh** a (dina kaayaan) sampurna sakumaha ayana at sakumaha mimiti (teu robah, teu ruksak, teu kurang, jsb); beleger;

**keutuhan** *n* hal (kaayaan) teu robah (beleger)

**u.tus** *v*, **mengutus** *vt* nitah jalma indit (ka) ...; ngirimkeun jalma sabagé wakil (titahan jsb); ngutus;

**utusan** *n* jalma anu diutus; jalma nu ditugaskeun jadi wakil (ngawakilan); kurir; titahan; utusan: *Nabi Muhammad saw adalah Rasul dan == Allah* Nabi Muhammad saw nya éta Rosul saréng Utusan Allah

**u.zur** *n* **1** halangan (nu nyababkeun jalma henteu bisa indit, digawé, jsb): *kalau tidak ada -- , saya akan datang* lamun euweuh halangan, kuring arék datang; **2** aya halangan: *kalau beliau sedang dan tidak bisa mengimami salat, maka anak sulungnyalah yg menggantikannya* lamun anjeuna nuju aya halangan jeung teu tiasa ngimaman salat, putra cikalna nu ngagentosna; **3** lemah badan (lantaran kolot); geringan; aya baé kasakit: *beliau sudah -- krn umur tua* anjeunna tos lemah badan ku margi yuswa sepuh; **4** (geus) kolot pisan; ruksak pisan: *asrama itu sudah sangat --* éta asrama geus ruksak pusan; **5** *cak* haid; **6** kakandung; reuneuh

# V

**va.kan.si** *n* péré; libur; pakanci

**vak.sin** *n* bibit kasakit (up cacar) nu geus dilemahkeun anu digunakeun keur vaksinasi; vaksin

**va.len.si** /valensi/ *n* **1** pangkat; darajat; **2** angka anu nuduhkeun ku sabaraha atom hidrogen hiji atom bisa sanyawa; **3** darajat penarikan haté urang saurang; 4 tanaga gabungan, réaksi at interaksi

**va.lid** *a* nurutkeun cara nu samistina; berlaku; sohéh: *tés dikatakan -- apabila tés itu sesuai dgn apa yg diajarkan oleh guru* tés disebut sohéh lamun éta tés saluyu jeung naon anu diajarkeun ku guru

**va.li.di.tas** *n* sipat bener nurutkeun bahan bukti nu aya, logika mikir, at kakuatan hukum, kasohéhan; validitas: *menentukan -- suatu tés memang sukar* nangtukeun validitas hiji tés memang hésé

**va.li.um** *n* ubar panenang

**va.lu.ta** *n* ajen duit; alat pembayaran nu dijamin ku cadangan emas at pérak nu aya di bank pamaréntah: *alat pembayaran luar negeri disebut juga -- asing* alat pembayaran luar nagri disebut oge valuta asing

**van.del** *n* sarupa bandera (sakapeung dirumbé-rumbé sisina), ditalian keur ngagantungkeun ngamuat gambar jeung tulisan jadi tanda kenang-kenangan dina ulang taun pakumpulan jsb

**va.ni.li** *n* **1** tutuwuhan ngarambet nu buahna bangunna polong, sikina seungit nu digaringkeun keur nyeungitan kadaharan; 2 bubuk nu warnana bodas nu dijieun tina siki vanili (panéli) keur nyeungitan kadaharan

**va.ri.a.bel** *a* **1** bisa robah-robah, beda-beda, rupa-rupa (ng ajén, harga, jsb); **2** naon-naon nu bisa robah; faktor at unsur nu milu nangtukeun parobahan

**va.ri.a.si** *n* **1** tindakan, kaayaan, at hasil parobahan tina kaayaan mimiti; selingan: *kejadiannya berulang-ulang tanpa --* kajadianana sababaraha balik tanpa variasi; **2** bangun (rupa) nu séjén; anu béda bangun (rupa); **3** parobahan bangun (rupa) nu turun-tumurun dina sato nu disababkeun ku robahna lingkungan; **4** hiasan tambahan: *mobilnya diberi -- dgn lampu-lampu kecil* mobilna di béré variasi ku lampu laleutik

**va.ri.ses** /varisés/ *n* jadi lebarna pembuluh darah balik nu antara lain disababkeun ku lila teuing nangtung, jadi dina bitis, sok karandapan ku wanita nu kakandungan

**vas** *n* témpat kembang keur hiasan dina luhur meja jsb; jambangan

**va.sek.to.mi** /vasektomi/ *n* operasi keur ngamandulkeun kaum pria ku cara notong saluran spérma at saluran mani ti handapeun siki kanjut nepi ka kantong spérma; vaséktomi

**ve.ge.ta.ris** /végétaris/ *a* dina kaayaan ngan dahar sayur-sayuran at hasil tutuwuhan (heunteu ngadahar daging)

**ve.ge.ta.si** *n* kahirupan (dunya) tutuwuhan at (dunya) pépélakan: *hubungan antara -- dgn iklim sangat erat* hubungan antara végétasi jeung iklim padeukeut pisan

**ver.si** /vérsi/ *n* **1** bangun terjamahan carita, buku, jsb dina basa séjén; versi: *Shakespeare -- Perancis* Shakespeare versi Perancis; **2** modél, nurutkeun cara: *film "Romeo and Juliet" -- Indonesia* filem "Romeo and Juliet" model Indonesia; **3** anggapan (hal lukisan, gambaran, jsb)tina naon-naon ti hiji jalma at hiji jihad panénjo: *tt kejahatan itu, -- polisi tidak sama dgn -- saksi-saksi* ng kajahatan téh anggapan pulisi teu sarua jeung anggapan saksi-saksi

**ver.ti.kal** /vértikal/ *a* nanjeur pancég ti handap ka luhur at sabalikna; ngawangun gurat lempeng panceg (sudutna siku-siku, 90°) jeung permukaan bumi, gurat horisontal, at widang datar: *tumpukan bata itu disusun secara* -- tumpukan bata téh disusun sacara vértikal

**ve.to** /véto/ *n* **1** hak konstitusional nu nyekel pamaréntahan (panguasa jsb) pikeun nyegah, nganyatakeun, nolak at ngabatalkeun kaputusan; véto: *Kongres memperdébatkan -- yang diumumkan Presiden Amerika Serikat thd keputusan Kongres* Kongres ngayakeun debat véto nu diumumkeun ku Presiden Amerika Serikat kana kaputusan Kongres; **2** hak ngabatalkeun (ngalarang sacara mutlak): *Soviét mem-- résolusi PBB* Soviét ngabatalkeun résolusi PBB

**vi.a** p (nga)liwat; jalan: *ia pergi ke Bandung -- Puncak* manéhna indit ka Bandung liwat Puncak

**vi.de.o** /vidéo/ *n* **1** bagian nu mancarkeun gambar dina pesawat televisi; **2** rékaman gambar hirup at program televisi keur tayangkeuneun kana televisi

**vi.la** *n* imah capérénik di luar kota at pagunungan; imah pangreureuhan (digunakeun ngan dina waktu liburan)

**vi.nil** *n* serat sintetik (bahan plastik) nu tahan seuneu, teu babari kaduruk (keur piringan hitam, bahan panglapis dingding, lanté, jsb)

**vi.nyet** /vinyét/ *n* **1** bangun hiasan dina seni grafika jeung arsitéktur nu dicokot tina motif tuwuhan ngarambat, daun, jsb; **2** gorésan at potrét leutik dina widang sisi sakuriling kaca buku

**vi.o.let** /violét/ *n* warna wungu lumayung

**vir.gi.ni.a** *n* bako nu biasa dipaké bahan roko tanpa cengkéh

**vi.rus** *n* jasad renik nu teu bisa diténjo ku make mikroskop biasa, ngan bisa diténjo ku mikroskop éléktron, nu nyababkeun jeung nularkeun kasakit spt cacar, influénsa, jeung rabiés

**vi.sa** *n* idin (persetujuan) asup ka nagara séjén at keur cicing samentara waktu di nagara deungeun mangrupa cap jeung paraf nu dibubuhkeun ku pajabat perwakilan nagara nu aya sangkutna dina jero paspor nu ménta (pemohon)

**vi.si** *n* **1** kamampuhan keur nénjo kana inti persoalan (masalah); pandangan lega; wawasan: *semua mempunyai -- yg sama mengenai perjuangan bangsa* saréréa boga pandangan nu sarua ng perjoangan bangsa; **2** naon-naon nu kaimpleng (dina hayalan); **3** panénjo; implengan

**vi.su.al** *a* bisa katénjo ku indra panénjo (panon); dumasar kana panénjo: *bentuk — sebuah metode pengajaran bahasa* bangun nu bisa keténjo hiji metode pangajaran basa

**vi.sum** *n* **1** tanda pernyataan at katerangan geus dikanyahokeun at nyatujuan; **2** visa

**vi.tal** *a* penting pisan (pikeun kahirupan jsb): *jalan ini -- bagi kelancaran lalu lintas perékonomian* ieu jalan vital (penting pisan) keur kalancaran lalu lintas perékonomian

**vi.ta.li.tas** *n* **1** daya hirup; kamampuhan keur bartahan hirup; **2** *ki* kahirupan (dina seni, sastra, jsb)

**vi.ta.min** *n* zat nu penting pisan keur badan manusa jeung héwan (keur tumuwuh jeung pamekaran)

**vo.kal** *n* **1** hal ng sora; **2** hurup (aksara) hirup (dinyatakeun ku a, e, i, o, u, eu)

**vo.lu.me** *n* **1** eusi at gedéna barang dina rohangan; **2** tingkat kuat at kakuatan (ng sora, sada, jsb); **3** reana; lobana; gedéna; beuratna (ng ékspor, pagawéan, jsb): -- *ékspor tahun ini turun 10%* lobana ékspor taun ieu turun 10%

**vo.nis** *n* putusan hakim (dina sidang pangadilan) nu aya pakaitna jeung sengkéta antara pihak-pihak nu maju ka pangadilan; hukuman (dina perkara pidana): *ia dijatuhi -- setahun penjara* manéhna diragragan putusan hakim sataun penjara

**vul.ka.nis** *a* ngabogaan sipat-sipat gunung berapi (vulkan): *daerah* -- daérah nu tanahna asal tina bituna gunung berapi, nu diperkirakeun masih aya sawatara gunung apina

# W

**wa.bah** *n* kasakit nular nu jadi kalawan gancang, nyerang ka réa jalma di daérah nu lega (spt wabah cacar, disentri, koléra); épidemi; sasalad; **mewabah** *vi* jadi sasalad; nular jadi (kasakit) di mana-mana

**wa.ca.na** *n* **1** ucapan; omongan; **2** sagemblengan ucapan nu mangrupa kasatuan; **3** satuan basa nu panglengkepna, réalisasina katénjo dina bangun karangan nu gembleng, spt novél, buku, at artikel

**wa.duk** *n* **1** peujit gedé témpat pancernaan kadaharan; **2** situ gedé témpat nunda sadiaan cai pikeun dipaké dina usum katiga; **3** munara cai (témpat sadiaan cai)

**wa.fat** *v* tilar dunya; maot; wapat: *raja --, penggantiannya putra mahkota* raja wapat, nu ngagentosna putra mahkota

**wa.gon** *n* gorobag karéta api; gerbong; wahon

**wa.ha.na** *n* **1** alat angkutan; kandaraan; **2** alat keur ngahontal tujuan

**wah.yu** *n* pituduh ti Allah nu diturunkeun ngan ka para Nabi sareng Rasul ku jalan ngimpi jsb: *Nabi Muhammad saw menerima — pertama ketika beliau berusia empat puluh tahun* Nabi Muhammad saw nampi wahyu munggaran nalika anjeunana yuswana opat puluh taun

**wai.sya** *n* kasta katilu dina agama Hindu (nya éta para padagang, patani, tukang (patukangan)

**wa.jah** *n* paroman beungeut; beungeut;
**perwajahan** *n* hal mere corak jeung motif dina kulit buku, kaca luar, jsb; *rancangan == kulit buku itu menarik perhatian* ragangan beungeut kulit buku éta narik perhatian

**wa.jan** *n* témpat ngagoreng katél; wajan

**wa.jar** *a* **1** biasa sakumaha ayana tanpa diémbél-émbél nanaon; **2** nurutkeun kaayana nu aya; sakumaha mistina; wajar
**kewajaran** *n* hal anu wajar

**wa.jib** *v* **1** kudu migawé; teu meunang henteu kudu dilaksanakeun; teu meunang ditinggalkeun; wajib: *kaum muslimin -- salat lima kali sehari semalam* kaum muslimin wajib salat lima kali dina sapoé sapeuting; **2** geus samistina; kudu: *kita -- berihtiar mencari nafkah* urang kudu ihtiar néangan napkah;
**kewajiban** *vt* **1** naon-naon nu kudu dilaksanakeun; kamistian; **2** anu sakuduna dijalankeun (dipigawé): *tugas == harus dikerjakan dgn baik* tugas kawajiban kudu dipigawé kalawan hadé

**wa.kaf** *n* **1** badan nu diwangun nu aya pakaitna jeung agama Islam; **2** nu diajangkeun keur kapentingan umum sabagé derma at keur kapentingan nu aya hubunganana jeung agama; wakap: *tanah — ini untuk bangunan mesjid* ieu tanah wakap téh keur wangunan masjid;
**berwakaf** *vi* mere wakap

**wa.kil** *n* **1** jalma nu dikawasakeun ngaganti jalma séjén; **2** jalma nu dipilih jadi utusan nagara; duta; **3** jalma nu nguruskeun perdagangan jsb pikeun nu séjén; agén; **4** jabatan kadua sanggeus nu kasebut disatukangeunana; wakil: -- *ketua* wakil ketua;
**mewakilkan** *vt* nunjuk jalma nu séjén pikeun wakil;
**perwakilan** *n* **1** sagala rupa naon-naon ng wakil; perwakilan: == *daérah dr tiap propinsi ada di ibu kota* perwakilan ti unggal propinsi; aya di ibu kota; **2** kumpulan at témpat wakil-wakil: *parlemen adalah == rakyat* parlemen nya éta kumpulan wakil-wakil rayat; **3** (témpat at kantor) wakil usaha; **4** jalma at kelompok nu boga kamampuhan at kawajiban nyarita jeung bertindak kalawan asmana kelompok nu leuwih gedé

**wak.tu** *n* **1** sakabéh rentétan saat nu geus kaliwat, ayeuna, jeung nu bakal datang, waktu; **2** lilana (waktu nu tangtu): di -- *sehari* dina sapoé; **3**

saat nu tangtu keur migawé naon-naon: -- *salat* waktu salat; **4** kasempatan, tempo: -- *yg baik* tempo nu alus; **5** eukeur, basa: -- *engkau datang* eukeur (basa) manéh datang; **6** poé (kaayaan poé): -- *térang bulan* kaayaan (peuting) caang bulan

**wa.lau** *p* **1** jeung lamun: -- *harus menembus bumi, akan Kanda jalani* jeung lamun kudu nembus bumi, bakal Engkang lakonan; **2** sanajan: -- hujan, dia datang juga sanajan hujan, manéhna datang ogé

**wa.lau.pun** *p* —— **walau**

**wa.li** *n* **1** jalma nu nurutkeun hukum agama at adat dibéré kawajiban ngurus budak yatim sarta hartana, samémeh budak déwasa; **2** anu boga hak nikahkeun awéwé (nya éta lalaki nu ngalakukeun jangji nikah jeung pangantén lalaki); **3** jalma soléh (suci); panyebar agama Islam: -- *sanga* wali sanga (salapan); **4** kapala pamaréntahan jsb: -- *negeri* kapala negeri;

**perwalian** *n* **1** sagala naon-naon nu aya hubunganana jeung jeung wali; **2** pamiaraan jeung pangawasan budak yatim jeung hartana; **3** pembingbing (nagara, daérah, jsb nu can bisa mandiri)

**wa.ngi** *a* seungit;

**wewangian, wangi-wangian** *n* barang (naon-naon) nu ambeuna seungit; seuseungitan

**wang.sa** *n* **1** katurunan raja; kulawarga raja: -- *Syailéndra* katurunan (kulawarga) Syailéndra; **2** bangsa

**wa.ni.ta** *n* awéwé déwasa; wanita: *kaum* -- kaum wanita (awéwé déwasa);

**kewanitaan** *n* naon-naon nu aya hubunganana jeung wanita; sipat-sipat wanita

**wa.ras** *a* **1** séhat; cageur jasmani; **2** séhat rohani (méntal, ingetan);

**kewarasan** *n* kaséhatan jasmani jeung rohani; kawarasan

**war.ga** *n* **1** anggota (kulawarga, pakumpulan, jsb); **2** tingkatan dimasarakat; hasta: *Brahma adalah -- pertama dl agama Hindu* Brahma nya éta kasta kahiji dina agama Hindu

**wa.ris** *n* nu boga hak narima harta pusaka ti jalma nu geus maot;

**mewariskan** *vt* **1** méré harta warisan ka; ninggalkeun naon-naon

keur: *gurunya == ilmu silat kpdnya* guruna ngawariskeun élmu silat ka (keur) manéhna; **2** ngajadikeun jelema séjén jadi waris;

**warisan** *n* naon-naon anu diwariskeun, spt harta, ngaran hadé; barang pusaka

**war.na** *n* **1** naon (kesan) nu katénjo ku panon tina cahaya nu dipantulkeun ku barang-barang nu kakeunaan éta cahaya; corak rupa; warna spt biru jeung hejo; **2** kasta; golongan; tingkatan (di masarakat); **3** corak; ragam (sipat naon-naon)

**war.ta** *n* béja; berita; kabar;
**mewartakan** *vt* ngabéjakeun mere nyaho; ngaberitakeun

**war.ta.wan** *n* jalma nu pagawéanana néangan jeung nyusun warta (berita, béja) pikeun dimuat dina koran, majalah, radio, jeung televisi; juru warta; jurnalis; wartawan

**wa.rung** *n* témpat ngajual barang; warung

**wa.si.at** *n* pesan (papatah jsb) nu ditepikeun ku jalma nu rek maot (biasana nu aya hubunganana jeung harta kakayaan jsb);
**mewasiatkan** *vt* mere (nepikeun wasiat; ngawariskeun)

**wa.sit** *n* **1** panengah; parantara (ng dagang jsb); **2** nu nangtukeun; pamingpin (dina pertandingan maén bal jsb); **3** pamisah; anu ngadameykeun (antara nu papaséan jsb)

**was.pa.da** a ati-ati jeung sasayagian; siap sayaga; waspada;
**kewaspadaan** *n* hal (kaayaan) waspada; kawaspadaan

**was.was** *a* **1** ragu-ragu; kurang yakin; asa-asa; waswas; *2* hawatir; *3* curiga

**wa.tak** *n* sipat batin manusa nu mangaruhan sakabéh pikiran jeung tingkah laku; budi pekerti; tabéat; watek

**wa.wan.ca.ra** *n* **1** soal jawab jeung jalma (pejabat jsb) nu perlu dipénta katéranganana (paméndakna jsb) ngeunaan hiji hal pikeun dimuat dina koran jsb; *2* tanya jawab direksi (kapala personalia, humas) pausahaan jeung nu ngalamar pagawéan; **3** tanya jawab nu naliti jeung nara sumber
**mewawancarai** *vt* ménta katérangan at paméndak hiji jalma ng hiji hal;

**pewawancara** *n* jalma nau ngawawancara

**wa.yang** *n* bonéka titiron jalma nu dijieun tina kulit at kai anu dipahat, nu bisa dimangpaatkeun ngamaénkeun péran tokoh dina pintonan drama tradisional (Bali, Jawa, Sunda, jsb), biasana dimaénkeun ku jalma anu disebut dalang; wayang

**we.sel** /wésel/ *n* **1** surat pos pikeun ngirimkeun duit; **2** surat pembayaran nu bisa ditukeurkeun jadi duit di bank ku nu bogana

**we.we.nang** *n* **1** hak jeung kakawasaan pikeun bertindak; kawenangan; **2** kakawasaan nyieun kaputusan, maréntah, jeung ngalimpahkeun tanggung jawab ka jalma séjén

**wi.ba.wa** *n* **1** hal anu bisa ngawasa jeung mangaruhan jalma séjén ku sikep sarta tingkah laku nu ngandung kapamingpinan jeung daya tarik; wibawa: *dgn penuh -- pemimpin itu berhasil menenangkan massa yg gelisah* kalawan kebek wibawa éta pamimpin geus hasil nenangkeun massa anu guligah; **2** kakawasaan;

**kewibawaan** *n* hal anu nyangkut wibawa; anu miboga sipat wibawa; kawibawaan: *peristiwa pemogokan pekerjaan pabrik itu dapat mengurangi == direkturnya* peristiwa mogokna pagawé éta pabrik bisa ngurangan kawibawaan direkturna

**wi.dia.wi.sa.ta** *n* perjalanan ka luar (daérah, kampus, jsb) dina raraga dongdonan studi (biasana rombongan); dongdonan dina raraga nambah élmu pangweruh; widiawisata: *peserta penataran mengadakan -- ke Percétakan Negara* pamilon penataran ngayakeun widiswisata ka Percétakan Negara

**wi.la.yah** *n* daérah (kakawasaan, pamaréntahan, pangawasan, jsb); lingkungan daérah (propinsi, kabupaten, kawadanaan)

**wi.sa.ta** *v* **1** indit-inditan babaréngan (keur nambahan pangawéruh, pangalaman, senang-senang, jsb); wisata; **2** piknik

**wisa.ta.wan** *n* jalma anu ngalakukeun wisata; palancong; turis; wisatawan: *banyak -- luar negeri yg datang ke Bali* réa palancong luar negri nu datang ka Bali

**wis.ma** *n* **1** bangunan pikeun témpat cicing; imah; **2** kumpulan sababaraha imah; kompléks témpat matuh

**wi.su.da** *n* hal ngistrenan at pelantikan secara resmi anu dilakukeun kalawan upacara hidmat; wisuda: *para sarjana baru menghadiri acara -- bersama orang tua méréka* para sarjana anyar ngaluuhan acara wisuda bareng jeung kolot-kolotna

**wu.jud** *n* **1** anu aya rupa jeung wangunna (bisa dirampa, diténjo, jsb); wujud; **2** ayana naon-naon; **3** barang anu nyata (lain roh);

**perwujudan** *n* **1** rupa (bangun) nu bisa diténjo; perwujudan: *pura merupakan == kebudayaan rakyat Bali* pura mangrupa perwujudan kabudayaan rayat Bali **2** naon-naon anu nyata; **3** pelaksanaan (cita-cita jsb); **4** barang anu aya wujudna (spt anu katénjo dina impian jsb)

**wu.kuf** *n* salah sahiji upacara anu wajib dilakonan ku jalma dina ibadah haji (ku cara cicing di Arafah ti mimiti surup panonpoé sawatara lilana, dina tanggal 9 Zulhijah at Rayagung, nepi ka waktu bijil fajar tanggal 10 Zulhijah); wukuf

# Y

**ya.i.tu** *p* nya éta: *méréka pergi dgn dua orang anaknya, -- Rita dan Dida* maranéhna indit jeung dua anakna, nya éta Rita jeung Dida

**ya.kin** *a* **1** percaya (nyaho, ngarti) enya-enya; (ngarasa) pasti (tangtu, teu salah deui); yakin: *hakim -- akan kesalahan terdakwa itu* hakim yakin kana kasalahan éta terdakwa; *ia berkata dgn -- nya* manéhna nyarita kalawan pasti; pada -- ku ceuk pamanggih kuring; **2** enya-enya: *dgn -- bukan saya yang mengambil barang itu* kalawan enya-enya lain kuring anu nyokot barang itu;

**meyakinkan** *vt* **1** nyaksian sorangan sangkan yakin; mastikeun; ngayakinkeun: *supaya tidak salah mengambil keputusan, marilah kita == sendiri kebenaran perkataannya* supaya teu salah nyokot putusan, hayu urang sorangan ngayakinkeun benerna omonganana; **2** ngajadikeun (nyababkeun jsb) yakin: *ia berusaha == kakaknya bahwa motornya itu sudah menjadi miliknya* manéhna usaha ngayakinkeun lanceukna yén motorna téh geus jadi milikna; **3** ngalakukeun kalawan enya-enya: == *pengajiannya* ngalakukeun kalawan enya-enya pangajianana; **4** bener-bener (bisa dipercaya, bisa diandelkeun, jsb): *bagaimana kita tidak terpikat, perkataannya begitu* == kumaha urang henteu kapikat, omonganana ngayakinkeun bisa dipercaya;

**keyakinan** *n* **1** kapercayaan jsb anu enya-enya; kapastian; katangtuan; **2** bagian agama at religi nu wujudna konsép-konsép nu jadi kayakinan (kapercayaan) panganutna

**yak.ni** *p* nya éta

**yang** *p* **1** nuduhken yén kecap at kalimah satuluyna diutamakeun at dibedakeun ti nu séjén: *orang -- baik* jalma anu hadé; **2** nuduhkeun yén bagian kalimah satuyna ngajalskeun kecap saméméhna: *dijumpainya seorang pengemis -- sedang berteduh di bawah pohon itu* kapanggih ku manéhna nu jajaluk anu keur ngiuhan dina handapeun tangkal; **3** dipaké sabagé kecap nu marengan: *-- kaya sama -- kaya, -- miskin sama -- miskin* anu beunghar jeung anu beunghar anu miskin jeung anu miskin; **4** ari: *-- hamba ini di peranakkan di Malaka juga* ari abdi dijurukeun di Malaka ogé; **5** *cak* yén: *saya pun percaya -- Adinda kasih juga akan Kakanda* Engkang ogé percanten rehna Endén asih ka Engkang

**ya.tim** *a* henteu boga indung at bapa deui (lantaran ditinggalkeun maot); *-- piatu* geus teu boga indung bapa

**ya.ya.san** *n* badan hukum anu teu ngabogaan anggota, dikelola ku hiji pangurus jeung diadegkeun pikeun tujuan sasial (ngusahakeun panglayanan jeung bantuan spt sakola, rumah sakit)

**yel** /yél/ *n* surak bareng para palajar (mahasiswa, anggota pakumpulan, jsb) keur méré dorongan sumangat ka reguna nu keur tanding jsb; surak (jeritan) husus di kalangan pramuka; yél

**yo.di.um** *n* unsur kimia lain logam nu lambangna *J*, kaasup kelompok halogen, biasana bangun kristal nu rupana wungu kolot (digunakeun keur ubar, dina fotografi jsb); iodin; yo(u)dium

**yo.gia** *a* layak; alus;

**seyogianya** *a* **1** salayakna; samistina: *di depan orang tua engkau hendaklah berlaku ==* di hareupeun kolot manéh kudu lumaku samistina (sakumaha kuduna); **2** saalusna; sakuduna

**yog.hurt** *n* susu anu diprosés jadi susu haseum (keur inuman) kucara ditularan ku jenis baktéri nu tangtu; yoghurt

**yu.di.ka.tif** *a* **1** aya sangkut paut jeung fungsi jeung palaksanaan kaadilan; **2** aya pakaitna jeung badan nu tugasna ngurus pangadilan perkara

**yu.di.si.um** *n* panangtuan ajén (lulus) ujian sarjana lengkep (di univertas); yudisium

**yu.do** *n* yuyitsu nu dimekarkeun jadi olah raga jeung seni béla diri tanpa senjata; yudo: *juara -- se-Asia adalah Jepang* juara yudo sa-Asia nya éta Jepang

**yu.ri.dis** *a* murutkeun hukum; secara hukum: *bantuan* -- bantuan (dibikeun ka terdakwa di pangadilan ku pangacara)

**yu.ris.pru.den.si** /yurisprudénsi/ *n* **1** élmu jeung panerapan prinsip undang-undang jeung peradilan; **2** himpunan putusan hakim

**yu.te** *n* tutuwuhan anu serat kulit tangkalna dijieun bahan karung jsb; rami; yute; goni: *Chorocorus capsularis*

**yu.yu** *n* keuyeup anu hirup di walungan

# Z

**za.bur (Kitab Zabur)** *n* kitab suci nu diturunkeun Allah swt ka Nabi Daud alaihi salam; Kitab Zabur

**za.kar** *n* rarangan lalaki; kontol; pénis; apen

**za.kat** *n* jumlah harta nu tangtu nu wajib dikaluarkeun ku jalma Islam nu dibikeun ka golongan anu hak narimana (parkir miskin jsb) nurutkeun sakumaha nu geus ditetepkeun ku syara ( kaasup rukun Islam katilu); zakat;
-- **fitrah** *n* zakat nu wajib dikaluarkeun ku jalma Islam sataun sakali (dina poé Iedul Fitri, dina lebaran) nu mangrupa kadaharan poko sapopoé (béas, jagong, jsb);
-- **mal** *n* zakat nu wajib dikaluarkeun ku lantaran ngabogaan harta banda (duit, emas jsb) nu cukup sarat-saratna

**za.lim** *a* ————>**lalim**

**za.man** *n* **1** dangka waktu nu panjang at pondok nu nandaan naon-naon; jaman: — *kekuasaan Nazi di Jerman* jaman kakawasaan Nazi di **Jerman; 2 waktu:** akhir -- waktu, paméakan waktu kahirupan urang di akhir jaman; ketinggalan -- geus henteu saluyu jeung kaayaan; *sudah dimakan -- ki* geus kuno; kolot

**zam.rud** *n* batu permata nu warna héjo kawas jukut, sabagé mineral kapanggih pangpangna dina lapisan-lapisan kapur di Colombia; jamrud

**zam.zam** *n* **1** sirah cai di Mekah di deukeut Masjidilharam nu muncul dina jaman Nabi Ibrahim; **2** cai tina sirah cai zamzam

**zat** *n* **1** wujud; hakékat (Allah); **2** naon-naon nu nyababkeun naon-naon aya; **3** bahan-bahan nu mangrupa pangwangun (bagian-bagian nu ngarojong) hiji barang; unsur; zat

**za.bra** /zébra/ *n* **1** kuda nu badanna gurat-gurat hideung bodas at coklat kolot bodas nu kapanggih di Afrika, *Equus zebra;* **2** (*ikan*—) jenis lauk hias nu kulit sisikna gurat-gurat hideung bodas

**ze.ni** *n* tentara nu nguruskeun persenjataan jeung perlengkapan (nyieun jambatan jsb); zeni

**ze.ro** /zéro/ *n* **1** angka enol; kosong; **2** titik di antara positif (+) jeung negatif (-) dina hiji alat pangukur (meter, suhu, jsb); anu panghadapna

**zi.a.rah (ziarah)** *n* **1** longokan ka tempat anu dianggap karamat at mulya (makam jsb); **2** *cak jarah;*
**berziarah** *vi* ngadatangan ka tempat nu dianggap karamat at mulya (makam jsb) keur ngadua

**zi.kir** *n* **1** puji ka Allah nu diucapkeun terus (sawatara wilangan); dikir; **2** doa at pupujian nu dilagukeun (dilakukeun dina perayaan Maulid Nabi Muhammad saw);
**berzikir** *vi* manginget jeung nyebut sababaraha kali terus jenengan sareng sipat kaagungan Allah

**zi.na** *n* **1** perbuatan saresmi antara lalaki jeung awewe nu henteu kaiket ku hubungan pertikahan; jinah; **2** perbuatan saresmi lalaki nu kaiket ku perkawinan jeung awewe nu lain pamajikanana, atawa awewe nu kaiket perkawinan jeung lalaki anu lain salakina;
**berzina** *vi* migawe jinah: *lelaki itu dituduh == dgn janda muda* eta lalaki teh dituduh jinah jeung randa ngora

**zo.di.ak** *n* buleudan hayal di cakrawala nu dibagi jadi dua welas tanda perbentangan, nya eta *Aries, Taurus, Gemini, Cancer, Leo, Virgo, Libra, Scorpio, Sagitarius, Capricorn, Aquarius,* jeung *Pisces;* rasi bentang; sodiak

**zo.ne** *n* **1** salah sahiji tina lima bagian gede dataran bumi nu diwatesan ku gurat-gurat hayal di sakuriling bumi sajajar jeung hatulistiwa (hiji

07-6455



zone tropik, dua zone sedeng, jeung dua zone kutub); jalur iklim; **2** daerah nu ditandaan ku kahirupan jenis sato at tutuwuhan nu tangtu anu oge ditangtukeun ku kondisi-kondisi nu tangtu di sakurilingeunana; **3** daerah (di kota) nu watesna husus; kawasan: — *industri* kawasan industri

**zo.o.lo.gi** *n* élmu ngeunaan kahirupan sasatoan jeung klasifikasi rupa-rupa bangun sasatoan di dunya

**zul.hi.jah** *n* bulan anu kadua welas dina perhitungan taun Hijrah; bulan Rayagung

**zul.ka.i.dah** *n* bulan anu kasawelas dina perhitungan taun Hijrah; bulan Hapit

PERPUSTAKAAN
PUSAT PEMBINAAN DAN
PENGEMBANGAN BAHASA
DEPARTEMEN PENDIDIKAN
DAN KEBUDAYAAN

URUTAN
7 4 - 2